

Etid Biblik Pou Asosye

Nouvo Kwayan yo ak

Mwason sou Fim Jezi a



Entwodiksyon

Lè yo te mande Jezi pou lalwa ki pi enpòtan nan Ansyen Testaman an, Jezi te reponn:

Se pou ou renmen Mèt la, Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou. Se kòmandman sa a ki pi gwo, ki pi konsekan. Men dezyèm kòmandman an ki gen menm enpòtans ak premye a: se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. De kòmandman sa yo, se yo ki fondasyon tou sa ki nan lalwa Moyiz la ak tou sa pwofèt yo te moutre. ([Matyè 22:37-40](#))

Jan Jezi dekri l la, disip Jezikri yo se moun ki renmen Bondye ak tout kè yo, ak tout nanm yo ak tout lespri yo, epi Ki renmen pwochen yo menm jan ak pwòp tèt yo. Pou yon disip Jezikri se pa yon desizyon nou pran yon sèl fwa, men se yon fason pou viv pou n kontinye vin pi pwòch Jezi, epi pou nou grandi plis nan lanmou nou genyen pou lòt moun.

Vin yon disip JeziKri se pa yon pwosesis ki rapid oubyen ki fasil. Paske peche tache tout pati nan lavi yon moun, vin yon disip JeziKri vle di ke Kretyen an lèse Bondye transfòme epi geri tout pati nan lavi li. Sepandan, vin yon disip JeziKri se pa yon pwosesis negatif (debarase w de peche), li se yon pwosesis pozitif tou, pwiske disip se tankou anndan w ranpli avèk Bondye. Otè Liv Ebre a fè referans ak pwosesis negatif epi pozitif sa a nan chapit 12 la lè li rele lektè yo pou yo ala fwa "rejte" epi "kouri avèk pèseverans."

Konsa, nou la nan mitan foul moun sa yo ki te moutre jan yo te gen konfyans nan Bondye. Ann voye tout bagay k'ap antrave kous nou jete byen lwen, ansanm ak peche a ki fasil pou vlope nou. Ann kouri avèk pasyans nan chemen Bondye mete devan nou an. Ann kenbe je nou kole sou Jezi. Se nan li konfyans nou soti, se li menm tou k ap kenbe nou nan konfyans sa a jouk sa kaba. ([Ebre 12:1-2](#))

Vin yon disip se yon pwosesis san yon fen bò kote lanmò. Tout kretyen dwe toujou grandi antanke disip Jezikri. Byen ke vin yon disip se yon vwayaj pou tout lavi, de premye ane nan lavi espirityèl yon novo kwayan enpòtan anpil. Nan premye ane sa yo novo kretyen an bezwen konstwi yon fondasyon solid ki pral reziste nan moman eprèv ak tantasyon. Malerezman, si yo pa konstwi baz solid sa a, fondasyon fèb yo a pral efondre nan moman eprèv ak tantasyon yo. ([Matye 7:24-27](#))

Pou nou ede nan pwosesis disip la sa a, nou te devlope ansanm de-ane Etid Biblik sa yo. Konpilasyon etid sa yo se zouti pou ede w, antanke pwofesè, pou gide etidyan ou yo nan pakou pou yo soti nan etap novo Kretyen rive nan Kretyen ki totalman konsakre ak JeziKri. Etid sa yo kouvri Bib la soti nan kòmansman pou rive nan fen, epi ki bay elèv ou yo yon konpreyansyon apwfondi de istwa Bondye jan sa te revele nan Bib la.

Etid sa yo tou pran an konsiderasyon pou vin yon disip JeziKri plis pase aprann enfòmasyon nan Bib la. Vin yon disip egzije pou nou tèlman fleksib a travay Bondye a nan lavi nou nan yon pwen kote Bondye gen pouvwa pou li pran mesaj nan Bib la, epi sèvi avèk li pou transfòme lavi tout disip yo. Kidonk, nou te mete estrikti nan Leson Biblik yo pou nou ede etidyan yo konprann epi aplike pasaj Ekriti yo nan tout domèn nan lavi yo pandan n ap mete yo nan twa domèn.

- **Tèt:** Kisa tèks sa a vle di?
- **Kè:** Kiyès tèks la di nou ta dwe ye?
- **Men yo:** Kijan nou kapab mete pawòl Bondye a an aksyon?



Jan imaj ki anwo a montre l, se nan kafou konpreyansyon nou sou fason tèks la aplike nan Tèt, Kè ak Men nou ke kretyen yo jwenn mwayen pou yo vin pi sanble ak Jezikri.

Leson Biblik yo te òganize an twa pati.

(1) Dokiman Entwodiksyon yo:

- **Tit Leson an ak Referans pasaj Biblik yo.** Pou ede etidyan w yo konprann tout etalaj ki abòde nan istwa Bondye nan Bib la, nou te mete lesон prensipal tèks la ansanm avèk yon tèks siplemantè nan yon lòt pati nan Bib la. Pou leson Ansyen Testaman yo, se yon tèks nan Nouvo Testaman k ap asire ke gen yon eleman nan Levanjil la nan chak leson. Pou leson nan Nouvo Testaman yo, nou te chwazi swa yon tèks nan Nouvo Testaman an oubyen yon tèks nan Ansyen Testaman an.
- **Objektif Leson an** te baze, te òganize sou modèl “Tèt, Kè, epi “Men yo,”
- **Imaj nan Leson an.** Chak leson gen yon imaj, tou depan de etidyan w yo, ki kapab ede yo pi byen metrize epi konprann leson an.
- **Leson an nan yon vèsè.** Ou kapab itilize vèsè sa a tankou yon konsantrasyon pou prepare w pou moman etid Biblik la, epi tankou yon vèsè memwa pou etidyan w yo travay pandan semèn nan.

(2) Dokiman referans yo:

1. **Rezime Tèks la** te espesyalman lye ak imaj la. Tou de atik sa yo te devlope, te itilize avèk pèmisyon, Mezon Edisyon Wesleyan an.
2. Seksyon **Ansèyman apati imaj la** mete aksan sou fason kèk pati nan imaj la gen rapò ak tèks biblik la.
3. Seksyon **Sans Tèks la** bay enfòmasyon de baz epi sans ak tèks prensipal ak tèks siplemantè a.

(3) Etid Biblik la.

Pandan ou menm, antanke pwofesè a, ou pral konnen pi byen kijan pou ou òganize etid Biblik pou etidyan ou yo, nou te devlope yon plan de baz avèk seksyon sa yo:

- Priye:** Chak etid kòmanse epi fini avèk lapriyè, kòm rekonesans tan etid Biblik sa a pral benefik sèlman si ou menm ak etidyan ou yo koute mesaj Bondye ba ou a. Tan lapriyè sa a ap ba ou ak etidyan ou yo tan pou pataje demann lapriyè ak repons lapriyè.
- Tande:** Nan seksyon sa a, yo eksplorè tèks Biblik yo pandan y ap li tèks yo, bay kèk sans, epi envite yon etidyan pou rezime yo
- Pataje:** Men sant lesion an. Byen ke seksyon Priye, Tande, epi Aplike yo se menm chak semèn, nou te devlope seksyon Pataje a sèlman pou chak lesion. Seksyon sa a ki te òganize avèk modèl Tèt la, Kè a, epi Men yo, bay yon aplikasyon tou kout sou tèks la, ansam avèk kèk kesyon ratrapaj pou etidyan yo.
- Aplike:** nan seksyon final sa a, lesion an konsantre sou fason etidyan yo kapab aplike mesaj la nan lavi yo chak jou. Lesion an fini pa lapriyè, li rekonèt ke etidyan an pa gen pou li viv tèks la gras ak pwòp fòs ak sajès li, men gras ak pouvwa epi sajès Bondye.

Finalman, entansyon an nan seri lesion de-ane sa yo se pou ou sèvi avèk yo depi nan kòmansman rive nan fen pou rakonte tout istwa Bondye a. Sepandan, nou rekonèt ou ta ka vle sèvi ak yo tou nan etid biblik ki pi kout Onèt ki konsantre sou sijè tou. Kidonk, nou te idantifye kat "Pis" sou tèm enpòtan ki kapab oswa pou gwoup etid biblik ki pi kout oswa ki konsantre sou sijè yo. Chapit yo se:

- Chapit 10 Kòmandman yo** (10 lesion)
- Chapit Fwi Lespri yo** (9 lesion)
- Atik Lafwa yo** (Manb Legliz Nazareyen yo) Chapit (16 lesion)

Pou chak lesion ki nan chapit sa yo, nou te mete yon paragrapf espesyal ak kesyon yo ki nan **Sans Tèks la** yon pati nan lesion an pou ede ou konsantre sou lesion an sou pi gwo chapit lesion an. Lis lesion espesyal pou chapit yo plase nan fen entwodiksyon sa a.

Yo te prepare Etid Biblik sa yo avèk anpil priyè epi etid pou ede novo kwayan yo gen yon kòmansman ki fèm pou vin disip JeziKri. Pwofesè a, mèsi anpil paske ou jwe yon wòl enpòtan pou etidyan w yo! Wayom Bondye a pral grandi epi pou li gaye nan kominate w la pou ou menm ak etidyan w yo pi byen konprann, kisa sa sanble, nan pawòl Jezi yo:

Se pou renmen mèt la, Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lespri ou. Se kòmandaman sa a ki pi gwo, ki pi konsekan. ([Matye 22:37-38](#))

Salitasyon pou ou nan Kris la, Ekip Asosye Mwason sou Fim JEZI a

Leson #	Non Leson Biblik la	Tèks Biblik la
1	Kreyasyon & Kòmansman	Jenèz 1, Jenèz 2
2	Lòm lan Tonbe	Jenèz 3
3	Kayen ak Abèl	Jenèz 4:1-16

Leson #	Non Leson Biblik la	Tèks Biblik la
4	Noye Konstwi yon Lach	Jenèz 6
5	Tou Babèl la	Jenèz 11:1-9
6	Destriksyon Sodòm & Gomò	Jenèz 19:1-29
7	Pwomès ki fèt ak Abraram	Jenèz 12:1-9
8	Bondye fè yon Sakrifis	Jenèz 22:1-19
9	Ezawou Vann Dwa de Nès Li a	Jenèz 25:19-34
10	Jakòb Lite avèk Bondye	Jenèz 32:22-32
11	Rèv Jozèf la	Jenèz 37
12	Jozèf nan Prizon	Jenèz 40
13	Jozèf ap Gouvène an Ejip	Jenèz 41
14	Ti Moyiz te sove	Egzòd 2:1-10
15	Touf Bwa k ap Boule a	Egzòd 3
16	Dis Flewo nan peyi Lejip	Egzòd 7:1-13
17	Premye fèt Pak la	Egzòd 11:1-12
18	Travèse Lanmè Wouj la	Egzòd 13:17-22; Egzòd 14
19	Manje Lamàn nan Dezè a	Egzòd 16
20	Moyiz Frape Woche a	Egzòd 17:1-7
21	Dis Kòmandman Yo	Egzòd 20:1-20
22	Ti Bèf Annò a	Egzòd 32
23	Konstriksyon Tabènak la	Egzòd 39:32-43
24	Douz espyon yo nan Kanaran	Nonb 13
25	Koulèz an Bwonz lan	Nonb 21:4-9
26	Bourik Balaam nan Pale	Nonb 22:21-41
27	Travèse Rivyè Jouden an	Jozye 3-4
28	Miray Jeriko tonbe	Jozye 6
29	Peche & Pinisyon Akan	Jozye 7
30	Gedeyon ak Madyanit yo	Jij 7:1-22
31	Delila Twonpe Samson	Jij 16:4-31
32	Rit & Nawomi	Rit 1
33	Bondye Rele Samyèl	1 Samyèl 3
34	Samyèl vide Lwil sou Tèt Sayil	1 Samyèl 10
35	Samyèl vide Lwil sou Tèt David	1 Samyèl 15-16
36	David Touye Golyat	1 Samyèl 17
37	David Epanye Lavi Sayil	1 Samyèl 26

Leson #	Non Leson Biblik la	Tèks Biblik la
38	Bwat Kontra a Retounen	2 Samyèl 6
39	Konstriksyon Tanp lan	1 Wa 6:1-22
40	Kòbo yo Pote Manje bay Eli	1 Wa 17:1-6
41	Eli sou Mòn Kamèl la	1 Wa 18:16-46
42	Gerizon Nayaman an	2 Wa 5
43	Joas – Pitit Wa a	2 Wa 11
44	Rekonstriksyon Miray Jerizalèm lan	Neyemi 2:11-20
45	Estè Sove Pèp Li a	Estè 4
46	Sòm David yo	Sòm 2, Sòm 23
47	Jòb – Sèvitè Malad la	Jòb 1
48	Vizyon Ezayi a & Komisyon an	Ezayi 6:1-8
49	Jeremi soti nan Pi a	Jeremi 38:1-13
50	Founèz Dife a	Danyèl 3
51	Danyèl & Fòs Lyon	Danyèl 6
52	Jonas & Gwo Pwason an	Jonas 1-2
53	Pwofèt yo pale de Moun Bondye Chwazi a	Ezayi 52:13-15, Ezayi 53:1-12
54	Zanj lan Vizite Mari	Lik 1:26-56
55	Mesi a fèt	Lik 2:1-38
56	Saj Yo Vizite Jezi	Matye 2:1-12
57	Jezi nan Tanp la	Lik 2:40-52
58	Pwoklamasyon Jan Batis la	Jan 1:29-34
59	Batèm Jezi a	Matye 3:1-17
60	Tantasyon Jezi Sibi a	Matye 4:1-11
61	Premye Disip Jezi yo	Lik 5:1-11
62	Nonm Paralize a	Mak 2:1-12
63	Jezi Anseye Nikodèm	Jan 3:1-21
64	Fanm Samariten an nan Pi a	Jan 4:1-42
65	Diskou sou Montay la	Matye 5:1-20
66	Jezi Kalme Tanpèt la	Mak 4:35-41
67	Chase Demon yo	Mak 5:1-20
68	Fanm lan Manyen Rad Jezi	Mak 5:24-34
69	Pitit fi Jayiris la te leve	Mak 5:21-24; Mak 5:35-43
70	Jezi Bay 5,000 Moun Manje	Jan 6:1-13
71	Jezi Mache Sou Dlo	Matye 14:22-33

Leson #	Non Leson Biblik la	Tèks Biblik la
72	Transfigirasyon Jezi	Matye 17:1-9
73	Pitit ki te Pèdi epi yo Jwenn li an	Lik 15:11-32
74	Dis Lepre yo Geri	Lik 17:11-19
75	Yon jèn Gouvènè Rich ap Chèche Bondye	Matye 19:16-30
76	Jezi te konnen li t ap Pral klosure Sou Kwa	Lik 18:31-34
77	Batime Avèg la te Geri	Mak 10:46-52
78	Zache rankontre Jezi	Lik 19:1-10
79	Laza Te Leve Soti Vivan	Jan 11:1-54
80	Jezi Antre Jerizalèm	Lik 19:28-44
81	Jezi Netwaye Tanp Lan	Lik 19:45-48
82	Vèv La Bay Ofrann Li An	Mak 12:38-44
83	Soupe Pak La	Lik 22:1-23
84	Jezi Priye nan Jetsemani	Lik 22:39-46
85	Yo Te Arete Jezi	Matye 26:47-56
86	Pyè Renye Jezi	Matye 26:69-75
87	Yo Kloure Jezi Sou Kwa	Matye 27:1-66
88	Kris La Resisite	Lik 24:1-12
89	Jezi Parèt devan Toma	Jan 20:19-29
90	Yo kenbe Gwo Pwason an	Jan 21
91	Asansyon & Rete Tann Sentespri a	Travay 1:1-14
92	Jou Pannkot La	Travay 2
93	Kominote Jezi antanke Mesi a	Travay 2:41-47
94	Pyè & Jan Geri Mandyan an	Travay 3
95	Ananyas & Safira Bay Manti	Travay 5:1-11
96	Istwa Etyèn	Travay 6:8-15, Travay 7
97	Filip & Etyopyen an	Travay 8:26-40
98	Konvèsyon Sayil la	Travay 9:1-19
99	Sayil Kòmanse Preche	Travay 9:19-31
100	Pyè nan Prizon	Travay 12:1-19
101	Yo te Voye Pòl & Banabas	Travay 13:1-5
102	Yo te Lapide Pòl nan Vil List	Travay 14:8-20
103	Prizonye Filipyen an te Sove	Travay 15:40, Travay 16:4-40
104	Yo Boule Woulo yo	Travay 19:1-20

Leson #	Non Leson Biblik la	Tèks Biblik la
105	Pòl te Fè Nofraj nan Peyi Malt	Travay 27
106	Pòl Anchene nan Vil Wòm	Travay 28:17-31
107	Jezi ap Retounen Tankou Wa	Revelasyon 19:11-21, Revelasyon 20:1-6
108	Nouvèl Jerizalèm Lan	Revelasyon 21

Chapit 10 Kòmandman yo	Leson # epi Tit	Ekriti Tèks La
Entwodiksyon ak 10 Kòmandman yo	# 21: Dis Kòmandman yo	Egzòd 20:1-20
I. Pa Gen Lòt dye	# 50: Founèz Dife a	Danyèl 3
II. Pa Adore Zidòl	# 22 : Ti Bèf Annò	Egzòd 32
III. Pa Blasfème	# 41: Eli Sou Mòn Kamèl La	1 Wa 18:16-46
IV. Kenbe Saba a Sen	# 19: Lamàn nan Dezè a	Egzòd 16
V. Onore Paran Ou Yo	# 32: Rit ak Nawomi	Rit 1
VI. Pa touye Moun	# 3: Kayen ak Abèl	Jenèz 3:1-16
VII. Pa komèt Adiltè	# 12: Jozèf nan Prizon	Jenèz 40
VIII. Pa Vòlè	# 29: Peche Akan an	Jozye 7
IX. Pa Bay Manti	# 31: Delila Twonpe Salomon	Jij 16:4-31
X. Pa Konvivate	# 51: Danyèl nan Fòs Lyon an	Danyèl 6

Chapit Fwi Lespri Yo	Leson # ak Tit	Ekriti Tèks a
1. Lanmou	#32 Rit & Nawomi	Rit 1
2. Lajwa	#38 Bwat Kontra a Te Retounen	2 Samyèl 6
3. Lapè	#106 Pòl Anchene nan Vil Wòm	Travay 28:17-31
4. Pasyans	#37 David Sove Epaye Sayil	1 Samyèl 26
5. Konpasyon	#94 Pyè ak Jan Geri Mandyan an	Travay 3
6. Bonte	#13 Jozèf ap Gouvène ann Ejip	Jenèz 41
7. Fidelite	#51 Danyèl ak Fòs Lyon an	Danyèl 6
8. Dousè	#85 Yo Te Arete Jezi	Matye 26:47-56
9. Kontwole Tèt Ou	#60 Tantasyon Jezi Sibi a	Matye 4:1-11

Chapit Eleman Lafwa Yo	# Leson an ak Tit	Tèks Pawòl la
I. Trinite Bondye a	#1 Kreyasyon ak Kòmansman yo	Jenèz 1, Jenèz 2
II. JeziKri	#62 Jezi Padone Peche Yo	Mak 2:1-12

Chapit Eleman Lafwa Yo	# Leson an ak Tit	Tèks Pawò la
III. Sentespri a	#104 Yo Boule Woulo yo	Travay 19:1-20
IV. Ekriti Sen Yo	#65 Diskou Sou Montay la	Matye 5:1-20
V. Peche Orijinèl ak Peche Pèsonèl	#2 Chit Limanite	Jenèz 3
VI. Penitans	#87 Yo Kloure Jezi Sou Kwa	Matye 27
VII. Gras Prevantif	#97 Filip ak Etyopyen an	Travay 8:26-40
VIII. Repantans	#78 Zache	Lik 19:1-10
IX. Jistifikasyon, Rejenerasyon, Adopsyon	#63 Nikodèm	Jan 3:1-21
X. Sentente Kretyen an ak Tout Sanktifikasyon	#92 Jou Lapannkot	Travay 2
XI. Legliz La	#101 Yo Te Voye Pòl ak Banabas	Travay 13:1-5
XII. Baptèm	#59 Batèm Jezi a	Matye 3:1-17
XIII. Soupe Senyè a	#83 Soupe Pak La	Lik 22
XIV. Gerizon Divin	#79 Laza te leve soti vivan	Jan 11
XV. Retou Kris la	#91 Asansyon	Travay 1:1-14
XVI. Rezirèksyon, Jijman ak Destine	#108 Nouvèl Jerizalèm lan	Revelasyon 21

Leson Biblik #1

Tit Leson an: Kreyasyon ak Kòmansman

Tèks Leson an: [Jenèz 1-2](#)

Tèks Nouvo Testaman: [Ezayi 42:1-9](#)


Objektif Leson an:

- Tèt:** Kwè ke Bondye te kreye syèl yo ak tè a, epi Bondye te kreye yo "bon". Epi tou kwè Bondye te kreye maryaj kòm yon relasyon espesyal ant yon gason ak yon fanm.
- Kè:** Selebre paske Bondye kreye bon bagay. Bondye te fè konnen ke limanite te "bon anpil". Nou genyen yon benediksyon espesyal, paske nou te kreye ak imaj Bondye.
- Men yo:** Antanke yon kreyasyon Bondye beni, nou dwe pran swen kreyasyon an epi nou dwe pran swen youn lòt.

Leson an Nan yon Vèsè: "Bondye kreye moun. Li fè li pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi." ([Jenèz 1:27](#))

Rezime Tèks la

Depi lontan, lontan, Bondye te kreye tout bagay. Nan sis jou sèlman Li te kreye syèl la, dlo a ak tè a. Li te fè tout pyebwa yo tou, plant yo, bêt yo ak flè yo. Apre sa, Bondye te pran pousyè tè a epi li te kreye yon nonm. Li te rele nonm lan Adan. Bondye te mete Adan nan bèl Jaden li te fè a, Jaden Edenn nan. Adan te dwe pran swen tout sa Bondye te kreye yo. Bondye te remake ke Adan te poukонт li. Li te deside kreye yon moun ki ta ka ede Adan epi kenbe li konpay. Bondye fè Adan tonbe nan yon Pwofon somèy. Pandan Adan te ap dòmi, Bondye te pran youn nan kòt li yo, epi Li fè yon fanm. Bondye te bay Adan fi a, epi Adan te rele li Èv. Bondye te kontan anpil ak tout sa Li te fè yo. Epi sou setyèm jou a, Li te repoze.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Kreyasyon** (an gran plan): Bondye te kreye mond sa san anyen. Tout sa Bondye te kreye yo te bon.
2. **Jou 1 – Solèy**: Bondye te kreye Limyè, epi Li te kreye lajounen ak lannwit.
3. **Jou 2 – Syèl**: Bondye te kreye syèl la ak nyaj yo.
4. **Jou 3 – Tè, Plant yo, Dlo**: Bondye te kreye tè, epi li te separe li ak dlo yo. Bondye te fè anpil bèl plant pouse anwo tè a.
5. **Jou 4 – Lalin, Solèy, ak Etwal yo**: (pa prezante nan imaj la)
6. **Jou 5 – Zwazo ak Pwason yo**: Bondye te kreye tout kalite bète ki vole, ki naje, epi ki kouri sou tè a.
7. **Jou 6 – Nonm lan**: Bondye te kreye Adan, yon moun ki te diferan de tout lòt pati yo ki nan kreyasyon an akoz Bondye te kreye Adan ak imaj li. Bondye te fè Èv tou yon fason pou Adan te kapab gen konpanyon epi yon fason pou ras lòm nan kapab kontinye egziste.
8. **Jou 7 – Akonplisman**: Nan setyèm jou kreyasyon an Bondye te fini tout travay epi li te repoze. Tout sa Bondye te kreye te bon.

Sans Tèks la

Kòmansman yo vrèman enpòtan. Paske si ou pa byen kòmanse ou p ap janm rive nan bon destinasyon an. **Jenèz 1** ak 2 ba nou kèk bagay esansyèl konsènan Bondye, mond sa, epi sou pwòp tèt pa nou. Si nou va mennen yon lavi beni, lavi nan lajwa, nou bezwen asire ke nou baze lafwa nou sou verite ak bagay esansyèl ke tou lede premye chapit Jenèz yo revele yo.

Premyèman, Bondye te pran sa ki te an dezòd (san fòm epi vid), epi Li te mete li nan lòd. Chak grenn jou nan sèt jou kreyasyon yo revele entansyon ak lajwa Bondye te genyen pou kreye mond sa a ak tout sa ki ladan l. Bondye te kreye tout bagay "bon".

Dezyèmman, chak jou Bondye gade sa Li te fè yo epi Li te deklare ke yo te "bon". Nan mond kote n ap viv la, byenke kounye a li souvan pote sikatris peche, okòmansman ki te kreye "bon".

Twazyèmman, Bondye te kreye limanite yon fason diferan pase tout lòt bagay. Limanite se pa sèlman yon lòt bète, se pa sèlman yon lòt bagay ki vivan. Men pito, limanite genyen yon benediksyon espesyal akoz li kreye ak "imaj Bondye". Nou kapab wè tou nan kreyasyon premye gason ak premye fanm nan ke limanite kreye pou yo gen relasyon youn ak lòt. Maryaj se relasyon espesyal Bondye te kreye pou yon gason ak yon fanm antre yon fason pou yo ka jwi relasyon marital epi kontinye ras lòm nan. Pandan istwa biblik la ap pwogrese nou pral wè responsabilite espesyal ak privilèj ki vini nan imaj sa a ke Bondye mete nan lavi nou.

Tèks Nouvo Testaman: Yon dezyèm kreyasyon kòmanse ak nesans Jezikri. Se pa yon kreyasyon fizik tè a ak syèl yo, men pito kreyasyon espirityèl yon novo Pèp Bondye a. Atravè Jezikri, Bondye pral ofri Sali a, gerizon, ak benediksyon a lavni pou tout pèp. Bondye te kreye tout bagay "bon," men peche te pote doulè ak brizman sou latè. Nan Jezikri, Bondye ofri kreyasyon sa a ki fin tonbe a gerizon.

Chapit sou eleman lafwa : I. Trinite Bondye a. Krisyanis la se yon reliyon monotejis, ki vle di li kwè nan yon sèl Bondye. sèl Bondye sa te kreye mond sa a tankou jan sa endike nan Jenèz 1 ak 2. Sèl ekspresyon nan kreyasyon Bondye a se limanite, ki te kreye nan imaj Bondye a. Kidonk, Bondye pi plis pase Kreyatè, Bondye se Redanmtè tou (nan Jezikri) ak Sipòtè (nan Lespri Sen an). Akoz lanmou Bondye a, lè limanite te tonbe nan peche, Bondye te chache ofri yon chemen pou padon, sali, ak kominyon. Ekspresyon pafè ak vrè sali Bondye a se atravè Jezikri, lè Bondye te vin sou fòm lachè. Jezi te fè ministè, li te mouri, epi li te leve soti vivan nan lanmò. Apre Jezi te retounen nan syèl la, Bondye te vini sou tè kòm Lespri Sen an. Sentespri a se prezans Bondye nan lavi kretyen yo, ki fè lavi Jezikri reyèl ak vivan nan kretyen yo. Sentespri a bay kretyen yo pouwva pou yo viv nan pouwva, nan lanmou, ak nan sentete Bondye. Kidonk, Bondye se youn, men li eksprime nan twa fason, Papa, Pitit ak Sentespri a. Tout ekspresyon sa yo se prèv dezi lanmou Bondye genyen pou li genyen relasyon ak limanite.

- **Tèt:** Eta dlo yo se you analoji ak Trinite a, ki jan yon sèl sibstans, dlo, pran twa fòm: vapè, likid, glas. Ki lòt fason ou kapab esplike ke Bondye alafwa yon sèl epi an mem tan eksprime sou twa fòm?
 - **Kè:** Kijan lavi t ap ye si Bondye te selman kreyatè mond lan, epi li pa t yon redanmtè ak yon sipòtè?
 - **Men yo:** Kijan ou ka pataje lanmou Bondye a ak lòt yo semèn sa a atravè pouwva sentespri a?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de lesion tèks yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Bondye te kreye mond sa a pou li kapab yon kay beni pou limanite, yon kote nou kapab pwospere, travay, epi jwi relasyon nou ak Bondye epi ak lòt moun. Bondye te kreye maryaj tou, ki se yon relasyon espesyal ant yon gason ak yon fanm kote yo vin "yon sèl kò".

- Poukisa limanite a espesyal pamí tout kreyasyon yo, epi ki responsabilite sa mete sou limanite?
 - Kisa ki pase lè yon mari ak yon madam pa mete Bondye an premye nan lavi yo ak nan maryaj yo?
- **Heart: Ki moun Tèks la di nou ta dwe ye?** Akoz tout benediksyon ke Bondye ban nou nan kreyasyon an, epi nan relasyon nou youn ak lòt, li se yon responsabilite pou nou byen jere tout sa Bondye mete anplas pou nou. Nou va gen tantasyon pou nou viv lavi nan mond sa a resantre sou nou menm, pou nou egoysis. Sepandan, antanke moun Bondye kreye ei sove, nou de viv pou Bondye, epi tou pou nou se yon benediksyon pou lòt moun.
 - Kisa sa vle di pou ou lè Limanite te kreye li te “Bon anpil?”
 - Poukisa, jan nou wè sa nan Jan 1, kèk moun ke Bondye kreye pa rekonèt li kòm Kreyatè?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Nou dwe reflete imaj Bondye bay lòt moun. Bondye renmen, padone, montre konpasyon, fè gras, ak mizèrikòd. Bondye tanpe imaj sa a nan lavi tout moun, e menmsi peche te sal letanp sa a, nou ka rann temwayaj sou verite sentete Bondye a lè nou viv yon lavi ki sen gras ak pouvwa Bondye.
 - Kijan nou kapab pran swen kreyasyon Bondye a?
 - kiyès nan karakteristik Bondye yo ou ta renmen moun ki bò kote ou yo wè nan lavi ou ?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik #2

Tit Leson An: Otòn la

Tèks Leson an: [Jenèz 3](#)

Tèks Nuevo Testaman yo: [Women 1:16-32](#)


Objektif Lesson an:

- **Tèt:** Rekonèt ke Satan itilize desepsyon pou fè nou doute de lanmou ak bonte Bondye.
- **Kè:** Voye jete yon kè egoyis ki doute lanmou ak bonte Bondye epi ki kwè nan peche mansonj ki fè nou panse ke nou konnen pi byen pase Bondye ki jan pou nou viv lavi nou.
- **Men yo:** Pote atansyon sou lavi nou yon fason pou n ka viv anba pouvwa Pawòl la men pa anba pouvwa peche.

Leson an Nan Yon Vèsè: Mwen pa wont anonse bon nouvèl la: se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè, jwif yo an premye, apre yo moun lòt nasyon yo tou. ([Women 1:16](#))

Rezime Tèks la

Adan ak Èv t ap viv nan Jaden Edenn nan. Bondye te di Adan ak Èv tout sa ki nan jaden an se pou yo. Yo te kapab manje fwi ki soti nan nenpòt pyebwa, eksepte pyebwa ki nan mitan an. Se te Pyebwa Konesans byen ak mal la. Kounye a, Satan te degize tèt li kòm yon move koulèv. Li te di Èv ke li te kapab manje fwi ki nan pye bwa a. Li te di ke si li manje fwi a, li ap tankou Bondye e li ap konnen sa ki bon ak sa ki mal. Koulèv la te twonpe Èv. Li te wè fwi a sou pye bwa a, epi li te sanble gen bon gou. Èv te vle gen bon konprann tankou Bondye, se konsa li te manje. Apresa, li te bay Adan. Touswit Adan ak Èv te konnen yo te dezobeyi Bondye, epi yo te pè anpil. Bondye te fè yo kite Jaden Edenn nan paske yo te dezobeyi li. Dezobeyi kòmandman Bondye yo se peche.



Ansèyman apati imaj la

1. **Jaden an:** Bondye te kreye yon bél Jaden kote Adan ak Èv te kapab viv pi rejwi nan kominyon ak Bondye epi youn ak lòt.
2. **Pyebwa Konesans Byen ak Mal la:** se te sèl pyebwa ke Bondye te mande Adan ke li pa te ka manje.
3. **Sèpan an:** Te mete Èv nan lawont lè li te fè l doute sou bonte Bondye.
4. **Èv:** Te twonpe li lè li te fè li kwè ke Bondye pa te vle ba li sa li panse ki sanble bon pou li.
5. **Adan:** Èv te bay Adan fwi a, epi li te wont tou. Li menm tout te inyore kòmandman pou li pa te manje fwi ki soti nan pyebwa sa a.
6. **Fwi a:** Peche te antre nan mond la paske Adan ak Èv te chwazi brize yon kòmandman Bondye ke yo te konnen.

Sans Tèks la

De premye chapit Labib yo plen ak benediksyon Bondye. Pandan twazyèm chapit la ap louvri, se konsa yon menas antre, sèpan an. Pami tout benediksyon Bondye te bay, li te bay Adan yon sèl entèdiksyon tou, li pa dwe manje fwi pyebwa ki bay konesans byen ak mal la. Sèpan an te tante Adan ak Èv pou yo kwè benediksyon Bondye yo te twò bon pou se ta vre. Oswa, pi egzakteman, benediksyon Bondye yo te twò piti pou yo ta akzeptab. Sèpan an te tante Adan ak Èv pou yo kwè ke Bondye t ap anpeche yo, si yo te reyèlman vle jwi tout sa lavi a te ofri, konsa yo te bezwen sispann fè Bondye konfyans, epi mete plis konfyans nan tèt yo.

Adan ak Èv te tonbe nan manti sa a, epi vyole yon lwa Bondye ke yo konnen. Se sa menm peche a ye, vyole yon lwa Bondye ke ou konnen. Se konsa, nan jou sa a peche te antre nan mond lan, epi li te fè gwo ravaj epi pote anpil doulè ak soufrans chak jou depi lè sa a.

Kòm konsekans rebelyon yo, Bondye te mande Adan ak Èv pou yo kite Jaden Edenn nan. Byenke benediksyon ak pwoteksyon Bondye pa kite Adan ak Èv, lavi yo pa janm menm jan ankò. Doulè ak travay yo vin konsekans imedyo peche a, men efè peche yo ap grandi anpil.

Tèks Nouvo Testaman an: Nan lèt Apot Pòl te ekri Women yo, li bay lis plizyè fason peche te grandi pandan istwa mond nan. Nan premye chapit Women an, Pòl klarifye jan Bondye te bay limanite opòtinite pou yo konnen Kreyatè syèl la ak tè a. Sepandan, limanite te pito chwazi pou yo kontinye fè menm peche ak Adan ak Èv, swiv pwòp dezi yo olye pou yo swiv kòmandman Bondye yo.

Atik ki retrase lafwa: V. Peche, Orijinèl ak Pèsonèl. Pandan ke Bondye te kreye monn sa a ak limanite kòm yon ekspresyon lanmou Bondye, Bondye pa te fòsse limanite renmen an retou. Olye de sa, Bondye te kreye limanite ak kapasite pou yo viv swa sèvi Bondye oswa sèvi tèt yo. Adan ak Èv te chwazi viv pou tèt yo lè yo te tonbe nan manti Sèpan an ki te pwomèt yo ke yo kapab tankou Bondye si yo sèlman dezobeyi Bondye.

Akoz peche Adan ak Èv sa a, peche te rantre nan mond lan epi li te enfekte lavi chak moun ki fèt. Chak moun ki fèt yo fèt ak peche Orijinèl sa a, dezi pou viv avèk egoyis.

Lè yon moun aji nan dezi pou li viv ak egoyis, yo komèt Peche Pèsonèl. Peche sa a lakoz tout move fason yo epi fè moun tò ak lòt moun pandan y ap viv opoze ak prensip yo ak volonte Bondye Kreyatè a. Gade Women 1.

- **Tèt:** Poukisa ou panse Bondye te kite koulèv la rantre nan jaden an, epi pa t senpleman asire Li ke Adan ak Èv pa t janm fè fas ak Tantasyon?
- **Tè:** Kijan peche nan kè kowonpi fason moun yo wè mond sa a, tèt pa yo, epi Bondye?
- **Men yo:** Poukisa Peche pa t janm kontante l pou li enfekte sèlman kè yon moun, men li pral toujou eksprime l nan aksyon moun nan?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesон tèks yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Pouwva peche a te touche lavi chak famm ak gason.
Tewolojen Kretyen Ogisten pale de peche a tankou “Limanite konsantre sou li menm.” Antanke kreyati, nou ta dwe konsantre lavi nou sou viv pou Kreyatè nou an ak lanmou nou, olye peche mennen moun yo konsantre sou tèt yo. Olye de sa Bondye vle, limanite plen peche a obsede de pwòp panse pa yo, aksyon yo ak priyorite yo. Rezulta yon lavi konsa se gwo doulè ak brizman pou ni moun sa yo ni moun ki antoure yo
 - Kijan koulèv la te twonpe Èv pou li te ka manje fwi a?
 - Nan Ki fason jodi a Satan twonpe moun pou yo kwè ke yo konnen plis bagay pase Bondye nan fason pou yo viv lavi yo?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe Ye?** Kretyen yo te pran desizyon pou swiv Bondye olye yo te swiv pwòp tèt pa yo. Yo te repanti de peche yo, yo te mande pou Bondye padone yo, e yo te angaje yo pou fè Bondye vin Senyè lavi yo. Kidonk, vin yon Kretyen se pa yon desizyon ke w ap pran yon sèl fwa. Se yon relasyon ak Bondye chak jou. Menm jan Satan te tante Adan ak Èv nan jaden an, se konsa Satan kontinye tante Kretyen yo. Kidonk, Kretyen yo bezwen angaje yo chak jou ak Senyè a, chèche viv yon vi konsakre ak Bondye.
 - Nan ki fason ou te viv eksperyans doulè ki soti nan viv avèk egois?
 - Nan ki fason ou te viv eksperyans lajwa delivrans Bondye a nan lavi ou?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Viv san peche pa posib anba pwòp pouwva oubyen avèk pwòp entansyon nou yo. Sèlman Kris kapab venk peche nan mond sa a epi nan lavi nou. Kidonk, Jezi rele nou pou nou viv lavi nou avèk pwisans Levanjil la, anba otorite ak direksyon Senyè a. Se pa sèlman pou fè kè nou byen, men tou pou byen moun ki nan antouraj nou ki ava frape si nou kite peche renye nan vi nou.
 - Kisa nou ta dwe fè si nou te kite peche renye nan lavi nou, menm aprè nou vin Kretyen?
 - Ki mezi ou kapab pran pou pwoteje tèt ou pou ou pa tonbe nan pyèj tantasyon Satan pote nan lavi tout Kretyen yo?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesion Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesion jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv lesion jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 3

Tit Leson an: Kayen ak Abèl

Tit Leson an: [Jenèz 4:1-16](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 5:21-26](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann jan peche yo manifeste anndan kou deyò.
- **Kè:** Chèche pite kè a epi lage l nèt nan men Bondye. Lè kè yon Kretyen ranpli ak limyè, aksyon li yo ap pral san tach. Lè kè yo ranpli ak fènwa, aksyon yo pral destriktif.
- **Men yo:** Pouswiv rekonsilyasyon an avèk tout moun ou nan konfli. Gade sitiyasyon an selon pwennvi pa yo e selon pwennvi Bondye. Chèche konprann kijan rekonsilyasyon an ka rive fèt.

Leson an Nan yon Vèsè: Si sa ou te fè a te byen, ou pa ta rive nan sitiyasyon sa a. Men, paske ou fè sa ki mal, peche kouche nan papòt ou; l ap tann konsa lè pou l pran tèt ou. Men, ou menm, se pou ou kenbe tèt ak li ([Jenèz 4:7](#))

Rezime Tèks La

De premye Adan ak Èv yo te rele Kayen ak Abèl. Menm jan ak anpil frè, yo te vrèman diferan. Kayen te pi gran e li t ap kiltive tè a. Abèl se te yon gadò mouton ki t ap pran swen mouton yo. Kayen ak Abèl t ap travay nan jaden yo pandan lontan, epi yo te deside bay Bondye yon ofrann. Yo te vle di Bondye mèsi pou benediksyon Li yo. Kayen te ofri kèk nan bagay li te kiltive nan jaden li an. Abèl, yon lòt bò, te ofri youn nan pi bon mouton ki nan twoupo li yo. Bondye te pran plezi nan ofrann Abèl la, men li pa t aksepte ofrann Kayen an. Kayen te jalou anpil de frè li, li te mennen l nan yon jaden epi li te touye li. Bondye te pini Kayen paske li te touye frè li a. Kayen pa t kapab viv nan kay li a ankò e li pa t kapab fè bon rekòt ankò.



Ansèyman apati imaj

1. **Abèl** (an mawon) se te dezyèm ptit gason Adan ak Èv. Li t ap gade twoupo yo, e li te pote yon bon ofrann bay Bondye.
2. **Kayen** (an ble) se te premye ptit gason Adan ak Èv. Li se te yon kiltivatè, e li te pote yon move ofrann bay Bondye.
3. **Dife sou Lotèl la.** Bondye te aksepte bon ofrann Abèl la, men li te rejte move ofrann Kayen an.
4. **Ponyèt Kayen.** Kayen te jalou de Abèl akoz Bondye te rejte ofrann li an. Yon jou, li te mennen Abèl nan jaden yo epi li te atake l epi li te touye l. Bondye te pini Kayen, li te fè l kite sekirite li te jwenn bò kote paran li yo.

Sans Tèks La

Efè peche yo vin pi trajik. Satan te tante Adan ak Èv pou manje fwi yo te entèdi yo a. Yo te manje li, e peche te antre nan lavi yo. Byen ke Bondye te toujou ap veye sou lavi yo, pinisyon yo a te vle di ke yo pa t kapab kontinye viv nan Jaden Edenn lan ankò. Doulè fizik te rantre nan lavi yo. Kounyea peche te manifeste pa sèlman lè w manje yon moso fwi men lè w fè krim final la ki se, asasinay.

Adan ak Èv te gen de ptit gason, Kayen, premye ptit la, te bay Bondye yon move ofrann. Abèl, dezyèm ptit la, te bay Bondye yon bon ofrann. Tèks la pa bay yon eksplikasyon poukisa yon ofrann te bon e poukisa lòt ofrann la pa t bon. Sepandan, Bondye te avèti Kayen pou li pa t kite peche kontwole 1 ([Jenèz 4:6-7](#))

Kayen pa t pran enstriksyon Bondye yo a kè, e li te kite jalouzi ak kòlè manifeste nan li pou li fè vyolans sou Abèl. Efè peche yo te trajikman ogmante pou rive nan zak asasinay.

Tèks Nouvo Testaman an: Jezi di li klè ke peche a pa sèlman manifeste nan aksyon vizib yo, men tou li kapab konsome kè moun. Si Kretyen yo vle viv yon lavi sen ki onore Bondye, yo dwe

ale pi lwen pase vi senp selon règleman Kretyen yo, epi olye de sa, se pou yo lage kè yo nan men Bondye, Bondye kapab pote yon pite ak yon lajwa nan lavi yo k ap abouti ak gerizon relasyon brize yo, ala fwa imen e diven.

Chapit 10 Kòmandman yo: VI. Pa touye Moun. Asasinay se peche final la, paske li detwi lavi yon lòt moun ki te fèt ak imaj Bondye. Kontréman ak lòt peche yo, pa gen okenn fason pou yon moun fè ranplasman total kapital pou moun li touye.

Sizyèm kòmandman an aplike pou asasinay planifye. Byen ke tèm Ebre ki itilize isi a kapab refere tou ak yon asasinay aksidantèl, kòmandman isi a refere ak yon asasinay planifye.

Detewonòm 19, kote Moyiz fè yon diferans ant lanmò aksidantèl ak asasinay planifye, verifye sa se tradiskyon kòrèk tèm Ebre a. Nan pasaj Detewonòm lan, Moyiz pran dispozisyon pou sa yo ki touye yon moun aksidantèlman, pandan y ap afime pèn de mò pou nenpòt moun ki komèt yon asasinay ki planifye (**Detewonòm 19:1-13**). Kòmandman sa a pa aplikab pou moun ki mouri nan lagè, egzekisyon lajistis fè, oubyen pou defann lavi moun.

- **Tèt:** Nan ki fason moun fè lòt moun mal, menm si yo pa fè yo mal fizikman?
- **Kè:** Ki mezi yon Kretyen kapab pran pou libere li de santiman rayisab ak amètim li gen pou lòt moun?
- **Men yo:** Ki mezi yon Kretyen kapab pran pou li rekonsilye ak yon moun ke li te gen santiman rayisab oubyen amètim pou li?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesion tèks yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Jalouzi ak rayi jwenn ekspresyon final yo nan asasinay Kayen fè sou Abèl la. Pafwa moun yo fè erè pou kwè ke Krisyanis la se senpleman viv selon yon ansanm règleman, tankou 10 Kòmandman yo. Kidonk, Krisyanis la se bay Bondye

kè yo, nanm yo, ak lespri yo. Pèmèt Bondye pote gerizon ak delivrans nan tout pati nan lavi ki redwi ak yon vi lajwa ak lapè pou Kretyen an. Olye pou kretyen yo kite yon chemen ki fè mal ak destriksyon, kretyen an kapab kite dèyè l yon eritaj lanmou ak konpasyon.

- Anplis de touye moun, ki lòt fason rayi moun ak jalouzi manifeste nan aksyon yon moun?
- Kisa ou panse Bondye vle di lè li di Kayen ke li dwe “domine sou” peche?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Bondye te renmen tout moun li te kreye, kit yo se Kretyen ou pa. Pa konsekan, Bondye rele Kretyen yo pou yo renmen tout moun. Sa pa fasil, paske gen anpil diferans ant valè, aksyon, ak konpòtman moun yo. Kidonk, lè Kretyen yo kite Bondye pote limyè nan kè yo, yo kapab renmen lòt moun menm jan Bondye renmen yo. Si Kretyen yo pa kite Bondye pote limyè nan lavi yo, konsa kè yo ap vin ranpli ak fènwa ankò. Renmen tout moun pa vle di ke Kretyen yo dwe tolere fason lòt moun yo ap viv. Kidonk, Kretyen yo dwe kenbe kè yo louvri pou travay gerizon Bondye a pou yo kapab jwenn fason pou yo renmen moun ki diferan ak yo. Yo dwe rekonèt Kretyen yo pa mwayen lanmou yo.
 - Kisa yon Kretyen dwe fè pou li refize kite amètim ak kòlè gate kè yo?
 - Poukisa Jezi anseye ke rayi yon lòt moun se menm peche ak lè ou touye yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Pafwa Kretyen yo dwe aji nan lanmou pou lòt moun anvan yo santi lanmou pou lòt moun. Menm jan an tou, yo te rele Kretyen yo pou yo padone e rekonsilye avèk lòt moun anvan ke lòt pati a mande padon oubyen chèche rekonsilyasyon. Menm jan egzanz sa yo montre l la, lanmou pa sèlman yon santiman men yon aksyon. Yon aksyon ki kòmanse nan kè yon moun lè Bondye padone yo, e aprè sa li afiche nan lavi Kretyen an.
 - Kisa k ap pase si yon Kretyen ap chèche rekonsilyasyon ak yon moun, men moun sa a pa vle rekonsilye? (Rekonsilyasyon pran de moun, mande padon pran yon sèl moun).
 - Kijan lè ou mete tèt ou nan plas yon lòt moun sa ede Kretyen an wè konfli a pi byen?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik #4

Tit Leson an: Noye Konstwi yon Lach

Tit Leson an: [Jenèz 6](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [1 Pyè 3:8-22](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann ke peche pwopaje rapidman, sa lakòz gwo doulè ak destriksyon. Avèk Noye, Bondye deside kòmanse ak limanite ankò, Li etabli yon relasyon alyans avèk yon fanmi, Li espere a pati de fanmi sa a pou Li kreye yon pèp ki pral rejte peche epi k ap sèvi Bondye.
- **Kè:** Rekonèt nou gen tantasyon panse nou kapab kontwole peche. Gwo doulè ak destriksyon pral grandi nenpòt kote nou pèmèt peche rete nan kè nou.
- **Men yo:** Nou dwe toujou viv lavi jistis la, menm nan mitan sila yo ki vle fè nou mal.

Leson an Nan yon Vèsè: SENYÈ a wè jan lèzòm te mechan toupatou sou latè, ki jan tout lajounen se move lid ase ki te nan tèt yo. ([Jenèz 6:5](#))

Rezime Tèks La

Noye se te yon bon moun. Li te gen yon madanm ak twa pitit gason: Sèm, Kam, ak Jafèt. Noye te vrèman fè Bondye plezi, men li te fache avèk lòt moun yo sou tè a paske yo te mechan anpil. Bondye te di Noye konsa li ta pral detwi tout moun ak bêt Li te kreye yo. Bondye te regrettLi te kreye yo. Aprè sa Bondye te di Noye pou li konstwi yon gwo bato yo te rele lach. Moun yo te jis ri Noye pandan yo t ap gade li k ap konstwi lach la. Byento, yo ta pral sispann ri. Lè Noye te fini, Bondye te di li pou li pran fanmi li ak de nan chak espès ak li nan lach la. Lapli t ap tonbe pandan karant jou ak karant nwit. Tout tè a te inonde, men Noye ak fanmi li te an sekirite nan lach la. Aprè lapli, Bondye te mete yon bè lakansyèl nan syèl la. Se pou fè nou sonje ke li pa p janm inonde tè a ankò.



Ansèyman apati de Imaj La

1. **Mond lan:** Bondye te kreye tout bagay, wòch yo, dlo yo, nyaj yo, tout pyebwa yo pou limanite pwofite . Sepandan, olye ke yo renmen Bondye, limanite chwazi viv lavi egoysis.
2. **Lapli a:** Jijman Bondye akoz de peche limanite. Sa yo se peche kont Bondye epi peche kont youn lòt.
3. **Dlo k ap monte:** yo se konsekans pou limanite ki chwazi viv kont kòmandman Kreyatè mond sa a. Peche lakoz doulè, soufrans, ak lanmò.
4. **Lach la:** se yon pwovizyon Bondye te fè pou pwoteje yon nonm ki jis, Noye, fanmi li, ak bèt nan mond lan. Bondye te di Noye egzakteman fason pou konstwi lach la epi lè pou monte lach la. Paske Noye te obeyi kòmandman Bondye, li menm, fanmi li, epi bèt yo te sove.

Sans Tèks La

Bib la te kòmanse avèk de Chapit ki te ranpli avèk benediksyon Bondye atravè kreyasyon an. Ki kòmanse avèk twazyèm chapit la, kidonk pwen konsantrasyon an te sispann flache sou benediksyon Bondye pou ale jwenn destriksyon peche ki fèt sou kreyasyon Bondye a. Jenèz Chapit 6, peche a te vin pwopaje “tout tandans panse kè moun yo se te mechanste tout tan.” Bondye te deside kòmanse ak limanite ankò.

Kidonk fwa sa a, olye pou li di limanite pou li pa peche, Bondye te angaje li nan yon lòt kalite relasyon avèk limanite – yon relasyon alyans. Byenke nòmalman yon alyans se yon relasyon fòmèl ant de moun, oubyen de gwoup moun, Bondye chwazi etabli yon alyans avèk sila yo Bondye te kreye. Nan alyans diven/imen sa a, Bondye te fè moun yo pwomès, epi li te rele moun sa yo pou fidèl ak alyans lan.

Byenke Bondye rekòmanse ak limanite aprè Delij la, Li te etabli yon nouvèl alyans avèk Noye ansanm ak tout kreyasyon an kote Li pwomèt Li pap janm detwi limanite konsa ankò.

Tèks Nouvo Testaman an: Byenke Bondye te pwomèt Noye ak desandan li ke Bondye pa p janm detwi limanite ankò, sa pa vle di ke pa gen konsekans pou peche yo ankò. Pèp Bondye a dwe toujou kouri lwen peche, epi viv lavi jistis la. Kalite vi jistis sa a sèlman posib akoz de rezireksyon JeziKri, ki te kase pouvwa peche.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesion tèks yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Nan lide pou libere limanite de chatiman peche, Bondye rantre nan relasyon alyans kote Bondye angaje pou Li beni epi pwoteje sila yo ki fidèl avè L. Premye nan alyans Bondye yo se alyans Li ak Noye epi desandan Li yo. Dènye alyans Bondye pral fè se atravè lanmò ak rezireksyon JeziKri. Bondye te kreye alyans sa a nan lide pou fè yon chemen pou moun ka jwenn delivrans pou peche yo.
 - Poukisa Bondye te chwazi sove fanmi Noye, e pou li pa konplètman rekòmanse avèk yon limanite novo.
 - Poukisa peche destriktè konsa, poukisa fòs ak bon entasyon lòm pa kapab kontwole li?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe Ye?** Nou tout fèt avèk tach peche nan lavi nou. Pyès nan nou pa kapab debarase de tach sa a avèk yon bon zèv oubyen tantiv pou sentente. Sèl espwa nou pou yon vi lapè avèk Bondye epi lot moun yo se pèmèt padon Bondye a pa mwayen Kris la pou lave nou, netwaye nou, epi ba nou yon lòt lavi. Yon fwa nou sove, nou kapab viv lavi lajwa ak lapè nan pouvwa Sentespri, menm nan mitan yon mond pechè, paske nou konnen kè nou an sekirite avèk Bondye.
 - Ki kèk egzanp konsekans peche ke ou wè nan mond ki antoure w la?
 - Ki kèk moun nan vi w ki te montre w atravè lavi yo, ke yon vi lajwa ak lapè posib nan mond sa a?

- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Apòt Pyè rele nou pou nou “toujou prepare pou bay yon repons a tout moun ki mande pou bay rezon espwa ou genyen an.” Youn nan rezon ki fè Kretyen yo gen espwa se ke nou konnen nan Kris Bondye sove nou de chatiman pou peche nou yo. Sa ban ou fòs ak lespta pou nou viv nan mitan moun k ap viv nan peche.
 - Nan ki fason ou kapab viv avèk “dousè epi respè,” ([1 Pyè 3:15](#)) e anplis montre lòt yo lanmou Bondye?
 - Kijan lè ou batize sa bay temwanyaj de travay Bondye ap fè nan lavi yon Kretyen?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 5

Tit Leson an: Tou Babèl

Tit Leson an: [Jenèz 11:1-9](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Travay 2:1-21](#)

Objektif Leson yo:


- **Tèt:** Rekonèt se nan Babèl, limonite t ap eseye kreye yon sosyete kote yo te panse yo te kapab pwòp dye yo.
- **Kè:** Konprann ke lògèy se destriktif e se poutèt sa peche.
- **Men yo:** Limanite kapab travay ansanm pou fè gwo bagay (Pa egzanp, devlope vaksen), oubyen yo kapab travay ansanm pou fè move bagay (pa egzanp, lagè). Jwenn fason pou itilize kado ak talan w yo pou fè mond sa a vin pi bon.

Leson an Nan yon Vèsè: Kote ki gen lògèy wont pa lwen. Men, moun ki soumèt devan Bondye, se yo ki gen bon konprann. ([Pwovèb 11:2](#))

Rezime Tèks la

Nan premye tan biblik yo, tout moun te pale menm lang lan. Moun yo te ka pale ak nenpòt moun nan mond lan epi yo te ka konprann youn lòt. Yon jou, gen yon gwoup moun ki te reyini ansanm. Yo te deside yo ava konstwi yon vil ki gen yon gwo tou ki ta pral rive nan syèl la. Si mesye yo te fè sa, moun yo t ap remake epi yo t ap di yo kijan yo te gran. Bondye te gade mesye yo pandan yo t ap bati vil la ak gwo tou a. Yo te travay di anpil.

Tout bagay t ap mache trè byen, mesye yo pa t panse ke yo te bezwen Bondye ankò. Yo te gen anpil lògèy, epi yo te inyore Bondye. Bondye te deside melanje lang yo. Sa te fè li enposib pou mesye yo te kontinye konstwi. Bondye te fè tout mesye yo pale lang diferan pou youn pa t kapab konprann lòt. Se rezon sa a ki fè vil la te rele Babèl.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Brik yo:** Limanite te kòmanse dekouvre nouveau fason pou konstwi gwo kay, tankou fè brik olye yo itilize wòch sèlman.
2. **Tou a:** Limanite te deside ke yo pa t bezwen pwoteksyon Bondye, men yo te panse si yo te konstwi yon gwo Tou, apre sa yo t ap vin yon gran pèp.
3. **Travay Ansanm:** Li souvan bon pou gason ak fanm travay ansanm. Sepandan, li pa bon lè yo travay ansanm, se pa pou glorifye Bondye, men yo gen lògèy, y ap eseye pou fè non yo afiche.

Sans Tèks La

Desandan Noye yo te miltiplie atravè jenerasyon yo. Jenerasyon sa yo te reyini pou konstwi yon gwo vil, Babèl (ke yo te konnen sou non Babilòn tou). Yo te pito gaye nan tout mond lan, menm jan Bondye te di yo ke li te fè alyans ak Noye epi ak pitit gason Noye yo, yo te deside rete nan yon zòn epi kreye yon vil kote yo te kapab fè yon gwo non pou tèt yo. Gwo senbòl fyète yo se te Tou de Babèl la.

Bondye te fristre plan limanite lè 1 te fè yo pale nan diferan lang. Kounyea, yo pa t kapab reyini ansanm pou yo konstwi gwo fyète sa a, yo te fè sa Bondye te bay lòd okòmansman ak pitit gason 1 yo pou yo fè, yo te gaye toupatou nan mond lan.

Tèks Nouvo Testaman an: Dezi Bondye pou limanite se pa pa nou gen konfizyon epi prive nou de Bondye oubyen lòt moun yo. Olye de sa, Bondye vle tout moun vin konnen JeziKri kòm Senyè e Sovè yo. Nan dezyèm Chapit Liv Travay la, nou tande pale de yon konfizyon ranvèse Bondye te pote nan Tou Babèl la. Nan jou Lapannkot la moun ki nan peyi diferan yo te tande disip Jezi yo t ap di mèvèy Bondye nan pwòp lang pa yo pa mwayen kado Sentespri a.

Kounyea, olye yo oblige vwayaje ale Jerizalèm pou tande mèvèy Bondye yo nan yon sèl lang, pa mwayen pèp Bondye a, disip Jezi yo ale atravè mond lan pou ale pale lòt moun yo de Levanjil JeziKri a nan pwòp lang pa yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesон tèks yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Gen yon diferans ant moun ki rasanble pou fè yon bagay pou bay Bondye glwa, ak moun ki rasanble pou bay tèt yo glwa. Limanite te sipoze viv nan yon relasyon avèk Bondye kote Bondye ap beni yo epi yo onore Bondye. Olye de sa, moun sa yo ap tante konstwi yon gwo kay pou bay pwòp tèt yo glwa, e kidonk ap brize alyans avèk Bondye. Olye de detwi gwoup moun sa yo, Bondye gaye yo nan tout mond lan, pou akonpli alyans li te fè avèk Noye a.
 - Ki danje ki genyen lè nou bay tèt nou glwa nan montre lòt moun sa nou kapab fè avèk pwòp pouvwa nou?
 - Peche se lè nou mete tèt nou anvan Bondye, Ki kèk fason modèn moun yo chèche bay tèt yo glwa olye yo bay Bondye glwa?
- **Kè: Kisa Tèks la vle di?** Lè nou viv lavi nou dwat avèk Bondye, nou viv lavi nou avèk imilite, men se pa avèk ògèy. Bondye se Kreyatè epi Sovè, nou pa dye pou tèt pa nou. Byenke nou kapab jwi kapasite ak talan Bondye ba nou yo, nou pa dwe janm bliye kiyès ki ba nou kapasite ak talan yo.
 - Poukisa lògèy se yon tantasyon ki fò pou anpil moun?
 - Kisa ki genyen nan laperèz ak ensekirite ki fè moun yo vilnerab nan tantasyon pou fè peche?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Gen anpil bagay ki divize moun: lang yo, kilti yo, politik yo, finans (lis la te ka vin pi long de tanzantan). Kidonk, nan Kris nou tout kapab fè yon sèl. Kèlkeswa diferans nou nan yon nivo imen, nou tout ka fè pati pèp Bondye a. Kidonk, sa mande yon nivo imilite ki ale pi lwen, epi yon desizyon konsyan pou nou viv lavi nou ap glorifye Bondye, men se pa tèt nou.
 - Ki twa fason semèn sa a ou kapab pwouve konpasyon ak respè pou moun ki diferan de ou?

- Pyè te defann disip yo t ap moke yo paske yo te ranpli ak Sentespri. Kijan ou kapab defann yon frè oubyen yon sè nan Kris semèn sa a ke y ap takinen oubyen pèsekite akoz lafwa yo?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 6

Tit Leson an: Sodòm e Gomò te detwi

Tit Leson an: [Jenèz 19:1-29](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [2 Pyè 2](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Se pou konprann pandan Bondye ap jiye epi pini moun ki fè peche yo, li te bay yon mwayen pou sila yo ki repanti yo sove.
- **Kè:** Rekonèt ke nan mitan yon mond pechè, Bondye rele Kretyen pou yo gen kè pi.
- **Men yo:** Pwoteje lòt moun yo pou pa blese yo epi abize yo, se yon pati ki enpòtan nan viv pou Kris la.

Leson an Nan yon Vèsè: Konsa, Bondye konnen kijan pou l delivre moun k ap sèvi li yo nan mitan eprèv. Men, li kite mechan yo pou l ka pini yo jou jijman an. ([2 Pyè 2:9](#))

Rezime Tèks la

Lo se yon mesye ki t ap viv nan vil Sodòm. Majorite nan moun ki t ap viv nan vil sa a ak vil Gomò a te mechan anpil. Konsa Bondye te deside pini pèp la. Li te deside detwi Sodòm e Gomò, li te voye dife ki t ap boule vil yo ra pye tè. Lo se te yon bon mesye, e Bondye te vle epanye lavi li. Bondye te voye de zanj lakay Lo. Zanj yo te di Lo ke Bondye ta pral detwi Sodòm, konsa li ta bezwen kite vil la kounyea. De zanj yo te dirije Lo, madanm li, ak de pitit fi l yo pou yo soti nan vil la epi yo te di pou yo ale nan yon zòn ki an sekirite. Pandan yo t ap kite, zanj yo te di Lo ak madanm li pou yo pa vire gade vil yo dèyè. Men Madanm lan te dezobeyi epi li te vire gade dèyè. Pandan l t ap gad vil yo la ki t ap boule, li te tounen yon estati an sèl.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Sodòm e Gomò** se te vil mechanste. Pa t menm genyen 10 moun ki te jis nan vil yo.

2. **Lo**, Neve Abraram, ak fanmi li t ap viv Sodòm. Lo se te yon mesye ki jis.
3. **Chape**. Bondye te voye zanj yo pou kondwi Lo ak fanmi li soti nan vil la anvan destrikson an.
4. **Pinisyon**. Bondye te deside detwi vil yo akoz de mechanste yo.
5. **Madan Lo**. Zanj yo te di Lo ak fanmi li pou pa vire gade dèyè lè yo t ap detwi. Kidonk, madan Lo te vire gade dèyè, epi li te tounen yon poto an sèl.

Sans Tèks La

Bondye te rele yon mesye ki te rele Abram (Pita ki ta pral rele Abraram) pou lèse fanmi li e pou li vwayaje ale nan yon peyi Bondye t ap montre l. Nan Tè pwomès sa a, Abraram t ap vin papa yon nouvèl nasyon ([Jenèz 12](#)). Bondye te fè yon alyans avèk Abraram pou beni tout moun nan mond lan atravè desandan Abraram lan. Abraram te obeyi, epi li te mennen neve li Lo avè l sou wout pou ale nan Tè pwomès la.

Yon konfli te pete ant Abraram ak Lo, epi Lo te ale viv Sodòm, yon vil ki gen anpil mechanste. Repitasyon mechanste Sodòm nan te rive kote Bondye, konsa Bondye te voye zanj yo nan vil la pou konfime mechanste li. Byenke zanj yo te konfime kijan vil la te gen anpil mechanste, yo te jwenn yon mesye ki jis k ap viv nan vil la, Lo. Yo te pwoteje Lo ak fanmi li, epi yo te fè yo soti nan vil la anvan ke chatiman Senyè a te tonbe sou vil la.

Aprè Lo ak fanmi li te an sekirite, zanj yo te bay Lo ak fanmi li lòd pou pa vire gade vil la dèyè pandan Bondye t ap detwi l. Kidonk, madanm Lo a te vire gade dèyè, epi li te tounen yo poto an sèl.

Tèks Nouvo Testaman an: Doulè avèk destrikson peche reyèl. Bondye pral pini sila yo ki fè lòt yo mal epi abize yo, swa nan vi sa a, swa nan lavi ki gen pou vini an. Bondye pral sove moun ki jis yo anba sa ki mal, swa nan vi sa a, swa nan vi ki gen pou vini an. Kretyen yo pa dwe pèdi kouraj. Se pa paske souvan li sanble ke mechan yo pa t pini epi moun ki jis yo pa jwenn sekou nan vi sa a ki vle di se fen istwa a. Gen yon gwo jijman ki gen pou vini, epi nan tan sa a, Bondye pral pini mechan an epi rekonpanse moun jis yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la .
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Malgre tout konsekans peche mond sa a konnen, peche kontinye grandi nan epòk Abraram ak Lo. Peche Sodòm ak Gomò a grav anpil, Bondye deside detwi vil yo. Kidonk, Fanmi Lo se sèl fanmi ki jis nan vil Sodòm, epi Bondye fè yo chape poul anba destriksyon ke vil yo ta pral andire.
 - Nan ki pwen ou panse pa gen espwa pou yon vil, e li pi bon pou li detwi pase kontinye egziste?
 - Poukisa Lo te ofri akèy ak etranje sa yo ki te vini nan pòtay vil yo?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe Ye?** Li enpòtan pou nou fonde valè ak moral nou yo sou lalwa ak kòmandman Bondye yo, men non pa sou valè ak moral mond nou an. Peche lakoz anpil doulè ak destriksyon nan mond nou an, men Kretyen yo aple pou viv diferan de lòt moun yo, pou viv lavi sen ki temwanye lespwa ak lajwa ki soti nan JeziKri.
 - Kijan ou kapab pwoteje kè ou ak lespri ou pou pa kwè nan manti Satan vle pou kwè yo?
 - Li fasil pou eseye inyore sila yo ki bezwen èd, Sepandan se ki sa konsènan lanmò ak rezirèksyon Jezi ki ta dwe ankouraje kè Kretyen yo pou yo pa inyore moun ki bezwen èd?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Paske Bondye renmen tout moun, nou pakab inyore moun ki bò kote nou ki nan pwoblèm jis paske yo pa sanble nou oubyen yo pa kwè menm jan avèk nou. Bondye rele Kretyen yo pou yo renmen epi respekte etranje yo tou menm jan avèk pwòch nou.
 - Nan ki fason ou kapab ofri tèt ou pou pwoteje epi ankouraje sila yo ki nan danje nan kominate w la?
 - Ki mezi ou kapab pran pou pwoteje tèt ou kont mechanste ak enfliyans lèzòm?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 7

Tit Leson an: Pwomès ki fèt ak Abraram Pwofèt la

Tit Leson an: [Jenèz 12:1-9](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Ebre 11:8-16](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Selebre gwo lafwa ak konfyans Abraram nan Bondye, sa te pèmèt li aji pa lafwa pou l swiv apèl Bondye a sou lavi l.
- **Kè:** Se pou w gen kouraj lè Bondye rele w pou w aji pa lafwa, paske Bondye ki te fidèl ak Abraram nan ap fidèl a ou menm tou.
- **Men yo:** Se pou prè semèn sa a pou tandem yon pawòl ki soti nan Bondye sou fason pou ede lòt moun yo, epi pou pran kèk mezi pou reponn apèl sa a avèk obeyisans.

Leson an Nan yon Vèsè: Pa lafwa Abraram, lè Bondye te rele l pou li ale nan yon zòn ke pita li ta pral genyen l kòm eritaj, li te obeyi epi li te ale, malgre li pa t konnen kote li t ap prale. ([Ebre 11:8](#))

Rezime Tèks

Yon jou Bondye te pale ak Abraram epi Li te rele li pou mache nan lafwa, men sa enkli tou pwomès Bondye t ap akonpli si Abraram te obeyisan. Bondye te pwomèt ke Abraram ta pral papa yon gran nasyon, Abraram sa a t ap vin yon gwo benediksyon pou lòt moun yo, epi tout moun sou latè ta pral beni atravè Abraram. Konsa, a 75 lane, malgre li pa t gen pitit, epi li menm ak madam li te depase laj pou yo fè pitit, Abraram te kwè Bondye te kapab ba li yon pitit gason pou li kòmanse ak nouvo fanmi sa a.



Ansèyman apati Imaj La

1. **Abraram.** Li te tande yon apèl Bondye sou lavi li epi avèk lafwa li te kwè Bondye t ap akonpli pwomès Bondye te fè si Abraram te pran desizyon pou l swiv apèl Bondye a avèk lafwa.
2. **Sarayi.** Yon pwomès enpòtan pou Abraram sete pou l ba li pitit, sepandan, Sarayi, madanm Abraram, te deja gen laj pou l te ka fè yon pitit. Pwomès Bondye te fè Abraram yo pa t ap sèlman beni Abraram men Sarayi tou, paske apre plizyè ane ap priye pou yon pitit, li t ap fè yon pitit nan vyeyès li.
3. **Lòt ak twoupo li yo.** Abraram te pran tout byen l yo avè l, tankou twoupo bêt yo ak neve li a, Lòt.

Sans Tèks La

Bondye, ki Kreye syèl la ak tè a chwazi fè yon lòt alyans avèk yon moun, menm jan li te fè l ak Noye. Apre epòk sa a, alyans lan plis ke yon senp pwomès ki pap janm efase limanite ankò. Epòk sa a, alyans ak yon moun pral bay rezulta nan kreyasyon de yon nasyon espesyal ki pral beni lemond antye.

Nan pwen sa a, Bondye ap kontinye travay redanmsyon Bondye a pou rekonsilye yon limanite peche nan yon Bondye ki sen. Epi yon lòt fwa ankò, se Bondye ki fè premye pa yo.

Kidonk, se pa yon alyans ki te fèt san okenn risk. Yo pa t jis rele Abraram pou li resevwa pwomès yo, men li te resevwa apèl pou l mache nan lafwa epi viv lavi pou li kwè ke pwomès yo sèten. Pwomès Bondye fè pou fè Abraram vin yon gran nasyon enposib pou lèzòm, paske madanm Abraram twò granmoun pou l pote pitit. Kidonk, Abraram kwè Bondye gen ase pwisans pou fè sa ki enposib.

Se konsa, jan Abraram ap mache nan lafwa, li kòmanse kowopere avèk Bondye pou li bay yon pèp ki pral beni tout mond lan. Abraram pa pwouve ke li pafè nan pakou sa a, men Bondye pa rele pou pèfeksyon, men li rele nou nan fidelite ak obeyisans, Epi pou tout erè Abraram pral fè, li pa janm pèdi lafwa nan Bondye ni vire do bay apèl Bondye genyen sou lavi l.

Tèks Nouvo Testaman an: Abraram pa t jis yon gran lòm lafwa pou jwif yo te respekte, li te yon gran lòm lafwa pou Kretyen yo respekte. Menm jan Abraram te kwè nan pwomès Bondye yo, konsa tout moun dwe kwè nan akonplisman pwomès yo nan Jezi epi kwè nan Sali Bondye a. Epi menm jan Bondye te fidèl ak Abraram, nou kapab gen konfyans ke Bondye pral fidèl avèk nou tou.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesон tèks yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Kreyatè Syèl la ak Tè a pa t kreye tout sa a, epi li te retrete deyò kreyasyon an. Jamè, Bondye pa t janm bay limanite dechi do lè peche te rantre nan mond lan. Olye sa, Bondye pwouve gwo lanmou Bondye, konpasyon, ak dezi pou rekonsilye pou limanite nan kreye relayon ak limanite pechè a. Nou ta dwe selebre puiske kè Kreyatè nou an se pou renmen, padone, epi montre konpasyon l pou nou.
 - Nan ki fason ou se yon benefisyè de repons lafwa Abraram ak pwomès Bondye fè l yo?
 - Ki kesyon ou t ap poze Bondye si ou te nan sitiyasyon Abraram lan, avèk Bondye ki fè pwomès kouraje sa yo.
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Swiv Bondye se pa pou moun ki gen perèz nan kè oubyen lachte. Swiv Bondye rele nou pou nou pa sèlman kwè ke Bondye pral akonpli pwomès li te fè yo, men mache nan lafwa epi viv lavi nou kòm si pwomès sa yo te gentan akonpli. Erezman Bondye konprann krentif nou yo ak dout nou yo, epi li pap vire do L ba nou akoz de sa yo. Olye de sa, Bondye ranpli ak pasyans epi konpasyon, epi li pral pran krentif ak dout sa yo epi, si nou vle, L ap ranplase yo pa konfyans ak konfidans.
 - Ki kèk rezon moun yo bay lè yo pa vle viv de apèl Bondye sou lavi yo?
 - Poukisa sa mande anpil kouraj, pandan n ap tann Bondye akonpli pwomès li te fè nou yo, pou mache nan lafwa pou swiv avèk obeyisans apèl Bondye sou lavi nou?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Pa ki pi enpòtan an nan yon nouvo pakou se premye pa a. Ou ka te deja fè premye pa w la – bon bagay! Kounyea ki dezyèm pa Bondye rele w pou fè? Ou te ka pat ko fè premye pa a, kisa ki kenbe w? Sèl chemen pou gen vrè lajwa ak lapè nan mond sa a se lè nou lage lavi nou totalman bay Bondye epi nou aksepte Sali Jezi te ranpòte sou lakwa pou nou.
 - Ki pwochen etap Bondye vle w fè nan pakou espirityèl ou?

- Kiyès moun bò kote w k ap lite pou fè pwochen etap la anvè Bondye, epi kijan ou kapab fè ministè pou yo epi ankouraje yo pou yo fè pwochen etap la?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 8

Tit Leson an: Bondye Fè yon Sakrifis

Tèks Leson an: [Jenèz 22:1-19](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Ebre 11:17-19](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann lafwa nan Bondye se pa jis yon desizyon entelektyèl, men se pou afekte kè nou ak aksyon nou yo tou.
- **Kè:** Kwè sa nou renmen plis pral detèmine karakteristik nou ak aksyon nou yo. Nou dwe ankouraje yon lanmou pou Bondye nan kè nou dabò, epi answit chèche viv lanmou sa a.
- **Men yo:** Se pou nou prepare, lanmou Bondye a pral rele nou pou nou viv nan lafwa nan fason ki trè Pratik. Pafwa li rele nou pou gwo jenewozite ak imilite.

Leson An Nan Yon Vèsè: Se paske Abraram te gen konfyans nan Bondye ki fè li te asepte touye Izarak tankou yon ofrann bét bay Bondye, lè Bondye te vle wè jouk ki bò konfyans li t ap rive a. ([Ebre 11:17](#))

Rezime Tèks La

Yon jou, Bondye te pale ak Abraram epi li te di li pou li fè yon bagay ki difisil anpil. Bondye te di Abraram pou li pran ptit gason li an, Izarak, epi pou li sakrifye l sou yon otèl. Li t ap teste Abraram. Bondye te di Izarak ke yo te bezwen vwayaje ale Mòn Morija a epi li ofri yon sakrifis pou Bondye. Pandan yo t ap vwayaje, Izarak te mande papa l kote mouton li t ap al boule an sakrifis la. Abraram te di li ke Bondye t ap bay ti mouton an. Lè yo te rive sou mòn lan, Abraram te mare ptit gason li an epi li te mete li sou otèl li te konstwi a. Abraram te rale kouto li. Epi osito ke li ta pral touye Izarak, yon zanj te kanpe Abraram epi li te di, "Pa touye ptit gason w lan." Abraram te gade anlè a epi l te wè yon belye ki kwoke nan yon touf bwa. Bondye te voye belye a pou Abraram te sakrifye olye de ptit gason li an.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Abraram.** Tankou yon tès sou lafwa Abraram, Bondye te di li pou li sakrifye Izarak kòm yon ofrann pou boule. Izarak se te sèl pitit gason Abraram te gen ak madanm li, Sara. Izarak te sèl moun pa mwayen li menm Bondye te ka kontinye akonpli alyans pwomès li te fè Abraram lan. Abraram te twò granmoun pou li te genyen lòt pitit ankò.
2. **Otèl.** Abraram te obeyi Bondye, li te vwayaje ale sou yon mòn Bondye te montre li, li te konstwi yon otèl, epi li te prepare l pou sakrifis la.
3. **Kouto.** Abraram te met nan tèt li Bondye te gen pouvwa pou l te fè Izarak leve vivan ankò soti nan lanmò. Se konsa, nan yon sans, nou ka di Izarak soti vivan nan lanmò, li tounen vin jwenn papa l. ([Ebre 11:19](#))
4. **Belye mouton** Pandan Abraram ta pral sakrifye Izarak , Bondye te entèvni epi Li te di li kanpe. Bondye te ba li yon belye mouton, ki te kwoke nan yon ti touf bwa, pou li itilize kòm sakrifis olye de Izarak. Paske Abraram te gen lafwa nan Bondye, Bondye te beni l.

Sans Tèks La

Bondye te rele Abraram nan relasyon alyans ([Jenèz 12:1-3](#)), epi li te devlope oubyen afime ankò alyans sa a plizyè fwa (gade Jenèz 15, 17). Sant alyans lan se pwomès Bondye fè Abraram pou li vin papa yon gran nasyon. Avèk nesans Izarak ([Jenèz 21](#)), Bondye te kòmanse akonpli pwomès fondamantal sa a.

Kidonk, Bondye te vle teste lafwa Abraram. Epi gade si Abraram te renmen benediksyon Bondye yo plis pase li te renmen Bondye. Bondye te rele Abraram pou sakrifye Izarak kòm yon ofrann k ap boule. Sepandan Bondye pa t janm rele pou sakrifye yon timoun anvan, sakrifis timoun te popilè nan epòk Abraram pami lòt reliyon yo. Abraram dwe deside si pou li obeyi Bondye avèk yon sakrifis ki chè anpil. Abraram te deside obeyi Bondye e li te kòmanse pwosesis pou fè sakrifis la.

Jis anvan Abraram te sakrifye Izarak, Bondye te di li pou li kanpe, epi li te bay nan plas Izarak yon belye mouton pou sakrifis la. Aprèsa Bondye te fè lwanj Abraram pou gwo lafwa li a epi afime alyans li te fè avèk Abraram lan ankò.

Tèks Nouvo Testaman an: Pandan Bondye pa p janm tante nou pou n fè peche, menm jan otè liv Ebre a raple nou, pafwa Bondye pral teste lafwa nou. Abraram se yon gran lòm lafwa paske li te gen lafwa nan bonte Bondye. Nan pasaj sa a otè liv Ebre a mete aksan ke Abraram te gen volonte pou sakrifye Izarak paske Abraram te gen anpil lafwa nan bonte Bondye, li te konnen Bondye t ap leve Izarak soti vivan nan lanmò si li te boule ofrann lan.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesion biblik la yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Bondye te fè Abraram kèk pwomès mèvèye nan alsyans Bondye te etabli yo. Yon jou Bondye te deside teste Abraram, epi wè si Abraram te renmen benediksyon yo plis pase li te renmen Bondye ki te ba li benediksyon yo. Pou gen lafwa nan Bondye li plis pase kwè senpleman ke Bondye egziste oubyen Bondye renmen ou, Gen lafwa nan Bondye vle di gen volonte pou obeyi Bondye, nenpòt sa Bondye mande. Paske Kretyen yo kwè Bondye bon pafètman, yo konnen ke Bondye pa p janm mande yo pou yo fè yon bagay ki pral finalman fè lòt moun yo mal.
 - Poukisa moun yo te tante pafwa renmen benediksyon Bondye yo plis pase yo renmen Bondye?
 - Selon Liv Ebre a, Abraram te kwè menm si li te sakrifye Izarak, Bondye t ap leve Izarak soti vivan nan lanmò. Nan ki pwen pandan pakou pou ale sou mòn lan ou panse Abraram te vini ak konklizyon sa a: pi bonè nan pakou a oubyen pita nan pakou a?
- **Kè: Ki moun Tèks la di Nou ta Dwe Ye?** Nou souvan pa reyalize konbyen nou renmen oubyen vle yon bagay jiskaske nou fè fas ak yon sitiayson kote nou pèdi moun sa a, rèv sa a, oubyen posesyon sa a. Toutotan Abraram te renmen benediksyon Bondye te ba li a, e li te rekonesan pou kado mirak sa a Bondye te fè a, Bondye te vle asire li ke kè Abraram pa t dirije plis sou benediksyon an pase moun ki te bay benediksyon an. Antanke èt vivan, Bondye te kreye nou pou nou renmen. Tach peche a lakòz nou renmen sa ki pa merite lanmou nou, sa lakòz nou gen dezi pou sa ki pa merite dezi nou.
 - Nan ki kalite bagay moun jodi yo envesti lanmou yo, ki pa merite lanmou yo?
 - Bay kèk egzanp ki montre peche anndan yo, tankou bagay ki plen lanmou e ki gen anpil dezi peche, èske sa kapab mennen moun yo pou yo komèt peche?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Sa bay kè sere pou pèdi yon moun ke ou renmen nan yon lanmò prematire. Yon trajedi konsa ka mennen nan anpil kesyon difisil, dout enpòtan, ak kòlè. Youn nan fason nou kapab sèvi Gras Bondye a nan moman sa yo se pa lè nou ofri repons rapid ak fasil ak soufrans yo. Olye de sa, nou ka chita avèk yo fidèlman e dousman e kriye avèk yo. Sa a se jis yon egzanp nan fason kretyen an ka mete lanmou yo pou Bondye an Pratik pou byen lòt moun.

- Kiyès ou konnen k ap travèse yon moman pèt, avèk kiyès ou ka nan lapenn?
- Ki èd Pratik ou ka bay yon moun k ap lite avèk lafwa li?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 9

Tit Leson an: Ezawou vann dwa li kòm Premyene

Tèks Leson an: [Jenèz 25](#): 19-34

Tèks Nuevo Testaman an: [1 Pyè 5:1-11](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Refize tantasyon pou trete sa ki ijan pi plis pase sa ki enpòtan. Ezawou te vann dwa li kòm premyene ki se yon bagay presye pou yon plat manje paske li t ap mouri grangou.
- **Kè:** Kenbe dezi ou yo soumèt devan Bondye. Paske gen gwo doulè ak regrè ki vini lè nou kite dezi san reflechi ak egois nou, olye ke kalite nou yo, dirije aksyon nou yo.
- **Men yo:** Toujou pwogrese nan lavi espirityèl nou, menm jan nou gen responsablite pou nou fè Kretyen ki gen matirite yo konfyans, li esansyèl pou nou anpeche nou konfond sa ki ijan ak sa ki enpòtan.

Leson An Nan yon Vèsè: Kanpe fèm nan konfyans nou, kenbe tèt avè l, paske nou konnen lòt frè nou yo ki nan lemonn ap soufri menm soufrans ak nou. ([1 Pyè 5:9](#))

Rezime Tèks La

Izarak ak madanm li, Rebeka, te gen de jimo. Non yo se te Jakòb ak Ezawou. Jakòb te tankil epi li te renmen rete bò tant yo. Ezawou se te pi gran e li te renmen chase. Nan epòk Biblik yo, pi gran pitit gason nan fanmi an t ap gen yon dwa kòm premyene. Sa se te yon onè espesyal. Lè yon papa te mouri, pitit gason ki pi gran an t ap gen anpil nan bagay papa l yo e li t ap vin novo dirijan fanmi li. Yon jou, Ezawou te ale chase. Li te vin lakay li fatige e li te grangou. Jakòb te fè yon gwo chodyè bouyon. Li te santi bon. Ezawou te mande Jakòb si li te kapab ba l yon bòl. Jakòb te di, “Si ou banm dwa premyene ou an, m ap ba w yon bòl nan bouyon m lan,” Ezawou te grangou anpil ke li pa t sousye de dwa premyene li an. Li te jis vle manje. Konsa li te fè echanj dwa de nès pou yon bòl bouyon. Ezawou t ba li yon kado ki gen valè ke li pa t janm kapab reprann.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Ezawou ak Jakòb.** Izarak te gen yon jimo, Ezawou premye ptit, epi Jakòb dezyèm ptit. Malgre Ezawou te fèt kèk segond anvan Jakòb, antanke premye ptit li te gen dwa de premyene a, epi li t ap resevwa eritaj fanmi an nan men papa l.
2. **Ezawou** se te yon mesye ki te renmen al chase deyò. Yon jou Ezawou te sot chase tou grangou, e li te mande Jakòb nan bouyon wouj li te kwit la.
3. **Jakòb** te di li t ap sèlman bay Ezawou manje si li te peye pou sa avèk dwa premyene li a.
4. **Bouyon.** Ezawou te gen pouse, li te sousye plis de manje pase pou pwoteje plas ki gen onè nan fanmi li. Sepandan, li te vann dwa premyene li pou yon plat manje. Paske Ezawou te pran desizyon sòt sa a, benediksyon alyans Bondye te fè Abraram yo ta pral koule kounyea sou Jakòb olye de Ezawou.

Sans Tèks La

Alyans Bondye te fè Abraram te rive nan twazyèm jenerasyon an. Menm jan ak madanm Abraram ki pa t ka fè ptit, konsa tou madan Izarak pa t ka fè ptit. Anplis, menm jan Abraram te priye pou Bondye ouvri matris li. Bondye te reponn priyè Izarak la epi te fè l kado yon jimo. Ezawou se te premye ptit, epi li te gen pou resevwa yon pi gwo pòsyon nan eritaj la lè Izarak te mouri ([Detewonòm 21:15-17](#))

Yon jou Jakòb, ptit gason ki pi jèn lan, te pwofite de anvi Ezawou a. Ezawou te grangou anpil, li t ap chase nan jaden yo. Ezawou te mande Jakòb manje, li kwè ke li t ap mouri grangou. Jakòb te refize ba li manje pou l manje sof si li te vann dwa premyene li a ak Jakòb pou manje. Ezawou, ranpli ak grangou, li kwè ke li pral mouri si li te pa t manje touswit, e konsa li te vann dwa premyene li pou yon sèl plat manje.

Evènman sa a, Sepandan ka sanble piti, li te gen kokennchen pwolonjman. Pou kounyea, menm jan ak estati premye –pitit la, Jakòb t ap resevwa majorite nan sa Izarak te posede. [Jenèz 26](#) te anrejistre ke Jakòb pa t jis kontante de pran dwa de nès Ezawou a, men li te itilize desepsyon pou vòlè benediksyon Izarak tou. Kidonk, alyans Bondye te fè Abraram yo, avèk benedisyon ki asosye ansanm avèk alyans sa yo, yo pral tonbe nan linye Jakòb olye de Ezawou.

Tèks Nouvo Testaman an: Apot Pyè rele jèn Kretyen yo pou yo aprann nan men gid yo epi pou obsève aksyon yo. Aji britsoukou se yon bagay ki raman bon. Olye de sa Pyè rele Kretyen yo pou “kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou.” Si nou rete enb e grandi nan Kris la, nou pral evite tonbe nan peche.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesон tèks yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** An pati, viv pou Bondye se asire ke nou pran desizyon ki bon epi kòrèk.. Lè nou pran desizyon britsoukou, oubyen desizyon ki sèlman sèvi pou satisfè dezi egois nou yo, nou souvan lakòz gwo dezagreman ak doulè kont tèt nou ak lòt moun yo. Olye sa rive, nou dwe “kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou.” ([1 Pyè 5:8a](#)) Li pa ase pou nou konnen desizyon kòrèk pou nou pran; Lè nou anba presyon nou dwe pran desizyon ki kòrèk sa yo.
 - Kijan move dezi yo mennen moun yo pran move desizyon yo?
 - Nan ki fason kèk Kretyen ki gen plis matirite ka ede jèn Kretyen yo pran bon desizyon?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Pandan tout Kretyen yo egal nan zafè nou tout sove pa lafwa nan JeziKri, nou pa egal nan matirite espirityèl nou. Matirite espirityèl se yonpwoesisis pou lavi epi tou se pa mwayen sa a Kretyen yo vin plis tankou JeziKri. Nou gen anpil zouti pou nou kapab grandi nan matirite, tankou etid Biblik, lapriyè, epi oryantasyon nan men Kretyen ki gen plis matirite espirityèl. Gen

anpil jwa lè nou vin pi solid nan lafwa nou, menm jan gen gwo danje lè nou rete antanke timoun espirityèl si nou refize grandi. Youn nan mak kwasans yon Kretyen se toujou soumèt bay JeziKri dezi li genyen yo.

- Poukisa kèk Kretyen ta vle rete nan imatirite espirityèl, olye yo pran mezi nesesè pou gen matirite?
- Ki kèk danje ki genyen pou rete nan imatirite espirityèl?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Twa nan pi gwo benediksyon Kretyen yo genyen pou kwasans espirityèl yo se etid Biblik, lapriyè, epi fraternite avèk lòt Kretyen yo. Pwofite de benedisyon sa yo, nou kapab jwenn gwo èd ak sajès pou viv lavi ki sen, epi jwenn gwo sipò pou reziste ak tantasyon.
 - Èske abitid etid Biblik ou yo ede w grandi tankou yon Kretyen? Si non, chèche konsey nan men kèk Kretyen ki gen matirite nan zafè pi bon abitid etid Biblik.
 - Èske w ap grandi nan lavi priyè ou? Si non, chèche konsèy nan men kèk Kretyen ki gen matirite nan pi bon abitid priyè.
 - Èske ou gen zanmi Kretyen ki gen matirite ki envesti pwòp tèt yo nan kwasans espirityel ou? Si non, chèche kèk Kretyen ki gen matirite epi mande youn pou vin gid ou.

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 10

Tit Leson an: Jakòb lite avèk Bondye

Tèks Leson an: [Jenèz 32:22-32](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Lik 18:1-8](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann ke Kretyen yo dwe odasye nan priyè yo ak Bondye.
- **Kè:** Reflechi sou kijan pou onèt epi ouvri nan priyè w yo ak Bondye. Èske ou vrèman kwè Bondye tandem epi koute priyè w yo?
- **Men yo:** Pratike pozisyon diferan pou w priye (kanpe, chita, mete ajenou, koube, elatriye.), gade kiyès ladan yo ki ede w konsantre plis ak Bondye nan lapriyè.

Leson An Nan yon Vèsè: Nonm lan di 1, “Yo pa p relew Jakòb ankò, Y ap rele ou Izrayèl, paske ou goumen ak Bondye, ou goumen ak moun, se ou menm ki genyen batay la.” ([Jenèz 32:28](#))

Rezime Tèks La

Anpil tan aprè Jakòb te achte dwa premyene Ezawou a epi li te deplase, Jakòb te deside retounen lakay li. Li pa t wè frè 1 la, Ezawou, depi ven lane. Menm jan Jakòb ak fanmi li te vwayaje yon nwit, yo te rive bò yon rivyè. Jakòb te voye fanmi li travèse pandan ke li te rete nan lòt bò a. Yon mesye te vin kote Jakòb nwit sa a epi li te kòmanse lite avèk li. De mesye t ap lite jiskaske demen maten te rive. Mesye a te manyen senti Jakòb epi li te blese 1, men yo te kontinye ap lite. Jakòb te priye pou benediksyon Bondye, e li te konnen mesye sa a te kapab ba li benediksyon sa a. Sa Jakòb pa t konnen sè ke li t ap lite avèk Bondye! Jakòb te fè Bondye plezi epi Li te beni li kote Li te ba li yon non nouvo. Bondye te rele 1 Izrayèl.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Jakòb** (an ble) t ap retounen nan tè natifnatal li. Lite pè pou frè li, Ezawou, t ava blese l pasek Jakòb te twonpe l pou dwa premyene li epi benediksyon li. Sepandan, Jakòb te voye posesyon li yo ak bagay ki gen valè li yo bay Ezawou avan li te rankontre li. Li te pase nwit la pou kont li anvan li te fè fas ak frè l la.
2. **Yon Mesye** (an jòn) te lite avèk Jakòb pandan nwit lan. Nou pa konnen kiyès moun mesye sa a te ye, yon mesye òdinè, yon zanj, oubyen petèt menm Bondye. Kidonk, li menm ak Jakòb t ap lite pandan tout nwit la.
3. **Senti jakòb.** Lè mesye a te reyalize ke li pa t kapab akable Jakòb, li te manyen senti Jakòb epi li te detache l de plas li, Jakòb te toujou pa t sispann lite avèk mesye a. Olye de sa, li te fè mesye a ba li yon benediksyon anvan li te kite l ale. Mesye a te ba li l, e tou li te chanje non Jakòb. Jakòb, ki vle di trichè, kounyea vin chanje an Izrayèl, ki vle di “lite avèk Bondye.” Pèp Bondye a te toujou rekonèt jou sa a menm jan ak Izrayelit yo.

Sans Tèks La

Jakòb, non li vle di “trichè,” te mennen yon vi daprè non li ankò e ankò. Li te twonpe gran frè l la, Ezawou, pou dwa premyene a ak pou benediksyon li antanke premye pitit. Ezawou te an kòlè anpil aprè li te fin pèdi benediksyon li an, jakòb te oblige mawon pou l sove lavi li. Nan tè nouvo kote Jakòb te enstale l la, li t ap pwogrese. Jakòb te marye epi li te ogmante riches li an kantite. Yon pati nan fason Jakòb te vin rich la se te nan triche bòpè li.

Lè bòpè a te konprann ke Jakòb t ap triche l, Jakòb te sove avèk tout fanmi l epi tout sa l te posede. Li te deside sove ale nan vil natifnatal li, epi pran chans li avèk frè li Ezawou. Pou eseye apeze kòlè frè li ak swaf li pou tire revanj, Jakòb te voye fanmi l ak sa l te posede yo anvan, epi tou li te ofri Ezawou yon gwo kado tou. Jakòb te priye Bondye pou sekirite.

Nan nwit anvan Jakòb te rankontre Ezawou, yon mesye te vini epi li te lite avèk Jakòb. Tèks la pa klè sou kiyès mesye sa a ye, se swa yon moun òdinè, yon zanj, oubyen Bondye. Jakòb te lite avèk mesye sa a jiskaske li te fòse mesye a beni li. Anolis de benediksyon sa a, mesye a te chanje non Jakòb tou konsa li ta pral konnen l sou non “trichè a,” men kounyea li chanje ann Izrayèl, ki vle di, “li lite avèk Bondye.”

Tèks Nouvo Testaman an: Plis pase pèsistans Jakòb nan lite avèk mesye sa a, Jezi di yon parabòl sou yon fanm pèsistan ki te mande jistis. Jezi te bay prabòl la pou li ansenye disip li yo ke yo te bezwen pèsistan nan priyè yo, e pou yo pa abandone.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.

- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Gen anpil kesyon tèks sa a souve ke yo pa reponn. Kiyès moun mesye sa ki t ap lite avèk Jakòb la te ye? Kisa Jakòb te sipoze aprann nan match lit sa a? Poutan gen sa yo epi pi fò nan kesyon sa yo pa t reponn, sa tèks la eklèsi sè ke Bondye kontinye beni Jakòb, se swa li merite sa oubyen li pa merite sa. Bondye te fè alyans avèk zansèt Jakòb yo, e pwomès Bondye yo pral kontinye vrè, si Jakòb pran bon desizyon oubyen li pa pran bon desizyon. Nan Chapit 32 a Jakòb te priye Bondye pou mande li sekirite epi raple Bondye alyans li yo. ([Jenèz 32:9-13](#)). Yonn nan karakteristik Jakòb sè ke li gen anpil kran. Byenke gen kran kapab yon pwoblèm, nan lòt moman li kapab yon vèti.
 - Èske gras Bondye "jis?" nan lòt fason, èske Jakòb, oubyen tout moun merite benediksyon Bondye yo?
 - Ki lesion ou panse Jakòb te aprann depi lè li te sove pou Ezawou?
- **Kè: Ki moun Tèks la di Nou ta Dwe Ye?** Bondye wè nan kè yon Kretyen se pa jis kiyès yo ye, men sa yo kapab vin ye. Sa te pran Jakòb anpil tan pou li te vin yon moun ki t ap chèche onore Bondye nan lavi li. Sepandan, Bondye pa t tann jiskaske Jakòb te onore l anvan Bondye te beni Jakòb. Kidonk, Bondye pral voye benediksyon nan lavi moun anvan yo vin kretyen. Paske se pa mwayer gras Bondye ak benediksyon Bondye nou kapab kwè lanmou Bondye gen pou nou. Kretyen yo ka gen kran nan priyè yo paske yo konnen Bondye ap toujou fè sa ki pi bon pou yo.
 - Site kèk nan fason Bondye te beni ou anvan ou te vin kretyen?
 - Si Bondye toujou rekonesan anvè tou de Kretyen yo ak moun ki pa Kretyen yo, poukisa anpil moun ki pa Kretyen pa janm deside vin Kretyen?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Gen anpil aksyon Kretyen ka fè ki kapab ede yo devlope yon lavi priyè ki pwofon. Yon Kretyen kapab priye pou vil li abite a pandan l ap mache nan lari a. Yon Kretyen kapab eseye pran pozisyon diferan nan lapriyè (chita, bese, kanpe, elatriye) pou wè kiyès ladan yo ki ka ede yo konsantre sou Bondye pi plis.
 - Ki pozisyon lapriyè ou te twouve ki plis ede w?
 - Nan ki fason ou kapab chanje priyè ou yo an aksyon semèn sa a?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 11

Tit Leson an: Rèv Jozèf la

Tèks Leson an: [Jenèz 37](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 2:13-18](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konsyan ke pafwa Bondye pale avèk Kretyen yo nan rèv, men nou bezwen saj nan fason pou nou pataje rèv sa yo.
- **Kè:** Chèche kè w avèk atansyon pou w wè si gress jalouzi a (oubyen nenpòt lòt peche) pa t kòmanse fè rasin nan kè w.
- **Men yo:** Rekonèt responsabilite w pou sipòte e pwoteje moun k ap soufri.

Leson An Nan Yon Vèsè: Frè l yo di l, “Anhan! Ou vle di ou pral chef nou? Ou pral kòmande nou? Yo te vin rayi l pi plis toujou poutèt rèv li te di yo li te fè a. ([Jenèz 37:8](#))

Rezime Tèks La

Jakòb te renmen tout douz ptit gason l yo, men li te renmen Jozèf plis pase lòt yo. Jakòb te fè yon manto espesyal pou Jozèf. Manto sa a te bèl epi li te gen anpil koulè ke yon wa te ka mete l. Frè Jozèf yo te an kòlè paske papa yo te renmen Jozèf plis pase li te renmen yo. Yo te trè jalou e yo te vle touye Jozèf. Yon jou, Jozèf te ale nan jaden an pou l ale jwenn frè l yo. Lè li te rive lòt bò a, frè l yo te pran l, yo te chire manto li a, e yo te jete l nan yon pi. Jida, frè Jozèf la, te pale ak lòt yo pou vann Jozèf olye yo touye l. Kèk Madyanit ki t ap pase te achte Jozèf e yo te mennen l an Ejip. Frè Jozèf yo te pran manto Jozèf la, yo te pase l nan san kabrit, epi yo te ale avè l lakay bay papa yo. Yo te fè Jakòb kwè ke yon bèt fewòs te touye Jozèf.



Ansèyman apati de Imaj La

1. **Jozèf** se te ptit prefere papa li, Jakòb. Bondye te pale ak Jozèf atravè rèv yo.
2. **Yon Bèl Wòb.** Yon fason Jakòb te montre tout moun Jozef se te ptit gason prefere l, li te ba li yon bèl wòb chè.
3. **Frè yo.** Jozèf se te 11yèm nan 12 ptit gason Jakòb yo, epi tout lòt 10 gran frè yo te rayi Jozèf. Yo te rayi li paske Jakòb renmen l plis pase yo, e yo te rayi l tou paske li te rakonte yo rèv li ki se te kijan yo tout ta pral koube devan li yon jou.
4. **Pi a.** Yon jou, lè Jozèf te vini pou l tcheke sou frè l yo, yo te Rekonèt opòtinite ke yo genyen pou debarase yo de Jozèf. Yo te retire wòb li a, e yo te mete l nan yon pi pou l mouri. Pita yo te deside vann Jozèf kòm esklav olye ke yo kite l mouri nan pi a. Yo te pase san bète la sou tout bèle wòb li a, yo te pote l lakay bay Jakòb, e yo te di l ke bète sovaj te touye Jozèf. Kidonk Bondye, te pwoteje Jozèf e li t ap pral fè rèv li yo vin vrè yon jou.

Sans Tèks La

Pwomès alyans Bondye a kontinye atravè desandan Abraram yo, kounyea soti nan jenerasyon Jakòb pou rive nan pwochén jenerasyon an. Poutan, yon lòt fwa, li sanble ke Bondye pa pral kontinye ak pwomès alyans lan atravè premye ptit gason li an, men yon lòt ptit gason. Nan pasaj sa a, 11yèm ptit gason an, Jozèf, se sèl moun Bondye bay rèv, men se pa premye ptit. Rèv sa yo te sinyale ak lòt moun yo ke li t ap vin gran, e menm papa l Jakòb, t ap bese devan l.

San etone, frè li yo te vin trè jalou de Jozèf e yo te fè konplo ansanm kont li pou asire yo ke rèv li yo pa t reyalize. Yo te itilize mouvman trèt, yo te vann Jozèf an esklavaj e yo te tronpe papa yo, yo te dil yon bète sovaj te touye Jozèf.

Se pa tout ptit gason yo ki te kontan ak kou sa a nan evènman sa yo. Iwonikman, Riben, premye ptit gason an, te eseye sove Jozèf.

Tèks Nouvo Testaman: Menm jan ak Jozèf nan Nouvo Testaman an, Bondye te pale ak Jozèf nan Nouvo Testaman an atravè yon rèv. Toude Jozèf sa yo te rive bout ann Ejip. Jozèf nan Ansyen testaman an akoz de rayisans frè l yo. Jozèf nan Nouvo Testman an akoz de rayisans wa Erod. Nan tou lè de ka sa yo, Bondye ap travay, pou kontrekare plan moun ki fè anpil peche yo, nan lide pou pote yon akonplisman pwomès alyans yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.

- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Pa gen okenn ewo nan pasaj sa a. Evidamman, frè yo pa ta dwe trete Jozèf oubyen Jakòb menm jan yo te fè sa. Jakòb pa ta dwe jwe pi renmen ak pitit gason l yo, piblikman ki montre tout moun li renmen yon pitit gason plis passe tout lòt yo. Petèt Jozèf dwe te kenbe rèv li yo poukont li. Nan pasaj ki gen pou vini yo Jozèf ap vin ewo, men pou kounye a, pasaj sa a ranpli ak pechè yo, yon papa inyoran, ak yon pitit gason nayiv. Genyen, kidonk, yon bagay kache ki bon ki gen pou vini.
 - Ki kalite domaj k ap rive lè paran yo favorize yon timoun sou yon lòt, e lè frè ak sè yo pèmèt jalouzi souye yo?
 - Èske Jozèf ta dwe tèlman ouvri konsènan rèv Bondye te ba li a?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe Ye?** Men yon lòt egzant sou fason peche anndan panse ak santiman yo jwenn ekspresyon yo nan konpòtman pechè yo. Byenke li ka natirèl pou yon sèten nivo rivalite egziste, frè Jozèf yo te kite peche yo tèlman grandi nan kè yo ke yo te fè konplo a ansanm pou komèt peche terib yo.
 - Poukisa ou panse Riben, premye pitit la, te eseye sove Jozèf, men sèlman aprè li te pèmèt lòt frè yo pou jete Jozèfnan pi a?
 - Ki kèk efè peche fè a lon-tèm ki pase de jenerasyon pou rive nan yon lòt jenerasyon an?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Jakòb pa ta dwe montre anpil preferans pou Jozèf. Jozèf ta dwe fè plis atansyon avèk kiyès pou l pataje rèv li yo. Frè yo ta dwe plis ouvri pou konprann ke Bondye raman kenbe pwomès alyans li yo atravè premye pitit gason an.
 - Kisa paran yo kapab fè pou yo pa montre sa yo prefere, e pa konsekan sa lakoz pwoblèm pami frè ak sè yo?
 - Kisa frè ak sè kapab fè pou pwoteje tèt yo pou yo pa jalou e pèmèt rayiman pran rasin nan kè yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesyon jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv lesyon jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik #12

Tit Leson an: Rèv Jozèf la

Tèks Leson an: [Jenèz 40](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Women 5:1-11](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Swiv Bondye epi viv yon lavi entegrite pral mennen nou nan pèt nan lavi sa a, men pèt sa yo pa pral konpare avèk grandè gras ak glwa Jezi nan lavi nou.
- **Kè:** Devlope yon lafwa Kretyèn ki gen matirite egzije nou pou nou andire tribilasyon epi tantasyon ki pral ba nou pite nan kè nou, lespri nou ak namn nou.
- **Men yo:** Olye pou n rale kò nou nan men lòt moun lè n ap andire difikilte, pafwa, pi bon repons lan se pou lonje lamen pou ede lòt yo pandan n ap soufri.

Leson an Nan yon Vèsè: Sa m ap sibi koulyea, se yon ti soufrans ki la pou pase. Men, soufrans sa ap pare pou mwen yon bél pouvwa k ap la pou tout tan, pouvwa ki depase ti soufrans sa a anpil. ([2 Korentyen 4:17](#))

Rezime Tèks La

Jakòb te renmen youn nan pitit gason li yo, Jozèf, plis pase 1 te renmen lòt pitit gason li yo. Frè 1 yo te vin jalou akoz estati espesyal sa a, ansam ak rèv Jozèf yo paske yon jou tout frè 1 yo ak papa 1 t ap pwostène devan li. Frè Jozèf yo te vann li an esklavaj kote yo te akize 1 kòmkwa li te fè sa ki mal epi aprè sa yo te mete 1 nan prizon an Ejiip. Sepandan, gras ak don entèpretasyon rèv Bondye te bay Jozèf la, finalman li te soti nan prizon an epi yo te mete 1 nan yon pozisyon kote li te kapab beni Ejipsyen yo.



Ansèyman apati Imaj La

1. **Jozèf.** Jakòb te gen 12 ptit gason, 11yèm nan te rele Jozèf, Bondye te ba li don pou l kapab entèprete rèv yo.
2. **Prizon.** Frè Jozèf yo te jalou de li, epi yo te vann li an esklavaj. Jozèf te nan prizon ann Ejip.
3. **Chèf kanbiz ak chèf Boulanje a.** Nan prizon an, li te rankontre chèf kanbiz Farawon an ak chèf boulanje a, kont yo Farawon te an kòlè. Yo tou de te fè rèv ke yo pa t kapab entèprete, epi konsa Jozèf te ofri èd li.
4. **Yo te Esplike Sans Rèv yo.** Gras ak èd Bondye`, Jozèf te esplike chèf kanbiz la ke rèv li a te vle di Farawon an t ap libere l byento. Sepandan, Jozèf te esplike boulanje a rèv li a te vle di ke Farawon an t ap touye l byento. Finalman Farawon an te fè kèk rèv ki te twouble l. Chèf kanbiz ki te restore a te sonje Jozèf nan prizon an, e li te fè yo mennen Jozèf devan Farawon an. Jozèf te kapab esplike rèv Farawon yo, epi yo te libere nan prizon an e yo mte l nan yon pozisyon ki gen gwo pwisans an Ejip akoz de kapasite Bondye te ba li.

Sans Tèks La

Alyans Bondye te fè avèk Abraram lan kounyea attèn katriyèm jenerasyon an, atravè douz pitit Jakòb yo (chanje non Izrayèl). Menm jan te gen gwo konfli ant ptit gason Izarak, Ezawou e Jakòb yo, konsa gen yon gwo konfli ant ptit gason Jakòb yo. An patikilye, 11yèm pitit gason an, Jozèf, te andire gwo soufrans nan men frè l yo ki te jalou de preferans Jakòb te montre pou Jozèf la. Nan tout lavi Jozèf, li te fè fas ak gwo soufrans, men atravè tout bagay sa yo Bondye t ap travay pou prezèv alyans ke Bondye te fè pou l pwoteje fanmi Izrayèl la.

Jozèf te resevwa rèv yo nan men Bondye, epi don pou entèprete rèv yo. Premye rèv li yo ([Jenèz 37:1-11](#)) te endike ke li ta p vin pi gran pami frè li yo. Nan pale ak frè li yo de rèv sa yo sa te lakòz frè li yo vin jalou epi vann Jozèf an esklavaj.

Nan prizon an Ejip, Jozèf te entèprete rèv de prizonye Farawon yo ([Jenèz 40](#)). Finalman, lè Farawon te gen rèv ki te twouble l, youn nan prizonye l yo, ke Jozèf te di ki t ap libere a, te pale Farawon de Jozèf ([Jenèz 41](#)). Farawon an te fè Jozèf soti nan prizon epi li te mande l pou l esplike l rèv twoublan li yo. Jozèf te kapab entèprete rèv yo akoz de sajès Bondye. Akoz de sa, Farawon an te libere Jozèf epi li fè l vin dezyèm chèf ki gen plis pwisans an Ejip.

Tèks Nouvo Testman an: Gras ak soufrans ak rezireksyon JeziKri, limanite te gen aksè ak delivrans lan. Anplis, menm jan Jezi te soufri pou ba nou delivrans lan, konsa disip Jezi yo dwe atann pou yo andire soufrans yo. Kidonk soufrans sa a, pa yon eprèv ki initil. Olye de sa, Bondye itilize soufrans la pou fè nou sanble ak Jezi.

Chapit 10 Kòmandman yo: VII. Pa komèt Adiltè. [Jenèz 39](#) bay rezon poukisa Jozèf nan prizon nan Jenèz 40. Aprè frè l yo te vann li an esklavaj, youn nan ofisyè Farawon yo, Potifa, te achte l. Olye ke li boude nan eprèv li yo, Jozèf te kanpe kòm yon travayè ki fò, epi avèk èd Bondye, li te fè siksè nan tout sa li te fè. Madan Potifa se te yon fanm mechan e li te eseye pou l sedwi Jozèf. Sepandan, Jozèf te rete fò fas ak tantasyon an, li te onore kòmandman pou li pa

komèt adiltè. Olye ke li te kite entegrite Jozèf imilye 1, madanm Potifa te an kòlè epi li te akize Jozèf, li te di ke l t ap eseye sedwi l. Li te kwè nan madanm li, Potifa te fè mete Jozèf nan prizon.

- **Tèt:** Poukisa gen kèk moun ki pa gen sousi pou santiman lòt moun, men yo sèlman konsantre yo pou yo jwenn sa yo vle nan nenpòt pri?
 - **Kè:** Pandan Jozèf te gen tout rezon pou l te fache epi te gen amètim konsènan sitiyasyon l yo ann Ejip, poukisa ou panse li te travay avèk dilijans pou Potifa?
 - **Men yo:** Kijan Kretyen yo kapab fè efò pou travay avèk entegrite, menm lè moun ki anplwaye yo a pa onore valè Kretyen yo?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pwomès alyans Bondye te fè Abraram lan ak desandan l yo koule atravè Jozèf jiska katriyèm jenerasyon. Jozèf te gen rèv ki soti nan Bondye, e Bondye te ba li kapasite pou esplike rèv lòt moun yo. Byenke viv yon lavi entegrite te mennen anpil soufrans pou Jozèf, fidelite l pou itilize don Bondye yo finalman mennen l nan yon pozisyon kote li te kapab vin yon gwo benediksyon pou lòt moun yo. Tankou afiche l kòm yon eleman kle nan asire nou ke pwomès alyans Bondye yo ta etann li jiska senkyèm jenerasyon.
 - Nou kapab evite kèk kalite soufrans lè n ap viv yon lavi entèg, men ki kalite soufrans Kretyen yo kapab fè fas lè y ap viv yon lavi entèg?
 - Ki kèk resous Kretyen yo genyen pou yo rete fidèl ak Bondye nan mitan soufrans yo?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe Ye?** Byenke nou toujou vle evite doulè ak soufrans, Bib la kontinye revele, nan lide pou rete fidèl ak Bondye, nou dwe souvan andire eprèv. Sepandan, Bondye kapab itilize eprèv sa yo pou ba nou plis matirite antanke Kretyen. Pa konsekan, nou dwe lite kont tantasyon k ap elwanye nou ak

Kris lè soufrans yo vini, epi lite kont amètim ki kapab vini nan soufrans yo. Olye de sa, nou dwe lèse Bondye itilize soufrans sa yo pou pwodwi vèti Kretyen nan lavi nou.

- Nan ki fason soufrans ou yo te finalman mennen w nan kèk vèti Kretyen ke Pòl ap pale nan Women 5:3-4?
- Kijan kè nou pral chanje si nou pa kwè ke Bondye kapab pote bon bagay nan soufrans nou yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Rèv Jozèf te resevwa yo ak entèpretasyon li te pataje sou rèv lòt moun pafwa yo te pote benediksyon, men kèk fwa yo te pote soufrans. Nou te tante souvan pou n pa lonje men epi ede lòt moun paske nou pè pou n pa soufri tou. Kidonk, se pa lè nou retire kò nou sou lòt moun ke Bòn Nouvèl Kris la ap gaye sou sila yo ki nan bezwen. Pito, lè nou ede lòt moun ki nan doulè yo ke Jezi ap eksprime lanmou ak gerizon l pou sila yo ki plis bezwen lanmou ak gerizon.
 - Kijan nou kapab disène lè Bondye rele nou pou n ede lòt moun?
 - Kijan nou kapab disène ki soufrans Bondye rele nou pou n andire, ki fè n pa pridan nan mete tèt nou an danje san rezon valab?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 13

Tit Leson an: Jozèf ap Gouvène ann Ejip

Tèks Leson an: [Jenèz 41](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Women 8:26-39](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Rekonèt ke Bondye sèvi ak jalouzi frè Jozèf yo pou voye Jozèf ann Ejip pou bay yon mwayen, pa mwayen sa a Bondye ta pral sove fanmi l anba yon grangou ki te gen pou vini.
- **Kè:** Konprann ke Bondye kapab itilize doulè ak eprèv n ap andire yo pou beni lòt moun, men sèlman si nou kenbe kè nou ouvri pou travay gerizon Jezi a.
- **Men yo:** Nan moman difisil yo, se pou n pa dekoraje, paske Bondye souvan mete nou nan sitiyasyon nou pa t janm atann, nan lide pou l fè gras ak moun ki pa t atann gras yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Bondye te voye m vini devan pou ras nou an pa t fini nan peyi a, pou m te ka sove lavi nou, pou nou pa mouri. ([Jenèz 45:7](#))

Rezime Tèks la

Yon nwit, Farawon Ejip la te fè yon rèv etranj. Se te konsènan sèt vye vach mèg yo ki t ap manje sèt bèle vach gra yo. Farawon te vle konnen sa rèv li a te vle di. Se lè sa a, chèf kanbiz li a te sonje yon mesye nan prizon an ki te kapab entèprete rèv. Non l se te Jozèf. Farawon an te voye chèche Jozèf epi li te di l rèv la. Jozèf te di pandan sèt lane pral gen bèle rekòt nan tout peyi Ejip. Aprè sa, pral gen sèt lòt lane grangou. Farawon an te kwè Jozèf epi li te fè l vin yon chèf ann Ejip. Travay Jozèf se te pou asire ke Ejipsyen yo ranmase anpil manje pandan sèt bon lane yo. Yo te bezwen gen ase manje pou yo manje nan pandan sèt lane grangou yo. Pandan moman grangou yo, fanmi Jozèf te ale ann Ejip pou achte manje. Jozèf te kontan wè fanmi l paske l pa t wè yo sa fè plizyè lane. Bondye te fidèl ak Jozèf.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Jozèf** se te desandan Abraram. Byenke frè l yo te jalou de li e yo te vann li an esklavaj, paske Jozèf te sèvi ak don Bondye te ba li yo, li te kapab vin dezyèm moun ki te gen plis pouvwa ann Ejjip.
2. **Chèf ann Ejjip.** Gras ak don Bondye te bay Jozèf pou l te ka entèprete rèv yo, li te kapab avèti Farawon an sou anpil grangou ki te gen pou vini. Pa konsekan, Farawon te mete Jozèf responsab pou fè peyi Ejjip ranmase pwovizyon kounyea pou yo te ka gen ase manje pou yo manje nan moman grangou yo. Jozèf te fè bati yon gwo kay pou abrite tout manje yo.
3. **Silo yo** Grangou a te rive jan Jozèf te revele l la. Sepandan, akoz de preparasyon Jozèf te fè yo, Ejipsyen yo te gen anpil manje. Finalman frè Jozèf yo te vin chèche manje an Ejjip tou dezespere, epi Bondye ta pral ba yo manje pa mwayen Jozèf. Pa konsekan, sa frè yo te fè pou mal la, Bondye te chanje l epi l utilize l pou byen, ala fwa pou Ejipsyen yo epi nan lide pou yo kenbe alyans yo pou yon lòt jenerasyon.

Sans Tèks La

Avèk etonnman, gras ak konpòtman mechan frè Jozèf yo, madanm Potifa, ak chèf kanbiz Farawon an ki te bliye a, Jozèf te twouve l nan bon kote a, nan bon moman an pou l te sove Ejjip epi fanmi papa l anba yon grangou ki te gen pou vini.

Se pa t volonte Bondye pou frè Jozèf yo te vann li an esklavaj, ni pou madanm Potifa te eseye sedwi l. Sepandan, pou Bondye te kapab simonte konpòtman pechè yo epi li te sèvi ak don entèpretasyon rèv yo pou l te mete Jozèf nan yon sitiayson ladan l pou li te kapab vin yon gwo benediksyon pou lòt moun.

Tèks Nouvo Testaman an: Pèsonn pa t imajine gwo delivrans lan te ka soti atravè lanmò Mesi a. Kidonk, Bondye te travay atravè chwa pechè lòt moun yo pou pote gwo delivrans sa a. Pou lè Bondye ap travay, pou anyen, anyen menm, pa ka separe Kretyen yo de lanmou Bondye.

Chapit Fwi Lespri yo: 6. Bondye. Kretyen yo dwe viv lafwa yo nan Bondye nan lavi yo chak jou. Tèm sa a “bonte” vle di genyen yon karaktè moral ki wo, oubyen gen kalite ki wo. Kretyen yo te tante pou yo viv selon prensip moral kominote ladan l y ap viv la, men Ekriti yo rele Kretyen yo pou yo viv selon prensip moral ki wo ke Bondye te revele nan Ekriti yo. Pafwa, menm jan nan ka Jozèf la, viv avèk prensip moral ki wo yo bay pèsekisyon, yo pa fè lwanj. Sepandan, Kretyen an ap viv pou onore Bondye, menm si yo ka soufri pou yon ti tan, yo pral jwenn yon gwo rekompans nan men Bondye. Pou Jozèf, rekompans sa te vini ala fwa nan lavi sa a epi nan lavi ki gen pou vini an. Pou lòt moun yo, rekompans sa va vini sèlman sou lòt bò lanmò a, lè nou wè Kris la fas a fas.

- **Tèt:** Ki kèk danje ki genyen lè ou aksepte Kris la kòm Sovè ou, men ou pa viv relasyon sa a aktivman nan lavi ou chak jou?
 - **Kè:** Kijan viv yon lavi ak prensip moral ki wo kapab sove yon Kretyen anba tout kalite relasyon ki brize epi chagren?
 - **Men yo:** Ak kisa viv yon lavi bonte nan kominote w ap sanble semèn sa a?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Alyans ke Bondye te fè ak Abraram lan ap kontinye kounyea nan katriyèm jenerasyon nan yon fason ki plis etonan. Bondye te travay atravè benediksyon li te bay Jozèf yo, epi li te travay atravè move chwa lòt moun yo, pou bay pwoteksyon ak desandan Abraram yo epi Ejipsyen yo. Sa te pran plis pase dis lane pou Jozèf te soti nan esklavaj ak nan prizon epi pou Rekonèt fason Bondye te ka pran move bagay yo epi chanje yo an byen.
 - Ki paralèl ki genyen ant lavi Jozèf ak lavi Jezi, jan Bondye travay nan lavi yo pou sove lòt moun?

- Poukisa ou panse Jozèf te kontinye ap viv yon lavi entegrite, menm lè lòt moun te kontinye trayi l?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe Ye?** Gen yon bagay pou nou konnen nan tèt nou ke Bondye kapab pote byen nan soufrans yo. Kidonk, se yon lòt bagay pou nou tann ak fidelite pou lòt bon bagay yo ka vini. Ant moman soufrans yo vin ak moman nou wè byen ke Bondye fè soti ladan yo, nou dwe travay pou kenbe kè nou pi epi ouvri pou travay gerizon nan men Bondye.
 - Site kèk resous Bondye te bay Kretyen yo pou ede pwoteje kè nou pou pa vin di lè nou fè fas ak soufrans?
 - Nan ki fason Bondye kapab itilize soufrans n ap viv yo pou ede nou sèvi lòt moun k ap soufri yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Yon lavi enpòtan an jeneral pa janm yon lavi ki fasil. Olye de sa, atravè sous soufrans lan, sa fòme yon karaktè ki fò nan yon moun. Jozèf montre atravè lavi li yon konsekrasyon sou Bondye, menm lè li pa t ka wè oubyen konprann kijan Bondye ta pral sove l anba tout pwoblèm li yo. Pandan Jozèf t ap tann pou Bondye te fè bon parèt nan eprèv li yo, li te toujou ap viv yon lavi ki te beni lòt moun.
 - Ki abitid pratik ke nou kapab devlope ki pral ede nou pwoteje tèt nou pou n pa gen amètim oubyen elwanye nou de Bondye lè soufrans yo vini?
 - Kijan nou kapab pataje avèk lòt moun yon pati nan sajès ak ide nou te aprann yo lè Bondye te fè nou soti nan soufrans pou nou wè byen ki soti nan soufrans yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 14

Tit Leson an: Moyiz nan laj Bebe jwenn sekou

Tèks Leson an: [Egzòd 2:1-10](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 2:13-23](#)

Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Selebre lefèt ke yo kapab fè Bondye konfyans, paske Bondye kontinye rete fidèl ak alyans yo lè l bay Izrayelit yo yon sovè lè yo t ap rele nan esklavaj ann Ejip.
- **Kè:** Afime ke rasis la pa bon. Bondye te kreye tout pèp yo epi Jezi te mouri pou tout pèp yo.
- **Men yo:** Mete an pratik konviksyon an paske se responsabilite pa nou pou n defann, epi pwoteje sila yo ki oprime, nenpòt jan yo ka diferan de nou menm.

Leson an Nan yon Vèsè: Lè ti gason an vin gran ti bway, li mennen l bay fi farawon an ki adopte l pou pitit li. Lè sa a, fi farawon an di: “Se nan dlo mwen wete l. Se konsa, li rele l Moyiz.” ([Egzòd 2:10](#))

Rezime Tèks la

Nouvo Farawon Ejip la te panse ke te gen twòp Ebre nan peyi l la. Izrayelit yo te rele Ebre tou. Aprèsa, Farawon te bay lòd pou yo te touye tout ti bebe gason Ebre yo. Lè Moyiz te fèt, manman l te vle kache l pou yo pa t touye l. Pandan Moyiz t ap grandi, manman l te twouve l difisil pou kache l. Li te panse rapidman yon lòt fason pou sove ti pitit gason l lan. Li te fè yon ti panye pou l mete Moyiz epi l te mete l nan Rivyè Nil la. Pitit fi l Miryam, t ap gade panye a pou asire l ke anyen pa t rive bebe a. Lè pitit fi Farawon an te ale nan Rivyè Nil la pou l benyen, li te jwenn ti panye a. Ladan l, li te dekouvri yon ti bebe Ebre. Pitit fi Farawon an te vle kenbe ti pitit gason an. Moyiz pa t grandi avèk vrè fanmi l, men li te an sekirite.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Rivyè Nil la.** Aprè Jozèf te mouri, yon novo Farawon te vin sou pouvwa a ki pat respekte kijan Bondye te sove Ejip pa mwayen Jozèf. Fanmi Jozèf te vin Viv an Ejip, e yo te vin gen anpil moun, ke yo te rele Ebre. Farawon an te vin pè pou fason Ebre yo te vin anpil, epi li te bay lòd pou nwaye tout gason yo nan Nil la.
2. **Moyiz nan Laj Bebe** Youn nan manman Ebre yo pa t deside nwaye Bebe l la, men li te mete l nan yon pànye nan Nil la. Non bebe a se te Moyiz.
3. **Pànye a.** Panye a t ap flote nan Nil la jiskaske l te rive kote pitit fi Farawon an t ap benyen an. Li te wè pànye a, li te gen pitye pou ti bebe Ebre a, e li te fè moun k ap sèvi l yo pran ti bebe a.
4. **Pitit fi Farawon an.** Gran sè Moyiz la t ap gade tout bagay sa yo byen lwen epi li te mande pitit fi Farawon an si l ta dwe jwenn yon manman Ebre pou bay tete epi pran swen ti bebe a. Pitit fi Farawon an te dakò.
5. **Sè Moyiz la.** Sepandan, sè Moyiz la te mennen l lakay avèk li epi manman l te pran swen l jiskaske li te vin pi gran.
6. **Dlo a.** Bondye te sove fanmi Noye anba delij la nan Lach la, Bondye te sove Moyiz nan Rivyè Nil la nan yon panye. Bondye t ap sèvi ak Moyiz pou libere Ebre yo anba esklavaj yo lè l fè yo pase nan Lanmè Wouj la. Batèm se yon Sakreman Kretyen, ki senbolize ke Bondye te sove yo anba peche yo lè yo te plonje yo nan dlo.

Sans Tèks la

Bondye te kontinye rete fidèl avèk alyans li te fè avèk Abraram pandan l te pwoteje Izrayelit yo. Anpil jenerasyon nan pèp Bondye t ap viv ann Ejip aprè Jozèf; kidonk, pèp Bondye a pa t viv nan libète ak benediksyon ankò, men nan esklavaj. Kri yo te monte nan syèl la, epi Bondye kòmanse ba yo yon wout libète atravè ti Moyiz ki te sove anba lanmò.

Farawon an te pè pou kantite Izrayelit ki t ap grandi nan peyi Ejip la, li te mande pou yo touye tout ti bebe Izrayelit gason ki fèk fèt yo lè yo fèt. Yon manman te refize lòd sa a e li te kenbe ti bebe l an sekirite lakay li pandan twa mwa. Lè li pa t kapab kache ti bebe a ankò, li te mete l nan yon pànye nan Rivyè Nil la, espere ke li ta sove. Tèm Ebre yo itilize isit la pou “pànye” se menm bagay yo itilize nan istwa Noye a nan Jenèz 6 pou lach li t ap konstwi a. Nan tou de istwa yo, Bondye te bay yon mwayen pou delivre pèp Bondye a anba destrikson.

Pitit fi Farawon an te wè ti bebe a, li te gen konpasyon pou li, epi l te adopte l pou pitit li. Kidonk, Bondye te sove Moyiz anba lanmò pou l te ka grandi epi delivre Izrayelit yo anba esklavaj nan peyi Ejip.

Tèks Nouvo Testaman an: Menm jan ak Moyiz, Bondye te bay yon mwayen sekirite pou Jezi nan laj bebe kote yon lòt chèf, tankou Farawon an, ki te pè pèdi pouvwa a te mete lavi l an danje.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye kontinye pwoteje Izrayelit yo, li fidèl ak alyans li te fè Abraram. Pandan ke Bondye te voye Izrayelit yo ann Ejip nan epòk Jozèf pou sove yo anba yon grangou, kounye a, plizyè jenerasyon apre yo, Farawon an ap toupizi yo epi sèvi ak yo kòm esklav nan peyi Ejip. Bondye wè soufrans yo e Li kòmanse leve youn nan desandan Abraram ki pral delivre Izrayelit yo anba esklavaj yo.
 - Poukisa gen anpil konfli ant gwoup moun nan epòk Biblik yo ak jounen jodi a?
 - Ki jan Levanjil Jezikri a, ak estati tout Kretyen yo antanke Pèp Bondye a, montre ke rasis la se yon peche?
- **Kè: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Aksyon?** Nou ka fè lòt moun anpil mal lè n ap eseje pwoteje tèt nou lè nou kite kè nou ranpli ak laperèz. Sa rive sou nivo nasyonal avèk yon ras k ap toupizi yon lòt ras, men tou sa rive nan nivo pwòp relasyon pèsònèl nou lè moun kite laperèz anjandre rasis nan kè yo.
 - Kijan nou kapab asire nou ke diferans nou genyen avèk lòt moun pa tounen obstak pou nou, renmen yo nan Kris la?
 - Ki mezi nou kapab pran pou angaje moun ki diferan de nou, epi chèche konprann valè yo ak priyorite yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Nan mitan sitiyasyon kote Farawon an t ap mande lanmò pou pitit gason Ebre yo, Bondye kapab sèvi ak pitit fi Farawon an pou l fè pati istwa sali pèp Izrayèl la. Nou bezwen sonje ke pafwa benediksyon ak pwoteksyon Bondye yo pral koule nan lavi nou pa mwayen moun ki pa p swiv Bondye oubyen ki p ap chèche onore Bondye avèk lavi yo. Anplis de sa, Bondye pral sèvi ak nou pou pwoteje epi beni sila yo ki bezwen pwoteksyon, kit yo se Kretyen oubyen yo pa Kretyen

- Si Bondye kapab itilize moun ki pa kwè pou beni epi pou pwoteje lòt moun, kijan antanke disip JeziKri ou kapab fè pou beni epi pwoteje sila yo ki pa di ke y ap swiv Bondye?
- Kijan w kapab defann epi pwoteje sila yo nan kominate w ki te oprime, menm si yo diferan anpil de ou?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 15

Tit Leson an: Touf bwa k ap boule a

Tèks Leson an: [Egzòd 3:1-4:18](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Travay 7:17-37](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann ke Bondye te tandé kri pèp Li ki t ap soufri an Ejip, te bay Moyiz misyon pou fè fas ak Farawon, pou mennen Izrayelit yo soti ann Ejip pou ale nan Tè Pwomès la.
- **Kè:** Rekonèt ke Kretyen yo kapab santi apèl Bondye sou lavi yo tankou yon menas. Moyiz te pè pou sa Bondye te rele l pou l fè a.
- **Men yo:** Pran angajman pou w viv selon kòmandman Bondye yo pou w ka gen lafwa pou w kwè lè apèl Bondye nan lavi w parèt riske.

Leson an Nan yon Vèsè: SENYÈ a di: “ Mwen wè tray pèp mwen an ap pase nan peyi Lejip. Mwen tandé jan y'ap rele anba men moun k'ap peze yo. Wi, mwen konnen jan y'ap soufri. ” ([Egzòd 3:7](#))

Rezime Tèks la

Lè Moyiz t ap grandi, li te kite Ejip ak palè Farawon an pou l al viv Madyan. Yon jou Moyiz te deyò nan jaden yo ap gade mouton l yo lè li wè yon touf bwa ki t ap boule. Moyiz te pwoche ale gade. Li pa t janm wè yon touf bwa you wouj ak dife ki pa t boule. Nan touf bwa a, Bondye te “Moyiz! Moyiz!” Moyiz te pè gade Bondye, men li di: “Men mwen wi.” Bondye te di Moyiz pou l ale nan peyi Ejip epi pou l di Farawon pou l libere Izrayelit yo ke li te kenbe kòm esklav yo. Moyiz te pè, e li te gen anpil kesyon pou Bondye. “Mwen pa yon moun enpòtan, donk poukisa Farawon an ta koute m? Èske Izrayelit yo pral kwè se Bondye ki te voye m pou m libere yo anba esklavaj?” Bondye te di Moyiz li pa bezwen pè paske l t ap avè l. Moyiz te fè Bondye konfyans. Li te fè sa Bondye te mande l la, menmsi li te pè.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Moyiz se te yon Izrayelit**, byenke ki te leve nan peyi Ejip, kounyea l ap pran swen mouton byen lwen Ejip. Ejipsyen yo fè Izrayelit yo tounen esklav.
2. **Touf bwa k ap boule**. Bondye fè yon touf bwa pran dife, men touf bwa a pa t boule.
3. **Pran dife, men san boule**. Moyiz te sezi wè sa, epi li te pwoche pi pre pou l wè bagay etranj sa a.
4. **Vwa Bondye te etone l**. Bondye te rele Moyiz nan touf bwa a. Li te rele Moyiz pou l te retounen an Ejip e pou l te libere Izrayelit yo anba soufrans ak esklavaj yo. Moyiz te pè sa Bondye te ba l misyon pou l fè. Bondye te bay Moyiz anpil asirans, e li te fè lòt mirak ki pi espesyal pase yon touf bwa ki pran dife ki pa t boule a. Finalman, Moyiz te dakò pou l fè sa Bondye te rele l pou l fè a.

Sans Tèks la

Ejipsyen yo te mete Izrayelit yo, Pèp Bondye a nan esklavaj. Izrayelit yo te kriye nan pye Bondye pou delivrans. Bondye te tandé Izrayelit yo k ap kriye pou pote yo sekou e li te delivre yo atravè Moyiz.

Bondye te sove Moyiz anba lanmò antanke yon bebe lè manman l te mete l nan yon panyé, epi l te mete l nan Rivyè Nil la. Li te fè sa olye ke li te jete l nan Rivyè Nil la jan Farawon an te bay tout pèp Izrayèl la lòd pou yo fè ak pitit gason yo ki fèk fèt. Pitit fi Farawon an te wè l ap flote nan panyé a epi li te sove l. Li te leve l tankou yon Ejipsyen.

Sepandan, byenke Moyiz te leve antanke yon Ejipsyen, li te konnen ke l se te yon Izrayelit tou. Yon jou Moyiz te wè yon Ejipsyen ki t ap bat yon Izrayelit epi Moyiz te entèvni pou l te touye Ejipsyen an. Lè yo te vin konnen asasinay la, Moyiz kouri kite Ejip e li vin gadò mouton nan peyi Madyan.

Bondye te lakòz yon touf bwa limen tou wouj ak dife, men li pa boule. Moyiz te ale wè mèvèy sa a, epi nan touf bwa a, Bondye te rele Moyiz. Bondye te rele Moyiz pou l te retounen ann Ejip epi

mande Farawon an pou lage Izrayelit yo. Byenke touf bwa a ki t ap boule a te yon vizyon etonan, Moyiz te gen dout li t ap reyisi. Moyiz te soulve anpil kontestasyon devan Bondye. Pou chak gress kontestasyon Moyiz fè, Bondye te bay asirans, e menm te fè plis mirak pou ogmante lafwa Moyiz.

Finalman, Moyiz te dakò pou l obeyi ak apèl Bondye sou lavi l.

Tèks Nouvo Testaman an: Etyèn se te premye mati lafwa Kretyen an. [Travay 7](#) anrejistre defans Etyèn nan, lè li t ap defann predikasyon l sou Jezi devan Sanedren an, yon kò k ap dirije ann Izrayèl. Nan defans li, Etyèn di ki jan Jezi se akonplisman pwomès Bondye te bay nan Ansyen Testaman an atravè Moyiz ki te di Bondye ta leve yon lòt pwofèt tankou Moyiz. Etyèn deklare ke pwofèt Moyiz t ap pale de li a se te Jezi moun Nazarèt la.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Ejip te kenbe pèp Bondye a an esklavaj, epi Izrayelit yo kriye nan pye Bondye. Bondye deside libere yo anba esklavaj epi mennen yo nan yon tè beni kote yo kapab viv epi adore nan libète. Bondye chwazi Moyiz pou l libere Izrayelit yo epi mennen yo nan Tè Pwomès la. Sepandan, Moyiz te pè apèl Bondye te gen sou lavi l. Bondye te asire Moyiz ke sa Bondye te rele l pou l fè a, Bondye t ap ba l pouvwa pou l fè yo. Bondye fidèl ak pwomès sa yo, epi finalman Moyiz te mennen Izrayelit yo nan Tè Pwomès la.
 - Poukisa Moyiz te nan yon sitiyasyon inik pou l te kapab ala fwa vin yon dirijan pou Izrayelit yo epi pou l te fè Farawon egzijans?
 - Poukisa ou panse Moyiz bezwen Bondye fè anpil mirak avan pou Moyiz ta dakò obeyi?

- **Kè: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Menm jan ak Moyiz, anpil Kretyen pafwa pè obeyi Kòmandman Bondye yo. Byenke Kòmandman yo raman sevè menm jan lè w di yon diktatè pou libere yon pèp ki an esklavaj, byen souvan Kretyen riske toujou pèsekite. Men jan ak entèrakson ant Moyiz epi Bondye montre sa, Bondye vle travay avèk dout nou yo epi pou l pa jete Kretyen yo paske yo manke lafwa.
 - Site kèk fason fidelite ak apèl Bondye sou lavi yon Kretyen kapab mennen pèsekisyon ak soufrans?
 - Ki pwomès Kretyen yo genyen k kapab ankouraje yo lè y ap andire pèsekisyon ak soufrans paske yo fidèl ak Bondye?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Bondye toujou tande kri soufrans moun yo e Li toujou voye Kretyen pou ede soulaje soufrans yo. Sepandan, pou ede lòt moun, souvan Kretyen yo bezwen riske pwòp sekirite yo oubyen lavi konfòtab yo. Sepandan, menm jan Kris la te soufri nan kò l, se konsa Bondye tou pafwa rele Kretyen yo pou yo pa jis kwè nan kè yo, men tou mete kwayans yo an aksyon.
 - Kijan ou kapab prepare tèt ou pou tande apèl Bondye sou lavi w?
 - Ki kèk mezi ou kapab pran pou ede lòt moun k ap soufri?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 16

Tit Leson an: Dis flewo nan peyi Lejip

Tèks Leson an: [Egzòd 7:1-13](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Lik 12:4-12](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Sonde kè ou epi disène sou nivo kouraj ou. Kretyen yo bezwen gen kouraj pou fè volonte Bondye. Prezans Bondye ak pwisans Bondye pral ranfòse kouraj ou.
- **Kè:** Kwè ke Bondye pa p janm kite w oubyen abandone w, kidonk lè laperèz anvayi kè w, pa pèdi espwa.
- **Men yo:** Se pou w gen kouraj semèn sa a, menm nan mitan eprèv ak tantasyon yo.

Leson an Nan yon Vèsè: M ap di nou, moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen menm, moun Bondye voye nan lachè a, m a fè menm bagay la pou li devan zanj Bondye yo. ([Lik 12:8](#))

Rezime Tèks la

Ejipsyen yo te fòse Izrayelit yo travay pou yo tankou esklav. Izrayelit yo te kriye nan pye Bondye epi yo te mande L pou L libere yo anba esklavaj. Bondye te tande kri yo epi Li te voye Moyiz ak Arawon an Ejip. Yo te gen pou di Farawon an pou l libere Izrayelit yo. Si l te refize, Bondye t ap lage yon flewo sou Ejip. Moyiz ak Arawon t ale kot Farawon an plizyè fwa e li te di l pou l libere Izrayelit yo. Chak fwa yo te ale, Farawon an te refize yo epi te di yo, "Non!" Bondye te fidèl nan pawòl Li. Farawon an te refize libere Izrayelit yo pandan nèf fwa, Konsa Bondye te voye nèf flewo an Ejip: dlo yo te tounen san; peyi a te anvayi ak krapo; vèmin; mouchavè; bèt yo te mouri; abse; lagrèl mòtèl; krikèt vèt; ak fè nwa sou tout Ejip, lajounen kou lannwit. Aprè tout bagay sa yo, Farawon an pa t vle libere Izrayelit yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Moyiz retounen an Ejippou l** di Farawon an ke li dwe libere Izrayelit yo ke Farawon an te mete an esklavaj an Ejip. Moyiz gen baton l, jan Bondye te ba l lòd pou l itilize l pou fè premye mirak li lè l te fè l tounen yon koulèv.
2. **Palè a.** Plen ak kouraj, Moyiz kanpe devan chèf Ejip la epi l avèti si Farawon an pa libere Izrayelit yo, konsa Bondye pral voye flewo sou Ejip.
3. **Farawon an** refize onore Bondye, olye de sa, li wè tèt li tankou yon moun ki pa t bezwen soumèt ak Bondye Moyiz la.
4. **Krapo yo.** Dezyèm nan flewo yo se flewo krapo yo, lè krapo yo te ranpli tè a. Pandan chak flewo, Farawon te di li t ap libere Izrayelit yo, men lè Moyiz te priye e plè a te kaba, Farawon te fè kè l di e li te retounen sou pawòl li.

Sans Tèks la

Moyiz te retounen an Ejip selon lòd Bondye, nan lide pou sove Izrayelit yo anba esklavaj epi pou mennen yo nan Tè Pwomès la. Bondye te simonte laperèz Moyiz yo nan fè mirak pou Moyiz. Kounyea Moyiz te fè mirak nan non Bondye pou montre Farawon pouwa Bondye. Farawon te kwè nan anpil dye, li te menm kwè ke li te gen divine nan li. Sepandan, li te pa t kwè ke l te bezwen soumèt ak “dye” Moyiz la. Kidonk, jan Moyiz te montre sa nan flewo Bondye sou Ejip yo, Bondye Moyiz la se sèl vrè Dye ki gen pouvwa sou tout kreyasyon.

Te gen yon deba ant gwo savan biblik yo konsènan rapò sou kè Farawon ki te vin di. Pafwa Bib la di nou Bondye te fè kè Farawon di Egz. ([Egzòd 9:12](#)), sa rakonte n ke nan lòt moman yo Farawon an te fè rann pwòp kè l vin di (Egz. [Egzòd 8:15](#)). Epi finalman, gen nan moman Bib la sèlman rapòt ke kè Farawon an te vin di. ([Egzòd 7:13](#)), yo pa idantifye okenn aktè ki lakòz aksyon an. An jeneral, rapò yo di ke Bondye te fè kè Farawon an vin di, sa te vini aprè kat dènye flewo yo, aprè yo refere ak Farawon ki t ap fè l vin di pandan premye flewo yo. Yon entèpretasyon de sa sè ke, aprè Farawon te kontinye ap aji nan peche, Bondye te abandone Farawon an nan peche l yo. (gade Women 1:18-32)

An premye, Farawon an te refize soumèt anba lòd Bondye atravè Moyiz. Sepandan, nan moman sa yo Bondye te voye yon seri dis flewo sou Ejip. Farawon an te vin dous aprè 10yèm flewo a.

Tèks Nouvo Testman an: Jezi te avèti disip li yo ke yo dwe gen volonte pou pale pou Bondye devan lòt moun. Vin yon disip Jezi ka bay soufrans ak pèsekisyon kòm rezulta, men li pi bon pouw soufri pou lanmou Jezi pase pou rejte lòd Jezi yo, epi pou Jezi rejte w.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè yo.

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye tande kri Izrayelit yo ki an esklavaj epi Li voye Moyiz pou sove yo anba men peyi Ejip avèk gwo siy epi mèvèy. Farawon an pa t onore pawòl Bondye ke Moyiz t ap pale a, epi Ejipsyen yo te soufri akoz dezobeyisans sa a. Yo te soufri atravè 10 flewo Bondye te voye sou Ejip. Repons Bondye bay ak kri Izrayelit yo pa vini san Moyiz pa t peye yon pri. Moyiz dwe gen kouraj ke Bondye pral pwoteje l epi kenbe pwomès Li te fè Moyiz yo.
 - Site kèk konsekans peche ki afekte plis pase moun ki te fè peche a?
 - Ki jan ògèy lakòz yon moun swa doute de pawòl Bondye ba yo, oubyen doute ke volonte Bondye pi bon pase volonte pa yo?
- **Kè: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Nou dwe veye sou kè nou. Rete lwen Bondye raman pa janm yon senp desizyon ke n pran yon sèl fwa. Olye de sa, byen souvan moun yo pran ti desizyon dezobeyisan yo nan moman ki lakòz yon enkapasite evantyèl pou tande vwa Bondye. Desizyon dezobeyisan sa yo se lè nou konte plis sou pwòp sajès nou ak fòs nou pase nou konte sou sajès ak fòs Bondye pou gide nou. Kle pou nou pwoteje kè nou se kwè ke Bondye pa p janm kite nou oubyen abandone nou.
 - Kijan yon Kretyen kapab pwoteje kè li pou l pa kwè nan manti Satan fè yo, ke Bondye pa vle nou gen kè kontan? (gade Jenèz 3:1-7)
 - Kijan yon Kretyen jwenn kouraj pou l pale de preyokipasyon Bondye genyen lè rezilta a ka pèsekisyon
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Gen de moman kote Jezi rele nou pou n gen kouraj epi pale de preyokipasyon oubyen fè pwovizyon pou sila yo ki nan bezwen. Menm jan ak Izrayelit yo an Ejip, Bondye toujou tande kri sila yo k ap soufri, epi li toujou voye Kretyen pou libere yo anba opresyon yo.
 - Ki kalite moun nan vil ou a k ap viv anba opresyon fizik oubyen espirityèl?
 - Ki don, talan, e/oubyen kapasite Bondye te ba w ke w kapab sèvi ak yo pou ede lòt moun yo ki nan bezwen?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.

- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 17

Tit Leson an: Premye fèt Pak la

Tèks Leson an: [Egzòd 11:1-12:13](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Lik 22:1-23](#)

Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Selebre pwovizyon Bondye fè pou delivre tout moun ki swiv enstriksyon Li yo fidèlman.
- **Kè:** Angaje n pou n gen yon kè dou ki louvre pou enstriksyon Bondye yo, se pa yon kè ki di menm jan ak pa Farawon an.
- **Men yo:** Selebre soupe Senyè a avèk lonè epi lajwa, paske se Soupe Pak Kretyen an pou selebre delivrans nou atravè JeziKri.

Leson an Nan yon Vèsè: Men kijan pou nou ranje kò nou pou nou manje l: n a mare ren nou, sapat nou nan pye nou, baton nou nan men nou. Se pou nou manje l prese prese, paske se lè sa a Senyè a ap pase. ([Egzòd 12:11](#))

Rezime Tèks la

Bondye te voye nèf flewo sou Ejip paske Farawon an te refize libere Izrayelit yo anba esklavaj. Bondye te deside voye yon lòt flewo sou Ejip. Bondye te mande Moyiz pou l di Farawon ak Izrayelit yo anviwon minwi, li ta pral pase nan peyi a. Premye pitit gason tout fanmi k ap viv ann Ejip t ap mouri. Bondye te bay Izrayelit yo ki t ap viv an Ejip enstriksyon. Tout fanmi Izrayelit yo te dwe sakrifye yon ti mouton oubyen yon kabrit. Yo te dwe pran san an epi pase l sou tèt ak sou kote pòt yo. Lè Bondye ta pase nan chak kay, li t ap chèche san an. Si l te wè san an, li t ap pase sou kay la epi premye pitit gason an t ap sove. Si l pa t wè san an, premye pitit gason an t ap mouri. Lè Farawon reyalize ke yo te touye pitit gason l lan, finalman li te gen volonte pou libere Izrayelit yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Izrayelit yo.** Bondye te bay Izrayelit yo enstriksyon sou fason pou yo pwoteje tèt yo kont dènye nan 10 flewo sou Ejip yo, flewo sou premye pitit la.
2. **San an.** Chak moun nan kay te bezwen sakrifye yon mouton oubyen yon kabrit. Yo te dwe pran san bêt la epi itilize izòp, make nan pòt kay yo. Yo te dwe kwit bêt la tou epi manje l.
3. **Make Kay la.** Si Izrayelit yo swiv enstriksyon fèt Pak la epi yo te make pòt kay yo, apre sa, yo pa t ap soufri anba flewo Premye pitit la.

Sans Tèks la

Pandan nèf flewo, Farawon te refize kòmandman Bondye te bay Moyiz la pou l lèse Izrayelit yo kite Ejip. Bondye te bay Moyiz enstriksyon sou sa ki ta pral dènye flewo a, flewo Premye Pitit la. Nan flewo sa a tout premye pitit gason nan peyi Ejip ta pral mouri, ni bêt ni moun. Apre move maladi sa a, Farawon an te finalman bay vag epi lèse Izrayelit yo kite Ejip.

Bondye te bay Moyiz enstriksyon tou pou l pase l sou Izrayelit yo pou pwoteje yo kont flewo premye pitit la epi yo pare pou kite Ejip. Pou pwoteje yo kont dènye flewo a, Izrayelit yo dwe sakrifye yon mouton oubyen yon kabrit, prepare l pou yo manje, epi mete mak san an nan pòt kay yo. Pak sa a te vin yon fèt ke Izrayelit yo pral selebre chak ane.

Nan Pak la Bondye te kontinye rete fidèl avèk alyans ki te fèt pou Patriyach Izrayèl yo. Bondye te bay delivrans ak Izrayelit ki te soti an Ejip yon fason pou yo te kapab vwayaje al nan Tè Pwomès la, pou yo konstwi yon Tanp, epi adore Bondye nan libète.

Tèks Nouvo Testaman an: Jezi te etabli yon nouvo repa fèt Pak la pou disip li yo nan nwit yo t ap trayi l la. Nan premye fèt Pak la, Bondye te ba yo libète anba esklavaj an Ejip, nan dezyèm fèt Pak la Bondye te bay libète kont esklavaj peche. Soupe Senyè a, Ekaristi a, ak Kominyon an se non sa yo ke yo itilize pou fè referans ak nouvo repa Pak sa a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye bay Moyiz enstriksyon alafwa pou lavi e pou lanmò. Enstriksyon pou Farawon an pral anonse dènye flewo a, epi k ap gen pou rezulta lanmò premye pitit gason yo an Ejip akoz Farawon te refize obeyi ak kòmandman Bondye yo. Kidonk, Bondye te bay tou enstriksyon pou lavi, pou delivrans anba esklavaj. Moun jounen jodi yo k ap swiv enstriksyon pou lavi a ap jwenn libète kont peche.
 - Moun yo souvan konnen bon bagay pou yo fè, men yo pa fè yo. Kisa ki lakòz moun yo fè rebèl kont kòmandman Bondye yo?
 - Poukisa gen konsekans pou peche nou te fè yo, menm aprè nou fin mande padon pou peche n yo?
- **Kè: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Tout Ejip la te sibi konsekans lògèy Farawon an ki te lakòz kè Farawon vin di epi l te refize fè sa ki te pi bon pou Ejipsyen yo. Se menm jan an, moun jounen jodi yo gen kè yo ki te vin di avèk peche epi ak konsekans peche. Menm Kretyen yo, si yo pa fè atansyon pou yo kenbe kè yo louvri pou Bondye, yo kapab tonbe nan tantasyon ki pral lakòz kè yo vin di.
 - Kijan moun ki gen kè di yo kapab jwenn gerizon?
 - Nan ki fason menm Kretyen yo kapab gen kè yo ki vin di?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Lafwa Kretyen an pa sèlman baze sou kwayans; se yon lafwa ki rete vivan lè n fè aksyon. Selebre Repa Senyè a se youn nan aksyon Bondye rele Kretyen yo pou yo pratike. Nan Dènye Repa a, Kretyen yo selebre libète ke Bondye te ba yo pa mwayen sakrifis ti mouton Bondye a, JeziKri. Repa Senyè a se yon moman pou fè refleksyon onèt sou kalite lafwa Kretyèn nou, epi yon moman pou selebre ak lajwa delivrans Jezi te bay Kretyen yo.
 - Kisa ou kapab fè pou prepare kè w pou pran Repa Senyè a?
 - Kijan n kapab selebre Repa Senyè a regilyèman pou l vin yon sous kouraj ak enspirasyon pou Kretyen yo?

Aplike

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 18

Tit Leson an: Travèse Lanmè Wouj

Tèks Leson an: [Egzòd 13:17-14:31](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Women 6:1-14](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann ke Bondye te sove Izrayelit yo anba esklavaj ann Ejip atravè Moyiz, epi aprè sa Bondye te sove tout limanite anba esklavaj peche atravè Jezi.
- **Kè:** Nan Batèm lan, Kretyen yo temwanye gras enteryè Bondye bay la. Kretyen yo te mouri ansanm ak peche epi yo leve vivan nan Kris. Bondye rele Kretyen yo pou yo viv chanjman sa a lè n abandone kè nou nan men Bondye pou li kapab ba nou gerizon ak sentete.
- **Men yo:** Kretyen yo dwe batize, epi yo dwe viv batèm lan pandan y ap swiv Jezi fidèlman.

Leson an Nan yon Vèsè: Se sak fè, avèk batèm nou an nou te antere ansanm avè l, nou te mouri ansanm avè l tou. Men, menm jan Papa a te fè l leve soti nan lanmò avèk gwo fòs pouvwa li, konsa tou nou menm nou ka mennen yon lòt lavi. ([Women 6:4](#))

Rezime Tèks

Finalman Farawon an te kite Izrayèlit yo ale lib. Men, aprè yo te fin ale, Farawon an te reyalize ke pifò nan travayè l yo te ale. Farawon an te chanje lide konsènan kite Izrayelit yo ale lib. Li te voye tout lame l la pou fòse Izrayelit yo retounen ann Ejip. Izrayelit yo te mache rive jis lot bò Lanmè Wouj. Yo te gade dèyè epi yo te wè lame Ejipsyen an ki t ap swiv yo. Moyiz te di Izrayelit yo pou yo pa pè. Senyè a t ap sove yo. Moyiz te leve baton l lan epi l te lonje men l sou Lanmè Wouj la. Britsoukou dlo a te rekile epi lanmè an te divize. Izrayelit yo te kouri travèse sou tè sèch la. Yo te sezi pou yo wè miray dlo te fè nan tou de bò yo. Ejipsyen te kouri dèyè Izrayelit yo nan lanmè a. Lè tout Izrayelit yo te fin travèse, Moyiz te leve men l epi tout dlo yo te retounen nan plas yo. Pa t gen pyès Ejipsyen ki te sove.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Izrayelit yo.** Bondye te libere Izrayelit yo anba esklavaj an Ejip pa mwayen sèvitè li Moyiz.
2. **Ejipsyen yo** te chanje lide yo konsènan kite Izrayelit yo ale epi yo te kouri dèyè yo.
3. **Moyiz.** Bondye te di Moyiz pou l leve men l yo sou Lanmè Wouj la, epi dlo yo separe.
4. **Dlo yo.** Dlo yo te separe, tè a vin sèch, epi Izrayelit yo te mache an sekirite.
5. **Ejipsyen yo te anglouti.** Ejispyen yo t ap pouswiw Izrayelit yo atravè lanmè a. Bondye te di Moyiz pou l leve men l ankò, epi dlo yo te koule sou Ejipsyen yo ankò. Tout Ejipsyen yo te mouri.
6. **Izrayelit yo** te an sekirite kounyea anba Ejipsyen yo.

Sans Tèks la

Bondye te fin sove Izrayelit yo anba esklavaj ann Ejip lè yo te fin travèse Lanmè Wouj la. Apre flewo Premye pitit la, Farawon te bay Izrayelit yo lòd pou yo kite Ejip. Yon ti tan aprè yo te ale, Farawon an te chanje lide epi l te voye lame l la al fòse Izrayelit yo retounen nan esklavaj an Ejip.

Izrayelit yo te wè lame Ejipsyen an t ap pwoche epi yo te kriye nan pye Moyiz, yo t ap pleyen paske yo ta pral mouri. Moyiz te di Izrayelit yo pou yo gen kouraj epi kenbe fèm. Bondye te fè yon lòt mirak, yon mirak ki ta pral bay Izrayelit yo kouraj yo te bezwen an pou yo pa janm doute sou Bondye oubyen sou Moyiz ankò. Malerezman, Izrayelit yo te plenyem ankò bay Moyiz. Avèk anpil etonnman, yo te souvan deklare ke yo swete retounen an Ejip.

Tèks Nouvo Testman an: Otè Nouvo Testaman yo te konprann batèm lan kòm yon tip delivrans menm jan ak Izrayelit yo ki te fè eksperyans nan Lanmè Wouj la. Batèm lan se yon siy ki montre favè delivrans lan anba peche nou yo pa mwayen rezirèksyon JeziKri. Menm jan Bondye te delivre Izrayelit yo anba esklavaj ann Ejip, pa mwayen Moyiz, se menm jan an Bondye delivre Kretyen yo anba esklavaj peche, pa mwayen Jezi.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye kontinye rete fidèl avèk alyans li te fè Abraram yo, Izarak, epi Jakòb. Bondye delivre pèp Bondye a anba esklavaj ann Ejip. Li te ilize Moyiz tankou yon entèmedyè, pou gide Izrayelit yo soti ann Ejip epi pou ale nan Tè Pwomès la. Delivrans sa a atravè dlo Lanmè Wouj la se yon prefigirasyon de delivrans JeziKri pral bay atravè dlo batèm lan.
 - Poukisa Izrayelit, ki te sove anba esklavaj yo epi ki te aprann yo te nan wout pou yo ale nan Tè Pwomès la, kòmanse ap plenyen bay Moyiz?
 - Site kèk don ak talan Moyiz te dwe genyen nan lide pou l te egzekite byen apèl Bondye sou lavi l?
- **Kè: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Aprè plizyè santèn ane esklavaj ann Ejip, Izrayelit yo pa t konnen kijan pou yo te anbrase fidèlman nouvo libète yo a. Lè yo te wè lame Ejipsyen an ki t ap pouswiv yo, yo te vin pè. Menm aprè Bondye te montre gwo pouvwa l atravè Moyiz lè l te voye flewo sou flewo, yo ranpli ak laperèz epi yo kòmanse plenyen nan pye Moyiz. Moyiz deklare ke Izrayelit yo bezwen kenbe fèm nan lafwa epi tann delivrans Bondye a. Nan lavi Kretyen an tou, genyen plis pou delivrans pase yon senp padon pou kilpabilite peche nou yo. Bondye vle sove nou tou anba pouvwa peche k ap travay nan lavi nou pou n ka viv yon lavi plen ak devouman pou Bondye.
 - Poukisa Kretyen yo te tante fè peche, menm aprè yo te vin Kretyen?
 - Site kèk fason Kretyen jounen jodi yo te tante gen krentif ak dout, menm aprè Bondye sove yo anba peche yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Batèm lan se yon sakreman Legliz. Li se yon siy eksteryè pou yon gras enteryè Bondye te pote nan lavi kwayan an. Byenke Kretyen yo te sèlman bezwen batize yon sèl fwa, Kretyen yo dwe sonje batèm yo lè y ap gade batèm lòt moun. Pou yo sonje, yo selebre moman

Bondye te libere yo anba peche ki te fè yo koupab, epi pou yo te kòmanse pote pouvwa espirityèl nan lavi yo.

- Site kèk fason yon Kretyen ta dwe viv lavi l aprè li fin batize?
- Ki egzamp ou te wè kote Bondye t ap libere moun anba esklavaj?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 19

Tit Leson an: Manje Lamàn nan Dezè a

Tèks Leson an: [Egzòd 16](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Jan 6:25-59](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Apresye plan Bondye pa sèlman paske li sove Izrayelit yo anba esklavaj, men tou paske l ba yo sibstans ke yo bezwen tou chak jou.
- **Kè:** Sonde kè w regilyèman epi disène si okenn pati nan lavi w pa konfòm ak volonte Bondye nan lavi w.
- **Men yo:** Afime apèl Bondye sou moun Bondye yo pou yo travay, pou sèvi ak don yo epi talan yo. Bondye ba yo sa yo bezwen, men nou gen responsabilite pou n sèvi ak don epi talan Bondye te ba nou yo pou resevwa yo epi pou pote glwa nan Wayòm Bondye a.

Leson an Nan yon Vèsè: Jezi di yo, “Se mwen menm pen ki bay lavi a. Moun ki vin jwenn mwen pa p janm grangou, moun ki kwè nan mwen pa p janm swaf dlo. ([Jan 6:35](#))

Rezime Tèks la

Aprè Izrayelit yo te kite Ejip, yo te vwayaje nan dezè a pandan plis pase yon mwa. Izrayelit yo te grangou anpil. Yo te al jwenn Moyiz epi yo te di l ke yo t ap santi yo pi byen si yo te retounen an Ejip. Omwen lot bò a, yo te jwenn tout manje ak dlo yo te bezwen. Yo t ap mouri grangou nan dezè a. Bondye te di Moyiz ke li t ap fè pen desann soti nan syèl la tankou gress lapli pou Izrayelit yo manje. Izrayelit yo te rele pen sa a “lamàn.” Bondye te di moun yo ke chak maten yo te dwe ranmase ase lamàn ki ka dire tout jounen an. Anpil nan Izrayelit yo te obeyi, men kèk nan moun yo te ranmase plis pase lamàn ke yo te bezwen an. Sila yo ki te ranmase twòp yo te jwenn vè nan lamàn yo nan demen maten. Izrayelit yo te aprann ke Bondye t ap ba yo sa yo te bezwen, epi pou sa yo te dwe swiv enstriksyon Bondye yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Dezè a.** Bondye te sove Izrayelit yo anba esklavaj ann Ejip epi Izrayelit yo te vwayaje nan dezè a pandan de mwa.
2. **Izrayelit yo te kòmanse ap bougonnen** bay Moyiz akoz de manje ki te manke. Yo nan dezè a epi yo pa kapab jwenn ase manje pou tèt yo. Yo te pè pou yo tout pa t mouri, yo te blyie tout mirak pwisan Bondye te fè pou mennen yo byen lwen sa. Yo te blyie rapidman tou soufrans yo ann Ejip antanke esklav, epi yo pretann ke lavi yo te pi bon antanke esklav nan epòk la, pa rapò ak kounye a antanke pitit Bondye.
3. **Lamàn.** Bondye te tande plenyen yo epi li te voye lamàn ansanm ak zòtolan pou yo manje. Lamàn lan te tankou ti kouch mens ki te parèt tankou yon kwout blan atè a nan maten. Bondye te ba yo tou zòtolan chak jou kòm vyann. Pandan 40 lane nan dezè a, Bondye te ba yo lamàn epi zòtolan sis jou pa semèn. Izrayelit yo te gen pou ranmase manje de fwa nan Vandredi yo pou yo pa t travay nan Samdi, Saba a. Pa t gen pyès lamàn ak zòtolan ki te tonbe jou Saba a.

Sans Tèks la

Pakou Izrayelit yo soti an Ejip pou rive nan Tè Pwomès la pa t rive rapidman. De mwa aprè yo te sove anba esklavaj, yo te toujou ap mache nan dezè a, epi manje yo ak dlo yo tout te preske fini.

Yo te kòmanse pè pou lavi yo, yo t ap panse ke yo ta pral mouri ak grangou nan dezè a. Byenke yo te temwen fos pwisan Bondye a nan flewo Bondye te voye sou Ejip yo, epi yo te mache atravè Lanmè Wouj sou tè sèch, grangou nan vant yo te toujou fè yo pè. Yo te kòmanse ap bougonnen.

Bondye te bay Moyiz sa Pou 1 di pèp la. Bondye t ap ba yo manje, men yo dwe swiv kèk direktiv. Se pa tout Izrayelit yo ki te obeyi ak direktiv yo. Malerezman, sa pa t ap denyè fwa ke Izrayelit yo te bougonnen kont Moyiz ak Bondye, epi yo te dezobeyi kòmandman Bondye yo.

Kidonk, Bondye te rete fidèl avèk alyans li yo, epi menm si Pafwa Izrayelit yo te gen bezwen sibi konsekans peche yo, Bondye toujou fè pwovizyon pou bezwen de baz yo.

Tèks Nouvo Testaman: Jezi te itilize imaj pen an pou ansenye foul yo ke li te ba yo tout sa yo te gen bezwen. Foul yo pa t konprann sa Jezi te vle di a okòmansman an, yo pans eke Jezi t ap ba yo lamàn ki soti nan syèl la menm jan Moyiz te fè l la. Chèf relije yo tout pa t konprann kijan Jezi te ka pretann ke l ap bay pen ki soti nan syèl la; Yo pa t kapab konprann kijan yon moun ki te fèt sou latè te kapab pretann ke l soti nan syèl la. Menm jan ak Izrayelit yo nan epòk Moyiz la, chèf relije yo nan epòk Jezi yo te plenyen kont sèvitè Bondye a.

Chapit 10 Kòmandman yo: IV. Kenbe Saba a Sen. Katriyèm kòmandman an, menm jan ak de premye yo, distenge Izrayèl de tout lòt vwazen l yo. Izrayèl, kwè nan istwa Kreyasyon an, li dwe swiv modèl travay Jezi nan kreyasyon an: travay pandan sis jou epi repoze pandan yon jou. Tout bagay an Izrayèl dwe repoze nan jou Saba a, pa sèlman chèf fanmi an, men mari ak madanm, timoun yo, sèvitè yo, bêt yo, ak etranje yo ki nan peyi a. Lè n kreye tan pou repo, nou onore Bondye.

- **Tèt:** Kijan Kretyen yo ta dwe konprann epi viv kòmandman Saba a jodia?
- **Kè:** Kijan moman repo Saba yo kapab pote benediksyon pou lòt sis jou yo?
- **Men yo:** Lè ou repoze nan travay ou semèn sa a, avèk kisa ou pral ranpli tan sa a ki pral ede w eksprime lanmou w ak gratitud ou pou Bondye?

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Fè Bondye konfyans pa vini fasilman, sitou lè lavi ou an je. Izrayelit yo te kriye nan pye Bondye pou delivrans anba esklavaj, epi Bondye te sove yo avèk pouvwa pwisan l lan. Bondye te vle Izrayelit yo kwè ke li t ap itilize pouvwa

pwisan l lan pa sèlman pou sove yo, men pou tou pou soutni yo. Sepandan, Izrayelit yo t ap bougonnen akoz laperèz ak mank konfyans yo nan pwovizyon Bondye fè. Sa te pran anpil tan avan Izrayelit yo te aprann fè Bondye konfyans.

- Kijan Kretyen yo, ki pa kapab wè Bondye oubyen tandé Bondye k ap pale nan zòrèy yo, ta sipoze fè Bondye konfyans pou ba yo tout sa yo bezwen?
- Anplis de yon mank konfyans, ki lòt pwoblèm ki ka lakòz yon Kretyen bougonnen kont Bondye?
- **Kè: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Bondye pa rele Kretyen yo pou yo fè l konfyans avègleman. Bondye t ap travay nan lavi chak Kretyen, avan menm yo vin yon Kretyen. Bondye rele Kretyen yo pou kwè paske Bondye te montre l diy pou fè l konfyans. Souvan, akoz de gwosè pwoblèm yo nan lavi yo, Kretyen yo te tante pou konsantre plis sou pwoblèm yo pase sou Bondye, Sila ki vle ede yo rezoud pwoblèm yo.
 - Èske pa gen pyès pati nan lavi w ki pa t konfòm ak volonte Bondye pou ou?
 - Panse ak kèk moun nan lavi w ki gen yon pwofon konfyans nan Bondye, kijan w panse yo te devlope konfyans sa?
- **Men yo: Kijan nou kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Byenke Bondye te bay lamàn, Izrayelit yo te toujou pran mezi pou ranmase lamàn, epi te dwe swiv direktiv konsènan kilè epi ki kantite pou yo ranmase. Yo pa t dwe egoyis pou ranmase anpil, epi yo pa t dwe pè pou pou eseye ranmase nan jou Saba a. Bondye bay benediksyon, men Bondye souvan bay direktiv avèk benediksyon yo pou Kretyen yo pa itilize benediksyon avèk egoyis.
 - Nan ki fason Kretyen yo kapab anrejistre fason ke Bondye reponn ak Bezwen yo?
 - Panse ak moun ki nan lavi w yo ki gen yon konfyans pwofon nan Bondye, fè yon plan pou pale avèk yo semèn sa a epi mande yo kijan yo te devlope yon konfyans pwofon konsa.

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 20

Tit Leson an: Moyiz frape wòch la

Tèks Leson an: [Egzòd 17](#): 1-7

Tèks Nouvo Testaman an: [Jak 4:1-10](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann ke swiv Bondye mande pou kwè Bondye konnen bezwen w yo epi l ap fè pwovizyon pou yo.
- **Kè:** Disène nan ki mezi ou ka fè Bondye konfyans pou l fè pwovizyon pou bezwen w yo. Èske w nan konfli avèk yon moun akoz de desi egois ou yo?
- **Men yo:** Angaje w pou chèche pouvwa ak fòs Bondye pou fè pwovizyon pou bezwen nou yo, epi pou refize tout kont ant ou menm ak yon lòt Kretyen.

Leson an Nan yon Vèsè: Yo leve fè kont ak Moyiz. Yo di l, "Ban nou dlo pou nou bwè." Moyiz reponn yo, "Poukisa n ap chache m kont konsa? Pouki n ap sonde SEYÈ a konsa? ([Egzòd 17:2](#))

Rezime Tèks

Moyiz ak Izrayelit yo te kontinye ap mache san bi nan dezè pou nenpòt kote Bondye ta mennen yo. Aprè yo te fin mache pandan plizyè jou, Izrayelit yo te fè kan nan yon kote yo te rele refidim. Yo te swaf anpil epi yo pa t ka jwenn pyès dlo pou yo bwè. Kèk nan Izrayelit yo te fache epi yo te di Moyiz pou ba yo dlo pou yo bwè. Moyiz te mande Bondye kisa l ta dwe fè. Izrayelit yo te fache anpil epi Moyiz te pè pou yo pa t touye l. Bondye te di Moyiz pou l mache devan pèp la epi pran kèk chèf avèk ou. Après, Bondye te di ke li te bezwen pran baton ke l te itilize pou frape sou Rivyè Nil la. Bondye te di Moyiz ke li t ap kanpe devan yon wòch tou pre Mòn Sinayi. Moyiz te frape wòch la avèk baton an. Lè Moyiz te frape wòch la, dlo te soti ladan l. Izrayelit yo te pran anpil dlo pou yo bwè.



Ansèyman aptai Imaj la

1. **Dezè a.** Moyiz te mennen Izrayelit yo soti anN Ejip pou ale nan Tè Pwomès la. Nan dezè a yo t ap vwayaje a pa t pwodwi manje pou pèp la manje, konsa Bondye te ba yo manje.
2. **Izrayelit yo kòmanse nan kont avèk Moyiz paske yo pa ka jwenn dlo.** Yo te fatige anpil nan pakou yo a, epi yo te pè pou yo pa mouri ak swaf nan dezè a. Yo pako gen konfyans ak lafwa yo bezwen an nan Bondye.
3. **Moyiz ale kote Bondye nan lapriyè** epi li di l menas li santi sou lavi l akoz de kòlè ak swaf yo. Bondye di Moyiz pou frape yon wòch avèk menm baton an li te sèvi pou fann Lanmè Wouj la, epi dlo a t ap koule soti nan wòch la. Moyiz te fè sa jan yo te enstwi l la, epi dlo a te soti nan wòch la. Moyiz te fache ak mank lafwa pèp la epi li te rele zòn kote yo te nan kont avèk li a Masa ak Meriba, ki vle di “teste” ak “nan kont.”

Sans Tèks la

Lavi a te difisil pou Izrayelit nan esklavaj ann Ejip. Yo te kriye nan pye Bondye epi Bondye te sove yo avèk yon men ki pwisan. Izrayelit yo te sipoze wè travay pwisan ak konfyans ke Bondye ki t ap tandem kri yo epi sove yo a, se menm Bondye a ki te fè pwovizyon pou yo pandan yo t ap vwayaje pou ale nan Tè Pwomès la. Izrayelit yo, sepandan, pa t ko fè Bondye konfyans konsa. Olye de sa, yo te vin fache avèk Moyiz akoz yon manke manje. Byenke yo pa t ko fè Bondye konfyans jan yo ta dwe fè l la, Bondye te ba yo lamàn ak zòtolan pandan sis jou nan yon semèn.

Izrayelit yo nan kont avèk Moyiz ankò, ap lamante fwa sa a akoz dlo. Yo te kwè ke yo tout ta prale mouri nan dezè a paske pa t gen ase dlo pou yo. Menm jan avèk pwoblèm manje a, Moyiz te ale kote Bondye avèk plenyen yo, epi Bondye te reponn pandan l fè pwovizyon pou pèp la. Bondye te di Moyiz pou bay pèp la dlo pandan l ap frape yon wòch avèk menm baton ke l te fann Lanmè Wouj la. Pèp la te sipoze konprann ke menm Bondye ki te pwoteje yo a anba Ejipsyen lè l te fann Lanmè Wouj la se te menm Bondye ki te kapab ba yo dlo – menm nan yon wòch! Yo pa t fè sa. Malerezman, zafè kont ak plenyen bay Moyiz kòmkwa lavi a te pi bon pou yo lè yo te nan esklavaj ann Ejip la ta pral toujou yon pratik regilye pou Izrayelit yo.

Tèks Nouvo Testaman an: Jak te eksprime klèman kont ak konfli nan mitan Kretyen yo te vini paske Kretyen pa t kwè ke Bondye te ka fè pwovizyon pou yo. Nan epòk Moyiz, se te Izrayelit yo ki te nan kont avèk Moyiz, nan epòk Jak, se te Kretyen yo ki te nan kont avèk youn lòt. Nan tou de ka yo, pèp Bondye a te bezwen aprann kontwole dezi yo, epi kwè Bondye ta pral fè pwovizyon pou bezwen yo tout. Yo dwe aprann fè Bondye konfyans.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Fè konfyans pa vini fasilman oubyen natirèlman pou tout moun. Fè yon moun konfyans mande pou yon moun pou pran yon risk ke lòt moun lan merite pou fè l konfyans. Fè Bondye konfyans mande pou yon Kretyen kwè ke Bondye merite pou fè l konfyans. Byenke anpil Kretyen t ap di rapidman ke yo fè Bondye konfyans nan tout bagay, lè moman kriz yo rive, lè gen yon mank manje oubyen lajan, oubyen lè konfli avèk lòt moun yo vini, souvan Kretyen yo pa pral soumèt yo ak Bondye. Olye de sa, yo pral aji nan fason ki mal pou yo jwenn sa yo panse yo bezwen. Souvan, Kretyen yo te ka evite plis difikilte ak konfli nan lavi yo si yo alafwa konfyan epi pasyan, pandan y ap tann moman pafè Bondye a.
 - Kijan w t ap reponn yon moun ki di, “Li difisil pou kwè Bondye lè vant ou ap bouyi?
 - Menm jan ak Izrayelit yo, poukisa Kretyen yo pa toujpu kwè Bondye, menm lè Bondye te pwouve lanmou l pou yo nan fason ki pwisan nan tan pase?
- **Kè: Kijan nou kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Fè Bondye konfyans vle di kwè alafwa pou bezwen fizik ak espirityèl. Lè Kretyen yo pa kwè nan Bondye pou bezwen sa yo, kòm rezulta ap gen konfli ak kont, menm jan pasaj Biblik yo montre l. Byenke Bondye pa atann pou Kretyen yo gen konfyans pafè tout tan, Bondye tou pa vle pou tout manke konfyans mennen yon konfli avèk lòt Kretyen. Tout Kretyen yo ta dwe grandi nan obeyisans yo pou Bondye epi konfyans yo nan Bondye.
 - Anplis de swaf, ki lòt rezon ki fè yon Kretyen ka gen mal pou fè Bondye konfyans pou reponn ak bezwen l yo?
 - Kijan yon Kretyen kapab asire l ke li mande Bondye avèk bon motivasyon, epi pa avèk move motivasyon?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Kwè nan Bondye pa vle di ke Kretyen yo sèlmnan chita epi tann pou Bondye pou yo tout sa yo bezwen. Bondye rele Kretyen yo pou yo patisipe nan nan fè pwovizyon pou bezwen yo epi nan bezwen lòt moun. Disèneman an nesesè pou Kretyen yo ka konnen diferans ki genyen ant lè y ap swiv volonte Bondye pou lavi yo, oubyen lè y ap soti nan volonte Bondye ak yon mank konfyans.
 - Kijan etid Biblik regliye te kapab ede yon Kretyen grandi nan konfyans yo nan Bondye?
 - Kijan istwa sa te kapab diferan si Izrayelit yo t ale kote Bondye nan lapriyè avèk bezwen yo olye ke pou ale kote Moyiz epi pou nan kont avè l?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 21

Tit Leson an: 10 Kòmandman yo

Tèks Leson an: [Egzòd 20:1-20](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Lik 10:25-28](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt ke responsabilite nou antanke Kretyen se pou onore Kreyatè ak Sovè nou an nan fason nou viv lavi nou chak jou.
- **Kè:** Mande Bondye pou l sonde kè w epi pou l disène si pa gen yon bagay w ap adore oubyen w ap sèvi andeyò Bondye.
- **Men yo:** Jwenn mwayen nan semen sa a pou w renmen epi onore Bondye pandan w ap sèvi lòt moun.

Leson an Nan yon Vèsè: Nonm lan reponn, “Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout fòs ou kouraj ou, ak tout lide ou. Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.”” ([Lik 10:27](#))

Rezime Tèks la

Izrayelit yo te vwayaje nan dezè a pandan twa mwa. Finalman yo te rive nan yon zòn yo te rele Sinayi. Izrayelit yo te vrèman fatige epi yo enstale nan yon kan bò yon mòn yo te rele Mòn Sinayi. Yo te konnen Mòn sa sou non Mòn sen Bondye a. Bondye te di Moyiz pou l monte nan dènye bout mòn lan. Li te gen kèk règleman pou Izrayelit yo ki t ap ede yo konnen sa ki bon ak sa ki pa bon. Yo te rele yo Dis Kòmandman yo. Bondye te ekri règleman sa yo sou de tablèt ki fêt ak wòch. Moyiz te pran wòch plat yo pou desann mòn lan pou li te kapab montre Izrayelit yo. Yo se te kèk nan règleman yo; Piga nou gen lòt Bondye pase mwen mem; Piga nou sèvi mal ak non Seyè a; Respekte manman nou ak papa nou; Piga nou touye moun; Piga nou pran sa ki pa pou nou; Piga nou bay manti.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Mòn Sinayi a.** Aprè Izrayèl te delivre anba esklavaj an Ejip, Bondye te mennen yo sou Mòn Sinayi a.
2. **Tèt Mòn lan.** Moyiz te vwayaje ale sou Mòn Sinayi a kote Bondye te bay Moyiz 10 Kòmandman yo sou de wòch plat.
3. **Wòch Plat yo.** Aprè sa Moyiz te desann mòn lan epi l te ansenye Izrayelit yo Kòmandman yo. 10 Kòmandman yo se: "Piga ou gen lòt Bondye pase mwen menm. Piga ou fè ankenn estati ni ankenn potre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Ou pa dwe mal itilize non SENYÈ Bondye w la. Sonje jou repo a pou nou mete l apa pou mwen. Ou pa dwe touye moun. Ou pa dwe komèt adiltè. Ou pa dwe vòlè. Ou pa dwe bay fo temwanyaj sou vwazen w lan. Ou pa dwe pote lanvi sou sa ki pa pou ou."
4. **Mòn lan plen lafimen.** Izrayelit yo te pè lè yo te wè Mòn Sinayi te plen ak lafimen, tonnè, ak zeklè. Moyiz te di yo pou yo pa pè, paske Bondye vle itilize pouvwa Bondye a pou pwoteje yo.

Sans Tèks la

Sans Tèks la ak Tras Dis Kòmandman yo: Aprè delivrans yo anba Ejip epi aprè yo fin travèse Lanmè Wouj la, Izrayelit yo te fè kan anba Mòn Sinayi a. Sou tout wout la, Bondye te ba yo manje, dlo, epi Li te ba yo viktwa sou Amalekit yo. Kounyea Bondye te bay 10 Kòmandman fondamantal anba yo Pèp Bondye te dwe viv lavi yo devan Bondye epi avèk youn lòt.

Rezon ki fè Izrayelit yo ta dwe obeyi ak 10 Kòmandman sa yo se gras Bondye pou delivrans Izrayèl la anba esklavaj an Ejip. Izrayelit yo pa t dwe swiv 10 Kòmandman yo pou Bondye te renmen yo epi aksepte yo, Bondye te deja renmen yo epi aksepte yo. Bondye te pwouve lanmou sa lè li te sove yo anba esklavaj an Ejip. Izrayelit yo te dwe obeyisan ak Kòmandman sa yo kòm yon repons ak lanmou epi sousi Bondye te deja eksprime anvè yo.

Kòmandman fondamantal sa yo pa t dwe dives règleman ke nou dwe swiv sèlman paske Bondye te ba nou lòd pou n swiv yo. Olye de sa, yo se te yon ekspresyon de lanmou Bondye pou Izrayèl nan sans sa, si yo te swiv Bondye, sa t ap pote gwo benediksyon pou Izrayelit yo nan relasyon yo ak Bondye epi avèk youn lòt. Bondye te fè yon alyans avèk Izrayèl e pou yo te rete fidèl ak alyans lan. Si yo swiv 10 Kòmandman yo, sa ta pral fè Izrayèl rete fidèl ak alyans lan tou.

Savan yo souvan divize 10 Kòmandman yo an de gwoup, Kòmandman sa yo konsène relasyon nou avèk Bondye (kat premye yo), epi sa yo konsène relasyon nou avèk youn lòt (rès sis yo). Paske tout moun te kreye ak imaj Bondye, sa pa ase sèlman pou adore Bondye, nou dwe viv lafwa nou nan fason ki tanjib epi Pratik avèk lòt moun.

Tèks Nouvo Testaman an: Lè yo te mande kisa ki te pi gran Kòmandman an, Jezi te di yo renmen Bondye avèk tout laviw epi renmen pwochen w lan menm jan ak tèt ou. 10 Kòmandman yo se baz de gran Kòmandman sa yo. Li enpòtan paske Bondye estriktire Kòmandman sa an tèm lanmou. Yon lòt fwa ankò, kòmandman Bondye bay Izrayèl yo pa divès fado pou swiv sèlman pou swiv. Olye de sa, yo se mwayen atravè yo izrayèl te kapab reponn Bondye ak lanmou nan fason y ap viv devan Bondye epi avèk youn lòt.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Nou kapab konprann lòd negatif yo : tankou fado yo enpoze yon moun. Altènativman, nou kapab konprann lòd pozitif yo tankou : favè direktiv nan fason pou pwofite lavi. Lè Bondye bay Izrayèl 10 Kòmandman yo, yo se yon kado gras, ki montre Izrayèl kijan pou yo ka gen pi bon relasyon avèk Bondye epi avèk youn lòt.
 - Poukisa moun yo souvan reyaji nan yon fason negatif lè yon moun eseye fè 1 viv anba kèk règleman?

- Ki mezi ou kapab pran pou ede moun konprann poukisa 10 kòmandman yo se règleman ki pral beni yo si yo swiv yo?
- **Kè: Kiyès tèks la di nou ta dwe ye?** Konfyans la se yon faktè enpòtan pou konnen si yon moun pral swiv règleman yo. Èske yo kwè ke règleman yo bon ? Èske yo kwè ke moun k ap deside yo bon ? Bondye pa t bay 10 Kòmandman yo nan yon vid ; Bondye te bay yo aprè l te sove Izrayèl anba esklavaj. Izrayèl kapab kwè nan Bondye epi nan kòmandman Bondye yo akoz de lanmou Bondye te montre nan Egzòd la. Anplis de sa, nou kapab kwè nan Bondye e nan kòmandman Bondye yo, se pa sèlman akoz de Egzòd, men paske lavi, lanmò, ak rezirèksyon Jezi demontre lanmou Bondye pou nou.
 - Site kèk fason moun yo kapab montre lanmou ak respè yo pou ou?
 - Èske gen yon bagay ki anpeche w kwè nan kòmandman Bondye yo se pi bon fason pou viv lavi w?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Se pa sèlman viv lavi a selon kòmandman Bondye yo ki se pi bon fason pou nou pwofite vi sa a, men tou se yon aksyon pou adore Bondye. Lè nou kwè Bondye ase pou bay lavi nou lòd selon kòmandman Bondye yo, lè sa a nou pwoche pi prè pou akonplisman pi gran kòmandman an, renmen Bondye ak tout kè nou, ak tout nanm nou, ak tout lespri nou.
 - Kijan lekti regilye Bib la kapab ede w konnen kòmandman Bondye yo epi jwenn fòs pou viv selon kòmandman Bondye yo?
 - Site kèk egzanp nan fason ou kapab, semen sa a, ankonpli dezyèm pati pi gran kòmandman sa a – renmen pwochen w menm jan w renmen tèt ou?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 22

Tit Leson an: Ti Bèf Annò a

Tèks Leson an: [Egzòd 32](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [1 Korentyen 10:1-14](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt ke tantasyon pou peche fò, menm pou sila Bondye te gentan sove yo.
- **Kè:** Kenbe tèt nou pou n pa kite lanmou ak dezi nou yo konsantre sou pwòp plezi nou, olye yo konsantre sou onore Bondye.
- **Men yo:** Siveye abitid ak atitud ou yo de prè pou w asire ke yo pa p mennen w nan tantasyon.

Leson an Nan yon Vèsè: Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay Bondye lwanj ki pou li, yo pa di 1 mèsi jan 1 merite 1 la. Lekontré, y ap mete yon bann lide ki pa gen sans nan tèt yo, yo san konprann, fènwa fin plen kè yo. ([Women 1:21](#))

Rezime Tèks la

Moyiz te monte sou tèt Mòn Sinayi a pou resevwa Dis Kòmandman yo. Pandan li te absan, Moyiz te kite frè 1 la, Arawon, responsab Izrayelit yo. Moyiz te sou mòn lan pandan anpil tan. Kèk nan Izrayelit yo te fatige nan ret ap tann epi yo te vin trè empasyan. Yo te vle adore yon dye ke yo te kapab wè. Pou fè kè Izrayelit yo kontan, Arawon te di moun pou yo ba l tout bijou annò yo. Arawon te fonn lò a epi li te fè yon zidòl ki te sanble ak yon ti bèf. Izrayelit yo te kòmanse ap priye ti bèf annò a. Yo te di zidòl la mèsi, nan plas Bondye, ki te mennen yo soti nan Ejjip. Lè Moyiz te desann mòn lan, li te wè moun yo t ap priye ti bèf annò a. Moyiz te tèlman fache ak Izrayelit yo paske yo te dezobeyi li menm rive jete wòch plat yo atè a, epi yo te kase an plizyè moso.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Moyiz.** Bondye te rele Moyiz pou monte Mòn Sinayi a pou resevwa 10 Kòmandman yo. Moyiz te pase 40 jou, epi li retounen kounyea pou l jwenn Izrayelit yo ki t ap fè peche.
2. **Adore Zidòl.** Aprè yo te fin resevwa lòd pou pa adore lòt dye yo nan premye kòmandman an, Moyiz jwenn Izrayelit yo k ap adore yon zidòl.
3. **Ti Bèf Annò a.** Aprè yo te bay lòd pou pa t fè okenn imaj dye pou yo adore nan dezyèm kòmandman an, Moyiz jwenn Izrayelit yo ap adore yon imaj dye – Ti Bèf Annò a. Aprè yo te bay lòd pou pa t mal itilize non Senyè a nan twazyèm kòmandman an, Moyiz jwenn Izrayelit yo, ap rele Ti Bèf Annò a Bondye yo. Aprè yo te bay lòd pou pa fè adiltè nan setyèm kòmandman an, Moyiz jwenn Izrayelit yo k ap livre yo nan “rejwisans,” ki enplike pwobableman aktivite seksyèl pechè.

Sans Tèks la

Izrayelit yo te rive nan pye Mòn Sinayi a anviwon twa mwa aprè yo te kite Ejip epi te enstale kan yo. Pandan moman yo sou Mòn Sinayi a Bondye te ba yo 10 Kòmandman. Moyiz te fè anpil vwayaj monte desann sou mòn lan nan lide pou te resevwa enstriksyon nan men Bondye.

Pandan dènye vwayaj li sou Mòn Sinayi, Moyiz te pase 40 jou 40 nwit sou mòn lan epi l te resevwa wòch plat ladan yo Bondye te anrejistre 10 Kòmandman yo.

Pandan absans Moyiz la, Izrayelit yo te rasanble alantou Arawon, ke Moyiz te kite responsab. Yo pè pou Moyiz pa t ale pou tout tan, epi yo mande Arawon pou fè zidòl ki pral mennen yo soti Mòn Sinayi pou rive nan Tè Pwomès la. Arawon te soumèt anba egzijans yo a epi li te ranmase tout lò yo nan lide pou fè yon zidòl nan fòm yon ti bèf.

Izrayelit yo te kase vyole omwen twa nan 10 kòmandman Bondye te sot ba yo a lè yo te vire do yo bay Bondye epi yo te kòmanse adore yon zidòl.

Aprè yo te fin resevwa 10 Kòmandman ke Bondye te ekri sou wòch plat yo, Bondye te enfòme Moyiz ke Izrayelit yo te vire do yo bay Bondye, epi yo t ap adore yon zidòl. Bondye te deklare ke li ta pral touye tout Izrayelit yo epi li t ap fonde yon nouvo pèp pa mwayen Moyiz pou jwi pwomè Alyans yo. Sepandan, Moyiz, te sipliye Bondye pou mizèrikòd li, epi Bondye te sede.

Moyiz te desann mòn lan, li te jwenn Izrayelit yo ki t ap fè peche, epi l te fè fas ak yo.

Tèks Nouvo Testman an: Rapple Kretyen Jwif yo peche Izrayelit yo sou Mòn Sinayi a, Apot Pòl te sipliye yo pou yo pa t tonbe nan tantasyon. Genyen konsekans grav epi etènèl si Kretyen yo vire do yo bay Bondye epi retounen nan lavi pechè yo a ankò.

Chapit 10 Kòmandman yo: II. Pa Adore Zidòl. De premye kòmandman yo etabli reliyion Izrayèl tankou yon lafwa monoteysis. Sa se yon karakteristik ki distenge lafwa Izrayèl la, okenn lòt reliyion pa kwè nan yon sèl vrè Dye. Kontréman ak vwazen politeyis yo, Izrayèl dwe kwè ke gen yon sèl Bondye ki te kreye tout bagay, e ki te fè alyans avèk Izrayèl. Paske sèl Bondye sa a te kreye tout bagay, Izrayèl pa fè zidòl. Yo pa ka reprezante Bondye pa okenn bêt oubyen èt vivan, epi konsa Izrayèl pa dwe fè okenn reprezantasyon Bondye pou yo adore.

- **Tèt:** Ki mezi nou kapab pran pou ede moun yo konprann poukisa 10 kòmandman yo se règleman ki pral beni yo si yo swiv yo?
 - **Kè:** Site kèk fason moun kapab montre lanmou ak respè yo pou ou?
 - **Men yo:** Kijan ou kapab disène lè yon objè oubyen yon dezi vin yon zidòl pou ou?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Izrayelit yo te vin rebèl lè Moyiz te rete sou Mòn Sinay a pandan 40 jou 40 nwit. Yo te ka ranpli ak laperèz ke Moyiz te mouri oubyen Moyiz te sèlman kite yo. Yo te ka gen petèt krentif pou yo pa t mouri nan dezè a san yon chèf. Yo te sèlman regrese epi yo te vle vin menm jan ak Ejipsyen yo – yon pèp ki gen plizyè dye. Kèlkeswa rezon an, yo te abandone 10 Kòmandman Bondye te ba yo a rapid epi yo te kòmanse viv selon yo menm. Byenke Bondye menase yon lòt fwa ankò pou l detwi yon pèp k ap fè peche (menm jan ak pèp nan epòk Noye a, ak pèp Sodòm ak Gomò a), Moyiz plede an favè Izrayelit yo epi Bondye chanje lide.
 - Poukisa ou panse ke Izrayelit yo te vyole anpil nan 10 Kòmandman yo rapid?
 - Poukisa li difisil pou ret ap tann ak konfyans pou Bondye reponn priyè yo?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Apot Pòl raple Kretyen yo ke nenpòt jan yo grandi nan lafwa yo, tantasyon pa t janm lwen. Chak fwa Kretyen yo konsantre sou akonplisman dezi yo olye de volonte Bondye, tantasyon an ap pwospere. Si menm Izrayelit yo, ki te apèn fè eksperyans pouvwa pwisan Bondye a nan plizyè fason, te tonbe nan tantasyon, nan ki pwen sa dwe fasil pou Kretyen yo te tonbe tou? Sepandan, akoz rezirèksyon JeziKri a, Kretyen yo pa menm jan ak Izrayelit sa yo, olye de sa, nou gen Bondye k ap travay nan kè nou ak nan lespri nou pa mwayen pwisan Sentespri a.
 - Tantasyon te parèt sou Èv sou fòm yon koulèv, sou Izrayelit sou fòm yon ti bèf. Sou ki fòm tantasyon parèt sou moun jodi a?
 - Kisa ki genyen nan krentif ak ensekirite ki rann moun ouvri pou tante fè peche?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Nou fè peche chak fwa nou dirije kè nou nan tout lòt bagay ke Bondye. Si nou pa viv ak disèneman, pasyon ak dezi nou yo kapab mennen nou nan peche. Menm sèvis ak Pratik reliye yo kapab tounen peche lè atansyon ak dezi nou yo konsantre sou yon lòt bagay ke Bondye.
 - Kijan Kretyen yo kapab pran nan pyèj nan adore oubyen sèvi yon lòt bagay ke Bondye?
 - Kijan Kretyen kapab disène si dezi yo onore Bondye oubyen onore tèt yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 23

Tit Leson an: Konstriksyon Tabènak la

Tèks Leson an: [Egzòd 39:32-43](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Ebre 8](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Afime ke Bondye vle gen yon relasyon sere avèk limanite, epi li te kreye mwayen pou sa kapab rive.
- **Kè:** Rezève tan ak kote pou adore Bondye nan lide pou rete nan yon relasyon entim avèk Bondye.
- **Men yo:** Angaje w pou rejwenn regilyèman Kretyen yo nan adorasyon, pou chante chan pou fè lwanj, pou priye, epi aprann Bib la.

Leson an Nan yon Vèsè: Se konsa yo te fin fè tout travay pou Tant Randevou a, kote pou Bondye rete a. Moun pèp Izrayèl yo te fè tout bagay dapre lòd Seyè a te di Moyiz la. Wi, se konsa yo te fè l. ([Egzòd 39:32](#))

Rezime Tèks la

Bondye te di Moyiz ke li te vle pou Izrayelit yo konsti wi yon Tabènak. Yon tabènak se te yon kote pou adore Bondye. Bondye te bay Moyiz enstriksyon trè espesifik sou fason li te vle Tabènak la ye. Bondye te chwazi Bezaleyèl ak Owoliyab pou responsab konstriksyon Tabènak la. Yo se te atizan ki te trè abil e yo te gen don espesyal pou fè bél bagay. Bondye te vle Tabènak Li a pi bél pase tout lòt konstriksyon. Tabènak la te gen de chanm espesyal. Chanm sa yo te separe avèk yon bél rido. Premye chanm lan te rele Lye Sen. Sèl prèt yo ki kapab antre nan chanm sa a. Yo te boule yon pafen espesyal sou lotèl la pandan yo t ap priye. Dezyèm chanm lan te rele Lye Trè Sen. Sèl pi gran prèt la ki te ka antre nan chanm sa yon sèl fwa pa ane. Bwat Kontra a te nan chanm sa a.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Tabènak La** se te yon konstriksyon ke Bondye te fè Izrayelit yo konstwi pou yo te ka gen yon kote pou adore Bondye. Izrayelit yo fè kado objè pou te konstwi Tabènak la. Tabènak la te gen de chanm, yon Lye Sen ak Yon lye Trè Sen. Tabènak la te gen rido koulè ble, vyolèt ak wouj.
2. **Lye Sen An.** Nan Lye Sen an te gen objè Bondye te fè Izrayelit yo kreye, tankou Lotèl lansan an (gade dèyè Arawon)
3. **Bwat Kontra a.** Yo te mete Bwat Kontra a nan Lye Trè Sen an, kite gen ladan l 10 Kòmandman yo, echantyon lamàn, ak kèk lòt objè.
4. **Arawon,** Antanke prèt, te fè kreye objè sa yo pou inifòm li. Yo te gen ladan yo Efod, ke yo te mete anwo wòb la epi yo te fè l avèk bèl fil. Li te gen ladan l tou, yon moso twal pou mete sou pwatrin ki te gen 12 wòch presye, youn pou chak nan 12 branch fanmi Izrayèl yo.
5. **Sakrifis sou Lotèl la.** Sakrifis y te ofri nan Tabènak la pa sèlman pou adorasyon, men tou tankou yon asyon pou chèche padon pou peche yo. Bèt yo te sakrifye a t ap mouri tankou yon ranplasan pou efase peche yon moun.

Sans Tèks la

Izrayelit yo pa t gen yon kote pou adore Bondye pandan yo te esklav an Ejip. Kounyea yo se yon nasyon ki lib, ke Bondye ap dirije e ke Farawon pa p dirije, yo te kapab gen yon kote pou yo adore Bondye.

Bondye te sèlman bay Moyiz 10 Kòmandman sou Mòn Sinayi a, Bondye te bay tou enstriksyon pou konstwi yon Tabènak. Bondye te presize tou ki objè pou itilize pou konstriksyon an, epi objè yo dwe nan Tabènak la. Tabènak la ta pral kote mobil pou Izrayèl adore pandan Bondye t ap dirije yo pou ale nan Tè Pwomès la. Nan Tabènak la, prèt yo t ap kondwi sakrifis yo pou pèp la epi dirije adorasyon Bondye a. Li enpòtan pou note ke Bwat Kontra a, ki gen ladan l 10 Kòmandman yo, te reprezante prezans Bondye, epi yo te mete l nan Lye Trè Sen an.

Tèks Nouvo Testaman nan: Tabènak la se te yon prefigiasyon de yon reyalite ki menm pi gran. Nan Tabènak la, prezans Bondye abite nan Bwat Kontra a. Sepandan, nan JeziKri, prezans Bondye te abite sou fòm moun. Menm jan, nan Tabènak la moun yo te dwe kontinye fè sakrifis ane aprè ane pou efase peche yo. Paske Kris te vin ti mouton Pak la pou Kretyen yo, yo pa bezwen ale nan yon konstriksyon pou yo repanti ak peche yo, men kounyea yo gen aksè dirèk pou mande padon epi pou chèche gerizon nan men Bondye.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Yon pati nan etablisman Izrayèl la antanke nasyon te kreye pratik reliye pou yo. Bondye te bay Moyiz enstriksyon sou fason pou l konstwi yon andwa kote Izrayelit yo te kapab idantifye kòm sant lavi reliye yo, Tabènak la. Paske Bondye se yon Bondye ki bon anpil, Izrayelit yo te bay byen ki te pi presye yo pou konstwi Tabènak la. Atravè Kris Bondye te menm bay yon pi bon fason pou nou pwoche bò kote Bondye.
 - Kisa ki t ap kèk lit Izrayelit yo te fè fas soti nan viv avèk Ejipsyen yo, ki t ap adore plizyè dye, pou viv nan dezè nan adorasyon sèl vrè Dye a?
 - Poukisa ou panse li enpòtan pou gen yon espas fizik pou Izrayelit yo ka idantifye antanke yon espas ki gen prezans Bondye?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Asireman, Bondye pa t janm vle Izrayelit yo kwè ke prezans Bondye te sèlman nan Tabènak la. Sepandan, li enpòtan pou moun yo konprann ke genyen moman ak espas ki sakre. Sa ede Kretyen yo adore Bondye lè yo mete apa moman ak espas sèlman pou sa.
 - Menm jan Izrayèl te bay pi bon byen yo pou konstwi tabènak la, ki pi bon byen Kretyen yo kapab bay Bondye antanke yon zak adorasyon?

- Èske w twouve l pi fasil pou w konekte avèk Bondye nan sèvis adorasyon yo avèk lòt moun yo, oubyen pou kont ou nan pwòp moman lapriyè w? Poukisa w panse sa posib?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Bay Bondye ofrann se yon Pratik enpòtan pou Kretyen yo. Paske Kretyen yo kwè ke se Bondye ki bay tout bon kado yo pou itilize pou avansman Wayom Bondye a nan kominote yo epi atravè mond lan. Izrayelit yo te bay ak volonte meyè de yo menm pou konstwi yon bèl tabènak pou Bondye.
 - Kijan lè w bay ofrann nan legliz ou sa kapab ede lòt moun konnen Kris?
 - Kijan prezans fidèl nan sèvis adorasyon yo ede Kretyen yo grandi nan lavi espirityèl yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 24

Tit Leson an: Douz Espyon yo Kanaran

Tèks Leson an: Nonb 13-14

Tèks Nouvo Testaman an: Efezyen 6:10-18


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Kwè pouvwa Bondye a pi gran pase pouvwa lòm, e se poutèt sa, nou kapab akonpli nenpòt travay Bondye rele nou.
- **Kè:** Kwè Bondye sèlman vle pi bon an pou Kretyen yo, e li prè pou l bay Kretyen yo fòs ak pwoteksyon pandan y ap mache nan lafwa pou akonpli apèl Bondye sou lavi yo.
- **Men yo:** Byen souvan, Bondye rele nouvo Kretyen yo pou yo fè ti pa nan lafwa konsa pou yo kapab kòmanse fè eksperyans konfyans Bondye a. Nan kisa Bondye rele w, e kijan w kapab fè ti pa lafwa pou w reponn ak apèl sa a?

Leson an Nan yon Vèsè: Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan. ([Efezyen 6:11](#))

Rezime Tèks la

Lè Moyiz ak Izrayelit yo te rive Kadèch, Moyiz te voye douz mesye Kanaran pou espyone peyi a. Moyiz te di espyon yo pou gade ki kalite moun ki t ap viv lot bò a. Èske yo te gwo tankou jeyan oubyen èske yo te piti? Èske yo te gen miral alantou vil yo a? Ki diferan kalite manje yo te plante? Douz espyon yo te ale nan peyi Kanaran epi yo te eksploré l pandan karant jou. Lè espyon yo te retounen, yo te pote kèk fwi soti nan peyi. Yo te koupe yon grap rezen ki te gwo anpil, fòk te gen de mesye pou te vin avè l. Espyon yo te retounen epi yo te di Moyiz sa yo te wè. Dis nan espyon yo te pè anpil pou retounen Kanaran. Yo te panse mesye yo te twò gwo pou batay avèk yo. Men Jozye ak Kalèb te vle rантre touswit epi pran peyi a nan men pèp Kanaran an.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Espyon yo.** Moyiz te voye 12 espyon nan Tè Pwomès la pou mennen yon ankèt epi fè yon rapò sou vil yo, moun, ak tè a.
2. **Gwo Fwi.** Espyon yo te rapòte ke peyi a se te yon peyi ki te pwospere anpil, plen avèk abondans, men tou li gen vil ki te fòtifye epi moun ki pwisan.
3. **Monte sousi** (potè fwi devan an). Dis nan espyon yo te simen dout ak laperèz lakay Izrayelit yo, avèti yo kont antre nan Tè Pwomès la.
4. **Souri.** (potè fwi dèyè a). Men de nan espyon yo te fidèl ak Bondye e yo te mande pou moun yo gen lafwa paske Bondye ki te pwomèt pou l ba yo Tè Pwomès la pral batay an favè yo epi l ap ba yo Tè Pwomès la reyèlman.

Sans Tèks la

Izrayelit yo te vwayaje soti sou Mòn Sinayi a, kote yo te resevwa 10 Kòmandman yo, pou rive sou fwontyè nan sid Tè Pwomès la. Byenke Bondye te sove Izrayelit yo anba esklavaj ann Ejip avèk pouvwa pwisan li, Izrayelit yo te kontinye doute, plenyen, e menm vle retounen ann Ejip. Yo te enstale yo sou fwontyè Tè Pwomès la, Moyiz te voye douz espyon al espyone peyi a. Yo te vwayaje nan dènye bout Tè Pwomès la, epi aprè sa yo te retounen.

Yo te retounen avèk yon rapò konsènan yon peyi ki gen anpil pwodiksyon. Sepandan, yo te retounen avèk yon rapò konsènan vil yo ki te fòtifye epi anpil gwo abitan. Dis nan espyon yo te avèti Izrayelit yo ke sa t ap bagay moun sòt pou atake yon pèp konsa. De nan espyon yo, Arawon ak Kalèb, te mande pèp la pou mete lafwa nan Bondye, epi kwè ke Bondye ki te pwomèt yo peyi sa a t ap ba yo peyi sa a an reyalite. Pèp la ranpli ak perèz epi dout, yo te refize obeyi Bondye. Yo te menm pale pou touye Moyiz.

Bondye te menase pou detwi Izrayelit yo, men Moyiz te sipliye Bondye pou yo. Bondye te sede, epi li te deside, olye pou l detwi yo, li te fè yo mache nan dezè a pandan 40 ane, jiskaske tout sa yo ki te doute l te mouri. Aprèsa yon nouvo jenerasyon Izrayelit ki pi fidèl, te antre nan Tè Pwomès la.

Tèks Nouvo Testaman an: Kretyen yo dwe Rekonèt ke y ap viv nan yon mond ki gen lagnè espirityèl. Sepandan, Kretyen yo dwe sèvi ak don Bondye te ba yo nan lide pou kanpe djanm. Lavi Kretyen an pa yon lavi pasif, men yon batay aktif kont pouvwa Satan.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leso Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Izrayelit yo te sou pwen pou yo te antre nan Tè Pwomès la. Tout sa yo te dwe fè se te gen lafwa nan Bondye ki te mennen soti ann Ejip avèk pouvwa pwisan l lan t ap ede yo antre sou Tè Pwomès la avèk menm pouvwa pwisan an. Sepandan, dis nan espyon yo pa t gen lafwa ke Bondye te pwisan ase pou l te ede yo, epi yo te simen perèz ak dout lakay moun yo. Sèlman de espyon ki te kwè Bondye t ap fè yo fè siksè. Kretyen yo dwe kwè ke Bondye kapab ba yo pouvwa pou akonpli apèl Bondye sou lavi yo. Si yo doute epi refize fè sa Bondye rele yo pou yo fè, yo nan rebelyon ak Bondye, epi yo mete tèt yo nan yon sitiyasyon ki danjere.
 - Poukisa kèk moun twouve l difisil anpil pou kwè Bondye pral fidèl ak pwomès Bondye te fè yo a?
 - Nan ki fason dout kèk moun kapab (menm jan ak 10 espyon yo) lakòz yon gwo mal ak lafwa w nan Bondye?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Bondye ki sove Kretyen yo de fot yo ak pouvwa peche pase yo pral kontinye veye sou yo epi pwoteje yo a lavni. Kretyen yo dwe aprann fè Bondye konfyans, paske Bondye pa kontante l sèlman pou sove yo anba peche yo, Bondye vle itilize Kretyen yo pou beni lòt moun. Sepandan, Bondye pral bay Kretyen yo defi pou mache nan lafwa epi sèvi lòt moun. Kretyen yo dwe ekipe tèt yo avèk kado Bondye ba yo pou yo kapab batay pandan y ap akonpli volonte Bondye.
 - Ki zam Bondye ke ou te deja itilize pou pwoteje tèt ou kont danje espirityèl yo?

- Ki zam Bondye ke ou bezwen devlope nan lavi w nan lide pou pwoteje tèt ou?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Pèp Bondye a dwe resevwa kado Bondye yo epi mete yo an pratik. Li pa sifi sèlman pou mande Bondye benediksyon, Kretyen yo dwe devlope tou abitid ak pratik ki ede yo mete benediksyon Bondye yo an pratik pou yo kapab beni lòt moun avèk don sa yo. Sa ka parèt danjere pou mete don Bondye yo an pratik, men Bondye diy pou fèl konfyans, li pral fini bon travay li kòmanse fè nan ou a.
 - Ki zam ou kapab itilize semèn sa a pou vin yon benediksyon pou lòt moun?
 - Kijan ou kapab ede moun ki gen dout yo konsènan lanmou oubyen pouwwa Bondye pou wè fason lanmou ak pouwwa Bondye te travay nan lavi w?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 25

Tit Leson an: Koulèv an Bwonz lan

Tèks Leson an: [Nonb 21:4-9](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Jan 3:1-21](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Rekonèt ke moman ak priyorite Bondye yo souvan diferan ak pa nou yo akoz enpasyans ak priyorite koutèm nou yo
- **Kè:** Konprann enpasyans ak fristrasyon nan kè souvan mennen nou pran desizyon nan prese e san Reflechi.
- **Men yo:** Devlope yon lavi gratitud ki kapab bay Bondye lwanj ak remèsiman, menm lè w ap tann pou Bondye reponn priyè w yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Moyiz pran kwiv, li fonn li, li fè yon sèpan parèy ak parèy yo. Lèfini, li metel sou yon poto byen wo. Tout moun sèpan mòde, depi yo voye je yo gade sèpan an kwiv la, yo pa mouri. ([Nonb 21:9](#))

Rezime Tèks la

Izrayelit yo te kwè nan move rapò dis espyon yo te bay sou Kanaran an, konsa Bondye pa t kite yo antre nan Tè Pwomès la. Olye de sa, yo te kontinye ap mache nan dezè a. Izrayelit yo te kontrarye e yo te kòmanse ap plenyen. Yo te mande Moyiz poukisa li te fè yo soti nan peyi Ejip. Yo pa t gen anpil pen oubyen dlo, epi yo pa t renmen lamàn Bondye te ba yo a. Bondye te fatige tande pèp li k ap plenyen, konsa Li te voye koulèv ki te pwazonnen nan kan Izrayelit yo. Koulèv yo te mòde moun epi anpil Izrayelit te mouri. Moun yo te regrett dèske yo t ap plenyen epi yo te vle Moyiz priye epi mande pou Bondye efase koulèv yo. Bondye te di Moyiz pou l fè yon koulèv an bwonz epi pou l kwoke l sou yon poto, après a lè yon koulèv mòde yon moun, li te kapab leve je l gade koulèv an bwonz lan epi l l ap viv.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Izrayelit yo** yo te fache paske yo te toujou ap mache nan dezè a. Yon fwa, yo te plenyen bay Moyiz. Epi yo te di l ke lavi yo te pi bon si yo pa t janm kite Ejip. Yo te di ke yo pa t renmen manje Bondye te ba yo a.
2. **Koulèv pwazonnen.** Akoz plenyen ak engratitud yo, Bondye te voye koulèv pwazonnen sou yo. Anpil Izrayelit t ap mouri, epi konsa yo te vin kote Moyiz epi yo te mande l pou l priye Bondye pou yo konsa Bondye t ap efase koulèv yo.
3. **Koulèv an Bwonz lan.** Bondye te di Moyiz pou l kreye yon koulèv an bwonz epi mete l sou yon poto. Konsa neneptòt moun ki obeyi ak Bondye pandan yo gade kouèv an bwonz lan t ap viv.

Sans Tèks la

Izrayelit yo te refize kwè nan bon rapò de nan espyon yo te rapòte sou vwayaj yo nan Tè Pwomès la. Yo pa t gen lafwa Bondye t ap ba viktwa kont sila yo ki te deja ap viv sou Tè Pwomès la. Sepandan, Bondye te deklare okenn nan Izrayelit sa yo ki te doute pa t ap antre nan Tè Pwomès la. Olye de sa, yo t ap mache nan dezè a jiskaske nouvo jenerasyon ki vini an te kwè nan Bondye.

Byenke Izrayelit yo t ap mache nan dezè a, yo te vin fache anpil epi enpasyan, epi pale kont Bondye ak Moyiz. Yon lòt fwa, yo te di yo te pito rete nan esklavaj ann Ejip pase pou mache nan dezè a. Kòm repons, Bondye te pini yo pou engratitud yo pandan l voye koulèv pwazonnen pami yo. Izrayelit yo te kòmanse santi konsekans peche yo.

Lè Izrayelit te kriye pou gerizon, Bondye te ba yo pwoteksyon kont koulèv yo. Si pèp la obeyi ak kòmandman Bondye te ba yo atravè Moyiz, pou leve je gade koulèv an bwonz lan, yo t ap an sekirite.

Tèks Nouvo Testaman an: Menm jan Moyiz te fè fas ak enkredilite pami Izrayelit yo, Jezi tou. Chèf Izrayelit yo pa t kwè Bondye t ap vini tankou yon Mesi menm jan ak Jezi, ki te pòv epi ki

pa t fè pati etablisman relijye ak prèt Jerizalèm lan. Jezi te rele Nikodèm, ansanm ak tout Izrayelit yo, pou yo kwè mesaj li ki soti nan Bondye, epi se li menm ki Mesi Bondye te pwomèt la.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Bbilik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Enpasyans ak engratitud se atitud destrikтив. Moun ki pa t aprann mete yon konfyans ki fèm nan Bondye ap tann pou Bondye reponn priyè yo rapidman. Yo espere tou Bondye reponn priyè yo egzakteman jan yo vle pou yo reponn lan. Sepandan, Bondye konnen pi byen sa nou bezwen epi lè nou bezwen l lan. Sepandan, pandan n ap li Ekriti a, n ap devlope yon vi lapriyè pwofon, epi n ap aprann kwè nan sajès Bondye, Kretyen yo kapab venk enpasyans ak engratitud epi aprann ret tann moman pafè Bondye a ak repons pafè lapriyè.
 - Ki kalite move desizyon ki kapab konsekans lè nou aji ak enpasyans epi engratitud?
 - Menm jan pou atitud Izrayelit yo anvè lamàn lan, kisa ki te kapab kèk benediksyon Bondye bay Kretyen jodia ke yo ka pa apresye jan yo ta dwe ye a?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Engratid ak enpasyans se de ekspresyon nati fondamantal peche, ki se egois. Aprann ke soumisyon ak volonte epi pasyans Bondye avèk moman Bondye yo se de kle pou grandi nan matirite Kretyen an. Yo se kle tou pou anpeche peche kontwole kè w.
 - Selon ou menm, poukisa Bondye wè tan an yon fason ki diferan pa rapò ak jan moun wè l?
 - Ki kèk lesyon Kretyen yo kapab aprann pandan y ap fè travay di pou aprann gen pasyans epi rekonesan?

- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Avèk iwoni, refize aji pwobableman kapab pi bon aplikasyon fizik etid sa a. olye de sa, aprann chita trankil nan lapriyè ak refleksyon pafwa se pi bon repons pou fristrasyon ak enpasyans. Lè Kretyen yo bay Jezi tout lavi yo, yo dekouvri yon lapè ki depase tout konpreyansyon.
 - Ki kote epi ki moman ou kapab ale chak jou epi ret tann Bondye an silans?
 - Ki mezi ou kapab pran lè w kòmanse santi yon atitud engratitud oubyen enpasyans kòmanse pran rasin nan kè w?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 26

Tit Leson an: Bourik Balaram ki pale a

Tèks Leson an: [Nonb 22:21-41](#)

Tèks Nouvo Testaman: [Mak 9:38-40](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Apresye travay Bondye kapab fè atravè nenpòt moun, epi pafwa an reyalite li travay atravè moun nou pa t atann (epi menm bêt yo)
- **Kè:** Rekonèt ke gen yon tantasyon pou Kretyen yo tandé sèlman nan men Bondye sa yo vle tandé. Lè Kretyen yo soumèt yo devan Bondye nèt, yo pral rive konprann mesaj Bondye ba yo menm lè se pa yon mesaj yo vle tandé.
- **Men yo:** Rezèvè tan semèn sa a pou kite woutin ak modèl abityèl ou yo pou ou kapab pase tan ap koute vwa Bondye.

Leson an Nan yon Vèsè: Balaram reponn: -Apa mwen vini fwa sa a! Men mwen tou pale ou, se pawòl Bondye va mete nan bouch mwen ase m'ap di.” ([Nonb 22:38](#))

Rezime Tèks la

Pandan Izrayelit yo t ap moute desann nan dezè a, wa Mowab la te pè pou yo pa t atake peyi 1. Wa a te voye kèk mesaje pou pale ak yon nomm ki rele Balaram. Mesaje yo te di Balaram ke wa a t ap ba li anpil lajan si li ta lage yon malediksyon sou Izrayelit yo. Bondye te di Balaram pou li pa lage malediksyon sou pèp li a. Nan demen, Balaram te monte sou bourik li epi li te kòmanse vwayaje pou ale Mowab. Pandan Balaram t ap vwayaje, petèt li t ap panse ak tout lajan li ta pral jwenn si li te modi Izrayelit yo. Pandan li t ap panse, bourik li a te tresayi epi toudenkou li te kite wout la. Apre sa, Bondye te etone Balaram. Li te fè bourik la vire tèt li epi li pale reyèlman ak Balaram. Yon zanj Bondye te apwoche Balaram epi li te pale avèk li. Balaram te chanje lide epi li te deside pou li pa t modi Izrayelit yo.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Balaram** se te yon pwofèt, men li pa t yon pwofèt Izrayelit. Sepandan, li te kwè nan Bondye, epi li te koute vwa Bondye. Lè Izrayelit yo te tou pre Mowab, wa Mowab la te pè yo. Li te voye chèche Balaram yon fason pou Balaram te kapab lage yon malediksyon sou pèp Izrayèl la. Balaram te monte bourik li a pou li t al pale ak wa Mowab la.
2. **Bourik Balaram lan.** Bondye te vle fè fas ak Balaram anvan li te rankontre wa Mowab la. Bondye te voye yon zanj avèk yon epe pou li kanpe sou chemen Balaram. Balaram pa t ka wè zanj lan, men Bourik li a te kapab. Twa fwa zanj lan te parèt, twa fwa Bourik la te kenbe Balaram an sekirite san li pa t apwoche zanj lan.
3. **Balaram batay avèk Bourik li a.** Balaram, ki pa t kapab wè zanj lan ak epe a, te vin fache avèk Bourik li a epi li te kòmanse bat Bourik la. Aprè sa Bondye te ouvri bouch Bourik la, epi Bourik la te esplike poukisa li te rete kanpe. Apre sa, Balaram te kapab wè zanj lan epi li te rekonesan pou Bourik li a. Bondye te di Balaram pou li asire ke li te sèlman di wa Mowab pawòl Bondye t ap ba li yo.

Sans tèks la

Izrayelit yo ap vin pi pwòch Tè Bondye te pwomèt yo a. Pandan yo t ap mache ale nan Tè Bondye te pwomèt yo a, yo te fè anpil nan moun ki bò kote yo pè paske yo te anpil, epi paske pèp la te tande jan Bondye te fè yo soti an Ejip avèk yon men ki pwisan.

Balak, wa Mowab la, se te youn nan wa ki te gen krentif pou Izrayelit yo. Pou li te kapab pwoteje pèp li a, li te voye yon pwofèt ki te rele Balaram. Li te vle Balaram lage yon malediksyon sou Izrayelit yo, li te panse sa t ap kapab kenbe Mowab an sekirite kont Izrayelit yo. Balaram pa t yon Izrayelit, men li te kwè nan Bondye.

Bondye te genyen plan pou wa Mowab la. Pou Bondye te ka asire li ke Balaram te di sa Bondye te vle pou li di, Bondye te fè fas ak Balaram epi Bourik li avèk yon zanj ki ame. Nan pasaj sa a,

byenke Balaram te déjà kwè nan Bondye, pwisans Bondye a te enpresyone pi fon nan kè li pou 1 te ka di sèlman pawòl Bondye te ba li pou li te di.

Nan de Chapit k ap vini yo Bondye te kontrekare plan Balak yo, wa mowab la, lè li te bay Balaram lòd pou li pwononse pawòl benediksyon sou Izrayèl olye de malediksyon. Balak te vin fache anpil avèk Balaram, men Balaram te konfese li te kapab pale sèlman pawòl Bondye te ba li pou li pale.

Tèks Nouvo Testaman an Disip Jezi yo te fache paske yon moun ki pa t youn nan 12 disip Jezi yo te fè mirak nan non Jezi. Disip yo te sèlman panse ke se yo ki ta dwe kapab fè sa, epi konsa yo te bay mesye a lòd pou li te sispann. Sepandan, Jezi anseye ke Bondye pa limite pwisans Bondye epi dezi li ak disip Jezi yo sèlman pou geri moun. Olye de sa, disip yo bezwen rekonèt ke nenpòt moun ki pa kont Bondye se pou Bondye.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande rekèt priyè epi fè lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou rekèt priyè a.
- Mande Sentespri a pou li ouvri kè ou epi lespri ou pou resevwa avèk jwa sa ke Bondye dwe genyen pou Li pataje avèk ou jodia.

Koute

- Li tou de tèks Leson Biblik yo.
- Rezime “Sans Tèks” ki anlè a pou klas la.
- Li tou de tèks lesон Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks prensipal Bib la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pafwa Bondye travay nan moun yo mwens itilize yo, epi nan ka sa ayon bêt. Byenke Balaram se te yon pwofèt ki te koute Bondye, li te koute fo dye yo tou. Lè wa Mowab te voye Balaram pou li lage yon malediksyon sou Izrayelit yo, Bondye te deside kite Balaram ale, men pou li te pwononse benediksyon sou yo olye de malediksyon. Sepandan, sou wout la, Bondye te vle asire Li ke Balaam te sèlman pale mesaj Bondye a. Kidonk, Bondye te kreye evènman sa a avèk bourik Balaram nan epi zanj lan pou asire li ke Balaram te konprann pouvwa Bondye epi volonte Bondye pou Balaram.
 - Èske Bondye pa janm beni ou, oubyen pale avèk ou, atravè yon moun ki pa Kretyen?
 - Nan ki fason Bondye te atire atansyon ou?

- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Li se yon tantasyon pou kretyen yo panse ke yo konnen tout sa yo bezwen konnen sou Bondye, oubyen sa yo konnen egzakteman ki jan Bondye santi li nan tout sitiyasyon yo. Sepandan, chak fwa Kretyen yo panse ke yo konnen sa Bondye vle, sa kapab koze gwo pwoblèm. Byenke kretyen yo dwe toujou fè efò pou yo konnen Pawòl Bondye epi volonte Bondye, yo dwe toujou sonje Bondye pi gran, pi saj epi pi pwisan pase sa yo pa p janm konprann. Pou se yon kretyen k ap grandi vle di kretyen an ap toujou ouvè pou tandé yon nouvo mesaj ki soti nan Bondye.
 - Poukisa se yon erè pou panse ke nou toujou konnen ki jan Bondye panse epi sa Bondye vle?
 - Kisa yon kretyen ta dwe fè si yo kwè ke Bondye ap ba yo yon mesaj espesyal?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye a an pratik?** Lè nou disène mesaj Bondye a se yon pati enpòtan pou vin yon Kretyen. Fason prensipal kretyen yo kapab konnen mesaj Bondye ba yo se lè yo etidye Labib, priye Bondye epi disène konsèy sajès ki soti nan kretyen ki gen matirite yo. Pafwa Bondye pral pale ak yon kretyen yon fason ki etonan, jan sa te rive Balaram lan. Sepandan, anpil fwa Bondye pale pa mwayen Bib la, priyè, epi frè ak sè nan Kris. Li pi fasil pou kretyen yo tandé mesaj Bondye lè yo li Labib fidèlman epi pase tan nan lapriyè.
 - Poukisa etid Biblik, priyè epi konsèy ki soti nan kretyen ki gen matirite yo dwe tout aktivite abityèl pou kretyen an? Poukisa Kretyen an pa kapab chwazi youn nan aktivite sa yo?
 - Site kèk distraksyon ou bezwen debarase ou de yo lè w ap chèche tandé mesaj Bondye ba ou?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou rakonte tèks prensipal Leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pou pataje fason yo panse Bondye vle pou yo reponn nan lesон jodia.
- Pase tan nan priyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv lesón jodi a.
- Lè n ap fini mande tout moun pou resite ansanm Priyè Senyè a.

Leson Biblik #27

Tit Leson an: Travèse Joudan an

Tèks Leson an: [Jozye 3-4](#)

Tèks Nouvo Testaman: [Matye 3](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Kwè pwomès Bondye yo se verite. Menm jan Bondye te fann lanmè Wouj pou sove pèp Izrayèl la anba men Ejipsyen yo epi Bondye te fann Rivyè Joudan an pou pèp Izrayèl la rantre an sekirite nan Tè Li te pwomèt yo a, konsa ou kapab kwè ke Bondye pral akonpli pwomès Bondye genyen pou ou yo.
- **Kè:** Selebre ke Bondye se menm yè, jodia, e pou tout tan. Kretyen yo kapab kwè nan Bondye paske istwa a montre ke Bondye kenbe pwomès li yo.
- **Men yo:** Pataje temwanyaj ou avèk lòt yo. Lè ou fè sa, w ap rann temwanyaj nan mond lan ke Bondye toujou ap travay nan mond sa a, pou pote lajwa epi delivrans.

Leson Nan yon vèsè: Apre sa, pèp la “Mete nou nan Kondisyon pou nou fè sèvis pou Bondye, paske demen Seyè a pral fè mèvèy devan je nou.” ([Jozye 3:5](#))

Rezime Tèks la

Aprè Moyiz te fin mouri, Bondye te fè Jozye vin nouveau dirijan Izrayelit yo. Izrayelit yo te kontan paske Bondye te chwazi Jozye pou dirije yo. Aprè plizyè ane yo te fè nan dezè a, finalman se te tan pou Izrayelit yo jwenn yon lòt chans pou yo rantre nan Tè Bondye te pwomèt yo a. te gen yon sèl pwoblèm: Izrayelit yo te dwe travèse rivyè Joudan an. Rivyè a te debòde, kidonk yo pa t kapab travèse li fasil. Bondye te di Jozye pou li mande Prèt yo pou yo pote Bwat Kontra a epi pou yo mache devan Izrayelit yo. Lè Prèt yo te rive bò rivyè a, Yo te oblige rantre ladan li. Lè pye yo te touche ak dlo a, dlo a te sispann koule epi li te kòmanse gonfle tou de bò yo. Izrayelit yo te kapab travèse Rivyè Joudan an sou tè sèch. Aprè tout moun te fin travèse, dlo a te kòmanse koule ankò. Finalman Izrayelit yo te rantre sou tè yo te pwomèt yo a.



Anseye apati de Imaj la

1. **Tè Bondye te pwomèt yo a.** Aprè 40 lane nan dezè a, finalman Izrayelit yo te rantre nan tè Bondye te pwomèt yo a.
2. **Rivyè Jouden an.** Sèl bagay ki te kanpe ant Izrayelit yo epi tè Bondye te pwomèt yo a se te Rivyè Jouden an. Jouden an te nan faz inondasyon, epi konsa pa t genyen okenn fason pou Izrayelit yo te travèse rivyè a san danje.
3. **Bwat Kontra a.** Bwat Kontra a te genyen de wòch plat ki genyen dis Kòmandman yo, ak kèk lòt atik tou. Se pou te montre Izrayelit yo prezans Bondye.
4. **Prèt yo.** Bondye te bay prèt yo lòd pou yo pran Bwat Kontra a epi pou yo mache nan Rivyè Jouden an.
5. **Travèse.** Depi lè pye prèt yo te fin touche Jouden an, dlo a te fann. Aprè sa Prèt yo te pran Bwat Kontra a nan mitan rivyè a. Menm jan pou te travèse lanmè wouj la, kounyea Izrayelit yo te kapab travèse rivyè a sou tè sèch. Tout Izrayelit yo te rantre sou tè Bondye te pwomèt yo a pa mwayen rivyè Jouden an san danje.

Sans tèks la

Karant lane prèske te pase depi ke 12 espyon yo te eksplore tè Bondye te pwomèt yo a. Aprè sa Izrayelit yo pa t kwè nan Bondye pou batay pou yo. Yon nouvèl jenerasyon te pran nesans an Izrayèl, epi yo te prè pou yo kwè nan Bondye epi pou yo swiv nouvo dirijan yo a, Jozye, pou ale sou tè Bondye te pwomèt yo a.

Prezans Bondye, ki te sou fòm dife lannwit ak nwaj nan lajounen, kounyea parèt devan pèp Izrayèl la avèk Bwat Kontra a. Menm jan Bondye te bay Moyiz lòd pou fann lanmè wouj la, se konsa Bondye te bay Jozye lòd pou fann Rivyè Jouden an. Jozye te voye Prèt yo nan rivyè avèk Bwat Kontra a, epi rivyè a te fann.

Bondye te bay Izrayelit yo lòd pou yo rasanble 12 wòch ki soti nan mitan Jouden an, epi pou yo konstwi yon memoryal pou evènman sa a bò rivyè a nan tè Bondye te pwomèt yo a.

Tèks Nouvo Testaman an: Bondye te leve Jan Batis pou prepare Izrayelit yo pou Mesi ki gen pou vini an. Youn nan fason Jan te fè sa se lè li te batize moun yo nan rivyè Jouden an. Izrayelit ki te rekonèt peche ak bezwen yo pou Bondye te vini an epi Jan Batis te batize yo. Bondye te voye Jezi bay Jan nan Jouden an pou li te batize li konsa pou Jezi te kapab idantifye l nèt ak limanite. Jezi pa t peche, li pa t bezwen repanti epi batize. Sepandan, pou Jezi te kapab pran tout chagren nou yo, li te soumèt li devan batèm Bondye rele tout Kretyen pou yo resevwa a.

Etid Biblik

Priye

- Mande rekèt priyè epi fè lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou rekèt priyè a.
- Mande Sentespri a pou li ouvri kè ou epi lespri ou pou resevwa avèk jwa sa ke Bondye genyen pou Li pataje avèk ou jodia.

Tande

- Li tou de tèks Leson Biblik yo.
- Rezime “Sans Tèks la” ki anlè a pou klas la.
- Li tou de tèks lesон Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks prensipal Bib la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Izrayelit yo te kanpe sou fwontyè tè Bondye te pwomèt yo a prèske 40 lane avan evènman sa a. Paske yo pa t gen lafwa nan pwisans Bondye nan epòk la, yo te oblige pase 40 lane nan dezè a. Konsa tou, lè nou refize kwè nan Bondye, lè n ap viv nan rebelyon, nou sibi revè epi konsekans yo. Pou nou mache avèk Bondye nan tan ki gen pou vini an se pou nou gen lafwa epi kouraj. Sepandan, Kretyen yo pa p mache pou kont yo nan tan ki gen pou vini an, men avèk pwisans Sentespri k ap travay nan yo epi alantou yo. Istwa Biblik yo epi temwanyaj lòt moun sèvi Kretyen yo kòm “memoryal,” pou ba yo kouraj paske Bondye te rele yo pou yo mache nan lafwa nan tan ki gen pou vini an menm jan Bondye te mache avèk Izrayelit yo nan rivyè Jouden an.
 - Menm jan sa pa gen twòp efè lè w di yon moun pou “li senpman pa pè,” konsa tou ou pa ta dwe di yon moun pou “li senpman gen lafwa.” Olye de sa, ki kèk fason Kretyen yo kapab ede youn lòt devlope kwayans epi lafwa nan Bondye?
 - Kisa sa di ou konsènan lanmou Jezi paske li te gen volonte batize epi klosure li sou yon kwa pou li te kapab delivre ou?
- **Kè: Kiyès tèks la di nou ta dwe ye?** Konfyans nan Bondye plase nan mitan yon lafwa k ap grandi nan Bondye. Paske nou pa premye moun ki kwè nan Bondye, nou kapab etidye Bib la epi nou kapab wè kijan lòt moun yo te echwe epi kijan yo te

reyisi lè yo mete konfyans yo nan Bondye. Finalman, nou kapab kwè nan Bondye paske Bondye pa janm chanje. Bondye toujou sen, bon, epi li se lanmou.

- Poukisa toujou gen yon tantasyon pou moun ki rete lwen Bondye yo, menm jan Izrayelit yo te kontinye fè a, menm nan epòk Jezi a?
- Poukisa ou panse kèk moun ki tandem apèl repantans lan trè dispoze pou resevwa Padon Bondye a, pandan lòt moun yo refize padon Bondye a.
- **Men yo: Kijan Nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Batèm epi Soupe Senyè a se de sakreman, de siy vizib nan travay envizib gras Bondye nan lavi yon Kretyen. Kretyen yo dwe genyen yon lafwa ki trè Pratik, yon lafwa pratik ki reflete chak jou modèl lavi Jezi a. Lè nou pataje lanmou Bondye a nan aksyon nou epi nan pawòl nou yo, Wayòm Bondye a grandi.
 - Anplis de de sakreman sa yo, ki kèk lòt fason Kretyen yo kapab rann temwanaj sou travay Bondye fè nan lavi yo?
 - Kiyès nan vi ou ki bezwen tandem temwanaj Kretyen ou an semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pou pataje fason yo panse Bondye vle pou yo reponn ak leson jodia.
- Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a

Leson Biblik # 28

Tit Leson an: Jeriko tonbe

Tèks Leson an: [Jozye 6](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Efezyen 2:1-10](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Selebre Bondye paske Li kenbe pwomès Li yo. Kounyea Izrayelit yo gen lafwa nan Bondye pou akonpli pwomès Bondye te fè yo, Yo te fè eksperyans avèk pwisans Bondye a.
- **Kè:** Rejwi paske nou konnen se pa mwayen pwisans epi gras Bondye Kretyen yo jwenn delivrans epi viktwa sou peche.
- **Men yo:** Adore epi fè lwanj pou Bondye dwe yon abitid regilye pou Kretyen yo. San adorasyon regilye, Kretyen yo pral fè fas avèk gwo revè espirityèl.

Leson Nan yon vèssè: Se paske li renmen nou ki fè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo. ([Efezyen 2: 8-9](#))

Rezime Tèks la

Bondye te pwomèt Izrayelit yo ke tè Kanaran an se te pou yo. Men pèp Kanaran an t ap viv ladan l déjà. Sa te vle di ke Izrayelit yo te oblige batay pou tè yo a. Bondye te kanpe bò kote Izrayelit yo, konsa yo te konnen yo t ap pote viktwa. Premye vil Izrayelit yo te dwe pran se te Jeriko. Vil sa a te gen anpil gwo miray antoure li. Yo te prèske gen epesè ven pye. Bondye te di Jozye pou li fè tout Izrayelit yo mache fè tou vil la. Chak jou, pandan sis jou, Izrayelit yo te mache fè tou vil la yon fwa. Sou setyèm jou a, yo te mache fè tou vil la sèt fwa. Aprè sa, prêt yo te soufle twonpèt yo, epi Izrayelit yo t ap fè yon kri de gè byen fò. Pandan yo t ap rele byen fò, Bondye te fè miray vil la kòmanse souke epi kraze. Toudenkou, miray yo te kraze tonbe atè.



Anseye apati de Imaj la

1. **Jeriko** Se te premye vil pwisan Izrayelit yo te rankontre aprè yo te rantre nan tè Bondye te pwomèt yo a. Bondye te voye yon mesaje kote Jozye pou di li Bondye ta pral livre vil la bay Izrayelit yo.
2. **Prèt yo.** Bondye te rele prèt yo pou yo mache tout tou Jeriko pandan sis jou an silans.
3. **Bwat Kontra a.** Prèt yo te pote Bwat Kontra a pandan yo t ap mache tout tou miray yo nan vil la. Bwat Kontra a te reprezante prezans Bondye.
4. **Twonpèt yo.** Nan setyèm jou a, prèt yo t ap soufle twonpèt epi kòn yo.
5. **Miray Jeriko yo.** Setyèm jou yo fè ap mache alawonn vil la, Prèt yo t ap soufle twonpèt yo epi yo te fè yon kri byen fò epi Bondye te fè miray vil yo tonbe. Sa se te premye nan anpil viktwa Bondye te bay Izrayelit yo pandan yo t ap pran tè Bondye te pwomèt yo a.

Sans tèks la

Touswit aprè Izrayelit yo te fin travèse Rivyè Jouden an epi yo te rantre sou tè Bondye te pwomèt yo a, yo te rive Jeriko, premye vil Bondye t ap pral ede yo pran an. Pandan Jozye t ap pwoche bò vil la, yon mesaje Bondye te voye te di li se sou yon tè ki sen li kanpe.

Paske Bondye te vle asire Li ke Izrayelit yo te konnen se te Bondye epi se pa t yo menm ki te gen pwisans pou genyen batay yo, Bondye te bay Izrayelit yo enstriksyon trè etranj pou premye batay sa a. Olye yo te atake vil la avèk zam yo, Yo te mache fè tou vil la avèk Bwat Kontra a, ki reprezante prezans Bondye avèk yo.

Jeriko te plase nan yon zòn estratejik. Se te premye etap enpòtan pou Izrayelit yo pandan yo te kòmanse pwosesis pou yo pran tè Bondye te pwomèt yo a.

Tèks Nouvo Testaman: Li enpòtan pou Kretyen yo sonje ke se gras epi pwisans Bondye k ap travay nan yo, epi se pa pwòp Pratik reliye yo ki bay Bondye glwa. Li enpòtan pou Kretyen yo pa gen ògèy, men pou yo rete nan imilite lè Bondye ap aji nan yo nan fason ki pwisan.

Etid Biblik

Priye

- Mande rekèt priyè epi fè lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte
- Priye pou rekèt priyè a.
- Mande Sentespri a pou Li ouvri kè ou epi lespri ou pou resevwa avèk jwa sa ke Bondye genyen pou li pataje avèk ou jodia.

Tande

- Li tou de tèks Leson Biblik yo.
- Rezime “Sans Tèks la” ki anlè a pou klas la.
- Li tou de tèks lesон Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Li esansyèl pou Kretyen yo mete konfyans nan pawòl Bondye a. Bondye bay kretyen yo enstriksyon plizyè fason, tankou Bib la, priyè, epi lòt Kretyen. Pafwa kretyen yo konn pa konprann poukisa Bondye rele yo pou fè kèk aksyon, men Kretyen yo bezwen kwè ke Bondye genyen pwisans sajès pou li akonpli gwo bagay nan lavi yo si yo obeyisan.
 - Ki kèk rezon prêt yo te kapab bay pou yo pa t mache fè tou miray yo nan vil la avèk Bwat Kontra a?
 - Site kèk rezon ki fè Jozye te kwè epi obeyi ak kòmandman Bondye yo, malgre yo sanble pa t fè anpil sans pou li?
- **Kè: Kiyès tèks la di nou ta dwe ye?** Obeyi Bondye se yon kalite esansyèl pou Kretyen. Gen anpil fwa Bondye pral rele Kretyen pou yo soti nan sa ki konfòtab, epi mande yo pou yo riske pou yo kapab montre lanmou oubyen konpasyon yo pou Bondye. Se poutèt sa kretyen yo bezwen gen lanmou epi konfyans nan Bondye nan kè yo, epi pa sèlman nan lespri yo. Paske se ak kè Kretyen yo aji.
 - Kisa ou panse dezyèm jenerasyon Izrayelit yo te aprann de premye jenerasyon an konsènan obeyisans ak kòmandman Bondye yo?
 - Kijan Kretyen yo kapab disène apèl Bondye nan lavi yo, kijan yo kapab konnen lè se vwa Bondye k ap rele yo pou yo fè yon aksyon?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye a an Pratik?** Swiv Bondye se pa jis yon desizyon espirityèl ke nou pran, men tou, li gen enplikasyon fizik. Antanke moun ki fè pati pèp Bondye a, Bondye rele Kretyen yo pou yo jwe wòl men ak pye

Jezi. Pafwa sa vle di priye an silans, yon lòt fwa sa vle di pran pozisyon an piblik nan non Bondye. Adore Bondye ak lòt kretyen se youn nan aksyon fizik ki pi enpòtan ke kretyen yo kapab fè.

- Site kèk ti pa lafwa Kretyen yo kapab fè pandan y ap grandi nan lafwa epi aprann gen konfyans ak obeyisans k ap pèmèt yo fè gwo pa nan lafwa?
- Kijan Kretyen ki gen matirite yo kapab ede jèn Kretyen yo konprann oubyen disènè travay Bondye a nan mond lan?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pou pataje fason yo panse Bondye vle pou yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pandan w ap viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a

Leson Biblik # 29

Tit Leson an: Peche ak Pinisyon Akan

Leson Tèks la: [Jozye 7](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 6:19-34](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann ke peche nan kè a pa kapab kontwole pa pouvwa imen, men yo pral eksprime nan aksyon, nan atitud, epi nan relasyon Kretyen an.
- **Kè:** Kwè ke kè imen an pa kapab sèvi peche epi Bondye ala fwa; li kapab sèlman gen yon sèl chèf.
- **Men:** Renmen lòt moun yo, paske lè Kretyen yo mete lafwa yo ann aksyon, yo tou lè de pataje gras Bondye a avèk mond lan epi yo fòtifye pwòp lafwa yo.

Leson Nan yon Vèsè: Paske, kote richès ou ye, se la kè ou ye tou. ([Matye 6:21](#))

Rezime Tèks la

Anvan Izrayelit yo te pote viktwa sou Jeriko, Bondye te ba yo lòd pou yo pa t pran pyès bagay ki gen valè nan vil la pou yo. Yo te dwe mete tout bagay ki gen valè yo te jwenn nan trezò Bondye a. Aprè Izrayelit yo te fin pran Jeriko, yo te ale pou yo pran vil Ayi. Izrayelit yo te pèdi batay la nan Ayi epi anpil moun te mouri. Jozye te mande Bondye poukisa li te kite Amorit yo detwi yo. Bondye te di li ke Izrayelit yo te dezobeyi li paske yo te pran byen ki gen valè nan Jeriko. Jozye te ale pale ak pèp la. Lè li te pale avèk Akan, Akan te konfese ke li te pran lò, ajan, epi bèl wòb. Kèk mesye te retounen nan tant Akan epi yo te jwenn byen ki gen valè yo sere nan yon tou anba tapi a. Yo te pini Akan paske li te dezobeyi. Pèp la te mete Akan, fanmi li, epi bêt li yo deyò epi yo te voye wòch sou yo jiskaske yo te touye yo.



Anseye apati de Imaj la

1. **Akan** se te yon Izrayelit ki te patisipe ak pèp Izrayèl la nan konkèt Peyi Pwomès la.

2. **Lajan epi yon rad Babilonyen.** Lè Izrayelit yo te atake Jeriko, Bondye te di yo pou yo ranmase tout lajan ak byen ki gen valè yo te jwenn epi mete yo nan trezò Bondye a. Akan te dezobeyi kòmandman Bondye yo epi li te pran lajan ak yon rad ki gen valè. Li te sere yo nan yon tou li te fouye nan tant li a.
3. **Li sere atik li te vòlè yo.** Paske Akan te ava epi li te dezobeyi Bondye, Bondye te lage chatiman sou tou de, fanmi Akan ak pèp Izrayèl la.

Sans tèks la

Finalman pèp Izrayèl la te rantre nan Tè Bondye te Pwomèt yo a, epi avèk men pwisan Bondye yo te pran premye vil nan Tè Bondye te Pwomèt yo a. Bondye te vle pèp Izrayèl la kwè sèlman nan Bondye epi pou yo toujou sonje viktwa yo ak fòs ki pa soti nan yo menm men ki soti nan Bondye. Youn nan kòmandman Bondye te bay pèp Izrayèl anvan Bondye te detwi Jeriko se te pou yo pa t kenbe pyès lajan ak byen yo te jwenn yo, men pou yo bay tout lajan an nan trezò Bondye.

Akan se te yon mesye ki te dezobeyi kòmandman Bondye yo. Paske yon sèl ti peche kapab grandi pou bay anpil gwo peche, Bondye pa t pèmèt peche sa a rete san pini. Lè Izrayelit yo te deside ale nan batay la pou kont yo, Bondye te fè yo fè defèt. Defèt sa a te fè yo poze epi eseye jwenn rezon ki te fè Bondye pa t ba yo viktwa ankò.

Lè Bondye te revele peche Akan an, Bondye te bay Jozye enstriksyon sou fason konsekans peche li yo te kapab sispann. Izrayèl te oblige fè fas ak rebelyon sa a kont Bondye yon fason pou rebelyon an pa t grandi, epi pèp Izrayèl la te detwi andedan.

Tèks Nouvo Testaman an: Jezi anseye ke kè yon moun pa kapab sèvi de mèt. Kidonk, kretyen yo pa dwe sèlman envite Jezi nan kè yo, men tou, pèmèt Jezi vin sèl chèf kè yo, pou netwaye kè yo kont peche. Pou nou ka kite Jezi gouvène kè nou san egal, nou dwe aprann mete konfyans nou nan Bondye pou li ba nou tout sa nou bezwen.

10 Tras Kòmandman yo: VIII. Pa Vòlè. Paske se Bondye ki bay tout bon kado yo, nou dwe onore kado Bondye te ba nou yo epi kado li te bay lòt moun yo. Nan kontèks Nouvo testaman an, entèdiksyon pou pa vòlè sa a trè jeneral. Li gen ladan li pran bven moun epi fè prelèvman sou salè travayè yo.

Pandan vòlè pa bon, Bib la fè diferans ant vòlè avèk avaris epi vòlè pou bay moun ki nan nesesite manje pou siviv (gade Pwovèb 6:30-31). Sepandan, menm nan ka ou vòlè pou siviv, ou dwe remèt moun sa ou te vòlè.

- **Tèt:** Poukisa avaris se yon motivasyon ki pwisan nan lavi moun?
 - **Kè:** Poukisa nou ka konprann kipidite nan kè yon Kretyen se yon ekspresyon ensatisfaksiyon li anvè Bondye?
 - **Men yo:** Ki kèk mezi yon Kretyen ta dwe pran pou li kraze pouvwa kipidite nan lavi li?
-

Etid Biblik

Priye

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou li louvri kè ou ak lespri ou pou ou resevwa avèk lajwa sa Bondye gen pou pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de leson tèks yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Kisa Kretyen yo panse, santi, epi dezire ki rive jwenn reyalizasyon nan aksyon ak relasyon yo. Byen ke panse ak santiman ekstrèm yo, tankou asasinay, ka pa kapab eksprime, santiman sa yo ka eksprime nan lòt fason. Nan ka Akan an, li te kwè ke li te kapab kenbe an sekrè kipidite ak rebelyon li kont Bondye. Kidonk, jan Jezi t ap anseye nan tèks Nouvo Testaman an, dwe gen sèlman yon sèl chèf k ap dirije lavi yon moun. Akan te kite peche l yo chèf li, e li peye konsekans aksyon sa yo
 - Poukisa ou panse Satan pa sèlman kontante li pou li nan kè yon moun, men li vle eksprime li nan aksyon ak relasyon yo?
 - Ki kèk fason Kretyen yo kapab pwoteje kè yo kont santiman, panse, ak dezi ki pral nwi yo epi lòt moun yo?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe ye?** Kretyen yo dwe konsakre nèt ak Bondye. Byenke Kretyen yo pral fè fas ak tantasyon pou fè ti konpwomi, yo dwe rete konsakre nèt ak Bondye yon fason pou ti konpwomi sa yo pa pran rasin nan lavi yo. Satan pa janm kontante l sèlman lè li fè pati kè yon kretyen, l ap chèche pou enfekte tout lavi Kretyen an. Se rezon sa ki fè li enpòtan anpil pou nou asire ke Bondye se chèf k ap dirije kè nou.
 - Menm jan ak kipidite ki te mennen Akan vòlè a, ki lòt ekspresyon peche vizib ki kapab nan kè yon moun?
 - Poukisa Kretyen yo kapab tante pou yo kwè ke Bondye pa p ba yo tout sa yo bezwen?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Menm jan peche nan kè yon moun pral eksprime vizibleman, konsa tou aksyon vizib san enterè yon Kretyen poze kapab ede kè yon Kretyen grandi nan lanmou pou Bondye ak lòt moun. Li enpòtan pou Kretyen yo devlope abitid ak Pratik, lekti Biblik epi aksyon ki fèt ak konpasyon, ki pral ede yo fòme ni kè yo ak kò yo pou obeyi Bondye.
 - Ki kèk abitid ke tout Kretyen ta dwe pratike?

- Kijan Kretyen ki kwè, ki gen matirite yo kapab ede yon jèn Kretyen devlope abitid ak model k ap itil yo nan lafwa Kretyèn yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 30

Tit Leson an: Jedeyon ak Madyanit yo

Tèks Leson an: [Jij 7:1-22](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Ebre 11:32-40](#)

Objektif Leson an:


- **Tèt:** Kwè ke pouvwa ak sajès Bondye pi gran pase pouvwa ak sajès moun.
- **Kè:** Konprann ke fè Bondye konfyans vle di obeyi ak Kòmandman Bondye yo, menm lè yo sanble pa fè anpil sans pou ou.
- **Men yo:** Se pou nou vijilan nan fason Bondye pral konfime volonte ak direksyon Bondye nan lavi nou atravè lòt moun.

Leson Nan yon Vèsè: Jou lannwit sa a, Seya di Jedeyon konsa, “Leve non! Desann al atake yo moun Madyan yo. Mwen lage yo nan men ou. ([Jij 7:9](#))

Rezime Tèks la

Bondye te vin fache kont Izrayelit yo lè yo te kòmanse adore dye Kananeyen yo. Se konsa, Bondye kite pèp Madyan an pran kontwòl Izrayelit yo. Izrayelit yo te regrett pou peche yo. Yo te mande Bondye pou l padone yo e pou l sove yo anba men Madyanit yo. Bondye te tande Izrayelit yo e li te chwazi Jedeyon pou mennen yon atak kont kan Madyanit la.

Jedeyon te pè lè Bondye te rele l pou l dirije lame 300 zòm yo. Men, li te konnen Bondye t ap avèk li. Lame Madyanit la te tèlman gwo Jedeyon te planifye pou atake kan yo a lannwit. Jedeyon te bay chak mesye li yo yon twonpèt, yon krich, ak yon tòch. Lè lame Jedeyon an te rive nan kan an, yo te lage krich yo atè, yo te sonnen twonpèt yo, epi yo te kenbe tòch yo. Madyanit yo te tèlman pè yo te nan konfizyon e yo te fini pa touye youn lòt.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Kan Madyanit yo.** Bondye te enstale Izrayelit yo nan Tè Li te pwomèt yo a. Kidonk, jenerasyon Izrayelit ki vin apre yo pa t swiv Bondye antanke vrè Dye a, men, yo te sèvi fo dye tou. Se konsa, Bondye te remèt Izrayelit yo nan men Madyanit yo. Lame Madyanit la te fè kan nan Tè Bondye te Pwomèt Izrayelit yo a.
2. **Izrayelit yo** te kriye bay Bondye akoz jan Madyanit yo t ap oprime yo. Bondye te pale ak yon nonm yo te rele Jedeyon, epi li te rele Jedeyon pou li mennen Izrayelit yo nan batay la kont Madyanit yo ankò. Bondye te sèlman kite li pran 300 mesye pou batay la. Nan mitan lannwit lan, yo te atake, men se pa nan fason ou atann yon lame t ap atake. Bondye te revele Jedeyon ke pèp Madyan an te déjà pè Izrayelit yo.
3. **Twonpèt yo.** Jedeyon te divize 300 sòlda yo an twa gwoup e li te fè yo kanpe sou chemen kan pèp Madyan an. Touswit, yo te sonnen twonpèt yo epi yo te kriye "Pou Seyè a e pou Jedeyon!"
4. **Krich Kase yo.** Jedeyon te di mesye l yo tou pou yo kraze krich atè a, fè yon gwo bri.
5. **Tòch yo.** Kenbe tòch yo, mesye yo t ap kriye "Yon epe pou Seyè a epi yon epe pou Jedeyon!"
6. **Madyanit yo** tout te pè, twonpèt yo, kri ak krich kraze yo te reveye yo. Madyanit yo te vire zam yo youn sou lòt, e yo te kouri kite kan an. Konsa, Bondye te sove Izrayelit yo anba lame Madyanit lan ak sèlman 300 mesye.

Sans Tèks la

Bondye te etabli Izrayelit yo byen fèm sou Tè Li te Pwomèt yo a pa mwayen sèvitè Bondye Jozye. Apre lanmò Jozye, Bondye te bay Izrayèl dirijan ke yo te rele yo Jij, pou yo mennen yo nan chemen Bondye yo. Kidonk, Izrayelit yo ak anpil nan Jij yo, te rebele kont Bondye e yo te adore fo dye yo. Akoz echèk fidelite yo ak alyans Bondye a, Bondye te kite lame etranje yo anmède e twouble lapè Izrayelit yo. Apre Izrayelit yo ta pral kriye devan Bondye pou delivrans, epi Bondye ta pral leve yon nouvo Jij pou dirije Izrayelit yo.

Jedeyon se te youn nan Jij yo. Bondye te rele Jedeyon pou sove pèp Izrayèl la anba pèp Madyan an, menm si Jedeyon se te youn nan tribi pwisan pèp Izrayèl la, ni li pa t moun ki te pi pwisan nan fanmi li. Kidonk, Bondye te voye yon zanj kote Jedeyon pou di konfime li apèl Bondye sou lavi li.

Jedeyon te kòmanse ap mennen pèp Izrayèl la bay Bondye ankò pandan li t ap detwi otèl fo dye yo. Byenke li te pafwa doute ke Bondye t ap fè li reyisi ou pa, Bondye te toujou voye siy konfimasyon bay Jedeyon pou ranfòse detèminasyon li.

Nan yon epòk Madyanit yo te anmède pèp Izrayèl la, Bondye te voye Jedeyon nan batay kont yo nan fason ke pou Izrayelit yo te konnen se Bondye ki t ap delivre yo, e se pa t pa pwòp pouvwa oubyen pwisans yo.

Tèks Nouvo Testaman an: Otè Liv Ebre a rele Jedeyon kòm youn nan gwo mesye ak fanm lafwa yo ki te obeyi ak kòmandman Bondye yo. Jedeyon te mennen Izrayelit yo deroute yon lame etranje san yo pa menm leve yon epe, "feblès yo a te transfòme an fòs." ([Ebre 11:32](#))

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè ou ak lespri nou pou ou kapab resevwa avèk lajwa sa ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Li pa mal, oubyen li pa dwòl, pou gen dout sou sa Bondye rele ou pou ou fè. Bondye konnen ke apèl sa yo souvan sanble menasan oubyen pa lojik (tankou ale nan batay ak sèlman 300 sòlda !). Youn nan tèm rèy Jedeyon a antanke Jij se lè Jedeyon te mande kèk siy konfirmasyon. Bondye pa t kondane oubyen kritike Jedeyon pou demann li yo, men Bondye te reponn li pandan li te voye ba li siy konfirmasyon ki soti nan Bondye paske plan Bondye yo ak sajès Li pi wo pase plan moun yo ak sajès yo.
 - Petèt yo pa t fè espektak menm jan ak siy Gedeyon yo, men kijan Bondye voye mesaj konfirmasyon pou ou, pandan w ap konfime lanmou ak direksyon Bondye nan lavi ou.
 - Poukisa Kretyen yo te ka tante pou yo kwè se pouvwa pa yo, e se pa pouvwa Bondye, ki bay viktwa?
- **Kè: Ki moun Tèks la di Nou ta Dwe Ye?** Souvan Bondye rele Kretyen yo pou fè aksyon ki sanble fè yo pè. Petèt se pa mennen yon lame nan batay, men se petèt chanje travay, chèche rekonsilyasyon avèk yon moun ou te nan konfli oubyen chèche okipe yon pòs nan yon ministè. Se pa tout pouse yon kretyen genyen, ki se yon apèl Bondye. Lè nou pran gwo desizyon, Kretyen yo ta dwe itilize disènman epi mande Bondye konfirmasyon pou asire yo ke sa yo santi a soti vrèman nan Bondye. Alafen, kretyen an bezwen obeyisan aprè konfirmasyon, menm si apèl Bondye a ta sanble menasan.
 - Poukisa Bondye t ap rele Kretyen yo pou soti nan zòn konfò yo e mete nan sitiyasyon ke yo pa santi yo byen ekipe?
 - Kisa ki t ap pwoblèm si Bondye te sèlman rele moun yo pou fè aksyon ki te fè yo santi yo alèz.
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Aksyon?** Gen moman kote Bondye pral rele kretyen yo pou yo pa kite lafwa. Yo pa nesesèman dwe kite lafwa yo avèg oubyen san reflechi. Bondye ap voye konfirmasyon pou yo. Kretyen yo gen

Bib la tou pou montre yo fason Bondye te rele lòt moun anvan yo. Sa kapab ede yo disène si apèl yo santi a vrèman soti nan Bondye ou pa.

- Ki abitid ou bezwen genyen nan lavi ou pou ka tandé mesaj Bondye gen pou ou a?
- Lè ou panse ou tandé Mesaj Bondye ba ou a, ki mezi ou kapab pran pou disène si se vrèman mesaj Bondye ba w ou non?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesón Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesón jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesón jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 31

Tit Leson an: Delila Twonpe Samson

Tèks Leson an: [Jij 16:4-31](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Jak 4:1-10](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Se pou nou ankouraje, menm si Kretyen an te vrèman rebel e pa fidèl ak Bondye, si yo kriye bay Bondye avèk yon kè repantan, Bondye pral padone yo.
- **Kè:** Fè atansyon, chak moun kontinye ap tante pou yo renmen pwomès mond lan plis ke pwomès Bondye yo.
- **Men yo:** Se pou nou saj, Bondye te bay chak moun tan, talan, ak trezò. Bondye atann ke Kretyen an se bon jeran tout kado li konfye l la.

Leson an Nan yon Vèsè: Desann nou devan Bondye, e Bondye va leve nou. ([Jak 4:10](#))

Rezime Tèks la

Samson se te yon Izrayelit e li te gen plis fòs pase tout gason. Bondye te fè li kado fòs la. Filisten yo se te ènmi Izrayelit yo, epi anpil nan yo pa t renmen Samson. Filisten yo te konnen ke Samson te renmen ak yon fanm yo te rele Delila. Konsa, Yo te di Delila yo t ap ba li lajan si li te ka twonpe Samson pou mande li poukisa li te gen tout fòs sa a. Delila te mande Samson pou li ba li sekrè l la. Finalman li te di si yon moun ta koupe cheve l yo, li t ap pèdi fòs li. Delila te di Filisten sa, e lannwit sa a yo te koupe cheve Samson. Aprè sa, yo te pete je l yo epi yo te mennen l nan tanp yo a. Yon sèvitè te mennen Samson nan poto ki te kenbe tanp lan. Samson te mande Bondye pou li te ba li fòs li yo yon dènye fwa. Aprè sa, Samson te pouse poto yo jiskaske tanp lan te tonbe. Samson ak anpil nan pèp Filisten an te mouri.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Samson** se te yon dirijan an Izrayèl, e li se te gason ki te gen plis fòs nan mond lan. Bondye te ba li fòs li, e yo te kòmande li pou pa t janm koupe cheve li yo, gwo fòs li a t ap kite li. Bondye te beni Samson, men Samson souvan fè rèbèl ak Bondye.
2. **Filisten yo** se te ènmi Izrayèl. Yo te kenbe Samson e yo te koupe cheve li pandan li t ap dòmi. Aprè yo te fin kenbe li, yo te pete je l yo, e yo t ap moke l.
3. **Tanp Dagon an.** Filisten yo te rasanble pou fè sakrifis nan tanp yo a epi yo te fè mennen Samson ba yo pou yo te kapab moke l.
4. **Poto yo.** Samson te mande pèmisyon pou li te repoze sou poto tanp lan. Aprè sa li te mande Bondye pou ba li fòs pwisan li an yon lòt fwa pou li te kapab pini Filisten yo. Bondye te reponn priyè li e Samson te kapab detwi Tanp Dagon an ak anpil nan Filisten yo.

Sans Tèks La

Aprè Jozye te mennen pèp Izrayèl la pran Tè yo te pwomèt yo a, Jij yo t ap dirije an Izrayèl. Anpil nan Jij yo te onore Bondye alòske lòt yo pa t fè sa. Menm jan ak Jij yo, Pafwa Izrayelit yo te fidèl ak Bondye, lòt fwa yo pa t fidèl, Bondye ta pral livre yo nan men ènmi yo. Aprè sa pèp Izrayèl la ta pral kriye nan pye Bondye pou chanje lavi yo epi mande delivrans. Bondye ta pral restore yo, e pandan yon moman yo ta pral fidèl ak Bondye ankò. Sa te rive plizyè fwa.

Samson se te dènye Jij yo te mansyone nan Liv Jij yo, anvan wa yo te kòmanse ap dirije peyi Izrayèl. Byen ke Samson te fèt nan paran ki te fidèl ak Bondye, Samson pa t fidèk ak Bondye. Bondye te bay Samson anpil fòs, men Samson pa t onore Bondye ak lavi li. Anpil peche li yo pa t sèlman fè li mal; yo te fè Filisten yo gen amètim kont Samson.

Malgre Samson te gen anpil fòs fizikman, Filisten yo te kapab pwofite de karaktè moral fèb li a. Avèk èd yon fanm ke Samson te renmen, ki te rele Delila, yo te aprann sekrè fòs Samson an. Aprè sa yo te koupe cheve Samson pandan li t ap dòmi e sa te fè li pèdi pouvwa li a. San pouvwa, Samson te tounen yon sèvitè pou Filisten yo, e yo t ap moke l. Yon jou Filisten yo t ap moke Samson nan tanp lan avèk fo dye yo a, Samson te mande Bondye pou restore fòs li pou li te kapab vanje ak Filisten yo epi fè onè pou Bondye.

Tèks Nouvo Testaman an: Se pa paske ou vin yon Kretyen ki vle di ou vin pafè. Olye sa, Bondye rele Kretyen an pou li kontinye grandi esprityèlman epi avèk nan imilite. Youn nan prensip nan lavi Kretyen an se kapab antann avèk lòt moun. Relasyon yo ap soufri epi yo karakterize avèk konfli epi doulè lè Kretyen yo tonbe ankò nan konpòtman ak panse pechè yo. Byen ke Kretyen yo pral gen dezakò avèk youn lòt, yo dwe trete moun sa yo avèk lanmou epi gras, epi pa kite dezakò sa yo mennen yo kraze kominyon yo a.

Chapit 10 Kòmandman yo: IX. Pa Bay Manti. Pandan ke langaj teknik nevyèm Kòmandman soti nan domèn jiridik la, Kòmandman an gen yon aplikasyon ki pi laj ke yon senp sal odyans. Sèvi yon Bondye ki vrè nan tout aspè, konsa pou Kretyen yo ranpli ak verite tou.

Nan pasaj Biblik sa a, tou de Delila ak Samson bay manti. Delila bay manti pou li fè Samson pè, pou li wè si Samson onèt avèk li. Samson ap bay manti pandan l ap ba li fo repos. Ala yon relasyon trajik nou wè isit la, kote tou de moun yo ap bay youn lòt manti!

Bay manti kapab pran anpil fòm. Li kap yon desizyon konsyan ke yon moun pran pou di yon moun bagay li pa verite. Kidonk, bay manti kapab pwodwi lè yon moun ap fè tripotay, e li pa gen sousi pou li konnen si sa yo di a se verite ou pa. Anplis, bay manti kapab pwodwi lè yon moun pran nannan yon verite epi li fè li bèl pou li pa sanble verite ankò.

- **Tèt:** Nan ki fason ou wè moun bay manti nan Kominote w la?
 - **Kè:** Kisa ki mennen moun yo pote fo temwanyaj kont sila yo ta sipoze renmen?
 - **Men yo:** Nan ki fason yon Kretyen ki kwè, gen matirite kapab ede yon frè oubyen yon sè pou li vin plis onèt nan pawòl li?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Se pa paske Bondye bay moun anpil benediksyon, talan, ak kado ki vle di moun yo pral itilize yo avèk sajès. Samson se yon egzant de moun ki te gaspiye benediksyon Bondye yo paske li te itilize yo avèk egoysis. Pandan tout lavi l, egoysis sa a te lakoz li lòt gwo doulè. Kidonk, lè Filisten yo te imilye li, Bondye te reponn priyè repantans li te fè pou li te retounen jwenn fòs li yo. Si Samson te viv yon vi imilite devan Bondye ak lòt moun, lanmò ak destriksyon li te lakòz yo t ap gen mwens enpòtans. Kidonk, lè Samson te rekònèt erè nan fason li te aji epi li te priye Bondye, Bondye te tandem l epi li te reponn priyè l.
 - Nan ki fason Kretyen yo ka tante itilize kado ak talan Bondye ba yo nan fason ki egoysis?

- Ki kèk atitud kle, si yo te mentni yo, yo pral pwoteje Kretyen yo pou yo pa vin egois nan fason y ap itilize kado ak talan Bondye yo?
- **Kè: Ki moun Tèks la di Nou ta Dwe Ye?** Swa moun yo kapab pase lavi yo pou yo chèche pwòp volonte pa yo pou lavi yo oubyen chèche volonte Bondye pou lavi yo. Kretyen yo pa dwe annik mande Bondye pou l padone peche yo, men tou, mande Bondye pou l pirifye kè yo ak lespri yo yon fason pou yo vin pi plis sanble ak Jezi. Chak jou kretyen yo gen yon chwa si yo pral chèche pwomès Bondye yo, oubyen fo pwomès mond sa a.
 - Nan ki fason Samson te kapab evite gwo fòs li yo tounen yon sous fyète?
 - Ki tip de ka kote responsab peche yo (Kretyen ak payen) plis gen tandans pou tonbe ke lòt moun yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Youn nan pi bon fason Kretyen yo kakapb pwoteje tèt yo kont ògèy se lè yo jwenn mwayen pou yo sèvi lòt moun. Sèvi lòt moun kapab fèt pandan w ap bay tan w, itilize talan w yo, oubyen fè don trezò. Byen ke menm jan ak tout moun Kretyen yo kapab okipe anpil, li enpòtan pou yo kreye tan pou yo sèvi lòt moun. Tout kado Bondye yo bay avèk lespwa ke Kretyen an pral sèvi avèk yo pou beni lòt moun.
 - Ki kèk egzanp sou fason Kretyen yo kapab sèvi moun nan kominote yo?
 - Kisa ou menm ak lòt manb Etid Biblik yo kapab fè ansanm pou sèvi moun nan kominote ou a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 32

Tit Leson an: Rit ak Nawomi

Tèks Leson an: [Rit 1](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 2:1-8](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Se pou sonje, pafwa Bondye chwazi moun nou te pi pa t atann lan pou fè pati esansyèl pwomès Kontra a.
- **Kè:** Rekonèt ke pafwa Bondye pa ba nou konsèy espesifik pou sitiyasyon espesifik yo. Kidonk, si n ap viv vèti kretyen yo tankou lanmou ak konpasyon, n ap toujou twouve nou nan volonte Bondye.
- **Men yo:** Fè dilijsans, vin yon Kretyen vle di vin yon travayè ki fidèl e k ap travay di, ke se nan legliz, lakay, oubyen nan travay ou. Moun kapab di anpil bagay sou lafwa Kretyèn nou lè yo gade nou, epi nou pa p souvan konnen kilè y ap gade.

Leson an Nan yon Vèsè: “Ou menm, Bètleyèm, ki bati sou tè Jida a, pawòl sèten: Se pa ou ki pi piti nan tout lavel peyi Jida yo. Paske, gen yon chef ki gen pou soti lakay ou. Se li menm ki va kondwi moun Izrayèl yo, pèp mwen an.”” ([Miche 5:2, 4 / Matye 2:6](#))

Rezime Tèks la

Nawomi ak mari li te gen de pitit gason. Malon ak Kilyon. Fanmi Nawomi te gen pou deplase pou ale nan peyi Mowab, paske pa t gen pyès manje nan vil Bètleyèm. Lè pitit gason Nawomi yo te grandi, yo te marye avèk Rit epi Òpa, ki te soti Mowab. Rit ak Òpa te renmen Nawomi, e yo te respekte l anpil. Anpil ane pase, Mari Nawomi avèk de pitit gason li yo te mouri. Nawomi, Rit, ak Òpa te kite yo tout pou kont yo. Nawomi te deside retounen lakay li Bètleyèm. Li te sipliye Rit ak Òpa pou retounen ale jwenn pwòp fanmi yo. Men, paske yo te tèlman renmen Nawomi, pyès nan yo pa t vle pati kite l. Aprè anpil siplikasyon, Nawomi te finalman konvenk Òpa pou li retounen ale jwenn fanmi li. Men Rit te rete avèk Nawomi, epi yo te vwayaje ale Bètleyèm . Aprè sa Rit ta pral marye ak yon mesye yo te rele Bowaz. Èske ou konnen kiyès pitit pitit gason Rit la te ye? Wa David!



Ansèyman apati Imaj la

1. **Nawomi** (an vyolèt) se te yon Izrayelit ki t ap viv nan peyi etranje ki rele Mowab. Mari li te mouri, epi aprè sa de ptit gason li yo te mouri. Li pa t gen pyès mwayen pou li te pran swen tèt li oubyen bèlmè l la. Pa konsekan, li te deside retounen Bètleyèm ann Izrayèl, vil natifnatal li, epi wè si gen kèk fanmi k ap gen konpasyon pou li. Li te ankouraje bèlmè l ki vèv la pou retounen jwenn gran fanmi li yo Mowab, epi kòmanse yon vi nouvo lòt bò a.
2. **Òpa** (an ble) li te fè sa Nawomi te mande l la, epi li te ale jwenn fanmi li nan peyi Mowab.
3. **Rit** (an jòn), nenpòt fason, te renmen Nawomi anpil, epi linte vle pran swen li, nenpòt kote Nawomi te ale. Kidonk, olye ke li te retounen al jwenn gran fanmi li nan peyi Mowab, li te ale Betleyèm avèk Nawomi. Nan Bètleyèm, Bondye te travay pou li te marye Rit pou li te kapab pran swen Nawomi. Ptit Rit t ap pote nan vant li an te vin fè pati kòd fanmi gran wa Izrayèl la, David, epi Sovè nou, JeziKri.

Sans Tèks La

Ti Liv Rit la plase ant Liv Jij yo ak 1 Samyèl. Jij yo fini avèk nouvèl tris sa, “Nan tan sa a pa t gen wa nan peyi Izrayèl la. Chak moun te fè sa yo pito.” Nan liv 1 Samyèl la yo te kòmanse wen wa peyi Izrayèl la. Evènman Rit yo pase pandan peryòd anachi a, anvan monachi a.

Nan mitan grangou an Izrayèl, gen yon fanmi ki soti Bètleyèm ki te sove ale Mowab pou 1 te ka siviv. Byenke, sa te kont lalwa peyi Izrayèl la, de ptit gason fanmi sa yo te marye de medam Mowabit yo. Apre sa, pandan tan sa a, papa Izrayelit la ak de ptit gason yo te mouri, yo pa t kite okenn gason pou te pran swen manman ak madanm yo. Sa a mete twa fam sa yo nan yon sitiyyasyon trè difisil kote pa gen moun pou te pwoteje yo oubyen ba yo sa yo gen bezwen.

Manman, Nawomi, te deside retounen Jerizalèm epi wè si li te kapab jwenn kèk manb nan kòd fanmi li ki ta ede l pran swen li. Yon bèlf, ki se Rit, te ale avèk li. Atravè yon seri de evènman, ke Nawomi te pase, avèk Bondye kache dèyè evènman sa yo, Rit te vin angaje li avèk youn nan

manb fanmi elaji Nawomi. Akoz de sa, nawomi ak Rit te pwoteje epi yo te beni. Rit te pote nan vant li yon pitit gason, epi Rit te vin fè pati kòd fanmi sa a ki ta pral bay nesans ak wa David epi JeziKri.

Evènman nou jwenn nan Liv Rit la bay temwanyaj konsènan travay Bondye pou li kenbe pwomès alyans lan. Menm si sa sanble yon istwa senp de vèv ki tap eseye siviv, menm jan nou li nan Matye 1:5, se pa sèlman Rit, yon Mowabit grefe nan istwa Izrayèl la paske li nan kòd fanmi wa David, men tou nan kòd fanmi JeziKri. Malgre ke Bondye pa pale nan liv Rit la, ni pa gen pyès mirak, Bondye toujou pale epi travay, endirekteman, atravè bèl istwa sa a.

Tèks Nouvo Testaman an: Bètleyèm se yon vil trè enpòtan ann Izrayèl, menm si yo pa t konn sa nan epòk la. Nan Bètleyèm de pi gran wa yo te soti, Wa David, ak JeziKri.

Chapit 10 Kòmandman yo: V. Onore Paran Ou Yo. Senkyèm kòmandman an sipoze ke paran yo se moun ki pye epi responsab de enstriksyon timoun yo nan konesans ak knan kòmandman Bondye yo. Fè rebèl kont paran yo, epi dezono re para yo nan sans sa a, se rebele epi dezono Bondye. Kidonk, kòmandman sa pa t ap aplike pou paran k ap fè abi yo oubyen paran k ap viv nan rebelyon ak kòmandman Bondye yo. Gen yon pwomès ki akonpànye kòmandman sa a, se pwomès lavi pou tout tan nan Tè Pwomès la, ki mete aksan sou enpòtans kòmandman sa a.

- **Tèt:** Ki diferans ki genyen ant yon adolesan k ap kesyone otorite epi yon adolesan k ap viv nan rebelyon avèk paran l yo?
- **Kè:** Pa gen paran ki pafè, kidonk ki presyon yon paran ta dwe resanti pou li leve timoun li yo san li pa fè pyès erè?
- **Men:** Si paran yon moun ki Kretyen pa Kretyen, Nan ki fason Kretyen an ta dwe respekte yo epi onore yo?

Chapit Fwi Lespri Yo: Chapit Entwodiksyon an. Kretyen ki te ranpli ak Sentespri yo pral viv lavi yo konfòm avèk dezi Bondye yo. Lavi yo pral pote fwi k ap soti nan kwayan ki ranpli ak Sentespri yo. Fwi sa a gen pou, rezulta onore Bondye, ede lòt moun yo wè Kris nan yo, epi konstwi Kò Kris la. Nan Galat 5:22-23, apot Pòl dekri nèf vèti ki karaterize yon moun oubyen yon legliz k ap temwanye fwi Sentespri a.

Chapit Fwi Lespri a: 1. Lanmou. Lespri ranpli Kretyen yo epi legliz yo pral demonstre lanmou pou Bondye epi pou lòt moun yo. Lanmou Kretyen, modle nan JeziKri, se yon lanmou sakrifisyèl ki plase bezwen lòt moun yo pi wo pase pwòp bezwen yo. Devosyon, fidelite, epi entegrite make tout fason lanmou Kretyen an ki demonstre kè Jezi pou lòt moun. Kalite lanmou pa vini fasilman, ni li pa devlope rapidman. Olye de sa, lanmou Kretyen an se rezulta yon relasyon avèk Bondye ladan 1 Kretyen an resevwa lanmou Bondye, epi lanmou pou lòt moun.

Plis Kretyen an ap mache avèk Bondye, plis lanmou li pou Bondye e pou lòt moun yo ta dwe grandi. Gade 1 Korentyen 13 pou plis deskripsyon de lanmou Bondye.

- **Tèt:** Ki kèk fason Rit demonstre yon lanmou sakrifyèl pou Nawomi?
- **Kè:** Ki kèk risk epi rekompans ki genyen pou renmen yon moun ak anpil sakrifis?

- **Men yo:** Ki kèk fason Pratik ladan l ou kapab demontre lanmou Bondye pou lòt moun yo semèn sa a?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye souvan travay nan fason misterye. Yon egzanp de verite sa ase lè Bondye itilize moun ou plis pa t atann lan pou fè pati esansyèl plan redanmsyon Bondye a. Nan istwa sa a, nou wè kijan Rit, yon fanm ki pa t Izrayelit, vin fè pati esansyèl sou fason Bondye kenbe pwomès alyans lan. Akoz de konpasyon Rit ak detèminasyon li pou li pran swen l. Bèlmè Izrayelit yo, li marye nan nasyon Izrayèl la. Kretyen yo dwe rete eveye, epi chèche Bondye k ap travay ozalantou yo, ni atravè moun yo t ava atann zèv Bondye nan yo, men tou ni moun yo pa t a jamè imajine jwenn zèv Bondye nan yo.
 - Ki moun ki te beni lavi w akoz de konpasyon yo ak detèminastyon yo?
 - Èske gen moun nan lavi w ki bezwen pou ou montre yo konpasyon ak detèminasyon?
- **Kè: Kisa Tèks la Vle Di?** Youn nan lesion nan liv sa a sè ke, pandan Izrayelit yo nan rebelyon kont Bondye, alyans Bondye toujou vrè. Li vrè nan alyans li yo, malgre li chwazi travay atravè yon Mowabit pou grefe nan istwa Izrayèl la.
 - Ki kalite kè yon moun dwe genyen pou Bondye itilize w?
 - Kiyès ki se "etranje" nan kominate w la, e kijan ou trete yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Antanke Kretyen, ou fè pati de wayòm Bondye a, yon wayòm ki pi gran e ki gen plis sinifikasyon pase tout eta nasyon sou tè a, oubyen pase moun. Akoz de sa, Kretyen yo te aple pou renmen tout Kretyen yo, tou de se pou montre konpasyon Bondye, epi tou pou montre solidarite nou avèk tout pèp Bondye a. Yo rele nou tou pou nou renmen moun ki pa

Kretyen yo, paske Bondye renmen yo, travay atravè yo, epi paske yo ka sila atravè yo menm Bondye pral beni nou.

- Ki mezi espesifik ou kapab pran pou montre yon moun lanmou Bondye semèn sa a ki vrèman diferan de ou?
- Panse ak yon moun nan lavi w ki bezwen resevwa yon zèv konpasyon semèn sa a, epi aprè fè yon plan sou kijan ou kapab montre konpasyon pou yo.

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 33

Tit Leson an: Bondye rele Samyèl

Tèks Leson an: [1 Samyèl 3](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Travay 9:1-19](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Rekonèt ke Bondye rele moun nan tout laj pou sèvis redanmsyon an.
- **Kè:** Louvri pou direksyon Bondye nan lavi nou vle di ke Kretyen yo pral gen disèneman epi pare pou resevwa l, chak fwa direksyon Bondye a vini.
- **Men yo:** Rezève moman trankil epi poze pou w tandé vwa Bondye.

Leson an Nan yon Fraz: Samyèl reponn, “Pale non, Seyè! Sèvitè ou la ap koute ou! Sammèl ale, kouche nan kabann li.” ([1 Samyèl 3:10b](#))

Rezime Tèks la

Àn te priye Bondye epi li te mande li pou ba li yon ptit gason. Bondye te reponn priyè Àn, epi li te rele ti ptit gason li an Samyèl. Lè Samyèl te jèn gason, manman l te mennen l bay Eli, prêt la. Samyèl te grandi ap ede Eli nan Tanp lan. Yon nwit, lè Samyèl ak Eli t ap dòmi nan tanp lan, Samyèl te tandé yon moun site non l. “Samyèl!” Li te kouri ale jwenn Eli epi li te di, “Men mwén.” Eli te di. “Mwen pa t rele w; retounen epi kouche.” Samyèl te tandé yon moun site non l twa fwa. Eli te reyalize ke se te Bondye ki t ap rele Samyèl. Eli te di Samyèl pwochèn fwa li te tandé non l, li ta dwe di, “Pale, Senyè, sevitè w ap koute w” (NIV). Bondye te pale avèk li. Lè Samyèl te vin pi gramoun, Bondye te fè l vin yon pwofèt, yon prêt, ak yon Jij pou pèp Izrayèl la.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Eli** se te yon Gran Prèt an Izrayèl. Li te genyen de ptit gason mechan ki te dezonore Bondye ak Eli. Pa konsekan, Bondye pa t pral kite youn nan yo vin Gran Prèt lè Eli te mouri.
2. **Samyèl** se te yon ti gason ki t ap sèvi nan tanp lan. Manman l pa t ka fè ptit epi li te kriye nan pye Bondye pou ba li yon ptit. Pa mwayen Eli, Bondye te di l li t ap pral gen yon ptit. Aprè li te fin sevre ptit la, ki se Samyèl, li te mennen l nan tanp lan pou li te kapab sèvi Bondye la a.
3. **Samyèl te ale jwenn Eli nan nwit.** Yon nwit Samyèl te tandem yon vwa ki t ap rele epi li te panse se te Eli. Eli te di l se pa li menm epi pou li retounen al kouche. Sa te rive de lòt fwa ankò, epi Eli te reyalize se te vwa Bondye ki te rele Samyèl. Li te di Samyèl pou li di Bondye, "Pale, sèvitè w la ap koute w." Bondye te kòmanse revele Samyèl plan Bondye yo pou lavni.

Sans Tèks La

Eli ak Samyèl se de dènye jij Izrayèl yo. Samyèl t ap swiv volonte Bondye pandan l ap wen de lòt wa Izrayèl yo, Sayil ak David.

Byenke Eli te yon jij fidèl, de piti gason li yo te mechan. Yo te pwofite de pozisyon yo antanke Prèt. Eli te fè fas kare avèk yo e li te eseye fè yo chanje fason yo, men yo te refize. Bondye te avèti Eli ke akoz peche de ptit gason li yo, yo tou de ta pral mouri nan menm jou.

Yon fanm ki te rele Àn pa t ka fè ptit epi li gen anpil detrès paske li pat gen ptit. Yon nwit pandan li t ap devèse kè li bay Bondye nan tanp lan, li te pwomèt Bondye si li te gen yon ptit gason li t ap konsakre l nan sèvis Bondye nan tanp lan. Eli te jwenn l ap priye nwit sa a. Lè Eli te rekonèt gwo chagren li an, li te pwomèt li ke Bondye t ap reponn priyè li yo. Àn te ale lakay li, li te vin ansent epi li te bay nesans ak yon ptit gason ki te rele Samyèl.

Aprè Àn te sevre Samyèl, li te kenbe pwomès li a epi li te bay Eli l pou ke yo itilize l pou nan sèvis Bondye. Kontrèman ak ptit gason Eli yo, Samyèl te grandi "Nan tay e nan favè avèk Senyè a epi a avèk lòt moun." ([1 Samyèl 2:26](#))

Nan pasaj sa a, Bondye te pale direkteman ak Samyèl, li te sinyale ke Samyèl t ap vin youn nan eritye pozisyon Eli a antanke Gran prèt, ni se pa youn nan ptit gason Eli yo. Anfèt, revelasyon Samyèl te resevwa a se te yon konfirmasyon ke linye jij yo pa t ap soti nan fanmi Eli ankò.

Samyèl te vin yon moun ki trè enpòtan nan istwa Izrayèl, jan yo te rapòte sa nan 24 chapit liv 1 Samyèl yo. Nan de leson k ap vini yo, nou pral obsève l k ap wen de premye wa Izrayèl yo, Sayil ak David.

Tèks Nouvo Testaman an: Pòl, pi gwo misyonè nan Bib la, te resevwa yon apèl dirèk nan men Bondye. Kontrèman Samyèl, ki t ap sèvi Bondye, Sòl pita te vin rele Pòl, t ap eseye detwi legliz Kretyen primitiv lan. Li te panse li t ap fè volonte Bondye, men sou wout Damas la Bondye te fè

fas kare avè 1 epi li te korije Sòl. Jezi te revele 1 ke li, moun Sòl te panse 1 ye se yon dout, anfèt li se te Mesi a reyèlman.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Eli ak Samyèl se figi tranzisyon kòm de dènye jij tranzisyon Izrayèl soti nan Jij pou rive wa yo kòm dirijan. Byenke pitit gason Eli yo pa t onore Bondye ni apèl yo, ti gason Samyèl te fè sa. Apèl Bondye a te vini sou jèn Samyèl lè li te jèn. Apèl Bondye a te gen yon vwa odib, Samyèl t ap eseye dòmi. Aprè konfizyon, Samyèl te di l ke li kontinye tande yon vwa, Eli te finalman rekonèt se te vwa Bondye ki t ap aple avèk Samyèl. Li te bay Samyèl direksyon sou kijan pou li resevwa mesaj Bondye a. Mesaj Bondye te bay Samyèl se pa t yon mesaj ki t ap fèl plezi ; li te konfime ke linye prêt yo pat ap soti nan kòd fanmi Eli ankò. Byenke Bondye pat rele Samyèl yon fason eksplisit pou vin nouvo gran prêt la, ni bay Samyèl direksyon nan sa ke li te sipoze fè avèk lavi l, rezon senp ki fè Bondye te pale avèk Samyèl direkteman nan fason sa a, sa te sinyale ke bondye ta pral itilize Samyèl pou sèvi Izrayèl. Sa te rive lè ke Samyèl te jèn anpil.
 - Tande yon vwa odib vrèman ra, menm nan Bib la. Nan Ki fason Bondye bay Kretyen yo direksyon?
 - Pitit gason Eli yo te rebèl (pita nou pral tande pa Samyèl yo te rebèl tou - 1 Sammèl 8:1-3). Kisa ki lakoz timoun yo vire do bay ansèyman paran yo?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Kle pou yon lavi lajwa ak lapè se gen yon kè ki louvri pou Bondye, Kreyatè nou ak Sovè nou. Gras prevantif se travay beni Bondye nan lavi yon kretyen anvan yo konnen Bondye kòm Sovè. Nou wè favè prevantif sa a nan travay Samyèl soti nan yon laj jèn, jan Bondye te pale avè 1 anvan ke li te rekonèt vwa Bondye. Apre Kretyen yo vin kretyen, yo bezwen asire yo yo rete ouvè pou yo tande vwa

Bondye. Aprè vin yon Kretyen, Kretyen yo bezwen asire ke yo rete ouvri pou tandé vwa Bondye.

- Nan ki fason Bondye te lonje men l ba ou, pou rale w mennen nan Sali a, avan menm ke ou te konnen ke ou te gen pwoblèm peche?
- Konvèsyon Sòl pa t òdinè ditou, men yon egzanp, Bondye fè fas kare ak peche moun yo. Nan ki fason Bondye te fè fas ak bezwen pou w repantans ou a?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Lavi Samyèl te konsantre sou fè travay Bondye a anvan li te menm konnen Bondye pèsònèlman. Kòm Samyèl t ap grandi, Bondye te revele l bay Samyèl pi plis toujou. Kretyen yo bezwen kreye plas ak tan pou yo kapab kontinye resevwa revelasyon Bondye gen pou yo.
 - Ki kèk mezi Kretyen yo kapab pran pou yo ouvri epi pare pou tandé vwa Bondye?
 - Nan ki fason ou konnen Bondye pi plis kounyea ke avan ou t vin yon Kretyen?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesón Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesón jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesón jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 34

Tit Leson an: Samyèl wen Sayil

Tèks Leson an: [1 Samyèl 10](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Tit 3:1-8](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann jan Bondye ava reponn pafwa demann ki egois yo, menmlè repons lan pa pi bon repons pou Kretyen an.
- **Kè:** Fè efò pou gen tan lapriyè ki make ki pa sèlman pou eseye jwenn nan men Bondye sa nou panse nou bezwen, men mande Bondye pou ba nou sa nou vrèman bezwen.
- **Men yo:** Pratike nan ekri priyè w yo pou w kapab wè konbyen tan w fè ap lapriyè pou w fè lwanj Bondye epi konbyen tan w ap fè Fè AP mande Bondye. Chèche dekouvri ki sa ki ta yon bon ekilib ant fè lwanj ak mande.

Leson an Nan yon Vèsè: Sa se pawòl sèten. Mwen ta renmen ou peze sou bagay sa yo anpil pou tout moun ki mete konfyans yo nan Bondye ka okipe tout tan yo ap fè sa ki byen. Se bagay konsa ki bon, ki kapab sèvi tout moun. ([Tit 3:8](#))

Rezime tèks la

Samyèl te jij an Izrayèl pandan anpil lane. Li te granmoun anpil epi li pa t kapab jij ankò. Samyèl te pare pou chwazi yon moun pou pran plas li. Izrayelit yo te di Samyèl ke yo pa t Vle yon lòt jij. Yo te vle yon wa paske tout peyi ki antoure yo te gen yon wa. Izrayelit yo te desevwa Bondye, men Li te di Samyèl pou Li te koute sa moun yo t ap di yo. Te gen yon jèn gason ki te te rele Sayil; li te gen yon ti wotè pase tout lòt gason an Izrayèl. Bondye te di Samyèl ke Sayil se gason li te dwe chwazi pou vin wa an Izrayèl. Samyèl te ale kote Sayil epi li te vide yon lwil espesyal sou tèt li. Sa a rele “wen.” Samyèl te retounen ak Sayil bay Izrayelit yo epi li te di yo ke Sayil t ap vin wa yo. Izrayelit yo te kontan anpil.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Samyèl** se te dènye jij ki te sèvi Izrayelit yo. Izrayelit yo te di ke yo te vle menm jan ak tout nasyon ki te gen wa yo. Demann sa ke pèp la te fè a te fè Samyèl tris paske li te konnen ke sa ta pral mennen pèp la nan gwo soufrans, paske se pa t sa ke Bondye te vle pou Izrayelit yo.
2. **Sayil** te wo epi li te bo gason. Izrayelit yo te renmen karakteristik sa yo; yo te vle yon wa ke yo te ka admire ki te pou dirije yo. Kidonk, aparans eksteryè pa kalite yon bon dirijan, jan Izrayelit yo te vin dekouvri jan Sayil te dirije yo.
3. **Izrayelit yo** pa t respekte oubyen onore Bondye avèk demann yo, Bondye ba yo yon wa olye de yon jij. Bondye te sipoze wa yo epi jij yo se pòtpawòl Bondye. Kidonk, Izrayelit yo te vle vin tankou tout lòt nasyon ki te gen wa yo.

Sans Tèks la

Samyèl se dènye jij ki te sèvi Izrayèl. Malerezman, menm jan ak pitit gason jij ki te vin anvan li an, pitit gason Samyèl yo pa t onore Bondye. Yo te itilize pozisyon yo pou pwofite de lòt moun. Se poutèt sa, Izrayelit yo te mande nouvo lidèchip, yo te vle yon wa tankou lòt nasyon yo. Sa a se yon tèm yo te jwenn plizyè fwa nan istwa pèp Izrayèl la – pèp Izrayèl la vle vin tankou tout lòt nasyon ki bò kote yo. Sa a se kontrè ak alyans Bondye yo ak pèp Izrayèl la, Bondye te vle pèp Izrayèl la diferan, tankou yon limyè nan fènwa a.

Pafwa Bondye ba nou repons priyè nou yo, menm si Bondye konnen repons sa yo pa pi bon pou nou. Bondye fè sa pou anseye nou danje ki genyen nan priyè egois. Bondye te fè Samyèl avèti pèp la sou konsekans pou gen yon wa (gade 1 Samyèl 8:10-21). Izrayelit yo te refize koute avètisman Bondye a, e yo te kontinye mande yon wa. Se poutèt sa, Bondye te chwazi Sayil kòm wa yo.

Pandan ke Sayil te byen kòmanse rèy li, pandan mwa yo ak ane yo ap pase, li te vin yon trè move wa. Atravè aksyon l ak desizyon l yo, li te montre li plis sousye pou fè moun plezi pase pou l fè Bondye plezi.

Tèks Nouvo Testaman an: Sentespri ki te vin sou wa Sayil nan kòmansman rèy li a disponib tou pou kretyen yo. Avèk Sentespri ki andedan an, Kretyen yo ka viv lavi lanmou ak sentete. Nou dwe fè atansyon pou nou pa abandone Bondye menm jan wa Sayil te fè a, men pou nou rete obeyisan ak Bondye.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Li kapab yon lesон difisil pou jwenn sa nou vle, sèlman pou reyalize sa ki pa p satisfè nou. Sèl fason kretyen yo pral plen lajwa ak lanmou se lè kè nou ak lespri nou devwe nèt bay Bondye. Youn nan fason pou w fè sa se priye pawòl Jezi yo, “pa sa m vle, men sa w vle”. ([Mak 14:36](#)) Lè yon kretyen devwe kè li ak lespri li bay Bondye, yo pral pi fasil lapriyè pou bezwen yo, e yo pral resevwa sèlman bon benediksyon nan men Bondye.
 - Ki jan yon kretyen kapab disène si demann priyè li yo egois epi, si yo te egzose, yo pa pral pote lajwa ak lapè ke yo sipoze ki pral vini ak repons lan?
 - Byenke an jeneral li se yon move wa, men Sayil te kòmanse rèy li an byen. Ki sa k fè moun yo pa mete Bondye premye nan lavi yo?
- **Kè: Kiyès moun Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Disènman se yon kalite trè enpòtan pou yon kretyen devlope. Kontrèman ak Izrayelit yo ki te refize koute avètisman Samyèl la, yon moun k ap devlope disènman ap aprann pa konte sou pwòp sajès pa l'oubyen sou konesans pa l. Yon kretyen ki gen konesans pral chèche volonte Bondye, chèche konsèy nan men Kretyen ki gen matirite, epi eseye retire egois nan lavi yo. Yo pral fè efò pou yon lavi lapriyè konsantre pou resevwa nan men Bondye sa yo bezwen, pa sa yo vle.
 - Poukisa moun yo tante jije lòt moun pa aparans yo, epi yo pa tann yo rive konnen karaktè yo?

- Ki sa yon Kretyen bezwen pou l swiv volonte Bondye, menm lè aksyon sa a ap mande pou yo pratike renonsman ak tout sa ki pa gen rapò ak Bondye.
- **Men: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Deside pou enkòpore lapriyè Jezi “pa sa mwen vle, men sa ou vle” se yon etap ekselan nan fòmasyon tèt nou pou mete volonte Bondye an premye nan priyè nou yo. Li pral ede nou tou pou nou pa fè erè priye pou dezi ki kontrè ak volonte Bondye. Anplis de sa, ekri lapriyè ka ede Kretyen yo wè ki kantite tan lapriyè yo konsantre sou sa yo vle nan men Bondye konpare ak fè lwanj pou Bondye.
 - Ki kèk pi bon konsèy ou te tandem sou fason pou ou lapriyè?
 - Ki kèk pi move konsèy ou te tandem sou fason pou ou lapriyè?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 35

Tit Leson an: Samyèl Wen David

Tèks Leson an: [1 Samyèl 15-16](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Efezyen 3](#)

Objektif Leson yo:


- **Tèt:** Se pou ankouraje, avèk pwisans Bondye, menm yon jèn bèje kapab vin yon gran wa!
- **Kè:** Senyè a renmen ou kounyea, epi li gen yon plan mèvèye pou lavi w. Chwazi kwè ke Bondye renmen ou anpil, Bondye te voye Jezi pou mouri pou peche ou yo.
- **Men yo:** Jwenn fason espesifik pou renmen lòt moun yo avèk pasyon, renmen yo akoz de sa yo kapab fè pou ou, men paske Bondye renmen yo.

Leson An Nan Yon Vèsè: Pa gade sou bèl aparans li, ni sou bèl wotè li. Paske mwen mete 1 sou kote. Mwen pa jije vale yon moun jan lèzòm gade sou sa ki parèt devan je yo. Men, mwen menm mwen gade sa ki nan kè moun. ([1 Samyèl 6:7](#))

Rezime Tèks La

Bondye te bay Sayil, wa Izrayèl la, yon travay espesifik pou li fè. Men Sayil te dezobeyi epi li pat swiv enstriksyon Bondye yo. Bondye te fache anpil ak Sayil epi li te di 1 finalman li pa t ka wapèp Izrayèl la ankò. Bondye te di Samyèl pou li ale Betleyèm, kote yon mesye ki te rele Jese tap viv. Bondye te chwazi youn nan uit ptit gason Jese yo pou yo vin pwochen wa an Izrayèl.

Samyèl te dwe ale Betleyèm epi pou l te wen nouvo wa a. Samyèl te rankontre sèt nan ptit gason Jese yo, men pa gen youn nan yo ki te youn nan moun Bondye te chwazi a. Samyèl te mande Jese si li te gen lòt ptit gason. Jese te di David, pi piti ptit gason 1 lan, te ale nan jaden pou pran swen mouton yo. Lè David te sòti nan jaden, Samyèl pran lwil oliv epi li te chwazi David kòm nouvo wa peyi Izrayèl la. Men, Sayil pa t abandone wayòm li an pandan lontan.



Ansèyman apati Imaj La

1. **Samyèl.** Bondye te rejte Sayil kòm wa paske kè Sayil te vrèman lwen Bondye. Sepandan, Bondye te voye Samyèl Betleyèm pou wen yon nouvo wa.
2. **Jese ak ptit gason li yo.** Bondye te dirije Samyèl bay yon mesye ki te rele Jese, epi li te di Samyèl, youn nan ptit Jese yo t ap wen. Bondye pa t chwazi pi gran an, pi wo a, oubyen ptit gason ki pi pwisan an. Olye de sa, Bondye te chwazi David, ke papa li pa t panse envite l nan dine avèk Samyèl paske li te ptit gason ki te pi jèn. Jese te sipoze ke Bondye pa t ap fè anyen espesyal atravè pi jèn ptit gason an. David t ap pran swen mouton yo lè papa li te rele li pou li vin rankontre ak Samyèl.
3. **David.** Kontrèman ak Sayil, David pa t wo oubyen te parèt pwisan lè yo te chwazi l pou wa. Byenke sa Izrayelit yo te vle se te yon wa, Bondye te konnen ke sa yo te bezwen an se te yon moun ki te karaktè ki fò epi ki te genyen yon kè pou Bondye.

Sans Tèks La

Bondye te vle Izrayèl Rekonèt li kòm wa yo. Bondye te pwouve gran lanmou li ak pwisans li pou Izrayèl pou sove yo anba esklavaj an Ejip epi ba yo Tè Pwomès la pou yo rete. Bondye te vle Izrayèl vin yon limyè pou nasyon yo, pou montre lòt yo ke limyè Bondye Izrayèl la se sèl vre Dye.

Nenpòt fason, Izrayelit yo te rebele kont Bondye nan mande Bondye pou ba yo yon wa imen pou yo te kapab menm jan ak tout lòt nasyon ki te genyen yo. Epi an fèt, wa Sayil la te vin menm jan ak lòt wa yo:

- li te renmen tèt li plis pase Bondye,
- li te vle pouvwa plis pase li te vle konnen Bondye,
- li te sousye plis de sa moun te panse de li pase li te fè sa Bondye te panse de li.

Se pandan, Bondye te rejte Wa Sayil, epi li te chwazi David pou vin pwochen wa Izrayèl la. David t ap vin yon moun ke kè li te onore Bondye, e se pa tèt li. Pandan plis tan sou rèy li an,

David t ap vin yon wa ki ta pral dirije Izrayelit yo menm jan Bondye te vle yo pou yo dirije yo, pou vin yon pèp ki te kwè nan Bondye, ki te renmen Bondye. Epi ki te renmen lòt moun yo. David pa t yon wa ki te pafè, epi li te fè kèk move erè. Nenpòt fason, li te totalman yon bon wa.

Tèks Nouvo Tesman an: Menm jan ak David, Bondye te chanje radikalman lavi Sòl lè Bondye chwazi Sòl (ki ta pral rele Pòl) pou vin yon yon enstriman nan gras Bondye. Eksepte, olye pou sèlman konsantre ministè li sou Izrayèl, menm kan ak David, Sòl te aple pou pote mesaj Sali Bondye a bay moun ki pa Kretyen yo tou.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou lesson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Antanke Kretyen, nou bezwen wè tèt nou menm jan Bondye wè nou. Bondye gade kè nou, epi li wè pou tou de, kiyès moun nou ye epi kiyès moun, avèk pouvwa Bondye a, nou ka vin ye. Lè Bondye te chwazi David, David pa t sanble ke li te kapab vin yon gran wa. David te jèn, pi jèn nan tout frè li yo, epi li te pase tan li ap aprann kijan pou vin yon gran dirijan oubyen yon gèrye pwisan. Konsa tou, anpil nan nou ka jèn nan laj fizik, men Bondye wè ki moun nou kapab vin ye antanke dirijan espirityèl.
 - Poukisa Bondye te rejte wa Sayil?
 - Ki kalite wa Bondye te vle pou David ye?
- **Kè: Kiyès moun Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Nan lide pou konprann konplètman lanmou Bondye pou nou, menm jan ak plan Bondye pou lavi nou, atravè je Bondye olye atravè je lòt moun yo. Antanke Kretyen, nou abite nan wyom Bondye a, kote Kris se wa nou, epi nou se sevitè li. Nou ka pa vin yon gran wa pou yon gwo nasyon, men nou ka vin dirijan espirityèl lakay nou, nan legliz nou yo, epi nan kominote nou yo.

- Kisa ou panse Bondye te wè nan kè David ki te mennen Bondye chwazi l pou vin pwochen wa Izrayèl?
 - Nan ki fason Bondye chanje kè ou?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Paske Bondye renmen nou, nou bezwen renmen lòt moun yo menm jan Bondye renmen yo. Sa vle di nou renmen yo. Se pa pou sa yo ka fè pou nou an retou, men senpleman paske Jezi renmen yo.
 - Kijan ou kapab parèt pi wo pase aparans fizik ou yo, oubyen pi wo pase sa lòt moun kapab fè pou ou, epi renmen lòt moun yo menm jan Bondye renmen yo semèn sa a?
 - Nan ki fason ou kapab montre lòt moun yo konbyen Bondye renmen yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 36

Tit Leson an: David touye Golyat

Tèks Leson an: [1 Samyèl 17:20-51](#)

Tèks Nuevo Testaman an: [Lik 12:1-2](#), [Efezyen 6:10-17](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann ke Bondye pa baze sou aparans fizik oubyen atitud pou gade moun. Bondye gade nan kè epi li ka fè aksyon pwisan atravè sila ki devwe pou Bondye.
- **Kè:** Selebre ke Bondye konnen kè ou epi li renmen ou. Byenke Bondye rele nou pou nou toujou grandi nan gras Li, nou pa bezwen pi bon moun pou Bondye renmen nou. Li renmen nou menm jan nan chak etap nan pakou espirityèl nou paske Bondye se lanmou.
- **Men yo:** Rekonèt ke lafwa Kretyen an li pou tou de, kè ak kò. Chèche fason pouw kapab mete lafwa an aplikasyon avèk kouraj.

Leson An Nan Yon Vèsè: Pa gade sou bél aparans li, ni sou bél wotè li. Paske mwen mete l sou kote, mwen pa jije vale yon moun jan lèzòm fè l la. Lèzòm gade sou sa ki parèt devan je yo. Mwen menm mwen gade sa ki nan kè moun. ([1 Samyèl 16:7](#))

Rezime Tèks La

Yon jou, David te pran manje pote bay frè li yo ki te nan kan Izrayèl yo. Lè David te lòt bò a, li te tande yon Filisten ki te rele Golyat ki te di move bagay de lame Bondye a. Golyat te fè rèl sou kan Izrayelit yo. Li te di yo pou yo voye yon moun pou bat li. Si yon moun te ka vin e pou touye li, ki te di Fiisten sa yo ta pral sede epi pou vin esklav Izrayelit yo. Izrayelit yo te pè Golyat paske li te mezire plis pase nèf pye wotè! Men David te vle pwouve ke lame Bondye ta ka bat Golyat. David te pran senk wòch nan rivyè a. Li te pran wòch yo ak fistibal li epi li te kouri sou Golyat. Golyat te jis ap ri. David te pran youn nan wòch li yo, li mete li nan fistibal li a, epi li te lanse l nan lè a. Wòch la te frape Golyat nan fwon, epi li te tonbe fas a tè. Golyat te mouri.



Ansèyman apati de lmaj

1. **Golyat** te yon Filisten pwisan gèrye ki t ap moke Izrayelit yo lè yo t ap prepare pou batay la. Li te defye yo pou li fè yon sòlda bat li, epi nenpòt sòlda ki te pèdi, lame yo t ap vini sijè lame solda ki genyen an.
2. **Sòlda Izrayelit yo** te krent Golyat e pyès nan yo pa t vle mete lavi yo sou liy pou yon pri ki wo si yo te pèdi. Laperèz te sou tout kan an, menm wa Sayil te gen krentif.
3. **David** se te yon ti gason. Nenpòt jan, lè li te tandem Golyat ki t ap moke li, epi pa t gen pyès Izrayelit ki te aksepte defi Golyat, li te gen volonte pou batay ak Golyat. David te konnen Bondye t ap ba li sikse paske li te kwè Bondye epi paske li te kanpe pou lame Bondye a.
4. **Fistibal ak wòch**, men san ekipman. Pou yon bèje, David te konnen kijan pou bat lyon yo ak lous yo avèk yon fisitbal epi yon wòch. Sepandan, olye pou yo mete ekipman ki solid epi itilize yon epe antanke sòlda, David te jis ale epi li te batay menm jan li tè lè li t ap gade mouton yo. Golyat te ranpli ak kòlè lè li te wè Izrayelit yo te voye yon jèn gason pou batay avèk li. Kidonk, wòch ki te nan fistibal David la te frape Golyat nan fwon epi li te touye li.

Sans Tèks La

Jis paske Samyèl te wen wa David, David pa t renye tankou yon wa kounyea. Olye de sa, li te kontinye grandi epi pran swen twoupo papa l yo. Frè li yo te ale nan lagè kont Filisten yo. Sayil te renye piblikman kòm wa Izrayèl, epi li te dirije lame Izrayèl la kont Filisten yo.

Golyat, pi gran gèrye Filisten an, te bay Izrayelit yo defi pou yo voye yon sòlda pou yon konba youn-kòm-youn. Golyat te declare, nenpòt nan nou ki genyen batay la, lame li a t ap chanpyon sou lame sou lame ki pèdi a. Lame ki pèdi a ta pral soumèt li ak lame ki chanpyon an. Sòlda Izrayelit yo te gen krentif pou gwosè ak teknik Golyat. Nenpòt fason, David te Rekonèt ke defi sa te pi gwo pase de sòlda k ap batay ak youn lòt. Li te Rekonèt ke sa se te yon batay espirityèl. Anplis, paske se te lame Bondye, si yon sòlda Izrayelit te gen lafwa ak konviksyon, Bondye t ap

ba li viktwa. David te bat avèk yon zam ki pa konvansyonèl, epi avèk benediksyon sèl vrè Bondye a, epi li te genyen batay la.

Tèks Nouvo Testaman an: Jezi ansenye ke genyen plis pou lavi ke pou kò a. Chak moun gen yon nanm ke Bondye te kreye. Sepandan, Kretyen an pa ta dwe domine avèk krentif sou sa yon ènmi ka fè kò li, yo ta dwe plis konsène sou sa ki ka rive nanm yo. Kò se pou yon ti tan men nanm lan se pou tout tan. Si Kretyen an sonje sa, menm jan ak pwofondè lanmou Bondye pou yo, yo pral kapab viv lafwa yo san yo pa krent.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks pou Leson Biblik yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Nan mond sa a, Kretyen yo pral fè fas ak defi. Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chef, ak pouvwa, ak otorite k ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a. ([Efezyen 6:12](#)) David te Rekonèt ke Bondye te kapab fè l genyen batay sa a sou Golyat trè fasil; Bondye te jis bezwen yon solda avèk lafwa pou mete konfyans sa a an aplikasyon. David te sèl moun nan kan Izrayelit yo ki te gen kalite lafwa sa a.
 - Kijan yon Kretyen kapab mache nan lafwa men non pa sa jeli ba li?
 - Ki kote ou panse David te jwenn lafwa ki te pèmèt li gen kouraj ak konfyans nan Bondye ke pyès Izrayelit nan kan an pat genyen?
- **Kè: Kiyès moun Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Viv nan lafwa epi pa nan sa nou wè pa fasil. Kidonk nou pa dwe mache avègleman atravè lavi nan inyore fòs espirityèl yo k ap travay nan mond lan, nou pa ta dwe kwè tou ke nou kapab jis rantre nan nenpòt batay nou vle epi admèt ke Bondye pral ba nou la viktwa. Kretyen yo, ki kwè nan lanmou Bondye pou yo , ki kwè nan pwisans Bondye, epi ale nan batay sèlman lè Bondye dirije yo, ap pote la viktwa
 - Kijan yon Kretyen kapab devlope yon konfyans pi fon nan pwisans Bondye?

- Kijan yon Kretyen kapab disène ki batay Bondye vle yo fè, epi ki batay (tankou batay tantasyon) Bondye vle pou yo kouri lwen?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** kretyen yo souvan jwenn Bondye mande yo pou yo mache nan batay ki pi gwo pase yo, yo panse ke yo kapab genyen. Asireman, si se volonte Bondye ki dirije yo, se fòs Bondye ki pral genyen batay la. Bondye fòtifye lafwa yon Kretyen lè Kretyen an mete fidèlman lafwa li an aplikasyon.
 - Ki mezi Preparasyon yon Kretyen kapab pran pou batay lavi yo? (gade Efezyen 6:10-17)
 - A Ki kèk jeyan nou dwe fè fas nan lavi nou?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 37

Tit Leson an: David sove Lavi Sayil

Tèks Leson an: [1 Samyèl 26](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 5:43-48](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Rekonèt ke gen pechè k ap fè move bagay, Kretyen yo pa pou chèche tire revanj.
- **Kè:** Disène si gen amètim oubyen rayi nan kè ou. Sepandan gen lòt ki te fè nou mal, domaj la ap vin pi mal si nou lèse ametim oubyen kòlè grandi anndan nou.
- **Men yo:** Atenn oubyen fè yon bagay janti oubyen ki gen konpasyon pou lòt moun ki fache avèk ou. Chèche montre yo lanmou Bondye nan yon fason reyèl epi tanjib.

Leson An Nan Yon Vèsè: SENYÈ A va bay chak moun sa yo merite, daprè jan yo mache devan li, daprè jan yo kenbe pwomès yo. Jodia, li te lage ou nan menm. Men mwen pa fè ou anyen, mwen pa leve menm sou wa Senyè a te chwazi a. ([1 Samyèl 26:23](#))

Rezime Tèks La

Wa Sayil te jalou de David paske David te vrèman fè siksè nan tout bagay li te fè. Sayil te kouri dèyè David nan tout peyi a pou eseye epi touye li. David te konnen ke Sayil t ap eseye touye li, konsa li te toujou dwe kache pou Sayil. Bondye te pwoteje David jwenn kote lame Sayil la te ye. Nwit sa a, David ak zanmi li a, Abichayi, t ap mache dousman nan kan kote Sayil t ap dòmi an. Pa gen moun ki te tande yo ki te ale nan kan an. Lè yo t ap mache rive sou Sayil, Abichayi te tire lans li rapidman. Konsa Abichayi t ap touye Sayil, David te kanpe l. Olye de sa, yo te pran lans lan ak krich dlo ki te bò tèt Sayil la. Nan demen, Sayil te wè sa David te fè. Li te konnen ke David te kapab touye li. Olye de sa, David te sove lavi li.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Wa Sayil.** jalouzi Wa Sayil pou David te mennen l pou li kouri dèyè l pou li touye l. Yon nwit pandan Sayil ak sòlda li yo t ap dòmi, David ak Abichayi te fofile nan kan an.
2. **Lans ak Krich Dlo Sayil la.** Poutan Sayil te vle touye David, David pa t vle fè Sayil mal, paske Sayil se te wa Bondye te wen an. Pou pwouve ke li pa t vle fè Sayil mal, David te pran lans ak Krich Dlo Sayi yo, pou montre li te ka touye l anvan men li pa t fè sa.
3. **Abichayi.** Youn nan sòlda David yo, pa t dakò avèk konviksyon David, li pa t kapab touye wa Bondye te wen. Abichayi te vle touye Sayil lè yo te jwenn chans lan.
4. **David pa t kite Abichayi touye Wa Sayil.** Olye, yo te fofile nan kan an epi pita li te fè fas ak Sayil nan yon distans. David te pwouve Sayil ke li pa t vle fè l mal pandan li te montre Sayil pwòp lans li ak krich dlo li a ke David te pran. Sayil te enb epi li te pwomèt pou li sispann eseye touye David.

Sans Tèks La

Sepandan pwofèt Samyèl te wen wa David pou Izrayèl, Sayil te toujou yon wa piblik pou Izrayèl. Sayil pa t yon mesye selon kè Bondye, epi li pa t mennen Izrayelit yo nan yon fason ki onore Bondye. Se pou rezon sa a Bondye ta pral ranplase Sayil pa David. Tan an pat ko rive pou ranplase Sayil.

Bondye te beni David nan plizyè fason, e akoz de sa, Sayil te jalou anpil de li. Nan anpil okazyon, Sayil te eseye pou touye David paske li te santi egzistans David te menase li. Tèks sa a se youn nan de istwa ladan yo David te gen opòtinite pou touye Sayil (gade tou 1 Samyèl 24), epi li te refize ankò. Malgre Sayil pat onore Bondye, li te toujou yon moun Bondye te wen. Sepandan, byenke David te konnen ke sa Sayil t ap fè yo pa t bon, e ke yon jou li t ap vin wa ann Izrayèl, li te konnen li pat gen rezon pou touye Sayil pou tèt li.

Tèks Nouvo Testaman an: Jezi te ansenye ke li fasil pou renmen sila yo ki renmen ou e pou rayi sila yo ki rayi w. Kidonk, volonte Bondye pou Kretyen yo se pou renmen tout moun, menm sila yo ki rayi yo. Sa difisil, men Papa nou ki nan syèl la ka ba nou fòs ak rezistans ke nou bezwen pou nou renmen moun ki difisil yo.

Chapit Fwi de Lespri: 4. Pasyans. Literalman, nan lang Grèk ke Pòl te ekri, pasyans vle di "soufrans ki long." Pasyans se kapasite yon Kretyen genyen pou li andire ak sitiyasyon difisil yo san li pa fatige oubyen aflje. Konstitisyon natirèl anpil moun se empasyans. Yo pa vle rete tann, swa se pou rezoud yon pwoblèm oubyen posede yon novo bagay. Pafwa Kretyen yo pral menm pèdi pasyans nan Bondye pou livre yo yon benediksyon oubyen yon repons pou priye. E pou aji anba pwòp pouwva yo pou eseye genyen benediksyon nan oubyen yon repons pou tèt yo. Lè yon Kretyen pratike pasyans, li pa nesesèman vle di yon pasif, men trè aktif nan priyè yo, nan atant yo, nan lwanj yo pou Bondye.

Youn nan deskripsyon pasyans nan kilti Grèk se te yon moun ki te kapab vanje pou tèt li, men li pa vanje. Nan lesон sa a, David pratike pasyans avèk Sayil pandan l ap tann pou Bondye aji avèk jistik selon moman Bondye.

- **Tèt:** Kisa ki konsène nati imen nou ki rann li difisil pou nou pratike pasyans?
 - **Kè:** Yon Kretyen dwe genyen plis konfyans ak lafwa nan Bondye pou li ka pasyans. Ki lòt vèti ki ka ede yon Kretyen pratike pasyans?
 - **Men yo:** Mete apa sinifi kantite tan pou priyè silans lan ak etid Biblik la fondamantal pou kiltive yon lavi pasyans. Kitan ou ka mete apa semèn sa a pou rete tann Senyè a?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** David te gen opòtinite pou pini Sayil pou vye fason mechanste li yo, epi pou vanje pou tantativ Sayil te fè pou touye li. Abichayi te wè opòtinite sa amenm jan Bondye te lage Sayil nan men David. Kidonk, David te rekonèt se pa t plas li pou li se moun ki t ap pini Sayil. Ni David ni Abichayi te panse yo te konnen volonte Bondye a, men te gen lide kontrè de volonte Bondye yo. Kretyen yo bezwen disènman nan lide pou konnen lè Bondye rele yo pou fè aksyon epi lè Bondye rele yo pou yo tann. Jezi ansenye ke gen plis pouvwa nan renmen ke nan revanj.
 - Poukisa ou panse Abichayi epi David te konprann volonte Bondye diferan nan sitiyasyon sa a?
 - Kisa Kretyen yo kapab aprann de pasaj sa a sou fason pou andire sitiyasyon lè yo gen konpreyansyon diferan de volonte Bondye?
- **Kè: Kiyès moun Tèks la Di Nou dwe ye?** David te genyen yon konpreyansyon klè nan kè li sou sa Bondye te vle pou li. Li te konnen ke Bondye te fè l vin wa ann Izrayèl, men li pa t ale itilize pouvwa imen pou fè Sayil mal, kiyès ki pa t ap koute mesaj Bondye a. David te gen yon lafwa fèm ki te konvenk li Bondye ta pral pwoteje li san li pa kite l touye Sayil, men li te refize. Nenpòt fason, David te refize lèse amètim ak rayi, pou konstwi nan kè akoz peche Sayil.
 - Kisa ou panse ki te rive nan kè Sayil ki te fè l pase de etap kote Lespri Bondye abite nan li a (li Samyèl 10) dezi pou touye David la?

- Ki sitiyasyon ki te kapab tante yon Kretyen pou abandone devouman yo pou Bondye?
- **Men yo Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** David te akonpli ansèyman Jezi t ap bay la pou renmen ènmi ou yo epi priye pou sila yo k ap pèsekite ou. Se pa yon bagay natirèl pou renmen sila yo ki rayi w; sa mande yon chanjman nan kè ki soti nan Bondye. Sa mande tou obeyisans. Anplis, pandan sa mande tou de pati yo pou yo vle rekonsilyasyon pou rekonsilyasyon ka pran nesans, si sèlman pran yon pati pou montre lanmou ak padon pou lanmou Bondye manifeste. Jezi rele Kretyen yo pou fè premye pa a nan pwoesisis rekonsilyasyon an.
 - Ki aksyon pozitif yon Kretyen kapab fè anvè yon moun ki fache avèk yo?
 - Konbyen fwa ou panse sa ta pran yon Kretyen pou priye pou ènmi yo avan yo te kòmanse renmen ènmi yo aktyèlman?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 38

Tit Leson an: Lach Alyans lan retounen

Tèks Leson an: [2 Samyèl 6](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Women 12:1-9](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Rekonèt enpòtans pou trete Bondye epi kòmandman Bondye yo avèk respè epi onè.
- **Kè:** Disène si gras Bondye ak mizèrikòd Bondye touche tout jou nan semèn ou an epi tout relasyon ke w genyen.
- **Men yo:** Se pou konprann ke onore Bondye bezwen plis ke bon entansyon yo. Kretyen yo bezwen fè bon entansyon yo koresponn avèk yon konpòtman ki sen.

Leson An Nan Yon Vèsè: Se sak fè, frè m yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bêt yo mete apa pou Bondye, bêt yo ofri tou vivan epi k ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon. ([Women 12:1](#))

Rezime Tèks la

Lè Sayil te mouri, Finalman David te vin wa ann Izrayèl. Filisten yo te retire bwat kontra a nan men Izrayelit yo, epi David te vle retounen avè l Jerizalèm. Bwat la te espesyal pou Izrayelit yo, e yo te vle retounen avèk li. Bondye te di ke nenpòt moun ki te deplase lach la te dwe pote l sou poto yo, men pou yo pa janm touche l. David pa t koute. Li te mete bwat la nan yon charyo epi li te fè kèk bèf rale l. Lè lach la te kòmanse ap tonbe, yon mesye yo te rele Ouza te lonje men pou l te ka trape l. Lè l te fè sa, Ouza te mouri touswit paske li te touche bwat la. David t ale deplase bwat la ankò, men fwa sa a li te fè sa nan bon fason an. Lè mesye yo t ap pote bwat la yo te fè sis pa, David te ofri sakrifis yon towo ak yon ti bèf. David te tèlman kontan paske l te retounen avèk bwat la, li t ap danse avèk lajwa!



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Bwat Kontra a.** Avan Sayil te wa, Filisten yo te vòlè senbòl presye lafwa Izrayèl la.
2. **Wa David** te bat Filisten yo, epi li te deside pote Bwat Kontra a retounen an Izrayèl. Li te dirije pwosesyon pou bwat la retounen an Izrayèl.
3. **Prèt yo** te pote Bwat la avèk prekosyon. Paske Bwat Kontra a te sen, Izrayelit yo te dwe fè atansyon nan fason yo t ap trete l epi pote l. Bondye te deklare ke yo te kapab pote l sou poto; yo pat kapab touche pyès lòt pati ladan l.

Sans Tèks La

Sayil te mouri, epi David te vin wa an Izrayèl. Antanke wa, David te libere Jerizalèm epi li te bat Fiisten yo. Filisten yo te kaptire Bwat Kontra a depi plizyè dizèn ane anvan David te wa. David te mennen Bwat Kontra an Jerizalèm.

Sepandan, pou pote l retounen Jerizalèm, sa pa t rive fèt san difikilte. Olye pou yo pote Bwat la, yo te chaje l sou yon charyo, ki te gen bèf ki t ap rale l. Bèf la te bite epi te gen yon mesye yo te rele Ouza ki te lonje men l pou li anpeche l sot tonbe sou charyo a. Bondye te entèdi Izrayelit yo manyen bwat la, sof nan poto yo sèlman. ([Egzòd 25:14](#)). Sepandan, Ouza te mouri menm moman an. David te pè pou sa ki te rive a. Kidonk, David te sispann pote Bwat la Jerizalèm, e li te mete l nan kay Obed-Edom lan. Aprè kèk mwa David te retounen epi li te mennen Bwat la Jerizalèm, fwa sa a te gen kat Izrayelit ki t ap pote l sou poto pou asire ke li pa t tonbe ankò.

Tèks Nouvo Testaman an: Sa ke Kretyen yo ap fè avèk kò yo gen enpòtans. Kretyen yo pa sèlman nanm k ap viv nan yon kò. Kò Kretyen an se yon pati esansyèl sou kiyès moun yo ye. Sepandan, Kretyen an bezwen abandone non sèlman kè li, men kò li tou nan Kris.

Chapit Fwi Lespri a: 2. Lajwa Lajwa se yon santiman sekirite pwofon ak benediksyon ki fè w konnen ke Bondye renmen w. Anpil moun pa chèche lajwa ki soti anndan, men yo pito chèche “bonè,” ki depann de sikontans vizib yo. Yo kwè si yo kapab sèlman repare tout sitiayson ak sikontans mond vizib sa yo, après yo pral kontan. Kidonk, Kretyen an konnen ap toujou gen

lit nan lavi sa a, e sèl fason pou yo konnen vrè lajwa a se lè yo gen prezans Bondye nan lavi yo. Lè Apot Pòl te chita nan prizon, li te ekri sou lajwa ke li te genyen paske menm lè li te nan prizon, sa te fè glwa Kris la ([Filipyen 4:10-20](#))

Nan tèks lesion sa a nou tande David k ap eksprime lajwa l devan Senyè e devan lòt moun lè ke Bwat Kontra te retounen Jerizalèm. David rejwi paske Bondye kontinye rete fidèl ak pèp Izrayèl la e li kontinye akonpli pwomès li te fè pèp Izrayèl la.

- **Tèt:** Ki jan li posib pou Kretyen yo gen lajwa lè y ap fè fas ak pèsekisyon ak pwoblèm nan lavi yo?
 - **Kè:** Selon ou menm, ki panse ak santiman ki te travèse lavi David lè li t ap danse devan Senyè a?
 - **Men yo:** Kijan ou kapab pote lajwa nan lavi moun ki pèdi epi blese yo nan lavi w semèn sa a?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Kretyen yo dwe trete Bondye avèk onè epi respè. David te tèlman okipe nan selebrasyon gran viktwa ak rekiperasyon yo, li pa t asire l ke yo te byen pote bwat la. Pafwa Kretyen yo konsantre yo sou benediksyon Bondye te ba yo, yo pa pran tan pou asire ke y ap itilize benediksyon yo jan Bondye te vle a. Antanke temwen benediksyon Bondye yo, Kretyen yo toujou bezwen fè atansyon pou trete kado Bondye yo avèk respè epi onè ke yo merite a.
 - Poukisa sa kapab tante anpil Kretyen pou yo konsantre plis sou benediksyon Bondye ke yo blyie onore Bondye?
 - Nan ki fason Kretyen yo kapab montre respè ak onè pou Bondye e pou kòmandman Bondye yo jodi a?

- **Kè: Ki moun Tèks la di Nou ta Dwe Ye?** Adore Bondye ta dwe obkektif ki nan kè tout Kretyen. Adorasyon pou Bondye fèt lè Kretyen yo rasanble ansanm nan sèvis adorasyon yo. Kidonk, adorasyon fèt tout lòt jou semèn yo tou. Kretyen yo dwe wè tout lavi yo tankou yon okazyon pou kontinye adore Bondye. Gras epi mizèrikòd Bondye ta dwe touche tout relasyon yo, aksyon yo, ak santiman yo.
 - Kisa yon Kretyen ta dwe fè lè yo pa santi yo espesyalman gen rekonesans oubyen mizèrikòd pou yon moun?
 - Nan ki fason yon Kretyen kapab prepare kè yo epi kò yo pou adore Bondye chak jou nan semèn lan?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Sèvi Bondye egzije plis pase bon entansyon yo. Kretyen yo bezwen fè atansyon ak fason y ap viv lavi yo. Yo pa pridan nan sans ke yo toujou kwè ke Bondye ka pini yo oubyen frape yo jiskaske yo mouri. Men fè pridan nan sans pou asire w ke tout pawòl yo epi aksyon yo koule ak gras Bondye ladan yo.
 - Kijan ou kapab montre respè pou Bondye nan lavi w chak jou?
 - Kisa ou ta dwe fè si Bondye revele ke gen aksyon oubyen panse ke w genyen ki pa onore Bondye?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 39

Tit Leson an: Bati Tanp lan

Tèks Leson an: [1 Wa 6:1-22](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Jan 2:13-24](#), [1 Korentyen 6:18-20](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Rekonèt ke bati Tanp lan a Jerizalèm se akonplisman yon pati nan alyans Bondye yo.
- **Kè:** Kreyasyon an revele majeste ak bote Bondye. Sepandan, zèv atistik ak kreyatif lèzòm kapab revele majeste ak bote Bondye tou.
- **Men yo:** Antanke Kretyen, kò nou se Tanp Bondye. Nou onore Bondye nan fason nou trete epi nou itilize kò nou.

Leson An Nan Yon Vèsè: “Lè w a fin bati tanp lan, si ou mache daprè lòd mwen, si ou fè sa m di ou fè a, si ou kenbe tout kòmandman mwen yo, m a fè pou ou tou sa mwen te pwomèt David, papa ou. ([1 Wa 6:12](#))

Rezime Tèks La

Wa David te gen yon pitit gason ki te rele Salomon. Bondye te di David ke Salomon t ap bati yon Tanp pou li. Lè Salomon te vin wa an Izrayèl, li te bati Tanp lan. Se te espesyalman pou Bondye. Tanp sa a pa t menm jan ak yon legliz ke nou ta ka atann nou. Lè moun yo te ale nan Tanp lan, yo t ap kanpe nan lakou yo pou adore. Pandan ke travayè Salomon yo t ap konstwi Tanp lam, li te mande yo pou yo pa fè pyès bri kout mato oubyen bri kout sizo sou chantye a. Salomon te vle onore Bondye san pa t gen bri sa yo sou chantye a. Aprè yo te fin bati Tanp lan, Salomon te fè travayè l yo kouvri tout bagay anndan an ak lò solid. Li te menm kouvri atè a avèk lò! Lè Tanp lan te fini, li te sanble ak yon palè. Tout bagay te bèl.



Ansèyman apati de Imaj La

1. **Salomon** (an ble) se te dezyèm wa an Izrayèl, ptit gason Wa David la. Bondye te di Wa David ke Salomon t ap vin moun pou bati Tanp Bondye a nan Jerizalèm. Tanp lan pa t ap limite Bondye, paske Bondye twò gran pou menm syèl yo. Kidonk, Tanp lan t ap yon espas kote Izrayelit yo te kapab ale adore Bondye.
2. **Izrayelit yo.** Plis pase 30,000 Izrayelit te patisipe nan transpòte materyo pou Tanp lan, epi nan konstriksyon Tanp lan.
3. **Tanp lan.** Pèp Izrayèl la te bati Tanp lan selon kòmandman Bondye yo. Tanp lan te gen atè yo ki te fèt ak bwa sèd, mi yo te fèt annò, epi atik espesyal ki te konstwi sèlman pou Tanp lan. Lè yo te fini, Tanp lan te yon espas trè bèl kote Izrayelit yo te ale adore Bondye.
4. **Kòmandman Bondye yo.** Bondye te bay Wa David enstriksyon sou kijan pou li bati Tanp lan. David te bay Salomon yo, epi Salomon te obeyi ak enstriksyon Bondye yo.

Sans Tèks La

Izrayelit yo te etabli yo nan Tè Pwomès la. Anba dominasyon Wa David, yo te bat ènmi yo, e yo kòmanse ap jwi lapè ak pwosperite nan Tè Pwomès la. David te vle bati yon Tanp pou Bondye, nan kad nouvo sekirite ak pwosperite sa a. Kidonk, Bondye te di David ke li pa t kapab bati Tanp lan. ([2 Samyèl 7](#)). Sepandan, Bondye te bay David plan yo pou Tanp lan, epi David te kòmanse ransable materyo li te bezwen yo pou konstriksyon Tanp lan, konsa Salomon t ap genyen yo lè li te vin Wa.

Yon ti tan aprè lanmò David, Salomon te kòmanse bati Tanp lan. Li te pran sèt ane pou li fini, epi Salomon te itilize 30,000 Izrayelit pou pwosesis konstriksyon an.

Tanp lan se te sant espirityèl nasyon Izrayèl la. Tanp lan se te kote Izrayelit yo te selebre fèt yo e yo te ofri sakrifis. Paske prezans Bondye te abite nan Tanp lan, Izrayelit yo te dwe trete Tanp lan

avèk anpil respè epi anpil onè. Bondye, asireman pa t limite 1 nan Tanp lan, men Izrayelit yo te konprann se te yon espas sakre.

Tèks Nouvo Testaman an: Nan epòk Jezi, Tanp lan pa t sèlman yon espas pou ofri sakrifis, men tou yon espas pou fè biznis kote Izrayelit yo te ka achte ak vann atik ki nesesè pou sakrifis yo. Jezi te vin fache anpil paske espas onè ak respè sakre pou Bondye sa a te vin tounen yon mache. Jezi te predi tou lanmò 1 ak rezireksyon 1. Lè Jezi te leve soti vivan nan lanmò, moun yo pa t ap bezwen al nan Tanp lan ankò pou yo ofri sakrifis pou padon yo, kounyea pwòp kò yo t ap vin tounen Tanp Bondye a. ([1 Korentyen 3:16-17](#))

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye te bay Wa Salomon lòd pou bati yon Tanp a Jerizalèm kote Izrayelit yo te ka vini epi adore Bondye. Tanp lan pa t ap tounen sèl espas kote Izrayelit yo te ka adore Bondye; yo t ap genyen sinagòg nan diferan vil yo tou. Sepandan, Tanp lan t ap vin sant espirityèl lavi Izrayelit yo, kote Bwat Kontra a te ye a, epi kote Izrayelit yo te ofri sakrifis yo. Tanp lan pral premye reyalizasyon manifestasyon pwomès alyans Bondye yo. Ki te kòmanse tankou pwomès yon mesye ki pa t gen pitit ki te rele Abraram sa gen pase anpil santèn ane k ap manifeste kounyea a nan Tanp sa a.
 - Sa enpòtan menm jan ak jan Tanp lan te ye a, se te jis yon prefigirasyon sou fason Bondye t ap etabli rapò l avèk Kretyen yo aprè lanmò ak rezireksyon Jezi. Kounyea Kretyen yo se Tanp Bondye, epi olye ke nou sakrifye bêt pou Bondye, Kretyen yo remèt lavi yo ak Bondye tankou yon sakrifis pou misyon Bondye nan mond lan.
 - Si yon sèl konstriksyon pa kapab kenbe Bondye, ki avantaj ki genyen pou Izrayelit yo gen yon sèl Tanp?

- Repòtaj yo fè konnen jan Tanp lan se te youn nan pi bèle konstriksyon nan epòk la. Kijan bote kreyasyon an ak zèv atistik lèzòm yo kapab mennen moun yo jwenn yon sans ki pi pwofon pou adore Bondye?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe Ye?** Antanke kreyasyon Bondye, lavi Kretyen yo dwe adore Bondye epi di Sovè a mèsi. Kè ki dirije ale jwenn Bondye ka akonpli sa. Konstriksyon yo, tankou Tanp Salomon an ak legliz modèn yo, kapab ede yo dirije kè yo alafen. Zèv atistik tankou pentire kapab fè sa tou. Finalman, lavi lèzòm se zèv atistik, paske yo se kreyasyon Bondye epi yo ta dwe reflete glwa Bondye. Sa ka fèt lèKretyen yo ofri mond lan lanmou, padon, konpasyon, epi espwa a.
 - Yon konstriksyon oubyen yon chedèv pa apati li menm oswa nan li menm dirije kè moun yo bay Bondye. Sa ki atire kè yon moun bay Bondye, se lè yo wè yon bagay ke yo kwè ki bèle?
 - Kijan Kretyen yo kapab prepare yo chak jou pou yo wè bote ak travay Bondye toutotou yo menm?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Bondye pa t sèlman kreye chak moun, Bondye te bay chak moun don ak talan pou yo ka devlope epi itilize pou ede lòt moun epi pou bay Bondye glwa. Lè Kretyen yo itilize don ak talan sa yo pou fè glwa Bondye, yo onore Bondye e yo beni lòt moun.
 - Ki kèk nan don ak talan Bondye te ba ou, e ki jan w ap itilize yo pou fè glwa Bondye?
 - Si w pa konn ki don ak talan Bondye te ba ou, ki mezi ou kapab pran pou w dekouvri ki sa yo ye epi kijan pou w devlope yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 40

Tit Leson an: Kòbo yo Te Pran Swen Eli

Tèks Leson an: [1 Wa 17:1-6](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Lik 1:1-17](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann ke Bondye rele kèk moun pou pwofèt, pou anonsé ke gen konsekans pou sila yo k ap fè rebèl kont Bondye. Pafwa apèl Bondye sou moun yo egzije sakrifis, men Bondye pral ba yo sa yo bezwen.
- **Kè:** Reflechi sou sakrifis ke Kretyen yo ta dwe prè pou yo fè nan lide pou yo reponn ak apèl Bondye sou lavi yo.
- **Men yo:** Se pou prè pou ede pastè ak dirijan Bondye te rele yo lè yo bezwen manje oubyen lòt sipò.

Leson an Nan yon Vèsè: L ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa pwofèt Eli te genyen an. L ap fè papa vin byen ankò ak pitit; l ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k ap obeyi Bondye, l ap pare yon pèp byen dispoze pou resevwa Mèt la.” ([Lik 1:17](#))

Rezime Tèks La

Anpil ane aprè lanmò Wa Salomon, yon nonm yo te rele Akab te vin nouvo Wa an Izrayèl. Se te yon nonm ki mechan anpil. Bondye te voye Eli bay Wa Akab yon mesaj, paske Eli se te yon pwofèt. Yon pwofèt se yon moun ki pale pou Bondye. Eli te di Wa Akab ke lapli pa t ap tonbe nan peyi a pou yon bon bout tan. Lapli t ap tonbe si l te di pou lapli tonbe. Bondye te konnen ke wa a t ap fache avèk Eli lè li te ba li mesaj sa a. Konsa, Bondye te voye Eli sou mòn yo pou l al kache nan ravin lan. Eli pa t kapab soti al chase pou l manje pandan l t al kache a. Olye de sa, Bondye te mande kèk zwazo yo te rele kòbo pou pote manje bay Eli pou l ka manje. Chak maten epi chak swa kòbo yo te pote vyann ak pen pou Eli manje. Eli te manje manje kòbo yo te pote yo, epi li te bwè dlo nan yon rivyè tou prè a.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Eli** se te yon pwofèt ke Bondye te voye pou avèti Akab Wa rebèl Izrayèl la ke gen yon grangou ki te gen pou vini kòm pinisyon pou peche l yo.
2. **Nan Ravin Kerit la.** Paske Wa Akab te vle fè Eli mal pou pwofesi sa a, Bondye te voye Eli kache nan lès Rivyè Jouden an.
3. **Ti Rivyè a.** Bondye te fè pwovizyon natirèl pou bezwen pwofèt li a pandan li voye l kache tou prè yon ti rivyè kote pou Eli pran dlo.
4. **Kòbo yo.** Bondye te fè pwovizyon sinatirèl tou pou bezwen pwofèt li a pandan l fè kòbo pote manje ba li de fwa pa jou. Nan maten, kòbo te pote pen ak vyann, nan aswè, vyann ankò.

Sans Tèks La

Wayom ini Izrayèl la pa t dire pou lontan. Li te kòmanse byen sou Wa David, epi deyò a li sanble ke sa te kontinye sou Wa Salomon. Sepandan, kè Salomon t ap vin pataje pandan l sou pik lavi li paske renome ak richès li yo te vin sous ògèy li olye de imilite devan Bondye. Aprè lanmò Salomon, te gen konfli pami tribi Izrayèl yo, epi yo te divize an de gwoup, 10 nan tribi nan nò yo te rele “Izrayèl,” epi 2 lòt nan sid yo te rele “Jida.”

Dirijan tou de wayòm yo te varye anpil pandan syèk yo nan devosyon ak Bondye pa rapò ak devosyon yo ak lòt “dye” nasyon ki antoure yo. Yon wa ki mechan anpil, Akab Wa Izrayèl, pa t sèlman adore lòt “dye,” yo men li te konstwi yon tanp nan non fo dye sa yo nan Tè Pwomès la.

Bondye pa t kontante l pou l pèmèt Izrayelit pou te fè rebèl kont li epi soufri pou konsekans peche yo. Sepandan, li te voye mesye yo te rele pwofèt yo pou te avèti dirijan yo ak Izrayelit yo pou yo repanti de peche yo epi retounen pou adore sèl vrè Dye a.

Eli te youn nan pwofèt sa yo. Bondye te voye l pou avèti Wa Akab. Lavi Yon pwofèt Bondye se te yon bagay ki danjere, paske Wa yo ak moun k ap viv nan rebelyon anvè Bondye yo souvan pa vle moun fè fas ak peche yo oubyen avèti yo sou konsekans rebelyon yo. Wa Akab te konsa, epi

Bondye te di Eli pou 1 kouri lwen Wa Akab epi pou 1 ale kache aprè 1 te fin fès ak Akab. Bondye te gen sousi pou bezwen Eli yo pandan 1 te kache a.

Tèks Nouvo Testman an: Eli se te youn nan pwofèt ki te pi enpòtan ann Izrayèl, jan nou te ka wè sa an fèt non 1 te parèt anpil fwa nan Nouvo Testaman an. Jan Batis te souvan idantifye 1 nan Nouvo Testman an kòm manifestasyon “Lespri ak pouvwa Eli.” Tankou Eli, Jan Batis te rele pèp Izrayèl ki te rebèl e dezobeyisan an pou repanti epi retounen vin adore Bondye sèl.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye te kreye limanite nan lanmou. Lè limanite te fè peche kont Bondye, te gen konsekans, men Bondye te toujou travay pou kreye yon mwayen atravè sa moun yo te kapab repanti epi sèvi l pou kont li. Anplis, menm lè Bondye te mete moun yo nan Tè Pwomès la, epi yo te fè rebèl, Bondye te di pwofèt yo pou avèti yo pou retounen vin jwenn Bondye ki te kapab ba yo yon lavi benediksyon, men se pa yon lavi k ap eksperimante konsekans peche yo. Bondye voye pwofèt yo jodia tou pou avèti moun yo de konsekans peche yo, epi envite yo pou yo repanti epi jwenn delivrans atravè JezeKri. Pou se yon pwofèt Bondye se te souvan yon lavi ki difsil anpil an Izrayèl.
 - Kiyès moun nan lavi w Bondye te itilize pou rele w pou w viv nan fidelite ak Bondye?
 - Poukisa kèk moun repanti lè yo te fè fas avèk peche yo, men lòt moun vin fache oubyen vyolan (menm jan ak Wa Akab te vin ye a)?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Gen konsekans pou peche nou fè yo. Pami konsekans sa yo, blese relasyon nou avèk Bondye epi blese relasyon nou ak lòt moun. Nan mizèrikòd Bondye, li voye moun nan lavi nou pou fè nou fè fas ak peche sa yo epi rele n pou n repanti konsa nou kapab jwi yon relasyon pi sere ak Bondye

epi pou n vin yon gwo èd pou wayòm Bondye a. Li enpòtan pou nou kenbe kè nou ak zòrèy nou ouvri pou lè sèvitè Bondye sa yo ap eseye pale verite ak nou, konsa nou pa p kapab refize tande pawòl Bondye k ap pale atravè yo. Lè Kretyen yo renonse ak tèt yo, epi gen volonte fè sakrifis pou Jezi, Wayòm Bondye a ap pwospere.

- Kijan menm, sa nou te ka rele ti peche, ka blese kè nou ak kapasite pou n tande Bondye?
- Kijan yon pratik regilye de peche ka rann sa difisil e difisil anpil pou Rekonèt bezwen nou genyen pou nou repanti epi retounen vin jwenn Bondye?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Pafwa se pa lòt moun, men nou menm ke Bondye rele pou ale bay pawòl pou korije lòt Kretyen. Nou dwe fè anpil atansyon pou disènè ke sa se volonte Bondye pou nou, epi pwoche sou moun sa a avèk anpil lanmou epi konpasyon. Antanke Kretyen, nou ta dwe renmen epi sipòte pastè ak dirijan legliz nou yo pandan y ap akonpli apèl Bondye sou lavi yo.
 - Ki efè sa t a fè pou pwoche yon moun avèk lanmou epi konpasyon ki elwanye l de Bondye?
 - Ki mezi ou ka pran pou vin yon benediksyon pou pastè w la?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 41

Tit Leson an: Eli sou Mòn Kamèl la

Tèks Leson an: [1 Wa 18:16-46](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Galat 1:1-12](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Se pou disène konsènan sa w aksepte ki vrè sou Bondye epi nan mond sa a. Èske w vrèman kwè sa Bib la ansenye oubyen èske w te aksepte fo ansèyman ki kontrè ak Ekriti yo?
- **Kè:** Reflechi sou dezi kè w. Paske sa w dezire se sa w renmen. Asire w ke dezi w yo onore Bondye?
- **Men yo:** Evalye rezo sosyal yo, divètisman, ak selebrite ke w kite enfliyanse w yo. Asire ke w pa pase tan nan kite pechè yo enfliyanse w.

Leson an Nan yon Vèsè: Mwen déjà di nou sa, koulye a m ap repete nou sa ankò: si yon moun vin anonce nou yon bon nouvèl ki pa menm ak sa nou te resevwa a, madichon pou li! ([Galat 1:9](#))

Rezime Tèks La

Akab Wa mechan an te adore yon dye yo te rele Baal. Eli se te yon pwofèt Bondye epi li te vle pwouve Wa Akab ke Baal pa t reyèl. Eli te mande pwofèt Baal yo pou yo mete yon towo bèf sou lotèl yo a pou Baal. Eli te mete yon towo bèf sou lotèl li a pou Bondye. Nenpòt nan dye ki ta limen dife nan bwa yo pou sakrifis la t ap vrè dye a. Pwofèt Baal yo te priye e yo te priye dye yo a. Yo te danse epi chante epi yo te pran rele pandan tout jounen an. Men anyen pa pati. Eli te fouye yon kannal fè wonn lotèl li a epi li te mande kèk mesye pou vide dlo sou tout lotèl la. Yo te vide anpil dlo tou a te plen. Aprèsa Eli te priye Bondye epi li te mande l pou l limen dife sou bwa yo pou fè moun yo konnen ke Li se te vrè Dye a. Bondye te voye yon dife ki pa t sèlman limen bwa yo, men ki te boule sakrifis la ak lotèl la tou. Li te menm seche dlo ki nan kannal la! Lè moun yo te wè sa, yo te konnen ke Bondye Eli a se te vrè Dye a.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Eli.** Bondye te voye pwofèt li Eli pou fè fas ak Akab Wa mechan an avèk peche l yo. Wa Akab epi Izrayèl t ap fè sakrifis epi yo t ap adore fo dye yo. Eli te di Wa Akab pou l rasanble tout pwofèt fo dye yo sou Mòn Kamèl la.
2. **Prèt Baal la.** Eli te defye 450 pwofèt Baal yo nan yon konpetisyon. Yo t ap fè yon sakrifis pou fo dye yo a, epi après Eli t ap fè yon sakrifis pou vrè Dye a. Yo t ap gade kiyès ki t ap fè dife desann soti nan syèl la pou boule sakrifis la. Pwofèt Baal yo te kòmanse anvan, epi yo te pase tout jounen an ap priye, danse, sote, e menm blese tèt yo pou eseye fè fo dye yo a voye dife desann soti nan syèl la. Anyen pa pati.
3. **Dlo a.** Après Eli te prepare sakrifis li a pou vrè Dye a. Kidonk, li pa t sèlman mete towo bèf la sou lotèl la, li te fouye yon kannal fè wonn lotèl la tou, epi après yo te vide 12 krich plen dlo sou sakrifis la. Dlo a te plen kannal la.
4. **Dife a.** Tout sa Eli te gen pou fè se te fè yon priyè kout bay vrè Dye a, epi dife te desann soti nan syèl la sou sakrifis la. Dife a te tèlman fewòs, li pa t sèlman boule towo bèf la, men tout bwa yo, wòch sou lotèl yo, epi l te seche tout dlo nan twoou a. Eli te pwouve jou sa a sèl vrè Dye a se Bondye Izrayèl la.

Sans Tèks la

Bondye te voye Eli di Akab Wa mechan an ke gen yon sechrès ki gen pou vini sou Izrayèl kòm pinisyon peche Akab yo. Wa Akab pa t sèlman adore fo dye, men li bati lotèl ann Izrayèl pou Izrayelit yo te k adore fo dye tou. Après Bondye te fè Eli al kache, pou l te pwoteje l kont Wa Akab.

Aprè de lane sechrès, Bondye te voye Eli fè fas ak Wa Akab epi pou wè si l te prè pou l repanti de peche l yo. Li pa t prè, konsa Eli te ba l lòd pou l rasanble pwofèt fo dye, Baal yo, epi pou rankontre l sou Mòn Kamèl la. Te gen yon gwo defi ant vrè Dye a ak fo dye yo.

Tèks Nouvo Testaman an: Menm jan ak Izrayelit yo, menm jan an tou Kretyen yo kapab tante elwanye adorasyon sèl vrè Dye a. Apot Pòl te eksprime etonnman l paske Kretyen Galasi yo te abandone Levanjil JeziKri a, epi yo te aksepte pito fo kwayans yo. Pòl trè klè pou l di ke li enpòtan anpil pou Kretyen yo kwè sa ki vrè konsènan Jezi Kris. Konsa si Kretyen yo kòmanse kwè sa ki fo nan Jezi Kris, yo pral elwanye de gras k ap sove yo a nan Jezi, epi y ap tonbe nan gwo peche.

Chapi 10 Kòmandman yo: III. Pa Blasfème. Twazyèm kòmandman an, entèdi pou pran non Senyè a an ven, li rele Kretyen yo pou yo pran Bondye oserye. Gen anpil fason Kretyen yo ka blasfème.

Nan yon fason se pou yo pa jennen lè y ap itilize non Bondye. Olye ke pou yo trete non Bondye avèk respè epi lonè, anpil moun itilize l tankou yon mo madichon.

Nan epòk Eli, anpil moun te kwè ke w te kapab kontwole yon dye si w te konnen sekrè non dye sa a. Pa konsekan, moun yo t ap eseye dekovri non espesyal sa yo pou yo te kapab manipile oubyen kontrenn fo dye sa yo pou te fè yo aji sou lòd yo. Izrayelit yo pa t konsa. Kretyen yo ta dwe onore non Bondye, pa sèvi ak li pou manipilasyon. Se sa ki fè Bondye diferan anpil de sa vwazen Izrayèl yo te kwè konsènan Bondye.

Yon twazyèm fason ou ka pran non Senyè a anven se lè w rele tèt ou Kretyen pandan w ap viv nan peche. Yon Kretyen reprezante karaktè Jezi yo. Si yon moun pretann ke li se Kretyen e poutan li mechan, vyolan, oubyen ap fè lòt moun abi, moun sa yo pral panse ke Jezi mechan, vyolan, oubyen ap fè moun abi. Konsa, Kretyen ki ipokrit la mal reprezante Bondye.

- **Tèt:** Poukisa jodi a moun yo trete non Bondye tankou yon non ki san valè?
- **Kè:** Konbyen temwen Kretyen otantik ou panse ki dwe genyen pou venk yon temwen Kretyen ipokrit?
- **Men yo:** Semèn sa a, kijan ou kapab pale lòt moun de Bondye nan fason pou fè lonè Bondye?

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.

- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks LesonBiblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Nan epòk Eli a, Izrayelit yo te tante adore fo dye yo. Byenke toujou genyen fo reliyon jodia, souvan tantasyon Kretyen yo differan ak fè sakrifis pou fo dye yo. Pi souvan, Kretyen yo te tante adore kipidite, liks, pouvwa, ak anpil lòt bagay. Yo adore bagay sa yo nan fè yo tounen dezi kè yo. Yo ka panse ke yo kapab vin Kretyen epi kenbe tout dezi peche sa yo nan kè yo, men yo pa kapab. Ou kapab sèlman sèvi yon mèt, swa vrè Dye ki te revele nan Jezi Kris, oubyen fo dye nan mond sa yo.
 - Poukisa tantasyon an tèlman solid pou Kretyen yo patisipe nan dezi lachè?
 - Kisa ki “fo dye yo” nan kominate w k ap chèche elwànye Kretyen yo de vrè Levanjil Jezi Kris la?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Sa kè Kretyen an vle a se sa ke Kretyen an pral renmen. Se poutèt sa li enpòtan anpil pou Kretyen yo kite Jezi pirifye kè yo avèk pouvwa Sentespri a. Si Kretyen yo kite dezi peche yo enfekte epi grandi nan kè yo, dezi sa yo pral jwenn mwayen pou manifeste nan aksyon ak relasyon Kretyen an.
 - Se pa anpil Kretyen ki rayi yon moun k ap asasinen l vrèman. Ki lòt fason èn manifeste nan lavi eksterryè Kretyen yo?
 - Ki lòt egzant sou fason peche nan kè yo manifeste nan lavi Kretyen an?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Sa nou dezire nan kè nou pral manifeste nan aksyon nou yo. Menm jan, Kretyen yo kapab pratike kèk bon abitim ki pral ede yo fòme kè yo ak lespri yo pou yo konsantre sou sa Bondye vle pou yo. Lè Kretyen yo lèse pechè yo enfliyanse yo, yo kreye move abitim k ap nwi yo epi lòt moun.
 - Ki abitim ke w gen nan lavi w k ap ede w fòme kè w ak lespri w pou fè JeziKri Senyè lavi w?
 - Ki kèk nan priyè w Bondye te reponn? Yo ka petèt pa mèvèye menm jan ak repons Eli te resevwa nan priyè l la, men li toujou enpòtan pou rekonesan anvè Bondye pou repons sa yo epi pou pataje avèk lòt moun kijan Bondye toujou reponn priyè.

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesón Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesón jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesón jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 42

Tit Leson an: Gerizon Naaman an

Tèks Leson an: [2 Wa 5:1-16](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Lik 4:16-30](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Apresye dezi Bondye pou pote gerizon epi delivrans pou tout moun, pa sèlman Izrayelit yo.
- **Kè:** Disène si kè w ouvri pou ka wè travay Bondye nan “etranje yo” ki nan kominote w.
- **Men yo:** Pratike kijan ou t ap mennen yon moun jwenn delivrans nan Kris. Pran mezi pou kreye zanmitay epi relasyon avèk moun ki pa Kretyen yo, pou mete yo disponib pou Bondye ka itilize yo pou mennen moun bay Kris.

Leson an Nan yon vèsè: Pran prekosyon pou nou aji byen avè moun ki pa Kretyen yo. Pa kite okenn chans pase. ([Kolosyen 4:5](#))

Rezime Tèks la

Naaman se te kòmandan nan lame Siri a. Se te yon nonm trè enpòtan. Men li te gen yon maladi yo te rele lèp. Maladi sa lakòz po l pouri epi Pafwa lakòz lanmò. Madamm Naaman te gen yon sèvant. Li te di ke Naaman ta dwe ale wè yon pwofèt k ap viv Samari. Li te kapab geri lèp Naaman an. Pwofèt sa a se te Elize. Naaman te ale Samari pou l wè si Elize te ka geri l. Elize te di Naaman pou li ale nan Rivyè Jouden an epi pou l plonje ladan l sèt fwa. Si Naaman te fè sa, li t ap geri. Naaman pa t vle ale nan Rivvè Jouden an, paske kò l te sal epi l te gen labou. Men sevitè Naaman yo te pale avèk li pou l te fè sa Elize te di l la. Yo te kwè ke Naaman t ap geri. Naaman te ale plonje nan rivyè a. Lè l te soti nan dlo a sou setyèm fwa a, li te geri konplètman.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Naaman** se te kòmandan nan lame Aram lan, yon peyi ki te toujou ènmi Izrayèl. Naaman te gen yon maladi po ke pèsonn moun Aram pa t kapab geri. Youn nan sèvant yo se te yon Izrayelit, epi li te pale l de yon pwofèt ann Izrayèl ki te kapab geri l.
2. **Rivyè Joudan an.** Elize se te yon pwofèt ann Izrayèl, epi l te di Naaman pou l ale plonje sèt fwa nan Rivyè Joudan an.
3. **Po Pwòp.** Aprè li te fin plonje sèt fwa, Bondye te geri l. Aprèsa li te vin disip Bondye, epi l pa t adore fo dye yo ankò.

Sans Tèks la

Nan fen lavi l, Bondye te di Eli pou l wen Elize pou l vin pwofèt k ap vin aprè l la. Bondye te fè anpil mirak pwisan atravè Elize. Nan yon fason ki enpòtan, kèk nan mirak yo, tankou mirak ki nan etid sa a, te fèt pou moun ki pa t Izrayelit atravè ministè Elize, Bondye fè nou sonje gwo lanmou Bondye ak gwo preyokipasyon Bondye pou sila yo andeyò Izrayèl. Pa sèlman sila yo ki andeyò Izrayèl, sila yo ki se ènmi Izrayèl.

Liv 1 Wa a rapòte anpil batay ant Izrayèl ak Aram. Pa konsekan, li t ap fasil pou kwè ke Bondye toujou ap travay kont Aram. Sepandan, premye vèsè nan 1 Wa 5 revele ke Bondye te bay Aram viktwa pa mwayen jeneral yo Naaman. Pasaj la pa pa revele si viktwa a se te youn nan batay kont Izrayèl, oubyen kont yon lòt peyi.

Pou plis konfirmasyon sou malveyans ant Aram ak Izrayèl, vèsè 2 a revele Aram te voye fè atak militè ann Izrayèl, epi yo te kidnape yon jèn fi. Jèn Izrayelit yo te kidnape a te vin yon sèvant pou madanm Naaman, epi li te jwe yon wòl enpòtan nan gerizon ak delivrans Naaman.

Naaman pran yon maladi po. “Lèp” se te yon dyagnostik kouran pou divès maladi po nan epòk Biblik, li ka petèt pa sa nou rele lèp jounen jodia. An reyalite, paske nou tande Naaman te gen

kontak sere avèk anpil moun nan peryòd sa a, li pa t pwobab pou pwofesyonèl sante modèn yo dyagnostike maladi lèp la, ki se yon maladi atrapan.

Jèn fi esklav Izrayelit la pale de yon pwofèt an Izrayèl ki te kapab geri Naaman. Pasaj Biblik la ekspoze anpil evènman ki abouti ak gerizon Naaman an. Sa gen anpil enpòtans ke Bondye geri Naaman akoz jan li te “enpi”. Li pa t sèlman yon payen men yon ènmi Izrayèl tou. Anplis, pa sèlman yon ènmi Izrayèl , men tou yon moun avèk yon maladi po, ki vle di, li te entèdi pou 1 antre nan Tanp Bondye a. Kidonk, Bondye te geri Naaman, selon Lalwa Moyiz la ki pa t menm ka antre nan Tanp lan pou 1 adore Bondye.

Tèks Nouvo Testaman an: Aprè Jezi te kòmanse ministè 1, li te retounen nan vil natal li, Nazarèt, epi 1 te enpresyone moun yo avèk sajès li. Kidonk, yon fwa li te vin nan konfli avèk yo, yo te chanje pwennvi yo de li rapidman epi yo t ap eseye touye 1. Yon pati nan rezon ki fè moun yo te vin boulvèse se te paske mesaj li a sè ke Bondye souvan dwe ale andeyò Izrayèl nan lide pou 1 jwenn moun ki gen lafwa. An patikilye, Jezi mansyone ke Naaman, yon “etranje” pou Izrayèl, te geri anba maladi lèp pandan ke sila yo ki nan epòk li ann Izrayèl pa t geri.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la .
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye gen yon alyans espesyal avèk Izrayèl. Izrayèl se te pèp chwazi Bondye a ki te etabli l nan Tè Pwomès la. Kidonk, sèlman paske pèp Izrayèl la se pèp Bondye chwazi pa vle di se yo sèlman Bondye renmen epi vle pote yon relasyon ki ka sove. Naaman se te yon egzanp de yon “etranje” ke Bondye te bay pouvwa nan batay epi ki te geri l anba maladi sa a. Pa gen okenn limit pou lanmou Bondye e okenn limit pou pouvwa Bondye.
 - Ki kalite moun atravè yo menm nou souvan kwè ke Bondye pa pral travay?

- Poukisa w panse Bondye te bay Naaman viktwa nan batay la, menm anvan ke Naaman te konnen Bondye kòm gerisè l?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Konsantre sèlman sou tèt ou se yon tantasyon konstan pou Kretyen yo. Paske moun ki pa Kretyen yo pa onore vrè Dye a ki te revele l nan Jezi Kris, li fasil tou pou Kretyen yo meprize yo. Kidonk, Kretyen yo dwe kenbe kè yo ouvri pou renmen epi fè disip ak sila yo ki pako Kretyen, paske Bondye ouvri kè l pou yo. Si misyonè Bondye travay sou tè a se pou kontinye, rele tout moun nan Wayòm Bondye a, kè Kretyen an dwe ouvri pou montre lanmou Bondye ak sila yo ki plis bezwen l.
 - Ki kèk rezon Kretyen yo te tante panse li twò danjere pou pataje lanmou Bondye ak sila ki pa Kretyen?
 - Kijan Kretyen yo kapab disène lè ak kote Bondye vle yo atenn epi preche lòt moun yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Li natirèl pou Kretyen yo vle pase tan yo avèk moun ki panse menm jan ak yo, aji menm jan ak yo, epi kwè menm jan ak yo. Byenke, gen moman pou kretyen fratènize ant yo, sepandan Kretyen yo blyie kè Bondye si yo sèlman fè kominyon youn ak lòt. Kretyen yo dwe devlope zanmitay avèk sila yo ki deyò legliz la pou yo kapab pataje lanmou Bondye avèk sila yo ki plis bezwen l.
 - Ki twa moun nan vi w ki bezwen konnen Jezi kòm Senyè e Sovè yo?
 - Kijan ou tap pataje avèk yo etap pou vin yon Kretyen?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 43

Tit Leson an: Joas – Ptit Wa a

Tèks Leson an: [2 Wa 11](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 20:17-28](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Sonje, Bondye toujou genyen yon rès fidèl, menm lè mal la ta sanble gen viktwa?
- **Kè:** Konprann ke Kretyen yo dwe pwoteje kè yo kont konpwomi.
- **Men yo:** Pa kite pèsonn pase ou nan betiz paske ou twò jenn. Men, se pou ou tounen yon egzant pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye. ([1 Timote 4:12](#))

Leson an Nan yon Vèsè: Pa kite pèsonn pase ou nan betiz paske ou twò jenn. Men, se pou ou tounen yon egzant pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye. ([1 Timote 4:12](#))

Rezime Tèks la

Lè Joas te fèt, papa l te wa Izrayèl. Papa Joas te mouri britsoukou, epi grann mechan l lan te bay lòd pou te touye tout fanmi wa a. Li te vle vin rèn Izrayèl. Men matant Joas pa t vle l mouri. Li te pran bebe Joas epi enfimyè li a te sere yo nan Tanp lan. Rèn lan pa t ap panse al chèche yo lot bò a. Prèt la te konnen ke Joas ta dwe vin chèf Izrayèl. Lè Joas te gen sèt lane, prèt la te pran l pou montre l pèp la. Prèt la te wen Joas, li te mete yon kouwòn sou tèt li, epi li te pwoklame l kòm wa. Tout moun te aplodi epi t ap rele byen fò pou nouvo wa a. Rèn lan te al gade poukisa te gen tout bri sa yo. Aprèsa, li te wè Joas. Li te kanpe nan Tanp lan ak yon kouwòn. Kòmandan yo te ale avèk move rèn lan byen lwen epi yo te touye l. Joas te vin nouvo wa Izrayèl.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Joas** se te moun ki te pi jèn ki vin wa Izrayèl. Matant li te sere l byen lwen pandan sis lane nan Tanp lan paske grann li te vle touye l. Grann li te touye tout frè ak sè l yo pou li pa t gen rivalite pou twòn Izrayèl la. Li te dirije anpil gwo refòm pou lafwa aprè l te fin wa.
2. **Jeojada** se te yon prèt nan epòk la epi li te bay lame a lòd pou pwoteje jèn wa a kont grann li. Jeojada te wen Wa Joas pou Izrayèl.

Sans Tèks la

Li enkwayab pou sa pwisans lanmou pral fè pou kèk moun. Nan ka Atali a, manman Akazya wa Izrayèl la, sa te fè l chèche touye tout fanmi l lè Akazya te mouri. Jis pou li te kapab vin rèn.

Li te panse ke l te touye tout fanmi l, men sè wa Akazya te sere youn nan pitit gason l yo nan Tanp lan. Joas te gen sèlman yon lane lè li sere l byen lwen.

Se pa etonan, lè Joas te vin wa e li t ap grandi, li te mennen anpil refòm reliye. Paske Joas te wè sa ki mal grann li te fè nan chèche pouvwa, e li te leve nan Tanp lan, Joas te konnen ki kalite chèf li te bezwen ye pou onore Bondye e pou l dirije Izrayelit yo onore Bondye.

Tèks Nouvo Testman an: Manman de nan disip Jezi yo vle asire l ke pitit gason l yo vin moun ki enpòtan nan novo gouvènman an ke l panse Jezi pral fòme a. Li t ap panse de pouvwa pandan Jezi ap pale de sakrifis ak imilite. Li menm ak pitit gason l yo pa konprann ak kisa vrè pouvwa a sanble. Kidonk, yon fwa Jezi leve soti vivan nan lanmò, après yo pral kòmanse konprann.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Nan chèche pouvwa, ak tout richès epi dinite ki machine avè l, sa kapab lakòz anpil moun fè nenpòt sa yo vle, epi blese nenpòt moun yo vle, nan lide pou pote viktwa epi konsève l. Malerezman, move wa yo, e nan ka yon move rèn, detwi istwa Izrayèl la. Byenke gouvènman moun yo kapab toujou konpwomèt moun ki mechan, antanke Kretyen, nou rekonèt ke nou se premye sitwayen wayòm Bondye a. Nou dwe se rès Bondye, pou n toujou rete fidèl ak volonte Bondye epi ak lalwa Bondye yo.
 - Kisa ki gen nan pouvwa oubyen lajan ki pral fè anpil moun fè nenpòt bagay pou genyen plis?
 - Kijan yon kòmandan tèrès bezwen dirije nan lide pou pote glwa ak lonè pou Bondye?
- **Kè: Ki moun Tèks la di Nou Ta Dwe Ye?** Kretyen yo dwe pwoteje kè yo kont konpwomi. Ke yon Kretyen jèn oubyen granmoun, Bondye rele tout Kretyen yo pou onore Bondye avèk lavi yo. Sa kòmanse lè n gen yon kè ki konplètman devwe pou renmen Bondye epi renmen lòt moun yo.
 - Olye pou Kretyen yo fikse kè yo sou pouvwa richès, sou kisa Kretyen yo ta dwe fikse kè yo pou yo reyisi?
 - Kisa yon dirijan oubyen yon kòmandan Kretyen kapab fè pou kenbe kè yo pi epi konsantre pou onore Bondye?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Anpil moun pretann ke, “Lafen ap jistifye mwayen yo.”, Sepandan, Kretyen yo konnen ke se pa verite. Kretyen yo dwe kondwi tèt yo nan fason pou bay Bondye glwa ak lonè, pa pou bay tèt yo glwa ak lonè. Sa vle di ke non sèlman Kretyen ki pi gran yo ki nan pozisyon pouvwa yo, men tou jèn Kretyen yo. Jan Joas montre a, ou pa janm two jèn pou fè yon diferans pou Wayòm Bondye a.
 - Ki mezi yon Kretyen kapab pran lè yo dwe pran desizyon ke yo konnen ki pral deranje lòt moun?

- Kijan Kretyen yo ta dwe montre lonè ak respè pou dirijan ak chèf yo, ke yo dakò avèk dirijan oubyen chèf sa yo oubyen ke yo pa dakò?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 44

Tit Leson an: Rekonstriksyon Miray Jerizalèm lan

Tèks Leson an: [Neyemi 2:11-20](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Lik 19:28-48](#)


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Rekonèt ke rejeksyon an pa janm dwe dènye pawòl nan ralasyon Kretyen an avèk Bondye. Kèlkeswa echèk la, Bondye toujou prè pou padone epi ede restore pitit Bondye a ki gen imilite.
- **Kè:** Se pou gen kouraj, viv nan volonte Bondye mande kouraj ak tenasite. Pral genyen anpil defi ak moun ki ta renmen wè Kretyen an echwe.
- **Men yo:** Viv avèk konfyans, Bondye pa mande pou Kretyen an fè tout travay pou akonpli volonte Bondye nan lavi yo. Bondye travay avèk Kretyen an pou reyalize volonte sa a. Fidelite ak Bondye Pafwa vle di pou fè yon pa alafwa nan konfyans.

Leson an Nan yon Vèsè: Mwen reponn, mwen di yo: “Se Bondye nan syèl la k ap fè nou reyisi nan sa nou vle fè a. Nou menm ki sèvitè Bondye, nou pral kòmanse rebati l. Men nou menm, moun lòt nasyon, nou pa gen ankenn dwa sou lavil Jerizalèm. Nou pa gen anyen pou nou wè nan sa. Pesonn pa janm nonmen non nou nan koze lavil Jerizalèm.” ([Neyemi 2:20](#))

Rezime Tèks la

Sa gen lontan, Jwif yo te konstwi yon miray alantou Jerizalèm pou pwoteje yo ak Tanp lan kont ènni yo. Sepandan, paske Jwif yo pa t obeyi Bondye, li te kite lame Babilòn lan atake epi boule Jerizalèm ra pye tè. Aprèsa, lame a te mennen Jwif yo Babilòn antanke prizonye. Plizyè ane apre, Neyemi te mande Wa Asyeris si li te ka retounen Jerizalèm pou rekonstwi miray vil la. Kèk chèf te di Neyemi ke yo t ap atake l si l te eseye rekonstwi vil la. Kidonk, sa pa t fè Neyemi pè. Li te kontan pou l te rekonstwi Jerizalèm, “Vil Sen an.” Neyemi te mennen anpil fanmi avèk li Jerizalèm. Li te mande pou chak fanmi rekonstwi yon pati nan miray la. Kèk mesye t ap fè pòs nan ka si yon moun ta eseye atake. Aprè anpil travay di, finalman miray la te fini!



Ansèyman apati Imaj la

1. **Miray Jerizalèm lan.** Lè yo te akapare Jerizalèm, lame Siri a te demoli tout miray nan vil la epi yo te mennen Izrayelit yo an egzil. Bondye te kite Siryen yo detwi Jerizalèm paske Izrayelit yo te kontinye ap fè peche epi yo te refize koute pwofèt Bondye te voye yo k ap rele yo pou yo repanti.
2. **Rekonstriksyon Miray yo.** aprè 70 ane an egzil, Bondye te lèse Izrayelit yo retounen Jerizalèm. Neyemi se te yon mesye ke Bondye te itilize pou òganize epi motive Izrayelit yo pou rekonstwi miray vil yo.
3. **Travay Di.** Pèp la te koute Neyemi epi yo te kòmanse travay di menm si pèp ki t ap viv tou pre yo te opoze ak travay la. Yo pa t vle pou miray vil yo te rekonstwi, sinon Izrayelit yo ka vin yon pèp pwisan ankò. Sepandan, Bondye te fè Izrayelit yo reyisi, epi yo te rekonstwi miray yo.

Sans Tèks la

Olye yo se yon limyè pou nasyon yo, yon pèp ki te renmen Bondye epoi ki te renmen youn lòt, Izrayelit yo te kontinye ap fè peche epi ap fè youn ak lòt mal. Aprè anpil deseni yo te refize koute pawòl avètisman Bondye yo pou repanti atravè pwofet yo, Bondye te lèse Siryen yo akapre Tè Pwomès la.

Izrayelit yo te viv an egzil pandan 70 ane avan Bondye te lèse Babilonyen yo akapare Siryen yo. Babilonyen yo te kite Izrayelit yo retounen nan Tè Pwomès la. Lè yo te retounen, lavi a te difisil. Yo te dwe konstwi nouvo kay, replante jaden yo. Izrayelit yo te tèlman pase anpil tan pou konstwi kay yo epi plante jaden yo, ke yo te inyore miray vil ak Tanp lan ki te detwi yo. Yo pa t panse rekonstwi Tanp lan oubyen miray vil yo te enpòtan menm jan avèk konstriksyon ak plantasyon nan jaden yo.

Neyemi te rete nan Anpi Babilonyen an aprè premye moun ki te egzile yo te retounen nan Tè Pwomès la. Pandan yo toujou ap viv an Babilòn li te tande yo di ke Izrayelit yo pa t ap fè bon

bagay nan Tè Pwomès la. Sa te boulvèse l anpil. Li se te yon sèvitè wa a. Yon jou, wa a te remake kijan Neyemi te tris de sa k ap pase nan Tè Pwomès la. Wa te di Neyemi pou l retounen sou Tè Pwomès la epi ankouraje moun yo pou yo rekonstwi miray vil yo.

Bondye te voye Neyemi, epi yon lòt mesye ki rele Esdras, pou raple pèp la ke Bondye dwe se premye priyrite yo. Si yo pa t santi yo pa onore Bondye lè yo te inyore miray vil yo ak Tanp lan ki te detwi yo. Si yo te konsantre yo sèlman sou bezwen yo, konsa Bondye pa t ap kite yo reyisi nan Tè Pwomès la. Moun yo te obeyi ak mesaj Bondye atravè sèvitè l yo, epi yo te dwe travay pou rekonstwi miray vil yo.

Tèks Nouvo Testaman an: Jezi te kontanple vil Jerizalèm avan yo te klosure l sou kwa a. Li te tris paske yon lòt fwa, Izrayelit yo te rejte Bondye menm jan zansèt Neyemi yo te fè. Nan epòk Jezi a, Izrayelit yo te rejte Bondye pandan yo rejte Jezi. Jezi konnen ke yon lòt fwa Bondye t ap kite yon lame etranje detwi Jerizalèm. Pwofesi sa a te vin reyalize 70 ane aprè JeziKri lè Bondye te kite Women yo akapare Jerizalèm.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Se pa dezi Bondye pou pini moun yo. Sepandan, lè moun yo, menm jan ak Izrayelit yo, inyore lwa ak kòmandman Bondye yo, yo pa kapab konte sou pwoteksyon Bondye kont konsekans peche yo ak rebelyon yo. Sepandan, konsekans yo pa dwe dènye mo nan relasyon yon moun avèk Bondye. Bondye toujou vle padone epi restore sila yo ki vire do bay peche epi ki vire fas yo bay Bondye.
 - Ki konsekans ki vini nan lavi yon moun ki refize viv selon lalwa ak kòmandman Bondye yo?

- Poukisa kèk moun refize mande Bondye padon, menm aprè yo te sibi doulè konsekans peche yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Gen anpil responsabilite moun yo gen nan lavi yo. Bondye konnen Kretyen yo dwe pran swen fwaye yo, fanmi yo, travay yo, ak legliz yo. Sepandan, Bondye dwe toujou an premye nan lavi yo. Chak fwa responsabilite yon Kretyen anvè lòt moun vin premye priyrite nan lavi yo, yo pral sibi gwo fristrasyon ak pwoblèm. Sepandan, lè premye dezi yon Kretyen se pou renmen epi onore Bondye, konsa Bondye pral fè yo reyisi nan lamou epi reponn ak bezwen lòt moun yo. Viv ak premye dezi sa a pa pral fè lavi a fasil, men viv avèk kouraj ak tenasite, ap fè lavi Kretyen an kontan epi jwenn yon gwo benefis pou Wayom Bondye a.
 - Poukisa kèk Kretyen gen mal pou kwè Bondye pral reponn ak bezwen yo toutotan yo mete Bondye an premye nan kè yo?
 - Kijan yon Kretyen kapab disène diferans ant sa yo vle pou tèt yo ak sa Bondye vle pou yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Bondye vle pou Kretyen yo travay di pou fè pwovizyon pou tèt yo e pou lòt moun. Chak fwa Kretyen sèlman travay di pou tèt yo, epi pa gen sousi pou lòt moun yo. Pwoblèm ak fristrasyon pral vini nan lavi yo. Bondye rele Kretyen yo pou viv lafwa yo avèk pouvwa Bondye, renmen lòt moun yo nan fason ki tanjib.
 - Ki bagay ou te fè semèn pase pou te ede lòt moun yo?
 - Ki premye pa ou kapab fè semèn sa a pou ede lòt moun yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 45

Tit Leson an: Estè Sove Pèp Li a

Tèks Leson an: [Estè 4](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [1 Pyè 2:9-17](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Apresye opòtinite espesyal yo ak danje ki genyen lè n ap viv kòm moun egzile nan mitan moun ki pa onore Bondye yo?
- **Kè:** Rekonèt enpòtans kouraj genyen nan lavi yon Kretyen?
- **Men yo:** pratike jèn tankou yon mwayen pou renonse ak tèt ou epi pou pwoche pi pre Bondye.

Leson an Nan yon Vèsè: Si ou konprann pou fèmen bouch ou nan yon ka konsa, Bondye ap toujou delivre pèp jwif la. Y a sove, men ou menm, w'ap mouri epi fanmi ou ap disparèt. Ou pa janm konnen si se pa pou move pa sa a ou laren jounen jòdi a. ([Estè 4:14](#))

Rezime Tèks la

Asyeris te chwazi l pou vin rèn li. Aman se te pi gwo ofisyé wa a, epi l pa t renmen jwif ki t ap viv nan peyi l yo. Aman te fè plan pou touye tout Jwif yo. Estè te enkyete l lè l te dekouvri plan l lan. Li se te jwif tou. Estè te vle pale avèk wa sou plan mechan Aman an, men li pa t kapab ale wè l. Si l te rantre san se pa t wa a ki te rele l, lalwa a te di ke yo t ap touye l. Sèl fason li ta ka viv se si wa a te lonje baton kòmandman an ba li. Estè te pran chans sa a. Li te rantre avèk kouraj pou l te wè wa a. Tout moun te choke! Kisa wa a t ap fè? Li te bese baton kòmandman l lan bay Estè, epi li te manyen l. Lè Estè te pale ak wa a de plan mechanste Aman an, Wa a te fè yo touye Aman. Estè te sove pèp li a.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Estè** se te yon Jwif ki t ap viv an egzil a Siz, yon pati nan Anpi Pès la.
2. **Wa Asyeris.** Estè te bèl anpil, epi Asyeris wa Pès la te fè l vin madanm li.
3. **Aman** (Avèk lans la nan men l) se te yon nonnm ki te mechan, yon manb nan gouvènman wa Asyeris la. Aman te rayi Jwif yo, espesyalman youn yo te rele Madoche. Aman te deside twonpe wa a pou l te ka touye tout jwif yo, sèlman pou l te ka pini Madoche. Sepandan, Aman pa t konnen si Estè se te yon Jwif. Madoche te sipliye Estè pou l mande wa a pou kanpe masak ki te gen pou vini an. Estè te sipliye wa a pou lavi l, epi lavi tout jwif yo. Wa Asyeris te renmen Estè epi aksepte demand li an. Li te touye Aman tou paske l te vle pou yo te touye rèn lan.

Sans Tèks la

Evènman nan liv Estè yo rive aprè lafen kaptivite pèp Babilòn lan, lè anpil nan Izrayelit yo te retounen nan Tè Pwomès la. Pou yon rezon kèlkonk, anpil Jwif, landan yo Estè epi Madoche, te deside pa retounen nan Tè Pwomès la, men pou viv nan Anpi Pès la.

Liv Estè a, avèk liv Danyèl la tou, rapòte kèk defi espesyal ke Jwif yo te fè fas lè yo t ap viv an deyò Tè Pwomès la. An patikilye, rasis ak jalouzi lòt moun te santi kont Jwif yo. Bondye te mete Estè nan yon pozisyon enpòtan a Siz pou asire ke t ap gen pwoteksyon pou Izrayelit yo menm pou Izrayelit ki pa t ap viv nan Tè Pwomès la.

Bagay ki entèresan, yo pa fè okenn mansyon de Bondye, lapriyè, oubyen mirak nan liv Estè a. Sepandan, li klè ke Bondye ap travay anba chal, li rete fidèl devan pwomès alyans lan pou pwoteje Izrayelit yo. Bondye travay atravè konsèy Madoche, atravè aksyon vanyan Estè te poze yo, epi Li bay repons ak jèn Izrayelit yo te fè a.

Tèks Nouvo Testaman an: Kèlkeswa nasyon sou tè a kote Kretyen yo ap viv, yo se “etranje ak egzile” nan nasyon sa a, paske vrè sitwayènte yo se nan Wayòm Bondye a. Nan pasaj sa a, Apot Pyè bay kèk direktiv sou fason Kretyen yo dwe mennen tèt yo pandan y ap viv antanke egzile nan nasyon sou tè a. Yo dwe onore epi respekte chèf ak otorite sou tè a, epi viv yon bon lavi ki pral temwanyaj laglwa Bondye pou payen yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Peche lèzòm ka eksprime sou anpil fòm. Raj ak rasis se de fòm sa yo ke yo montre nan liv Estè a. Raj Aman an te gwo anpil, li pa t sèlman vle pini Madoche pou mank respè l, men raj li a te alimante rasis li nan pwen pou l fè konplo pou detwi tout jwif ki t ap viv nan Anpi Pès la. Sa se yon egzanp peche ki anndan yon moun ki eksprime sou fòm vizib sa yo. Lèzòm pa kapab kontwole peche ak pwòp mwayen yo. Sepandan, Bondye kapab kontrekare zèv peche, e nan Kris, pou detwi pouvwa peche. Avèk pouvwa epi prezans Jezi, Kretyen yo kapab rejte peche. Sitiyasyon Estè ak Madoche montre kèk nan difikilte inik ke egzile yo te fè fas.
 - Poukisa gen yon gwo tantasyon konsa pou moun rayi lòt moun oubyen sisplèk lòt moun ki diferan ak yo?
 - Anplis de ras ak reliyon, ki lòt kategori nan kilti w ke moun itilize pou diskrimine lòt moun?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Lè moun vin yon Kretyen, yo vin manb nan pi gwo wayòm tout moun, Wayòm Bondye a. Sa a se yon wayòm ki gen sitwayen ki "soti nan tout nasyon, tout tribi, moun ak lang." ([Revelasyon 7:9](#)) Pafwa, anvan yo vin yon Kretyen, nouvo Kretyen yo te rayi lòt nasyon yo oubyen lòt gwoup moun. Yon pati nan sa ki vle di grandi nan lafwa Kretyèn ou se pèmèt Bondye geri prejije sa yo, epi wè tout moun menm jan Bondye wè yo, tankou kreyati Bondye renmen.. Fòk nou gen anpil kouraj pou pèmèt travay transfòmasyon Bondye a nan lavi yon Kretyen. Paske Bondye souvan enstale nan Kretyen ki transfòme yo valè ki kontré ak valè nan nasyon l ap viv la.
 - Site kèk rezon ki fè yon moun ta santi prejije kont lòt moun?
 - Anplis de prejije, ki lòt peche anndan ki ka lakòz yon moun mete l an kòlè kont lòt moun?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Youn nan pi bon fason pou konbat prejije ak layèn se lè w chita ak yon moun ki diferan ak ou epi w chèche konnen l (epi kite yo chèche konnen w tou!). Anpil gwo miray ap tonbe lè nou kòmanse retire yon blòk alafwa. Jezi vle pou n renmen lòt yo menm jan Li renmen yo. Sa a pa toujou fasil, men jene se youn nan fason yon Kretyen kapab pase yon moman espesyal nan lapriyè ak refleksyon pou travay gerizon Bondye a nan lavi yo.
 - Nan ki fason fè jèn kapab pote kwasans espirityèl nan lavi yon Kretyen?
 - Ki aksyon vanyan ou kapan poze semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.

- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 46

Tit Leson an: Sòm David yo

Tèks Leson an: [Sòm 2](#), 23

Dezyèm Tèks: [Travay 13:21-23](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Apresye ke chan ak pwezi yo se mwayen pwisan pou eksprime gwo verite sou Bondye ki kapab mennen lòt moun adore Bondye.
- **Kè:** Selebre paske Bondye pa sèlman vle sove nou anba peche nou yo, men Bondye vle transfòme kè nou pou nou kapab renmen Bondye epi renmen lòt moun avèk tout nou menm.
- **Men yo:** Konsakre ou pou w viv yon lavi adorasyon, alafwa lè ou reyini avèk lòt Kretyen nan adorasyon, men tou nan aktivite òdinè chak jou w yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Se yon sòm David. SEYÈ a se gadò mwen, mwen p'ap janm manke anyen. [Sòm 23:1](#)

Rezime Tèks

Pwofèt David se te yon gran wa e pwofèt; pa li menm Bondye te bay limanite mo ki enspire nan Sòm yo, yo gen Pwofesi pou moun Bondye chwazi a vini. Byenke David pa t ekri tout Sòm, chak nan Sòm yo se priyè pwisan pitit Bondye yo, e ke Bondye te enspire, pou ede nou pwoche pi prè Bondye. Sòm yo kouvrì gwo varyete emosyon ak sitiyasyon moun yo, pou ke nenpòt sa nou ta rankontre nan lavi nou, pou nou kapab jwenn pwobableman yon Sòm ki pral ede nou eksprime bezwen nou, lajwa nou, oubyen espwa nou nan Bondye. Nan anpil Sòm sa yo nou kapab tandem pwofesi ak espwa konsènan Mesi a ki gen pou vini.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Wa David.** Wa David te pi gran wa Izrayèl la. Li te yon lidè militè puisan ki te pote lapè ak pwosperite nan Tè Sent lan.
2. **Ekriti.** Wa David te yon gran powèt, epi li te ekri anpil sòm nan Liv Sòm yo. Sa yo se sòm pwisan ki ede nou eksprime bezwen nou yo, lajwa nou yo, ak espwa nou yo bay Bondye.

Sans Tèks la

Liv Sòm yo gen ladan yo 150 Sòm ke anpil otè diferan te ekri, nan anpil sitiyasyon diferan, ki reflete anpil aspè diferan nan yon lavi ki konsakre ak Bondye. Chan sa yo ak priyè sa yo kouvri tout bezwen, tout dezi, ak tout lajwa limanite pandan y ap viv nan mond depafini sa a epi pou yo viv devan yon Bondye ki sen.

De Sòm patikilye ke yo te chwazi pou lesoun sa a reflete doub nati Sòm lan, yo alafwa priyè lèzòm bay Bondye, men tou priyè Bondye Limenm sesous enspirasyon an. Epi, nan Sòm 2 a, nou tande yon pawòl Bondye bay pèp Bondye a. De tout fason nan chan priyè sa a Bondye raple Izrayelit yo sa dirijan yo pwoklame, Bondye se sèl moun ki responsab zafè lèzòm. Sòm sa a predi tou Mesi ki gen pou vini an pral bay jistis sou tè a. [Sòm 23](#), nan yon lòt sans, se yon chan entim lwanj ak konfyans nan Bondye. Nan vèsè pwisan sa yo nou tande yon kè ki konsakre totalman ak Bondye, ki pa sèlman kwè nan delivrans lan, men nan pwoteksyon ak direkston chak jou nan lavi l.

Tèks Nouvo Testman an: Vèsè sa yo fè pati yon diskou ke Pòl te bay nan Sinagòg pisidyen an nan Antyòch. Nan diskou a, Pòl swiv travay Bondye atravè istwa pèp Izrayèl la, epi rakonte kijan Jezi se sèl moun Bondye te finalman voye pou pote delivrans nan mond lan. Nan kad istwa Bondye a k ap travay pou pote delivrans nan mond lan, Pòl pale sou fason Wa David te yon nonm selon kè Bondye. Wa David te fè pati linye a, alafwa espirityèl epi fizik, ki te bay nesans ak ministè JeziKri a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo.

- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pèp Bondye a gen yon kokennchen linye gason ak fanm, byen souvan ki pa pafè, ki te konsakre lavi yo nan adorasyon Bondye. De Sòm sa yo se egzant fason nou kapab plis aprann atravè adorasyon nou bay Bondye. De Sòm sa yo ba nou ide alafwa sou nati Bondye ak repons nou ki apwopriye ak gwo benediksyon Bondye yo.
 - Ki kèk nan kalite Bondye yo mete aksan sou yo nan Sòm sa yo?
 - Kijan yon moun ta dwe prepare tèt li pou adore, pou l ka pi byen prepare pou l priye Bondye e pou l tandem yon pawòl ki soti nan Bondye?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Bondye pa sèlman vle beni lespri nou yo, Bondye vle beni kè nou tou. Kè nou, se sant tout nou menm, sa dwe yon fontèn benediksyon kote lanmou nou, konpasyon nou, ak lajwa nou ap koule. Nan lide pou sa rive fèt nou dwe abandone tout lavi nou bay Bondye, epi bay Bondye tout aksè nan dezi kè nou yo.
 - Poukisa kèk moun dispoze anpil pou remèt Bondye tout peche ak pwoblèm yo, men yo pa vle lèse Bondye vin Senyè kè yo?
 - Kijan yon Kretyen ta dwe diferan pa rapò ak moun ki pa Kretyen yo nan relasyon, aktivite, ak konvèrsasyon chak jou yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Nan mond sa a, pèp Bondye a pral kontinye tante kite je yo fèmen sou Bondye epi fikse yo pito sou dirijan ak dirijan nan mond sa a. Anpil nan dirijan sa yo, si yo pa konsakre yo ak Bondye, pa pral mennen pèp Bondye a pi pre Bondye, men pi lwen Bondye. Pa konsekans, pèp Bondye a dwe rete konsantre sou Bondye nan adorasyon l e nan lavi chak jou.
 - Ki mezi ou kapab pran pou pwoteje kè w kont pouswit priyorite ak dezi mond pou yon ti tan sa a?
 - Kijan ou kapab ede legliz ou a swa dirije yon pati nan adorasyon an oubyen ede lòt moun k ap dirije adorasyon an?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 47

Tit Leson an: Jòb Sèvitè Malad la

Tèks Leson an: [Jòb 1](#)

Dezyèm Tèks: [Jak 5:7-11](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann ke Kretyen yo ap viv nan yon mond depafini ladan l anpil move bagay rive bon moun. Poukisa Bondye pa t pwoteje Kretyen yo kont tout mal? Liv Jòb la se yon egzanz de pèp Bondye k ap eseye rezoud kesyon difisil sa a ki pa gen repons fasil.
- **Kè:** Disène si w ap swiv Bondye sèlman pou benediksyon.
- **Men yo:** Antrene w pou w ka ofri mizèrikòd ak konpasyon ak moun k ap soufri, men se pa jijman.

Leson an Nan yon Vèsè: “Epi li di: San anyen mwen soti nan vant manman m. San anyen m ap tounen anba tè. Seyè a bay! Seyè a pran! Lwanj pou SEYÈ a! ([Jòb 1:21](#))

Rezime Tèks la

Satan te mande Bondye si l te ka tante Jòb lè l te retire tout sa Jòb posede epi te renmen. Satan te kwè Jòb t ap sèvi Bondye sèlman paske Bondye te fè l rich. Bondye te di Satan li te ka tante l, men pou li pa touye Jòb. Satan te retounen sou tè a e li te touye tout sèvitè Jòb yo ak bèt yo. Li te menm touye pitit Jòb yo pandan yo t ap manje. Jòb te pèdi tout bagay, men li pa t blame Bondye. Aprè sa, Satan te kouvri Jòb avèk maleng ki bay doulè soti nan tèt li pou rive nan pye l. Zanmi Jòb yo pa t menm rekonèt li. Jòb te chita sou yon pil sann dife epi li t ap grate maleng yo avèk yon moso ajil pou montre kijan l te tris. Madam Jòb te di l pou l te modi Bondye pou l ka mouri pou l pa soufri ankò. Men Jòb pa t jamn blame Bondye pou move bagay ki te rive l la. Aprè sa, Bondye te beni Jòb avèk de fwa plis ke sa li te posede anvan yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jòb** se te yon nonm jis ki te renmen Bondye, fanmi l, epi li te jenere avèk lòt moun. Li te rich anpil. Jòb se te yon potorik nonm lafwa.
2. **Chita sou Sann dife.** Yon jou Satan te ale avèk tout ptit, tout richès, ak repitasyon Jòb. Satan te kwè Jòb te sèlman sèvi Bondye akoz de benediksyon Bondye te ba li. Si Satan te ale avèk tout benediksyon Jòb, èske Jòb t ap rejte Bondye? Jòb te kriye akoz de gwo soufrans li.
3. **Klou sou po l.** Satan pa t sèlman ale avèk tout sa Jòb te renmen, li te menm ale avèk sante Jòb, epi te lakòz li sibi gwo doulè klou.
4. **Madanm Jòb** (kwafe an vèt) t ap moke Jòb, epi li te di l pou l sispann eseye konnen poukisa li t ap soufri. Sa s te atitud li, sa pa p itil anyen pou swiv Bondye si Bondye toujou pèmèt gwo soufrans antre nan lavi w.
5. **Zanmi Jòb yo.** Lè yo te tandem gwo soufrans Jòb, twa nan zanmi l te vin rekonfòte Jòb. Sepandan, olye pou rekonfòte Jòb yo te fè soufrans li yo vin pi grav. Yo te di Jòb ke soufrans li yo te kapab rezita gwo pinisyon Bondye ba l pou yon gwo peche. Yo te di l pou l te repanti. Sepandan, Jòb te konnen ke li pa t fè okenn gwo peche ki te merite tout bagay sa yo.

Sans Tèks la

Youn nan kesyon ki konplike nan lavi se “poukisa move bagay rive bon moun?” Chak Kretyen pwobableman konnen yon moun ki vrèman fidèl ak Bondye, epi poutan ki te konnen gwo soufrans nan lavi l. Poukisa Bondye ta pèmèt gwo soufrans nan lavi ptit fidèl Bondye yo? Si Bondye vrèman gen tout lanmou ak tout pouvwa, poukisa Bondye pa pwoteje Kretyen yo kont gwo soufrans?

Sa yo se kesyon ki pi pwisan ke Liv Jòb la abòde. Liv Jòb la prezante Jòb tankou yon disip ideyal Bondye. Jòb gen anpil ptit, gwo richès, epi li se yon moun yo respekte anpil. Li se yon gran mesye ki gen lafwa nan Bondye tou.

Sepandan, Satan pretann ke Jòb ap sèvi Bondye akoz tout benediksyon sa yo Bondye ba li. Li kwè Jòb pral vire do bay Bondye si li pèdi tout benediksyon sa yo. Sepandan, yon jou, avèk pèmisyon Bondye, Satan ale avèk tout bagay ki chè pou Jòb. Jòb soufri anpil. Sepandan, byenke Jòb eseye konprann poukisa Bondye te kite tout soufrans sa yo rive nan lavi l, li pa t vire do l bay Bondye. Ni li pa t blame Bondye pou tout destrikson sa yo. Olye de sa, li te pwouve Satan ke l antò.

Paske Jòb te fidèl ak Bondye, Bondye te restore ann antye sante, richès Jòb, epi li te ba li plis timoun pase sa li te gen anvan.

Tèks Nouvo Testaman an: Youn nan pi gwo vèti ke Jòb montre se pasyans. Lè Kretyen yo enpasyan, yo kapab lakòz anpil pwoblèm pou tèt yo ak lòt moun. Olye de sa, Kretyen yo dwe aprann gen pasyans, pou konnen moman Bondye a pi bon pase moman pa yo a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Liv Jòb la poze anpil kesyon difisil, men l pa bay anpil repons fasil. Olye de sa, liv Jòb la envite Kretyen yo pou reflechi sou kesyon pou konnen si sèvis yo ak fidelite yo rann Bondye depann oubyen pa depann de benediksyon Bondye. Si yon Kretyen sèlman sèvi Bondye akoz benediksyon Bondye yo, èske moun sa yo se Kretyen vrèman? Olye de sa, Kretyen yo se sila yo ki renmen Bondye avèk tout kè yo, tout nanm yo, ak tout lespri yo. Lè yo renmen Bondye nan fason sa a, yo pa p sèvi Bondye pou sa yo ka jwenn nan men Bondye; y ap sèvi Bondye nan repons gwo lanmou Bondye genyen pou yo.
 - Si Bondye vrèman renmen Kretyen yo, donk poukisa Kretyen yo pa pwoteje kont tout mal ak soufrans yo?

- Poukisa moun yo ta vle sèlman sèvi Bondye si yo te panse yo te kapab jwenn gwo benediksyon nan men Bondye?
- **Kè: Kiyès tèks la di Nou Ta Dwe Ye?** Jezi te ansenye, Bondye “ fè solèy la leve pou moun ki mechan ni pou moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni pou moun k ap fè sa ki byen ni pou moun k ap fè sa ki mal.” ([Matye 5:45b](#)) Byenke sitiyasyon vizib yon Kretyen se ka soufri anpil, Kretyen an pral toujou gen lanmou Bondye nan kè l. Bondye tou kapab travay avèk anpil pwisans atravè Kretyen yo ki te soufri, pou ede lòt yo k ap soufri kounye a.
 - Kijan yon Kretyen kapab disène si l sèlman ap swiv Bondye akoz de benediksyon Bondye yo, oubyen si l vrèman ap swiv Bondye paske li renmen Bondye?
 - Kijan Satan eseye mennen Kretyen yo fè peche pou tante yo blame Bondye pou bagay ki se pa fòt Bondye?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Aksyon?** Twa zanmi Jòb yo te byen kòmanse, gen senpati pou Jòb epi rekonfòte Jòb. Sepandan, aprè kèk jou rekonfò yo a te chanje an konfwontasyon. Yo te di Jòb konsa se sèlman moun ki fè peche ki conn soufri. Anplis, yon moun ki te soufri menm jan ak Jòb ta dwe fè anpil gwo peche. Olye pou yo rete fidèl ak Bondye epi vin zanmi fidèl pou Jòb, yo te vin akizatè Jòb epi ap pale Bondye mal.
 - Poukisa li danjere pou sipoze ke soufrans yon moun se fòt pa l?
 - Kijan Kretyen yo kapab ofri konpasyon epi lanmou yo ak moun k ap soufri kounye a akoz pwòp peche yo, san yo pa pote jijman?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 48

Tit Leson an: Vizyon ak Komisyon Ezayi a

Tèks Leson an: Ezayi 6:1-8

Dezyèm Tèks: [Revelasyon 4](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Reflechi sou gwo dekalaj ki genyen ant sentete pafè Bondye a ak frajilite imèn nou.
- **Kè:** Selebre gras mèvèye Bondye ki konble dekalaj sa a lè l ofri tout moun Sali a.
- **Men yo:** Ofri lavi w ak Bondye menm jan Ezayi te fè a, antanke mesaje gwo lanmou Bondye a ak moun ki pèdi epi kiap peri yo.

Leson an Nan yon Vèsè: “O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle 1.” ([Revelasyon 4:11](#))

Rezime Tèks la

Yon jou, Ezayi, ki se te yon pwofèt, te gen yon vizyon. Yon vizyon menm jan ak yon rèv. Ezayi te wè Bondye nan Tanp lan, epi Li te chita sou yon twón. Wòb Bondye te tèlman gran li te ranpli tout Tanp lan. Ezayi te wè zanj yo te rele “Serafen yo.” Lè Serafen yo te pale ak youn lòt nan Tanp lan, pòt Tanp yo te tranble andedan Tanp lan te plen ak lafimen. Ezayi pa t kapab kwè sa li te wè a! Youn nan Serafen yo te pran chabon cho nan lotèl la epi li te mete l sou lèv Ezayi. Serafen an te montre Ezayi ke Bondye te vle retire peche l la. Aprèsa, Ezayi t ap prè pou soti epi pale lòt moun yo de Bondye. Bondye te mande Ezayi ki moun li te kapab voye pou pale ak lòt moun yo de Li. Epi Ezayi te reponn, “Men mwen. Ou mèt voye m!” (NIV).



Ansèyman apati Imaj la

1. **Ezayi** pwofèt la te gen yon vizyon ladan l li te wè Senyè a ki te chita sou twón li nan tanp lan. Nan tanp sa a Ezayi te wè èt vivan ki t ap vole ki t ap chante lwanj Bondye byen fò epi kay la te souke epi l te ranpli ak lafimen.
2. **Mete ajenou.** Ezayi te akable ak laperèz, se pa sèlman paske moun yo mouri tradisyonèlman lè yo te wè Senyè a, men paske li pa t diy pou l nan prezans Bondye. Li te kriye paske l te pèdi!
3. **Serafen an.** Yon serafen se yon èt selès ke yo te dekri ki gen sis zèl epi y ap chante lwanj Bondye nan tanp lan.
4. **Chabon limen.** Serafen yo te pran yon chabon limen nan lotèl la epi yo te mete l sou lèv Ezayi. Li te deklare yo te retire kilpabilite Ezayi, epi peche l te apeze.
5. **Ezayi** Aprèsa tandem Bondye ki mande "Kiyès mwen pral voye? E kiyès ki prale pou nou? Aprè n te fin padone, epi benyen nan prezans Bondye, Ezayi deklare avèk lafwa, "Men mwen. Voye m!"

Sans Tèks la

Entwodiksyon jeneral sou pwofèt yo: Vin yon pwofèt Bondye pa t yon apèl ki fasil ni san danje, paske Bondye te rele pwofèt li yo pou yo preche kont peche Izrayelit yo. Souvan wa yo konn mete nan prizon oubyen abize pwofèt yo akoz predikasyon ki kreye konfli sa a. Sepandan, lespla pou moun yo ta repanti epi tounen vin jwenn Bondye te motive pwofèt yo pou obeyi avèk apèl Bondye sou lavi yo.

Izrayelit yo te genyen bon wa epi yo te gen move wa. Bon wa yo te fidèl ak Bondye epi yo te Rekonèt pozisyon yo te vle di ke yo te gen responsabilite tounen kè Izrayelit yo bay Bondye. Move wa yo pa t fidèl ak Bondye epi yo te kondwi pèp la nan tout kalite peche, sa k pi mal la, se adore zidòl. Bondye te motive pwofèt yo pou avèti wa yo ak moun yo pou yo repanti epi tounen vin jwenn sèl vre Dye a.

Ezayi te youn nan pwofèt sa yo. Nan pasaj sa a, Ezayi dekri eksperyans pa li lè Bondye te ba l lòd pou l vin yon pwofèt. Nan vizyon sa a, sentete Bondye antoure Ezayi. Ezayi pè pou pwòp peche l ak pwòp peche pèp li a pa detwi l. Bondye padone Ezayi avèk gras aprè konfesyon l. Bondye bay Ezayi lòd pou l ale epi avèti Izrayelit yo ke destriksyon yo t ap vini si yo pa t repanti de peche yo. Rès liv Ezayi a se yon palmarès ministè l nan pote mesaj Bondye a bay Izrayèl e bay anpil lòt wa.

Tèks Nouvo Testaman an: Menm jan avèk Ezayi, Apot Jan te fè yon vizyon Bondye nan tanp lan. Li te sanble ak vizyon Ezayi a ki te wè kreyati ki t ap vole avèk sis zèl epi yo t ap chante "Sen, sen, sen" lwanj pou Bondye.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye se yon Bondye ki pwisan e ki bon. Sentete Bondye a tèlman gran, Kretyen yo pral ranpli lè yo wè Bondye fas a fas. Ezayi te fè yon sèl eksperyans lè li te gen yon vizyon Bondye nan tanp lan. Menm jan ak Ezayi, Bondye rele tout gason ak fanm pou vin mesaje li. Kèk ladan yo, tankou Ezayi, Bondye rele l nan yon minstè a tan plen. Lòt moun yo ka gen travay pou yon ti tan, men Bondye toujou rele yo pou pataje lanmou Bondye epi Levanjil la ak lòt moun yo. Nan nenpòt ki kalite ministè Bondye rele nou, nou ka toujou bay Bondye lwanj ak remèsiman paske l travèse gwo vid ki genyen ant syèl la ak tè a pa mwayen JeziKri.
 - Kijan ou ka selebre gras mèvèye Bondye ki konble gwo vid ki nan syèl la ak tè a pandan l bay tout moun delivrans?
 - Site kèk kalifikasyon ou santi yon moun bezwen pou l pataje Levanjil la ak lòt moun yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Li bon pou santi gwo imilite nan prezans Bondye. Kèlkeswa sentete yon Kretyen ka genyen, anyen pa ka konpare ak sentete Bondye. Anplis, byen ke Bondye rele Kretyen yo pitit gason ak pitit fi l, li bon pou Kretyen yo sonje pou yo trete Bondye avèk anpil lonè ak respè.
 - Kisa ki rive nan lavi espirityèl yon moun lè yo kòmanse pran Bondye pou grammesi?
 - Site kèk fason Jezi te diferan ak tout lòt moun lè li te vin sou latè?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Aksyon?** Nenpòt kote Kretyen yo ye, gen kèk moun ki alantou yo ki bezwen tande pale de JeziKri. Gen moun tou ki bezwen wè lanmou ak konpasyon JeziKri an pratik. Kretyen yo dwe ofri tèt yo ak Bondye, pou Bondye kapab montre yo mwayen pou tradwi eksperyans yo avèk Bondye an opòtinite evanjelik pou kominate yo.
 - Kijan fè lè w pase yon bèl moman sèvis adorasyon jou dimanch ta dwe afekte fason w ap viv lòt sis jou yo?

- Èske w dwe gen tout repons pou tout kesyon posib yon moun ka poze w sou Jezi anvan ou pataje Levanjil la avèk yo? Poukisa wi oubyen poukisa non?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 49

Tit Leson an: Jeremi soti nan Pi a

Tèks Leson an: [Jeremi 38:1-13](#)

Dezyèm Tèks: [2 Korentyen 11:24-33](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt apèl Bondye sou lavi yon Kretyen pafwa mennen nan soufrans. Sepandan, soufrans sa yo pral vin fennen nan konparezon ak lajwa epi lapè Kris bay sèvitè l yo.
- **Kè:** Reflechi sou lafwa w kòm Kretyen , epi disène si ou prè pou andire soufrans pou fè volonte Bondye nan lavi w.
- **Men yo:** Chèche Kretyen k ap soufri yo pou lafwa yo, epi ba yo èd avèk ankourajman, zanmitay, ak sipò.

Leson an Nan yon Vèsè: “Chak fwa, li reponn mwen: Se favè m ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè pouvwa mwen nan ou. Se poutèt sa, nan fon kè m, mwen pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m anba zèl li.” ([2 Korentyen 12:9](#))

Rezime Tèks

Jeremi te gen yon msaj ki soti nan Bondye pou Izrayelit k ap viv Jerizalèm. Lame Babilòn lan ta pral atake Izrayelit yo. Jeremi te di pou yo pa t goumen paske yo pa t ap janm pote viktwa. Mesye wa yo te tandé Jeremi k ap di sa, epi yo te di wa a yo dwe touye Jeremi. Yo te di Jeremi pa t vle anyen ki bon rive Izrayelit yo. Mesye wa yo te mete Jeremi nan sitèn. Yon sitèn se yon gwo twou ki antoure avèk wòch pou pran dlo lapli. Lè Jeremi te desann nan sitèn lan, li te fè nwa epi plen labou. Li te kapab santi l k ap antre nan labou a. Anfen, youn nan mesye wa yo te konvenk wa a pou wete Jeremi nan sitèn lan anvan l mouri. Epi, mesye wa yo te lonje kòd nan sitèn lan. Jeremi te mete yo anba zesèl li epi yo te rale l moute. Li te sove.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jeremi** se te yon pwofèt Bondye. Izrayelit yo t ap rebele kont Bondye, epi kòm pinisyon, Bondye ta pral kite moun Babilòn yo akapare yo. Bondye te voye Jeremi di wa Izrayèl la li te dwe rann tèt li bay lame moun Babilòn yo ki t ap vini Jerizalèm.
2. **Mesye avèk Kòd yo.** Konseye wa yo te fache, yo pa t renmen mesaj Jeremi an. Yo pa t swiv volonte Bondye. Yo pa t vle rann tèt yo bay lame moun Babilòn yo, epi yo te konvenk wa Sedesyas pou fè Jeremi fè silans pou l pa fè pèp Izrayèl la pè pou yo rann tèt yo.
3. **Sitèn.** Yo te fè Jeremi fè silans lè yo te lage l nan sitèn vid la, kote li t ap mouri grangou epi pèsonn pa t ka tandé avètisman l yo ki te sòti nan Bondye. Sepandan, youn nan ofisyé wa yo te plede pou yo sove Jeremi epi l te mande wa a pou l te chanje lide, pou Bondye te pwoteje Jeremi pa mwayen ofisyé sa a nan liberasyon l nan sitèn lan epi sove l anba lanmò.

Sans Tèks la

Entwodiksyon Jeneral sou Pwofèt yo: Vin yon pwofèt Bondye pa t yon apèl ki fasil oubyen san danje, paske Bondye te rele pwofèt yo pou yo preche kont peche Izrayelit yo. Souvan, wa yo te mete pwofèt yo nan prizon oubyen maltrete yo akoz predikasyon konfliktyèl. Sepandan, espwa pou moun yo ta repanti epi tounen vin jwenn Bondye te motive pwofèt yo pou obeyi ak apèl Bondye sou lavi yo.

Jeremi te konnen anpil soufrans akoz de mesaj Bondye te rele yo pou yo preche moun ak wa Izrayèl yo. Kèk moun rele l “pwofèt k ap kriye a” se pa sèlman paske Liv Jeremi an rapòte soufrans li yo, men tou li rapòte plent li yo bay Bondye.

Nan epòk Jeremi, Izrayelit yo ak wa yo te abandone pou yo swiv lalwa Bondye a e yo pito chwazi mennen yon lavi peche. Bondye te voye plizyè pwofèt Izrayèl pou avèti yo pou yo repanti. Bondyete avèti Izrayèl si yo pa t repanti lame etranje yo t ap pote viktwa sou yo.

Sepandan, Izrayelit yo te refize repanti, epi olye yo obeyi ak mesaj Bondye atravè Jeremi, yo te eseye fè Jeremi fè silans pandan yo t ap fè l soufri.

Nan pasaj sa a, mesaj Bondye atravè Jeremi bay wa Izrayèl la se pou rann tèt li bay lame etranje yo, paske se Bondye ki voye yo pou pini Izrayèl. Si wa ak moun yo rann tèt yo, y ap viv. Sepandan, si yo batay kont volonte Bondye nan batay ak moun Babilòn yo, y ap mouri. Wa a te deside koute konseye l yo k ap di l pou l batay ak moun Babilòn yo olye ke yo koute mesaj Bondye, Jeremi di l pou l rann tèt li. Paske yo te pè pou popilasyon Izrayelit la ka rann tèt li si yo te tandemesaj Jeremi an ki soti nan Bondye, yo te eseye fè Jeremi fè silans.

Tèks Nouvo Testaman an: Pwofèt Ansyen Testaman yo pa sèl moun ki soufri pou pwoklame mesaj Bondye a. Apot Pòl tou temwanye anpil soufrans li yo. Apot pòl pa vle yo pran pitye pou soufrans li yo, paske li konnen plis li soufri pou Bondye, plis fòs l ap resevwa nan men Bondye. Anplis, plis li soufri pou Levanjil la, plis l ap vin menm jan ak JeziKri.

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou Li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pafwa yo pa souvan akeyi mesaj Bondye pou repanti a. Moun yo souvan pa renmen tandemé ke yo se pechè ki bezwen padon Bondye a. Sepandan, se pa paske mesaj Levanjil la pa popilè ki fè Kretyen yo pa pataje Levanjil la lè Bondye mennen yo pou yo pataje Levanjil la. Kretyen yo bezwen rekonèt byen ke gen gwo benediksyon, genyen tou yon pri pou peye pou vin yon disip JeziKri.
 - Site kèk fason Kretyen nan kominate w yo soufri paske y ap swiv Jezi?
 - Poukisa w panse ke Bondye kite Kretyen yo soufri, epi poukisa li pa fè tout moun trete yo byen?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Pa gen moun ki renmen soufri. Anplis, si Bondye rele yon moun pou l soufri, Kretyen an pa ta dwe chèche fason pou l soufri.

Sepandan, youn nan karakteristik yon Kretyen k ap grandi se volonte yo pou yo aksepte soufrans yo lè yo konnen sa ap fè Wayom Bondye a avanse. Lè yon Kretyen rekonèt ke y ap soufri akoz de Levanjil la, yo kapab gen lapè ak lajwa anndan yo, menm lè y ap soufri deyò.

- Site kèk fason yon Kretyen kapab grandi nan lafwa l atravè soufrans l ap andire yo?
- Nan ki mezi ou kapab prè pou soufri pou JeziKri?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Li enpòtan pou Kretyen yo pase lavi yo ap onore JeziKri. Pafwa sa pral vle di ke lòt moun yo pral apresye yo, pafwa sa vle di lòt moun yo pral pèsekite yo. Sa ki enpòtan se pou Kretyen an rete fidèl ak JeziKri, epi pou obeyi ak tout sa Jezi rele l pou l fè. Li enpòtan tou pou Kretyen yo ede lòt Kretyen andire soufrans pou Levanjil la.
 - Kisa yon Kretyen dwe fè lè li santi soufrans li twò gwo pou l sipòte?
 - Ki kote Kretyen yo kapab jwenn èd pou fòtifye yo nan moman soufrans yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 50

Tit Leson an: Founèz Dife a

Tèks Leson an: [Danyèl 3](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Travay 5:12-42](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann ke anpil Kretyen fè fas ak pèsekisyon akoz lafwa yo. Yo prè pou yo soufri paske yo konnen ke menm mechanste pwisan nan mond sa ka lakòz pèsekisyon kounye a, nan fen an souvrènte Bondye ap domine.
- **Kè:** Kwè ke nan yon mond ki ènmi Levanjil, Kretyen yo dwe disène avèk atansyon fason pou kenbe kè yo san tach epi fè sèvis nan Wayom Bondye a.
- **Men yo:** Se pou nou prè pou n sipòte soufrans ak pèsekisyon yo pou Levanjil la, konnen ke Kris pa p janm abandone w.

Leson an Nan yon Vèsè: Pyè ansamn ak lòt apot yo reponn li: "Se pou n obeyi Bondye pase pou n obeyi moun." ([Travay 5:29](#))

Rezime tèks

Chadrak, Mechak ak Abèdnego se te twa Ebre ki t ap ede wa Nèbikadneza nan palè a. Yon jou, wa a te deside fè yon gwo estati lò. Wa a te di ke lè kònen twonpèt, flit, bandjo ak lòt enstriman mizik kòmanse jwe, tout moun mete ajenou epi adore estate lò a. Tout moun ki refize yo pral lage yo anndan yon gwo fou tou limen. Lè mizik la te sonnen, tout moun bese devan zidòl la soft wa Ebre yo. Yo te konnen ke yo te dwe sèlman bese devan sèl vrè Dye a. Wa a te fache anpil ke l te mande sòlda yo pou yo jete mesye yo nan founèz dife a. Pita, lè wa a t ale gade anndan founèz la, li te wè kat mesye. Bondye te voye yon zanj pwoteje Ebre yo. Lè yo te soti, pyès nan yo pa t boule oubyen menm gen sant lafimen.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Chadrak, Mechak, ak Abèdnego** se te twa Izrayelit ki t ap viv an egzil nan Babilòn aprè yo te fin akapare Jerizalèm. Nèbikadneza wa Babilòn lan te bay lòd pou tout moun bese devan gwo zidòl li te konstwi a. Twa Izrayelit yo te refize, paske yo te konnen ke sa kont lalwa Bondye a, epi yo te konnen ke Bondye t ap pwoteje yo.
2. **Founèz la.** Nèbikadneza te bay lòd pou jete yo nan yon founèz dife. Li te tèlman fache li te fè chofe founèz la sèt fwa pi cho ke jan l te ye. Gad yo mare Chadrak, Mechak ak Abèdnego epi te jete yo nan founèz la.
3. **Te Pwoteje.** Nèbikadneza te choke pou yo wè twa moun ki t ap mache nan founèz, epi san okenn mal.
4. **Katriyèm nonm lan.** Nèbikadneza pa t sèlman wè ke twa moun yo te pwoteje, men li te wè yon katriyèm nonm nan dife a. Yo pa t di nou kiyès katriyèm pèsonaj la te ye, men pwobableman swa yon zanj Bondye, oubyen Jezi ki te vin jwenn yo.
5. **Okenn mal pa t rive yo.** Nèbikadneza te bay lòd pou fè twa mesye sa yo soti nan founèz la. Li te louwe Bondye Chadrak, Mechak ak Abèdnego a paske li te pwoteje yo, epi li te deklare pa gen lòt dye ki kapab sove moun tankou fason vrè Dye a te fè a.

Sans Tèks la

Entwodiksyon Jeneral sou Pwofèt yo: Vin yon pwofèt Bondye pa t yon apèl fasil oubyen an sekirite, paske Bondye te rele pwofèt yo pou yo preche kont peche Izrayelit yo. Souvan, wa yo te mete pwofèt yo nan prizon oubyen maltrete yo akoz predikasyon konfliktyèl. Sepandan, espwa pou moun yo ta repanti epi tounen vin jwenn Bondye te motive pwofèt yo pou obeyi ak apèl Bondye sou lavi yo.

Avètisman ak pwofesi pwofèt yo te reyalize; Izrayèl pa t repanti de peche yo epi tounen vin jwenn Bondye, konsa Bondye te voye yo Babilòn pou akapare Tè Pwomès la. Lame moun Babilòn yo te detwi Tanp Jerizalèm lan, epi yo te ale avèk pifò nan Izrayelit yo an egzil.

Twa nan Izrayelit sa yo se te Chadrak, Mechak ak Abèdnego. Bondye te ansanm avèk yo epi li te beni yo paske yo te rete fidèl ak Bondye. Anfèt, Bondye te beni yo anpil, yo te okipe pozisyon otorte nan peyi Babilòn. Sepandan, anpil moun te rayi jwif yo, epi yo t ap chèche opòtinite pou fè yo mal. Ènmi Jwif yo te jwenn yon opòtinite pou te touye Chadrak, Mechak ak Abèdnego lè wa Nèbikadneza te konstwi yon zidòl epi l te bay tout moun lòd pou bese devan zidòl la epi adore l.

Byenke twa mesye sa yo san dout te adopte kèk chanjman kiltirèl pou pèmèt yo koresponn ak kilti moun Babilòn yo epi vin dirijan Babilonyen, te gen kèk aktivite ak Pratik yo te refize patisipe. Danyèl chapit 1 rapòte yon egzanp konsa, rejim yo. Danyèl chapit 3 rapòte yon dezyèm egzanp, adorasyon zidòl. Byenke Babilonyen yo te akapare Izrayèl, twa mesye sa yo te konnen ke se pa t Babilòn ki t ap travay pou kont yo, men se Bondye ki dirije Babilonyen yo. Sepandan, byenke yo te an egzil an Babilòn, twa mesye sa yo te konnen ke Bondye te toujou ap kontwole. Yo te kwè tou Bondye t ap sove yo kont tout pinisyon Nèbikadneza te ba yo pou rete fidèl ak sèl vrè Dye a.

Chapit twa a rapòte kijan Bondye te fidèl avèk yo. Bondye te voye yon zanj oubyen prezans li menm pou avèk yo nan founèz la.

Bondye se souveren sou tout – pèp Izrayèl la, Bbilòn, Nèbikadneza, menm sou yon founèz. Aprè Nèbikadneza libere twa mesye sa yo nan founèz la, li louwe Bondye, epi li deklare pwoteksyon pou tout Jwif k ap viv a Babilòn. Se tankou istwa Jozèf ann Ejip la, ak Estè an Siz, isit a Babilòn, sa lòt te pran pou mal, Bondye te transfòme l an byen. ([Jenèz 50:20](#), [Estè 4-7](#))

Tèks Nouvo testaman an: Menm jan ak Chadrak, Mechak ak Abèdnego, kèk moun te jalou pou siksè Pyè nan sèvis Bondye. Yo te arête Pyè epi yo te mete l nan prizon. Menm jan ak Chadrak, Mechak ak Abèdnego, Bondye te pwoteje Pyè epi fè yon wout pou liberasyon li. Lè ènmi l yo menase Pyè ankò, li deklare ke, “nou dwe obeyi ak Bondye olye nou obeyi ak lèzòm!”

Chapit 10 Kòmandman yo: I. Pa Gen Lòt dye Kòmandman sa a fonde reliyon Izrayèl la kòm yon reliyon ki genyen lafwa nan yon sèl Dye. Sa se yon karakteristik ki distenge lafwa Izrayèl la, paske pyès lòt reliyon nan epòk yo pa t kwè nan yon sèl Dye. Kontrèman avèk vwazén yo ki gen lafwa nan plizyè dye, Izrayèl dwe kwè ke gen yon sèl Bondye ki te kreye tout bagay, epi ki te fè alyans avèk Izrayèl. Paske genyen yon sèl vrè Dye, Izrayelit yo pa dwe adore okenn zidòl ni fo dye. Yo dwe asire yo ke sèl vrè Dye a rete objè sèl devosyon yo.

- **Tèt:** Ki fo dye moun nan kominate w la sèvi jounen jodia olye de vrè Dye a?
 - **Kè:** Site kèk fason Bondye pwouve lanmou Bondye pou ou?
 - **Men yo:** Kijan li Bib la regilyèman kapab ede w konnen kòmandman Bondye epi jwenn fòs pou viv nan kòmandman Bondye?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Byenke yo an egzil, Jwif an babilòn yo dwe dekouvri fason pou viv fidèl ak Bondye byenke nan yon anpi a pa kwè nan sèl vrè Dye a. Chadrak, Mechak ak Abèdnego bay yon ezanp sou volonte pou viv nan opozisyon ak sa ki kontrè ak lalwa Bondye. Yo kwè Bondye pral pwoteje yo si yo fidèl ak Bondye.

Sepandan, menm si Bondye pa pwoteje yo, yo konnen ke li pi bon pou mouri paske w fidèl ak Bondye pase pou viv nan enfidelite ak Bondye.

- Kijan yon Kretyen kapab disène ki lwa nasyon l ke li dwe swiv epi kiyès ki opoze ak volonte Bondye?
- Ki kèk sakrifis Kretyen nan kominote w fè nan lide pou viv nan fidelite pou Bondye?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta dwe Ye?** Nan nenpòt nasyon Kretyen yo ap viv, fidelite final yo se Wayom Bondye a. Sa mande pou Kretyen yo saj epi disène fason yo dwe ye “nou nan lemonn men nou pa moun lemonn.” ([Jan 15:19](#)) Nan lide pou genyen sajès ak disènman sa a, Kretyen yo bezwen gen yon relasyon fondamantal e k ap grandi avèk JeziKri.
 - Ki kote yon Krteyen kapab jwenn kouraj pou l pran pozisyon fas ak pèsekisyon?
 - Site kèk rekonpans ki genyen nan rete fidèl ak Wayom Bondye a pito pase rete fidèl ak wayom mond sa a?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Pito yo sèlman rekonèt yo pa mwayen sa yo fè, pafwa yo kapab rekonèt Kretyen pa mwayen sa yo refize fè. Refize patisipe nan kèk aktivite kominotè ki opoze ak lalwa Bondye kapab Mennen alafwa nan pèsekisyon, men tou nan yon temwanyaj pwisan pou lòt moun yo. Pare pou soufri pou JeziKri pa fasil, men se yon etap enpòtan nan matirite Kretyen an.
 - Nan ki aktivite abityèl lòt moun nan kominote w angaje l, kiyès ladan yo ki opoze ak kòmandman Bondye yo?
 - Panse ak aktivite abitytèl sa yo, ki sa Kretyen yo kapab fè kòm altènativ, ki te kabab pote glwa epi lonè pou Bondye?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 51

Tit Leson an: Danyèl nan Fòs Lyon an

Tèks Leson an: [Danyèl 6](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Jan 19:1-16](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt, byenke Bondye rele Kretyen yo pou yo onèt epi pèseveran nan tout sa y ap fè, Kretyen yo ka fè fas ak pèsekisyon ki soti nan sila yo ki jalou de siksè Bondye ba yo.
- **Kè:** Konprann poukisa Kretyen yo pa kapab sèvi de mèt. Swa yo pral lèse Bondye renye nan lavi yo oubyen lèse peche renye nan lavi yo.
- **Men yo:** Se pou pèseveran, menm lè pèsekisyon vini, Bondye rele Kretyen yo pou egzekite pratik Kretyen yo (tankou etid Biblik, priyè epi adorasyon piblik) ki esansyèl la pou kenbe yon lavi ak temwanyaj Kretyen an sen.

Leson an Nan yon Vèsè: Men lòd mwen bay pou tout peyi ki sou zòd mwen: Se pou tout moun gen krentif pou Bondye Danyèl la. Se pou yo respekte l. “Se yon Bondye vivan li ye! Se li menm ki chèf pou tout tan! Gouvènman li p'ap janm tonbe. Pouwwa li pa p janm fini.” ([Danyèl 6:26](#))

Rezime Tèks la

Danyèl se te youn nan prensipal sipèvizè wa Dariyis yo. Wa a te renmen Danyèl, men lòt sipèvizè yo pa t renmen l. Yo te toujou eseye pou kenbe Danyèl ap fè yon move bagay, men yo pa t janm fè sa. Sipèvizè yo te konnen Danyèl t ap priye Bondye l la chak jou. Konsa, yo te fè wa Dariyis siyen yon lwa ki te di si yon moun te priye yon lòt moun ke wa a, y ap lage l nan fòs lyon an. Danyèl te konnen ke l te dezobeyi lalwa a, men li te priye Bondye kanmenm. Sipèvizè yo te sirann Danyèl ki t ap priye epi yo te jete l nan fòs lyon an. Demen maten, wa a te ale nan fòs la. Li te rele Danyèl epi li te mande l si Bondye te sove l anba lyon yo. Danyèl te reponn wa a epi l te di Bondye te voye yon zanj vin pwoteje l. Lyon yo pa t fè l mal. Wa a te kontan dèske Danyèl te sove.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Danyèl** se te yon jwif fidèl pandan l t ap sèvi wa Babilòn lan byenke li te ann egzil nan Tè Pwomès la. Bondye te bay Danyèl anpil siksè epi lòt moun yo te jalou anpil de li. Sepandan, yo te tann yon pyèj pou wa a, e byenke li te renmen Danyèl, yo te pyeje l pou l te bay lòd pou jete Danyèl nan fòs lyon an.
2. **Lyon yo.** Sepandan, Bondye te avèk Danyèl, epi li te voye yon zanj pou te fèmen bouch Lyon yo. Konsa Danyèl te sove, wa a te selebre pouvwa Bondye Danyèl la, epi wa a te pini sila ki te akize Danyèl yo.

Sans Tèks la

Entwodiksyon jeneral sou pwofèt yo: Vin yon pwofèt Bondye pa t yon apèl fasil ni an sekirite, paske Bondye te rele pwofèt li yo pou yo preche kont peche Izrayelit yo. Souvan wa yo konn mete nan prizon oubyen abize pwofèt yo akoz predikasyon ki kreye konfli sa a. Sepandan, leswa pou moun yo ta repanti epi tounen vin jwenn Bondye te motive pwofèt yo pou obeyi avèk apèl Bondye sou lavi yo.

Istwa Biblik sa a pataje anpil resanblans avèk dènye istwa Biblik Chadrak, Mechak, ak Abèdnego a. Nan tou de istwa yo:

- Pèsonaj enpòtan yo se te Jwif yo te egzile nan pòs yo nan gouvènman an.
- Lòt moun yo te rayi yo.
- Sila ki te jalou yo te fè konplo pou wa touye pèsonaj enpòtan yo k ap bay devosyon yo ak sèl vrè Dye a.
- Pandan ke sila ki fidèl ak sèl vrè Dye a, wa a te pran nan pyèj pou l deklare ke pèsonaj enpòtan ki koupab yo pral kondane yo a mò.
- Bondye fè entèvansyon sinatièl epi li sove pèsonaj enpotan yo.
- Wa a leve pèsonaj enpòtan yo nan pozisyon enpòtan nan gouvènman an epi bay lòd pou touye ènmi yo.

Nan ka Danyèl la, ènmi l yo se te sila yo ki te jalou de siksè li, epi li te fristre akoz li te onèt anpil paske yo pa t kapab jwenn yon mwayen fasil pou debarase l de yo menm. Byenke li te Rekonèt ke li te refize obeyi kòmandman wa a, poul l priye sèlman wa, sa te ka lakòz anpil pwoblèm, men Danyèl te konnen rete fidèl ak Bondye te pi enpòtan.

Tèks Nouvo Testaman an: Menm jan ak Danyèl, Jezi twouve l devan yon chèf politik akoz trayizon sila ki jalou yo. Menm jan ak wa Babilòn yo, Pilat pa vle touye sèvitè Bondye yo, men li santi l pyeje anba pouvwa foul moun yo. Pilat, te twò fèb pou kanpe pou sa ki jis, li livre Jezi pou l mouri. Ènmi Jezi yo kwè ke yo pote viktwa. Ala fen, Sepandan Bondye travay yon fason sinatirèl pou leve Jezi soti vivan nan lanmò. Menm jan li te travay yon fason sinatirèl pou te sove Danyèl, Chadراك, Mechak, ak Abèdnego.

Chapit 10 Kòmandman yo: X. Pa Konvwate Kontrèman ak anpil nan lòt kòmandman yo. Dizyèm kòmadman an pa entèdi yon aksyon. Olye de sa, li entèdi yon atitud. Nan yon sans, dènye Kòmandman an entèdi peche ki mennen tout lòt peche ke yo entèdi nan 10 Kòmandman yo. Sepandan, konvwatiz plis pase yon senp ide oubyen atitud. Li plis pase yon dezi ou te genyen pou posede sa yon lòt moun posede. Olye de sa, konvwatiz ale pi lwen ke yon dezi epi antre nan domèn pou kòmanse pran mezi pou posede objè, moun, oubyen pozisyon yo konvuate. Konvwatiz se rasin asasinay, adiltè, vol, ak bay manti.

- **Tèt:** Kijan nou kapab kenbe kè nou pi, epi pwoteje tèt nou kont konvwatiz peche?
- **Kè:** Ki diferans ki genyen ant sèlman swete posede sa yon moun posede, ak konvwate reyèlman sa yon moun posede?
- **Men yo:** Kijan w kapab pwoteje tèt ou kont pase tan ap kontanple sa moun posede, olye pou pase tan ap apresye sa Bondye te deja ba ou?

Chapit Fwi Lespri Yo: 7. Fidelite. Tèm yo itilize pou “Fidelite” isit la, nan lang Grèk fè referans ala fwa ak relasyon nou avèk Bondye, epi ak relasyon nou avèk lòt moun. Avèk Bondye, tèm rasin lan vle di gen lafwa nan Bondye. Sa vle di Kretyen yo kwè epi y ap viv konfyans yo nan bonte, nan onètete, ak nan lanmou Bondye. Kretyen yo kapab gen lafwa nan Bondye paske Bondye montre l diy nan lafwa yo. Menm jan, nan relasyon moun ak moun, Jezi rele Kretyen yo pou yo fidèl, diy pou moun fè konfyans. Se pa pou yo mete lafwa yo nan yon Kretyen, men pou Kretyen an montre regilyèman li se yon moun ki gen bonte, onètete epi lanmou. Malerezman, menm jan nan ka Danyèl la, gen lòt moun ki santi bonte ansanm ak benediksyon yon moun genyen ki se pafwa rezulta bonte sa a se yon menas pou yo.

- **Tèt:** Ki moun nan kominate w ki te montre yo fidèl, e kijan yo te fè sa?
- **Kè:** Èske pa gen anyen nan kè w ki bezwen chanje anvan pou w kapab viv yon lavi fidelite nan Bondye ak devan lòt moun yo?
- **Men yo:** Ki kèk risk ak benediksyon pou ou rete yon moun ki fidèl nan kominate w la?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesон tèks yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Siksè Bondye bay la pa garanti ke pa p gen pyès konsekans negatif lakay nan moun ki jalou yo. Bondye pa pwomèt yon lavi fasil, an reyalite, menm jan lavi Jezi ak Danyèl montre sa, pafwa pi gwo benediksyon Bondye yo soti nan moman pi gwo pèsekisyon yo.
 - Poukisa Bondye pa toujou aji yon fason sinatirèl pou pwoteje Kretyen yo kont tout mal pechè yo ka lakòz?
 - Nan ki pwen ou panse li difisil pou Danyèl travay pou yon nonm tankou wa Dariyis, yon dirijan ke administratè ak satrap yo ka manipile trè fasil?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Menm jan ak Danyèl, Bondye rele tout Kretyen pou mennen yon vi nan entegrite ak fidelite. Li difisil pou devlope vèti sa yo nan yon sosyete ki pa bay ni youn ni lòt valè. Pou Kretyen an, entegrite vle di sèvi Bondye sèlman.
 - Kisa ki motive yon Kretyen pou l viv nan entegrite ak fidelite lè okenn moun alantou yo pa fè sa?
 - Ki moun nan lavi w ki sèvi w modèl, ki mennen yon vi entegrite ak fideilite?
- **Men yo: Kijan nou kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Gen kèk moun ki di yon moun pa sèlman konnen nan ki pwen yo entèg lè yo fè fas ak yon tantasyon enpòtan. Fè fas ak tantasyon pa bon moman pou kòmanse priye pou ka gen fòs. Olye de sa, Kretyen yo dwe praktike regilyèman disiplin espirityèl esansyèl pou yon lavi ki sen.
 - Ki moun nan lavi w ki kapab konsidere w kòm yon moun ki responsab nan zafè viv yon lavi ki sen?
 - Ki mezi ou kapab pran pou pwoteje tèt ou kont konpwomi nan moman tantasyon yo?

Applikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.

- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 52

Tit Leson an: Jonas ak Gwo Pwason an

Tèks Leson an: [Jonas 1, 2](#)

Tèks Nouvo Testaman an: [Matye 12:39-45](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann pwofondè lanmou Bondye pou pechè yo tèlman gran anpil, pafwa fòk Kretyen yo soti nan zòn konfò yo nan lide pou pataje mesaj Bondye a avèk yo.
- **Kè:** Disène si pa gen okenn rasis, nasyonalis, oubyen okenn lòt prejidis anndan kè w ki anpeche w renmen epi anbrase totalman tout sila yo Kris te mouri pou yo.
- **Men yo:** Fè plan avèk yon zanmi Kretyen pou soti nan zòn konfò semèn sa a pou ede oubyen fè zanmi ak yon moun ki soti nan yon lòt ras, yon lòt klas ekonomik, oubyen nasyonalite ki diferan ak ou.

Leson an Nan yon Vèsè: Se konsa, Jonas leve, li ale lavil Niniv jan Senyè a te di l la. Niniv te yon gwo lavil ki mande twa jou pou mache soti nan yon bout ale nan lòt bout ale. ([Jonas 3:3](#))

Rezime Tèks la

Bondye te di Jonas pou ale nan yon vil yo te rele l Niniv epi pou l pale pèp la de li. Pèp Niniv la te mechan anpil, epi Jonas pa t panse ke pèp la ta dwe padone. Konsa, li te kouri lwen. Li te monte nan yon bato epi l navige pou ale nan direksyon opoze a. Pandan Jonas nan bato a, yon gwo tanpèt te rive prèske chavire bato a. Manb ekipaj la te mande Jonas kisa yo ta dwe fè pou kalme lanmè a. Jonas te konnen tanpèt la se te fot pa l, konsa li te di mesye yo pou yo lage l nan lanmè a. Lè yo te fè sa, lanmè a te kalme. Pandan Jonas te nan dlo a, yon gwo pwason te vini epi vale l. Joans te pase twa jou anndan vant pwason an. Lè Jonas te finalman deside pou li te ale Niniv, pwason an te vomi l bò lanmè a. Jonas te ale Niniv epi l te pale moun yo de Bondye. Tout moun yo te mande pou Bondye padone peche yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jonas.** Se te yon pwofèt Bondye. Bondye te rele Jonas pou li ale Niniv epi avèti yo pou yo repanti, sinon Bondye t ap ba yo pinisyon. Joans pa t vle fè sa paske pèp Niniv la se te ènni Izrayèl, e Jonas pa t vle ba yo okazyon pou yo repanti. Sepandan, Jonas te kouri lwen Bondye epi monte sou yon bato pou ale nan direksyon ki opoze ak Niniv. Bondye te voye yon gwo tanpèt pou frape bato a nan pwen kote maren yo te konnen yo ta pral neye. Jonas te di maren yo pou yo jete l nan lanmè a; se te akoz limenm Bondye te lakòz tanpèt la. Pa konsekan, yo te fè sa.
2. **Gwo Pwason an.** Olye ke l te kite Jonas neye, Bondye te fè yon gwo pwason vale Jonas. Nan vant pwason an, Jonas te repanti paske l te kouri lwen Bondye, epi l te fè lwanj Bondye paske l te sove l.
3. **Tè Sèch.** Aprè Jonas te fin repanti, Bondye te fè yon pwason vomi Jonas sou tè sèch. Bondye te rele Jonas ankò pou l ale preche kont Niniv. Fwa sa a, Jonas te obeyi. Jonas te gen rezon, pèp Niniv la te repanti de peche yo epi Bondye te padone yo. Bondye vle padone tout moun anba peche, menm moun nou pa panse merite padon Bondye.

Sans Tèks la

Entwodiksyon jeneral sou pwofèt yo: Vin yon pwofèt Bondye pa t yon apèl fasil ni san danje, paske Bondye te rele pwofèt li yo pou yo preche kont peche Izrayelit yo. Souvan wa yo konn mete nan prizon oubyen abize pwofèt yo akoz predikasyon ki kreye konfli sa a. Sepandan, lespwa pou moun yo ta repanti epi tounen vin jwenn Bondye te motive pwofèt yo pou obeyi avèk apèl Bondye sou lavi yo.

Apèl Bondye pou Jonas, Sepandan, te diferan. Bondye pa t rele Jonas pou preche Izrayelit yo. Lè Bondye te rele Jonas pou ale Niniv epi avèti yo de chatiman akoz peche yo, Bondye te rele Jonas pou l preche kont ènni Izrayèl yo. Niniv te fè pati Anpi Siryen an, epi Syren yo te lakòz anpil doulè epi soufrans pou Izrayelit yo. Jonas te pè si li te avèti moun Niniv yo, epi yo te repanti reyèlman, aprèsa Bondye te padone yo epi renonse ak pinisyon l pou yo. Jonas pa t vle pou yo te padone pèp Niniv la, li te vle pou yo pini pèp Niniv la pou peche yo.

Sepandan, olye pou obeyi Bondye epi vwayaje nan direksyon Lès pou rive Niniv, Jonas te anbake nan yon bato pou ale nan Lwès atravè Lanmè Mediterane a. Aprèsa Bondye te voye seri evènman nou konnen byen konsènan lavi Jonas: tanpèt, gwo pwason ki te vale 1 la, ak liberasyon 1 sennesòf.

Aprè tout bagay sa yo, Jonas te ale epi preche kont pèp Niniv la. Jonas te gen rezon. Li te avèti pèp Niniv, pèp Niniv la te repanti, Bondye te padone yo. Jonas te fache. Pa gen anpil bagay pou admire lakay Jonas. Sepandan, youn nan fòs liv sa a sè ke 1 kapab revele si pa t gen okenn prejidis nan moun k ap li ak moun k ap koute pwomblèm Jonas yo. Lè Apot Pyè ekri ke Bondye vle tout moun repanti ([1 Pyè 3:9](#)), li vle di menm moun nou pa panse ki merite padon Bondye a.

Tèks Nouvo Testaman an: Anpil moun ki ta dwe aksepte ministè Jezi a, tankou dirijan relijye yo, yo pa t fè sa. Olye pou koute mesaj Bondye ki te pale atravè Jezi epi kwè nan mirak yo, yo pito fè konplo pou touye Jezi. Menm jan ak Jonas, yo rate lanmou ak mizèrikòd Bondye, epi olye de sa, yo sèlman vle wè jijman Bondye kont sila ki pa renmen Bondye yo. Jezi avèti yo ke yo riske vin pi mal pase moun Niniv nan epòk Jonas yo, byen ke yon fwa yo te lwen Bondye, men lè mesaj Bondye te rive sou yo atravè Jonas, yo te repanti ak peche yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa sa Bondye dwe pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de lesion tèks yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Rasin peche antre byen fon nan moun yo. Jan nou te ka wè sa nan Jonas, menm gwo pwofèt Bondye yo pa ka anpeche yo fè peche tankou prejidis, nasyonalis, ak layèn. Sepandan, Bondye plen lanmou ak konpasyon, epi li vle tout moun repanti epi resevwa sali. Sepandan, Bondye voye pwofèt yo avèti moun yo sou konsekans k ap vin de rebelyon yo a. Lanmou ak konpasyon Bondye manifeste tou lè Bondye konfwonte epi ekspoze peche yo, epi rele yo pou yo repanti epi resevwa padon. Souvan, lanmou pwofon Bondye pou lòt moun vle di Bondye

pral rele nou pou n sòti nan zòn konfò nou nan lide pou pataje Levanjil la avèk lòt moun yo.

- Kijan w ka eksplike Bondye fè yon gwo revèy tankou repantans pèp Niniv la atravè yon nonm enpafè tankou Jonas?
- Nan ki metòd Bondye ka konfwonte Kretyen yo avèk peche yo epi rele yo pou yo repanti?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Se pa sèlman pechè ki bezwen repantans ak padon Bondye. Menm aprè delivrans, Kretyen yo pral genyen peche k ap pèsiste nan yo ke Bondye pral konfwonte epi pirifye. Pafwa peche sa yo fon nan nou, epi, tankou, prejije, ke lòt moun te ka aprann epi pran yo pou modèl depi lè yo te pi jèn. Aksepte Jezi nan kè w vle di ke ou pa sèlman aksepte padon Jezi a pou peche pase w yo, men lèse Jezi pirifye kè w epi retire rasin peche ki kapab lakòz ou pa devwe totalman ak Bondye.
 - Anplis de prejije, jan nou wè sa nan Jonas, ki lòt peche yon Kretyen pa ka rekonèt okòmansman, ki nwi relasyon yo genyen ak Bondye epi ak lòt moun?
 - Ki mezi Kretyen yo kapab pran pou mete kè yo pi disponib pou lanmou Bondye ka koule nan yo, epi nan lavi lòt moun?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Malerezman, gen moman Kretyen yo di "non" ak mesaj Bondye ba yo. Yo panse yo kapab sèlman obeyi kèk kòmandman, pandan yo inyore lòt kòmandman yo. Yo panse yo kapab sèlman renmen kèk moun, pandan y ap nouri layèn kont lòt moun. Sepandan, lè Kretyen yo di "non" ak Bondye, sa senp epi klè ke yo inyore apèl Bondye sou lavi yo, yo nwi relasyon yo ak Bondye epi yo pa patisipe nan Wayòm Bondye a.
 - Kijan lè yon lòt Kretyen gide w te kapab ede w grandi nan lafwa Kretyen w?
 - Ki kèk mezi ou kapab pran pou envite Jezi sonde kè w epi gade si pa gen kèk bagay ki enpi nan ou?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesón jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesón jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 53

Tit Leson an: Pwofèt yo pale de Moun Bondye Chwazi a

Tèks Leson an: Ezayi 52:13-53:12

Tèks Nouvo Testaman an: Lik 24:13-35


Objektif Leson yo:

- **Tèt:** Konprann lavi, ministè, lanmò ak rezireksyon Jezi, anpil pwofèt Ansyen Testaman yo te predi tout sa yo.
- **Kè:** Selebre lanmou Bondye k ap prepare yon chemen pou yon limanite pechè ka rekonsilye ak yon Bondye ki sen.
- **Men yo:** Koute ak diliijans vwa Bondye nan lavi w, k ap revele w dezi ak volonte Bondye pou lavi w vin yon temwen gwo gras Bondye a pou lòt moun.

Leson an Nan yon Vèsè: Youn pran di lòt, “Èske nou pa t santi tankou yon dife k ap boule nan kè nou lè l t ap pale avèk nou sou tout wout la, lè l t ap esplike nou sa sa k te ekri nan Liv yo? [Lik 24:32](#)

Rezime Tèks la

Atravè anpil syèk, Bondye te enspire anpil pwofèt pou predi anpil detay Konsènan moun espesyal yo te chwazi a ki ta pral sove pèp li a anba pouvwa Satan epi gouvènè yon jou antanke yon wa pwisan.



Ansèyman apati Imaj la

1. Pwofèt. Pwofèt yo nan Ansyen Testaman an te moun Bondye te rele pou resevwa mesaj espesyal nan men Bondye pou yo kominike bay pèp la ak lidè Izrayèl yo. Pandan ke pwofèt la te premye pale mesaj sa yo bay pèp la oswa lidè yo, anpil ladan yo te ekri epi konsève pou nou nan Bib la.

2. Lavni. Pandan ke mesaj Bondye te bay pwofèt yo te mesaj pou pwòp epòk ak kote yo te ye a, anpil nan pwofesi yo te konsène lavni tou. An patikilye, gen anpil mesaj pwofèt yo te bay ki te predi nesans, lavi ak lanmò Mesi a.
3. Sèvitè Soufrans lan. An patikilye, pwofèt Ezayi te resevwa mesaj trè espesifik ak grafik nan men Bondye sou soufrans Mesi a t ap sibi pou l te ka pote delivrans pou Pèp Bondye a.

Sans tèks la

Bondye te bay pwofèt Ezayi an patikilye plizyè vizyon sou lavi, lanmò, ak ministè Mesi ki gen pou vini an. Pasaj sa yo montre klè ki kalite soufrans Jezi ta pral andire. Pandan n ap li ansyen Testman an nan limyè lavi, lanmò, ak rezireksyon JeziKri, yo te idantifye pasaj sa yo kòm pasaj pètinan espesyalman pou pwoklamasyon Jezi antanke Mesi.

Nan yon fason entèresan, anseyan relije nan epòk Jezi yo, an jeneral, pa t entèprete pasaj sa yo menm jan konsènan Mesi ki gen pou vini an. Olye de sa, yo te gade pasaj ki te pale de yon dirijan ki ta pral akapare ravisè Izrayèl yo epi libere Izrayèl sou plan politik. Sa se youn nan rezon ki fè anpil chèf relije ak jwif an jeneral nan epòk Jezi a te lite pou konprann ministè Jezi tankou Mesi a. An reyalite, menm disip Jezi yo pa t byen konprann kalite ministè Jezi a jis aprè lanmò ak rezireksyon l.

Tèks Nouvo Testaman an: Sepandan, byen ke lèzòm ka mal entèprete oubyen mal konprann Ekriti Bondye yo, sa pa chanje lefèt ke ministè Jezi te anonse klè nan Ansyen Testaman an. Nou wè sa se mesaj Jezi pandan l ap mache avèk de nan disip li yo sou wout Emayis la. Sepandan, avèk gras, Jezi te ekspose po yo de a laverite ministè l la, epi kijan yo te predi ministè l la nan Ekriti yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pifò nan chèf reliye yo nan epòk Jezi a t ap tann yon Mesi militè nan tradisyon wa David la ki t ap vini epi pou ranvèse otorite Women yo. Sepandan, Jezi pa t vini pou libere Izrayèl anba esklavaj politik, men anba esklavaj espirityèl. Byenke pifò nan chèf reliye yo pa t kapab konprann kijan Jezi te ka vin Mesi a, dè milye gason ak fi te ransanble pou tandé mesaj Jezi a, yo te obsève mirak li yo, epi yo te kwè ke se Bondye ki te voye l.
 - Kijan mesye dam yo jounen jodi a, menm jan nan epòk Jezi a kapab mal konprann Ekriti Bondye yo, epi rate benediksyon Bondye vle bay yo?
 - Ki mezi ou kapab pran pou asire ke w konprann Bib la kòrèkteman?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Pa gen moun ki renmen soufri. Sepandan, jezi te sibi yon move lanmò nan lide pou rachte nanm nou. Si nou anbrase kokennchenn Sali Jezi bay la, kidonk sa vle di nou dwe pare tou pou n soufri pou Jezi nan menm lojik la. Sa nou konstate, lè nou abandone nou totalman nan men Jezi, sèke Jezi pote yon lajwa ak lapè nan lavi nou ki depase tout konpreyansyon nou.
 - Kisa nan lavi w ki anpeche w anbrase lavi ak soufrans Jezi yo totalman nan lavi w, pou w ka plis sanble ak Sovè a?
 - Nan ki fason Bondye te beni w epi fòtifye w lè w abandone lavi w totalman nan men Kris?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete Pawòl Bondye an Pratik?** Mennen yon lavi sakrifis pa vin fasilman oubyen natirèlman pou pèsonn, ke li se yon Kretyen oubyen l pa yon Kretyen. Anfèt, mennen yon vi sakrifis mande anpil Pratik ak angajman. Sa kòmanse avèk ti pa sakrifis lè nou aprann ke si Jezi fidèl nan ti bagay, li pral fidèl nan gwo bagay tou.
 - Ki aktivite oubyen abitid ou kapab chanje semèn sa a ki pral ede w tandé pi fon epi pi fidèl vwa Bondye k ap pale ak ou?
 - Ki aksyon sèvitè ou kapab antreprann semèn sa a ki pral ede lòt moun wè Kris nan lavi ou?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 54

Tit Leson an: Zanj lan Vizite Mari

Tèks Leson an: [Lik 1:26-56](#)

Dezyèm Tèks: [1 Samyèl 2:1-11](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Selebre travay Sali Bondye a nan mond lan atravè Jezikri.
- **Kè:** Reflechi sou gras Bondye, eksprime nan tèks la, atravè moun ak pwomès ke Bondye plase nan lavi Mari.
- **Men yo:** Remèt lavi ou totalman bay Bondye pou Bondye ka itilize ou pou pote Bòn Nouvèl la bay mond lan ki plen peche ak brizman.

Leson an Nan yon vèsè: Mari te reponn "Mwen se sèvant Letènèl. "Se pou pawòl ou akonpli nan mwen." Apresa zanj lan ale kite li. ([Lik 1:28](#))

Rezime Tèks la

Mari te yon jèn fi pòv ki te rete nan yon vil yo rele Nazarèt. Li te fiyanse pou l marye ak yon mesye yo te rele Jozèf. Bondye te voye yon zanj, Gabriyèl, pou pale ak Mari. Lè Gabriyèl te rele Mari, li te pè anpil. Li pa t ka konprann poukisa yon zanj Bondye ta ka vin pale avè l. Gabriyèl te di Mari li pa bezwen pè paske li te jwenn favè nan men Bondye. Bondye te chwazi l pou yon travay espesyal. Gabriyèl te di Mari ke li ta pral fè yon ti bebe. Epi lè ti bebe a te fèt, li te dwe rele l Jezi. Gabriyèl te di ke ti bebe a te dwe yon timoun espesyal. Y ap va rele l Ptit Bondye. Mari pa te ka konprann poukisa Bondye te chwazi l pou l vin manman Jezi. Malgre Mari pa t konprann poukisa Bondye te vle li fè travay espesyal sa, li te kwè nan Bondye epi li te vle fè sa Bondye te vle li fè.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Gabriyèl.** Bondye te voye zanj Gabriyèl anonse Mari ke Bondye chwazi l pou bay Jezi nesans, pitit Bondye a.
2. **Mari** te yon jèn fi ki te abite nan yon vil an Izrayèl ki te rele Nazarèt. Li pa te ko marye, epi li te vyèj. Se sa ki fè mesaj Gabriyèl la te choke li, epi li te mande kijan sa fè posib paske li te yon fi ki vyèj. Gabriyèl te di li pra l ansent atravè yon mirak ki soti nan Bondye. Malgre Mari te genyen anpil kesyon ak laperèz, li te soumèt tèt li devan Bondye epi aksepte Bòn nouvèl sa.

Sans Tèks la

Pwosesis mèvèye Bondye pou akonpli pwomès alyans ki te fèt ak Abraram yo te antre nan yon épòk konplètman novo avèk anons Gabriyèl te fè Mari a. [Jenèz 12](#) te anrejistre pwomès alyans Bondye te fè Abram yo (pita ke yo te pral rele Abraram), ki make kòmansman nasyon Izrayèl la kòm Pèp Bondye. Bondye te pwomèt Abram ki fin grammoun epi ki pa gen pitit la, si li te kite sekirite ak pwoteksyon fanmi l, epi li vwayaje nan yon novo peyi Bondye pral gide l, lè sa a Abram ta vini.

- Papa yon gran nasyon epi
- Yon benediksyon pou tout pèp sou latè

Nou kapab wè ansyen Testaman tankou yon revelasyon ki anrejistre travay Bondye yo nan akonplisman premye pwomès la. Nou kapab wè Nouvo testaman tankou yon revelasyon ki anrejistre travay Bondye yo nan akonplisman dezyèm pwomès la. Soti nan nasyon Izrayèl sa a, ki trouve li nan kafou anpil anpi atravè listwa (Ejipsyen yo, Asiryen yo, Babilonyen yo, Women yo, elatriye), se nesans Jezi, sèl Pitit Gason Bondye a. Jezi, avèk patizan ki vini aprè li yo, te komanse beni tout pèp sou latè. Bondye kontinye akonpli pwomès sa jouk Jodi a, tankou chak novo jou, novo moun vini kretyen lè yo tandé Bòn nouvèl Jezikri a.

Istwa Sali sa komanse avèk yon gwosès mirakilez menm jan Bondye te ouvri zantray Sara epi ba li yon pitit pou Abraram ak Sara, ki twò grammoun pou fè pitit. Nan tèks sa, Bondye te kontinye istwa sali sa avèk yon lòt gwosès mirakilez. Fwa sa a, sepandan, se pa yon mirak kote Bondye ouvri zantray yon fanm ki fin grammoun pou pote timoun, men pito yon jèn fi, ki poko marye, ki vyèj.

Mari te petèt nan konfizyon ak perèz akoz mesaj zanj Gabriyèl la. Konfizyon tankou poukisa Bondye chwazi li, yon jèn fi ki soti nan yon vil nan Israyèl ki tèlman san valè ke ansyen testaman pa janm mansyone.

Konfizyon tankou kòman yon fi ki vyèj kapab vin ansent.

Li te pè, wi, akoz pwoblèm mesaj sa te pote nan lavi l. Èske fiyanse li, Jozèf, p ap anile maryaj la lè li va anonsé li ke li ansent? Èske paran li yo pa p mete li deyò nan kay la lè yo va tandé sa? Èske gen moun ki va kwè nan istwa sa ke yon zanj te parèt devan li? Èske pèsonn ap kwè nan zafè gwosès li a ?

Malgre konfizyon ak perèz li, Mari te soumèt lavi li anba volonte Bondye. Li te bay Bondye louwanj akoz li te chwazi li, epi pou gwo mizèrikòd ke Bondye te bay de jenerasyon an jenerasyon ak sila yo k ap fè volonte Bondye nan obeyisans.

Dezyèm tèks: Mari te konnen ansyen testaman trè byen, paske kantik louwanj li yo ([Lik 1:46-55](#)) pataje resanblans avèk lòt kantik louwanj yon lòt manman te chante nan ansyen testaman ke Bondye te fè pote yon pitit. Manman pwofèt Samyèl, An, te chante yon kantik louwanj aprè Bondye te reponn priyè li yo lè li te ouvri zantray li, epi ba li yon pitit mirakilez. Pou tout konfizyon ak perèz Mari te genyen yo, istwa ak kantik An nan te kapab pote lapè ak rekonfò pou li.

Etid Biblik

Lapriyè

- Fè demann Lapriyè ak louwanj.
- Di Bondye mèsi pou Louwanj ki eksprime yo.
- Priye pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou li louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje ak nou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks pou lesson biblik la.
- Rezime “sans tèks la” ki anlè pou klas la.
- Li tou de tèks pou lesson biblik la ankò.
- Mande yon moun pou rakonte ankò tèks prensipal pou lesson Biblik la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Bondye toujou defye atant yo. Egzanp, Bondye toujou chwazi pou li beni dezyèm-pitit nan plas premye-pitit. Bondye chwazi fòme yon fanmi pou li beni tout yon nasyon atravè yon koup ki fin vyeyi ki pa gen pitit. Bondye chwazi fè pi piti nan pitit Izayi a wa na plas sila ki pi gran an. Kounye a, pandan Nouvo Testaman an ouvri, Bondye anonse ke yon vyèj fi pral fè pitit gason Bondye a. Ala konfizyon ak laperèz, lajwa ak kè kontan ki dwe pran Mari! Pou nou, sepandan, sa se te bòn nouvèl. Atravè Jezi, Bondye ouvri pòt sali yo byen laj epi envite tout nasyon atravè tout syèk pou jwi sali ak rekonsilyasyon ak Bondye.
 - Èske mesaj Bondye yo pa konn pote konfizyon ak laperèz pou ou?
 - Poukisa remèt lavi ou ak Bondye nan imilite, menm jan ak Mari, se pi gwo kado ou kapab bay Bondye?
- **Kè: Kiyès Tèks la di nou ta dwe ye?** Nou pa ta sipoze pretann ke konfizyon ak laperèz Mari te fini apre eksperyans sa a. Nan mwa k ap vini yo kapab gen anpil opòtinite pou nou kesyone avèk krentif pou travay mirakilez Bondye a nan kò li.

Sepandan Lik pale nou konsènan Bondye ki t ap pale ak fiyanse ak matant Mari, yo toulede ki te ba l ankourajman ak sipò. Definitivman Mari pa t ale nan pwoesis sa a pou kont li. Avèk gras Bondye, li te resevwa fòs ak sipò li te bezwen pou l rete yon sèvant Bondye ki enb e ki fidèl.

- ki moun Bondye mete nan lavi ou ki pou ba ou sipò ak ankourajman?
- Nan ki fason legliz la dwe fonksyone tankou yon fanmi, k ap sipòt epi ankouraje Kretyen yo?
- **Men: Kòman nou kapab mete pawòl Bondye an aksyon?** Soumèt ak Bondye se yon chanjman de vi yon fwa pou tout epi yon desizyon kotidyen. Bondye itilize Kretyen yo pou fè ministè nan lavi moun ki blese epi ki pèdi nan mond sa. Ofri lavi w totalman ak Bondye, pou Bondye kapab itilize ou pou pote bòn nouvèl la nan yon mond plen peche ak brizman.
 - kiyès nan lavi ou ki se yon modèl imilite ak franchiz nan Bondye?
 - Avèk kiyès ou kapab pataje Bòn Nouvèl Jezikri a semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou rakonte vèsè prensipal Leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak Leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- fini pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 55

Tit Leson an: Mesi a Fèt

Tèks Leson an: [Lik 2:1-38](#)

Dezyèm Tèks la: [Ezayi 9:2-7](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rejwi, paske Bondye vini sou latè atravè Jezi pou trase chemen sali a, yon mwayen pou fè eksperyans ak pwofondè Lanmou Bondye a.
- **Kè:** Reflechi poukisa Jezi te vini nan yon sikonstanski ki tèlman enb konsa. Kisa sa di nan kè Bondye ke Jezi fèt nan yon pak bét, poutan se pa nan kay Gran Prèt la?
- **Men yo:** Chache nan kominate nou yo yon fanmi ki nan bezwen pandan semèn sa epi jwenn yon fason pou beni yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Nou gen yon pitit ki fenk fèt, nou resevwa yon pitit gason, Se li menm ki pral chèf sou tèt nou. Yo va rele li bon konseye k ap fè bèl Bagay la, Bondye ki gen tout Pouwwa, Papa ki la Pou Tout Tan, Wa ki bay Kè Poze a. ([Ezayi 9:6](#))

Rezime Tèks la

Apre Mari ak Jozèf te fin marye, yo te dwe travèse ale Bètleyèm pou yo te kapab konte nan resansman an. Pandan yo te la, lè a te rive pou Mari akouche bebe li a. Jozèf te mennen Mari nan yon obèj. Yon obèj se tankou yon otèl. Otèlye a te di li pa gen chanm vid pou yo ta pase nwit la, Men yo kapab rete nan pak kote li gade bét li yo. Jozef te remèsyé otèlye a epi mennen Mari kote yo gade bét yo. Pita nan aswè, Mari te akouche yon ti pitit gason. Li te vlope li nan kè moso twal epi li te mete l'kouche nan yon krèch pou li dòmi. Yon krèch se kote yo mete zèb pou bét yo manje. Yon zanj Bondye te pale ak gadò mouton ki te tou pre a. Zanj lan te di yo genyen yon Sovè ki fenk fet yo kapab ale wè Li ki kouche nan yon krèch. Lè zanj lan kite yo, gadò mouton yo te ale Bètleyèm se konsa yo te jwenn bebe a egzakteman jan zanj lan te di yo a.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Jozèf ak Mari** te vwayaje ale Bètleyèm akoz gouvènè a t ap fè resansman epi li te pase lòd pou tout moun anrejistre nan lavil fanmi yo soti a. Mari te prèt pou l akouche lè yo t ap vwayaje a.
2. **Pak Bèt la** Paske te gen anpil moun ki tap vini Bètleyèm pou resansman an, sa te lakoz pat gen chanm vid nan otèl yo pou Jozèf ak Mari. Yo te dwe rete nan yon chanm kote yo abrite bêt yo.
3. **Jezi.** Pandan yo te rete la nan chanm nan avèk bêt yo, Mari te akouche yon pitit gason, Jezi. Yo te mete Jezi nan yon krèch.
4. **Gadò mouton yo** yon fason etonan, zanj Bondye yo te anonse bòn nouvèl nesans Jezi a ak gadò mouton yo, men se pat ak Wa yo ki nan zòn nan. Vin yon gadò mouton pa te yon travay ki te popilè, se te yon travay ki te enb epi ki te di anpil. Sepandan, Bondye te rele David yon gadò mouton pou li te vini pi gran wa ann Izrayèl. Bondye toutou aji yon fason ki etonan. yon egzanp? Bondye rele gadò mouton yo pou yo selebre avèk Mari avèk Jozèf nesans Mesi a!

Sans Tèks La

Tèm vini Bondye sou latè nan fason ki etonan ap kontinye. Jezi non sèlman soti nan vant yon fanm ki vyèj, men Mesi Bondye a te fèt yon kote yo gade bêt, avèk bêt antoure li olye Li fèt kote gwo zotobre antoure Li.

Menmjan yon zanj Bondye te anonse Mari li va akouche pitit Bondye a, se konsa tou yon zanj te vizite Jozèf pou revele li mesaj Bondye gen pou li. ([Matye 1:19-25](#)). Yon resansman te kòmanse an Izrayèl pandan moman gwosès Mari a, sa ki lakoz abitan izrayèl yo ale lavil kote yo te fèt la pou anrejistre. Jozèf ak Mari te vwayaje ale Bètleyèm, ki se lakay Jozèf. Akoz tout moun ki te vini Bètleyèm pou resansman an, pa te gen chanm disponib nan otèl yo. Jozèf ak Mari te dakò rete la kote bêt yo te kouche a.

Isit la, nan sikonstans ki pi enb yo, pou moun ki pi enb yo, Pitit Bondye a te vini sou latè. Zanj yo te vini sou latè pou anonse nesans Jezi epi chante kantik pou fè louwanj. Sepandan, yo pa te anonse nesans Jezi a ak moun enpòtan yo ni ak moun ki rich yo, jan anpil moun ta ka sipoze. Okontré, mesaj la te ale jwenn gadò mouton yo, kèk nan moun ki pi pòv ak pi sal nan pèp Izrayèl la. An reyalite, akòz nati travay yo a, gadò mouton yo pa te kapab patisipe nan adorasyon nan tanp lan san yo pa fè seremoni pou netwaye yo. Evènman ekstrawòdinè sa a rive nan yon fason òdinè.

Nesans Jezi a te anonse ministè li a. Menmjan se te pòv yo ak moun òdinè yo ki te temwen nesans li a, konsa tou se pòv yo ak moun òdinè yo ki te vin premye patizan Jezi. Yo te rasanble pou yo koute ansèyman li yo, yo te temwen mirak li yo, epi aksepte pou antre nan Wayòm Bondye a.

Dezyèm tèks: Ezayi te pwofetize sou Mesi k ap vini an. Ezayi te fè konnen li t ap yon vanyan sòlda epiyon chèf pwisan. Se youn nan rezon sa ki lakoz anpil moun te rejte Jezi kòm Mesi a, yo t ap chèche yon Mesi militè. Alòske, olye yon gèrye militè oubyen yon chèf politik, Jezi ta dwe yon gèrye espirityèl epi yon chèf espirityèl. Olye pou li senpleman goumen kont nasyon yo, Jezi te goumen pito kont Satan menm! Mete sou sa, jan Ezayi te pwofetizel la, “wayòm li a ap la pou tout tan”.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri an pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti toulede tèks Leson Biblik yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” la anlè a pouk klas la.
- Fè lekti toulede tèks lesон Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Sa yo se pate sikonstans nòmal pou bay nesans. Koup la te lwen lakay yo, yo te rete nan kay kote bêt yo rete a, yo pa te ko marye. Plan Bondye pou nesans Mesi a te etonan pou tout moun. Poutan, nan mitan sikonstans ki pa ideyal sa yo, bèje yo rive pote temwayaj yon mesaj diven atravè yon koral zanj. Se pa sèlman nesans li ase ki ta pral etone moun; ansèyman ak ministè Jezi ta pral etone moun yo tou. Anpil

moun ta pral etone lè Jezi t ap fè konnen Bondye renmen tout moun, nenpòt nasyonalite, Sèks, estati sosyal oubyen estati ekonomik.

- Selon yon opinyon imen, ki kèk pam i anpil bagay ki ta kapab parèt mal nan istwa nesans Jezi sa a?
- Kisa sikonstans nesans Jezi a di ou konsènan nati lanmou Bondye?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di nou ta Dwe Ye?** Imilite se youn nan pi bèle kalite kretyen yo ki pi enpòtan. Imilite se pa rayi pwòp tèt ou oswa degoute poupwòp tèt ou. Men pito, se yon evalyasyon onèt sou pwòp kapasite ou ak limit ou, ke nou kapab wè atravè lanmou Jezi. Lè kretyen yo enb, yo louvri pou Jezi kapab travay nan lavi yo. Yo chwazi mete ògèy yo sou kote epi mete lòt moun devan yo, konsa lòt moun kapab wè lanmou Bondye atravè lavi yo.
 - Ki kèk lòt fason imilite yon lòt moun kapab ede ou konprann lanmou Bondye?
 - Kisa sa di sou kè Bondye, ke nesans Jezi a rive fèt nan yon pak bèt, se pa nan lakou gran Prèt la?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Nan sitiyasyon ki plis pa nòmal pou fè yon timoun, Bondye voye mesaje lajwa yo bòkote jèn koup la. Bèje sa yo dwe te genyen anpil lajwa, menm jan tou Mari dwe te genyen anpil lajwa kòm yon nouvo manman. Youn nan kè kontan Bondye se mennen moun nan lavi nou, espesyalman nan moman difisil yo, pou ankouraje nou, sipòte nou, epi sèvi kòm modèl lanmou Bondye pou nou. Kòm pitit Bondye, Bondye va rele nou pou nou ale nan lavi moun ki nan bezwen yo pou nou kapab ankouraje yo, sèvi modèl lanmou Bondye a pou yo.
 - Ki kèk moun ki te montre ou lanmou Bondye a pandan moman difisil yo?
 - Kisa ou genyen pou ofri lòt yo, atravè lanmou ak pouvwa Bondye a, ki kapab pote ankourajman, sipò, epi lanmou nan yon fanmi pandan semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a

Leson Biblik # 56

Tit Leson an: Saj Yo Vizite Jezi

Tèks Leson an: [Matye 2:1-12](#)

Dezyèm Tèks: [Miche 5:1-4](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** konprann ke Bondye te Mennen Payen(moun ki pa jwiv)yo soti byen lwen pou vini adore Jezi kòm Wa Izrayèl la.
- **Kè:** Rekonèt menmsi Jezi te vini kòm Wa Jwif yo, ministè li te dwe mennen kè tout pèp, Jwif ak Pyen, bay Bondye. Lanmou Bondye se pou tout moun!
- **Men yo:** Pote atansyon ak travay Bondye a nan atouraj ou semèn sa. Paske adorasyon kapab fè ou pi okouran de prezans Bondye, efòse w adore Bondye chak jou pandan semèn sa a.

Leson an Nan Yon Vèsè: “Yo t'ap mande: Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li parèt depi nan peyi nou an, nou vin adore li.” ([Matye 2:2](#))

Rezime Tèks La

Maj yo, ke yo te rele saj tou, te ale Jerizalèm. Yo te mande wa Ewod ki kote yo ka jwenn wa jwif yo. Yo t ap swiv yon zetwal ki te klere nan pati lès syèl la,epi zetwal la ta kapab mennen yo bò kote wa a. Maj yo te gen kado pou nouvo Wa a, epi yo te vle adore Li. Ewod te etone lè li tande saj yo di sa. Li te panse li te sèl wa nan peyi Jerizalèm. Ewod te vle twonpe Maj yo. Li te di yo lè yo va jwenn wa a, pou yo retounen Jerizalèm epi di 1 sa, paske li te vle ale Epi adore nouvo wa a. Vrè rezon Ewod te vle jwenn Jezi a se pou li te ka touye nouvo wa a.Lè Maj yo te jwenn Jezi, yo te adore L epi ofri L kado tankou lò, lanson, ak lami. Nan yon sonj, Bondye te di Maj yo ke Ewod te vle touye Jezi. Se konsa yo pa te retounen Jerizalèm. Olye de sa, yo pati ale nan yon lòt wout pou yo ale lakay yo.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Twa Maj** (Mesye Saj Payen yo) te vwayaje yon long distans soti nan Lès pou vini adore Wa Jwif yo.
2. **Zetwal**. Yo te konnen ke genyen yon nouvo Wa nan Izrayèl paske yo te wè yon zetwal espesyal nan syèl la ki te Mennen yo nan Izrayèl.
3. **Bètleyèm**. Maj yo te parèt devan Wa ki t ap gouvènen Izrayèl la, Ewod, epi mande l ki kote nouvo wa a te fèt. Ewod te konsilte entèlektyèl jwif yo ki te fè l konnen ke ekriti yo revele se Bètleyèm Mesi a va fèt. Lè yo te tande sa, Maj yo te ale Bètleyèm, epi menm zetwal ki t ap gide yo nan Izrayèl la kounyeya t ap gide yo nan kay kote Mari ak Jozèf te ye a.

Sans Tèks la

Bondye pa te sèlman gide gadò mouton pou yo ale adore Jezi. Bondye, nan yon fason etonan, te gide twa Maj ki soti nan peyi byen lwen pou vini adore Jezi tou. Yon zetwal nan syèl la tap gide yo, Maj yo te jwenn Jezi epi yo te adore li. Maj yo te konprann ke zetwal nan syèl yo te senbolize asansyon yon nouvo Wa. Sepandan, yo te vwayaje pou yo te kapab jwenn nouvo Wa sa a, epi oufri kado ak nouvo Wa sa a. Se vrèman etonan ke Bondye revele nesans Jezi ak Maj etranje yo, paske Izrayelit yo te panse ke Bondye t ap revele nesans Mesi a ak entèlektyèl yo ak lidè Jwif yo an premye.

Maj yo te ale kote Ewod, Wa ki ap gouvène Izrayèl la. Bondye pa te fè Ewòd wa, se otorite women ki t ap okipe yo a ki te mete l kòm wa. Li pa t soti nan linye Wa David, epi se poutèt sa Juif yo pa te rekonèt li kòm yon wa otantik. Maj yo te parèt nan palè wa a, yo te sipoze ke palè wa a se kote yon nouvo wa ta dwe fèt. Sepandan, Ewòd pa te menm genyen yon timoun. Se poutèt sa, Ewod te konsilte entèlektyèl relijye yo, ki te di l Mesi a ta dwe fèt nan Bètleyèm. Lè sa a, Maj yo te vwayaje ankò pou yo jwenn Jezi, zetwal la t ap gide yo yon lòt fwa ankò, fwa sa a lakay Jozèf ak Mari.

Plan Bondye pou Mesi a kontinye etone tout moun. Zanj Bondye a te etone Mari lè li te di vyèj sa ke li pral pote Mesi a. Yon pakèt zanj ki t ap anonsé nesans Mesi a te etone gadò mouton yo. Mete sou sa, se pa Saj Izrayèl yo Bondye te revele nesans Mesi a, men pito ak mesye Saj payen yo. Avèk dènye etònman sa a, Bondye te montre ke plan ministè Jezi p ap limite nan Izrayèl sèlman. Jezi te ofri Sali ak tout Pèp, epi li merite pou tout pèp adore Li.

Dezyèm Tèks: Tèks Biblik ke entèlektyèl Jwif yo te itilize pou konnen ki kote Mesi a t ap fèt la se Miche 5:2. Lè Miche t ap premye pale pawòl sa yo kònsènan yon lidè Jwif nan epòk li a, Entèlektyèl yo tou te konprann tèks la tankou yon pwofesi konsènan fiti Mesi a. Bètleyèm tou te bay pi gwo wa moun pèp Izrayèl la, wa David.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti toulede lesion tèks yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" la anlè a pouk klas la.
- Li tou de tèks lesion Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks sa Vle Di?** Lanmou Bondye pi gwo pase sa nou ka konprann. Plan Bondye yo pi bèl pase sa nou ka konprann. Lidè Izrayèl yo pa te gen okenn lide konsènan si Mesi a gwo oswa bèl. okontré, yo te imajine yon Mesi kòm yon lidè militè ki va libere yo anba okipasyon women yo. Sepandan, plan Bondye yo pi gwo epi pi bèl pase sa. Bondye te vle libere tout limanite anba peche yo, se konsa li te bay yon Mesi ke sakrifis li te bay chemen sali pou tout pèp. Bondye te voye Maj sa yo an Izrayèl, sa te yon siyal ke ministè Jezi a va pi gwo ke retire Izrayèl anba okipasyon Women yo.
 - Poukisa ou panse ke lidè Izrayèl yo te mete espwa yo sou yon Mesi militè nan plas yon Mesi espirityèl?
 - Menm jan ak zetwal Maj yo te ap swiv la, ki lòt fason Bondye itilize lanati pou revele volonte Bondye?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di nou ta Dwe Ye?** Menmsi Bondye te etabli Izrayè kòm "pèp li Chwazi," sa pa te vle di ke lanmou Bondye a te rive nan limit Izrayèl. Bondye te vle pèp Izrayèl la demonstre lanmou Bondye ak mizèrikòd Li pou mond lan. Sepandan, Izrayèl te

toujou fayi nan akonplisman plan Bondye, epi yo te pito fokis sou tèt pa yo. Kòm Kretyen, nou bezwen sonje ke lanmou Bondye ale pi lwen pase nou. Lanmou Bondye anglobe tout pèp, anplis de sa, kòm sèvant ak sèvitè Bondye, nou bezwen pataje lanmou Bondye ak tout moun nan mezi nou kapab.

- Ki jan ou panse lanmou Bondye genyen pou lòt moun sanble ak lanmou lèzòm, e ki jan ou panse li diferan de lanmou lèzòm?
- Konsa, si tout bon nou dwe renmen tout moun, kisa n ap fè ak moun ki difisil pou renmen yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Bondye rele tout moun pou adore. Akoz gwo kado sali nou resevwa a, lavi nou dwe yon lavi adorasyon: Viv lavi a tankou repons ak lanmou Bondye a. Nou adore Bondye ansanm ak Kretyen yo chak dimanch. Sepandan, nou dwe adore Bondye chak jou nan semèn nan. Nou adore Bondye nenpòt lè nou viv yon lavi nan rekonesans pou gwo pouwva lanmou Bondye a.
 - Ki abitid ou kapab pratike pandan semèn nan ki kapab konsantre kè ou sou adore Bondye?
 - Kisa ki fè adore ansanm ak frè ak sè nou yo nan Kris la kapab diferan de fason nou adore pou kont nou pandan semèn nan?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 57

Tit Leson An: Jezi nan Tanp la

Tèks Leson an: [Lik 2:40-52](#)

Dezyèm Tèks: [1 Timote 4:6-16](#)


Objektif Lesson an:

- **Tèt:** Konprann ke depi li te jèn ti gason Jezi te montre sajès li genyen nan ekriti yo epi li te enpresyone pwofesè relijye Jerizalèm yo.
- **Kè:** Dekouvrri konbyen ou konnen epi renmen ekriti yo. Kijan ou byen etidye epi aprann verite enpòtan yo ke Bib la revele sou Bondye, mond sa a, epi ou menm?
- **Men Yo:** Fè plan pou w etidye Bib la semèn sa a. Li kapab ou menm sèl, avèk yon pastè, oubyen avèk lòt Kretyen yo. Avan ou etidye, lapriyè epi mande Bondye pou li revele ou verite espirityèl pandan ou ap etidye Bib la.

Leson an Nan Yon Vèsè: Pitit la (Jezi) t ap grandi, li t ap devlope. Li te gen kont lespri li epi favè Bondye te avèk li. ([Lik 2:40](#))

Rezime Tèks la

Lè Jezi te gen 12 lane, Jozèf ak Mari te pran tout fanmi an pou ale Jerizalèm pou selebre yon fèt ke yo te rele Fèt Pak. Lè fanmi an te prè pou yo retounen lakay, Mari te kòmanse chache Jezi. Lè li pa te kabap jwenn li, li te panse li petèt ap mache ak Jozèf. Apre Mari ak Jozèf te vwayaje pandan yon jou, yo te reyalize ke Jezi te pèdi. Yo te enkyete anpil epi yo te kouri retounen Jerizalèm. Lè Mari ak Jozèf te rive la, yo te chache Jezi tout kote. Finalman yo te jwenn Li nan tanp lan. Li t ap pale ak direktè yo sou lalwa Jwif yo. Direktè yo te etone wè tout bagay Jezi te konnen. Mari ak Jozèf te mande Jezi poukisa Li pa t di yo kote Li ye. Jezi te di paran li yo ke yo pa te bezwen enkyete yo. Yo te dwe konnen ke Li ta nan kay Papa Li.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Lakou tanp la.** Paran Jezi yo te vwayaje ale Jerizalèm chak moman Pak, pou yo te kapab akonpli lòd pou bay ofrann nan Tanp la chak ane. Yo te fè yon vwayaj ki long soti Nazarèt pou rive Jerizalèm epi retounen avèk foul moun yo.
2. **Jezi.** Yon erè, Paran yo te kite Jezi dèyè Jerizalèm lè anpil moun te kòmanse vwayaj pou retounen lakay yo. Yo panse li te nan mitan lòt foul ki te pi plis la, yo pa te reyalize li pa t la jis lè premye jou vwayaj la fini. Yo te retounen Jerizalèm epi yo te chache li tout kote. Nan lè yo te jwenn Jezi a, li te gen twa jou depi yo te kite l Jerizalèm.
3. **Direktè Lalwa Yo.** Paran li yo te jwenn li nan lakou tanp la, chita nan mitan Direktè Lalwa yo. Li pa te sèlman chita, li te ap Poze kesyon epi li te ap reponn kesyon ke lòt moun t ap poze. Tout moun te etone pou yon jèn ti gason tankou Jezi ap reponn kesyon avèk bon konprann ak sajès.

Sans Tèks la

Sa se sèl rapò konsènan lavi Jezi ant premye lane li ak 30tyèm lane li, lè li te kòmanse premye ministè li. Okazyon pou evènman sa se Fèt Pak la. Bondye te pase Izrayelit yo lòd pou yo vini Jerizalèm twa fwa nan yon ane pou twa Fèt(Pak, Tabènak, semèn yo). Paran Jezi yo te obeyi avèk lòd sa a epi yo te rejwenn yon kantite 300,000 moun konsa pou vwayaje ale Jerizalèm, yon vil anviwon 30,000, pou Fèt Pak la. Yo te vwayaje avèk anpil vwayajè pou rezon sekirite, sipò, ak kominyon. Akoz Jerizalèm te plen ak moun dis fwa valè nòmal li, Jozèf ak Mari te kwè ke Jezi ta rete nan foul ki pi plis la, se konsa sa ye chak ane nan vwayaj Fèt yo.

Sepandan, ane sa a, pou kèlkeswa rezon an, Jezi te deside rete dèyè. Sanble Jezi te fè yon move bagay, sa te fè paran li yo fache anpil lè yo te finalman jwenn li. Sepandan, Jezi te konsantre sou volonte Bondye ak dezi Bondye. Jezi te santi li lakay li nan Tanp lan, li pa t konprann poukisa paran li yo sou latè te panse li ta ka yon lòt kote. Sepandan, vèsè 49 la di klè ke Jezi pa t aji konsa ankò, men li te mennen yon lavi obeyisan lakay paran li yo sou latè.

Depi nan jèn aj, Jezi te fè wè Sajès ak Konesans ki pa twò parèt nan ekriti yo.

Dezyèm Tèks: Apot Pòl te fè anpil vwayaj misyonè, li te kòmanse anpil legliz atravè mond Mediterane a. Youn nan pastè li te kite nan youn nan legliz yo se te Timote. gen de liv nan ansyen testman ke Apot pòl te ekri ak Timote. nan pasaj sa a Apot Pòl ankouraje Timote, li egzòte li pou li viv avèk entegrite epi pou li anseye avèk konviksyon. Byenke li sanble jèn, Timote ta dwe wè tèt li selon matirite espirityèl li Pa sou matirite fizik li. Menm jan Jezi te montre sa nan tanp lan, Timote montre ke li ap dirije legliz li, kretyen yo bezwen wè tèt yo nan je Bondye, pa nan je lòt moun.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Lespri Sen an pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anwo a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks sa Vle Di?** Nou prèske pa konnen anyen sou anfans ak premye ane adilt li yo. Lik se sèl ekriven nan levanjil la ki pale sou premye ane li yo, epi li Sèlman anrejistre yon evènman konsa. Evènman sa fè nou konnen ke Jezi te konnen relasyon espesyal li avèk Bondye depi nan ti laj li. Nou pa konnen si Jezi te konprann tout bon tou lede nati li sanpousan Dye ak sanpousan Lòm depi nan jèn aj li. Sepandan, pasaj sa a konfime aklè ke li te konprann misyon li sou latè se te misyon Papa li nan Syèl la. Sepandan, apre Jezi te fin bay paran li yo sou latè yon laperèz konsa nan Jerizalèm, avèk obeyisans, li te retounen lakay li Nazarèt, epi li te rekonèt enpòtans pou li obeyi yo tou.
 - Kijan ou panse sa te ye pou Jozèf ak Mari, pou leve yon timoun espesyal konsa?
 - Kisa ou panse ki te etone direktè lalwa yo nan lakou tanp lan konsènan "konpreyansyon" Jezi?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou ta Dwe ye?** Kretyen ki gen konesans Biblik konnen reyalite sou Bib la. Kretyen ki gen sajès Biblik konnen kijan pou li sèvi ak reyalite sa yo pou li viv yon lavi Diven, sen, epi yon lavi ki plen ak gras. Objektif etid Biblik se pa

sèlman pou aprann reyalite sou Bondye, men pito pou aprann nan Bib la kijan pou viv byen. Lè kretyen yo etidye Labib tout bon, yo louvri kè yo ak lespri yo pou yo tandé sajès Bondye pou aplike nan lavi yo. Se sa nou rele viv avèk sajès.

- Kijan pasaj Biblik yo pote Sajès nan lavi yon Kretyen?
- Kijan Kretyen an dwe reponn lè Bondye itilize yon pasaj Biblik pou fè fas ak yon aspè nan lavi li oubyen nan panse li yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Etid Biblik regilye yo vrèman enpòtan pou kretyen yo. Menmsi Bondye pale ak kretyen yo atravè lapriyè epi atravè lòt kretyen, prensipal fason kretyen yo aprann sou nati Bondye, lanmou Bondye ak sajès Bondye se nan etidye Bib la.
 - Ki pa ou ka fè semèn sa pou konprann kisa Bondye ap di ou atravè Bib la?
 - Konbyen tan ou va mete apa semèn sa a pou aprann sajès Bondye atravè Bib la?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 58

Tit Leson an: Pwoklamasyon Jan Batis

Tèks Leson an: [Jan 1:29-34](#)

Dezyèm Tèks: [Egzòd 12:1-13](#)

Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann ke Jan Batis ap konekte Jezi ak travay Bondye a nan evènman Pak la lè li rele l Ti Mouton Bondye a.
- **Kè:** Rejwi pandan san ti Mouton Bondye a te sove pèp Izrayèl nan Egzòd la, Jezi te tounen ti Mouton Bondye ki wete peche tout pèp yo.
- **Men yo:** Jwenn mwayen espesifik, mennjan ak Jan, po ou kapab mennen lòt moun bay Jezi.

Leson an Nan yon Vèsè: Nan demen, Jan wè Jezi pwoche bò kote li, li di, “Gade, ti Mouton Bondye a, ki wete peche mond lan!” ([Jan 1:29](#))

Rezime Tèks

Nan laj 30 tan konsa, Jezi pwofèt la te kòmanse ministè piblik li. Nan épòk sa a, pwofèt Jan te ap di moun yo prepare yo pou sila k ap vini an moun ke Bondye chwazi a. Jezi antanke Ti Mouton Bondye a te konplete sakrifis Abraram lan, delivrans Izrayèl nan Fèt Pak la, ak tout sistèm sakrifisyèl Jwif la.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jan Batis.** Bondye te voye Jan Batis pou prepare chemen an pou Jezi. Lè moun te panse Jan Batis te ka Mesi a, li te prese di se pa li menm ki te Mesi a, ke yo te voye l pou revele Mesi a bay Izrayèl.

Sans Tèks la

Anvan Jezi te kòmanse ministè piblik li, Jan Batis t ap preche Izrayelit yo piblikman, li t ap prepare yo pou Jezi Mesi a. Jan te yon predikatè konfwontatè ki te deklare ke Izrayelit yo pa kapab konte sèlman sou desandan fizik Abraram nan pou yo dwat devan Bondye. Olye de sa, yo te bezwen repanti pou peche yo, batize, epi viv yon lavi dwat pou yo te kapab desandan espirityèl Abraram. Jan t ap prepare pèp la pou ministè Mesi a ki va montre moun yo fason pou yo dwat tout bon epi pou yo rekonsilye ak Bondye.

Yon jou Pandan Jan t ap egzèse ministè li, Jezi te pase la, se konsa Bondye te revele Jan ke Jezi se te Mesi a, Ti Mouton Bondye a. pita, Jan Batis ta pral batize Jezi yon fason pou li kapab totalman idantifye l ak limanite.

Dezyèm leson: Nan pasaj Egzòd la, Bondye bay direksyon sou fason Izrayelit yo dwe prepare yo pou soti nan esklavaj nan peyi Lejip. Yon pati nan preparasyon sa a se touye yon ti mouton, make lento pòt yo ak san ti mouton an, answit kwit ti mouton an epi pataje l nan yon repa Pak.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Lespri Sen an pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks yo pou leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks sa a Vle Di?** Bondye te voye Janbatis pou prepare chemen an pou Jezi Mesi a. Jan te preche yon mesaj repantans, epi mande Izrayelit yo pou yo pa konte sou idantite rasyal yo pou yo dwat devan Bondye, men pou yo konte pito sou relasyon espirityèl yo ak Bondye. Menm jan Bondye te sove pèp Izrayèl la anba esklavaj fizik nan peyi Lejip, konsa tou nan Jezi Bondye pral ofri sekou ak tout moun ki anba esklavaj espirityèl ak peche. Nan sans sa a, se Jezi ki va Pak sakrifisyèl la pou sakrifis peche nou yo.
 - Èske pifò moun rekonèt peche yo epi bezwen repanti pou peche yo?

- Ki mesaj Jezi ajoute nan ansèyman Jan an? Ki sa moun ki fenk batize yo ta dwe aprann kounye a konsènan Bondye atravè mesaj Jezi a?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe ye?** Lè nou rekonèt gwo lanmou Bondye genyen pou nou ak bezwen padon pou peche nou yo, yon novo lavi ouvri pou nou. Nou ka jwenn libète anba esklavaj peche ak libète anba wont ki soti nan peche nou t ap fè yo.
 - Poukisa ou panse Bondye pa t sèlman kontante li ofri delivrans bay jwif yo, poukisa Jezi te vin retire peche mond lan?
 - Pataje kèk fason ke padon Jezi a pote lajwa ak espwa nan lavi w.
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Lavi nou dwe mennen lòt yo bay Jezi. Pandan nan yon sans pa gen yon Jezi "fizik" ankò pou nou montre, nan yon lòt sans tout kretyen dwe "ti Kris." Pawòl nou yo, aksyon nou yo, jenewozite ak lanmou nou yo dwe prèv ke lanmou Bondye kapab travay nan mond sa a.
 - Fè lis kèk fason ou kapab, nan lavi ou chak jou, montre lòt moun direksyon Kris la.
 - Ki kèk aksyon Pratik ou kapab poze nan kominote w pou montre lanmou Kris la ak moun?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 59

Tit Leson an: Batèm Jezi a

Tèks Leson an: [Matye 3:17](#)

Dezyèm Tèks: [Ezayi 42:1-9](#)

Objektif Leson an:


- **Tèt:** Selebre volonte Jezi pou l montre lanmou l pou nou. Pou l te pran peche nou yo mete sou li sou lakwa, Jezi te bezwen patisipe nan batèm.
- **Kè:** Rekonèt pwofondè lanmou Jezi genyen pou nou ki eksprime nan obeyisans li bay Bondye. Moun ki pa t konnen peche, li vin peche pou nou. ([2 Korentyen 5:21](#))
- **Men yo:** Mande Bondye kisa ou dwe fè pou kapab akonpli jistis li nan lavi ou.

Leson an Nan yon Vèsè: Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Sa se pitit Mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil.“ ([Matye 3:17](#))

Rezime Tèks la

Lè Jezi te gen anviwon 30 an, li te kite Galile epi li te vwayaje nan zòn sid, pou l ale larivyè Joudan an. Pandan li te la, Jezi te ale wè kouzen li a, Janbatis. Jan te batize moun ki te vle montre yo te regrèt pou peche yo. Jezi antre nan rivyè a, li te kanpe devan Jan. Jezi te di Jan li ta renmen batize. Jan pa te kapab kwè sa Jezi te ap di a. Jezi pa te bezwen batize, paske li pa te janm peche. Olye de sa, se Jan ki te vle Jezi batize l. Men Jezi te di ke li te bezwen batize pou l kapab akonpli misyon Bondye a.

Lè Jan tandé sa, li te dakò pou li batize Jezi, menmsi li te santi li pa diy. Lè Jan te mennen Jezi soti nan dlo a, syèl la te louvri epi yon bèl pijon te desann sot nan syèl la, li te poze sou Jezi. Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la di te: “Sa a se Pitit ke mwen renmen an; sila ki fè m plezi a” (NIV).



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jan Batis** se te yon pwofèt Bondye, li te ap mande Jwif yo pou yo resevwa batèm ki se yon siy pou repantans yo. Batèm nan te ap prepare yo tou pou vini Mesi a. Jan se te kouzen Jezi sou latè, epi Bondye te itilize li pou prepare chemen pou ministè Jezi a.
2. **Larivyè Jouden an.** Jan te rele Jwif yo pou yo batize kòm yon siy repantans yo ak devouman yo genyen pou yo renmen Bondye nan kè yo. Batèm se siy ekstèryè nan travay enteryè gras Bondye a nan lavi kretyen yo lè yo resevwa Sali a.
3. **Jezi Chache** Jan epi li te mande batèm. Jan te rekonèt Jezi kòm Mesi a, epi okòmansman li t ap fè objeksyon, li di se li menm ki te bezwen batize. Sepandan, Jezi te korije l epi l te di li te bezwen Jan batize l pou l ka akonpli tout jistis. Jan te soumèt devan Jezi.
4. **Pijon an.** Lè Jezi te soti nan dlo a, Sentespri a te desann sou li sou fòm yon pijon.
5. **Vwa Bondye** reprezante ak reyon ki soti nan syèl la). Lè Jezi te soti nan dlo a, vwa Bondye te pale soti nan syèl la li te deklare Jezi se Pitit li a, Bondye te kontan anpil nan Jezi.
6. **Trinite a** (Jezi, Pijon an, vwa Bondye). Kretyen yo kwè nan yon sèl Bondye, ki manifeste nan fason, takou Papa, Pitit, ak sentespri a. Twa ekspresyon Bondye sa yo, an jeneral, se twa fason ke Bondye reyaji ak limanite. Bondye Papa te kreye mond lan, limanite, ak moun Bondye yo. Jezi pitit la sove limanite pechrès la anba peche li yo atravè lanmò l ak rezireksyon li. Sentespri a abite nan mitan Kretyen yo epi pèmèt yo viv nan pouvwa ak sajès Bondye.

Sans Tèks La

Jezi te kòmanse ministè Biblik li ak batèm. Jan Batis te vini kòm yon preparatè pou Jezi, li te prepare Izrayelit yo pou mesaj ak ministè Jezi. Youn nan fason Jan te fè sa se lè li rele Izrayelit yo pou yo mande padon pou peche yo epi resevwa batèm. Batèm Jan te senbolize lanmò nan peche epi vini vivan nan Bondye.

Poutèt sa, Jan te sezi lè Jezi te mande batèm. Dapre lide Jan, Jezi pa bezwen batèm. Piske Jezi te san peche epi li te Mesi a, poukisa Jezi bezwen batèm? Si Jezi pral pran peche limanite sou kwa a, li bezwen idantifye l ak limanite nan batèm. Jan pa t batize Jezi paske Jezi te bezwen batèm; li batize Jezi paske nou bezwen Jezi pou sove nou.

Anplis de idantifye li ak limanite, batèm Jezi a te yon opòtinite pou Bondye te pale depi nan syèl la epi pou l te konfime lanmou l pou Jezi. Se te tou yon opòtinite pou Sentenspri a te desann sou Jezi. Finalman, Sa te pèmèt patizan Jan yo wè Mesi a sila ke yo t ap tann nan.

Dezyèm teks Tèks Ezayi a fè konnen ke Jan Batis te batize Jezi. Ministè Jezi sa a ap kontinye jodi a pandan Jezi ap kontinye bay nasyon yo jistis epi libere prizonye yo anba peche.

Chapit Prensip Lafwa: XII Batèm. Batèm se premye nan de sacreman yo ke legliz Nazarèn te pratike. Yon sakreman se yon siy ekstèryè konsènan yon gras enteryè. Se konsa batèm nan vle di aksepte kado ak benediksyon ke Bondye ofri pou Sali a. Nan batèm nan,

senbolikman Kretyen an soti nan mouri pou Bondye pou l viv pou Bondye. Nan sans sa a, li reprezante " Fèt yon dezyèm fwa." Konsa tou Batèm nan gen anpil resanblans ak ansyen Testaman. Resevwa Sali atravè dlo fè sonje fason Bondye te sove pèp Izrayèl la lè l te separe Lanmè Wouj la pandan Egzòd la (Gade lesон #17). Batèm tou pale de sikonsizyon, kote Bondye te bay Izrayelit yo yon pratik pou yo te make tankou mete apa pou itilite ak benediksyon Bondye.

- **Tèt:** Kisa sa vle di pou ou "re fèt ankò?"
 - **Kè:** Ki chanjman Bondye pote nan lavi w depi lè ou te batize a?
 - **Men yo:** Kisa ou t ap di lòt yo konsènan benifis ki genyen nan batèm?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks pou Leson Biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks pou Leson Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Li kapab yon konfizyon pou pale sou fason Bondye se youn, pandan li eksprime kòm twa nan Trinite a. Li kapab yon defi tou pou eksplike poukisa Jezi ki san peche a te di li bezwen batèm. Sepandan, sa ki klè Jezi, Ptit Gason Bondye a, te obeyi tout apèl Bondye te fè sou lavi l. Sanpousan Bondye epi sanpousan moun, Jezi montre nou anmenm tan gwo lanmou Bondye genyen pou limanite nan obeyisans li ak Bondye. Paske Jezi te obeyi plan Bondye a jouk rive nan lanmò ak rezirèksyon, sali a disponib pou nou. Jezi te montre lanmou li pou nou nan obeyisans li ak Bondye. Ann Selebre volonte Jezi genyen pou l montre lanmou l pou nou.
 - Kijan batèm kapab senbòl travay Bondye a nan lavi yon moun.
 - Apre batèm, ki lòt siy vizib nan gras enteryè a k ap travay nan kretyen yo?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Obeyi Bondye se pa toujou yon kalite fasil pou pratike. Pafwa, tankou nan lavi Jezi, obeyi Bondye bay rezulta nan rejè, soufrans ak doulè. Sepandan, pi plis pase tout bagay sa yo, obeyisans bay lajwa, lapè ak lanmou. Menmsi li pa toujou fasil, lè kretyen yo aprann obeyi kòmandman Bondye ak chemen Bondye yo, Bondye beni lavi yo san mezire.

- Kisa yon kretyen dwe fè lè sakrifis pou obeyi Bondye yo sanble pi gwo ke benefis obeyisans yo.
 - Kisa ou panse ki rive nan lavi Kretyen yo lè yo kòmanse pratike obeyisans nan kòmandman ak volonte Bondye nan lavi yo?
- **Men yo: Kijan nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Nou pa san peche oswa san defo tankou Jezi. Sepandan, menm jan ak Jezi, nou ka fè efò pou n “ akonpli tout jistis ” nan lavi nou. Sa pa vle di nou travay di anba pouvwa nou pou nou jis. Sa vle di nou lage tout lavi nou nan volonte Bondye pou nou, epi nou vle fè tou sa Bondye mande.
 - Ki kèk bèle kalite yon moun ki ap fè efò pou li “akonpli tout jistis ” kapab demontre nan lavi li?
 - Poukisa yo paka “akonpli tout jistis” avèk pwòp fòs pa yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 60

Tit Leson an: Tantasyon Jezi

Tèks Leson an: [Matye 4:1-11](#)

Dezyèm Tèks: [Ebre 4:12-16](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt, pandan Jezi te sanpousan Dye, li te sanpousan moun tou. Satan te tante nati Jezi pou li te anpeche li swiv plan Bondye pou Sali a atravè lanmò li pou li te kreye pito plan pa li ki pat angaje nan soufrans.
- **Kè:** Fè atansyon ak fason Satan ap tante nou. Satan pa anonse lè l ap tante nou, men li itilize riz pou li pyeje nou avan menm nou realize ke nou tante.
- **Men yo:** Fè dilijans nan lekti pawòl la. Jezi te itilize pawòl la pou li te rejte chak tantasyon Satan yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Jezi reponn: “Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi.” ([Matye 4:10](#))

Rezime Tèks la

Jezi te ale nan dezè a epi li te rete la pandan 40 jou pou li jene epi priye Bondye. Fè jèn vle di pase tan san manje. Apre 40 jou san manje, Jezi te grangou anpil. Satan te konnen ke Jezi te fatigue epi grangou, se konsa li te ale nan dezè a pou li tante li. Satan te di Jezi si li se ptit Bondye vre, li kapab fè wòch yo tounen pen. Jezi te di ke Bondye va voye pen lavi li bezwen an. Se konsa li te refize fè wòch yo tounen pen. Apresa Satan mennen Jezi anwo tanp lan epi li te mande l pou li vole lage kò l anba. Si li se ptit Bondye tout bon, Zanj Bondye yo va vin delivre l. Jezi te di Satan ke sa pa bon pou tante Bondye. Finalman, Satan te mennen Jezi sou tèt yon mòn epi li te di li kapab chèf sou tout wayòm mond lan si li dakò ajenou epi adore l. Jezi te di Satan wete kò ou paske se Bondye sèlman pou w adore. Lè Satan te wè li pa t kapab tante Jezi, li te ale.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Dezè a.** Apre batèm Jezi a, Sentespri a te Mennen Jezi nan dezè a pou li te jene pandan 40 jou ak nwit. Apre Jezi te fin jene, Satan te tante Jezi. Chak tantasyon yo se te nan lide pou Jezi te pran chemen ki pi fasil la, pou li te evite plan Bondye pou lavi li.
2. **Jezi te sanpousan Bondye epi sanpousan moun.** Antanke sanpousan moun menmjan ak nou, li te fè fas ak tantasyon. Sepandan pa menmjan ak nou, li pa t janm tonbe nan tantasyon ak peche. Se sa ki fè, li te sakrifis pafè pou pehe nou yo. Jezi te tante depi nan kòmansman ministè li avek twa tantasyon. Premyèman, pou chanje wòch yo an pen. Dezyèman, Pou lage kò l anba epi soti anwo tanp lan pou zanj yo pwoteje li. Nan tout tantasyon sa yo, Satan te eseye fè Jezi itilize pouvwa diven li a nan yon fason egojis. Sepandan nan tout fwa yo Jezi te refize, li te sèvi ak pawòl la kòm jistifikasyon kont tantasyon Satan yo.
3. **Tout wayòm mond lan.** Nan twazyèm tantasyon an satan ofri Jezi tout wayòm mond lan. Jezi pat bezwen mouri pou li te vini chef mond lan, tout sa li te dwe fè se te ajenou pou adore Satan. Tout bon, Jezi te konnen li pa t ka fè sa. Se Jezi sèl ki merite adore. Anplis de sa, si satan te toujou responsab mond lan, menmsi Jezi te chèf nasyon yo, peche t ap toujou renye nan lavi tout moun. Nan tout tantasyon sa yo, Jezi te rejte tantativ Satan ki te vle fè l aji yon fason ki egojis.

Sans Tèks la

Apre Jan Batis te fin batize li, Sentespri a te mennen 1 nan dezè a. Jezi te jene pandan 40 jou ak 40 nwit. Apresa batay esprityèl la te kòmanse. Jezi te swaf ak grangou anpil, men apre li te pase 40 jou ak nwit priyè nan kominyon avèk Bondye li te gen fòs ase pou li fè fas ak tantasyon Satan yo.

Tèm santral nan twa tantasyon sa yo se te pou Jezi sèvi ak pouvwa diven li pou yon benefis egojis. Li pa sanble tankou ta gen anyen ki mal ak Jezi, apre li te fin jene pandan 40 jou, pou li

ta chanje kèk wòch an pen pou li te kapab plen vant li. Li pa sanble mal pou Jezi pwouve divinite li ak tout moun nan tanp lan si li rele zanj yo pou yo sove li. Anplis de sa, poukisa li pa evite tout soufrans krisifiksyon an epi jis adore Satan? Satan te dispoze ba li tout nasyon sou latè, poukisa li pa t evite tout doulè krisifiksyon an? Sepandan, nan chak tantasyon sa yo, Satan tante Jezi menm jan li te tante Adan ak Èv. Satan tante Jezi pou li rejte volonte Bondye. Satan tante Jezi pou li fè Jezi kwè ke li konnen pi byen pase Bondye ki jan pou li mennen ministè li.

Mete sou sa, Esansyèl nan tout tantasyon sa yo se ke Jezi itilize pawòl la pou li rejte chak tantasyon yo. Li pa ase pou koute pawòl la oswa memorize pawòl la; Kretyen yo bezwen konnen ki jan pou yo sèvi ak Bib la nan disèneman ak sajès. An reyalite, menm Satan sèvi ak pawòl la nan dezyèm tantasyon an. Sepandan, Jezi kapab rekonèt move itilizasyon Satan nan ekriti yo.

Antanke sanpousan Bondye ak sanpousa moun, nati moun Jezi a te sibi menm kalite tantasyon ki prezante devan nou chak. Sepandan, Jezi te rejte tantasyon yo epi li te rete fidèl ak volonte Bondye pou lavi l paske li te itilize Bib la ak sajès.

Dezyèm tèks: Bib la pa sèlman yon koleksyon istwa sou Bondye ak limanite. Lè se Sentespri ki enspire l, Bib la ka pèse fon kè lavi yon moun epi revele li mesaj Bondye. Nan tantasyon Jezi yo, nou wè kijan Jezi te itilize pawòl la pou li rejte tantasyon. Jezi se Sovè tout bon an sila ki se modèl pou nou nan fason pou nou rejte tantasyon epi anbrase Bondye.

Chapit fwi Lespri a: 9. Bon kontwòl. Yon Kretyen montre li gen bon kontwòl lè li di “non” ak dezi peche yo. Li gen rapò ak aksyon, panse, epi santiman yo. Plan Bondye se pou pirifye tout pati lavi Kretyen an, pyès pati nan lavi li pa gen dwa limite travay Bonye a. Anpil fwa, Kretyen yo panse yo sèlman bezwen sispann peche nan aksyon yo. Sepandan, Kretyen yo tou bezwen kite Sentespri a mete bon kontwòl nan panse yo ak nan santiman yo tou. Jezi te montre Bon kontwòl la lè li te refize aji nan tantasyon Satan an, ak nan repons li yo pou Satan. Jezi te kenbe nati moun li a sou kontwòl, tankou grangou ak lwanj publik.

- **Tèt:** Ki kèk bagay ki kapab fè moun pèdi kontwòl panse yo, santiman yo, ak aksyon yo?
- **Kè:** Menmsi Kretyen an pratike bon kontwòl nan aksyon li yo, kòman sa kapab domaje lavi Kretyen an lè li pa kontwole panse li ak santiman li?
- **Men yo:** Ki fason pratik ke frè ak sè nan Kris yo kapab ede youn lòt pratike bon kontwòl nan panse yo, santiman yo ak aksyon yo?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.

- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle di?** Kretyen yo pa swiv yon Bondye byen lwen ki te sèlman kreye nou epi ki kite nou poukонт nou. Bondye renmen nou epi li vle gen relasyon ak nou. Sepandan, peche te kraze relasyon nou ak Bondye. Bondye te voye Jezi sou latè pou l montre nou jan Bondye renmen nou. Anplis de sa, atravè lanmò ak rezirèksyon li Jezi fè yon chemen pou nou resevwa padon pou peche nou yo. Jezi te kapab fè sa paske li te sanpousan Bondye ak sanpousan moun. Menm jan ak nou, Jezi te tante nan tout fason, men paske li te gen yon kominiyon pafè ak Bondye, li te rejte tantasyon sa yo.
 - Menm jan ak Jezi, ki fason Satan tante nou pou fè nou kwè ke nou konnen pi byen pase Bondye jan pou nou viv lavi nou?
 - Ki pawòl ou kapab itilize pou rejte tantasyon Satan yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Bondye pa eksprime lanmou pou nou sèlman atravè Bib la, men tou lè Li fè lavi Jezi vivan nan nou gras ak pouvwa sentespri a. Bondye vle ranpli nou ak lanmou pou nou ka pataje lanmou Bondye ak lòt moun. Nan lide pou nou resevwa tout lanmou sa a epi pou nou pataje lanmou sa a, nou dwe vijilan epi disène ki fason Satan voye tantasyon nan lavi nou. Satan pap prèske anonse nou tantasyon li yo, men li sèvi ak riz pou l eseye fè nou tonbe nan tantasyon. Tantasyon kòmanse lè nou eseye fè sa nou anvi yo nan plas sa Bondye vle pou nou. Lè sa a, tantasyon an eksprime nan pawòl oswa aksyon nou yo pou nou akonpli move dezi sa yo.
 - Lè nou kite kè nou louvri pou lanmou Bondye a kijan sa ede nou rekonèt tantasyon Satan yo?
 - Ki tantasyon ou panse ki menm ak sa Satan voye nan lavi Kretyen yo nan kominote w la?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Konnen Bib la pa sifi, paske menm Satan resite Bib la. Kretyen yo bezwen konnen kijan pou yo aplike Bib la nan lavi yo. Fason pou nou fè sa se mande Bondye kijan pou nou aplike Bib la nan lavi nou. Bondye kapab reponn priyè sa lè nou koute pawòl la epi tandé predikatè ak anseyan k ap pataje pawòl la avèk nou. Konsa tou Bondye kapab reponn priyè sa atravè moman etid ak lapriyè nou yo.
 - ki senk ekriti ou kapab itilize pou rejte tantasyon Satan yo?
 - Èske n ap jam rive tèlman konnen Bib la byen ke nou p ap bezwen etidye l ankò? Poukisa?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 61

Tit Leson an: Premye disip Jezi yo

Tèks Leson an: [Lik 5:1-11](#)

Dezyèm Tèks: [Ezayi 6:1-11](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konnen ke Jezi pa t fè ministè poukout li. Jezi te rasanble bò kote li 12 disip li te kapab konseye.
- **Kè:** Disène kisa ou ta vle kite dèyè pou ou suiv Jezi.
- **Men yo:** Jwenn fason pou "pechè moun," fason pou pataje Levanjil la ak moun ki bezwen Jezi.

Leson an nan yon Vèsè: Lè sa a, Jezi di Simon, "Ou pa bezwen pè; depi kounye a, ou pral pechè moun." ([Lik 5:10b](#))

Rezime Tèks la

Jezi te konnen li vin sou tè a pou li pale de Bondye. Lè li te prè pou li vwayaje nan plizyè kote epi preche konsènan Bondye, li te chwazi kèk gason pou ale avèk li. Jezi ale nan lanmè Galile a, li wè Pyè ak Andre, frè li, ki t ap peche. Jezi rele yo, li di yo: "Vini, swiv mwen, epi m ap fè nou tounen pechè lèzòm." (NIV). Lè li te di sa, Jezi te vle di ke li te vle yo sispann pran pwason epi pou yo kòmanse preche moun pou Bondye! Pyè ak Andre lage privye yo epi yo swiv Jezi. Jezi, Pyè ak Andre te mache pi lwen, epi yo wè Jak ak Jan, ptit Zebede yo, ki t ap peche nan kannòt yo. Jezi rele yo, menm jan ak Pyè ak Andre, yo menm tou yo te suiv Jezi. Jezi te chwazi uit lòt gason pou vin disip li: Filip, Toma, Matye, Jak, ptit Alfe a, Simon, Zelòt la, Batèlmi, Tade ak Jida.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Lak Jenazarèt la** (ki rele tou Lanmè Galile) se pi gwo dlo nan peyi Izrayèl. Moun t ap rasanble bò kote Jezi pandan li t ap mache bò lak la epi li t ap anseye yo pawòl Bondye a.
2. **Simon Pyè ak Andre frè li** t ap lave privye yo, yo te fache apre yon nwit yo t ap peche yo pat pran pwason.
3. **Jezi** t ap mache bò kannòt yo pandan yo t ap lave privye yo, li rele yo pou yo sispann peche pwason, epi pou yo vin jwenn li pou yo peche moun. Jezi t ap pale sou mennen moun vin gen yon relasyon sove ak Bondye. Pyè ak Andre te obeyi, yo te kite privye yo ak biznis yo, epi yo te vin disip Jezi.

Sans Tèks la

Jezi te kòmanse ministè publik li a apre li te reyisi refize tantasyon Satan yo. Ministè Jezi a te chita sou rakonte moun lanmou Bondye gen pou yo, ak enpòtans pou yo renmen Bondye epi renmen lòt moun. Yon pati nan ministè Jezi a se te rasanble "disip yo" pou li. "Disip" Jezi yo se te yon gwooup moun ki te vwayaje ak Jezi, epi yo pa sèlman tandem ansèyman Jezi a bay foul moun yo epi wè mirak li yo, men tou, Jezi te konseye yo.

Jezi te envite Simon Pyè ak Andre, frè li, pou yo kite travay yo, kay yo ak fanmi yo pou yo ka vin disip li. Nou pa konnen poukisa Jezi te chwazi disip li yo. Pandan tout Levanjil yo, disip yo te montre yo manke konprann kisa Jezi ye ak misyon li. Poutan, Jezi te kontinye gide yo epi anseye yo.

Lè Lik te rakonte apèl Jezi te fè Simon Pyè ak Andre a, de frè yo te koute ansèyman Jezi yo apre yo te fin pase yon nuit ap peche san yo pat pwan okenn pwason sa te fè yo fache. Apre yo te fin koute ansèyman Jezi a, li te fè yon mirak pou li montre frè yo li pi plis pase yon pwofesè relijye. Pyè te gen imilite epi li te pè paske li te twò pre yon moun ki sen konsa.

Jezi te konsole Pyè, epi apre rele Pyè pou 1 vini youn nan disip li yo.

Dezyèm Tèks: (Gade Leson # 46 pou plis enfòmasyon ki fè sans) Repons Pyè te bay Jezi a sanble anpil ak repsons Ezayi te bay nan vizyon lè li te nan syel la (Leson 46). Tou de mesye yo temwen pouvwa pisan Bondye a, tou de pè pouvwa sa a, tou de konfese yo se pechè k ap viv nan mitan lòt pechè. Repons Bondye bay yo a menm tou. Nan tou de ka yo, Ezayi ak Pyè jwenn rekonfò ak lòd pou fè ministè pou Bondye.

Etid Bilik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demand lapriyè yo.
- Mande sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks Leson Biblik yo.
- Rezime "Sans Tèks" ki anwo a pou klas la.
- Li tou de tèks leson Biblik yo ankò.
- Fè yon moun repepte tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Jezi te konnen li t ap bezwen konseye yon gwoup disip pou kontinye ministè li apre li te tounen nan syèl la. Disip sa yo te oblige kite tout bagay dèyè pou yo ka suiv Jezi. Yo te wè mirak Jezi yo, yo te tande ansèyman li yo epi yo te gade fason li te jere konfwontasyon ak chèf reliye yo. Byenke disip sa yo souvan mal konprann Jezi ak misyon li, Jezi pat janm abandone yo. Li te konnen apre li retounen nan syèl Sentespri an t ap ranpli yo, epi apre yo t ap fini pa konprann ministè ak misyon Jezi.
 - Poukisa ou panse Pyè ak frè li a te obeyi apèl Jezi byen vit konsa pou yo kite tout bagay dèyè epi pou yo vin disip?
 - Kisa yon disip Jezikri vle di pou ou?
- **Kè: Kiyès tèks la di Nou ta Dwe Ye?** Jezi pa rele moun ki bon yo vin disip li. Men pito, li rele moun ki pa bon yo ki vle aprann epi vin pi sanble ak Jezi. Karakteristik ki pi enpòtan nan yon disip se mete Jezi an premye nan lavi w. Sa vle di obeyi ansèyman Jezi yo ak volonte nou pou lavi nou. Sa vle di tou kite dèyè nenpòt bagay ki distrè ou oubyen ki anpeche ou renmen Jezi ak renmen lòt moun.
 - Ki sa ou vle abandone pou ou vin disip Jezi?

- Kisa ou panse Jezi te wè nan kè Pyè ki fè li te rele Pyè pou li vin youn nan disip li yo?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Bondye rele tout kretyen yo vin "pechè lèzòm." Bondye rele kèk pou yo vin pastè ak lidè legliz. Bondye rele lòt moun pou yo rete nan travay ak lakay yo epi kounye a pou yo vin temwen li. Pa gen pwoblèm pou kote ou ap viv oubyen ki kalite travay ou ka genyen, tout kretyen ka fasone lavi moun ak lanmou epi yo ka pale ak lòt moun sou lanmou Jezi. Lè nou pale lòt moun de lanmou Jezi ak modèl lanmou sa pou yo, nou se "pechè lèzòm".
 - Kisa ou panse moun nan kominate ou yo plis bezwen wè oubyen tande pou yo kwè Bondye renmen yo epi vle padone yo peche yo?
 - Ki moun nan lavi w ke ou ka temwen lanmou Bondye a?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou li rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn ak lòt, epi viv lesон jodia nan sajès.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 62

Tit Leson an: Nonm Paralize a

Tèks Leson an: [Matye 2:1-12](#)

Dezyèm Tèks: [Ezayi 35](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Kwè ke Jezi se ptit Bondye ki gen pouvwa pou padone peche epi fè mirak.
- **Kè:** Fè fèt paske Jezi entèrese ak nanm nou ak kò nou. Bondye te kreye toulede, epi li wè toulede presye.
- **Men yo:** Toujou prè pou ede sila yo ki nan bezwen. Zanmi nonm paralize yo te enpòtan pou gerizon li a, alafwa akoz èd fizik yo epi lwafwa yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Lè sa a, Moun enfim nan pye yo pral sote ponpe tankou kabrit, bèbè yo pral rejwi. Sous dlo pral pete toupatou nan tout dezè. Dlo pral koule nan tout savann. ([Ezayi 35:6](#))

Rezime Tèks la

Jezi ale nan vil Kapènawòm. Se te kote li te rele lakay li. Tèlman anpil moun te vle wè Jezi kèk moun te oblige kanpe deyò kay kote li t ap preche a. Te gen kat mesye ki tande Jezi te Kapènawòm. Mesye sa yo te gen yon zanmi ki pat kapab mache akoz li te paralize. Se konsa, yo pran nonm paralize a, yo mennen l bay Jezi. Yo te konnen se sèl Jezi ki te kapab geri zanmi yo a. Lè yo rive la a, yo pa t kapab antre anndan kay la pou yo wè Jezi, se konsa yo te pote nonm paralize a sou do kay la. Yo te fouye yon twou sou do kay la epi yo te desann nonm lan nan chann nan jiskaske li rive bò kote Jezi. Jezi te konnen zanmi mesye sa yo te gen lafwa ke li te kapab geri zanmi yo a. Jezi te di nonm paralize a ke peche l yo padonnen. Lè sa a, Jezi te di li leve epi pran kabann li te kouche a. Li te fè sa! Li te kapab mache ankò! Jezi te geri nonm paralize a.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Nonm Paralize a.** Te gen yon nonm paralize ki te rete Kapènawòm. Kat nan zanmi l yo te tandé Jezi te vini nan vil la, yo te kwè ke Jezi kapab geri zanmi yo a. Sepandan, foul moun ki te ozalantou Jezi yo te tèlman ampil ke yo pat ka pase ak zanmi yo a.
2. **Lafwa Zanmi yo.** Kat zanmi yo pa t kite foul moun yo anpeche yo mennen zanmi yo a bay Jezi. Yo te kòmanse demonte twati kay kote Jezi te ye a. Lè twou sou do kay la te gwo ase, yo te glise zanmi yo a desann sou kabann li.
3. **Jezi.** Lè Jezi te wè nan ki pwen zanmi mesye sa a te vle ale pou yo mennen l jwenn Jezi, li te konnen yo te gen ampil lafwa. Se poutèt sa, Jezi te di nonm paralize sa a, peche l yo te padonnen. Kèk nan chèf relije yo te fache akoz Jezi te kwè li te kapab padonnen peche yo. Se sèl Bondye ki ka padonnen peche, yo pa t kwè Jezi se te Bondye. Jezi te konnen sa yo t ap panse. Pou li pwouve yo li gen pouvwa pou l padone peche, li te di nonm paralize a: "Leve epi ale lakay ou". Menm lè a, nonm lan leve kanpe, li pran kabann li, li tounen lakay li. Jezi te geri nonm lan.

Sans Tèks la

Apre yon tan nan preparasyon (batèm li, tantasyon li yo, Chwa disip li yo), kounye a Jezi angaje tout bon nan ministè li. Ministè li a te konsantre sou ansèyman ak gerizon. Non Jezi a te gaye, epi kèk zanmi paralize te kwè si yo sèlman mennen zanmi yo bay Jezi, Jezi ta va geri zanmi yo. Zanmi yo te montre lafwa nan Jezi, ak gwo lanmou pou zanmi yo lè yo te fè tout efò sa pou mennen zanmi yo bay Jezi.

Sa ki etonan, olye pou l geri nonm lan touswit, Jezi te deside padone peche l yo avan. Apre li te deklare peche nonm sa a padonnen, kèk moun nan foul la te kòmanse plenyen. Yo te la pou tandé yon gwo pwofesè k ap anseye oubyen petèt menm yon moun ki konn fè mirak. Sepandan, Jezi te di li plis pase yon anseyan oswa yon moun ki konn fè mirak. Se sèl Bondye ki ka padonnen peche yo, se konsa kèk nan pwofesè lalwa nan foul la t ap plenyen youn ak lòt ke Jezi t ap blasfème. Blasfèm se deklare ke ou se Bondye oswa deklare bagay sou Bondye ki pa vre.

Jezi te konnen yo t ap plenyen kont li epi Jezi te fè fas ak yo. Yo te vini pou wè yon moun k ap fè mirak, men Jezi te fè konnen li plis pase yon moun k ap fè mirak. Padone peche se yon bagay ke sèlman Bondye ka fè. Kidonk, pou l te pwouve pwofesè lalwa yo li se Pitit Bondye a tout bon, li te geri nonm nan mirakilezman. Tout moun te sezi.

Ezayi te pwofetize konsènan ministè Mesi k ap vini an. Youn nan fason moun t ap kapab rekonèt Mesi a se ke li va fè mirak. Espesyalman nan vèsè 6, nou tandé ke moun k ap bwete a pral sote tankou yon sèf, yon pwofesi ki te akonpli nan gerizon nonm paralize sa a.

Chapit sou Prensip Lafwa: II. Jezikri. Jezikri se dezyèm moun Trinite a. Pandan kretyen yo souvan pale de Bondye, premye moun nan Trinite a, kòm Kreyatè a, kretyen yo tou souvan pale de Jezi kòm Redanmtè. Lè limanite non sèlman te tonbe nan peche, epi li te pwouve li pa kapab sèvi Bondye ak tout kè l atravè Lalwa ki te bay nan Ansyen Testaman an, Bondye te vin sou tè a kòm Jezikri pou bay yon chemen pou vrè sali a. Tou lede nati divinite ak limanite te abite nan Jezikri. Atravè obeyisans Jezi pou l fè volonte Bondye,

lanmò li ak rezirèksyon li, Bondye te mete pinisyon peche a sou Jezi nan krisifiksyon li. Atravè repantans ak lafwa nan Jezikri, limanite resevwa padon pou peche yo.

- **Tèt:** Kisa sa di w konsènan nati Bondye a ke Jezi te vini volontèman sou latè pou mouri pou yon limanite ki plen ak peche?
 - **Kè:** Kijan sa ede w kwè nan pouvwa ak lanmou Bondye a Lè ou konnen ke Jezi fè fas ak tout kalite tantasyon ke w ap fè fas?
 - **Men yo:** Kijan ou kapab montre vrè lanmou Jezi a ak lòt yo?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Ppataje

- **Kè: Kisa Tèks la Vle Di?** Nenpòt moun ka fè konnen ke li se Mesi a. Ki fason yon moun kapab wè si li se Mesi a tout bon? Bondye ranpli Ansyen Testaman an ak pwofesi sou Mesi a. Kidonk, nou kapab mande: "Èske moun sa k ap pretann li se Mesi a akonpli pwofesi sa yo?" Jezi fè sa. Dezyèmman, nou kapab mande, "èske moun sa a fè mirak sèlman Bondye ka fè?" ankò, Jezi te fè mirak ke pèsonn pa t fè anvan li. Jezi te konnen li t ap difisil pou moun kwè yon moun Nazarèt se Mesi a. Konsa, li pa t sèlman anseye sou Bondye, li te fè mirak pou sipòte ansèyman li a. Nan pasaj sa a, nou genyen de mirak, youn pi difisil pase lòt la. Pèp la sezi wè gerizon nonm paralize a. Sepandan, pi gwo mirak la se Jezi ki padone peche l yo.
 - Ki jan ou panse zanmi sa yo te gen anpil lafwa nan Jezi pou yo te arive ale nan tout pwoblèm sa a pou mennen zanmi yo a ba li?
 - Anpil moun te wè mirak Jezi yo men yo pa t kwè li te Mesi a. Poukisa ou panse yo te refize kwè malgre yo te temwen mirak yo?
- **Kè: kiyès Tèks la Di nou Ta Dwe Ye?** Bondye konnen nou gen alafwa bezwen fizik ak espirityèl. Finalman, bezwen espirityèl nou yo pi enpòtan paske nanm nou la pou tout tan epi kò terès nou yo tanporè. Sepandan, kò nou toujou enpòtan pou Bondye. Bondye ka pa toujou reponn priyè nou pou gerizon fizik jan nou ta vle, sepan dan,

nou ka konnen nanm nou toujou an sekirite ak Bondye. Finalman, lè nou wè Bondye fas-a-fas, volonte Bondye pou l geri nou konplètman ap akonpli nèt.

- Li bon pou tandem tote gerizon fizik Jezi te fè pandan l te sou tè a. Kounye a li retounen nan syèl la. Ki jan Jezi pwouve pouvwa li pou ou nan jou sa yo?
- Nan ki fason kò nou se yon mirak ki soti an premye nan Bondye?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawol Bondye an Pratik?** Èske w se yon zanmi fidèl? Èske w ede manm fanmi w, zanmi nan kominate w yo, zanmi legliz ou lè yo bezwen èd? Pafwa yo bezwen èd fizik, menm jan ak nonm paralize sa a, men kèk lòt fwa yo senpleman bezwen yon moun pou priye ak yo, kriye ak yo, ankouraje yo.
 - Ki lòt fason zanmi fidèl yo kapab ede nou konnen Bondye konplètman?
 - ki twa bagay ou kapab fè semèn sa pou kapab yon zanmi fidèl pou lòt yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesón Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesón jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesón jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 63

Tit Leson an: Nikodèm

Tèks Leson an: [Jan 3:1-21](#)

Dezyèm Tèks: [Ezekyèl 36:22-29](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Kwè Bondye voye Jezi sou tè a pou bay chemen lavi ki pap janm fini an. Ak lafwa nan Jezikri, Bondye padone kretyen yo, epi kretyen yo fêt ankò.
- **Kè:** Rekonèt, pou w kapab sove, kretyen yo bezwen kwè nan kè yo Jezikri se sèl gress Ptit Bondye a.
- **Men:** Selebre gwo sali Bondye ba ou, ak pou tout moun ki va kwè nan Jezikri kòm Senyè ak Sovè yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Bondye tèlman renmen mond lan, li bay sèl Ptit li a, tout moun ki va mete konfyans yo nan li pa p ap peri men y ap gen lavi ki pap janm fini an. ([Jan 3:16](#))

Rezime Tèks la

Nikodèm se te yon Farizyen. Farizyen yo se te yon gwooup moun ki te konnen Ekriti Ansyen Testaman yo epi ki te anseye lòt moun yo. Lè Farizyen yo te rankontre Jezi, yo te kwè li te yon pwofesè, men se pa Ptit Bondye. Men, Nikodèm te vin kirye anpil. Li te vle aprann plis sou nonm yo te rele Jezi a. Nan mitan lannwit, Nikodèm te ale wè Jezi. Nikodèm te konnen Bondye te avèk Jezi, men li pa t sèten si li ta dwe kwè nan sa Jezi t ap anseye yo. Jezi te di Nikodèm pou l te ale nan syèl la, li te dwe fêt ankò. Nikodèm pa t konprann sa Jezi te vle di konsènan fêt yon lòt fwa. Jezi te vle Nikodèm reyalize ke konnen Bib la sèlman pa sifi pou antre nan syèl la. Yon moun bezwen mande Bondye padon pou peche l yo, epi aksepte Bondye nan lavi l. Nikodèm te kite Jezi pou li al reflechi sou sa li te di a.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Nan aswè.** Nikodèm, yon dirijan Jwif, t ap chèche Jezi nan mitan lannwit pou l poze l kèk kesyon. Li te sèlman ka fè sa nan mitan lannwit paske li te pè epi li pa vle lòt moun wè l ap pale ak Jezi. Yon lòt bò, Jezi te kapab okipe ansanm ak lòt moun yo nan lajounen lè la p fè fòmasyon sa lakoz li pa t kapab jwenn ak lòt lidè Jwif yo.
2. **Nikodèm** se te yon nonm ki te enpòtan anpil nan kominote li. Li te yon farizyen, sa vle di li te pran anpil prekosyon pou l swiv tout lwa yo te jwenn nan Ansyen Testaman an. Li te youn nan manm konsèy leta jwif la, ki vle di li te ede pran desizyon reliye pou kominote a. Anpil Farizyen yo pa t kwè ke Jezi se Mesi a paske li pa t respekte tout lwa Ansyen Testaman yo nan fason Farizyen yo te panse Izrayelit yo ta dwe respekte yo. Sepandan, yo pa t kapab eksplike poukisa, malgre Jezi pa t swiv lwa yo nan fason sa te dwe ye a, li te toujou ap fè mirak pisan sa yo.
3. **Jezi** te anseye Nikodèm anpil verite espirityèl ki enpòtan. Li te di Nikodèm lè ou jis devan Bondye se pa lè ou konnen tout santèn lwa Ansyen Testaman yo, men se lè ou kwè Jezikri se sèlman e sèl gress Ptit Bondye a. Nikodèm ak tout lòt moun yo te dwe kwè sa a akoz tout bél ansèyman Jezi t ap bay ak mirak li te fè yo. Menmsi Nikodèm te gen difikilte pou l kwè nan Jezi, Jezi te toujou pale avè l e li te renmen l.

Sans Tèks la

Jezi pa t kalite Mesi dirijan Jwif yo t ap tann nan. Yo t ap tann pito yon chèf lame tankou wa David ki ta pral preche kont okipasyon women an nan tè pwomès la epi mennen yon batay pou fè Women yo soti. Yo te panse Mesi a t ap montre pouvwa pisan Bondye a nan fè yo genyen batay militè.

Sepandan, Jezi se te yon Mesi ki te okipe l de zafè sove nan yon sans ki depase objektif pou retire Jwif yo anba men women yo. Li t ap mennen yon batay kont peche ak lanmò. Pi plis pase sa, Jezi te montre gwo pouvwa Bondye a nan gerizon, se pa nan batay. Chèf Jwif yo pa t konnen kisa pou yo fè ak Jezi sa a. Kijan pou li se te Mesi a epi li pa menm monte yon lame? Kijan li ta fè pa Mesi a tou, epi pou li toujou ap fè tout mirak sa yo?

Nikodèm te vini nan non chèf reliye yo pou l te eseye jwenn plis nan men Jezi. Repons Jezi te bay Nikodèm te mete li nan konfizyon. Jezi t ap pale bagay espirityèl ak li, men Nikodèm te panse Jezi t ap pale bagay fizik.

Dezyèm tèks: Sa a se yon tèks ki pwofetize sou Jezi. Nikodèm te dwe reflechi sou tèks sa a jan Jezi te anseye li a. Farizyen yo te konnen ekriti Ansyen Testaman yo byen. Nan tèks sa a, Bondye pwomèt yon epòk kote Izrayelit yo resevwa don nouvo kè ak nouvo lespri. Menm jan ak ansèyman Jezi a, sa a se pa yon nouvo kè literal, men se yon kè espirityèl nouvo. Nikodèm ta dwe konprann pawòl ke Jezi te di konsènan “re fèt ankò” yo te chita nan tèks sa a. Bondye fè anpil lòt pwomès nan tèks ki akonpli ministè Jezi lè Sentespri a te desann jou Pannkòt la.

Chapit sou prensip Lafwa yo: IX. Jistifikasyon, Rejenerasyon, Adopsyon. Nan moman yon moun repanti pou peche l epi mande Bondye sali, Bondye sove pechè a, epi pechè a vin tounen yon moun tounèf. Yo pa separe ak Bondye ankò ni nan peche oswa rebelyon. Olye de sa, sali

Bondye a retire tout koupab yo ak tout peche yo li ba yo yon padon ki san mezi. Dezyèmman, yo “fèt ankò,” yo pa dirije ak peche ke yo te eritye depi lè yo te fèt la ankò, men kounye a Bondye dirije yo kòm yon moun ki sove pa gras. Twazyèmman, kretyen an transfòme, soti nan etap pitit pinisyon pou vini pitit Bondye. Twa aksyon sa yo rive ansanm, epi reprezante sali san mezi epi totalkapital Bondye ofri pou tout moun.

- **Tèt:** Poukisa ou panse Nikodèm, ki te byen fòme antanke pwofesè relije, te gen difikilte pou konprann ansèyman Jezi sou kòman li kapab fèt ankò?
 - **Kè:** Kijan ou santi ou lè w tandé Bondye adopte w kòm pitit Li?
 - **Men yo:** Kijan ou kapab ede moun ki panse padon Bondye a twò bon pou li ta yon verite, èske tout bon li se yon pwomès yo ka resevwa?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj,
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay Bondye genyen pou Li pataje ak ou jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de Tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” la anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesón Biblik la ankò.
- Chwazi yon mounn pou rakonte tèks Bbiblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Jezi pa sèlman yon mounki konn fè mirak. Jezi pa sèlman yon gwo pwofesè. Jezi se Mesi a, sèl Ptit Bondye a. Verite sa a te difisil pou moun tankou Nikodèm aksepte, paske yo te gen prekonsepsyon sou ki jan Mesi a ta dwe ye. Jezi te defye prekonsepsyon sa yo nan espwa pou l ede Nikodèm wè verite evidan sa devan l: Jezi se Mesi a. Kwè nan Jezikri se sèl chemen ki kapab bay sali. Sepandan pasaj sa a fini san Nikodèm pa pran okenn desizyon, pita nan Levanjil Jan an, Nikodèm defann Jezi devan moun ki te vle arete l yo ([Jan 7:50-52](#)). Apre lanmò Jezi, Nikodèm ale ak Jozèf, moun lavil Arimate, pou yo mete kò Jezi nan yon kavo. Sanble Nikodèm te finalman konprann sa Jezi te anseye li yo.
 - Poukisa kèk moun kwè Jezi se Senyè ak Sovè a byen touswit, epi lòt moun pran tan anvan yo kwè?
 - Kijan lavi ou chanje depi lè ou fèt ankò a?

- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Lavi nou pi gwo pase sa nou wè isit sou tè a. Nan kò nou genyen nanm nou ki viv pou tout tan. Si nou kwè nan kè nou Jezi se sèl Ptit Bondye a, lè sa a nou va resevwa padon pou peche nou yo nan men Bondye epi viv pou tout tan nan syèl la. Si nou refize kwè nan kè nou ke Jezi se ptit Bondye, lè sa a nou va kondane. Kondanasyon se pa sa Bondye swete pou pèsonn, men tou moun dwe deside pou tèt yo si pou yo aksepte Jezikri kòm Senyè ak Sovè yo oubyen pou yo pa fè sa.
 - Kwè nan Jezi pa sèlman bay delivrans espirityèl. Ki lòt benefis ki genyen nan aksepte Jezi kòm Senyè ak Sovè ankò?
 - Nan ki fason ou santi plis limyè nan lavi ou kounye a antanke kretyen?
- **Men: Kijan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Nou ta dwe selebre gwo sali Bondye ban nou an. Nou kapab selebre nan moman adorasyon ak frè ak sè nan Kris la. Nou ka selebre l lè nou gen konpasyon ak renmen youn lòt. Nou ka selebre l nan viv yon lavi nan renmen. Jezi ban nou yon lavi tou nèf, ke nou dwe selebre!
 - Jis paske Jezi sove nou pa vle di lavi vin fasil. Sepandan, kijan yon kretyen kapab jere pwoblèm lavi nan fason ki diferan?
 - Ki jan w kapab pataje bòn nouvèl lanmou Jezi a ak yon moun semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 64

Tit Leson an: Fanm Samariten an

Tèks Leson an: [Jan 4:1-42](#)

Dezyèm Tèks: 2 pyè 3:1-13


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann ke lanmou Bondye ak Sali a se pou tout moun, nenpòt sèks, Ras, nasyonalite, ran sosyal, oubyen kapasite.
- **Kè:** Disène si nan kè w gen nenpòt prejije ki anpeche w renmen tout pitit Bondye yo.
- **Men yo:** Montre lanmou Bondye avèk dilijans ak tout moun Bondye mete sou chemen ou, paske w pa janm konnen fason Bondye pral sèvi ak lanmou sa a pou l agrandi Wayòm Bondye a.

Lesson An Nan Yon Vèsè: Yo di fanm lan konsa: Koulye a nou kwè, se pa sèlman poutèt sa ou rakonte nou an, men tou paske nou tande l nou menm ak de zòrèy nou. Nou konnen se li menm vre ki vin delivre moun sou latè. ([Jan 4:42](#))

Rezime Tèks la

Jezi kite peyi Jide, li ale yon kote yo rele Samari. Moun ki te rete la yo te rele Samariten. Jwif yo pa t pale ak Samariten yo paske yo te panse Samariten yo te “diferan”. Jezi te vwayaje byen lwen epi li te chita tou pre yon pi paske li te fatige. Yon fanm Samariten te ale nan pi a pou l pran dlo, li te wè Jezi chita bò pi a. Jezi te mande l si l ka ba li ti gout dlo paske li te swaf. Fanm nan pa t kapab konprann poukisa Jezi te pale avè l, paske li te yon jwif epi li menm te yon Samariten. Apre sa Jezi te di fi a li ka ba li “dlo vivan”. Li te konnen ke li te yon pechè epi li pa t santi li byen nan li menm. Jezi te vle fanm nan konnen se li ki “dlo vivan” li t ap pale a. Li te kapab padonnen peche l yo epi fè li kontan.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Samari.** Jezi ak disip li yo t ap vwayaje soti Jerizalèm pou ale Galile. Sou wout la yo te pase nan Samari, kote ki gen yon pèp ki pa t alèz ak jwif yo. Samariten yo pa t kwè Jwif yo te adore Bondye jan sa dwe fèt, epi Jwif yo te ge menm lide a konsènan Samariten yo.
2. **Pi Jakòb la.** Sou wout la, Jezi te kanpe pou l repoze bò Pi Jakòb la. Selon tradisyon an Jakòb te fouye pi sa a apre li te retounen nan zòn sa a epi rekonsilye ak Ezawou ([Jenèz 33:18-20](#)). Pandan Jezi t ap repoze, disip li yo te ale nan vil la al achte manje.
3. **Fanm Samariten an.** Pandan li t ap repoze bò pi a, yon fanm Samariten te vin tire dlo. Li te etranj pou yon fanm ale poukонт li nan yon pi nan moman ki pi cho nan jounen an. Sa a sipoze ke li pa t gen anpil zanmi pou sipòte li. Te gen anpil rezon kiltirèl pou Jezi ta inyore l.
 1. Li te yon Samariten epi Jezi se te yon Jwif, tou lede gwoup yo pa t ka atann yo.
 2. Fanm nan te gen move repitasyon epi Jezi te yon pwofesè relije.
4. **Jezi.** Byenke te gen anpil rezon kiltirèl pou Jezi ta inyore fanm sa a, li te chwazi angaje l nan konvèsasyon. Jezi te pale ak fanm sa a konsènan lanmou ak aksepte Bondye. Jezi te fè l konnen se li ki Mesi a. Pandan Juif ak Samariten yo te gen kwayans ak pratik relije ki diferan, tou de gwoup yo te kwè Bondye t ap voye Mesi a. Touche ak lanmou Jezi te genyen pou li ak ansèyman li sou Bondye, li te retounen nan vil la epi li te di tout moun li rankontre Mesi a. Kèk moun te kwè Jezi te Mesi a gras ak temwayaj li a. Gen lòt moun ki te soti al kontre Jezi, epi apre yo fin tande ansèyman l, yo te kwè Jezi se Mesi a.

Sans Tèks la

Gen anpil rezon ki fè anpil gwoup moun pa antann yo. Pafwa se paske yo diferan nan plizyè fason. Kèk lòt fwa se paske yo gen anpil resanblans nan pifò fason, men yo diferan nan kèk ti fason enpòtan. Jwif yo ak Samariten yo te gen resanblans nan pifò fason, men yo te gen kèk diferans relije enpòtan ki te fè de gwoup yo pa antann yo.

Sa ki lakoz Jwif ak Samariten yo pa t rete youn bò kote lòt. Sa te fè Jwif yo evite pase Samari nan vwayaj yo ant Jerizalèm ak Galile, menmsi wout ki pase Samari a te pi kout. Men, levanjil Jezi a te pou tout moun. Kidonk, Jezi te chwazi ale nan Samari olye pou l evite Samari. Jezi te chwazi kominike avèk Samariten an olye li te inyore l. Jezi chwazi pataje avèk li ke l se Mesi a, olye pou l kenbe nouvèl sa a pou Jwif yo sèlman.

Rezulta a? Non sèlman fanm sa a te kwè nan Jezi kòm Mesi a, temwayaj li bay vwazen li yo te tèlman enpresyone yo, yo te rive kwè tou. Rankont sa a se youn pami anpil rankont kote Jezi te lonje men sou moun yo te konsidere kòm "rejte" nan sosyete a. Kit yo te pèseptè kontribisyon yo, moun ki te gen lalèp oswa Samariten, Jezi te montre Levanjil la se pou tout moun.

Dezyèm tèks: Bondye pa vle pèsonn peri san yo pa aksepte Levanjil Jezikri a. Levanjil Bondye a se pou tout moun, epi li enpòtan anpil pou kretyen yo pataje lafwa yo ak anpil moun toutotan sa posib, pou plis moun kapab antre nan gwo sali Jezi a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Li ka difisil pou wè dèyè tout diferans ki genyen ant moun pou jwenn resanblans. Yon resanblans tout moun genyen youn ak lòt: nou tout se kreyasyon Bondye renmen anpil. Yon lòt resanblans: Nou tout te fèt ak peche epi nou tout bezwen padon Jezi. Se poutèt sa, kèlkeswa diferans, resanblans sa yo vle di nou bezwen renmen tout moun. Jezi demonstre sa nan diskisyon li ak fanm Samariten an. Byen ke te gen anpil rezon kiltirèl pou Jezi te jis inyore li, Jezi te konnen li te bezwen Levanjil la. Sepandan, Jezi te pran konvèrsasyon avèk li yon fason pou pataje Bòn Nouvel ke li se Mesi a. Li esansyèl pou kretyen yo, sanble ak Jezi, montre lanmou Bondye epi pataje Levanjil la ak tout moun Bondye mete nan lavi nou.
 - Poukisa ou panse anpil moun toujou pote atansyon sou diferans yo nan plas resanblans yo?
 - Fanm lan te etone ke Jezi te pale ak li. Ki kalite moun ki ka etone si ou pale ak yo?
- **Heart: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Renmen lòt moun kapab vrèman difisil, menmsi se moun ki gen resanblans ak nou. Anpil fwa moun grandi ak prejije sou lòt moun, sa lakoz renmen lòt moun vin pi difisil. Youn nan transfòmasyon nan kè ke Jezi vle fè nan lavi kretyen yo se libere yo anba tout kalite prejije yo genyen anvè lòt gwoup yo. Sa kapab difisil anpil pou kretyen yo aksepte. Sepandan, Jezi renmen tout moun epi li te mouri pou tout moun, kidonk kretyen yo dwe renmen tout moun.
 - Ki jan kretyen yo kapab rekònèt diferans ki genyen ant yo menm ak lòt yo, epi pa kite diferans sa yo anpeche yo renmen tout moun?
 - Peche gate anpil pati nan kè yon moun. Anplis prejije, ki lòt vis Jezi vle retire nan kè yon kretyen?

- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Gen kèk moun ki p ap dakò verite ke Bondye renmen yo jiskaske yo wè lanmou sa a eksprime atravè lavi yon kretyen. Anplis de sa, menm apre yo fin wè lanmou Bondye a eksprime nan lavi yon kretyen, li ka toujou pran anpil tan pou yo aksepte lanmou Bondye a nan lavi yo. Se sa ki fè li enpòtan pou nou montre lanmou Bondye a tout tan, paske nou pa janm konnen lè moun k ap gade nou yo, pare pou wè lanmou Bondye an aksyon.
 - Youn nan pi bon fason pou simonte diferans ki genyen ant moun, menm jan Jezi te fè sa, se tou senpleman pale ak yo. Avèk ki moun ou ka pale semèn sa a, ki moun ki diferan nan yon fason pou ou?
 - Èske nou dwe panse se yon echèk si nou pataje lanmou Bondye a ak yon moun, epi moun sa a pa aksepte Jezi kòm Sovè l? Poukisa wi oubyen poukisa non?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 65

Tit Leson An: Diskou sou Montay la

Tèks Leson An: [Matye 5:1-20](#)

Dezyèm Tèks: [Women 8:18-30](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konnen byen ke viv lavi nou pou Jezi vle di Kretyen va viv yon lavi ki diferan de lòt yo nan mond sa a.
- **Kè:** Pare pou travay Bondye ap fè nan kè w chak jou. Bondye vle fè kè w sanble ak Jezi plis chak jou.
- **Men yo:** Mete an pratik vèti Jezi di ki bay benediksyon. Pratike kalite sa yo pa p toujou fè w santi w byen; sepandan, kretyen yo ap viv pou yon rekonpans ki nan syèl, se pa yon rekonpans ki sou latè.

Leson an Nan Yon Vèsè: Konsa tou, se pou limyè w klere devan tout moun, konsa lè yo wè tout byen n ap fè yo, ya fè lwanj Papa nou ki nan syèl la. ([Matye 5:16](#))

Rezime Tèks la

Jezi te vin vrèman popilè ak anpil moun ki bò kote l yo. Moun yo te vle koute Jezi paske li te pran swen yo epi li te vle ede yo. Jezi pa t tankou farizyen yo, ki te jis anseye sou prensip moun yo te sipoze swiv. Yon jou Jezi te pral pale ak yon gwooup moun. Anpil moun te ale pou koute l. Lè Jezi wè foul moun yo ap vin jwenn li, li mache sou yon mòn toupre Kapènawòm li chita. Foul moun yo te swiv Jezi sou mòn lan epi yo te chita tou. Jezi te pale ak pèp la pou yon bon bout tan. Li te pale ak yo sou plizyè sijè diferan: ki jan yo ta dwe trete youn lòt; ki jan yo ka pale lòt moun sou lanmou ak padon Bondye; ki jan yo dwe bay pòv yo; sou syèl la; epi menm jan yo dwe priye.



Ansèyman apati imaj la

1. **Foul Moun Yo** t ap swiv Jezi ansèyman ak mirak li yo. Moun yo ap toujou swiv lidè ki pwomèt yo pouvwa ak richès. Èske se sa foul moun ki t ap swiv Jezi yo te espere?
2. **Sou Mòn lan.** Jezi te deside bay disip li yo yon ansèyman long. Li fè yo chita sou yon mòn pou yo tandé ansèyman yo. Foul moun yo te kapab tandé ansèyman Jezi yo tou.
3. **Ansèyman Jezi a** pat pwomèt pouvwa oubyen richès. An reyalite, Nan diskou sou mòn sa a, Jezi te avèti disip li yo ke yo va sibi pèsekisyon ak soufrans. Li pa pral fasil pou vin yon disip Jezi. Sepandan, Jezi te pwomèt disip li yo gwo benediksyon espirityèl akoz yo y ap swiv li. Paske, si yo te viv jan Jezi te viv la, yo t ap jwenn rekonfò, mizèrikòd, lapè, ak anpil lòt benediksyon ki soti nan Bondye. Pi gran rekonpans yo t ap nan syèl la, men si yo te viv jan Jezi te rele yo pou yo viv la, yo va fè eksperyans nan monn sa a sou kèk bagay nan syèl la.

Sans Tèks la

Diskou sou mòn lan se pi long ansèyman Jezi te bay nan Bib la. Li kouvri twa chapit ([Matye 5-7](#)), epi li kouvri anpil sijè differan ki gen rapò ak lavi kretyen an. Anpil jwif nan epòk Jezi a te panse ke pati ki pi enpòtan nan yon disip Bondye se te viv dapre tout règ ak seremoni yo te jwenn nan Ansyen Testaman yo. Sepandan, Jezi te anseye yo ke pati ki pi enpòtan nan yon disip Bondye se viv lanmou Bondye a. Disip Jezi yo pa t bezwen konsantre sou suiv règ yo, men sou renmen Bondye ak renmen lòt yo. Si yo te renmen Bondye ak renmen lòt moun, lè sa a yo natirèlman swiv tout règ Bondye yo.

Premye pati Diskou sou mòn lan se yon lis beyatitud. Beyatitud se pwomèt pou moun k ap travèse moman difisil. Yo pwomèt rekonfò ak rekonpans nan lavni. Sepandan, beyatitud Jezi yo yon ti kras differan. Paske benediksyon Jezi pwomèt yo pa sèlman pou lavni an, men yo vini nan prezan an tou. Pandan disip Jezi yo pral soufri nan lavi sa a si yo suiv tout kòmandman l yo, yo pral fè eksperyans pwezans Bondye tou pre yo. Kretyen an fè eksperyans prezans Bondye nan plizyè fason, tankou fè eksperyans lapè, lajwa, rekonfò, ak espwa. Kidonk, lè Jezi di disip yo “beni,” li vle di lè y ap viv jan Jezi te rele yo pou yo viv nan mitan soufrans yo, prezans Bondye ap konsole yo.

Piske peche enfekte mond lan, moun ki pa swiv Jezi yo ap swiv dezi ki p ap janm satisfè, tankou avaris, kòlè, ak lanvi. Disip Jezi yo dwe swiv dezi ki kapab satisfè, tankou sentete, jistis ak lanmou. Anpil nan lòt ansèyman nan Diskou sou mòn lan anseye kretyen yo kijan pou yo viv lanmou Bondye a nan yon fason trè pratik.

Dezyèm Tèks la Apot Pòl te ekri pawòl sa yo, epi li te ekri sou eksperyans li te fè an premye. Sa vle di, swiv ansèyman Jezi yo pou lavi w ap mennen nan soufrans. Sepandan, jan Pòl te di, soufrans sa yo kounye a pa vo anyen parapò ak benediksyon Bondye k ap vini yo. Ni yo pa vo anyen parapò ak byen travay gras lanmou Bondye fè moun k ap viv dapre plan Bondye yo.

Atik Lafwa yo: IV. Ekriti sakre yo. Bondye bay kretyen yo Bib la kòm yon gid sou chemen sali a epi pou yo viv yon lavi ki sen. 66 liv Ansyen ak Nouvo Testaman yo revele kè ak volonte Bondye pou limanite. Atravè enspirasyon Sentespri a, kretyen yo resevwa sajès ak enstriksyon

nan men Bondye atravè etid Bib la. Nan Diskou sou mòn lan Jezi montre enpòtans pou konnen plis ke reyalite sou Bib la, men pou entèprete kòrèkteman Bib la. Nan pasaj espesifik pou etid sa a, Beyatitud yo, Jezi deklare ki kalite rezulta moun bay lè l swiv ekriti Bondye yo. Bondye beni moun sa a pandan l ap viv ansèyman ekriti yo.

Nan 2 Timote 3:10-17, Apot Pòl anseye Timote enpòtans Bib la pou l vin gen sajès epi pou l ekipe pou travay pwisan Bondye a.

- **Tèt:** Poukisa li Bib la sèlman pa nesesè fè yon moun vin saj?
 - **Kè:** Kisa yon Kretyen dwe fè lè l ap li Bib la epi li pa dakò ak yon bagay?
 - **Men yo:** Ki Pratik ak abitid ou aplike pou kapab vini saj nan ekriti sakre yo?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt:** Kisa tèks sa a Vle Di?** Jezi rele disip li yo nan yon kalite lavi trè diferan ak lòt moun k ap viv bò kote yo. Disip Jezi yo dwe mete prensip Bondye ak dezi Bondye an premye nan lavi yo. Sa vle di yo ta ka fè eksperyans soufrans kounye a, men sa vle di tou lanmou ak benediksyon Bondye ap koule nan lavi yo. Lè kretyen yo konprann ke refize dezi egoyis yo epi aksepte dezi lanmou Bondye yo se pi bon fason pou yo viv, y ap gen yon pwofon lapè ak lajwa kèlkeswa sa ki ta pase nan lavi yo.
 - Poukisa yo pèsekite moun k ap eseye viv ansèyman Jezi yo?
 - Kisa nou wè nan lavi Jezi a ki kapab ede nou nan moman pèsekisyón?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Lè nou remèt kè nou tout bon bay Bondye, nou vin renmen sa Bondye renmen epi viv jan Bondye vle nou viv. Sa vle di n ap santi konpasyon ak mizèrikòd pou moun k ap soufri, epi sa vle di n ap chache konsole moun ki bezwen konsolasyon yo. Nou p ap fè sa paske nou konnen n ap gen

yon rekonpans nan syèl la, men pito paske nou konnen Bondye ap fòtifye epi beni nou nan sans sa a nan syèl la tou.

- Ansèyman Jezi yo pa fasil pou pratike. Sepandan, poukisa Kretyen yo ta vle pratike ansèyman Jezi yo?
- Kisa kap pase si yon moun ki pa kwè nan Jezi ap eseye pratike ansèyman Jezi yo?
- **Men yo:** Kijan nou kapab mete pawòl Bondye a an Pratik? Ansèyman Jezi yo pa gen sans pou nou si nou pa pratike yo. Li pa sifi pou nou sèlman kwè ke sa Jezi te di yo se verite, nou dwe mete ansèyman sa yo an aksyon. Menmsi sa p ap fasil, li pral pote gwo benediksyon ni pou nou ni pou moun ki jwenn benediksyon gras ak aksyon nou yo ki sanble ak Kris la.
 - Èske gen yon moun nan lavi ou ki an dèy, epi ki bezwen rekonfò?
 - èske gen nan zanmi ou yo ki nan konfli youn ak lòt? Kijan ou kapab fè wè lanmou Bondye a pandan w ap eseye jwe wòl yon ajan lapè?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 66

Tit Leson an: Jezi Kalme Tanpèt la

Tèks Leson an: [Mak 4:35-41](#)

Dezyèm Tèks la: [Sòm 106:1-12](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt, paske Jezi se Mesi a, li gen kontwòl lanati.
- **Kè:** Pran kouraj, Bondye pi gran pase kèlkeswa pwoblèm oubyen defi ki anfas ou.
- **Men yo:** Viv ak konfyans, konnen Bondye p ap janm kite w ni abandone w.

Leson nan yon vèsè: Jezi leve, li pale byen fò ak van an, li di “Pe la!” Li di dlo “Rete trankil!”. Menm moman, van an tonbe epi vin gen yon gran kalmi. ([Mak 4:39](#))

Rezime Tèks la

Jezi te di disip yo li ta renmen nave ale bò lanmè Galile a. Disip yo te dakò, epi yo moute nan yon kannòt yo pati. Jezi te fatige anpil se konsa dòmi te pran l nan kannòt la. Disip yo te gade nan syèl la yo wè nyaj yo fè nwa anpil. Gwo vag yo te kòmanse frape bato a, dlo te vide anndan. Disip yo te nan laperèz, men Jezi te kouche nan kannòt la, dòmi te pran l. Disip yo pwoche bò kote Jezi, yo reveye l. Yo te di li ke li bezwen leve. Yo tout pral neye. Jezi te leve, li gade lanmè a, li di dlo a rete. Lè li di sa, van an te sispann soufle epi lanmè a te kalme. Apre sa, Jezi mande disip yo poukisa yo te pè. Èske yo pa gen lafwa pou yo konnen yo t ap an sekirite bò kote l? Disip yo di: “Kiyès nonm sa a ye pou van ak dlo obeyi lòd li yo?”



Ansèyman apati imaj la

1. **Kannòt la.** Yon aswè, Jezi ak disip yo moute nan yon kannòt pou yo ale lòt bò lanmè Galile a.
2. **Tanpèt.** Pandan yo sou lanmè a yon gwo tanpèt te leve, vag avèk van ki t ap frappe kannòt la te lakoz disip yo pè pou lavi yo.
3. **Jezi.** Pandan tout bagay sa yo, Jezi t ap dòmi anba gaya kannòt la. Disip yo te reveye l, yo mande l si li pa enkyete l pou yo k ap neye. Jezi te leve, li te kòmande van an ak vag yo, konsa tout bagay te vin poze. Lè sa a, Jezi te mande disip yo poukisa yo te pè konsa, èske yo pa kwè l ap pwoteje yo?
4. **Disip yo.** Premyèman, van an avèk vag yo te fè yo pè, kounya Jezi, sila ki kontwole menm van ak vag yo, te fè yo plis pè toujou.

Sans Tèks la

Sa a se premye nan kat mirak Jezi fè ki pral ogmante konpreyansyon disip yo sou pouvwa li. Mak ak Lik anrejistre toulè kat nan yon sèl ranje. Matye bò kote pa l anrejistre kèk lòt epizòd ant dezyèm ak twazyèm mirak yo. Nou pral etidye istwa Mak la sou sa yo pandan kat semèn kap vini yo.

Disip yo te temwen anpil nan mirak Jezi te fè nan lavi moun yo. Kounye a, pou yon premye fwa, disip yo bò kote pa yo te fè eksperyans pouvwa mirakilez Jezi a. mete sous sa, pandan kèk moun t ap reklame kapasite pou yo geri yon fason mirakilez, okenn lòt moun aprè Jezi pa t montre longè pouvwa yo nan kontwole van ak vag yo. Se sa ki fè, apre mirak la disip yo t ap mande youn lòt, "Kiyès nonm sa ye? Menm van ak vag yo obeyi l! Nou konnen Jezi se Mesi a, Bondye nan kò moun. Disip yo pa t ko gen konpreyansyon sa a.

Gen plizyè resanblans ant istwa sa a ak eksperyans Jonas la (Lesson # 50). Nan tou lede ka yo, yon sèl kou yon tanpèt leve epi li menase koule bato a. Nan toulè de ka yo, Jonas ak Jezi te anba gaya dèyè kannòt la t ap dòmi pandan tanpèt la. Nan toulè de ka yo, moun ki te pè yo te reveye Jonas ak Jezi, epi avèti yo konsènan dezas k ap vini an. Nan toulè de ka yo, Bondye te kalme lanmè a. Eksepte, nan kè sote disip Jezi yo, se pa Bondye ki anwo syèl la ki kalme tanpèt la, men pito Bondye ki nan Jezi ki kanpe nan mitan yo a ki kalme tanpèt la. Disip yo kòmanse konprann ke Jezi plis pase yon gwo pwofesè ak yon moun ki kapab fè mirak.

Dezyèm Tèks la: Jwif yo kwè ke se sèl Bondye ki ka kontwole Lanmè yo. Bondye te montre kontwòl lanmè sa a nan lanmè wouj la, lè Izrayelit yo t ap travèse lanmè wouj la tè a te sèch epi Ejipsyen yo pat kapab pase (gade lesson #17 la). Nan sòm pou fè louwanj pou bonte Bondye yo, Salmis la fè referans repouse Lanmè Wouj la kòm prèv travay Bondye ki sove a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la vle di ?** Se pa jis apre rezirèksyon Jezi a, disip yo te konprann Jezi te sanpousan Bondye ak sanpousan moun. Sa a eksplike poukisa disip yo, menmsi Jezi te nan kannòt la avèk yo, yo te pè van an ak vag yo. Nan yon sans pou fè ri, tèks la di ke disip yo te pè apre Jezi te kalme van ak vag yo tou. Li fasil pou n gade dèyè nan epizòd sa a pou n kritike disip yo akoz yo manke lafwa. Sepandan, kiyès nan nou ki te rete poze lè l te anfas lanmò? Mirak sa a se premye nan kat mirak ke Mak bay nan Levanjil li a kote Jezi montre li plis pase yon gran pwofesè ak yon moun ki konn fè mirak. Jezi montre li se Bondye sou fòm moun.
 - Kisa ou panse konsènan Jezi ki te fè disip yo pè aprè vag yo ak van an te kalme?
 - Kilè ou te tou pre lanmò? Kisa ou te santi nan moman sa a?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di nou Ta Dwe Ye?** Kretyen yo souvan tante kwè ke yo konnen tout sa yo dwe konnen konsènan Bondye. Sepandan, Bondye twò pwisan epi twò saj pou lòm ta toujou konnen pati sa a ki se lanmò. Bondye pa janm swete kretyen yo konnen tout bagay; Bondye sèlman rele kretyen yo pou yo grandi nan konesans ak konfyans. Plis kretyen yo ap grandi nan konesans ak konfyans nan Bondye, plis y ap grandi nan kouraj.
 - Kilè Bondye te pote lapè nan kè twouble ou yo?
 - Ki pati nan lavi w ke ou vle Bondye monte kouraj ou kounye a?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye yo an Pratik?** menmsi Bondye pa rele Kretyen yo pou yo Mennen yon vi iresponsab, Bondye rele Kretyen yo pou yo viv avèk asirans. Viv avèk asirans vle di konnen nenpòt sikonstans kreteyn an ye, Bondye p ap janm kite l ni abandone l.
 - Kijan ou kapab priye avèk plis asirans?
 - Ki pa ou ka fè pou w ogmante lafwa w nan Bonye?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 67

Tit Leson an: Chase Demon yo

Tèks Leson an: [Mak 5:1-20](#)

Dezyèm Tèks la: [Travay 16:16-40](#)

Objektif Leson an:


- **Tèt:** Rekonèt, paske Jezi se Mesi a, li te kontwole tout demon yo.
- **Kè:** Kwè ke Bondye ka libere ou anba tout bagay ki mete w nan jouk esklavaj.
- **Men yo:** Mete w prè pou w pataje ak lòt yo, pa sèlman Levanjil Jezikri a, men tou bagay espesyal Jezi fè pou libere w.

Leson Nan yon Vèsè:

Men Jezi pa t kite l ale, li di l konsa “Ale lakay ou nan mitan fammi w yo. Rakonte yo tou sa Bondye fè pou ou, kijan li te gen pitye pou ou.” ([Mak 5:19](#))

Rezime Tèks la

Jezi ak disip li yo te navige ale lòtbò lanmè Galile a. Lè Jezi te desann kannòt la, yon nonm ki tap aji yon fason etranj t ap kouri vini sou li. Nonm sa a t ap viv nan yon simityè epi li t ap itilize wòch pou l koupe kò l. Satan te voye èd li yo, sila yo rele demon yo, pou fè nonm lan blese pwòp tèt li. Lè demon yo te wè Jezi, youn ladan yo te mande kisa l genyen avèk yo. Jezi te mande demon yo soti sou nonm lan. Demon yo te sipliye Jezi pou l pa mete yo deyò. Men Jezi te di yo ale sou bann Kochon yo ki t ap manje nan pak la. Demon yo te konnen ke Jezi te gen plis pouvwa pase yo, se konsa yo te obeyi L. Demon yo te kite nonm lan epi yo antre nan kochon yo. Menm lè a, kochon yo te panike epi yo te kouri bò kolin nan al lage kò yo nan yon lak. Tout kochon yo te mouri. Jezi te di nonm lan li geri epi li kapab retounen lakay li.



Ansèyman apati imaj la

1. **Rejyon Jerazenyen** Jezi ak disip li yo te nave ale lòtbò lanmè Galile nan yon rejyon ki pat gen jwif ladan.
2. **Nonm ki gen Demon an.** Lè yo te rive la a, yon nonm ki te posede ak demon te rankontre yo. Nonm sa a ki te nan gwo twoub t ap viv nan yon simityè epi li te prèske pa gen kontwòl tèt li. Li t ap kouri toutouni epi li t ap koupe kò li ak wòch. Menmsi disip yo potko konprann ke Jezi te Bondye, demon yo ki te posede nom lan te konnen. Yo te konnen Jezi ap chase yo mete deyò epi geri nonm lan. Yo te sipliye Jezi pou voye yo sou kochon yo nan pak la.
3. **Jezi** Pase demon yo lòd pou yo kite nonm lan menm moman. Li voye demon yo nan pak ki te gen 2 000 kochon yo. Kochon yo, demon yo te antre nan yo a, t ap kouri toupatou nan kolin nan al lage kò yo nan lanmè Galile a epi yo neye la.
4. **Nonm ki te Geri a.** Aprè Jezi te chase demon yo, nonm lan te retounen nan bon sans li. Li te mete rad sou li epi mande pou l vwayaje avèk Jezi. Jezi olye de sa te di l rete la nan rejyon Jerazenyen an pou l rakonte tout moun kisa Bondye fè pou li. Nonm lan te obeyi epi anpil moun te etone tandé sa Bondye fè pou li.

Sans Tèks la

Sa a se dezyèm nan kat ranje mirak ke Mak rakonte pou montre pouvwa Bondye sou tout bagay. Premye mirak la te montre pouvwa Bondye sou van an ak vag yo. Kounye a Jezi montre pouvwa li sou demon yo, pa yon sèl demon, men pito yon lejyon demon. Nan epòk Jezi a yon lejyon militè te gen ladan ant 3 000 jiska 6 000 gason.

Sa a se youn nan ti tan nan ministè Jezi kote l te epapiye al jwenn Payen (moun ki pa Jwif). Jezi te fè ministè kay Samariten yo, ki te gen menm orijin ak jwif yo. Sepandan, Rejyon Jerazenyen an se te payen avan. Jezi pat ale twò lwen tè Payen yo avan nonm demon te posede a.

Nonm demon te posede a te gen anpil bagay ki te montre li nan gwo twoub. Li te abite nan kavo yo. Li t ap mache toutouni. Li t ap fè tèt li mal. Li te kase tout chèn ki mare li. Li t ap kriye lajounen kou lannwit. Finalman, se pat yon demon ki te posede l sèlman, men se te plizyè milye demon ki te posede l.

Sa pat yon gwo defi pou Jezi. Jezi te chase milye demon yo voye yo nan pak kochon yo. Kochon demon te posede yo t al lage kò yo nan lanmè epi yo te nwaye.

Moun yo ki te nan vil la vini pou wè sak pase a Lè gadò kochon yo te rakonte sa ki pase a. Yo wè kochon ki te nwaye yo. Yo te wè nonm demon te posede a byen nòmal avèk rad sou li ak tout bon sans li. Sepandan, olye pou yo te poze Jezi kesyon sou gwo pouvwa li a, yo te sipliye Jezi pou l kite vil la.

Èske yo te pè pouvwa Jezi a? Èske yo te pè pou yo pa pèdi plis ke yon pak kochon? Èske yo te wè pwofesè Jwif yo ak disip li yo kòm moun k ap mete latwoublay? Repons la se petèt wi “tout sa ki anlè yo.”

Pandan Jezi t ap pati, nonm lan, kounye nan bon sans li, te sipliye pou l ale avèk Jezi. Sepandan, Jezi konnen li pa ka rete pou sèvi lòt nasyon sa yo, li di nonm lan pou l reprezante l isit la. Nonm geri a te obeyi, e li te vin premye misyonè payen Jezikri.

Dezyèm Tèks la: Yon ti fi ki te genyen demon t ap anmède Apot Pòl nan youn nan vwayaj misyonè l yo. Pòl te mande, nan non Jezikri, pou demon an kite ti fi a. Demon an ale. Olye pou yo rejwi akoz Pòl te geri ti fi sa a, moun yo te fache paske yo te pèdi revni yo (Mèt ti fi a te fè lajan nan rakonte lavni). Anplis de sa, menm jan Jezi te delivre nonm ki te gen demon an, moun nan vil la te sipliye Pòl pou l ale.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la .
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Ki sa Tèks la Vle Di?** Jezi te montre pouvwa li sou demon yo. Ministè Jezi ak delivrans li te mande plis pase gerizon espirityèl. Jezi te geri pwoblèm fizik moun yo tou. Youn nan rezon ki fè Jezi te fè sa a, non sèlman libere moun, se te montre li plis ke yon gwo pwofesè oubyen yon moun ki konn fè mirak. Jezi pa t bay youn nan anpil chemen ki mennen nan Bondye, Jezi se sèl chemen pou sove epi fè lapè ak Bondye. Pou moun yo konprann sa, yo te bezwen wè Jezi te gen pouvwa sou demon yo.
 - Ki kèk peche ki kenbe moun nan kominote ou a nan esklavaj?
 - Poukisa moun yo te mande Jezi pou yo kite vil la olye pou yo di l kontinye ministè nan lavi moun nan kominote yo a?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di nou Ta Dwe Ye?** Jezi vle libere nou anba tout kalite esklavaj. Li kapab laperèz, demon yo, oubyen nenpòt nan tout kalite fason peche pran moun nan pyèj. Menm jan ak nonm sa a ki te geri a, dezi nou ta dwe pou n sèvi Jezi nenpòt fason Jezi vle a, pandan nou kwè Jezi konnen sa ki pi bon an. Mete sou sa, nou ta dwe gen asirans ke Jezi ka geri nou anba nenpòt esklavaj peche.
 - Kilè Bondye te di ou “non” pou youn nan priyè ou yo?
 - Ki kèk peche ou te wè moun libere de yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye yo an Pratik ?** Menmjan nonm ki te geri a te fè sa, li enpòtan pou Kretyen yo pataje temwanyaj yo. Nou ka pa genyen yon temwanyaj ki gran menmjan ak nonm sa a, men moun yo bezwen konnen plis ke sa Bondye ka fè. Yo bezwen tandem kisa Bondye fè pou nou.
 - se pou w toujou bay temwayaj ou pandan w ap di lòt yo sa Bondye fè pou ou.
 - ak kiyès ou kapab pataje temwanyaj ou semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensispal lesson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 68

Tit Leson an: Fanm lan Manyen Rad Jezi

Tèks Leson an: [Mak 5:25-34](#)

Dezyèm Tèks: [2 Wa 5](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt, paske Jezi se Mesi a, li gen kontwòl sou maladi fizik yo.
- **Kè:** Chwazi kwè Bondye kapab geri epi retire soufrans ki nan lavi ou.
- **Men yo:** Viv ak konfyans. Mache nan lafwa kapab fè w pè anpil, men se pou ou sansib pou fè volonte Bondye nan lavi ou, epi nenpòt kote Bondye dirije ou.

Leson an Nan yon vèsè: Jezi di li: “Ptit fi m, se konfyans ou nan Bondye ki geri w. Ou mèt ale ak kè poze, tandem. Ou geri nèt.” ([Mak 5:34](#))

Rezime Tèks la

Lè Jezi te desann kannòt li t ap vwayaje a, yon foul moun vin bò kote l. Yon fanm ki te malad depi byen lontan te nan foul la. Li te depanse tout lajan li nan doktè. Men youn ladan yo pat ka ede fanm nan. Fanm lan te fofile nan mitan foul la pou l te ka rive bò kote Jezi. Li te panse si l te ka touche wòb Jezi, li t ap jwenn gerizon. Wòb la se tankou yon rad long. Menm moman li te touche wòb la, Jezi te santi yon fòs soti sou li. La menm, fanm lan te santi l geri. Jezi te mande disip li yo kiyès ki te touche li. Yo te di Jezi gen anpil moun nan foul la ki kole sou li. Tout moun yo touche l. Malgre sa Jezi vire epi li mande, “Kiyès ki touche m?” Fanm lan te pè, li te mete ajenou nan pye Jezi epi li te rakonte l tout istwa l. Jezi te di fanm lan se lafwa l ki te geri li.



Ansèyman apati imaj la

- Foul moun yo.** Foul moun yo te pwoche kote Jezi akoz mirak ak ansèyman li yo.
- fanm lan manyen wòb la.** Te gen yon fanm ki te nan foul la ki t ap soufri depi 12 lane. Li te depanse tout lajan l nan doktè, Men pèsonn pat ka ede l. Akoz li te gen ekoulman san t ap vide sou li, nan sans rityèl li pat "Pwòp," epi li pat kapab patisipe nan adorasyon nan sinagòg la. Li pat menm sipoze vini nan foul la. Sepandan, li te kwè Jezi te kapab geri l. Akoz li konnen li pat sipoze antre nan foul la, li pat kanpe jezi ni mande l pou l geri li. Li te sèlman touche wòb Jezi. Menm moman li te touche wòb la, Bondye te geri l.
- Jezi.** Lè fanm lan te touche wòb Jezi, li te santi yon fòs soti sou li. Li te sispann mache nan foul la epi li te mande kiyès ki te touche l. Disip yo pat konnen sa ki te rive a, epi yo te di Jezi gen anpil moun ki touche l.
- Fanm ki te geri a.** Fanm ki te geri a te pwoche lè Jezi te mande kiyès ki te touche l. Li te pè paske li te konnen li pa t sipoze nan mitan foul la, ni pou touche rad nenpòt moun. Li te rekonèt aksyon li yo. Olye pou l ta kritike l, Jezi fè lwanj pou sa, li te di se lafwa l ki geri l. Jezi te kite fanm nan ale ak lapè.

Sans Tèks la

Sa a se twazyèm nan kat ranje mirak ke Mak rakonte kote Jezi montre pouvwa l sou tout bagay. Premye mirak la, pouvwa sou van ak vag yo. Dezyèm mirak la, pouvwa sou demon yo. Kounya Jezi montre pouvwa li sou malady fizik yo.

Istwa gerizon sa a patikilye nan plizyè sans. Aspè ki pi patikilye a, pouvwa Jezi te geri yon moun san li pa fè oswa di anyen. Fanm nan te sèlman touche wòb Jezi epi pouvwa Jezi te geri l. Dezyèmman, lafwa fanm nan sou kapasite Jezi genyen pou l geri l te tèlman gwo, li te konnen tout sa li te dwe fè se touche wòb li konsa pouvwa Jezi t ap geri l. Twazyèmman, fanm nan te vyole anpil nan lwa seremoni yon fason pou l te ka geri. Akoz nati maladi li a, li pa t sipoze ranstre nan ni manyen lòt moun. Sepandan, Bondye te rekonpanse melanj lafwa ak dezespwa li nan voye pouvwa gerizon soti nan Jezi ale nan kò li.

Jezi te piblikman rekonpanse lafwa fanm nan lè li te deklare jan li gen yon kokennchenn lafwa epi gerizon li a. Li te rele l "Ptit fi," pou montre lanmou l epi aksepte l. Pandan ke maladi li a te fè l pa "Pwòp" pou seremoni, epi aksyon li yo te vyole lwa rityèl yo, Jezi te fè louwanj pou li. Jezi souvan fè louwanj pou moun ki, akoz lafwa ak dezespwa, te plis konsène ak gerizon pase swiv tout règ yo.

Dezyèm tèks la: (Gade lesion # 41 pou plis enfòmasyon) Menm jan ak fi sa a, Naaman te yon "moun deyò" ki t ap chache gerizon nan men Bondye. Estati fanm sa a kòm "moun deyò" te soti nan nati maladi li a. Estati Naaman kòm "moun deyò" a te soti nan li epi fè li vin yon payen. Poutan, nan yon melanj lafwa ak dezespwa, Naaman te aji selon konsèy ti fi esklav Izrayelit li a epi li te vwayaje ale an Izrayèl pou l te resevwa gerizon nan men "pwofèt Izrayèl la".

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Jezi montre pouwva li sou maladi fizik yo. Ministè Jezi a konsantre sou ansèyman ak gerizon. Ansèye sou Bondye pa t ase pou Jezi. Jezi te montre otorite ansèyman l yo tou lè l te akonpanye ansèyman yo ak gerizon mirakilez yo. Konsa tou, Jezi te montre nati lanmou Bondye genyen pou moun se pat sèlman lè l te pale sou lanmou Bondye, men tou lè l te montre lanmou Bondye pou geri atravè mirak yo. Sèlman, nan mirak sa a, lanmou Bondye ki se yon lanmou gerisè geri yon moun san Jezi pa fè oswa di anyen. Pisans ak lanmou Jezi te tèlman gwo, moun ki te gen Lafwa yo te geri lè yo te senpleman manyen li.
 - Poukisa moun ki gen maladi fizik yo tèlman nan dezespwa ke yo prè pou fè nenpòt bagay pou yo ka jwenn gerizon?
 - Poukisa ou panse Bondye entèrese, pa sèlman ak nanm nou, men ak kò nou tou?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Menmsi gen anpil bèl istwa konsènan Jezi ki geri moun, se pa tout moun ki te malad nan epòk Jezi a ki te resevwa gerizon. Se menm jan, se pa tout kretyen jodi a k ap priye pou gerizon fizik k ap jwenn gerizon. Bondye bay plizyè kalite gerizon nan lavi kretyen yo. Gerizon fizik se yon kalite, men gen gerizon nan relasyon ak gerizon espirityèl. Menmsi nou pa toujou jwenn kalite gerizon nou plis bezwen an, si nou pote bezwen nou yo avèk Lafwa devan Bondye, Bondye ap pote egzakteman kalite gerizon nou plis bezwen an.
 - Poukisa ou panse Jezi te aji pubblikman lè li rekonèt Lafwa ak gerizon fanm lan?
 - Nan ki fason Bondye kapab voye gerizon nan kè nou?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Fanm lan sètènman te gen asirans, malgre sa te ka ba li pwoblèm. Pafwa se sèlman nan moman dezespwa nou yo ke nou wè tout bon gwo Lafwa, oubyen ti Lafwa nou genyen nan Bondye. Nou kapab viv avèk asirans devan Bondye nan mond sa a paske nou kwè nan lanmou ak pouwva Bondye.
 - kijan Lafwa fanm sa a enspire w lè ou nan sitiayson difisil yo?

- Kijan repons konpasyon Jezi pou fanm nan ede w konnen kòman pou reponn ak bezwen moun ki dezespere yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 69

Tit Leson An: Ptit fi Jayiris la te leve

Tèks Leson An: [Mak 5:21-24; Mak 5:35-43](#)

Dezyèm Tèks la: [Ebre 4:14-16](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt, paske Jezi se Mesi a, li gen otorite sou lanmò.
- **Kè:** Pran kouraj kretyen, lanmò pa gen dènye mo a.
- **Men yo:** Soumèt ou devan Bondye pou w kapab resewwa tout benediksyon Bondye genyen pou ou.

Leson An Nan Yon Vèsè: Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n ap jwenn padon pou peche nou yo, se la n ap jwenn pou granmesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesesite. ([Ebre 4:16](#))

Rezime Tèks la

Yon nomm yo te rele Jayiris te chèf nan sinagòg la. Yon sinagòg se yon kote Jwif yo ale pou etidye Ekriti yo epi adore Bondye. Anpil nan chèf nan sinagòg yo se te Farizyen yo. Yo pat vle kwè Jezi se ptit Bondye. Men Jayiris pa t enkyete l de sa lòt chèf sinagòg yo panse. Ti ptit fi li a te prèske mouri, li te kwè ke Jezi te kapab geri li. Jayiris te mande Jezi si l te kapab ale lakay li pou geri ptit fi l la. Jezi te ale ak li. Pandan yo sou wout la, kèk nan mesye lakay Jayiris yo rankontre li nan chemen an. Yo te di ke Jezi te anreta. Ptit fi a te gentan mouri. Jezi te di Jayiris li pa bezwen pè, li mèt kwè. Lè yo rive lakay Jayiris, Jezi te di moun yo ptit fi a pa mouri, l ap dòmi. Moun yo te ri Jezi. Jezi te antre kote ti fi a te ye a epi li di, “ti fi, Leve!” se konsa li ouvri je l, li kanpe, epi li mache!



Ansèyman apati imaj la

1. **Jayiris** te yon chèf sinagòg. Ptit fi li a te prèske mouri, li t ale kote Jezi epi sipliye l pou l vini lakay li geri pitit fi li a. Pandan yo te nan wout pou ale nan kay la, yo jwenn nouvèl pitit fi a mouri, pa gen rezon pou Jezi ale lakay la. Jezi petèt konn fè mirak, men sila yo ki pote nouvèl la pa t panse Jezi te kapab leve moun mouri.
2. **Jezi**, bò kote pa l, te di Jayiris, li pa bezwen pè, sèlman kwè Jezi kapab geri pitit fi li a. Lè Jezi rive nan kay la, li touche men ti fi ki mouri a epi li pase l lòd, "Ti fi, mwen di w, leve!"
3. **Ptit Fi a.** Lè Jezi te mande pran men ti fi a epi mande l pou l leve, menm moman an tifi a te leve epi li te kòmanse mache alantou a. Jezi te pwouve ke menm lanmò pa ka kanpe pouvwa l.

Sans Tèks la

Sa a se youn nan kat ranje mirak ke Mak rakonte ke Jezi montre pouvwa li sou tout bagay. Premyeman, Pouwva li sou van ak vag yo. Dezyèman, pouvwa li sou demon yo. Twazyèman, pouvwa li sou maladi yo. Kounye a, pi gran pouvwa li dekalre, se pouvwa sou lanmò menm.

Pi fò lidè Jwif yo te rejte Jezi. Sepandan, Jayiris se yon egzanp de chèf reliye ki te kwè Jezi te kapab geri. Se te petèt yon risk pou li, kòm yon chèf sinagòg, pou li mande Jezi piblikman pou geri piti fi li a. Petèt nan foul la te gen anpil ki soti nan sinagòg la ki t ap di ke li pa bon pou li fè sa. Sepandan, menmjan ak fanm sa ki te touche rad Jezi a, Jayiris nan dezespwa. Ptit fi li a prèske mouri, li pa gen lòt kote li ka jwenn gerizon pou li.

Nan seri sa a, li pa menm jan ak twa lòt mirak yo, Jezi te fè mirak sa an prive. Sèlman paran pitit fi a ak twa nan disip yo ki te la nan chanm nan pou temwen mirak la. Aprè mirak la, li entèdi temwen yo pou di lòt moun sa ki te pase a. Poukisa Jezi te entèdi sa? Nou pa konnen. Sepandan, se pa sèlman lè sa Jezi te mande disip yo pou yo kenbe mirak sa yo sekrè (gade tou Mak 7:36). Petèt Jezi te pè pou foul la pat eseye fòse fè 1 wa nan Izrayèl (gade Jan 6 :14-15).

Nan Istwa sa a (menm jan ak twa lòt yo), se pa moun ki te resevwa mirak la ki te mande Jezi mirak. Jezi te kalme van ak vag yo malgre disip yo pat gen lafwa ke li te kapab. Jezi te geri nonm demon te posede a menmsi li pat (li pa ta kapab) mande gerizon. Jezi te geri fanm ki te gen san tap koule sou li a malgre li tap chache gerizon an sekrè. Isit la a, se pa lafwa ti fi ki te mouri a ki te fè jezi poze aksyon, men se lafwa papa l. Lafwa vini sou plizyè fòm diferan, epi kèk fwa se lafwa yon lòt moun, ki pote gerizon.

Dezyèm tèks la: Jezi te montre konpasyon ak lanmou lè li t ap sèvi sou latè. Konpasyon ak lanmou Bondye pa t fini nan rezireksyon Jezi, Bondye kontinye montre konpasyon ak lanmou lè li reponn priyè nou chak lè nou nan bezwen.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Ala etonan sa ta dwe ye pou paran sa yo soti nan gwo dèy lanmò pitit fi yo a, pou yo rejwi rezirèksyon li! Ala etonan sa te dwe ye pou Pyè, Jak ak Jan temwen pouvwa Jezi genyen sou lanmò! Non, Jezi pa t resisite tout moun ki te mouri pandan ministè l. Menm jan li pa t kalme tout tanpèt, li pa t chase tout demon, oubyen geri maladi tout moun. Sepandan, Jezi te fè mirak li yo pou l montre pisans Bondye nan li ak pou l demontre gwo lanmou Bondye.
 - Kijan ou te wè pouvwa gerizon Bondye a manifeste nan kominate ou a?
 - Poukisa ou panse Bondye pa t pase tout kote pou l leve moun ki mouri yo lè l te sou latè.
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Nan tout kat mirak sa yo nan kat etid sa yo, Jezi te kontinye elaji konpreyansyon disip yo sou pouvwa l ak ministè l. Yo pa t ap konprann tout nati li kòm sanpousan Bondye ak sanpousan moun jis aprè rezirèksyon Jezi a. Se konsa, aprè rezirèksyon li, istwa sa yo te pral ede disip yo konprann pouvwa enkwayab k ap travay nan Jezi, pa sèlman pou yo geri nan domèn fizik la, men pou sove moun k ap viv nan peche. Disip yo ta pral reyalize, avèk Jezi, lanmò pa janm gen dènye mo a.
 - Poukisa pouvwa Jezi pou delivre Kretyen anba peche yo se pi gwo pouvwa?
 - Poukisa lanmò pa janm gen dènye mo nan lavi Kretyen an?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye yo an Pratik?** Moun yo souvan inyore pouvwa Bondye. Zanmi Jayiris yo te panse Jezi te ka yon gerisè, men yo pa t panse pouvwa Jezi te pwolonje pou ranvèse lanmò. Pafwa kretyen yo panse Bondye ka sove yo anba pinisyon pou peche yo, men li pa ka delivre yo anba pouvwa peche nan lavi yo. Malerezman, yo pa priye pou Bondye delivre yo anba pouvwa peche nan lavi yo paske yo pa panse Bondye kapab. Sepandan, Bib la di nou lanmò ak rezirèksyon Jezi pa t sèlman venk lanmò, li te venk pouvwa peche tou. Avèk imilite, kretyen yo dwe mande Bondye pou l ranpli yo ak pouvwa Lespri Sen an pou yo ka defèt pouvwa peche ki ap travay nan lavi yo.

- Èske w Mande Bondye pou l delivre ou anba pouvwa peche ki nan lavi ou?
- Kijan lapriyè nan imilite kapab ede Kretyen an resevwa gwo benediksyon nan men Bondye?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 70

Tit Leson an: Jezi Bay 5,000 Moun Manje

Tèks Leson an: [Jan 6:1-13](#)

Dezyèm Tèks la: [Egzòd 16](#)


Objektif Leson an:

- **Lekti:** Fè kè nou kontan! Bondye pa sèlman kontante l ba nou Sali a, Men li vle fè pwovizyon pou lavi nou chak jou.
- **Kè:** Kwè Ke Bondye ka fè gwo bagay, menm si se avèk sèlman yon ti lafwa bò kote nou.
- **Men yo:** Fè plan pou pataje sa w genyen ak lòt yo semèn sa a. Lè Jezi te bay foul la manje a, li pa t sèlman fè yo manje vant plen, men tou te genyen anpil manje ki te rete.

Leson Nan Yon Vèsè: Lè moun yo wè mirak Jezi te fè a, yo di konsa “Se vre wi, nonm sa a se pwofèt ki te gen pou vini sou latè a.” ([Jan 6:14](#))

Rezime Tèks La

Anpil moun te kòmanse swiv Jezi paske yo te renmen tandem L k ap anseye. Epi yo te etone wè mirak li t ap fè yo. Yon jou, 5 000 moun konsa t ap swiv Jezi sou yon mòn. Jezi te vle ba yo manje yon fason pou yo pa t grangrou. Yon ti gason te di Andre, youn nan disip Jezi yo, li genyen senk ti pen ak de ti pwason pou l manje. Men Jezi te kapab itilize l pou ede pran swen lòt moun yo. Jezi te remèsyé ti gason an epi li te remèsyé Bondye pou manje a. Jezi te di disip yo mete manje a nan yon panye epi pase bay moun yo. Pandan panye a t ap pase bay moun yo li pa sanble ke pen ak pwason yo t ap diminye. Men pito, yo te miltiqliye. Lè disip yo te fin pase manje bay tout moun, te genyen 12 panye pen ak pwason ki te rete! Tout 5,000 moun yo te manje nan manje Jezi te beni an, vant yo te plen. Se te yon mirak!



Ansèyman apati imaj la

1. **yon gwo foul moun.** Popilarite Jezi t ap ogmante. Moun yo ki te tandé pale de mirak ak ansèyman Jezi yo te vle tandé epi wè pou kont yo. Yon gwo foul moun te rasanble sou yon mòn bò kote Jezi.
2. **Jezi** te mande disip li a, Filip, ki kote yo te kapab achte ase manje pou bay gwo foul sa manje. Filip te reponn yo pa gen ase lajan pou achte ase manje pou tout moun sa yo.
3. **Manje ti gason an.** Andre, yon lòt disip Jezi, te Mennen bay Jezi yon ti gason ki te gen senk ti pen ak de ti pwason. Jezi te beni ti manje a, epi li te lonje l bay disip yo pou yo te lonje l bay moun yo. Tankou yon mirak, manje ti gason sa a, aprè Jezi te fin beni l, te miltiplier epi pa sèlman bay tout milye moun yo manje, men te genyen 12 panyen plen ak manje ki te rete.

Sans Tèks la

Ansèyman ak mirak Jezi yo te fè l tèlman popilè ke yon gwo foul moun t ap swiv li. Yon jou Jezi te gade Foul la epi mande youn nan disip li yo ki kote yo dwe ale pou achte ase manje pou bay moun sa yo manje.

Disip la, Filip, te reponn byen vit ke pat gen mwayen pou bay tout moun yo manje menmsi se ta yon ti kras pou chak moun.

Malgre Filip te obsève anpil nan mirak Jezi yo, li toujou pa ka konprann kijan pouvwa Jezi a te aplike nan lavi yo chak jou. Filip te temwen Jezi geri moun malad nan yon sans endividyle. Sepandan, kounye a filip ap gade milye moun sa yo ki grangou.

Jezi te deside montre Filip, ak lòt disip yo, kijan li kapab fè mirak nan bezwen moun yo chak jou, menm jan li te fè pwovizyon pou sila ki te malad yo. Pou l te fè sa li te pran sa ti gason an te ofri a, li te priye sou li, yon mirak li te bay gwo foul moun yo manje, se pa yon ti kal manje, men anpil, vant tout moun te plen, epi te genyen rès ki te rete.

Kèk fwa, menm jan ak Filip, Kretyen yo konn santi gwosè bezwen yo depase yo, yo blyie si Bondye kapab fè tout bagay.

Dezyèm Tèks la: (Gade Leson # 18 pou plis enfòmasyon) Byenke Bondye te apèn delivre Izrayelit yo anba esklavaj nan peyi Lejip ak gwo mirak, pèp la te kòmanse plenyen. Manje yo ak dlo yo t ap fini, yo te kòmanse pè pou lavi yo nan dezè a san yo pa gen rekòt pou rekòlte ak sous dlo pou bay tout moun. Menm jan Jezi te fè yon mirak pou grangou foul moun yo, konsa tou Bondye te fè yon mirak pou grangou Izrayelit yo. Li ka fasil pou w blyie gwo pouvwa Bondye lè ou nan grangou.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Nou konnen Bondye ka fè gwo mirak pou lòt yo nan moman kriz yo. Sepandan, èske li ka fè sa pou bezwen chak jou nou yo? Youn nan tantasyon kretyen yo se kwè Bondye fè pwovizyon pou lòt yo, men doute ke Bondye ka fè pwovizyon pou bezwen chak jou yo. Filip te akable ak nivo bezwen Jezi te montre li a, epi petèt ak reyalite ke li konnen nan sizèdtan, gwo bezwen sa a pral tounen ankò. Jezi montre disip yo pouvwa Bondye pa travay sèlman nan moman kriz yo, men nan lavi chak jou tou. Anvan Jezi te anseye disip yo pou yo priye, "ban nou jodi a pen nou bezwen chak jou". ([Matye 6:11](#)) Kounye a, Jezi montre yo ke Bondye vrèman gen sousi pou kalite priyè sa yo epi pou l reponn yo.
 - Kisa nan bezwen chak jou nou yo ki fè nou kèk fwa retire je nou sou dezi Bondye pou l fè pwovizyon pou nou?
 - Ki kèk fason ou te wè Bondye pran minimòm sa yon moun gen pou bay (tankou renmen, padon, finans yo) epi itilize l pou rezoud yon kokennchenn bezwen?

- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Filip te akable ak kesyon Jezi a. Andre, yon lòt bò, pote manje bay Jezi. Menmsi li konnen se sèlman yon ti kantite manje, li pote l kanmenm bay Jezi kòm yon kòmansman pou satisfè bezwen an. Gen kèk fwa yon kretyen kapab santi l akable akoz bezwen l yo. Oswa li kite sitiyasyon an paralize l, oubyen li ofri Bondye ti kras sa li genyen an, epi gade jan Bondye ap miltiplie l pou glwa Bondye.
 - Ki kèk nan ti kapasite, talan, oubyen resous ou genyen ke Bondye kapab ogmante pou ede lòt yo?
 - Aprè kapasite, talan oubyen resous ou yo, kisa Bondye kapab fè avèk ti kantite lafwa ou genyen an?
- **Men yo: Kijan Nu Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik** Bondye nou an jenere. Jezi te aji avèk jenerozite nan ministè li. Nan epizòd sa a, moun yo pat sèlman manje vant plen, men te genyen anpil ki te rete. Bondye rele Kretyen yo pou yo jenere avèk ti kras oubyen kantite yo genyen, pou yo konnen Bondye kapab itilize yon ti kras pou beni lòt yo.
 - Pran yon ti tan semèn sa pou w fè lis kantite benediksyon Bondye te ba w nan mwa pase a.
 - Pran lis sa a epi mande Bondye pou l ede w jwenn yon fason pou itilize benediksyon sa yo pou ede lòt yo.

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 71

Tit Leson an: Jezi Mache Sou Dlo

Tèks Leson an: [Matye 14:22-33](#)

Dezyèm Tèks la: [Sòm 104](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Ann selebre Jezi ki sove nou, pa paske nou gen lafwa ase, men paske nan feblès nou kòm moun nou chache fas li.
- **Kè:** Ann konsole nou, menmsi nou pa ta gen ase lafwa jan sa dwe ye, Jezi pa jamn abandone pitit li.
- **Men yo:** Reflechi sou fason ou priye chak jou, èske ou pwoche kote Bondye nan imilite oubyen avèk demann.

Leson Nan Yon Vèsè: Lè sa a, moun ki te nan kannòt la vin mete ajenou devan Jezi, yo di: Ou se pitit Bondye a vre. ([Matye 14:33](#))

Rezime Tèks La

Aprè Jezi te bay 5,000 moun yo manje, Li te di disip Li yo monte kannòt la pou navige ale lotbò lanmè a. Jezi te mache ale sou mòn nan pou l te kapab lapriyè epi pase ti tan sèl ak Bondye. Lè Jezi te fin lapriyè, Li te ale jwenn disip yo. Sèl fason pou l te ale jwenn yo se te mache sou dlo a. Disip yo te gade lotbò lanmè a yo wè yon nonm ap mache vin jwenn yo. Yo te pè epi yo t ap rele sa se yon fantom! Jezi te di disip yo yo pa bezwen pè. Pyè te mande Jezi si li te kapab mache sou dlo a vini jwenn Li. Konsa Pyè ta kapab konnen se Jezi tout bon. Jezi te di Pyè pou li mache vin jwenn li. Pyè te desann kannòt la epi li te kòmanse mache sou dlo a. Aprè sa li gade bòkote l li reyalize sa l t ap fè a. Lè pyè te retire je l sou Jezi, li te kòmanse antre nan dlo a. Jezi te mande Pyè, Moun san lafwa, poukisa ou doute?



Ansèyman apati imaj la

1. **Navige** Sou lanmè Galile a. Disip yo te navige sou lanmè Galile a pandan tout nwit la, yo t ap lite avèk gwo van tanpèt yo. Byen bonè nan maten, disip yo te wè yon pòtrè ki t ap mache sou dlo a. Yo te panse se yon fantom, disip yo te pè yo pran rele.
2. **Jezi.** pòtrè a pa t yon fantom, men Jezi, te di yo pa bezwen pè, men pou yo pran kouraj.
3. **Pyè** te bay Jezi defi, li t ap di si se Jezi tout bon, kite l mache sou dlo a. Jezi mande l soti nan kannòt la epi Pyè te kòmanse mache sou dlo a. Sepandan, yon ti tan aprè Pyè te santi van an epi li te pè. Lè li te kòmanse nan laperèz, li te kòmanse koule epi li te rele Jezi pou sove l. Menm lè a, Jezi lonje men l, li sove Pyè.
4. **Disip yo** Lè Jezi ak Pyè te monte nan kannòt la, disip yo te adore Jezi, yo t ap di wi se vre ou se Pitit Bondye a.

Sans Tèks la

Jezi te eseye pase yon ti moman pou kont li. Li te travèse lanmè Galile a pou 1 te ka jwenn yon ti tan poukont li. Se konsa, foul moun yo te tandé Jezi toupre a yo te ale jwenn li. Jezi te sèvi foul moun yo lè 1 te bay tout moun manje. Apre sa, li te voye foul moun yo ale, li te voye disip yo navige lòtbò lanmè Galile a, finalman li te poukont li. Jezi te pase nwit la nan lapriyè.

Lè Jezi te fin lapriyè, li te ale jwenn disip yo. Olye li te mache arebò lanmè Galile a pou 1 rankontre yo lè yo debake, Jezi te mache sou dlo a pou 1 rankontre disip yo. Tan an te move, van an t ap frape kannòt la. Se te byen bonè nan maten, anvan solèy la leve, lè Jezi te vin jwenn disip yo nan kannòt la.

Disip yo pa t panse Jezi te kapab mache sou dlo, se konsa lè yo te wè yon pòtrè ap mache sou dlo a nan direksyon yo, yo te panse se te yon fantom. Pa sèlman disip yo t ap goumen kont van pou yo mennen kannòt la sou rivaj la, men kounye a yon fantom vin rankontre yo.

Nan mitan van an ak fantom sa a, Jezi te revele tèt li ak disip yo epi di yo pran kouraj. Pyè te aksepte defi Jezi a kòm yon prèv li pran kouraj, epi mande Jezi pou pwouve ke se li menm pandan l ap pèmèt li mache sou dlo a. Jezi te dakò, pandan yon ti tan Pyè t ap mache sou dlo a. Sepandan, li te retire je l sou Jezi epi li mete l sou gwo van yo. Nan perèz li, li kòmanse koule epi rele Jezi pou sove l. Menm lè a Jezi te sove l, epi l te mande Pyè poukisa li te doute.

Disip yo, te etone wè mirak sa a, finalman yo te rekonèt ke Jezi pa t sèlman yon gran pwofesè oubyen yon moun ki konn fè mirak, yo te adore l epi konfese li se pitit Bondye tout bon.

Dezyèm Tèks: Sòm sa a fè lwanj Bondye pou majeste kreyasyon an. Antanke Bondye kreyasyon an, se sèlman Bondye ki gen ase pouvwa pou kontwole lanati. Nan vèsè 25-26, Salmis la pote atansyon sou majeste lanmè a. Bondye pa sèlman kreye lanmè a, men li ranpli li ak pwason tou. Vèsè 26 pale de Levyatan, yon non ke Izrayelit yo te itilize pou pale de aspè efreyan lanmè a. Konsa, Izrayelit yo te fè lwanj Bondye pou gwo lanmè a, epi yo te gen krentif pou pouvwa lanmè a tou.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de lesion tèks yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt:** Kisa Tèks la Vle Di? Èske ou imajine kijan ou t ap reyaji si w ta fas a fas ak bagay ou plis pè yo? Lite ak van yo prèske tout nwit, twouve yo nan mitan lanmè Galile a, disip yo pa sèlman nan laperèz, men yo fatige anpil tou. Laperèz ak gwo fatig se pa yon bon melanj. Sepandan, nan mitan laperèz ak gwo fatig, Pyè mande pou l patisipe nan mirak pou l mache sou dlo avèk Jezi. Jezi rele l deyò kannòt la, Pyè te fè byen, jiskaske li retire je l sou Jezi epi mete l sou van ak vag yo. Pyè te gen ase lafwa pou l soti nan kannòt la, men pa ase pou li te rete sou dlo a. Se konsa, pandan Pyè tap plonje nan dlo a li rele Jezi, menm lè a, Jezi sove Pyè. Jezi pat rejte Pyè lè li te manke lafwa, men pito li te sove li.

- Èske w t ap tankou Pyè, ou t ap soti deyò ak lafwa, oubyen ou t ap tankou lòt disip yo ki te rete nan kannòt la? Poukisa?
 - Poukisa ou panse Jezi mande Pyè soti vini sou dlo a, olye pou l sèlman di l non, lafwa ou twò piti, rete nan kannòt la?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Pyè ki t ap plonje a pa t etone Jezi. Jezi, pitit Bondye a, te konnen lafwa Pyè pa t ase. Sepandan, lafwa Pyè te grandi, epi sa ki rive a pa t frape lafwa Pyè, men pito se yon limit nan lafwa l. Konsa tou, Bondye konnen nivo lafwa nou, li renmen nou menmsi lafwa nou gwo oubyen piti. Menmsi lafwa nou pa ase, Jezi ap aksepte nou kote nou ye a, epi answit l ap travay pou l fè nou tounen gason ak fanm ki gen gwo lafwa.
 - Ki kèk bagay ki ka tèlman fè kretyen yo pè jodi a pou yo wete je yo sou Jezi?
 - Kisa sa di w konsènan Jezi, menm lè a ki lonje men l epi sove Pyè lè lafwa Pyè te febli?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Gen yon diferans ant mache nan lafwa lè Bondye rele w, ak lè w ap mache san konprann nan pwòp ògèy ou. Kèk fwa nou gen gwo plan pou lavi nou, oubyen lide sou gwo bagay nou ka fè pou Bondye. Sepandan, sa pa vle di ke gwo plan oswa lide nou yo soti nan Bondye. Nou ka konfonn gwo plan nou yo ak gwo plan Bondye yo. Li enpòtan pou nou toujou pwoche bò kote Bondye nan imilite, epi se pa, nan ògèy, pwoche bò kote Bondye se toujou rekonèt ke nou konnen volonte ak dezi Bondye yo. Reflechi sou lavi lapriyè ou, èske ou pwoche bò kote Bondye nan imilite oswa ak demann?
 - Ki jan nou kapab konnen se Bondye k ap rele nou pou n fè kèk etap lafwa, oswa si se ògèy nou?
 - Kisa nou dwe fè lè nou rann nou kont kèk nan dezi nou yo se rezulta pwòp ògèy pa nou epi se pa sentete Bondye a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 72

Tit Leson an: Transfigirasyon Jezi

Tèks Leson an: Matye 17:1-9

Dezyèm Tèks la: Ezayi 52:13-15


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Selebre Jezi Mesi a ki pa t vin delivre Izrayèl anba esklavaj Women yo, tankou anpil moun t ap atann, men pito pou libere limanite anba esklavaj peche.
- **Kè:** Konnen ke Bondye revele Kretyen yo sa yo dwe konnen, lè pou yo konnen sa.
- **Men yo:** Rete tann ak pasyans opòtinite Bondye va ba ou pou pataje glwa Jezi a ak sila Bondye mete sou wout ou.

Leson Nan Yon Vèsè: Antan Pyè t ap pale toujou, yon nyaj byen klere vin kouvri yo. Yo tande yon vwa soti nan nyaj la, li di "Sa se ptit mwen renmen anpil la. Li fè kèm kontan anpil. Koute li!" (Matye 17:5)

Rezime Tèks la

Yon jou, Jezi te pran twa nan disip li yo-Jak ak Jan, ptit Zebede yo, ak Pyè Li mennen yo ak Li sou tèt mòn lan. Pandan yo te la a, Jezi te konnen yon transfigirasyon. Tranfigirasyon se lè resanblans yon moun chanje pa deyò. Lè Pyè, Jak, ak Jan te gade Jezi, yo te remake vizaj li klere tankou solèy epi rad li te blan tankou limyè. Aprè sa yo tande Bondye di, "Sa se ptit gason m, sila mwen renmen anpil la; Li fè kè m kontan anpil. Koute li!" (NIV). Pyè, Jak, ak Jan te sezi anpil epi yo te bese figi yo jis atè. Jezi te mache kote twa mesye yo epi li te touche yo. Li te di yo leve kanpe yo pa bezwen pè. Pyè, Jak, ak Jan te wè Jezi nan yon fason ke pèsonn pokò wè. Jezi te sanble tankou li te nan syèl la. Lè Jezi ak disip yo te retounen desann sou mòn lan, Jezi te di yo pa di pyès moun sa yo te wè a.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Pyè, Jak, ak Jan.** Yon jou Jezi te pran twa nan disip li yo(Pyè, Jak, Jan), monte yon mòn byen wo.
2. **vizaj li Transfigire.** Sou mòn lan Jezi te transfigire, sa vle di Jezi te pran yon aparans glorifye. Menm jan ak vizaj Moyiz lè li te desann mòn Sinayi nan randevou li ak Bondye, vizaj li te briye, li te reflete glwa Bondye. Rad Jezi te briye anpil. De valab nan ansyen Testaman an, Moyiz ak Elize te parèt epi pale ak Jezi. Yo t ap pale ak Jezi konsènan soufris li k ap vini, lanmò l ak rezireksyon l. Se konsa vwa Bondye te pale nan syèl la li di "Sa se ptit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil. Koute li!" Men Jezi te di yo pa bezwen pè. Aprèsa yo desann mòn lan.

Sans Tèks la

Nan liv levanjil yo sèlman kèk fwa Bondye pale depi nan syèl la. Bondye pale nan batèm Jezi a, yon fwa avan lanmò Jezi, epi isit la nan moman transfigirasyon an. Genyen anpil resanblans ant evennman sa yo ak nan moman Moyis te soti sou mòn Sinayi nan Egzòd 24 (Yon mòn byen wo, yon vizaj briyan, tant yo, yon nyaj, yon vwa nan nyaj yo, laperèz moun yo).

Jezi kounya nan wout pou Jerizalèm kote li konnen krisifiksyon an ap tann li. Jezi te anseye disip yo ke krisifiksyon an se volonte Bondye, menm jan ak rezireksyon an. Se petèt Moyis ak Elize kite parèt bay Jezi fòs ak kouraj pou chemen soufrans sa a.

Chèf relije nan epòk Jezi yo pat konprann Mesi a t ap yon mesi k ap soufri. Men pito yo te wè Jezi kòm yon Mesi militè ki t ap vin libere yo anba pouwva Women yo. Transfigirasyon sa a te jwe yon wòl enpòtan pou disip yo aprè rezireksyon Jezi: Li te ede yo konekte Jezi ak ansyen Testaman an. Youn nan rezon lidè jwif nan epòk Jezi yo pa t konprann Mesi a t ap yon Mesi k ap soufri se paske yo pa t konprann ekriti konsènan sèvitè k ap soufri a te konsène Mesi a. Evennman sa te enpòtan anpil pou ede disip yo konprann sa, pandan yo te gen pou chanje lide sou ki kalite Mesi Bondye te voye, Jezi te rete fèm nan koneksyon ak Moyiz ak Elize, De nan gwo Pèsonaj nan Ansyen Testaman.

Menmjan Jezi abitye fè sa, li te anpeche disip yo pataje sa yo te wè yo jouk aprè rezireksyon an. Sa se petèt yon bagay ki mete disip yo nan konfizyon, Jezi konnen sa pa t ap gen okenn sans pou yo sinon aprè rezireksyon li.

Dezyèm Tèks: Kèk pasaj tankou Ezayi 52 te ede disip yo konprann ke Bondye toujou anonse Mesi a t ap yon Mesi k ap soufri. Paske chèf relije nan epòk Jezi yo pa t li ekriti konsènan Mesi a sa pa vle di yo pa t aplike l pou sa. Se sa ki lakoz disip yo, ki te grandi anba ansèyman reliyon chèf jwif yo, te toujou gen difikilte pou konprann ansèyman Jezi konsènan soufrans ak lanmò li k ap vini. Se pa paske yo te rejte pasaj liv Ezayi a; se paske pèsonn pat anseye ke tèks sa fè referans ak Mesi a. Aprè rezireksyon Jezi, Bondye te ouvri lespri disip yo pou yo konprann pwofesi Ansyen Testaman konsènan Mesi a. Konsa disip yo te kapab konprann kòman Jezi akonpli pwofesi sa yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Si w ap chache move moun lan, li pwobab pou pa janm jwenn bon moun lan. Paske chèf relije nan epòk Jezi yo t ap chache move kalite Mesi a, yo pat janm rekonèt ke bon kalite Mesi a te devan yo. Sa t ap fè nou ri wi si l pat trajik. Chèf relije yo te gen konviksyon ke entèpretasyon yo genyen konsènan Ansyen Testaman te kòrèk, kidonk ansèyman pisan Jezi yo pa t kapab fè yo chanje lide. Sepandan, se pa t sèlman chèf relije Jwif yo, pou rive nan lanmò Jezi, pwòp disip li yo te sèten li t ap ranvèse pouvwa relije ak politik yo nan Jerizalèm. Byenke Pyè, Jak ak Jan pa t konprann siyifikasyon transfigirasyon an nan epòk la, aprè rezirèksyon Jezi yo t ap kapab wè ki jan tout ansèyman Jezi yo, tout mirak yo ak ministè yo mache ak ansèyman Ansyen Testaman an konsènan Mesi a. Yo ta va konprann misyon Mesi a pat sèlman libere Izrayèl anba esklav women yo, men pou libere tout fanm ak gason anba esklavaj peche.
 - Ki kèk move lide ou te genyen konsènan Bondye ki merite chanje pandan ou vin konprann Jezi se Mesi a?
 - Poukisa ou panse Jezi te pase lòd ak Pyè, Jak ak Jan pou yo pa di pèsonn sa yo te temwen an pou jis aprè rezireksyon Jezi?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Li kapab jenan lè Jezi pa reponn kesyon priyè nou yo lè nou mande l revele nou ak kisa lavni an sanble. Kèk fwa nou fè erè pou nou kwè, si nou sèlman konnen kòman Bondye ap travay nan pwoblèm nou yo kounya, sa t ap rann lavi nou pi fasil. Epoutan, se pa vre. Men pito, Jezi revele nou sa nou dwe konnen, nan tan nou dwe konnen l. Se poutèt sa, nou dwe rete vijilan ak ouvè a mesaj Jezi a, pou nou pa rate mesaj enpòtan sa yo ki soti nan Jezi.
 - Kisa ou panse ki t ap pase nan lespri Pyè pandan li t ap desann mòn lan ak Jezi, Jak ak Jan?
 - Èske kèk fwa, menmjan ak lidè jwif nan epòk Jezi yo, ou pa konn gen yon lide ki twò piti konsènan Jezi?

- **Men yo:? Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Disip yo te dwe tann rezireksyon Jezi pou yo te pale konsènan Transfigirasyon an, epi konprann kisa li te vle di. Kèk fwa nou sèlman bezwen chita epi rete tann mesaj Bondye pou nou avan menm nou fè aksyon. Isit la pasyans se yon gwo kalite enpòtan. Pas yans se pa chita san fè anyen, pasyans se chita avèk atansyon epi tann Bondye di ou ki lòt pa ou bezwen fè.
 - Poukisa moun ap lite pou gen pasyans?
 - Kisa ki ka rive lè yon Kretyen pa gen pasyans, epi li sèlman santi li dwe aji vit.

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 73

Tit Leson an: Pitit ki te Pèdi epi yo te Jwenn nan

Tèks Leson an: [Lik 15:11-32](#)

Dezyèm Tèks la: [Ezayi 29:13-16](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Reflechi sou nati Bondye sa ki toujou vle padone epi rekonsilye ak pechè yo.
- **Kè:** Reflechi kòman atitud ou diferan anvè "pechè yo," ak sila ki diferan de ou yo kapab ye parapò ak Bondye.
- **Men yo:** Ofri èd ou semèn sa ak yon moun ki bezwen restorasyon pou kè li ki brize.

Leson Nan Yon Vèsè: Men, noute te dwe fè fèt, nou pa t ka pa kontan, paske frè ou a te mouri, men li tounen vivan, li te pèdi, mwen jwenn li koulye a. ([Lik 15:32](#))

Rezime Tèks la

Sila ki te deklare tèt yo Elit reliye yo t ap kritike Jezi paske li te pase anpil tan ap anseye epi li t ap fè zanmi ak moun ki pa t ap Mennen yon lavi ki sen menm jan ak yo. Jezi te rakonte yon parabòl konsènan de pitit gason ak yon papa ki gen lanmou. Pitit gason an te revòlte kont papa l li te kite kay la. Pi gran pitit gason an te rete lakay li. Pi piti a te gaspiye kòb li nan viv nan peche, epi lè tout lajan l fini, li tounen lakay li ak lawont, pou l mande papa l si li te kapab viv kòm yon sèvitè lakay li. Inyore demanm lan, papa a te kontan anpil pou pitit gason li te pèdi a retounen lakay li. Yon lòt bò, gran frè a ki pa t janm kite kay la te fache anpil akoz papa te padone frè l, li te refize selebre retou frè l la. Istwa Jezi a se te montre menmsi gran frè a te swiv tout règ yo, li te toujou byen lwen pou l montre lanmou Bondye a ak moun ki repanti pou peche yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Pitit Gason Pèdi a.** Rezime parabòl la. Pitit gason pèdi sa a retounen lakay li repanti pou peche li te fè nan tan lontan yo epi li rekonèt li pa merite padon. Men, li konnen lanmou ak konpasyon papa l, epi li espere yo pral fè l tounen yon senp sèvitè pou l ka gen manje ak yon kote pou l rete.
2. **Papa a.** Kè papa a rejwi dèsk yo jwenn pitit gason pèdi li a. Kèlkeswa doulè pitit gason ki pi jèn nan te lakòz, lanmou papa a kapab padone pitit gason an byen vit epi retabli l. Jezi vle nou rekonèt nati Bondye a se pa pou kenbe yon dosye sou sa ki mal pou moun ka pini, men dezi Bondye se pou padone moun ki repanti yo.

Sans Tèks la

Nati ministè Jezi a te mete anpil moun nan konfizyon. Pi fò Jwif nan epòk Jezi a t ap tann yon Mesi pou delivre Izrayèl. Yo t ap chache yon Mesi ki fò epi ki gen pouvwa menm jan ak tradisyon epòk wa David la ki ta pral fè lagè kont women yo epi pote yon libète pou Izrayèl. Jezi pat kalite Mesi sa a.

Men pito, Jezi te yon Mesi ki te vle delivre Izrayèl anba esklavaj peche espirityèl. Poutèt sa, Jezi te pase tan li ak “pechè yo,” ki te bezwen fè eksperyans lanmou Bondye nan Jezi. Chèf religye yo te rejte epi meprize anpil nan pechè sa yo ki te anbrase lanmou ak ansèyman Jezi yo.

Chèf religye yo pa t renmen ministè Jezi a. Menm jan ak gran frè a nan parabòl la, yo te plen ak lògèy, Kòlè, epi ostil anvè sila yo ki te plis bezwen Bondye. Yon fason ironik, sila ki te gen konviksyon sou ekselans espirityèl yo te montre a klè yo pi lwen Bondye ke pechè yo t ap ofanse yo.

Jezi te pote gerizon pou malad yo. Sepandan, malad yo bezwen rekonèt maladi yo yon fason pou yo ka jwenn gerizon. Pi fò chèf religye nan epòk Jezi yo te avegle ak pwòp maladi espirityèl yo.

Dezyèm Tèks: Avègleman chèf religye nan epòk Jezi yo pa t yon bagay nouvo. Atravè Ezayi pwofèt ansyen Testaman an, Bondye te kanpe anfas chèf religye yo kèk syèk avan lavi ak ministè Jezi a. Otorite religye yo te pote atansyon nan fason y ap viv religyon yo pa deyò nan swiv tout kalite lwa, men yo pa t kite lanmou Bondye abite nan pwòp kè yo, oubyen montre sa ak lòt yo ki te bezwen Bondye.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.

- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la .
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Nati Bondye a se renmen kreyasyon li a, padone pechè ki vire do bay peche yo epi ki repanti. Moun k ap swiv Bondye yo dwe menm jan, sepandan, anpil fwa yo ipokrit epi yo rayi moun ki pa menm ak yo. Byen swiv yon prensip moral epi ale legliz pa vle di yon moun gen bon relasyon ak Bondye pou otan. Moun ki dwat devan Bondye vle di moun nan pa sèlman resevwa padon Bondye a, men l ap travay pou l pataje lanmou ak padon Bondye ak lòt yo.
 - Si Bondye vle padone pechè yo tout bon, poukisa li difisil pou moun k ap swiv Bondye yo fè menm jan?
 - Ki kèk pa yon moun dwe fè lè l ap lite pou l padone yon moun?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Bondye pa sèlman vle geri aksyon peche nou yo, Bondye vle padone epi geri kè peche nou yo ak atitid nou tou. Moun k ap viv lwen kòmandman Bondye yo anreyalite yo lwen Bondye si yo pa kite lanmou Bondye antre nan kè yo. Bondye rele nou pou nou gen konpasyon epi padone lòt yo. Sepandan, se pa reyèlman yon kòmandman, men pito se fason Bondye trete nou. Konsa tou, yo pa rele nou sèlman pou nou swiv lwa ak prensip yo, men pou montre lòt yo lanmou ak padon Bondye a menm jan li te montre nou sa.
 - Poukisa li ka fasil pou yon moun ki pretann li se yon kretyen gen kè gran frè a, ki pa padone epi ki rayi?
 - Kisa ou ta di yon moun ki di li pa ka padone yon lòt paske sa li fè a fè l mal anpil?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Kèk fwa kle pou padone yon moun se aji nan padon jiskaske ou santi ou padone. Sa se pa ipokrizi, men se mete renmen Bondye a an aksyon jiskaske lanmou Bondye a fin geri sila k ap lite pou l padone a nèt. Yon lòt kle pou padone lòt yo se ede fè lapè ant de moun ki gen relasyon yo ki brize. Lè nou kapab fè sa, epi wè pouvwa gerizon ki soti nan Bondye a, konsa li vin pi fasil pou nou konprann kijan Bondye kapab fè menm bagay la pou nou tou.
 - Kijan Bondye montre lanmou li pou nou? [Women 8:6-11](#)
 - Ki aksyon Pratik ou kapab fè semèn sa pou ede fè lapè, ant de moun ki nan pwosesis rekonsilyasyon?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 74

Tit Leson an: Dis Lepre yo Geri

Tèks Leson an: [Lik 17:11-19](#)

Dezyèm Tèks la: [Levitik 13](#)

Objektif Leson an:


- **Tèt:** Konnen pi bon repons pou gras Bondye nan lavi nou se adorasyon.
- **Kè:** Toujou apresye benediksyon Bondye deja pote nan lavi w. Si ou toujou ap chache nouvo benediksyon, oubyen w ap tann benediksyon ke lòt yo genyen, w ap manke jwi benediksyon Bondye mete nan lavi ou yo.
- **Men yo:** Adore Bondye se travay ki gen plis sans ke nou ka janm fè.

Leson Nan Yon Vèsè: Epi li di li: Leve non. “Ou mèt ale. Se konfyans ou nan Bondye ki geri ou.” ([Lik 17:19](#))

Rezime Tèks la

Jezi t ap vwayaje retounen Jerizalèm lè l te tande kèk moun t ap site non l. Li te gade li te wè dis nonm ki te rete byen lwen . Yo te di Jezi yo gen maladi lalèp èske li te kapab geri maladi yo a. Lalèp se yon maladi ki lakoz po moun dekale epi tonbe. Yon moun ki gen lalèp pat gen dwa rete pre ak lòt moun, paske maladi sa te atrapan anpil. Se konsa mesye yo te rele Jezi a distans. Jezi te di yo ale epi fè sakrifikatè yo wè nou. Lè mesye yo te vire pou ale, yo te gade men ak pye yo

konsa yo remake yo te geri totalman. Sèlman youn nan mesye yo, ki se te yon Samariten, ki te retounen vin jwenn Jezi. Li te mete ajenou nan pye Jezi epi di l mèsi paske li geri maladi li a.



Ansèyman Apati Imaj la

1. **Dis Lepre yo.** Pandan Jezi t ap vwayaje, yon gwoup dis lepre te rankontre ak li. Lepre yo te gen yon maladi nan po ki te atrapan ki pat kapab geri nan epòk Jezi a. Se sa ki fè, Otorite yo pat dakò lepre yo viv menm kote ak fanmi yo ni nan vil yo. Yo te dwe viv yon sèl kote ansanm pa deyò vil yo. Daprè lalwa Ansyen Testaman, lepre yo pat “pwòp,” epi yo pa t gen dwa patisipe nan okenn seremoni reliye nan kominate yo. Se sa ki fè gwoup lepre yo te rete nan yon distans epi yo te rele Jezi, “Gen pitye pou nou!” Yo te mande Jezi pou geri yo.
2. **Jezi** Te di yo ale jwenn Sakrifikatè yo. Sakrifikatè yo se te moun ki te kapab deklare si yon moun “pwòp” oubyen “pa pwòp.” Akoz lepre yo te obeyi lòd Jezi a, yo te geri.
3. **Lepre Samariten an.** Youn nan lepre yo, te tounen vin jwenn Jezi, epi adore Bondye ak kè kontan. Li te di Jezi mèsi pou gerizon an. Li te mete ajenou nan pye jezi ak yon kè rekonesan. Se te premye fwa depi lontan yon moun ki geri te kapab apwoche yon moun ki pat gen lalèp. Sa te etone Jezi akoz yon lepre te tounen vin di l mèsi. Non sèlman yon sèl ki te retounen, men tou sila ki te retounen an se te yon Samariten. Jwif ak Samariten pat janm antann youn ak lòt. Se sa ki fè Jwif yo ki ta dwe aji byen ak Jezi pat fè sa, men yon Samariten te fè sa.

Sans Tèks la

Jan sa te di nan lesion #60 la, Jwif ak Samariten yo pat janm Zanmi depi lontan. Tou de panse yo pi byen adore Bondye passe lòt oubyen fè sa nan bon vil la. Menmsi Samari te plase ant pati Sid ak pati Nò Izrayèl la, izrayelit yo te pito pase sou kote Samari nan mitan de kote yo, yon fason pou yo pa rankontre ak Samariten yo. Malgre sa Jezi te geri epi sove tout moun, menm Samariten yo.

Lalèp se yon maladi ki atrapan. Mete sou sa, nan epòk Jezi a, pat gen gerizon pou sa. Se sa ki fè depi sakrifikatè a deklare ou “pa Pwòp”, lepre yo pat kapab rete nan vil la menm kote ak moun ki “pwòp” yo. Yo pat kapab rete ak fanmi yo ankò, men yo te mete yo apa pou tout rès vi yo.

Gwoup lepre sa yo te rele pou mande Jezi pitye. Jezi te gen konpasyon pou yo, epi li te di yo ale jwenn sakrifikatè yo. Yon moun ki “pa pwòp” te dwe ale kote sakrifikatè a pou deklare li “pwòp” Bondye te geri lepre yo akoz yo te obeyi Jezi epi ale jwenn Sakrifikatè yo. Youn nan lepre yo, menmsi se yon Samariten, te retounen vin jwenn Jezi pou adore Bondye epi remèsyé Jezi. Li te tèlman rekonesan li te chwazi al remèsyé sila ki te geri l la avan menm li al jwenn Sakrifikatè yo.

Yon pwen enpòtan nan istwa sa a, non sèlman gen youn ki te retounen, men sila ki te fè sa se yon Samariten. Akoz Jezi mansyone sa, omwen lòt nèf yo se te Izrayelit. Nonm ki te etranje de fwa a, yon fwa akoz lalèp la yon lòt fwa akoz li se yon Samariten, te sèl moun ki te gen rekonesans anvè Jezi.

Dezyèm Tèks: [Levitik 13](#) esplike kijan pou trete maladi nan po nan peyi Izrayèl. Li bay responsabilite ak Sakrifikatè yo pou deklare moun ki “Pwòp” ak moun ki “pa pwòp.” Li deklare tou, menmjan ak Tèks lesion an, moun ki gen lalèp yo dwe rete lwen moun ki kapab deklare yo “pa pwòp!” yo “pa pwòp!” lè yo touprè lòt yo. (v. 45).

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks lesion biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Jezi te kontinye anpeche diferans kiltirèl yo bare ministè li. Li pat sèlman Mesi pou sila ki “anndan” peyi Izrayèl la, men pou sila ki deyò Izrayèl yo tou. Li te manje ak “pechè yo,” li te touche Samariten yo, li te resisite yon ti fi payen ki te mouri. Sa te mete lidè relijiye jwif Izrayèl yo an kolè yo menm ki te kwè ke Bondye te pi renmen Irayelit ki “pwòp” yo plis pase nenpòt moun ki “pa pwòp” oubyen ki pa t Izrayelit. Jezi te deklare ke lanmou Bondye a se pou tout moun. Lè yon moun fè eksperyans lanmou Bondye a, menmsi li te “Pwòp” oubyen li “pa pwòp”, repons li yo dwe rekonesans ak adorasyon pou Bondye.
 - Èske gen kèk gwoup mounn kominate ou a konsidere kòm enmi osinon kòm moun ki “pa pwòp?”
 - Si Bondye renmen tout moun, kijan Kretyen yo ta dwe trete moun ki diferan ak yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la di Nou Ta Dwe Ye?** Nèf lepre ki pat retounen yo, te pote plis atansyon sou Sakrifikatè pou deklare yo “Pwòp,” yo te rate okazyon pou adore Mesi a. Pa t gen anyen mal nan sa, pou sakrifikatè yo deklare yo “Pwòp,” Se Jezi menm ki te mande yo fè sa. Sepandan, yo rate sa ki te pi enpòtan an, ki se rekonèt Bondye sou fòm moun ki geri yo. Kèk fwa Kretyen yo pa bay Bondye adorasyon ak lwanj pou tout benediksyon yo deja genyen, men yo pito pote atansyon sou sa yo poko genyen. Kretyen yo dwe fè atansyon pou yo pa rate opòtinite pou monstre rekonesans ak aksyon degras anvè Bondye pou tout benediksyon Bondye deja ba yo.
 - Poukisa Kretyen yo toujou pote atansyon sou benekdiksyon lòt moun, nan plas pwòp tèt pa yo?
 - Pataje avèk gwoup la kèk nan benediksyon Bondye ba ou.
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye yo an Pratik?** Adore Bondye pa sèlman sa k ap pase nan sèvis adorasyon dimanch yo. Adore Bondye se lè nou bay Bondye glwa ak lwanj pou tout Byenfè ak lanmou li anvè nou. Nou kapab adore

Bondye nan travay nou, lakay nou, lè n ap mache nan kominote nou. An reyalite, nou ka adore Bondye tout tan. Lè lavi nou tounen yon vi adorasyon pou Bondye, nou pap manke rekonèt tout benediksyon li ban nou yo.

- Kijan ou kapab adore Bondye lè ou pou kont ou?
- Ki kèk abitid ou kapab kòmanse pratike pou ede w rete rekonesan anvè Bondye?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 75

Tit Leson an: Yon jèn Gouvènè Rich ap Chache Bondye

Tèks Leson an: [Matye 19:16-30](#)

Dezyèm Tèks la: [Detewonòm 6](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** konprann ke obeyisans se kalite ki pi enpòtan pou yon disip Jezikri.
- **Kè:** Atansyon! Li se yon tantasyon pou renmen benediksyon Bondye yo pi plis ke Bondye.
- **Men yo:** Se pou ou pare pou ede nenpòt lè Bondye montre ou yon moun ki nan bezwen.

Leson Nan Yon Vèsè: Anpil nan moun ki devan yo va rete dèyè, Anpil nan moun ki dèyè yo va pran devan. ([Matye 19:30](#))

Rezime Tèks la

Yon jèn nonm rich te pwoche kote Jezi epi poze l yon kesyon. Li te mande Jezi kisa pou l fè pou li kapab antre nan syèl la. Jezi te reponn se sèl Bondye ki bon, nonm lan te bezwen obeyi kòmandman Bondye yo. Nonm lan te di li obeyi kòmandman yo, men li bezwen konnen kisa li dwe fè anko. Se konsa Jezi di nonm lan ale vann tout sa li posede, epi pataje lajan ak pòv yo. Jèn nonm rich la pa t kapab vann tout sa li genyen. Li te tris epi li vire li ale. Li te reyalize ke li renmen sa li posede yo pi plis ke li obeyi Jezi ak ede pòv yo. Apre sa Jezi vire gade disip yo li di li pi fasil pou yon chamo pase nan yon je zegwi ke yon nonm rich antre nan syèl la. Disip yo te mande “Kiyès ki kapab sove?” Jezi te reponn avèk Bondye tout bagay posib.



Ansèyman Apati Imaj la

1. **Nonm Rich La.** Yon jou, yon nonm rich te pwoche kote Jezi epi mande l kisa pou l fè pou l antre nan syèl la. Nan epòk Jezi a, moun yo te panse richès se rekompans Bondye bay ak moun ki mache dwat. Se sa ki fè, nonm rich sa, ak lòt ki te antoure l yo, te panse Jezi t ap pral reponn "ou pa bezwen fè anyen, paske ou deja rich ou nan wout syèl la!"
2. **Jezi.** Sepandan, se pa sa Jezi te reponn. Men pito, Jezi te di jèn nonm rich la ke li bezwen vann tout sa li genyen, bay lajan an ak moun ki pòv yo, epi vin yon disip Jezi. Jèn nonm rich la te vire li ale tou tris, paske li te renmen richès li yo plis pase li obeyi Bondye.
3. **Disip Jezi yo** te fè sa Jezi te mande jèn nonm rich la fè a. Yo te kite fanmi yo ak tout sa yo te posede dèyè yo pou yo swiv Jezi. Jezi pa mande tout moun pou kite tout bagay epi swiv li, men ak sila ke li mande sa, li enpòtan pou yo obeyi ak apèl Jezi a nan lavi yo.

Sans Tèks la

Sa te yon rankont espesyal ant Jezi ak jèn nonm rich la. Pa gen okenn lòt kote ekritten Levanjil yo montre Jezi te mande yon moun pou l vann tout sa li posede, pou l pataje tout bagay ak pòv yo, epi pou l swiv Jezi. Disip Jezi yo te kite tout sa yo posede dèyè yo, men Jezi pa t mande yo vann tout sa yo posede. Se poutèt sa, nou bezwen fè atansyon pou nou pa itlize sa Jezi te mande nonm rich la tankou yon bagay jeneral pou tout moun Bondye rele yo.

Nan yon sans jeneral, Jwif yo pa t genyen yon Konpreyansyon ki klè ni ki fò konsènan syèl la. Se sa ki Mennen konpreyansyon jeneral sa konsènan rekompans ak jijman Bondye ki te vini nan moman sa a. Se sa ki fè, Jwif yo te kwè ke Bondye rekompense moun k ap mache dwat yo ak richès epi li pini moun k ap fè sa ki mal yo ak povrete. Sètènman, genyen kèk pasaj nan Ansyen Testaman ki apiye lide sa a. Sepandan, Jezi te anseye yon konpreyansyon klè konsènan travay Bondye a sou latè, rekompans ak pinisyon lèzòm ap vini aprè lanmò.

Sepandan, nonm rich la te vini kote Jezi epi mande l kisa li dwe fè pou l antre nan syèl la. Jezi te wè gwo konfyans ke nonm sa te mete nan richès yo, epi li te di l si li vle genyen lavi ki pa p janm fini an, se pou l mete konfyans li nan Bondye nèt, se pa nan benediksyon Bondye yo.

Kòmandman sa a te revele aklè vrè kè nonm sa. Premye lanmou li se pa t Bondye, men pito benediksyon Bondye yo. Se konsa, li te dezobeyi Bondye epi li vire li ale byen tris.

Ou te mèt pòv oubyen rich, repons ki pi enpòtan ou ka bay Bondye se obeyisans.

Dezyèm Tèks: [Detewonòm 6:18](#) se youn nan tèks yo te itilize pou anseye Bondye bay richès ak moun ki fidèl. Sepandan, jan tout chapit la montre sa, genyen plis toujou nan kòmandman Bondye yo ke “fè sa ki byen epi Bondye va beni w.” Sa ki esansyèl la se enpòtans fidelite nan kòmandman Bondye yo. Nenpòt ti piti oubyen gwo kantite nou genyen, si nou pa fidèl ak apèl Bondye nan lavi nou, konnen n ap viv nan dezobeyisans ak Bondye.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik la .
- Fè rezime “Sans Tèks” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Yon disip se yon moun k ap swiv yon lidè. Jezi rele tout moun pou yo vini disip li. Pou w kapab yon disip, sa mande pou kite dèyè w tout sa ki vle nan plas Jezi, pran premye plas nan lavi w. Pou kèk moun, se richès ak sa yo posede yo ki ranplase Jezi, Pou anpil lòt se toujou travay yo ki ranplase Jezi. Jezi konnen travay nou yo, relasyon nou yo, ak sa nou posede yo. Sa yo pa pwoblèm an yo menm. Sepandan, yo vin pwoblèm se lè nou ba yo plis enpòtan ke Jezi.
 - Ki kèk bagay ke moun nan kominate ou yo bay plis enpòtans ke Jezi?
 - Poukisa moun toujou wè benediksyon materyèl yo pi enpòtan ke benediksyon espirityèl yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Nan jaden Edenn lan, Satan te tante Adan ak Èv pou yo te rejwi nan benediksyon Bondye yo olye yo te fidèl ak Bondye. Menm jan

jodi a, Satan kontinye tante kretyen yo pou yo pote atansyon sou benediksyon Bondye yo plis ke obeyi Bondye. Sepandan, li vrèman enpòtan pou Kretyen yo gade nan kè yo yon fason regilye, epi asire ke yo pa kite plas pou tantasyon Satan yo.

- Poukisa kèk fwa disip Jezi yo panse yo merite benediksyon Bondye yo?
- Kisa ou panse k ap pase nan kè yon Kretyen si l jwenn tout benediksyon li bezwen yo an menm tan.
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Menmsi se sèl kote nan Bib la Jezi mande yon moun pou l vann tout sa li posede epi bay tout, youn nan rekòmandasyon Bondye fè Kretyen yo se pou yo pataje ak lòt yo. Wi, menmsi Jezi pa mande yon Kretyen pou l bay tout bagay, Kretyen yo ap toujou tante pou yo pa pataje ak lòt yo ata menm nan ti piti bagay.
 - Ki kèk fason ou kapab pataje ak lòt yo semèn sa a bagay ki pa gen rapò ak lajan?
 - Ki egzanp benediksyon Jezi bay ak moun k ap pataje ak lòt yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 76

Tit Leson an: Jezi te konnen li t ap Pral klosure Sou Kwa

Tèks Leson an: [Lik 18:31-34](#)

Dezyèm Tèks la: [Ezayi 52:13-53:12](#)

Objektif Leson an:


- **Tèt:** konprann soufrans ak lanmò Jezi pa t etone l, men li te konnen ke sa yo te fè pati plan Bondye pou sove lemonn.
- **Kè:** Reflechi sou pwofondè lanmou ak konpasyon Jezi ki te bay tèt li pou soufri epi mouri pou pou ba w Sali.
- **Men yo:** Jwenn fason pou blyie tèt ou, pran kwa w, epi viv lanmou ak konpasyon Jezi a semèn sa a.

Leson Nan yon Vèsè Jezi te pran dou disip yo apa epi li di “Tande, men m ap monte Jerizalèm kote tout sa pwofèt yo te ekri sou moun Bondye voye nan lachè a pra l rive. ([Lik 18:31](#))

Rezime Tèks la

Apot Lik te rakonte twa moman nan levanjil li a kote Jezi anonse menas lanmò li. (gade tou Lik 9:21-27 epi 9:43-45). Kwayans nan epòk Jezi a te fè kwè li t ap yon lidè ministè tankou Wa David ki ta pra l retire Izrayèl anba esklavaj anpi Women an. Sepandan, Jezi te kontinye anseye Mesi Bondye a p ap yon wa tankou David, men l ap tankou sèvitè soufran ke pwofèt Ezayi te pwofetize a. Li te difisil pou disip yo asepte yon anons konsa, men anreyalite, se te sèlman apre rezireksyon Jezi yo te kòmanse kwè pati sa nan ansèyman Jezi yo. Sepandan, li enpòtan pou konprann mank Lafwa mesye yo pa t yon anpèchman pou ministè Jezi a, Jezi te viv totalman apèl Bondye a sou lavi l, malgre Jezi te konnen sa te gen anpil soufrans ak lapenn.

EPIC #67



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jezi Anseye.** Jezi te anseye disip li yo plizyè fwa ke li t ap mouri nan Jerizalèm anba men otorite yo. Lanmò Jezi pa t yon sipriz pou li, li te pran desizyon pou l ale Jerizalèm pou l te ka rive la nan Pak la, epi pou l te vin ti mouton pafè Bondye a ki t ap pran peche mond lan sou li.
2. **Disip Jezi yo.** Disip Jezi yo pa t konprann ansèyman li sou pwen sa a. Malgre Jezi te anseye yo plizyè fwa ke Mesi Bondye a te dwe mouri epi resisite, yo te panse ke Mesi Bondye a t ap ranvèse otorite women yo epi libere Izrayèl anba esklavaj Wòm.

Sans Tèks la

Kèk fwa se sèlman lè nou sonje sa ki te pase yo nou kapab konprann enpòtans yon evènman. Menmsi disip yo pa t konprann twa ansèyman Jezi yo ke li pral mouri nan Jerizalèm epi resisite ankò sa pa t kerye yon echèk. Jezi pa t repete ansèyman san rete epi espere ke disip yo ap konprann. Objektif li se te mete yon plant nan lespri yo, yon fason lè l resisite, yo va sonje sa l te di yo.

Youn nan rezon ki fè disip yo t ap lite pou yo konprann ansèyman Jezi yo konsènan nesesite lanmò a se paske imaj Mesi Bondye a te santre sou Wa David olye de ansèyman Ezayi sou sèvitè soufran an. Depi nan lane ki fenk kòmanse yo disip Jezi yo te dwe panse ak sa, pandan Izrayèl anba esklavaj Wòm nan peryòd la, Bondye pral voye yon sovè, yon Mesi nan linye David ki pral batay pou retire Izrayèl anba esklavaj.

Se te sèlman nan pati rezikrekson an disip yo te kòmanse konprann ansèyman Ezayi yo sèvitè soufran ki te anreyalite ansèyman sou vini Mesi a. Li pa t sifi pou Mesi a te sèlman kraze pouvwa Wòm epi libere Izrayèl anba esklavaj Wòm. Non, Mesi Bondye a ap pra l kraze pouvwa peche, epi ofri delivrans k ap sove moun anba esklavaj peche.

Dezyèm Tèks: Apati lesion 54 la pwofèt yo pale konsènan Mesi a pou plis enfòmasyon. Li enpòtan pou konprann Jezi kòm akonplisman pwomès Bondye a nan Ansyen Testaman an.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de lesion tèks Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Plan Bondye pou bay yon delivrans ki gen valè pou peche limanite a mande Sakrifis. Epi nan panse Jezi, sakrifis sa a pa t yon pri ki twò wo pou peye. Pandan Jezi te konnen lanmò menasan li a, disip li yo bò kote pa yo pa t konprann ansèyman li yo sou kesyon sa a. Wi, Jezi te kontinyefè yo konprann apre rezireksyon l yo ta kòmanse konprann Jezi pa t sèlman mouri pou yo, men lontan avan lanmò li, Jezi te konnen epi li te chwazi chemen sa a.
 - Nan ki fason nou ka di yon Mesi tankou Ezayi sèvitè soufran pi siperyè pase Mesi a tankou Wa David la?
 - nan ki lòt okazyon nan Levanjil la Jezi te pwouve li konnen lavni an. (Lè Pyè te nye l, lè Jida te trayi l)
- **Kè: Kiyès Tèks la di nou Ta Dwe Ye?** Kretyen yo pa dwe sèlman resevwa lanmou ak konpasyon Bondye, men tou yo dwe pataje lanmou ak konpasyon Bondye a ak lòt yo. Kretyen yo dwe rekonèt, fason pou yo fè sa, gen kèk moman Kretyen yo ap gen pou fè eksperyans soufrans yon fason pou yo montre pwofondè lanmou Bondye a. Li enpòtan pou Kretyen yo pa sèlman konnen bagay sa yo nan tèt yo, men pou yo prepare kè yo pou pran kouraj yo bezwen pou viv bagay sa yo tou.
 - Poukisa kèk moun panse lè yo vin Kretyen, Bondye ap rezoud tout pwoblèm ke y ap lite ak yo?
 - Kijan eksperyans soufri pou Jezi a ede ministè yon Kretyen fèt pi byen nan lavi lòt yo ki bezwen Jezi.

- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Kretyen yo pa rele pou l chache soufrans ak pwoblèm yo. Pwoblèm ak soufrans yo ap vini sou chemen an tou natirèl paske y ap viv nan yon mond ki gen peche. Sepandan, Kretyen an rele pou l sèvi men ak pye Jezi pou sila yo ki nan pwoblèm ak soufrans.
 - Ki kèk fason ou montre lanmou ak konpasyon Jezi a ak lòt yo semèn sa a?
 - Ki kèk bagay ou genyen, epi kèk eksperyans ou te fè ke Kris kapab itilize yo pou semèn sa a pou fè zèv lanmou ak gras ak lòt yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 77

Tit Leson an: Batime Avèg la Geri

Tèks Leson an: [Mak 10:46-52](#)

Dezyèm Tèks la: [Rit 1](#)

Objektif Leson an:

- **Tèt:** Pran kouraj, Jezi konnen bezwen w yo, epi li tande lè w rele l.
- **Kè:** Chwazi kwè Jezi va reponn priyè w yo, menm si lòt yo pa kwè sa.
- **Men yo:** Konnen moun ap toujou bezwen solisyon pou bezwen fizik yo avan menm yo jwenn solisyon pou bezwen espirityèl yo.

Leson Nan Yon Vèsè: Lè li tande se Jezi, moun Nazarèt la, ki t ap pase, li pran rele “Jezi, pitit David la, gen pitye pou mwen!” ([Mak 10:47](#))

Rezime Tèks La

Pandan Jezi t ap vwayaje ale Jerizalèm, li te pase nan vil Jeriko. Yon foul moun te antoure Jezi pandan li t ap desann nan wout la. Li te tande yon nonm ap rele l, li t ap di, “Jezi, pitit David la, gen pitye pou mwen!” Anpil nan moun yo ki te antoure Jezi yo te di nonm lan fèmen bouch li li pa bezwen deranje Jezi. Lè nonm lan tande sa moun yo te di l, li rele pi fò toujou. Li te vle Jezi tande l k ap rele l. Jezi te gade nan foul la epi li te wè nonm avèg la, ki rele Batime, li te chita bò wout la. Jezi te di moun yo pou yo fè Batime konnen li tande rèl li. Apre sa Jezi mande Batime kisa li vle l fè pou li. Nonm ki te avèg la te reponn “Mèt, Mwen vle wè.” Jezi te di Batime akoz lafwa li, li pral jwenn gerizon. Lè Batime leve tet li, li te wè!



Ansèyman Apati Imaj La

1. **Batime** se te yon nonm avèg ki te chita bò wout la ap mande charite pandan Jezi t ap pase la a. Li te tandé yon foul moun ki t ap mache se konsa li te mande poukisa y ap mache la a. Yon moun te di l se Jezi ki t ap pase la a. Lè li tandé sa, li kòmanse rele "Jezi, pitit David la, gen pitye pou mwen!" Moun yo t ap di l fè silans, men li te rele pi fò.
2. **Jezi** te tandé kri a li mande yo Mennen nonm lan ba li. Nonm lan te kòmanse vole epi kouri pou l vin jwenn Jezi. Jezi te mande l kisa li te vle. Batime te di li vle wè. Jezi te di li se lafwa l ki te geri l. Menm lè a Batime te wè! Li te kòmanse swiv Jezi.

Sans Tèks La

Jan sa te di nan dènye lesion an, paske yo pat genyen yon konpreyansyon ki fò konsènan Syèl la, Jwif nan epòk Jezi yo te kwè nan tan yo t ap viv la Bondye te rekonpanse epi pini moun ki mache dwat yo ak moun ki mechan yo. Menm jan nan dènye lesion an, moun yo te kwè richès te vle di mache dwat. Nan lesion semèn sa, nou wè opoze a, konpreyansyon yo te genyen sou enfim nan te yon bagay mechan. Pandan tèks la pa deklare pensip sa klè, foul la te di nonm avèg ki te nan gwo bezwen a pou l fè silans pandan moun ki ka fè mirak la ap pase la a. Poukisa foul la ta ka di yon moun ki bezwen èd Jezi pou l fè silans? Paske yo pa t kwè Batime te merite atansyon nan men Jezi.

Akoz enfim yo pa t kapab travay, yo te toujou ap mande charite pou yo reponn ak bezwen yo. Gen lòt moun ki te meprize enfim yo, yo te panse enfimite se chatiman Bondye. Se sa ki fè, enfimite Batime a te genyen aspè fizik, sosyal ak relije.

Batime te san espwa. Li rele byen fò pou l te kapab jwenn atansyon jezi. Lafwa Batime a te etone Jezi, Jezi te geri l. Apresa Batime swiv Jezi.

Anpil nan aspè ansèyman yo, mirak yo ak ministè Jezi yo te etone moun yo. Nan de dènye evènman yo, Jezi te etone moun ki te panse moun rich se sila ki mache dwat epi enfim yo te mechan. Se konsa, jèn nonm rich la te ale byen tris kite Jezi, paske l te renmen richès yo plis ke Bondye, Batime enfim nan te swiv Jezi apre li te jwenn gerizon akoz lafwa li.

Dezyèm Tèks (Gade lesion #31 pou plis enfòmasyon): Menm jan ak Batime avèg la, moun yo ta kapab wè gwo pèt Rit ki pèdi mari l ak pitit gason l kòm yon siy chatiman Bondye. Sepandan, lavi a pi konplike pase "bon moun jwenn bon bagay epi move moun jwenn move bagay." Akoz peche ki nan mond la, kèk fwa bon moun jwenn move bagay. Sa ki enpòtan se gade kè moun nan, pa gade sikonstans yo. Èske yo se moun ki gen lafwa? Nan nenpòt sikonstans, Bondye ap pote gerizon ak bonte nan lavi yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Malerezman, moun yo pa byen konprann lanmou ak plan Bondye . Nan epòk Jezi a, yo te panse enfimite se fason Bondye pini moun. Sepandan, Jezi te pwouve lanmou l pou moun enfim yo. Peche ap chache fè moun enfim pandan Bondye ap chache geri moun. Gerizon Bondye vini nan plizyè fason. Nan ministè Jezi, Jezi toujou geri moun nan fason fizik, espirityèl, sosyal. Jouk jodi a, Jezi bay gerizon nan plizyè fason.
 - Poukisa Bondye pa toujou reponn priyè nou yo nan fason nou vle l la?
 - Kijan ou kapab konnen lè Bondye reponn priyè ou yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Kretyen yo dwe toujou rete nan imilite epi ouvri kè yo pou mesaj Bondye gen pou yo. Paske anpil moun nan epòk Jezi a te panse yo konnen kijan Bondye travay epi yo pa t koute mesaj Bondye atravè Jezi, yo te anpeche Batime rele Jezi. Lè Kretyen yo panse yo konnen kijan ak kilè Bondye ap aji, yo lakoz travay redanmsyon Bondye a kache. Olye de sa, Kretyen yo bezwen konnen Bondye toujou tandé priyè yo.
 - Poukisa ou panse moun yo te panse yo gen rezon pou yo anpeche Batime?
 - Poukisa ou panse Batime te inyore moun yo epi li te kontinye rele Jezi?
- **Men yo: Kijan Nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Moun yo gen bezwen fizik epi bezwen espirityèl. Li enpòtan pou Kretyen yo rekonèt Jezi rele nou pou l rezoud tou de bezwen nou yo. Menmsi bezwen espirityèl nou yo pi enpòtan, anpil fwa Kretyen yo dwe rezoud bezwen fizik yo avan, yon fason pou yo kapab rekonèt yo genyen bezwen espirityèl tou.
 - Ki kèk bezwen fizik moun nan kominote ou yo genyen?
 - Ki kèk bezwen espirityèl moun nan kominote ou yo genyen?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.

- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 78

Tit Leson an: Zache rankontre Jezi

Tèks Leson an: [Lik 19:1-10](#)

Dezyèm Tèks la: [1 Timote 1:12-17](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konnen okenn pechè pa twò lwen pou gras Bondye sove.
- **Kè:** Reflechi poukisa kèk fwa, li si difisil pou kretyen Bondye padone, pou yo padone lòt yo.
- **Men yo:** Fè yon fason pou montre rekonesans ou ak Jezi semèn sa a.

Leson Nan Yon Vèsè: Jezi di li, “Jòdi a, kay sa a delivre paske nonm sa a se yon pitit Abraram li ye tou.” ([Lik 19:9](#))

Rezime Tèks la

Jezi t ap pase nan yon vil ki te rele Jeriko. Yon nonm yo rele Zache t ap viv nan vil sa a. Zache te rich anpil paske li te yon kolektè kontribisyon. Yo te konnen kolktè kontribisyon yo kòm moun k ap pran lajan ki pa pou yo. Lè Zache tande Jezi te nan vil Jeriko, li te vle wè l. Paske Zache te yon nonm ki te kout, li pat kapab wè Jezi nan mitan foul la. Men pito, li te monte sou yon pyebwa sikomò pou l te kapab wè Jezi. Pandan Jezi t ap pase la a, li te gade anlè. Apre sa Jezi di “Zache, desann pyebwa a. Mwen vle ale lakay ou jodi a.” Zache te kontan anpil epi li te desann pyebwa a. Moun yo pa t kapab konprann poukisa Jezi ta vle ale lakay yon pechè. Paske Jezi te montre lanmou l pou Zache, Zache te fè restitisyon li te remèt kat fwa lajan li te dwe yo.



Ansèyman Apati Imaj la

1. **gwo foul** moun yo t ap swiv Jezi. Foul la te tèlman anpil li te difisil pou wè Jezi.
2. **Zache** te vle wè Jezi. Li te twò kout, pou l wè anwo foul la. Li te yon kolektè kontribisyon k ap vòlè lajan pou women yo, konsa li te kapab yon danje pou l ta nan mitan foul moun Izrayèl yo. Se konsa, Zache te monte yon pyebwa pou l wè Jezi.
3. **Jezi** te wè Zache sou pyebwa a epi li di l desann. Menmsi Izrayelit yo te rayi Kolektè kontribisyon yo, Jezi te di li prale lakay Zache pou li manje. Nan moman manje a, lanmou ak konpasyon Bondye tèlman gran, Zache te rive repanti de peche li yo epi li te deside retounen tout lajan li te vòlè pou yon moun. Jezi te deklare Zache te sove tout bon.

Sans Tèks La

Nan epòk Jezi a, anpi women an te pran kontwòl peyi pwomès la. Se konsa, Women yo t ap ramase taks nan men Izrayelit yo. Women yo te itilize lajan taks yo pou twoup yo ki te nan peyi pwomès la. Izrayelit yo te rayi Women yo epi yo pa t ka tann pou yo libere anba okipasyon Women yo.

Women yo te itilize kèk moun Izrayelit yo pou ramase lajan taks yo. Izrayelit yo pa t renmen peye Women yo taks, men yo te rayi lòt jwif parèy yo ki t ap ramase plis lajan taks pou Women yo. Izrayelit yo te wè kolektè kontribisyon menm jan ak Women yo, epi tankou trèt pou Izrayèl ak pou Bondye. Konsa, Izrayelit yo, te wè Zache pi mal ke tout pechè nan peyi Izrayèl yo.

Li pa etonan, pou Zache, kòm kolektè kontribisyon vòlè, pa t chwazi antre nan foul la pou l wè Jezi, men li te kache sou yon pyebwa pou sekerite l. Jezi, te wè Zache, amplis, pou choke foul la, Jezi te envite tèt li lakay zache pou l manje. Nan epòk Jezi a, pataje nouriti ak yon moun te vle di ou dakò moun sa pou zanmi. Jezi, sepandan, te deklare piblikman li pral fè zanmi ak kolektè kontribisyon sa a.

Nan lè manje a, lanmou ak aseptasyon Jezi yo te depase Zache, li te repanti de peche li yo, epi pwomèt l ap restitye tout sa l te pran nan men moun yo. Jezi te deklare Sali Zache a. Se pa t sèlman sa, li te deklare kolektè kontribisyon vòlè sa a ke lòt yo te konsidere kòm trèt, te yon pitit Abraram tout bon! Si Jezi kapab sove Zache, konsa tou Sali a disponib pou tout moun.

Dezyèm Tèks: Si Izrayelit yo te wè zache kòm moun ki pi mal pami pechè ki sove yo, konsa tou premye Kretyen yo te wè apot pòl kòm pi mal pami pechè yo avan li te jwenn Sali a. An reyalite, Pòl rele tèt li moun ki pi mal pami pechè yo. Avan Jezi te sove l, pòl te blasfème non Jezi epi pèsekite Kretyen yo. Se sèlman yon gras ki fè Pòl resevwa Sali nan Jezi.

Chapit sou prensip lafwa yo: VIII. Repantans. Repantans se pi bon repons kontantman ak gras Bondye a. Nan repantans, pechè a vire do bay peche li yo ak egois li yo epi li vin jwenn gras Bondye. Nan repantans sa a pechè a genyen volonte pou l chanje konplètman, pa sèlman yon chanjman nan kè men tou yon chanjman nan panse ak nan lavi l ap mennen an. Menm si se travay Bondye nan lavi kwayan an k ap pote chanjman sa a, Kwayan an dwe gen volonte pou l aksepte travay Bondye a nan lavi l.

- **Tèt:** Poukisa li enpòtan pou yon moun pa sèlman kwè nan kè l Jezi te mouri pou li, men pou l repanti de peche l yo tou?
 - **Kè:** Ki emosyon ki te travèse w lè ou konnen Jezi te mouri pou ou epi ofri w padon pou peche w yo?
 - **Men yo:** Ki kèk pa Kretyen yo kapab fè yon fason pou yo kolabore ak Bondye pou pirifye panse yo, santiman yo, ak aksyon yo anba pouvwa peche a?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Èske gen yon pechè ki eposib pou Bondye sove? Youn nan objektif epizòd sa a se pou declare "Non!" Si Jezi ka sove yon moun tankou Zache, ebyen Sali a se pou tout moun. Anpil fwa sa difisil pou Kretyen yo dakò, paske Satan tante fè Kretyen yo kwè Bondye sove sèlman yon kategori moun. Sepandan, tout moun se kreyati Bondye, epi Bondye renmen tout moun. Nenpòt gwosè peche yo, pa gen moun ki fè peche ase Bondye paka padone yo.
 - Ki kategori moun ou pokon fin kwè k ap aksepte Jezi pou Seyè ak sovè yo?
 - Si Zache te konnen Izrayelit parèy li yo t ap rayi l konsa, poukisa ou panse li te dakò vini yon kolektè kontribisyon?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Yon fason etonan, kèk moun ki fè eksperyans gwo padon Bondye pou peche yo kapab gen difikilte pou padone peche lòt moun. Lè yon moun blese w osinon pran avantaj sou ou, li nòmal pou ou ta vle wè moun sa a pini. Li pa nòmal pou kontan lè moun chape anba konsekans yo. Sepandan, Gras Bondye a pa "mezire," menm jan ak lèzòm. Men pito, Gras Bondye a pi gran, li rive jwenn moun ki pa merite l. Sa pa vle di ke moun echape anba jistis oubyen yo fè restitisyon, men Jezi toujou bay garanti Sali a avan moun fè restitisyon.
 - Kisa sa di sou Sali yon moun ki di l pa ka padone yon lòt moun?
 - Poukisa padon pa yon bagay fasil oubyen rapid pou lèzòm?

- **Men yo: Kijan nou Kapab Mete Pawòl Bondye an Pratik?** Jezi te deklare byen fèm li pral pataje manje lakay Zache. Zache te deklare byen fèm li pral restitye moun li te twonpe yo. Byenke Bondye chwazi libere pechè ki repanti yo, Kèk fwa Bondye va mande Kretyen yo pou yo restitye moun yo te fè mal. Kèk fwa restitisyon an kapab tankou Zache te remèt lajan li te vòlè yon lòt bò li kapab pou chache padon nan men sila yo ki blese akoz peche nou yo.
 - Kijan yon Kretyen kapab konnen se Bondye ki mande l restitye yon moun sa li te pran pou li?
 - Piske se Bondye nou fè plis mal, kijan Kretyen an kapab montre Bondye rekonesans li nan yon fason ki senp?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensispal lesson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 79

Tit Leson an: Laza Resisite

Tèks Leson an: [Jan 11:1-44](#)

Dezyèm Tèks la: [Ezayi 53:1-6](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Fè kè nou kontan! Jezi se Seyè sou peche ak lanmò. Akoz Jezi, anyen paka separe nou ak Bondye.
- **Kè:** Pran kouraj, Jezi konnen doulè ak chagren ou yo. Jezi pa seyè sou peche ak lanmò sèlman, men akoz krisifiksyon an li te sibi doulè ak chagren tou.
- **Men yo:** Pare pou “kriye ak sila yo k ap kriye,” Pataje fado youn ak lòt, tankou prolongman ministè Jezi a nan mond sa.

Leson Nan Yon Vèsè: Jezi di: Se mwen menm ki leve moun mouri yo, “se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo mouri;” ([Jan 11:25](#))

Rezime Tèks la

Laza ak sè li yo, Mari ak Mat, te rete nan vil Betani. Jezi te renmen fanmi an epi Li te souvan pase tan lakay yo. Yon jou, Mari ak Mat voye yon mesaj bay Jezi pou di Laza malad grav. Yo konnen Jezi te geri lòt moun yo ki malad, yo te vle Li vini rapid. Jezi te ale Betani de jou apre Li te resevwa mesaj Mari ak Mat la. Lè Jezi rive Betani, Laza te gentan mouri epi li te antere depi kat jou! Lè Mari ak Mat te wè Jezi, yo kouri al jwenn Li epi yo mete ajenou nan pye L. Yo t ap kriye yo t ap di “Jezi si ou te la pi bonè, ou t ap kapab geri frè nou an.” Lè Jezi tande sa a Li te kriye pou Laza. Li te konnen kijan Mari ak Mat te renmen frè yo a anpil. Jezi te ale nan kavo kote Laza te antere a Li di “Laza, soti!” Apre Jezi te di sa, Laza te soti nan kavo a! Li te vivan!



Ansèyman apati Imaj la

1. **Mari ak Mat** se te sè, Laza ki te malad anpil la se te frè yo. Yo te bon zanmi Jezi, yo te voye mesaj maladi Laza ba li, nan lespwa ke Jezi pral vini pou geri frè yo.
2. **Jezi**, yon lòt bò, pa t ale wè Laza nan lè li resevwa mesaj sè yo. Olye de sa, li te vle montre tout moun li gen pouvwa sou lanmò. Se konsa Jezi te tann kèk jou avan li ale Betani, kote Laza ak sè l yo ap viv la. Lè Jezi te rive, Laza te gentan mouri. Tou de sè yo t ap plenyen akoz Jezi te pran tan pou l vini, sinon frè yo a pa t ap mouri. Sepandan, Jezi te ankouraje yo kwè ke Laza kapab leve vivan ankò. Lè yo te rive nan kavo kote Laza te antere a, Jezi te mande yo woule wòch la. Apresa li di "Laza, soti!"
3. **Laza** te leve soti vivan nan lanmò lè Jezi te di pawòl sa yo! Li te soti nan kavo a ak tout rad yo te antere l yo sou li. Tout moun te kontan!

Sans Tèks la

Pasaj sa kapab mete moun nan konfizyon. Disip yo te nan konfizyon èske Laza t ap dòmi oubyen li te mouri tout bon. Sè Laza yo te nan konfizyon sou nati rezireksyon Laza Jezi anseye- èske se pra 1 kounya oubyen nan fen tan an?

Nan mitan tout konfizyon sa yo, te genyen anpil emosyon: Toma sanble reziye l pou l mouri avèk Jezi, epi Jezi te kriye akoz chagren ke zanmi l yo t ap andire. Toma rete kwè ke aksyon sa t ap pral Mennen ak lanmò paske pèp la t ap eseye kalonnen Jezi ak wòch lè l tap anseye nan Jerizalèm. Jezi te kriye paske, nan santiman l kòm moun, gwo lapenn zanmi l yo depase l.

Nan mitan tout bagay sa yo, Jezi te fè yon mirak, li resisite yon nonm ki gen kat jou depi l te mouri.

Lè opozan Jezi yo, relije Jwif yo, te tande Jezi resisite yon zanmi l ki te mouri, yo te pè pou pèp la pa t reklame Jezi kòm liberatè yo, epi Women yo pral vini pou kraze tout rebelyon. Otorite Jwif yo kwè ke Women yo ap vini pou kraze tout rebelyon, epi yo pral retire tout dwa ke Izrayel yo te genyen. Se konsa, chef relije yo pral deside ke Jezi dwe mouri pou byen Izrayèl.

Yon bagay ki kapab fè nou ri, yo kondane Jezi pou l mouri paske li resisite Laza ki te mouri.

Dezyèm Tèks: Sa se youn nan chante Ezayi yo konsènan sèvitè ki pral soufri a ke Kretyen yo konnen Jezi se Mesi a. Jezi pa t sèlman mache sou latè tankou yon gran pwofesè ak yon moun ki konn fè mirak, li te soufri tankou ti mouton sakrifis la. Jezi te konnen soufrans, chagren, ak rejè. Jezi se gran sakrifikatè, sila ki pran soufrans ak chagren nou yo, paske li konnen lapenn nou.

Chapit sou Prensip Lafwa: XIV. Gerizon Mirak. Gerizon fizik se youn nan fason Jezi te manifeste divinite l. Menmsi Jezi pa t geri tout malad ni li pa t resisite tout moun ki mouri nan epòk li a, Jezi te itilize maladi fizik pou l montre pouvwa l dèyè ansèyman li yo. Ministè Jezi a kontinye nan premye Legliz la pandan moun ap resevwa ansèyman ak gerizon atravè pouvwa sentespri a. Bondye kontinye geri moun jis kounye a tou. Kèk fwa gerizon yo fèt nan moman n ap lapriyè. Kèk fwa Bondye geri moun atravè lasyans medikal. Kèk fwa repons Bondye pou gerizon se pasyans ak andirans devan maladi. ([2 Korentyen 12:7-10](#)). Pou fini, kèk fwa pi gran gerizon Bondye ofri pitit li yo, se rekompans pou wè l fas a fas nan laglwa ([Filipyen 1:20-24](#)).

- **Tèt:** Kisa ki t ap pase si Bondye pa t pran demann gerizon nou yo oserye?
- **Kè:** li difisil pou konprann rezon ki fè Bondye reponn "wi," pou kèk priyè gerizon epi li reponn "non." Pou kèk lòt. Ki espwa tout Kretyen yo genyen, parapò ak repons Bondye pou priyè yo?
- **Mem yo:** Ki fason Pratik ou kapab pote gras Bondye bay moun ki malad yo oubyen sila yo ki rete lakay yo semèn sa?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou Lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anlè a pouk klas la.
- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Kisa Tèks la Vle Di:**? Ministè Jezi a pa t fasil. Foul moun yo te toujou mal konprann ansèyman Jezi yo. Disip li yo te panse li t ap yon lidè politik pou gouvène Izrayèl. Opozan yo ta dwe anbrase ministè li a, olye de sa, yo te konplete pou touye l. Non, Jezi pa t abandone misyon Bondye pou lavi l. Jezi pa t konsidere lanmò kòm yon gwo pri pou l peye pou lavi nou. Okontré, Jezi te travay nan moun ki pa t konprann li yo ak moun ki t ap swiv li yo ki te manke lafwa nan li. Akoz obeyisans Jezi, youn nan yo p ap ka separe nou ak lanmou Bondye pou nou nan Kris la.
 - Poukisa ou panse pawòl Jezi nan pasaj sa te mete disip yo ak sè yo nan konfizyon?
 - Nan ki fason Jezi se rezireksyon ak lavi nan lavi w?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Dwe Ye?** Jezi, antanke Mesi, te antre nèt nan limanite nou an. Jezi te konnen doulè, rejè, opozisyon ak grangou. Paske Jezi te antre nèt nan limanite nou an, pa gen okenn lapenn oswa soufrans, doulè oswa dout, ki twò difisil pou Jezi jere. Nou ka mete sou Jezi tout dout ak doulè nou yo, konnen Jezi pral konsole nou epi geri nou.
 - Ki emosyon wap sibi ki bezwen rekonfò ak gerizon nan men Jezi?
 - Kisa nou kapab fè lè nou twonpe de repons Jezi konsènan priyè nou yo oubyen tan pa l yo?
- **Men yo: Kijan nou kapab mete pawòl Bondye an Pratik?** Disip Jezi yo te kontinye swiv li, malgre yo pa t konprann poukisa li t ap retounen nan peyi Jida. Sè Laza yo te kontinye fè jezi konfyans malgre yo pa t jwenn repons ak priyè yo nan moman yo te vle sa. Kretyen yo bezwen pran kouraj pou yo konnen, nou pa bezwen konnen tout repons oubyen genyen bon kantite lafwa pou nou swiv Jezi. Jezi dakò mank lafwa ak dout nou yo, epi li envite nou pou n grandi epi gen matirite menm jan li menm li te montre lanmou ak lafwa. Sou wout la, Jezi rele Kretyen yo pou pran kantite lafwa ak kouraj yo genyen an, epi itilize l pou montre lanmou Jezi a ak lòt yo ki manke lafwa ak kouraj. Kretyen an montre glwa Bondye, lè li vin anbasadè lanmou ak kouraj Jezi a.
 - Poukisa li enpòtan pou Kretyen yo fè ministè nan lavi lòt yo, menmsi se avan yo chache genyen pwòp lavi ak lafwa pa yo?
 - kijan Bondye itilize eksperyans soufrans ak lawont nou yo pou ede lòt yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 80

Tit Leson an: Jezi Antre Jerizalèm

Tèks Leson an: [Lik 19:28-44](#)

Dezyèm Tèks: [Zakari 9:9-13](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt antre Jezi nan Jerizalèm akonpli pwofesi Mesi viktorye a jan yo te rakonte sa nan Ansyen Testaman an.
- **Kè:** Reflechi sou tou de viktwa ak trajedi evènman sa a. Foul la selebre Jezi, sepandan, Jezi kriye sou Jerizalèm paske li konnen otorite relije yo ap kontinye rejte l.
- **Men yo:** Viv yon lavi adorasyon. Toujou konnen prezans ak travay Bondye bò kote w.

Leson an nan yon Vèsè: Lè li rive toupre Jerizalèm, nan ladesant mòn Oliv la, yon sèl kontantman pran tout foul moun ki t'ap swiv li yo; yo pran fè lwanj Bondye byen fò pou tout mirak yo te wè. ([Lik 19:37](#))

Rezime Tèks la

Yon jou, Jezi ak disip Li yo t ap vwayaje Jerizalèm. Anvan yo rive nan vil la, yo kanpe bò mòn Oliv la. Jezi di de nan disip li yo pou yo ale nan vilaj la. Yo t ava jwenn yon bourik ak yon ti bourik mare nan yon poto. Yo te gen pou di pwopriyetè a ke Jezi te bezwen bêt yo e ke Li t ava mennen yo tounen lè Li te fini ak yo. Disip yo antre nan vil la, yo jwenn bourik la ak ti bourik la jan Jezi te di a. Yo mennen bêt yo tounen bay Jezi epi yo mete rad yo sou do bêt yo. Jezi chita sou yo epi li antre nan vil la. Foul moun yo te swiv Jezi nan Jerizalèm. Yo t ap balanse branch palmis an lè epi yo t ap rele byen fò, "Ozana Pitit David la! Benediksyon pou moun ki vini nan non Seyè a!" (NIV). Pèp la t ap trete Jezi tankou yon wa. Men, Jezi te konnen moun sa yo t ap fache e yo t ap vire do ba Li.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Ti bourik la.** Anvan Jezi te antre Jerizalèm pou dènye fwa, li te bay disip li yo lòd pou yo jwenn yon ti bourik. Jezi monte Jerizalèm sou ti bourik la, li fè konnen se li ki Mesi Zakari te pwofetize konsènan li a.
2. **Louvri dra atè a.** Lè pwofèt Elize te wen li kòm wa, kèk nan moun Jerizalèm yo te akeyi Jezi kòm wa yo. ([2 Wa 9:13](#))
3. **Souke branch palmis yo** se te yon siy pou selebre provizyon ak atansyon Bondye pou Izrayelit yo. ([Levitik 23:40](#))
4. **Fè lwanj pou Bondye.** Foul moun yo te fè lwanj pou Bondye tou lè Jezi te antre Jerizalèm. Yo t'ap rele byen fò mo ki nan Sòm 118:26.

Sans tèks la

Jezi te antre nan Jerizalèm nan fèt Pak la kòm yon wa. Antre li a make ak anpil alizyon nan Ansyen Testaman sou yon wa viktorye k ap antre nan vil la. Sepandan, byenke kèk nan foul moun yo t ap selebre Jezi kòm wa, otorite relije yo pa t fè sa. Yo te eskandalize adorasyon foul la t ap bay Jezi a, yon fason pou li te anpeche yo.

Nan mitan tout bagay sa yo, Jezi te kriye sou Jerizalèm. Jezi konnen otorite relije yo, ki ta dwe akeyi l kòm Mesi a, pita pral konplore lanmò li. Jezi konnen tou foul moun sa yo k ap selebre antre li a espere li se yon Mesi politik ak militè ki pral libere yo anba kontwòl Wòm. Menm disip Jezi yo pral abandone li lè gad yo vin arete l. Se sa ki fè, tout moun te mal konprann Jezi.

Sepandan, Jezi konnen se chemen Bondye a pou li, pandan pral gen gwo doulè ak soufrans pandan kèk jou kap vini yo, obeyisans Jezi nan plan Bondye a ta pral mennen nan delivrans pou tout moun ki anbrase Jezi kòm vrè Mesi a. Disip yo pral gade dèyè nan evènman sa yo apre rezirèksyon an epi rekonèt, alòske yo ak anpil moun te mal konprann ministè Jezi a, sa pa te anpeche Jezi vin kalite Mesi Bondye te pwomèt la.

Dezyèm Tèks : Moun ki espere yon Mesi militè yo li pasaj sa a kòm yon pwomèz egzakteman jan yo te vle a. Sepandan, apre rezirèksyon Jezi a, moun ki te fè eksperyans delivrans Jezi ak libète anba peche yo te rekònèt pasaj sa a te vle di Mesi a pa tap konkeri Wòm, men men pito peche ak lanmò.

Etid Biblik

Lapriyè

- Fè demann lapriyè ak lwanj.
- Mèsi Bondye pou lwanj nou fè monte yo pa.
- Priye pou demann lapriyè yo.
- Mande Lespri Sen an louvri kè nou ak lespri nou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Rezime “Sans Tèks” ki soti anwo a pou klas la.
- Li tou de tèks leson Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte ankò tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Ki sa tèks la vle di?** Kit li te entèdi disip li yo pale lòt moun sou Transfigurasyon an, oubyen li te fofile ale lè foul moun yo te vle fè l wa pa fòs la, Jezi te evite kite moun yo rekònèt idantite li kòm Mesi. Sepandan, Antre triyonfal li nan Jerizalèm te chanje sa. Kounye a, yon fason pou l akonpli pwofesi Ansyen Testaman yo konsènan Mesi a, Jezi kite foul moun yo chante lwanj li antanke Mesi. Foul moun yo toujou pa konprann ki kalite Mesi Jezi te ye, sepandan, apre rezirèksyon li, yo pral konprann sa.
 - Ki fason moun yo jodi a mal konprann ki kalite wa Jezi ye?
 - Poukisa otorite relijye yo te vin fache anpil ak lwanj foul moun yo te fè pou Jezi a?
- **Kè: Kiyès tèks la di nou ta dwe ye?** Tout moun te mal konprann nati ministè Jezi a: foul moun yo, otorite relijye yo, menm disip li yo. Yo tout te wè Jezi an tèm de pouvwa ak otorite lèzòm, men Jezi te vin pote pouvwa ak otorite espirityèl. Kretyen yo bezwen fè atansyon pou yo kenbe kè yo ak lespri yo ouvè nan ansèyman Jezi yo pou yo pa tonbe nan pèlen ki ka lakoz yo pa konprann ministè Jezi a nan lavi yo ak nan mond sa a.
 - Sou Ki moun Jezi ap kriye jodi a, moun ki gen move konpreyansyon sou Jezi?
 - Ki kèk nan move lide ou te gen sou Bondye ke Jezi korije?
- **Men yo: Ki jan nou kapab mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Adorasyon se yon mòd de vi. Byenke gen jou espesyal kote kretyen yo adore ak lòt moun, chak kretyen ta dwe fòmate jounen li yo nan remèsiman ak louwanj pou Bondye.

- Ki kèk fason ou ka adore Jezi chak jou nan semèn nan?
- Ki rezon ou genyen pou w bay Bondye remèsiman ak lwanj?

Aplikasyon

- Chwazi yon moun pou rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
 - Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 81

Tit Leson an: Jezi Netwaye Tanp lan

Tèks Leson an: [Lik 19:45-48](#)

Dezyèm Tèks la: [Jeremi 7:1-11](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konnen Jezi pa te vini pou sove pechè yo sèlman, men tou, pou korije abi kèk moun te pote nan adorasyon Bondye a.
- **Kè:** Reflechi sou relasyon ou ak lajan. Èske richès ou, oswa mank richès ou, mete separasyon ak apèl Bondye a sou lavi ou?
- **Men yo:** se pou ou saj nan fason ou itilize epi pataje lajan ou. Jwenn fason pou kraze nenpòt pouvwa ke lajan gen nan lavi ou lè ou jenere nan resous ou ak lòt moun.

Leson an Nan yon vèsè: Li di yo: Men sa ki ekri: Se pou kay mwen an yon kay kote moun vin lapriyè nan pye m'; men, nou menm, nou fè l' tounen kachèt volè. ([Lik 19:46](#))

Rezime Tèks la

Apre Jezi te monte bourik la ak ti bourik la pou antre Jerizalèm, Li te kanpe nan tanp lan pou li adore. Lè Li antre nan lakou tanp lan, Li te wè kèk moun ki t ap vann bêt bay moun pou yo fè sakrifis. Li te wè yo ap chanje lajan tou. Pandan Jezi t ap gade mesye yo, li te remake yo t ap twonpe moun yo epi yo t ap fè anpil lajan. Jezi te fache anpil sou mesye sa yo paske yo t ap bay manti epi yo t ap twonpe moun yo pandan yo te nan Tanp lan, kay Bondye a. Jezi kouri bò tab yo, li chavire yo tèt anba. Zwazo yo te vole anlè, epi bwat lajan yo te tonbe atè a. Jezi te tèlman fache li te kòmanse rele sou mesye yo. Li te di, “Yo pral rele kay mwen an yon kay lapriyè,” men nou fè l' tounen yon ‘kavo volè” (NIV). Apre Jezi te fin di sa, mesye ki t ap twonpe moun yo te tèlman pè, yo kouri soti nan Tanp lan.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Lakou Tanp lan.** Lè Izrayelit yo te vin nan Tanp lan pou yo fè sakrifis oswa bay ofrann, te gen règleman espesyal sou ki kalite bêt ak lajan yo te kapab itilize. Yon fason Pou asire ke adoratè yo te gen kalite bêt ak lajan ki nòmal, gen kèk moun ki te mete tab nan lakou tanp la pou vann bagay sa yo. Vandè yo souvan chaje pri ki wo anpil pou bagay sa yo.
2. **Jezi** yon jou te antre nan Lakou Tanp lan li te fache paske vandè yo t ap fè biznis nan yon zòn kote moun lòt nasyon yo te sipoze vin adore Bondye. Jezi te fache tou akoz pri vandè yo te tèlman wo sa ki te fè pèleren relijye ki te vin adore Bondye nan Jerizalèm yo mal.
3. **Moun ki fache yo.** Anpil moun te fache anpil kont Jezi akoz sa li te fè a. Vandè yo te fache, menm jan ak otorite relijye yo. Yo te pè Jezi epi disip li yo ta pran tout lajan yo ak pouvwa yo.

Sans Tèks la

Yon ti tan apre foul moun yo te fè lwanj Jezi nan Antre Triyonfal la, Jezi te antre nan Lakou Tanp lan. li Fache paske moun yo t ap fè biznis kote yo te sipoze lapriyè, Jezi chavire tab vandè yo. Aksyon Jezi yo isit la se pa rezulta kòlè ki pa gen kontwòl. Men pito, Jezi te demontre Pawòl Bondye a nan sitiyasyon patikilye sa a.

Pwofite avantaj pèleren relijye yo pa te yon bagay nouvo nan epòk Jezi a. Aksyon li yo isit la akonpli pwofesi Ezayi ak Jeremi ki tou de te avèti Izrayelit yo pou yo pa pwofite youn sou lòt.

Dezyèm Teks: Bondye te voye Jeremi preche kont abi yo nan Izrayèl. Bondye te rele Izrayelit yo pou yo pran swen youn lòt kòm yon ekspresyon lanmou yo gen pou Bondye. Sepandan, olye pou youn pran swen lòt avèk lanmou, anpil Izrayelit t ap pwofite youn lòt.

Etid Biblik

Lapriyè

- Fè demann lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Priye pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a louvri kè nou ak lespri nou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks yo pou Leson Biblik la.
- Rezime "Sans Tèks la" ki anwo a pou klas la.
- Li tou de tèks yo ki pou lesong Biblik la ankò.
- chwazi yon moun pou rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle di?** Byenke li souvan mande lajan pou legliz la fonksyone epi peye pastè yo, pafwa lajan kapab vin yon obstak fas ak misyon Bondye nan mond lan. Li pa bon pou moun pran avantaj sou lòt moun finansyèman. Jezi te fache anpil akoz moun ki t ap di y ap swiv Bondye yo t ap pwofite pèleren reliye yo. Li te fache tou paske se nan lakou Tanp lan yo t ap fè abi sa a.
 - Poukisa renmen lajan se yon tantasyon pwisan pou anpil moun?
 - Poukisa gen kèk lidè kretyen ki tonbe nan peche nan pran avantaj sou lòt moun?
- **Kè: Ki moun tèks la di nou ta dwe ye?** nan lide pou pwoteje tèt yo kont renmen lajan, kretyen yo ta dwe toujou pratique jenewozite. Lè kretyen yo bay lòt moun, yo pa sèlman raple tèt yo jenewozite Bondye a, men tou, yo mete lanmou Bondye a an aksyon.
 - Akoz vandè yo renmen lajan sa te fè Jezi fache. Èske gen yon bagay ki gen rapò ak lajan ki ka fè ou fache?
 - Ki jan nou ka byen konprann sa nou ta dwe fè ak lajan nou?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Jezi vle kretyen yo asire yo ke lajan pa kontwole aksyon yo ak valè yo. Kretyen yo ta dwe toujou kenbe lajan nan plas li, kòm yon resous kretyen yo itilize pou ede fanmi yo, legliz, ak lòt moun. Lajan pa sipozeTounen yon zidòl pou kretyen yo.
 - Ki jan ou kapab jenere ak lòt moun semèn sa a, swa nan pataje tan ou, trezò ou, oswa talan ou yo?
 - Ki jan ou ka pran yon bagay ki fè ou fache, epi retire yon bon bagay nan kòlè sa a?

Aplikasyon

- Chwazi yon moun pou rakonte tèks prensipal lesong Biblik la ankò.

- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesoun pou jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn pou lòt, epi viv lesoun jodia nan sajès.

Leson Biblik # 82

Tit Leson an: Vèv la bay Ofrann Li an

Tèks Leson an: [Mak 12:38-44](#)

Dezyèm Tèks: [2 Korentyen 9](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt ke vrè jenewozite a se bay Bondye tout bagay, pa sèlman sa nou panse nou kapab bay.
- **Kè:** Konsole ou, Bondye pa konsidere nou dapre bank richès nou, men pito bank jenewozite nou.
- **Men yo:** Se pou ou gen volonte pou pataje sa ou genyen ak lòt moun, menm si ou panse ou pa ta genyen ase.

Leson an nan yon Vèsè: Sonje sa: Nenpòt moun ki simen ti kras ap rekòlte ti kras tou, epi Nenpòt moun ki simen san gade dèyè ap rekòlte anpil. ([2 Korentyen 9:6](#))

Rezime Tèks la

Yon jou, Jezi te Jerizalèm epi li te pase kèk moman nan tanp lan. Pandan Li te la, Li wè moun ki t ap pote ofrann yo. Te gen yon bwat trezò nan tanp lan, epi moun yo t ap pwoche bò kote bwat la pou yo te mete lajan yo. Jezi te kanpe lòt bò chanm nan epi li te gade moun yo pandan yo ap mete lajan yo nan bwat trezò a. Li te wè anpil moun rich mete gwo kantite lajan. Apre sa, li wè yon fanm ki t ap antre nan tanp lan. Fanm nan te yon vèv, sa vle di mari li te mouri. Nan epòk sa a, fanm ki te vèv yo te pòv anpil. Jezi te gade fi a ki t ap apwoche bwat trezò a epi li te mete de ti pyès monnen an kwiv ladan li. Pyès monnen yo te sèlman vo yon santim, men se te tout lajan li te genyen. Jezi te di disip li yo ke fanm pòv sa a te bay plis lajan pase tout lòt moun yo te mete ansanm. Li te bay tout sa li te genyen, men lòt yo te jis bay yon ti kras nan sa yo te genyen.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Lakou Tanp lan.** Jezi ak disip li yo nan tanp Jerizalèm nan pandan Fèt Pak la. Jezi ap anseye sou Wayòm Bondye a.
2. **Vèv la.** Yon pòv vèv te antre nan tanp lan pou li te bay ofrann li bay Bondye. Bwat ofrann kote moun te bay ofrann yo te nan yon pati publik nan tanp lan. Ofrann li an pa te prèske vo anyen, de pyès monnen an kwiv, ki te pi piti pyès monnen k ap sikile.
3. **Jezi** te chita apre ansèyman epi li tap obsèvè ofrann anpil moun ki t ap mete nan bwat ofrann lan. Lè Jezi wè vèv la t ap bay ofrann li an, li rele disip li yo pou yo vin jwenn li epi pou yo koute plis ansèyman. Ansèyman li tap bay yo a: Ofrann vèv sa a pi gwo pase ofrann tout lòt yo. "Jezi te pale nan yon sans, pa gwosè kado a, men sa vèv la te bay la konpare ak sa li te posede. Moun rich yo te ka bay pi gwo kantite lajan, men konpare ak riches yo, kado pa yo te piti anpil. Vèv sa a, byenke kantite lajan li te bay la te piti anpil, se te tout sa li te gen pou bay. Se poutèt sa, Jezi fè lwanj vèv sa a paske li te tèlman fè Bondye konfyans, li te tèlman rekonesan pou bonte Bondye li te bay Bondye tout sa li te posede.

Sans Tèks la

Popilasyon Jerizalèm lan te eksplode dis fwa gwosè nòmal li pandan semèn fèt yo. Pèleren relije yo ki te rasanble Jerizalèm te pote anpil lajan pou yo bay nan tanp lan kòm ofrann e pou yo te depanse nan sakrifis. Izrayelit yo te dwe bay yon pòsyon nan revni yo te genyen depi dènye fwa yo te vizite tanp lan. Se poutèt sa, moun rich yo ta gen anpil pou bay, pòv yo sèlman yon ti kras. Bay ofrann nan tanp lan se te yon aksyon publik.

Byenke anpil moun te enpresyone lè yo wè gwo ofrann rich yo te bay, Jezi te enpresyone ak ti kras vèv sa a te bay pito. Pou Jezi, se pa gwosè kado a ki enpòtan men gwosè kè a ki te bay kado a. sa pa te deranje ekonomi moun rich yo paske yo te bay Bondye yon ti pousantaj nan richè yo. Se te yon gwo fado ekonomik pou vèv sa a bay tout sa li te genyen. Sepandan, li te bay ak yon kè rekonesan, epi konsa sa pa te fè li mal pou li bay tout sa li te genyen.

Vèv sa a reprezante youn nan gwooup moun ki pi pòv e ki pi frajil nan epòk Jezi a. Li te konplètman depann sou jenewozite lòt moun pou reponn ak bezwen chak jou li yo. Olye ke sitiyasyon sa a te fè li kenbe tout lajan li te genyen an, li te volontèman bay Bondye tout pandan li fè Bondye konfyans ke Bondye bon epi Li t ap fè pwovizyon pou bezwen Li yo.

Dezyèm Tèks: Apot Pòl te ekri kretyen Korent yo sou enpòtans pou yo jenere. Espesyalman, Pòl ap mande kretyen Korent yo pou yo bay san gad dèyè pou kretyen pòv ki nan Jerizalèm yo. Jenewozite se yon ekspresyon enpòtan nan lanmou Bondye. Paske Bondye bay ak lanmou epi sousye pou nou, nou bezwen bay nan lanmou epi sousye pou lòt moun.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande demann lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye Mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri an louvri kè nou ak lespri nou pou nou resewva ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks Leson Biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" la anlè a pouk klas la.
- Li tou de tèks lesон Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Souvan gen yon diferans ak sa Bondye panse ki enpòtan epi sa lèzòm panse ki enpòtan. An jeneral, lèzòm gade sa ki deyò pandan ke Bondye gade nan kè. Kidonk, byenke li t ap natirèl pou yo te enpresyone ak gwo ofrann rich yo te bay, Jezi te enpresyone ak kè vèv la pito. Pou Jezi, gwosè kado a pa enpòtan, men gwosè kè ki bay kado a. Vèv la te bay tout sa li te genyen volontèman paske li te fè Bondye konfyans nan tout bagay.
 - Anplis lajan, ki lòt fason moun ka jenere anpil anvè Bondye?
 - Poukisa gen kèk moun ki pè pou yo jenere anvè Bondye?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di nou ta Dwe Ye?** Yon kè jenere se rezulta yon moun ki fè Bondye konfyans e ki renmen lòt moun. Yon kè ki pa jenere se rezulta yon moun ki pa fè Bondye konfyans oswa ki pa renmen lòt moun. Se pa gwosè kado a ki detèmine si yon moun jenere, se gwosè kè ki bay kado a. Sepandan, jenewozite se pa yon kado yo imedyatman bay yon kretyen. Men pito, Bondye grandi kado a nan kè kretyen an. Nan fason sa a, yon kretyen ka aprann fidelite Bondye nan ti zafè lavi yo epi tou fè Bondye konfyans ak gwo zafè yo.

- Lè Bondye gade ou, ki tan, talan ou yo, oswa trezò ou genyen ke Bondye kapab itilize pou byen lòt moun?
 - Kisa k ap passe nan kè kretyen yo lè yo refize jenere anvè lòt moun, men yo ap tann Bondye jenere anvè yo?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Mwen espere ke ou deja jenere anvè lòt moun ak benediksyon Bondye. Sepandan, kretyen yo bezwen sansib anvè direksyon Bondye nan lavi yo, paske Bondye ap souvan rele nou pou nou ale pi lwen passe sa nou te fè nan tan passe epi pran nouvo etap nan konfyans ak lafwa ak jenewozite pou lòt moun.
 - Lè Bondye mete yon sitiyasyon devan nou kote nou kapab jenere , konbyen tan nou ta dwe passe ap deside si nou ap gen mwayen oubyen nou p ap gen mwayen pou jenere ou non?
 - Ki jan lè nou obsève fason lòt kretyen bay ka alafwa ede nou ak nwi nou nan devlope pwòp jenewozite nou?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou li rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan group la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 83

Tit Leson an: Soupe Pak la

Tèks Leson an: [Lik 22:1-23](#)

Dezyèm Tèks: [Egzòd 11](#), [Egzòd 12:1-13](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann ke Jezi transfòme repa Pak la soti nan yon repa redanmsyon sou libète anba esklavaj nan peyi Lejip la pou tounen yon repa redanmsyon sou libète anba esklavaj peche.
- **Kè:** Reflechi sou pri enkwayab Jezi te peye pou pote Sali nan mond lan.
- **Men yo:** Patisipe nan Soupe Senyè a ak anpil respè pou sakrifis Kris la ak gwo lajwa pou libète ou anba esklavaj peche.

Leson an nan yon Vèsè: Epi “Jezite di yo,” Mwen gen anpil dezi pou mwen manje Repa Pak la ak nou avan mwen soufri. ([Lik 22:15](#))

Rezime Tèks la

Chak ane, pèp Jwif la t ap selebre Fèt Pak la. Yon jou Pak nan aswè, Jezi ak tout disip yo te manje repa Pak la ansanm, Se t ap dènye Soupe Jezi t ap pran avèk disip li yo. Pandan yo te ap manje konsa, Jezi te gade zanmi li yo epi li di youn nan yo va trayi li. Trayi vle di denonse yon zanmi. Disip yo te tris yo te ap di yo pap janm fè sa. Jezi te di nonm ki va tranpe pen li nan bòl la an menm tan ak li a va trayi li. Lè Jezi gade Jida, li di, “Wi, se ou menm” (NIV). Lè sa a, Jezi pran moso pen epi Li te kase li. Li te di lè yo te manje pen an, yo ta dwe panse ak kò li ki pral brize. Apre sa, Jezi pran yon gode ki te plen diven wouj. Li te di ke lè yo te bwè diven an, yo ta dwe panse ak san li ki pral koule pou peche yo. Lè nou fè sa nan legliz jodi a, nou rele li kominyon.



Ansèyman apati Imaj la

1. **chanm Anwo a.** Pandan moman Pak la nan Jerizalèm, Jezi te mande Pyè avèk Jan pou yo prepare yo pou selebre repa Pak la. Repa Pak la se yon selebrasyon anyèl kote jwif yo pataje ansanm sa ki raple jan Bondye te sove Izrayelit yo anba esklavaj nan peyi Lejip.
2. **Pen ak Diven.** De nan eleman Repa Pak la se te pen san ledven ak diven.
3. **Jezi,** konnen se ta pral dènye Repa li ak disip yo anvan lanmò li te transfòme Repa Pak la pou di selebrasyon, pa sèlman soti nan esklavaj nan peyi Lejip, men tou soti nan esklavaj peche. Jezi te kase pen an epi li te di disip li yo sa a reprezante kò li ki pral brize pou yo. Jezi te pase diven an epi li di disip yo sa a reprezante san li ki gen pou koule pou yo.
4. **Disip yo** pa te konprann sa Jezi te vle di. Sepandan, apre rezirèksyon Jezi, yo te finalman sonje konprann sa Jezi te vle di.

Sans Tèks la

Bondye te fè plan Sali pou Izrayèl soti anba esklavaj nan peyi Lejip. Sepandan, Izrayelit yo te oblige obeyi pawòl Bondye konsènan make pòt yo ak san. chak ane Jwif yo selebre Repa Pak la pou sonje evènman kle sa a nan istwa yo.

Kounye a, nan Jezi, Bondye fè plan Sali pou lemond antye soti nan esklavaj peche yo. Sepandan, moun yo bezwen obeyi pawòl Bondye a pou yo ka resevwa Sali sa a. Soupe Senyè a se yon selebrasyon kretyen yo selebre souvan pou sonje evènman kle sa a nan vi yo.

Disip yo toujou pa konprann ke Jezi ta pral mouri pou peche yo. Yo toujou kwè li pral yon lidè politik ak reliye ki pral kraze pouvwa Wòm genyen sou pèp Izrayèl la. Men pito, Jezi se Pitit Gason Bondye a, ki mouri epi rezireksyon li pral kraze pouvwa peche a sou lavi kretyen yo. Sepandan, Jezi toujou pataje repa espesyal transfòmasyon sa a avèk yo, menmsi yo pa konprann kounye a, apre rezirèksyon li, yo pral sonje sa ki te pase a. Souvni repa sa a pral fè yo sonje ke Jezi te konnen depi lotan ke lavi li te ap fini sou kwa a.

Dezyèm Tèks: (Gade lesion # 16 pou plis enfòmasyon) Apre li te refize libere Izrayelit yo soti nan peyi Lejip, menm apre anpil kalamite, finalman, apre flewo Premye Ne a, Farawon te mete pèp Izrayèl la deyò nan peyi Lejip. Kòm yon souvni ki dire lontan nan travay pisan Bondye te fè an favè pèp Izrayèl la kote Bondye te touye premye pitit moun peyi Lejip yo, men li te "Pase Sou" kay Izrayelit yo mak san ti mouton an, Izrayelit yo dwe selebre Repa Pak la Chak ane.

Chapit sou Prensip lafwa: XIII. Repa Senyè a. Repa Senyè a se dezyèm nan de sakreman ke Legliz Nazarèt la te pratike. Yon Sakreman se yon siy eksteryè konsènan gras ki manifeste alenteryè. Nan premye sakreman an, Batèm, nòmalman pratike yon sèl fwa nan kòmansman vwayaj espirityèl yon kretyen, Soupe Senyè a dwe pratike sou yon baz regilye jiskaske kretyen an resevwa rekonpans ki pap janm fini an. Jezi te etabli Repa Senyè a nan mitan lannwit trayizon li a, pandan li te rasanble ak disip li yo pou selebre Repa Pak la (Gade Leson # 16 pou enfòmasyon sou Pak la). Jezi te defini ankò Repa Pak la epi li te ba li yon nouvo siyifikasyon pandan li ap tann lanmò li ak rezirèksyon ki te ap vini. Sepandan se

te san yon ti mouton ki te sove Izrayelit yo anba dènye flewo Bondye te voye sou Ejip la, kounye a, se gras ak san Jezikri, Ti Mouton san tach Bondye a, Sali pral vini nan lemond. Jezi mande disip li yo pou yo pratike Repa Senyè a, yon fwa pa ane tankou Repa Pak la, men sou yon baz regilye.

- **Tèt:** Ki resanblans ak diferans ki genyen ant delivrans Bondye pou pèp Izrayèl la anba esklavaj nan peyi Lejip ak delivrans Bondye pou kretyen yo anba esklavaj peche yo?
 - **Kè:** Ki emosyon ak santiman ou santi lè ou sonje sakrifis Jezi te fè pou ou sou kwa a?
 - **Men yo:** Ki diferans sa fè nan lavi ou akoz Jezi mouri sou lakwa pou ba ou yon chemen Sali?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri an louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou jodi a.

Koute

- Fè lekti toulede tèks yo pou Leson Biblik la .
- Fè rezime "Sans Tèks" la anlè a pou klas la.
- Fè lekti toulede tèks yo pou lesion Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Dezi Bondye se pou libere gason ak fanm yo anba esklavaj. Kit se esklavaj peyi Lejip oswa esklavaj peche, Bondye bay yon chemen pou Sali. Kòm yon souvni nan travay Bondye a, Bondye te etabli repa espesyal yo. Manje sa yo sèvi pa sèlman pou rapple Ptit Bondye yo sa Bondye fè pou yo, men tou pou sèvi kòm yon opòtinite pou renouvel devosyon yo pou Bondye ak travay Bondye nan lavi yo ak nan mond lan. Soupe Senyè a, kòm nouvo repa Jezi a, se yon bagay espesyal pou kretyen yo paske nan li yo pa sèlman sonje yon ti mouton tout bon, ki te mouri pou Sali yo, men menm ti Mouton Bondye a, Jezikri. Kretyen yo kwè tou ke Bondye fòtifye yo epi ankouraje yo pandan yo ap patisipe nan Repa Senyè a. Konsa, Repa Senyè a se alafwa yon tan nan reverans pou gwo sakrifis Jezi a, ak yon tan selebrasyon pou gwo lanmou Jezi.

- Ki sa ki vin nan lespri ou lè ou reflechi sou soufrans Jezi pou li te ka sove w?
- Poukisa selebrasyon Repa Senyè a si enpòtan pou lavi Kretyen an?
- **Kè: Ki Moun Tèks la Di Nou ta Dwe ye?** Bondye te achte Sali kretyen an ak yon pri ki wo anpil, lavi Jezikri. Kidonk, kretyen yo pa dwe trete sa ki te koute Bondye chè a

pou bon mache. Kidonk, kretyen yo dwe viv avèk yon gwo respè ak rekonesans pou lanmou ak sakrifis Jezi a.

- Poukisa ou panse Jezi te andire soufrans kwa a?
- Kijan ou panse disip yo te santi yo konsènan repa sa a apre rezirèksyon Jezi a?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Pratik Repa Senyè a ta dwe alafwa yon tan reverans nan imilite, ak yon tan lajwa nan selebrasyon. Lè sa a, ak gras Bondye bay nan Repa Senyè a, kretyen an ta dwe viv semèn kap vini an nan gwo imilite ak selebrasyon.
 - Kijan ou ka prepare kè ou ak lespri ou pou ou resevwa Repa Senyè a nan yon fason ki gen sans?
 - Kijan lavi ou ka reflete pouvwa lanmou Kris la nan semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
 - Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès pou viv leson jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 84

Tit Leson An: Jezi Priye nan Jetsemane

Tèks Leson an: [Lik 22:39-46](#)

Dezyèm Tèks: [Ezayi 50:4-7](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Reflechi sou kè sere Jezi te genyen pandan li te ap prepare pou arrestasyon ak lanmò li.
- **Kè:** Konprann enpòtans pou priye regilyèman pou jwenn fòs pou pa tonbe nan tantasyon.
- **Men yo:** Fè plan pou pase yon bon tan poukонт ou nan lapriyè, konsantre ou pou konnen volonte Bondye sou lavi ou.

Leson an Nan yon vèsè: Li di: Papa, si ou vle, tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se pa volonte mwen' ki pou fèt, se volonte pa ou. ([Lik 22:42](#))

Rezime Tèks la

Apre Jezi fin pran Dènye Soupe ak disip yo, Li mennen yo nan Jaden Jetsemane. Jezi te vle yo rete tann pandan Li te ap priye Papa Li ki nan Syèl la. Jezi mande, Jak ak Jan, pitit Zebede yo, ak Pyè pou yo ale avèk Li nan yon kote espesyal nan jaden an kote Li te renmen priye Bondye. Jezi te konnen nan yon titan yo te ap vin pran Li pou yo touye Li. Jezi te di Bondye ke Li reyèlman pa vle mouri, men si se sa Li vle, Li va obeyi. Lè Jezi tounen ale wè Pyè, Jak ak Jan, tout twa mesye yo te dòmi. Yo te vle rete reveye ak Jezi, men yo te fatige anpil. Jezi te ale poukонт Li ankò nan plas espesyal Li a pou Li priye. Li te tris epi Li te pè, men Li te konnen se sa Bondye te vle Li fè. Apre Jezi te fin priye, Li tounen pou Lijwenn Pyè, Jak ak Jan ki te ap dòmi toujou. Li di yo pou yo leve, paske gen kèk moun ki te ap vin chèche Li pou ale ak Li.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Mòn Oliv.** Apre yo fin pataje Soupe Senyè a, Jezi ak disip yo te ale sou Mòn Oliv la pou pase yon tan nan lapriyè. Li te byen ta nan mitan lannwit.
2. **Jezi.** Jezi kite disip li yo, li ale poukонт li pou li priye. Jezi te konnen Jida te ap trayi li, epi yo te arete li paske li te dwe mouri. Li te priye Bondye pou li jwenn yon lòt fason pou li bay Sali a, pou li pa te pase nan soufrans sa a, yon lanmò ki fè lapenn tankou Krisifiksyon an. Sepandan, Jezi te priye tou pou volonte Bondye fèt, pa pou volonte li.
3. **Swe tankou san te ap degoute** nan men Jezi akòz gwo lapriyè li yo.

Sans Tèks la

Apre li te fin pataje Soupe Senyè a ak disip yo, kote li te defini ankò fèt Pak la, Jezi te mache sou mòn Oliv la ak disip li yo. Akòz Jezi te konnen arrestasyon li te yon bagay ki te dwe fèt, li te pase tan poukонт li nan lapriyè. Anvan Jezi te ale priye, li te mande disip li yo pou yo priye pou yo jwenn fòs pou yo pa tonbe nan tantasyon.

Lapriyè Jezi a se yon batay entèlijan ant limanite ak divinite li. Paske nati diven li a okouran de tout sa ki pral vini, nati lòm li an espere ke yo ka jwenn yon lòt fason pou akonpli volonte Bondye. Swe ki tap tonbe tankou san revele gwo lapriyè Jezi yo. Men, finalman, Jezi soumèt ak volonte Bondye a.

Jezi tounen bò kote disip li yo epi li jwenn yo ap dòmi. Li te reveye yo, li te di yo ankò yo te bezwen priye pou yo gen fòs pou yo pa tonbe nan tantasyon.

Dezyèm Tèks: Sa a se youn nan chante Ezayi yon sèvitè ki soufri anpil pou anonse Mesi a. Nan pasaj sa a, Ezayi te anonse ki jan Mesi a pral bay tèt li pou li soufri nan lide pou l akonpli volonte Bondye. Mesi a gen konfyans, kèleswa sa ki rive, Bondye pap janm abandone li.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou konkou lapriyè yo.
- Mande sentespri an louvri kè nou ak lespri nou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Li tou de Tèks yo pou Leson Biblik la .
- Fè rezime “Sans Tèks la” anlè a pou klas la.
- Li tou de teks lesyon yo anko
- Fè yon moun repete tèks biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle di?** Sa a se youn nan pasaj ki pi pwisan ki revele bò pati lòm Jezi a (gade tou Jan 11:33-36). Menmsi Jezi te konnen depi nan konmansman misyon li, li te ap soufri epi mouri pou li ka louvri yon chemen delivrans pou tout limanite, sa pa vle di soufrans sa a epi trayizon Jida a te deja kòmanse ak arestasyon Jezi a ki dwe fèt tou, Jezi priye Bondye pou mande si gen nenpòt lòt fason pou akonpli Sali a. Men, finalman, Jezi konnen akonplisman volonte Bondye a se pi gwo byen pase nenpòt doulè li ka andire.
 - Ki jan kè sere Jezi a ede ou konprann sakrifis enkwayab li te fè pou ou a?
 - Kilè ou te fè yon priyè entans?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Jezi te konplètman devwe pou akonpli volonte Bondye pou lavi li. Sepandan, sa pa vle di akonplisman volonte li a te fasil oubyen li te san doulè. soti lwen pou fè nou pitit li ak anpil doulè epi trayizon, yon kretyen vle di Bondye pral rele nou nan sitiyasyon kote pou nou ede pote chay ak doulè lòt moun yo. Bondye ka rele nou tou pou nou andire pèsekisyon poutèt Levanjil la. Nan moman sa yo, pa gen anyen mal nan mande Bondye delivre nou oswa pwoteje nou. Men, finalman, objektif nou ta dwe abandone volonte pa nou nan plan Bondye gen pou nou olye pou nou goumen kont volonte Bondye.
 - Poukisa Bondye pa senpleman pwoteje tout kretyen kont tout doulè ak tout difikilte nan lavi sa a?
 - Piske Satan ap toujou voye tantasyon nan lavi kretyen yo, ki jan kretyen yo ta dwe priye pou tantasyon yo?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Youn nan aksyon lanmou ak gras ki pi pwisan kretyen yo ka manifeste se priye pou lòt moun yo. Sepandan, kretyen yo bezwen sonje yo bezwen priye pou lanmou ak gras Bondye nan pwòp lavi yo tou. Li fasil pou nou reponn ak bezwen nou yo nan Lavi nou ak lavi lòt moun, epi nou refize lapriyè pou moman ki pa gen trop estrès yo. Sepandan, li trè enpòtan pou kretyen yo mete tan dekote pou yo konsantre nan lapriyè, yon fason pou yo ka rete sere nan kominyon ak Bondye.
 - Ki kote epi kilè ou ka mete yon tan sou kote pou pase yon tan ki anplis nan lapriyè?
 - Kisa ou panse ki se yon bon balans pou priye pou tèt nou ak priye pou lòt moun?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi viv leson jodia nan sajès.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 85

Tit Leson an: Yo te Arete Jezi

Tèks Leson an: [Matye 26:47-56](#)

Dezyèm Tèks: Genèz 37


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Trayizon lamantab Jezi' atravè youn nan disip li yo, ak otorite jwif yo ki te arete li epi konpote lanmò li.
- **Kè:** Fè atansyon, pouvwa peche a kapab tèlman enfekte kè yon moun epi lakoz sa li panse ki bon aksyon yo tounen yon trayizon pou Bondye.
- **Men yo:** Fè atansyon ak fason Satan tante ou, pou ou ka mete baryè pwoteksyon epi konnen ki jan pou ou priye pou pwoteksyon ak direksyon Bondye nan domèn sa yo.

Leson an nan yon Vèsè: Lè sa a, Jezi di foul moun yo: “Èske mwen ap mennen yon rebelyon, paske nou vini ak epe ak baton pou pran mwen? Chak jou mwen te chita nan tanp la ap anseye, epi nou pa te arete mwen.” ([Matye 26:55](#))

Rezime Tèks la

Prèt ak direktè lalwa nan Jerizalèm yo te panse se yon peche pou Jezi te di Li se Ptit Bondye a. Jida te konnen prèt yo te rayi Jezi, kidonk li te ale pale ak yo. Jida te mande yo kisa yo t ap ba li si li ta di yo kote yo ka jwenn Jezi. Prèt yo te ofri Jida 30 pyès lajan, kidonk li te dakò pou li trayi Jezi. Lè disip yo fin manje Dènye Soupe a ak Jezi, Jida kite chann nan pou li jwenn prèt yo. Yon foul moun ki te ap pote epe te suiv Jida nan Jaden Jetsemane a. Jida te konnen Jezi t ap la. Jida te di mesye yo ke nonm li bo a ta dwe Jezi. Lè Jida te bo Jezi, mesye yo te pran Jezi epi yo te arete Li. Pyè te tèlman fache, li pran epe li, li koupe zòrèy youn nan mesye yo. Jezi manyen zòrèy nonm lan epi li geri li. Jezi te konnen ke tout bagay sa yo te nan plan Bondye a, kidonk Li pa te goumen ak mesye yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jezi** te nan Jaden Jetsemane ap lapriyè Bondye. Li te ap prepare tèt li pou arestasyon ak krisifiksyon li sou kwa a.
2. **Jida**, youn nan 12 disip li yo, te fè aranjman pou li trayi Jezi bay chèf prèt yo. Chèf prèt yo pa te renmen ansèyman Jezi yo ak gwo foul moun ki t ap koute li yo. Se poutèt sa, yo te kontan lè Jida te dakò pou li bay Jezi nan mitan lannwit, lè foul moun yo pa te la. Yo te peye Jida 30 pyès lajan an echanj pou li te trayi li. Sa pa te etone Jezi, li te konnen Jida t ap trayi li, e tout bagay sa yo te fè pati plan sali Bondye a.
3. **Sòlda Women**. Chèf prèt yo pa te gen otorite pou yo touye Jezi, kidonk yo te fè konplo ak otorite Women yo pou yo arete Jezi epi finalman fè klosure li sou kwa a.

Sans Tèks la

Tout bagay ap pase jan Jezi te di disip yo sa ta rive. Nan Dènye Soupe a, li te di yo youn nan disip yo t ap trayi li. Jida te deja dakò pou li trayi Jezi pou pri 30 pyès lajan. Ekriven Levanjil yo pa janm bay yon rezon pou kisa Jida ta trayi Mèt li. Èske Jida te visye? Èske Jida te panse Jezi t ap vin yon chèf sou tè a, epi li te vle fòse men Jezi sou Women yo? Èske Jida te dezavwa ak Jezi epi li te vle vin yon dirijan tèt li? Nou pa konnen poukisa, men Jida te dakò pou li trayi Mesi a.

Chèf relije yo te dakò Jezi se yon moun danjere. Pandan ke chèf relije yo te rayi Women yo paske yo te okipe peyi yo, Women yo te pè yo tou. Chèf relije yo te kwè Jezi te ap mennen yon rebelyon kont Women yo e li t ap pèdi. Lè sa a, Women yo t ap pini Izrayelit yo lè yo retire plis dwa yo nan men yo, petèt menm dwa pou yo adore nan Tanp lan. Kidonk, pou yo te debarase yo de anseyan ki te twooublan sa e pou yo te pwoteje tèt yo kont plis opresyon Women yo, yo te fè konplo pou yo touye Jezi.

Levanjil Jan an rakonte ke Pyè se te disip ki te itilize epe a pou li eseye anpeche yo arete Jezi. Sepandan, Jezi pa te janm sèvi ak vyolans pou li akonpli misyon li. Jida te fè yon peche terib lè li te trayi Jezi, sepan dan, lè Pyè te fè vyolans, sa pat bon tou. Olye Jezi sèvi ak vyolans pou li pwoteje tèt li, li te soumèt ak volonte Bondye.

Dezyèm Tèks: (gade lesion # 10 pou plis enfòmasyon) Menmsi pa gen anyen ki konpare ak trayizon Jida te fè sou Jezi, Jozèf te soufri tou nan men frè li yo ki ta dwe pwoteje li olye yo te vann li. Frè yo, ki te plen ak jalouzi ak kòlè sou Jozèf, te fè konplo pou yo debarase yo de li.

Chapit Fwi Lespri a: 8. Dousè. Dousè se kado pou ou gen yon tanperaman ki bon. Sa pa vle di ou pa janm fache, e sa pa vle di ou pèmèt lòt moun pran avantaj sou ou. Olye de sa, sa vle di ou gen repons ki apwopriye pou okazyon an. Nan lesion sa a, Jezi te montre yon lespri ki dou anpil lè Jida, moun ki t ap trayi li a, ak sòlda yo te konfwonte li. Sepandan, jouk jou anvan Jezi te netwaye lakou Tanp la pou moun k ap vann ak moun ki t ap chanje lajan. Nan tou de ka yo, menmsi li diferan, Jezi te demonstre menm pouvwa ak fòs pou li te kontwole emosyon li ak aksyon li. Yon kretyen dou konnen ki lè pou li konfwonte yon moun ak ki lè pou li rete trankil, nan tou de ka yo li aji nan sajès Bondye bay pou sitiyasyon sa.

- **Tèt:** Nan ki sitiyasyon kote yon moun ki dou pral aji yon fason ki gen kran, epi ki sitiyasyon kote yon moun ki dou pral aji nan yon fason trankil?
- **Kè:** Tout kretyen tante pèdi tanperaman yo, menm jan yon kretyen ki ranpli ak Lespri. Ki etap ou ka pran pou ou kiltive yon lespri dou nan ou ki pa pèdi tanperaman ou?
- **Men yo:** Ki repons ki bon pou yon kretyen demonstre lè li ap rankontre yon moun ki an kòlè?

Etib Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri an louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti toulede Tèks Leson Biblik yo.
- Fè rezime sans “Tèks la” anwo a pou klas la.
- Fè lekti toulede tèks lesion Biblik yo ankò
- Chwazi yon moun pou rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bib la pa anrejistre peche ki pi gran pase trayizon Jida te fè sou Jezi. Menmsi Bondye sèvi ak trayizon sa a nan plan sali a, Bondye pa dirije aksyon Jida yo. (Gade Lik 22:20-22) Li difisil pou nou imajine poukisa youn nan disip Jezi yo, ki te pase twazan anba ansèyman li yo e ki te temwaye mirak li yo, te ap trayi li. Petèt se poutèt sa okenn nan ekriven Levanjil yo pa bay yon rezon pou trayizon Jida a, yo jis rapòte li. Jezi konnen Bondye ap sèvi ak trayizon sa a pou byen, li lage tèt li bay otorite yo.
 - Ki kèk fason Bondye te fè byen nan aksyon peche lòt moun? (gade Women 8:28)
 - Poukisa moun, tankou otorite relije yo ak Jida, kwè yon bagay bon ka soti nan trayizon yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di nou ta Dwe Ye?** Satan twonpe moun. Li te twonpe Adan ak Èv nan Jaden Edenn nan pou yo kwè manje fwi entèdi a te ap fè yo vin pi sanble ak Bondye. Li te twonpe otorite relije yo ak Jida pou yo kwè trayi Jezi te ap benefisyé lavi yo. Jodi a toujou, Satan twonpe moun pou yo kwè lè yo fè peche ap fè yo santi yo pi byen epi yo pa fè lòt moun mal. Sepandan, jan tout kretyen konnen, peche pa benefisyé moun, men fè yo mal, ak lòt moun.
 - Ki peche moun fè jodi a yo pa panse ki pral fè yo mal oswa lòt moun?
 - Poukisa ou panse Jida te trayi Jezi?
- **Men yo: Kijan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Okenn kretyen pa epanye kont tantasyon Satan yo. Pandan ke Sali Jezi a kraze pouvwa peche nan lavi kretyen yo, kretyen yo ka toujou tonbe tounen nan peche si yo lage bay tantasyon Satan yo. Kidonk, li esansyèl pou kretyen yo mete baryè nan lavi yo pou pwoteje yo kont tantasyon Satan yo. Baryè sa yo vini nan etid Biblik, adore ak lòt moun, ak aprann nan men konseye espirityèl yo.
 - Kisa ou ka fè pou evite ou tonbe nan tantasyon?
 - Kisa ou ta dwe fè si ou tonbe nan tantasyon?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a
- Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fe lapriyè Senyè.

Leson Biblik # 86

Tit Leson an: Pyè Renye Jezi

Tèks Leson an: [Lik 22:54-62](#)

Dezyèm Tèks: [Ebre 4:14-16](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt disip ki te pi pwòch Jezi a te nye li nan lè li te plis bezwen li. Malgré tout sa Pyè te di li pa t ap janm abandone Jezi, lè kriz la te rive, Pyè te abandone Jezi.
- **Kè:** Konprann difikilte revele vrè karaktè yon moun. Pyè montre ke, byenke li fasil pou fè promès, men li difisil pou akonpli pwomès sa yo lè yo fè fas ak danje. Sepandan, olye ke li konprann echèk kòm yon bagay fatal, men li sonje, Jezi toujou vle padone, geri, epi rachte.
- **Men yo:** Se pou ou toujou prè pou fè sakrifis pou lanmou levanjil Jezi kris la.

Leson an nan yon Vèsè: Granprèt nou an, se pa yon moun ki pa kapab soufri ak nou nan feblès nou. Okontré, nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, li pa te janm fè okenn peche. ([Ebre 4:15](#))

Rezime Tèks la

Pandan Dènye Soupe a, Jezi te di tout disip yo ke yo t ap nye li. Nye yon moun vle di ke ou pa konnen moun sa, poutan ou konnen li byen. Disip yo pa te 'kapab kwè ke nenpòt nan yo ta nye Jezi. Pyè leve, li di li pito ta mouri tanke li ta nye Jezi. Jezi vire bò kote Pyè epi li di ke anvan kòk la chante, Pyè t ap nye li twa fwa. Jou lannwit sa a, lè mesye yo te ale ak Jezi, Pyè te chita nan lakou a epi li t ap tann pou li tandé yo ap pale sou Jezi. Yon jèn fi te mande Pyè si li te avèk Jezi. Pyè di li ke li pa konnen sa li ap pale a. Lè sa a, yon lòt tifi di Pyè ke li te wè li 'ak Jezi. Pyè di ke li pa te konnen mesye a. Yon ti tan apre, yon gwoup moun te di ke Pyè te yon disip paske li te pale tankou yo. Pyè nye Jezi, li di: "Mwen pa konnen mesye a!" Lè sa a, yon kòk chante.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Tribinal GranPrèt la.** Apre yo te arete Jezi, gad yo mennen li lakay granprèt la pou yon jijman rapid. Te gen yon lakou lakay granprèt la, kote moun yo te rasanble ozalantou yon dife.
2. **Pyè te suiv Jezi lakay granprèt la,** li te kanpe nan lakou a, li t ap gade byen lwen sa ki t ap fèt nan tribinal la.
3. **Youn nan Sèvant yo** pwoche bò kote Pyè epi li di: "Nonm sa a te avèk li." Pyè te nye sa paske li te pè.
4. **Yon dezyèm moun** te di tou li konnen Pyè se youn nan disip Jezi yo. Pyè nye sa ankò. Yon twazyèm moun te di Pyè te yon disip Jezi, epi pou yon twazyèm fwa Pyè te nye sa.
5. **Kòk la chante.** Apre Pyè nye twazyèm fwa, yon kòk chante, epi Pyè sonje Jezi te gentan di li t ap nye li twa fwa anvan nwit la fini. Lè Pyè tandé kòk la, li vin sonje sa Jezi te di, li kite lakou a, li kriye anpil.

Sans Tèks la

Apre yo te arete Jezi, tout disip li yo te kouri. Sepandan, Pyè te swiv Jezi an kachèt ak gad yo. Lè yo rive lakay granprèt la, Pyè antre nan lakou kay la kote li te kapab gade sa ki t ap fèt la. Sepandan, twa moun rekonèt Pyè se yon disip Jezi epi yo vle li idantifye tèt li pou sa. Olye ke Pyè te dakò sa, men li te fè sa Jezi te anonse a, li nye Jezi twa fwa.

Lè Pyè te nan lakou granprèt la li te danje pou Pyè anpil. Pyè te jis koupe zòrèy youn nan sèvitè granprèt la, epi li te merite jije pou sa.

Sou twazyèm fwa Pyè nye a, Jezi te gade, Pyè, lè li te wè Senyè a t ap gade li epi li te tandé kòk la t ap chante, li te reyalize li te fèk akonpli sa Jezi te anonse a, nan yon ti tan pase. ([Lik 22:34](#)) Pyè, ki te ranpli ak wont, te kouri ale kriye anpil.

Byenke gen anpil bagay pou aprann nan istwa sa a, nou dwe sonje sa se pa fen istwa Pyè a. Apre rezireksyon Jezi, Jezi te rekonèt Pyè antanke disip ankò. ([Jan 21:15-19](#)) se pa te yon echèk sèlman pou Pyè, men pito evènman sa a te sèvi pou revele Pyè se yon vrè lachte pou Pyè ta toujou sonje nenpòt byen nan li se nan Jezi li soti men se pa nan li.

Dezyèm Tèks: Kontrèman ak granprèt kòwonpi nan Jerizalèm lan ki te arete Jezi epi ki te remèt li bay otorite women yo, Jezi se vrè granprèt nou an. Li se yon granprèt ki kapab antre nan feblès nou yo paske li te fè fas ak tantasyon menm jan ak nou. Poutèt sa, nou ka fè Jezi konfyans epi nou konnen lè nou rele li, li pral reponn nou ak mizèrikòd ak favè.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Mèsi Bondye pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demand lapriyè yo.
- Mande sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou ou resevwa avèk kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks Leson Biblik yo.
- Rezime "Sans Tèks" anwo a pou klas la.
- Li tou de tèks leson Biblik yo ankò.
- Fè yon moun repete tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pa gen yon moun ki vle fè yon moun li renmen echwe. Anplis de sa, pèsonn pa vle ke echèk li revele piblikman. Epizòd sa nan lavi Pyè fè li mal anpil men se youn nan epizòd ki pi enpòtan nan lavi Pyè. Pyè, ki te toujou kwè li se disip Jezi ki pi devwe epi ki pi renmen Jezi, li poko disip devwe li panse li ye a. Bòn nouvèl la, kounye a se kriz sa a ki revele feblès Pyè, Jezi ka fè Pyè vin premye disip devwe ke Pyè te vle ye a. Souvan Jezi ap sèvi ak sitiayasyon nan lavi kretyen yo pou li fè menm bagay la: revele feblès nou yo pou Jezi ka ranpli nou ak fòs li.
 - Ki panse ak santiman ou panse ki te inonde lavi Pyè nan peryòd lanmò Jezi ak rezirèksyon li?
 - Poukisa Satan ta vle kretyen yo kwè echèk yo tèlman gwo Jezi pap janm padone yo? Ki jan kretyen yo ka goumen kont manti sa avèk verite sa?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Difikilte revele karaktè. Sepandan, difikilte yo ka fòme karaktè nou tou. Jis paske Pyè te nye Jezi nan tan eprèv sa pa vle di Jezi te abandone Pyè. Men pito, manti Pyè te fè a vin tounen yon pwen enpòtan nan lavi li, paske li te rann li kont jan li fèb. Apre rezirèksyon an, ak padon Jezi a, Pyè pral kapab viv

nan pouvwa Jezi olye pou li eseye viv ak pwòp pouvwa li. Byenke anpil kretyen vle fè, tankou Pyè, oze fè deklarasyon yo pakab kenbe nan devosyon yo anvè Bondye, li pi saj pou yo rete enb epi kite pouvwa Jezi travay nan yo.

- Poukisa ou panse li te enpòtan pou Jezi te anonsé Pyè t ap nye li twa fwa nan fen lannwit lan?
- Poukisa moun pyè te ye a te fèb anpil ke jan li te kapab kwè?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Pèsonn pa vle soufri.
Sepandan, kretyen yo dwe pare pou yo aksepte nonsèlman benediksyon Bondye yo, men tou pou yo aksepte sakrifis yo pou yo vin yon disip Jezi Kris. Paske, lè kretyen yo andire soufrans ak pèsekisyon pou Jezi, yo reflete karaktè Jezi nan lavi yo. Anplis de sa, lè kretyen yo andire soufrans pou Jezi, yo se temwen lanmou Jezi a pou lòt moun.
 - Kòman yon kretyen kapab prepare pou moman soufrans ak pèsekisyon yo?
 - Ki sous fòs ak ankourajman yon kretyen ta dwe itilize lè yo ap andire moman soufrans oswa pèsekisyon?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn ak lòt, epi viv lesон jodia nan sajès.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik Leson # 87

Tit Leson an: Krisifiksyon Jezi

Tèks Leson an: Matye 27

Dezyèm Tèks: Ezayi 53:7-12


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Reflechi sou lanmò douloure Jezi te soufri nan men moun ki te fè peche yo pou li te kapab tounen ti Mouton Pak san peche ki wete peche nou yo.
- **Kè:** Kwè lanmou Jezi pou limanite te fè li bay lavi li kòm yon sakrifis pou peche yo.
- **Men yo:** Viv ak konfyans konnen anyen pa ka separe ou ak lanmou Bondye a nan Jezikri. Peche pa dwe janm kontwole lavi kretyen yo ankò, paske lanmò ak rezirèksyon Jezi a te kraze pouvwa peche a.

Leson an nan yon Vèsè: Lè ofisyé lame a ansanm ak gad ki t ap veye jezi ansanm ak li yo wè tranblemantè a ak tout sa ki te pase yo, yon sèl lapenn pran yo, yo di, “se vre wi nonm sa se pitit Bondye!” (Matye 27:54)

Rezime Tèks la

Prèt yo mennen Jezi bay Pilat, gouvènè Jide a. Yo te bay Pilat manti e yo te di li ke Jezi te fè krim ki tèrib. Jwif yo te di Pilat ke Jezi pa t wa yo e yo te vle klosure li sou yon kwa. klosure sou kwa a se te pi move lanmò yon moun te ka soufri. Gen kèk sòlda ki wete rad Jezi yo epi yo vlope yon rad koulè wouj vyolèt bò kote li. Lè sa a, yo frape Jezi plizyè fwa ak yon fwèt, yo mete yon kouwòn pikan sou tèt li, epi yo krache sou li. Simon, yon nonm moun Sirèn, te oblige pote kwa a sou ti mòn yo rele Gòlgota a, paske Jezi te twò fèb pou li te pote li poukont li. Sòlda yo mete Jezi atè sou kwa a, epi lonje bra li, pou yo klosure men li. Anvan yo leve kwa a, yo pran yon lòt klosure yo klouwe pye Jezi. Nan moman Jezi te mouri, te gen yon tranblemantè tèrib. Apre youn nan sòlda yo te wè tout bagay sa yo, li te reyalize ke Jezi se te Pitit Bondye toutbon vre.



Ansèyman apati Imaj la

- Krisifiksyon.** Anpi Women an te itilize Krisifiksyon kòm mwayer ki pi douloure pou touye moun ki te kondane pou lanmò. Menm si Jezi pa te komèt okenn krim ki merite lanmò, otorite women yo ak chèf relije yo te fè konplo pou yo touye Jezi pou yo te kapab fè li fè silans. Menm si klosure sou kwa a se fason ki pi douloure pou li te mouri, Jezi te aksepte lanmò sa a ak volonte li paske li te renmen nou.
- Sòlda Women yo.** Sòlda Women yo bat Jezi di anpil, yo mete yon kouwòn pikan sou tèt li, epi yo krisifye li.
- Plak.** Lè yo t ap krisifye kriminèl yo, souvan otorite yo te mete yon plak sou kwa a pou idantifye krim yo. Plak ki te anlè tèt Jezi a te di: "Sa se Jezi, Wa Jwif yo."
- Moun ki ap pase Jezi nan betiz.** Li pa te sifi pou yo annik touye Jezi, kèk nan otorite relije yo pase Jezi nan betiz sou kwa a, yo di si Jezi te Mesi a, tout bon vre li ta dwe desann sou kwa a.
- Fènwa te kouvri tè a** pandan Jezi te pann pou li mouri.
- Jezi.** Menm si otorite yo te fè konplo pou yo touye Jezi, yo te jis fè volonte Bondye pou li. Jezi te konnen depi nan konmansman li te ap klosure sou kwa a tankou ti Mouton Pak ki san peche a pou li te kapab bay chemen pou tout moun sove. Lè Jezi te mouri, li te rele: "Sa fini!"

Sans Tèks la

Apre yo te fin arete Jezi epi jije li devan gran prêt yo, otorite relije yo te voye Jezi bay otorite women yo. Menm si otorite relije yo te vle Jezi mouri, se sèlman otorite women yo ki te kapab egzekite santans lanmò a. Kidonk, otorite relije yo te fè konplo pou yo manipile Pilat, chèf women an, pou yo touye Jezi.

Lè Pilat te pase lòd pou touye Jezi, li te ba yo lòd pou yo te bat li ak fwèt. Lè sa a, sòlda Women yo te fòse Jezi pou li pote pwòp kwa pa li nan lari Jerizalèm jis rive kote yo t ap krisifye li a. Lè yo rive, sòlda women yo retire rad sou Jezi e yo klosure li sou kwa a. Pandan kèk nan disip li yo te kanpe an silans ap gade Jezi ki mouri, kèk nan otorite relije yo te pase Jezi nan betiz.

Jeneralman, li te pran anpil tan pou moun yo mouri sou kwa a, men akoz sòlda yo te bat li anvan sa, Jezi te mouri nan yon titan. Pandan li t ap mouri, Jezi te anpil bagay, tankou "Sa fini!" Lè Jezi te mouri, yon tranblemanntè te souke peyi a.

Menmsi moun ki t ap pase Jezi nan betiz yo te konsidere lanmò li kòm prèv ke li pa t Mesi a, tout bon vre, lanmò li te akonpli anpil pwofesi Ansyen Testaman konsènan Mesi a. Pasaj sa a soti nan Ezayi ki te déjà bay anpil detay sou ministè Jezi ak lanmò li, plizyè syèk anvan li te rive.

Atik sou chapit Lafwa yo: VI. Ekspyasyon. Peche brize. relasyon ant yon Bondye Sen ak yon limanite peche. Pou bay chemen pou rekonsilye yon Bondye Sen ak limanite peche, Jezikri te vin sou tè a pou viv yon lavi ki sen san peche epi mete sou tèt li kilpabilite tout peche limanite yo. Paske Jezi te mouri lanmò chak moun merite poutèt peche yo, lanmò Jezi bay yon moun ki fè peche libète pou li aksepte lanmou ak padon Bondye. Lanmò Jezi bay chemen sali pou chak moun ki tande Bòn Nouvèl Levanjil la epi ki aksepte ak lafwa òf sali Jezi a.

- **Tèt:** Èske te janm gen yon moun nan lavi ou ki modle yon lanmou ki tèlman pwofon ki fè sakrifis pou ou ka konnen lajwa ak lapè.
- **Kè:** Kisa ki pase nan kè ou lè ou tande Jezi te mouri pou peche ou yo epi pran pinisyon ke ou te merite?
- **Men yo:** Kijan ou kapab viv yon modèl lavi sakrifis pou lòt moun semèn sa a?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri a louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje ak ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de Tèks Leson yo
- Fè rezime "Sans Tèks" la anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik yo ankò.
- Chwazi yon mounn pou rakonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la vle di?** Krisifiksyon an te pwouve lanmou enkwayab Bondye nan Jezi genyen pou nou. Avèk lanmò ti Mouton Pak la, Bondye te sove Izrayelit yo anba esklavaj yo te fè nan peyi Lejip. Kounye a, ak lanmò Jezi, Bondye te delivre lemond anba esklavaj peche yo. Pandan sektè politik ak reliye yo te ap fè konplo pou yo

touye Jezi, Jezi te vle soumèt anba plan mechan yo. Jezi te konnen, pandan ke otorite yo t ap aji nan peche, Bondye t ap itilize plan mechan yo pou libere pi gwo sali mond lan te janm wè.

- Poukisa ou panse otorite relije yo te vle Jezi mouri?
- Ki volonte Jezi pou li mouri nan yon lanmò konsa douloure kisa sa di ou sou pwofondè lanmou Jezi a?
- **Kè: Ki moun Tèks la di nou ta dwe ye?** Pouvwa peche a kouri pwofondman nan lavi moun. Sepandan, lanmou Jezi kraze pouvwa peche nan lavi kretyen yo. Kòm repons ak gwo sakrifis Jezi a, kretyen yo ta dwe aksepte gwo pouvwa sa a epi pèmèt Jezi netwaye kè yo ak lespri yo.
 - Si Jezi kraze pouvwa a nan lavi kretyen yo, poukisa kretyen yo toujou tante peche?
 - Ki bon repons yon moun ta dwe genyen anvè yon moun ki fè yon gwo sakrifis pou li?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Kretyen yo ta dwe demonstre lanmou ak konpasyon Jezi te demonstre sou kwa a. Kretyen yo ka viv avèk konfyans paske yo gen libète anba pouvwa peche a. Menm si Satan ap toujou tante kretyen yo, kretyen yo ka viv avèk konfyans nan pouvwa Jezikri pou ba yo fòs pou yo di "non" ak tantasyon. Kretyen yo kapab viv tou ak konfyans nan montre lanmou Kris la bay lòt moun.
 - Kijan ou kapab demonstre lanmou sakrifis Jezi genyen pou lòt moun semèn sa a?
 - Kisa ou ka fè pou ou pwoteje tèt ou lè Satan tante ou?

Aplikasyon

- Mande yon mounn rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson Jodi a.
- Pase tan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 88

Tit Leson an: Kris la Resisite

Tèks Leson an: [Lik 24:1-12](#)

Dezyèm Tèks: [1 Korentyen 15](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Fè kè nou kontan! Rezirèksyon Kris la kraze pouvwa peche! Jezi te akonpli tout pwomès li te fè disip yo.
- **Kè:** Pran kouraj! byenke tout disip Jezi yo te gen dout sou li epi yo te abandone li nan moman li te bezwen yo, Jezi te toujou renmen yo, li te mouri pou yo epi li te leve soti vivan nan lanmò pou yo.
- **Men yo:** Lonje men bay moun ki bezwen lanmou Jezi. Rezirèksyon Jezi a montre dezi Bondye genyen pou li ede moun ki anba pouvwa peche epi pou Li libere yo anba esklavaj.

Leson an nan yon Vèsè: Medam yo te pè yo bese tèt yo fas atè, men mesye yo di yo:
“Poukisa n ap chèche moun ki vivan nan mitan mò yo?” ([Lik 24:5](#))

Rezime tèks la

Apre Jezi te mouri, yon nonm yo te rele Jozèf te antere li nan yon kavo. Twa jou apre, Mari, Magdala ak kèk lòt fi te ale nan tonn Jezi a. Lè yo rive la, yo remake ke wòch ki te sipoze kouvri nan antre kavo a te woule. Medam yo antre anndan, yo wè kò Jezi pa te la! Lè yo vire, de zanj te kanpe bò kote yo. Yon zanj te pale epi li di medam yo Jezi pa te la. Li vivan! Mari kouri ale jwenn disip Jezi yo, li di yo sa zanj lan te di yo a. Pyè ak Jan kouri vit mezi yo te kapab pou ale nan kavo a tou. Yo te vle wè kavo a ak je yo. Lè yo rive, Pyè kouri antre. Li desann, li wè bann twal fen blan yo te mete sou tèt Jezi yo ak twal pou antèman. Anvan Jezi te mouri, li te di disip yo li t ap leve pami mò yo. Se te vre. Li te vivan!



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **De Disip Fanm.** Nan dimanch apre lanmò Jezi, nan Vandredi, kèk nan disip Jezi yo te ale nan kavo kote yo te antere li a.
2. **Louvri Tonm Jaden an.** Lè yo rive, yo jwenn wòch la woule lwen kavo a. Yo te gade nan kavo a, men yo pa te 'wè kò Jezi. Yo te konfonn paske Tonm lan te vid.
3. **De zanj.** Menm lè a, de zanj parèt devan yo, yo mande yo: "Poukisa n ap chache moun ki vivan nan mitan mò yo?" Yo te raple medam yo ansèyman Jezi a anvan li mouri, yo t ap touye li epi li t ap leve sou twazyèm jou a. Medam yo kouri ale jwenn disip yo epi yo di yo bòn nouvèl la! Byenke disip yo pa te kwè medam yo nan kòmansman, Pyè ak Jan kouri ale nan kavo a epi yo jwenn li vid.

Sans Tèks la

Jezi te rakonte disip li yo plizyè fwa yo gen pou trayi li, lanmò ak rezirèksyon li nan Jerizalèm. Sepandan, disip yo pa te konprann sa Jezi te vle di. Se poutèt sa, lè Jezi te mouri, yo te kwè Jezi te ale nèt. Disip yo te kache ansanm paske yo te pè pou otorite yo pa fè touye yo tou.

Gen kèk nan disip fi Jezi yo ki te vwayaje ale nan kavo a pou yo bay respè. Yo te pran epis santi bon pou yo vide sou kò Jezi. Sepandan, ki jan yo ta ka wen kò a si wòch la te devan pòt la?

Lè yo rive, yo jwenn pòt la louvri epi kò Jezi pa te la. Menm nan moman sa a, yo pa te konsidere ansèyman Jezi te bay anvan konsènan rezirèksyon li. Menm lè a, de zanj parèt devan yo pou fè yo sonje ansèyman Jezi a. Medam yo tounen ale jwenn onz disip ki kache yo epi rakonte yo nouvèl chokan an.

Dezyèm Tèks: Onz disip Jezi yo pa te vle kwè nan rezirèksyon li anvan li te parèt devan yo. Plizyè dizèn ane apre, fo anseyan nan vil Korent, nan vil women, ap tante kretyen yo pou yo nye rezirèksyon Jezi. Fo anseyan yo di kretyen yo Jezi te jis yon bon anseyan, men li pa te janm leve soti vivan nan lanmò. Apot Pòl rekonèt danje ansèyman sa. Nan pasaj sa a, Pòl fè klè Krisyanis lan leve oswa tonbe sou rezirèksyon Jezi. Si Jezi pa te leve soti vivan nan lanmò, Lè sa a, kretyen yo t ap moun sòt ki t ap swiv li.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demand lapriyè yo.
- Mande Sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo.
- Rezime "Sans Tèks" ki anwo a pou klas la.

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo ankò.
- Fè yon moun repete tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la vle di?** Mond lan te chanje nèt ak rezirèksyon Jezi. Anvan rezirèksyon Jezi a, pouvwa peche a te domine nan mond lan. Apre rezirèksyon Jezi a, pouvwa peche a kraze, epi san Jezi kreye yon chemen delivrans. Peche pa gen pouvwa ankò; men pito, kretyen yo ka viv yon lavi nan renmen, nan favè, ak mizèrikòd anba pouvwa Bondye. Disip yo, menmsi Jezi te revele yo tout bagay sa yo anvan li mouri, yo te toujou rete sezi. Kwè yon moun yo t ap gade mouri sou yon kwa te ka viv yon lòt fwa ankò se kwè nan yon bagay enkwayab. Sepandan, Jezi te parèt devan yo apre rezirèksyon li te pwouve disip yo pouvwa enkwayab Bondye a te travay nan Jezi.
 - Si ou te youn nan premye disip Jezi yo, èske ou t ap difisil pou ou kwè nan rezirèksyon an, pandan ou te temwen lanmò Jezi?
 - Kòman lafwa nan rezirèksyon Jezi a pote lespwa nan lavi disip li yo?
- **Kè: Kiyès tèks la di nou ta Dwe Ye?** Olye ke yo kondane disip li yo paske yo pa te kwè nan rezirèksyon an, menm apre yo te wè kavo a vid, nan favè Jezi te parèt devan disip yo. Jezi pa te kondane Pyè tou paske li te nye li oubyen lòt disip yo te abandone li. Yon pati nan Bòn Nouvèl Levanjil la se lefèt ke Jezi konprann dout nou yo ak kesyon nou yo. Kretyen yo ka kwè nan rezirèksyon Jezi si nou kontinye ansenye yo Jezi nan lavi yo. Byenke kretyen yo ka pa wè fizikman Jezi ki te resisite a, yo ka fè eksperryans ak li nan kè yo.
 - Jezi te pote yon nouvo lavi nan lavi ou lè ou te vin kretyen?
 - Kòman Jezi te ansenye sou dout disip li yo te genyen ki ba ou kouraj lè ou gen dout?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Nan Jezi, Bondye te pran inisyativ pou bay yon chemen pou delivre. Anvan kretyen yo te renmen Bondye, Bondye te renmen yo. Kidonk, anvan lòt moun ka konprann lanmou Bondye a, souvan yo gen pou yo wè li an premye nan lavi kretyen yo.
 - Ki fason moun nan kominate w la bezwen wè lanmou Bondye ap viv nan lavi kretyen yo?
 - Kòman ou ka montre Bondye rekonesans ou pou gwo delivrans ou jwi a?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou li rakonte tèks prensipal lesion Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesion jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn ak lòt, epi viv lesion jodia nan sajès.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 89

Tit lesон: Jezi parèt devan Toma

Tèks Leson an: [Jan 20:19-29](#)

Dezyèm Tèks: [2 Korentyen 5:11-6:2](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Selebre Jezi resisite a! Jezi te komisyone Legliz la pou l akonpli ministè li a nan lemond atravè tout epòk.
- **Kè:** Pran kouraj! Kretyen yo pa dwe sèvi lòt moun ak pwòp pouvwa pa yo, men sèlman ak pouvwa Sentespri ki nan yo a.
- **Men yo:** Viv yon lavi ki ranpli ak gras. Bondye rele kretyen yo pou yo tounen men ak pye Jezi nan kominote yo.

Leson nan yon Vèsè: Apre sa, li di Toma, "Mete dwèt ou la; gade men mwen yo. Lonje men w epi mete l nan men pa m. Sispann doute epi kwè." ([Jan 20:27](#))

Rezime Tèks la

Lè Pyè ak Jan te dekouvri ke Jezi te leve soti vivan nan lanmò, yo tounen al rakonte sa ak lòt disip yo. Nan lannwit sa a, tout disip yo, esepte Toma, te nan menm kay. Disip yo te fèmen pòt la paske yo te pè pou jwif yo pa t vin arete yo. Pandan disip yo te la a, Jezi parèt nan kay la. Li te montre yo mak klou yo nan men l ak nan pye l. Li te menm manje yon moso pwason griye pou montre ke li te vivan tout bon! Lè Toma tounen nan kay la, Jezi te deja ale. Disip yo pa t ka tann pou yo rakonte Toma sa yo te wè. Lè yo te fin fè sa, Toma pa t kwè yo. Epi li te di "Se lè ma wè mak klou yo nan men Jezi menm, lè sa m a kwè ke li vivan." Nan lòt semèn, Jezi te retounen. Li pwoche bò kote Toma epi li montre l men l ak bò kòt li yo. Lè Toma te wè mak klou yo nan men Jezi, li te kwè!



Ansèyman apati Imaj la

1. **Pòt chanm ki te Fèmen an.** Nan aswè Jezi te leve soti vivan nan lanmò a, li parèt devan disip yo, malgre yo te fèmen pòt chanm kote yo te ye a. Jezi te beni yo.
2. **Toma** pa t ansanm ak disip yo lè Jezi te parèt devan yo premye jou a. Byenke disip yo te rakonte Toma ke Jezi te resisite, Toma pa t kwè yo. Toma te deklare ke li ap kwè sèlman si li wè epi manyen Jezi ak pwòp men li.
3. **Jezi** parèt devan Toma. Yon semèn apre, yon lòt fwa disip yo te reyini nan yon chanm ki te fèmen. Jezi te parèt nan mitan yo ankò. Jezi te mande Toma pou l touche mak yo. Toma te deklare, "Senyè Bondye mwen an!" Toma te kwè! Jezi te mande l pou l kwè, epi li pi bon pou moun ki kwè san yo pa wè Jezi nan lachè, men ki kwè kanmenm.

Sans Tèks la

Disip yo pa t kwè nan kalite istwa ke medam yo t ap rakonte yo konsènan tonm vid la, zanj yo, ak yon Jezi ki resisite. Li te difisil anpil pou moun kwè yon istwa konsa, sitou apre disip yo te nan lapenn depi apre lanmò Jezi.

Yo te pè pou otorite yo pa t arete yo epi touye yo paske yo se te disip Jezi, disip yo te reyini nan laperèz dèyè yon pòt ki te fèmen. Menm lè a, Jezi kanpe nan mitan yo. Kò Jezi ki te resisite a te parèt nan kò l menm jan li te ye avan, men li te gen mak yo epi te pèmèt li pase nan pòt ki te fèmen an. Men lè yo wè Jezi, dout ak laperèz disip yo te disparèt! Jezi soufle sou yo, epi Sentespri a ranpli yo.

Pou yon rezon, Toma, youn nan 11 disip ki te rete yo, pa t la lè Jezi te parèt la. Sètènman dout Toma yo se yon bagay nou ka konprann. Deklarasyon Toma a te fèm! Yon semèn apre, dezyèm dimanch apre Krisifiksyon an, disip yo te reyini ankò nan yon chanm ki te fèmen. Yon lòt fwa ankò, Jezi parèt. Fwa sa a, Jezi ta p chache Toma pou li te ede l disparèt dout li yo. Toma te deklare, "Senyè mwen epi Bondye mwen." Toma se premye moun nan Nouvo Testaman an ki

deklare divinite Jezi. Kidonk, pandan ke yo rekonèt li kòm moun ki renmen "Doute a", Toma se te premye moun ki konfese Jezi se ptit Bondye.

Dezyèm Tèks: Kwyans nan rezirèksyon Jezi Kris la pa fè kretyen yo vin pi bon. Li fè Kretyen yo vin yon novo kreyati. Nan sali Kris la, kòmansman yon novo kreyati. Sali Kris la fè novo kreyati. Kretyen yo se novo Adan, ki rekonsilye ak Bondye. Kòm novo kreyati, kretyen yo dwe pataje Bòn Nouvèl sali Jezi a ak lòt yo.

Etid Bblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo .
- Fè rezime "Sans Tèks" anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesong Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks lesong Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Jezi pa t sèlman monte nan syèl apre rezirèksyon li. Men pito, li te rete sou tè a pandan yon ti tan, pou li te anseye disip li yo. Sepandan, li te parèt epi anseye disip li yo. Avan li te anseye disip li yo, Jezi te oblige retire dout ak laperèz yo avan. Nan tou de dimanch apre Krisifiksyon li yo, Jezi te parèt devan disip li yo pou ranfòse lafwa ak detèminasyon yo. Kounye a nou mèt kwè nan Jezi kòm Ptit Bondye a, Jezi bay disip yo lòd pou yo gaye bòn nouvèl la nan tout mond lan.
 - Èske ou repwoche disip yo paske yo pa t kwè depi nan kòmansman? Poukisa wi? Poukisa non?
 - Èske genyen nan pwomès Jezi yo ou kontinye ap lite pou w kwè?
- **Kè: Ki moun tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Pou vin yon kretyen se pa sèlman yon desizyon nou pran nan tèt nou, men se yon desizyon nou pran nan kè nou. Jezi pa t jis yon figi istorik; li pa t sèlman yon gwo pwofesè. Jezi se Ptit Bondye a. Lè nou kwè nan Jezi, nou kwè nan gwo pouvwa ak lanmou Bondye a, epi nou vin yon novo kreyati. Menm jan ak disip yo, nou ka toujou gen anpil dout, men Bondye ap sèvi ak dout nou yo pou pote lape gras ak pouvwa Sentespri a. Konsa, kretyen yo kapab sèvi ak pouvwa Sentespri a pou sèvi lòt moun.

- Ou pat janm wè kò Jezi ki te resisite a, kijan ou fè konnen Jezi te leve soti vivan nan lanmò?
 - Kijan prezans Sentespri a nan lavi ou pèmèt ou sèvi lòt moun?
- **Men yo: Kijan nou ka mete Pawòl Bondye yo an Pratik?** Jodi a anpil moun gen dout sou egzistans ak lanmou Bondye pou yo. Bondye rele kretyen yo pou yo sèvi tout moun ki gen dout sa yo ak pouvwa Sentespri a. Atravè ministè Sentespri a, kretyen yo kapab fè pi gwo aksyon nan lanmou ak konpasyon gras ak favè Jezi a, pase si yo ta p viv sèlman ak pwòp pouvwa yo.
 - Ki rezon ki fè moun doute sou egzistans Bondye osinon lanmou l?
 - Kijan ou ka montre favè Jezi a ak moun yo semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon mounn rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson Jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn lòt, epi pou sajès viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè Lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 90

Tit Leson an: Gwo Lapèch Pwason

Tèks Leson an: [Jan 21](#)

Dezyèm Tèks: [1 Jan 3:19-24](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Reflechi sou gwo lanmou Pyè te genyen pou Jezi. Jezi te restore Pyè epi fè li yon disip otantik.
- **Kè:** Konprann ki gwo ankourajman sa ye pou ou lè ou konnen nan kè ou ke Bondye padone ou.
- **Men yo:** Se pou ou dispoze, kit ou bezwen kite tout bagay dèyè pou akonpli apèl Bondye fè sou lavi ou, oubyen rete kote ou ye a, pou pataje Levanjil la ak lòt moun.

Leson an nan yon Vèsè: Lè sa a, disip Jezi te renmen an di Pyè: "Se Seyè a!" Lè Simon Pyè tandem li 'di: "Se Seyè a," li vlope rad sou li (paske li te wete li) epi li vole nan dlo a. ([Jan 21:7](#))

Rezime Tèks la

Yon swa, Pyè, Jan ak senk lòt disip yo te ale peche nan Lanmè Tiberyad la. Yo t ap peche tout nwit lan epi yo pat kenbe anyen. Nan demen maten, yo te toujou nan kannòt la espere kenbe kèk pwason. Yon nonm ki te kanpe sou rivaj la mande mesye yo si yo pat pran pyès pwason. Disip yo di non. Lè sa a, nonm lan di yo pou yo mete privye yo lòt bò kannòt la. Lè yo te fè sa, yo te kenbe plis pase 150 pwason! filè a te tèlman lou, disip yo pat kapab rale li mete li nan kannòt la. Jan gade pi pre nonm ki te kanpe sou rivaj la. Apre sa, li di: "Gade! Nonm sa a se Jezi!" Lè Pyè tandem Jan di sa, li vole nan dlo a epi li kòmanse naje nan direksyon rivaj la. Lòt disip yo te menmen kannòt la rive bò rivaj la. Yo te oblige trennen privye pwason an dèyè yo. Jezi te di mesye yo pou yo pote kèk nan pwason yo te pran yo pou yo ta manje maten ansam.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Disip yo k ap peche.** Apre rezirèksyon Jezi, kèk nan disip yo te retounen nan tèritwa lakay yo. Yo pat ko klè nèt sou fason Jezi te vle yo fè sèvis, yo te retounen nan ansyen travay yo pandan yo t ap tann plis direksyon nan men Jezi.
2. **Filè yo plen pwason.** Menmsi yo t ap peche tout nwit lan, yo pat pran okenn pwason. Yon viza yo pa te rekonèt bò dlo a rele yo. Li di yo pou yo jete privye yo lòt bò kannòt la. Lè yo te fè sa, yo pa sèlman kenbe pwason, yo te kenbe yon gwo kantite pwason.
3. **Jezi bò rivaj dlo a.** Youn nan disip yo te rekonèt figi sa ki bò rivaj dlo a tankou Jezi, epi li di Pyè.
4. **Pyè te vole nan dlo a.** Lè Pyè tandem se Jezi ki te bò rivaj dlo a, li imedyatman te vle wè Jezi. Li te tèlman eksite, li pa te vle tann kannòt la rive sou rivaj la, kidonk li te sote nan bato a epi li te naje sou rivaj la. Lè lòt disip yo rive bò rivaj la, yo tout te pataje yon manje maten ak Jezi.

Sans Tèks la

Tèks sa a rapòte yon twazyèm aparans Jezi bay disip li yo. Nou pa fin sèten poukisa sèt disip sa yo tounen nan Galile, piske pifò tan yo nan dènye semèn yo se te nan Jerizalèm yo te ye. Nou menm tou nou pa konnen poukisa gen sèlman 7 disip ki mansyone la.

Sepandan, nou konnen disip yo te deside ale peche yon nwit. Menm jan Lik te rapòte yon mirak sou peche pwason ([Lik 5:1-11](#)), disip yo t ap peche tout nwit lan san yo pat jwenn anyen. Yon fwa ankò, Jezi di ak bann disip fatige epi ki fache yo pou yo mete privye yo nan dlo a ankò, epi disip yo obeyi. Yon fwa ankò, yo te kenbe yon gwo kantite pwason.

Petèt se te tout resanblans sa yo ki te fè "Disip Byeneme a " rekonèt se Jezi ki te rele yo. Malgre fason li te rekonèt Jezi, lè li te rapòte sa bay Pyè, Pyè te tèlman eksite, li te vole soti nan kannòt la epi li te naje sou rivaj la. Lè lòt disip yo rive bò rivaj la, yo tout te pataje yon repa ansanm. Menm jan ak Soupe Senyè a, Jezi bay disip ki te la yo manje.

Apre sa, Jezi mennen Pyè atravè yon pwosesis kote Jezi fè Pyè yon disip Jezi ankò. Li te avèti Pyè tou konsènan pri pou li te yon disip.

Dezyèm Tèks: Kèlkeswa gwosè peche kretyen yo, Jezi pare pou li padone yo epi pou retabli yo. Kretyen yo ka fè eksperyans padon konplè sa ak restorasyon sa nan lavi yo gras ak pouvwa ministè Sentespri a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.

- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a louvri kè nou ak lespri nou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo .
- Fè rezime “Sans Tèks” anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон Bilik la ankò.
- Fè yon moun repete tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pafwa li ka difisil pou kwè Bondye padone tout peche ou yo. Li bèl lè nou tande Bib la anseye Bondye padone tout moun k ap chèche padon onètman. Sepandan, pafwa, yon travay pi pwofon bezwen fèt, lè Bondye pran konesans sa nan tèt ou epi aplike li nan kè ou. Se sèten, Pyè, ki te nye Jezi twa fwa nan epòk Jezi te plis bezwen li, te pote gwo wont pou aksyon sa yo. Men, Jezi fè sa klè nan pasaj sa a, ke padon ta dwe geri wont, epi Pitit Bondye yo pa dwe viv nan wont. Jezi konplètman restore Pyè, paske se pisans Bondye k ap travay nan padon, se pa travay Pyè.
 - Poukisa kèk kretyen toujou santi yo wont, menm apre Jezi padone yo?
 - Poukisa li bezwen se pouvwa Bondye a, se pa volonte nou ki bay padon ak gerizon konplè a?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Jezi vle ranpli disip li yo ak lajwa, pouvwa ak lanmou. Men, lè kretyen yo pote wont avèk yo, yo pa ka aksepte tout lajwa, pouvwa ak lanmou Jezi a. Li enpòtan pou kretyen yo bay Bondye kè yo konplètman, pou Bondye ka pote gerizon total ak lapè nan lavi yo. Si Jezi pa kondane pitit li yo, pitit li yo pa ta dwe kondane tèt yo. Sa ankourajan anpil.
 - Kisa yon moun ta dwe fè si li kwè peche yo twò gwo pou Bondye padonne li?
 - Kisa k ap passe si yon moun pa santi li koupab pou peche li yo, men li jis kontinye peche epi mande Bondye pou li padone li?
- **Men: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an aksyon?** Padon Jezi chanje lavi yon moun. Pafwa chanjman sa a sanble ak demenaje nan yon lòt vil epi vin yon pwofesè oswa yon predikatè Levanjil la. Lòt fwa, li sanble rete nan vil ou ak travay ou, epi sèvi ak moun nan kominate w la. Li enpòtan pou kretyen yo chèche volonte Bondye pou lavi yo.
 - Ki jan ou ka ankouraje yon moun semèn sa a ki ka santi li dekoraje nan lafwa li?
 - Ki sa ou ta di yon kretyen ki santi apèl Bondye nan lavi li pou li vin yon pwofesè oubyen yon pastè, men ki pè?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn ak lòt, epi viv lesон jodia nan sajès.

- Tèmine pandan gwooup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 91

Tit Leson an: Asansyon epi Rete Tann Sentespri a

Tèks Leson an: Travay 1:1-14

Dezyèm Tèks: Jonas 3


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann, anvan li retounen nan Syèl la, Jezi te pwomèt disip yo kado Sentespri a, sa ki ta pral ba yo pouvwa pou yo vin temwen Jezi jouk nan dènye bout latè.
- **Kè:** Fè atansyon konprann ke dezi ak plan lèzòm yo toujou pi piti epi pi limite pase sa Bondye ap pare pou l akonpli.
- **Men yo:** Rete tann Sentespri a. Pase tan nan lapriyè ak lòt kretyen epi tann ak pasyans yon pawòl ki soti nan Sentespri a.

Leson an Nan yon Vèsè: "Men lè Sentespri a va desann sou nou; na resevwa yon pouvwa. Lè sa a, na sèvi m temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè." (Travay 1:8)

Rezime Tèks la

Jezi te pase anpil jou ak disip yo apre Li te fin leve soti vivan nan lanmò. Men, lè a te rive Li te oblige kite tè a. Li te dwe monte kote Papa Li nan Syèl la. Jezi ak disip yo te vwayaje yon kote yo te rele Betani. Jezi te beni disip yo epi di yo ke yo bezwen soti pou ale pale lòt moun de Li. Anpil moun toujou pa konnen ke Jezi te mouri pou yo pou Li te kapab padone peche yo. Piske Jezi te monte nan syèl, Li te di disip yo ke li t ap voye yon èd. Èd sa a se te Sentespri a. Aprè Jezi te fin di yo sa, Li leve men L anwo syèl la. Pandan L te fè sa, pye L te kite tè a epi Li te kòmanse ap levite, oswa monte nan syèl la. Pandan Jezi t ap monte, li te kache dèyè yon nyaj. Lè sa a, de zanj parèt epi di disip yo ke yon jou Jezi gen pou retounen sou tè a menm jan Li monte nan syèl la.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Jezi resisite.** Aprè rezirèksyon li, Jezi te pase 40 jou sou tè a. Pandan tan sa a, Jezi te bay prèv konvenkan sou rezirèksyon li epi li te anseye yo atravè Ekriti a poukisa li te oblige mouri epi leve soti vivan nan lanmò.
2. **Disip yo** te toujou ap mande si Jezi t ap vin yon lidè politik, epi mande si li t ap pouse Anpi Women an soti nan Tè ki Sakre a. Jezi te anseye disip yo ke yon pouwwa ki pi plis pase l ap vin sou yo, se te Sentespri a. Li te anseye yo ke pouwwa Sentespri a ta pral pèmèt yo ale nan dènye bout latè pou yo kapab vin temwen Jezi. Se poutèt sa, yo pa ta dwe limite Bondye nan sa ki ta ka rive nan Tè sakre a, men yo dwe patisipe nan plan Bondye a pou lemond antye.
3. **Mòn Oliv la.** Nan 40tyèm jou apre rezirèksyon li, Jezi ak disip yo te sou mòn Oliv la, toupre Jerizalèm. Apre Jezi te di disip li yo pou retounen Jerizalèm epi tann Sentespri ke li te pwomèt yo a, li te monte nan nyaj yo, oswa monte nan syèl. Apre Jezi te fin monte, disip yo te obeyi kòmandman li yo epi retounen Jerizalèm pou yo tann Sentespri a.

Sans Tèks la

Jezi te vizite disip li yo plizyè fwa aprè rezirèksyon li. Pandan tan sa yo, Jezi te anseye disip yo anpil bagay sou Sentespri ki gen pou vini an epi sou ekriti yo konsènan lanmò ak rezirèksyon li. Disip yo te toujou pa t byen konprann misyon Jezi a, paske yo te toujou vle konnen si Jezi t ap retabli pèp Izrayèl la pou fè l vini yon nasyon endepandan.

Disip yo pa tap konprann toutbon ministè Jezi a ak misyon yo nan mond lan jiskaske Sentespri a te antre nan kè yo. Se sa ki fè, Jezi te mande yo pou yo tounen Jerizalèm aprè asansyon li epi tann Sentespri a ranpli yo.

Dezyèm Tèks: Disip yo pa t sèl moun ki te konprann ke benediksyon ak Sali Bondye a te sèlman pou pèp Izrayèl la. Bondye te rele Jonas pou l kite pèp Izrayèl la pou li ale preche moun ki te rete lavil Niniv yo. Moun Niniv yo se te ènmi istorik pèp Izrayèl la. Se konsa, Jonas pa t vle obeyi Bondye, paske li te vle benediksyon Bondye sèlman pou pèp Izrayèl la, epi pou pinisyon Bondye te tonbe sou Niniv. Sepandan, Bondye te fè jonas ak disip yo konnen, klè ke mesaj lanmou ak sali Bondye a se pou tout moun.

Atik sou chapit Lafwa: XV. Dezyèm Vini Kris la. Aprè lanmò ak rezirèksyon Jezi, li te retounen monte nan syèl la epi Sentespri a te vin abite nan kretyen yo. Yon jou, nan dènye tan an, Kris la gen pou l vini yon dezyèm fwa. Lè sa a, kretyen yo, ni moun ki vivan ak sila ki mouri yo, pral rankontre Jezi epi yo va monte nan syèl la. Gen anpil moun ki eseye entèprete egzakteman kilè ak kijan tout bagay sa yo pral rive. Sepandan, Legliz Nazareyen rekonèt ke Bib la pa bay detay klè ni egzat sou “ki lè” ak “kijan”, epi chwazi konsantre sou “ki moun”. ([2 Pyè 3:3-15](#)) Kris la gen pou li retounen nan laglwa li!

- **Tèt:** Kisa w ap chache eksperimante lè w wè Jezi fas a fas?
- **Tèt:** Kijan pwomès retou Kris la ba ou fòs pou w viv nan mond pèdi epi brize sa a?
- **Men yo:** Kisa ou kapab fè pou prepare ou menm pou retou Kris la?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks prensipal lesion Biblik la ankò

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Paske Bondye te kreye tout moun epi li renmen tout moun, Bondye vle pou tout moun jwenn Sali. Pandan ke ministè Jezi sou tè a te konsantre preske sou peyi Izrayèl la sèlman, pouvwa rezirèksyon li a ak bòn nouvèl sali a se pou tout pèp. Sepandan, ministè Jezi a pa t fini ak rezirèksyon li. Olye de sa, lè Sentespri a vin sou kretyen yo, ministè Jezi a te kontinye. Anplis de sa, paske Levanjil la se pou lemond antye, Jezi te anseye disip li yo ke Sentespri a ap voye yo nan dènye bout latè, pou preche lanmou ak sali Jezi a .
 - Poukisa ou panse disip yo te toujou panse ke ministè Jezi te sèlman pou pèp Izrayèl la?
 - Ki kesyon ou panse disip yo te genyen konsènan ansèyman Jezi ki te di ke yo gen pou ale nan dènye bout latè kòm temwen Jezi?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Menm aprè rezirèksyon Jezi ak ministè li bò kote disip yo aprè rezirèksyon li, disip yo toujou ap lite pou yo konprann lajè ministè Jezi a. Te gen plis toujou sou wayòm Bondye a ke disip yo te bezwen konprann. Jezi te pwomèt Sentespri a t ap ba yo pouvwa pou yo akonpli ministè Jezi a. Pandan disip yo t ap kontinye akonpli volonte Bondye sou lavi yo avèk obeyisans, yo t ap vin konprann kè ak misyon Bondye nan yon fason ki pi pwofon.
 - Poukisa konpreyansyon kretyen yo genyen de Bondye ap toujou pa sifi parapò ak syèl la?
 - Poukisa li se yon danje pou yon kretyen kwè li konnen tout sa l dwe konnen de Bondye?
- **Men yo: Kijan nou Ka Mete Pawòl Bondye yo an Pratik?** Youn nan aksyon ki pi pisan ke kretyen yo kapab fè se rasanble ak lòt kretyen nan lapriyè. Byenke gen gwo benefis nan priye sèl, konsa tou gen gwo ankourajman ak pouvwa lè kretyen rasanble nan lapriyè. Li enpòtan tou pou kretyen yo aprann de pasyans epi volonte Bondye ak mesaj li

pou yo. Paske plan Bondye yo toujou pi gwo pase sa kreyen yo ta ka konprann, pafwa tan Bondye yo konn differan de tan ak plan lèzòm. Aprann tann avèk pasyans nan lapriyè bagay ki esansyèl pou kreyen yo.

- Poukisa kreyen yo tante vin enpasyan lè y ap tann direksyon Bondye oswas repons pou priyè yo?
- Kijan rasanble nan lapriyè ak lòt kreyen kapab ede nou resevwa pouvwa Bondye a epi aprann gen pasyans?

Aplikasyon

- Mande yon mounn rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 92

Tit Leson an: Jou Pannkòt la

Tèks Leson an: [Travay 2](#)

Dezyèm Tèks: Joel 2:28-32


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Selebre Sentespri a k ap ranpli disip yo. Akonplisman pwomès Jezi sa a pèmèt disip yo pote Bòn Nouvèl la nan dènye bout tè a.
- **Kè:** Rekonèt si ou te ranpli ak Sentespri a. Èske Lespri Jezi a ranpli kè ou, nanm ou ak fòs ou?
- **Men yo:** Jwenn fason espesifik pou rann temwayaj sou gwo delivrans Bondye semèn sa a. Ki jan ou ka montre bòn nouvèl la ke tout moun ki invoke non Senyè a pral sove?

Leson an nan yon Vèsè: Pyè reponn yo, Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a. ([Travay 2:38](#))

Rezime Tèks La

Anvan Jezi te monte nan syèl la, li te di disip yo pou yo rete Jerizalèm. Li pral voye Sentespri a pou ede yo. Yon jou, disip yo ak kèk lòt kreyen te ale vizite ansanm nan yon kay. Menm lè a, yo santi yon gwo van soufle nan kay la. Lè sa a, yo wè yon bagay ki te sanble ak yon dife desann soti nan syèl la. Dife a divize an seksyon diferan, epi chak pati touche youn nan yo. Sa se Sentespri a ke Jezi te pwomèt pou li voye a. Pandan dife a te touche yo, yo te kòmanse pale nan plizyè lang differan. Jezi te vle yo konnen bòn nouvèl konsènan li a ta dwe disponib pou tout moun nan monn nan. Douz disip yo te rele apot tou. Jezi te voye apot yo ak lòt kreyen yo pou yo preche tout moun. Jou Jezi te voye Sentespri a bay disip li yo, yo rele li Jou Pannkòt la.



Ansèyman ki Soti nan Imaj la

1. **Ansanth yon sèl kote.** Nan Jerizalèm, 120 nan disip Jezi yo te rasanble pou tann Sentespri ki te pwomèt la.
2. **Yon Gwo Van.** Menm lè a, yon gwo van plen chanm nan.
3. **Lang** dife te vin poze sou tèt disip yo.
4. **Disip yo** te kòmanse pale nan plizyè lang, yo t ap anonse bòn nouvèl Jezi a. Anpil moun ki te deyò chanm nan te tande nan plizyè lang disip yo t ap anonse Jezi. Anpil nan moun sa yo, paske yo pa t ka konprann tout lang yo, te di disip yo te sou. Men, Pyè te defann disip yo, li te esplike nan Ansyen Testaman an ke lang sa yo t ap akonpli pwomès Bondye yo epi tout pèp yo pral tande Bòn Nouvèl gwo lanmou Bondye genyen pou yo.

Sans Tèks La

Jan Jezi te bay lòd la, disip yo te rasanble Jerizalèm pou yo tann Sentespri a. Plis pase 11 disip Jezi yo, anviwon 120 disip Jezi yo te rasanble pou yo tann. Menm lè a, yon gwo van plen chanm nan, epi sa ki te sanble ak lang dife yo t ap depoze sou tèt yo. Lè sa a, disip yo te deklare lwanj Bondye nan plizyè lang diferan.

Ranplisaj ak Sentespri sa te akonpli pwomès Jezi yo, ansanth ak anpil pwofesi Ansyen Testaman an. Ranplisaj pa Sentespri sa te bay disip yo fòs ak favè pou akonpli apèl Bondye a sou lavi yo.

Menm jan ak pifò zèv pisan Bondye yo, gen kèk ki pa t konprann. Yo pase disip sa yo nan betiz, yo di yo t ap rele byen fò paske yo te sou. Sepandan, Pyè te fè konnen spektak sa a pa t yon rezulta sou, men se te rezulta gwo prezans Bondye a. Pyè te preche yo Levanjil Jezikri a. kè yo te touche, anpil moun te mande Pyè ki jan yo te kapab resevwa delivrans Bondye a. Apeprè 3,000 te aksepte Kris kòm Sovè yo epi yo te batize.

Dezyèm Tèks: Bondye pa t janm gen entansyon pou delivre pèp Izrayèl la sèlman. Paske Bondye te kreye tout moun, Bondye vle tout moun sove. Nan pasaj Jorèl sa a, pwofèt la te pale pwomès Bondye a jou sa, pa sèlman pou Izrayelit yo, men pou tout moun ki envoke non Seyè a pral sove. Bondye pale tou atravè Jorèl sou Sentespri k ap vini an ki pral ranpli Pitit Bondye yo.

Swivi Atik Lafwa a: X. Sentete kretayen ak Sanktifikasyon Total. Plan delivrans Bondye a plis pase pou sove moun anba kilpabilite peche yo, plan Bondye a se sove moun anba pouvwa peche nan lavi yo. Kidonk, poutan rezirèksyon Jezikri bay yon chemen delivrans, ranpli ak Sentespri a se yon travay Bondye ki vin apre kote Bondye netwaye kè a anba peche. Atravè pouvwa Sentespri a, kretayen an kapab rejte peche epi gen pouvwa pou renmen lòt moun ak lanmou Bondye. Ranpli ak Sentespri a mennen kretayen an nan yon lavi an kominyon ak Bondye epi kwasans nan favè Bondye.

- **Tèt:** Poukisa Bondye ta vle fè plis pase jis sove moun anba peche yo? Ki sa ki manke yon kretayen ki sèlman padonne peche yo, epi ki pa lage anba pouvwa peche nan lavi yo?

- **Kè:** Ki kèk manifestasyon Sentespri a fè nan mitan kwayan yo pandan ak apre Pannkòt la, dapre Act 2?
 - **Men yo:** Poukisa li enpòtan anplis temwaye sanktifikasyon Bondye a, men tou montre sanktifikasyon sa atravè yon konpòtman sen?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Priye pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a louvri kè nou ak lespri nou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks Leson Labib yo.
- Rezime "Sans Tèks" ki soti anwo a pou klas la.
- Li tou de tèks lesон Biblik la ankò.
- Fè yon moun repete tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la vle di?** Sentespri a se twazyèm moun nan Trinite a. Ministè Sentespri a se fè lavi Jezi vivan nan lavi kretyen an epi bay yo pouvwa pou yo viv nan pouvwa Bondye. Avèk pouvwa Sentespri k ap travay nan yo, pou kretyen yo ka akonpli kòmandman Bondye yo pou yo renmen Bondye ak renmen lòt moun. Avèk pouvwa Sentespri a, kretyen yo kapab tou viv totalman devwe nan Wayòm Bondye a, epi yo soti nan esklavaj peche. Menmsi disip yo te souvan mal konprann misyon Jezi nan monn nan pandan Jezi t ap sèvi sou tè a, yon fwa yo te ranpli ak Sentespri, yo te kòmanse konprann pi byen Levanjil Jezikri a ak misyon Jezi nan mond lan.
 - Poukisa disip yo kapab viv plis tankou Jezi apre yo fin ranpli Sentespri a pase lè Jezi te mache sou tè a?
 - Ki siyifikasyon sa genyen lè disip yo pale plizyè lang diferan?
- **Kè: Kiyès tèks la di nou ta dwe ye?** Lè yo ranpli ak Sentespri a, kretyen an kapab viv lavi yo konplètman devwe pou Bondye, epi libere anba esklavaj peche. Olye pou yo viv yon lavi ap lite nan eseye viv pou Kris la epi poutan yo toujou ap viv nan peche, kretyen an kapab viv nèt pou Jezi.
 - Poukisa tout moun fèt ak dezi pou yo viv egoyis?
 - Èske ou santi kè ou ap dechire pou viv pou Bondye oubyen viv nan peche? Si wi, kisa ou ka fè pou ou pèmèt Bondye genyen tout lavi ou?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an aksyon?** Ranpli ak Sentespri pa dwe yon evènman pou yon sèl fwa pou kretyen an, men yon reyalite chak jou. Lè kretyen an ap viv nan pouvwa Bondye olye de pwòp pouvwa pa yo, yo pote

temwayaj sou travay Bondye a nan lavi yo. Yo kapab akonpli plis ak pouvwa Bondye pase anba pwòp pouvwa yo.

- Ki jan ou ka montre bòn nouvèl la ke tout moun ki envoke non Seyè a pral sove?
- Kisa ou ka fè si ou pat janm ranpli ak Sentespri a?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou li rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi viv lesон jodi a nan sajès.
- Tèmine pandan group la ansanm ap fè lapriyè senyè a.

Leson Biblik # 93

Tit Leson an: Kominote Jezi Mesi a

Tèks Leson an: Travay 2:41-47

Dezyèm Tèks: Efezyen 1:15-23


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann ke Legliz inivèsèl la se reprezantan Jezikri sou latè.
- **Kè:** Apresye kado Legliz Kris la, ak benediksyon Bondye vle ba ou atravè kretyen parèy ou yo.
- **Men yo:** Antanke yon pati nan Kò Kris la, jwenn kèk fason espesifik semèn sa a pou w kapab gen konpasyon, mizèrikòd, ak lanmou pou moun ki anndan ak deyò Legliz la.

Leson Nan yon Vèsè: Moun ki te aksepte mesaj li a te batize, epi anviwon twamil (3.000) te ajoute nan mitan yo jou sa a. ([Travay 2:41](#))

Rezime Tèks la

Nan jou Pannkòt la, apre yo te fin ranpli ak Sentespri a, Pyè te preche Levanjil la bay plizyè milye Jwif ki te rasanble Jerizalèm ki te soti toupatou nan mond lan pou fèt jwif la. Anpil milye moun te sove. Sentespri a, ki te pisan nan disip yo epi ki te ranpli yo a te aji, nan foul moun yo ki ta p tandem predikasyon Pyè a. Anpil milye nan yo te sove. Disip Jezi ki te fenk sove sa yo te kòmanse rasanble ansanm pou adore, ankouraje, resevwa ansèyman epi kominyen. Kè kontan sali Jezi a te tèlman ranpli nouvo kwayan yo, yo te pataje tout byen yo ansanm, epi yo te bay tout moun ki te nan bezwen.



Ansèyman apati Imaj la

1. Premye kretyen yo. Foul moun ki te tande premye prèch Pyè a te konpoze de Juif ki soti nan plizyè pati nan mond lan. Yo te retounen nan peyi yo epi yo te pataje Jezi ak lòt moun. Moun ki te rete Jerizalèm yo te rete la epi yo te kòmanse reyini ansanm regilyèman.
2. Li nan Lekriti Sent yo. Pami anpil pratik premye kretyen yo te genyen te gen konsakre tèt yo nan ansèyman Apot yo. Yo te fè sa lè yo te koute Apot yo k ap anseye yo, men tou lè yo te li lèt Apot yo te konn ekri swa pou sèten legliz oswa lèt ki te sipoze sikile nan mitan anpil legliz.

Sans Tèks la

Ranpli avèk Sentespri nan Pannkot la, disip Jezi yo te finalman kòmanse konprann lavi Jezi, misyon 1 ak ansèyman li yo. Yo te kòmanse konprann kijan Jezi te yon Mesi yon Sèvitè soufran, olye de yon Mesi chèf militè. Pou yo te ka aprann plis sou Jezi epi pataje lajwa premye kretyen sa yo te genyen, yo te reyini ansanm regilyèman. Premye kretyen sa yo te prensipalman Jwif, kidonk yo te toujou ale nan tanp lan jou saba (samdi), epi rankontre ansanm pou kominyen, anseye epi ankouraje nan dimanch, ke yo rele Jou Senyè a (jou Jezi te leve soti vivan nan lanmò a).

Dezyèm Tèks: nan tèks Efezyen an, Apot Pòl ap pale konsènan pouvwa ak otorite Jezikri. Pouvwa ak otorite sa a grandi nan legliz la, pèp Bondye a ki rasable a rekonèt Jezikri kòm Mesi a, Sovè mond lan.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Koute

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesong Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks lesong Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Manifestasyon tèrès sou fòm lagras, pouvwa, ak mizèrikòd Jezikri se Legliz inivèsèl la. Lè sa pi bon, Legliz la reprezante fidèlman lanmou Jezikri youn pou lòt ak pou moun ki andeyò yo. Lajwa ak sousi youn pou lòt se temwanyaj chanjman ke Jezikri te pote nan lavi yo.
 - Ki fason espesifik ou te wè Legliz la montre lanmou ak favè Jezi ak lòt moun?
 - Ki rezon ki fè Legliz la ta kapab echwe nan viv totalman idantite li kòm Kò Kris la? Èske sa vle di li pa fè pati kò Kris la tout bon vre?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Premye kretyen yo te souvan reyini ansanm pou yo te pataje ansèyman konsènan Jezi, nan kominyon, nan mirak yo, ak nan jenewozite. Premye kretyen sa yo te fè eksperyans lajwa peche yo padonnen epi ranpli ak Sentespri a, sa pa t sèlman transfòme pwòp lavi yo, men lavi tout ansanm. Konsa tou, lavi nou ta dwe montre siy transfòmasyon pandan n ap chèche viv lanmou ak lajwa Jezi montre nou nan relasyon nou ak lòt yo.
 - Kijan lanmou ak lajwa Jezi te chanje kè w?
 - Èske ou panse jis paske Jezi chanje kè yon kretyen imedyatman, kretyen sa a, vin gen matirite tout bon nan konesans li nan Jezi ak renmen pou lòt moun? Poukisa wi oubyen poukisa non?
- **Men yo: Kijan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Youn nan pi gwo temwen pouvwa Jezikri pou transfòme lavi nan premye legliz la sete lanmou, zanmitay, ak jenewozite premye kretyen yo te montre. Byenke anpil moun te gen difikilte pou konprann Jezi se Mesi a, yo pa t kapab inyore gwo lanmou ak lajwa ki te transfòme disip Jezi sa yo. Pafwa pi gwo temwayaj kretyen yo genyen an se pa temwayaj ki soti nan pawòl, men pito temwayaj ke yo montre nan aksyon lanmou ak lajwa yo.
 - Ki aksyon lanmou ak lajwa ki gen plis sans ke lòt kretyen yo te demonstre w?
 - Ki kado ak favè Jezi te ba ou ou ka pataje ak lòt moun semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 94

Tit Leson an: Pyè ak Jan Geri Mandyan an

Tèks Leson an: [Travay 3](#)

Dezyèm Tèks: [Ezayi 35](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Fè kè nou kontan! Ministè Jezikri pote gerizon nan kò ak nanm moun yo, kounye a l ap kontinye atravè disip li yo.
- **Kè:** Sonje lajwa delivrans ou a! Menmsi lavi a ka difisil ak moun ki desevwa ou, Jezi pa p janm kite ou echwe!
- **Men yo:** Jwenn yon moun pou li ou kapab yon benediksyon. Pafwa Kretyen yo ka yon benediksyon finansyèman, men gen anpil lòt fason tou Kretyen yo ka pataje lanmou ak pouvwa Bondye ak lòt moun.

Leson an nan yon Vèsè: Lè sa a, Pyè di li: Mwen pa gen ni lajan ni lò. Men, sa m' genyen an, m'ap ba ou li. Nan non Jezikri, moun Nazarèt la, leve ou mache. ([Travay 3:6](#))

Rezime Tèks la

Chak jou, jwif ak moun lòt nasyon yo te ale nan Tanp lan pou yo lapriyè. Yon payen se nenpòt moun ki pa yon jwif. Pandan Pyè ak Jan t ap mache nan Tanp lan, yo wè yon nonm enfim ki te chita bò pòtay la. Mesye a t ap mande moun pou yo ba li lajan paske li pa t kapab fè pyès lajan poukонт li. Lè Pyè ak Jan te pwoche bò pòtay la, enfim nan mande yo lajan. Pyè di mesye a pou li gade l. Aprè sa, Pyè di li pa gen pyès lajan pou li ba li. Men, li te gen yon lòt bagay ke li te kapab bay. Pyè te di nonm enfim lan nan non Jezi li ta dwe leve epi mache. Pyè te bese, li te pran men dwat mesye a, epi li te ede l kanpe sou pwòp pye l. Touswit nonm lan te santi misk yo nan pye li epi chevi li yo vin fò. Li te geri! Li te sote ak kè kontan epi li te mache ak Pyè epi Jan nan Tanp lan.



Ansèyman apati de Imaj la

1. **Bèl Pòtay la.** Yon jou, Pyè ak Jan te ale nan Tanp lan pou yo lapriyè nan aprèmidi, epi yo t ap antre nan pòtay ki te rele Bèl la.
2. **Mandyan Bwate a.** Pandan yo t ap mache, yo pase bò yon nonm k ap bwate depi li fèt l ap mande lajan. Zanmi nonm ki t ap bwate a te mennen li nan pòtay la chak jou pou mande moun Izrayelit ki ta pral lapriyè yo.
3. **Pyè rele mandyan an:** "Gade nou!" Lè Pyè te gen atansyon mandyan an, li te deklare li pat gen lajan pou li ba li, men li te kòmande nonm lan, nan non Jezikri, pou li mache. Pyè pa t tann nonm lan deside si li te kwè nan Jezi oubyen si li te kwè nan sa Pyè te di a, li pran men li, li rale li. Chevi nonm lan te vin fò, epi avèk lajwa, li ale nan lakou Tanp lan, li sote, epi li fè lwanj Bondye.

Sans Tèks la

Sentespri te ranpli disip JeziKri yo nan jou Pannkòt la. Lè sa a, yo te kòmanse viv epi fè ministè, non selon pwòp fòs rabougri yo a, men ak kokennchenn pouvwa Bondye a atravè Sentespri a. Paske yo te konnen Jezi se te akonplisman pwomès Mesi a nan Ansyen Testaman an, disip Jezi yo te kontinye ale nan Tanp lan pou lapriyè epi adore.

Yon jou, pandan Pyè ak Jan t ap prepare pou yo antre nan Tanp lan, yon mandyan k ap bwate te atire atansyon yo. Li bwate depi lè li te fèt, mesye sa t ap mande lajan depi li toupi, paske li pat ka travay. Li te oblige rete deyò Tanp lan tou, paske Lalwa te deklare moun ki andikape yo te souvan entèdi pou yo antre nan lakou Tanp lan ([Levitik 21:16-23](#)). Moun yo te souvan wè moun ki andikape yo tankou pinisyon Bondye, menm si, tankou nonm sa a, yo te andikape depi lè yo fèt.

Kidonk, Pyè te rekonèt nonm sa te bezwen plis pase yon ti kòb pou li te retabli. Nonm sa a te bezwen gerizon, nan kò li epi nan sitiyasyon sosyal li. Se poutèt sa, lè Pyè te deklare nonm sa a te kapab mache nan non Jezi, Pyè te geri anpil pati nan lavi nonm sa a. Kounye a li te kapab

mache, adore nan Tanp lan, epi li pa viv ankò avèk lòt moun ki t ap konsidere l tankou moun Bondye t ap pini.

Moun ki te nan lakou Tanp lan te sezi wè nonm bwate sa a ki t ap vole ak kè kontan, yo pwoche bò kote Pyè ak Jan. Pyè te pwofite okazyon an, li te preche foul moun yo. Pyè te pwoklame Jezi kòm Mesi, epi li te mande yo pou yo repanti epi tounen vin jwenn Bondye.

Dezyèm Tèks: Pasaj sa a dekri esperans Mesi a pral pote pou pèp Izrayèl la. Kretyen yo te fè yon gade dèyè nan pasaj sa tankou yon egzanz nan ministè Jezi a. Anplis de sa, paske pouvwa Jezi a toujou ap travay nan mond lan, kounye a atravè disip Jezi yo, ministè Jezi a kontinye. Nan ka sa a, ansyen moun k ap bwate k ap sote nan lakou Tanp lan bay prèv pwofesi Ezayi a, “Bwate a sote tankou yon sèf,” te rive vre.

Chapit Fwi Sentespri a: 5. Jantiyès. Kretyen yo montre jantiyès lè yo aji pou byen lòt moun, san yo pa atann anyen dèyè. Lè yo wè yon moun nan bezyen, olye pou yo tann yon lòt moun aji, oubyen menm tann moun mande pou yo aji yo pral travay pou satisfè bezwen an. Nan tèks lesyon an, mandyan an te mande yon bagay, men li te resevwa yon lòt bagay. Pandan mandyan an sèlman mande lajan, Pyè te konprann gerizon fizik la se te pi gwo bezwen mandyan an.

Bonte Bondye parèt lè Bondye non sèlman satisfè bezwen moun yo panse yo genyen, men tou, bezwen ki pi pwofon yo ka pa menm reyalize yo genyen an. Se poutèt sa, anvan menm yon moun reyalize li se yon pechè ki bezwen favè Bondye, Bondye pral kòmanse antre nan lavi yo ak nan lavi lòt moun ki bò kote yo pou prepare yo pou moman kote pou yo rekonèt pi gwo bezwen yo.

- **Tèt:** Kretyen yo souvan vle jjiman Bondye a vin rapid sou moun ki fè yo mal. Ki pi bon fason yon kretyen ka itilize lè l ap priye Bondye pou yon moun ki gen problèm ak li?
- **Kè:** Pou nou janti sa mande pou nou mete lòt moun an premye nan lavi nou ak nan kè nou. Poukisa li ka tèlman difisil pou nou mete bezwen lòt moun anvan pwòp bezwen pa nou?
- **Men yo:** Lè ou janti vle di non sèlman ou dispoze pou ede lòt moun, men ou dwe konsyan de bezwen lòt moun. Ki jan ou ka pi atantif semèn sa a ak bezwen moun ki bò kote ou?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demand lapriyè yo.
- Mande Sentespri a ouvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Li tou de tèks Leson Biblik yo.
- Rezime "Sans Tèks" ki anlè a pou klas la.
- Li tou de tèks lesон Biblik la ankò.
- Fè yon moun repepe tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Ministè Jezikri kontinye sou tè a, menm apre li retounen nan syèl la. Kounye a, gras ak pouvwa Sentespri a, disip yo kontinye predikasyon ak ministè gerizon Jezikri a. Menm jan ak anpil nan mirak Jezi yo, benefisyè mirak sa a pa t janm mande pou gerizon. Sepandan, Pyè te konnen lajan t ap satisfè bezwen li sèlman pou yon ti tan. Gerizon se sa li te vrèman bezwen. Pyè, ki te yon fwa nye Jezi twa fwa, men kounye a Sentespri ba li pouvwa, pou te kòmande nonm bwete sa a pou li mache. Gerizon an non sèlman te bay nonm sa a yon lavi nouvo, men tou, li te bay Pyè opòtinite pou li preche ankò sou JeziKri ak yon foul moun ki te prizonye.
 - Ki kote ou panse Pyè, ki te fèk nye Jezi a, te resevwa lafwa pou deklare nonm sa a geri?
 - Ki vrè bezwen nonm sa a, otremman lajan, epi poukisa se bezwen sa yo Pyè te reponn olye li jis ba li yon kòb?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Pyè ki te nye Jezi a byen vit transfòme epi vin ap fè mirak nan non Jezi. Pandan ke Pyè te fè eksperyans kote li te koupab lè li te nye Jezi a, pouvwa rezireksyon an pi fò pase koupab li a. Gerizon Jezi bay la pi plis pou transfòme lavi Pyè. Konsa tou pou Kretyen yo. Pandan ke Kretyen ka ap pote mak peche nan pase yo, nan Jezi yo pa bezwen pote bagay sa yo, kilpabilite oubyen wont pou peche sa yo. Lè Jezi sove, Jezi sove nèt.
 - Poukisa anpil moun panse lè Jezi bay tèt li pou tout peche yo padone se yon bagay ki twò bon pou li ta verite?
 - Ki mal ki genyen pou aksepte padon Jezi a, men ou pa kwè ke Jezi renmen ou?
- **Men yo: Ki jan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Lè Sentespri ranpli ou li pèmèt kretyen yo satisfè vrè bezwen lòt moun yo. Petèt se pa fè mirak gerizon kote yon moun ki fèt tou bwete mache, Bondye bay kretyen yo anpil kapasite, trezò ak talan ke Bondye vle yo itilize pou byen lòt moun. Li empòtan anpil pou kretyen yo konnen, lè ou blese moun souvan moun yo p ap ka konprann lanmou Bondye w ap pale yo a, jiskaske yo wè lanmou sa ap travay bò kote yo.
 - Poukisa li pa ase pou pale moun de lanmou Bondye, poukisa sa dwe demontre tou?
 - Ki jan ou ka eseye sèvi yon moun ki di li pa vle vin Kretyen paske yon Kretyen te fè li mal yon lè?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou li rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesón jodi a.

- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi viv lesон jodia nan sajès.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 95

Tit Leson an: Ananyas ak Safira bay Manti

Tèks Leson an: Travay 5:1-11

Dezyèm Tèks: Jozye 7


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann, jan renmen lajan se yon vis ki kapab detwi, lavi w ak lavi moun ke ou renmen yo.
- **Kè:** Fè atansyon, peche pa sèlman kontante l nan limite kè w, li vle kontwole aksyon w yo tou.
- **Men yo:** Angaje w pou w viv yon lavi ki dwat, kote panse w, santiman w ak aksyon w yo tout soti nan lanmou pou Bondye ak pou lòt moun.

Leson an Nan Yon Vèsè: "Pèsonn pa ka sèvi byen ak de mèt an menm tan. Li gen pou l rayi youn si l renmen lòt la, l ap sèvi byen ak youn men l ap meprize lòt la. nou pa kapab sèvi Bondye ak lajan an menm tan." ([Matye 6:24](#))

Rezime Tèks la

Te gen anpil pòv ki t ap viv laval Jerizalèm. Poutèt sa, kretyen yo te vann moso tè ak kay yo pou yo te ka bay apot yo lajan. Apre sa, apot yo te pran lajan sa yo epi bay pòv yo. Yon jou, yon nonm yo te rele Ananyas ak madanm li, Safira, te vann moso nan byen yo pou anpil lajan. Yo petèt vin egois anpil lè yo te wè tout lajan sa yo. Olye pou yo bay apot yo tout, yo te deside kenbe yon pòsyon nan lajan an pou tèt pa yo. Yo pran rès lajan an, yo pote bay apot yo. Ananyas ak Safira te vle apot yo kwè ke yo te bay tout lajan yo te resevwa pou byen yo. Apot yo te kwè ke yo t ap bay manti. Paske yo te bay Bondye manti, Ananyas ak Safira te mouri menm lè a. Lòt moun yo te aprann ke yo pa dwe janm bay Bondye manti.



Ansèyman apati Imaj la

- Kwayan yo te Pataje sa yo Posede.** Nan premye Legliz la, kwayan yo te tèlman ranpli ak Sentespri a epi ak lanmou youn pou lòt, yo te pataje byen yo youn ak lòt. Anpil moun te vann kay ak tè, yo te pote lajan an bay Apot yo pou ede moun ki nan bezwen. Bondye pa t janm bay kretyen yo lòd pou yo fè sa, kretyen yo te sèlman fè sa kòm yon repons akoz lanmou ak lajwa yo te genyen nan Senyè a.
- Pyè.** Yon jou, yon nonm ak madanm li te vann yon moso tè epi yo te pote yon pòsyon nan lajan an bay apot yo. Sepandan, olye pou yo di ke sa se yon pòsyon nan sa yo te vann nan, nonm nan, Ananyas, te di se pou pri sa li te vann li. Li te bay manti pou fè tèt li pase pou pi bon. Senyè a te revele Pyè kipidite ak riz Ananyas la, se konsa Pyè te defye l. Ananyas te mouri, menm lè a, akoz peche li te fè kont Bondye.
- Safira.** Twa zèdtan apre, Safira, madanm Ananyas, te vin chèche l. Pyè te defye l tou, li te kesyone li sou pri li te vann tè a, pou l wè si li ta p bay manti tou. Li te bay manti, menm jan ak Ananyas, e li te mouri menm lè a. Gwo laperèz te pran tout legliz la lè yo te reyalize gwo pouvwa rezirèksyon Jezi a pa t yon jwèt.

Sans Tèks la

Akoz yo te ranpli ak Sentespri a, premye kretyen yo te jwi yon gwo relasyon ak Bondye epi youn pou lòt. Yo te tèlman, ranpli ak lajwa ak renmen, yo te bay byen yo legliz la yon fason pou yo te ka pran swen pòv yo. Gen kèk ki te menm vann kay ak tè, epi bay lajan yo.

Bondye pa t bay lòd pou yo fè sa. Kretyen yo te sèlman bay yon fason lib, yon fason pou yo te reponn ak gwo lanmou Bondye a. Ananyas ak Safira te deside vann yon pati nan tè yo epi bay yon pòsyon nan lajan an. Sepandan, olye pou yo di lòt moun yo ofrann yo te bay la se te sèlman yon pòsyon nan lajan an, yo te bay manti, yo te di lòt moun yo yo te bay tout lajan an. Menmsi yo te jenere, Satan te toujou gen kontwòl kè yo, yo te kite renmen lajan fè yo twonpe moun.

Yon ti kras peche ka lakòz gwo pwoblèm. Poutèt sa, Bondye te deside pini yo menm lè a, pou renmen lajan ak riz pa t gaye nan tout legliz la. Evènman sa a te lakòz gwo laperèz andedan legliz la, premye kreyen yo te reyalize gwo pouvwa rezirèksyon an pa t sèlman la pou pote Sali anba peche, men pou pote jijman pou peche tou.

Dezyèm Tèks: (Gade lesion #28 pou plis enfòmasyon) Menm epizòd konsènan renmen lajan Ananyas ak Safira te rive yon ti tan apre Izrayelit yo te antre nan Tè Pwomès la. Akan, olye li obeyi kòmandman Bondye yo pou Izrayelit yo pote tout sa ke yo te pran yo pou fè sèvis Bondye, li te pito vòlè bagay ki te gen valè yo. Menm jan ak Ananyas ak Safira, Akan ak fanmi l te peye dènye pri pou peche ak riz li yo.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks lesion Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Menmsi rezirèksyon Jezi a kraze pouvwa peche a, kreyen yo kapab toujou chwazi kite peche dirije lavi yo. Yon lòt bò, Ananyas ak Safira te kwè ke yo ka sèvi Bondye epi gen vis ak riz an menm tan. Bondye te montre premye kreyen yo gwo danje ki genyen nan kwè yo kapab kontwole peche. Byenke Bondye pap tann pou kreyen yo viv pafè, gen gwo danje lè kreyen yo fè kòmsi y ap swiv Bondye pandan yo kite peche ap domine lavi yo.
 - Ki nati peche ki te lakòz koup sa a bay manti nan sa yo t ap bay la, pandan ke Bondye pa t janm mande yo bay tout lajan sa yo te vann nan touswit?
 - Poukisa renmen lajan se tankou yon vis k ap detwi kreyen yo ak moun ki bò kote yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Kreyen yo dwe sonje, peche pa kontante sèlman de yon pati nan kè yon moun. Yon kreyen pa kapab kontwole peche nan lavi l. Si kreyen an dakò pou peche demere nan kè l, peche sa a ap enfekte lòt pati nan lavi

kretyen an tou. Peche anndan tankou renmen lajan pa rete anndan sèlman, men yo manifeste nan aksyon kretyen an tou.

- Poukisa Satan vle kretyen yo kwè ke peche ki anndan paka deranje?
- Ki kèk fason peche anndan an vin manifeste nan aksyon ak atitud yon kretyen?
- **Men yo: Kijan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Yon lavi ki dwat se lè kwayans yon kretyen ak aksyon li yo mache. Li enpòtan anpil pou kretyen yo pa sèlman aksepte Jezi kòm Sovè yo, men fè efò pou kite Kris dirije kè yo ak aksyon yo tou.
 - Poukisa viv yon lavi ki dwat ka difisil pou viv nan kominote ou a?
 - Ki kèk nan konsekans peche ou wè ki afiche nan kominote w la?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou komninote ou, youn lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 96

Tit Leson an: Istwa Etyèn lan

Tèks Leson an: [Travay 6:8-7:50](#)

Dezyèm Tèks: [Jeremi 38:1-14](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann vin yon temwen pou Jezikri ka Mennen ou nan pèsekisyon ak soufrans. Men, si se konsa, li jis bay Kretyen an yon opòtinite pou li vin plis sanble ak Jezi.
- **Kè:** Padone lòt moun yo. Etyèn, menm jan Jezi te fè sou kwa a, li te padone moun ki t ap touye li yo. Padon se yon vèti Kretyen ki difisil anpil pou mete an pratik, men li libere Kretyen an pou li pa kite amètim ak rayisans grandi nan kè yo.
- **Men yo:** Pale verite Jezi a ak lanmou. Byenke Etyèn te konnen predikasyon li te fè sou Jezi a te kapab pote opozisyon, li te renmen Jezi twòp pou li te kenbe Jezi an sekèr.

Leson an nan yon Vèsè: Etyèn te yon nonm Bondye te beni anpil, li te gen anpil pouwwa. Li t ap fè gwo mirak ak demonstrasyon nan mitan pèp la. ([Travay 6:8](#))

Rezime Tèks la

Etyèn te yon nonm ki gen anpil bon konprann epi li pa t pè pale ak moun konsènan Jezi. Menm jan ak Pyè ak Jan, Bondye te pèmèt yo fè mirak atravè Etyèn. Etyèn te konnen rezon ki fè li te kapab fè mirak sa yo se paske Sentespri t ap ede li. Gen kèk jwif ki pa t renmen sa Etyèn t ap fè a. Yo te akize Etyèn kòmkwa li t ap di move bagay sou Moyiz ak Bondye, epi yo mennen Etyèn nan tribinal. Pandan yo te nan tribinal la, Etyèn leve je li nan syèl la. Li te di mesye Jwif yo ke li te kapab wè Jezi kanpe bò kote Bondye. Mesye yo te fache, yo trennen Etyèn deyò lavil la. Yo pran wòch atè a epi yo kòmanse voye yo sou Etyèn. Etyèn leve je li nan syèl la, li mande Jezi pou li padone mesye yo paske yo t ap fè sa. Lè sa a, Etyèn te mouri. Etyèn se te premye moun yo te touye jis paske li t ap pale moun de Jezi.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Etyèn** se te yon Kretyen, ki plen ak Sentespri, ki te fè anpil demonstrasyon ak mirak pou montre favè Bondye ak pouvwa Li.
2. **Opozisyon.** Men, gen kèk moun ki pa t renmen ministè Etyèn nan. Yo pa t renmen li pale moun de Jezi, paske yo pa t kwè Jezi se Mesi a. Yo t ap konbat Etyèn ak kesyon difisil, men Bondye te bay Etyèn sajès nan repons li yo. Paske moun ki nan opozisyon an pa t kapab demanti repons Etyèn yo, yo te fè vyolans nan foul moun yo pou yo sispann travay Etyèn lan. Yo trennen Etyèn mete deyò lavil la epi yo kòmanse voye wòch sou li pou yo touye li.
3. **Etyèn te Gade Syèl la** epi li te wè Jezi kanpe bò kote Bondye. Lè Etyèn te konnen li ta pral mouri, li te mande Jezi pou li resevwa lespri li epi pou li padone mesye sa yo paske yo t ap touye li. Lè Etyèn te fè sa, li te montre menm kalite lanmou Jezi te montre lè mesye yo ki te fache yo te fè yo klooure Jezi sou kwa a.

Sans Tèks la

Opozisyon relije Jezi yo te panse ke yon fwa yo te fin klooure Jezi sou kwa a, disip li yo t ap sispann pale moun de Jezi. Kidonk, yo te ranpli avèk Sentespri, anpil Kretyen non sèlman t ap pale moun de Jezi, men yo te fè gwo demonstrasyon ak mirak nan non Jezi. Se poutèt sa, kèk chèf relije te kwè kounye a yo te dwe kòmanse touye disip Jezi yo.

Kidonk, menm jan ak Jezi, chèf relije yo pa t gen otorite pou yo touye Etyèn. Ni yo pa t gen prèv Etyèn te fè pyès krim ki merite lanmò. Pafwa moun kwè li bon pou yo kraze pwòp lwa yo. Yo kwè li te bon pou yo fè yon krim pou yo ka jwenn sa yo te vle a. Kidonk, Jezi te anseye ke li pa t janm nòmal pou ou fè yon krim pou ou ka jwenn saw vle a. Jezi te anseye li te pi enpòtan pou renmen pase pou aji ak vyolans pandan ou an kòlè.

Etyèn se te premye Kretyen ki se mati, sa vle di li se premye Kretyen ke yo te touye akoz lafwa li nan Jezikri. Menm jan ak Jezi, Etyèn te tèlman renmen Bondye ak lòt moun, li te padone moun ki t ap touye li yo.

Dezyèm Tèks: (Gade lesion #47 pou plis enfòmasyon) Menm jan ak Etyèn, otorite yo te pèsekite Jeremi paske li te di verite sou Bondye. Byenke otorite yo ta dwe koute mesaj Jeremi an ki soti nan Bondye epi pou yo te repanti pou peche yo, men yo te chwazi fè Jeremi fè silans pito. Jeremi te konnen otorite yo t ap pèsekite li paske li te di laverite sou Bondye, men Jeremi te konnen tou li te pi enpòtan pou ou rete fidèl ak Bondye pase pou ou pè moun k ap anseye move bagay sou Bondye.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demand lapriyè yo.
- Mande Sentespri an ouvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye vle pataje ak ou jodia.

Tande

- Fè lèkti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” ki anlè a pou klas la.
- Fè lèkti tou de tèks lesion Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Li tris pou wè fè ministè pou Jezi, moun ki te anseye anpil sou lanmou ak padon, ka mennen nan yon pèsekisyón ki makawon konsa. Premye kretyen yo te ede pòv yo, yo te fè mirak epi yo te anseye verite sou Bondye. Kidonk, non sèlman sa pa t pwoteje yo kont mal, li te lakòz otorite reliye yo pini yo. Pa gen moun ki renmen soufri, kidonk, li pi enpòtan pou w rete fidèl ak Jezi pase eseye evite soufrans. Anplis de sa, menmsi Jezi pa rele kretyen yo pou yo chèche pèsekisyón, li enpòtan pou ou koute Jezi fidèlman epi pou ou obeyisan chak fwa Jezi mande w pou w aji oubyen pou w pale pou li.
 - Poukisa gen moun ki fache anpil lè lòt moun aji yon fason ki gen anpil lanmou ak jenewozite?
 - Nan ki fason pèsekisyón ka fè Kretyen yo vin pi sanble ak Jezi?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di nou ta Dwe Ye?** Li difisil pou renmen moun k ap pèsekite ou. Li difisil tou pou w padone moun ki fè w mal. Kidonk, Jezi ak Etyèn se yon modèl pou vi Kretyen an kote èn ak amètim pa gen plas nan kè yo. Si Kretyen an ap fè fas ak pèsekisyón epi li kite amètim ak èn ap grandi nan lavi yo, Lè sa a, Satan genyen, paske Bondye pa totalman Mèt kè yo . Padon, enpòtan anpil pou kretyen yo pratike, li ka pran anpil tan pou li grandi.
 - Kisa yon Kretyen ka fè pou li padone lòt moun pi fasil?

- Kisa yon Kretyen k ap lite pou li padone yon moun ta dwe fè?
- **Men yo: Ki jan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Bondye pa vle Kretyen fè lòt moun fache, jis fè yo fache. Kidonk, Bondye rekonèt gen kèk moun ki pral fache anpil lè yo wè nou renmen lòt moun oubyen lè yo tandé nou ap pale de Jezi. Pandan ke lòt moun ka vin fache, Kretyen yo dwe sèvi Bondye an premye, epi yo dwe pale epi aji lè Bondye ap gide yo.
 - Ki lè ou te fè fas ak pèsekisyón paske ou te fè prèv ou se yon Kretyen?
 - Kisa ou ta di yon Kretyen k ap lite akoz pèsekisyón y ap fè fas?

Aplikasyon

- Mande yon moun pou li rakonte tèks prensipal lesón Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesón jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi viv lesón jodia nan sajès.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 97

Tit Leson an: Filip ak Etyopyen an

Tèks Leson an: Travay 8:26-40

Dezyèm Tèks: Ezayi 53:7-12


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Kwè sali Bondye a nan Jezikri se pou tout moun, kèlkeswa nasyon yo, ras yo, sèks, oswa orijin yo.
- **Kè:** Gade nan kè w si gen nenpòt bagay ki anpeche w pataje lanmou Bondye a ak lòt yo. Èske w gen patipri, laperèz, osinon prejije ki ta ka anpeche w obeyi apèl Bondye pou pataje Levanjil Jezikri a ak lòt yo?
- **Men yo:** Mete ou prè pou pataje temwayaj ou ak Levanjil Jezikri a nenpòt lè. Bondye ap mennen moun nan lavi w ki bezwen tandem Bòn Nouvèl Jezikri a.

Leson Nan Yon Vèsè: Lè sa a, Filip pran pale li kòmanse avèk pasaj li ta p li nan liv la li fè konnen bòn nouvèl ki pale sou Jezi a. ([Travay 8:35](#))

Rezime Tèks la

Filip (se pa t apot la) se te yon misyonè ki ta p pale moun de Bondye. Yon jou, Bondye te voye yon zanj pou di Filip ale sou wout dezè ki mennen Jerizalèm nan. Filip te obeyi zanj lan. Pandan Filip t ap mache, li te wè yon nonm peyi Letyopi ki te chita sou yon cha. Mesye a t ap li liv Ezayi ki soti nan Ekriti Ansyen Testaman an. Pandan nonm lan ap li, Filip pwoche bò kote l, li mande l si l konprann sa l t ap li a. Nonm peyi Letyopi a te reponn li di Filip li pa konprann, men li ta renmen yon moun eksplike li. Filip te esplike nonm lan ke li t ap li bòn nouvèl konsènan Jezi a. Apre sa, Filip rakonte nonm lan kijan Jezi te mouri pou padone peche l yo. Nonm Etyopyen an te mande Jezi padon pou peche l yo, apre sa li te mande Filip pou li batize l. Apre sa, Sentespri a mennen Filip nan yon lòt vil kote li t ap pale de Jezi.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Ofisyè Etyopyen an.** Yon ofisyè Etyopyen te vwayaje Jerizalèm pou l'adore nan Tanp lan. Sou wout lakay li nan peyi Letyopi li t'ap li nan liv Ansyen Testaman an nan liv Ezayi.
2. **Filip** se te yon kretyen ki t'ap pale de Jezi epi ki t'ap fè mirak nan non Jezi. Bondye te voye Filip nan cha Etyopyen an. Lè Filip wè Etyopyen ki t'ap li nan liv Ezayi a, li te mande ofisyè Etyopyen an si l' te konprann sa l' t'ap li a. Etyopyen an te tris paske li pa t' konprann sa l' t'ap li a, epi pa t' gen pèsoun pou esplike l' pasaj la. Se konsa Filip te mande pou l' esplike l' tèks la, pandan yo t'ap vwayaje sou wout la Filip te esplike l' tout bagay konsènan Jezi, epi kijan Jezi te akonpli anpil nan pwofesi ki nan liv Ezayi a. Etyopyen an te kontan tande pale de Jezi, li mande Filip pou batize li.

Sans Tèks la

Apre yo te fin lapide Etyèn, yon gwo pèsekisyon te leve kont kretyen yo nan Jerizalèm. Anpil nan kretyen yo te kouri kite Jerizalèm. Sepandan, pèsekisyon sa a pa t kanpe ansèyman ak mesaj sou Jezi a, an reyalite se te lekontrè. Pandan kretyen yo t'ap kouri kite Jerizalèm, yo te kòmanse pale de Jezi epi yo te fè gwo mirak tout kote yo te ale.

Youn nan kretyen sa yo se te Filip. Li te kouri al nan yon vil nan Samari, se la li te geri anpil moun epi anpil te vin kretyen gras ak ministè l. Yon jou, Bondye te di Filip pou l' kite Samari pou l' ale nan bò sid nan yon wout ki okipe ant Jerizalèm ak Gaza. Lè Filip rive la, li te wè yon moun ki enpòtan anpil ki te monte nan yon cha. Moun sa a se te yon ofisyè peyi Letyopi ki te vwayaje Jerizalèm pou adore nan tanp lan. Ofisyè sa a te fache paske, malgre li t'ap li ekriti yo, li pa t' konprann yo. Filip te mande l' pou l' eksplike ekriti yo, se konsa li te monte nan cha a epi yo pran wout la.

Pasaj ofisyè a t'ap li a te pale de Sèvitè soufran an, konsènan fason Jezi t'ap mouri pou peche nou yo. Kòm Filip te esplike responsab sa a tout bagay sou Jezi, ofisyè a te kontan anpil, epi lè yo te rive kote ki gen dlo, li te mande Filip pou li ta batize l.

Kounye a, menmsi ènmi Jezi yo te panse yo ta ka anpeche disip li yo preche sou Jezi lè yo pèsekite yo, olye de sa, Bòn Nouvèl Jezi a pa t' sèlman preche ak plis moun, men kounye a, yon Etyopyen vin kretyen epi pote Bòn Nouvèl Jezikri a nan yon nouvo kontinan: Afrik!

Dezyèm Tèks: Ofisyè Etyopyen an t'ap li tèks sa a. Plizyè santèn ane anvan Jezi te kloure sou kwa a, Bondye te bay Ezayi pwofesi sa a pou l' te anonse kijan Bondye t'ap vin sove moun anba peche yo.

Chapit sou Prensip Lafwa: VII. Gras preventif. Bondye toujou fè premye pa nan renmen ak nan sali. Bondye te kreye syèl la ak tè a pou limanite te kapab jwi l. Poutan, limanite chwazi peche. Sepandan, Bondye pa t' kontan relasyon sa ki brize ant Li ak limanite, Bondye te lonje men bay patriyach yo ak pwofèt yo pou montre limanite kijan yo kapab gen relasyon ak Bondye. Pandan limanite te kontinye viv nan brizman ak peche, Bondye te lonje men atravè Jezikri pou bay yon pi bon chemen sali. Lè yon moun rekonèt peche l' yo epi li tounen vin jwenn Bondye, Bondye se premye moun ki lonje men ba li. Fè lwanj Bondye, Bondye toujou fè premye pa nan lanmou ak sali! Gade Women 5 pou plis enfòmasyon.

- **Tèt:** Kijan lavi nou ta ye si Bondye pa t fè premye pa pou vin jwenn nou, epi li te rete ap tann pou nou chache pou kont nou Sali ak gerizon?
 - **Kè:** Kisa sa ansenye ou konsènan nati Bondye ke Bondye pa te rete tann ou pou rekonèt peche ou ak pou rekonèt ke ou bezwen sove?
 - **Men yo:** Ki repons yon moun ta ka bay ak gras preventif Bondye a?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks lesion Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pèsekisyon pa t anpeche premye kretyen yo pale lòt moun de Jezikri. An reyalite, plis moun te tande pale de Jezi paske kretyen yo t ap pale de Li pandan yo ta p kite Jerizalèm. Anvan Jezi te monte nan syèl la, li te di disip yo ke yo t ap temwen l nan dènye bout latè ([Travay 1:8](#)), kounye a, sa rive vre. Apre Pannkòt la, Sentespri a te tèlman ranpli premye kretyen yo ke yo te fè menm bagay Jezi te fè pandan l te sou tè a: anseyman konsènan Wayòm Bondye a ak fè mirak pou pwouve Wayòm Bondye a te vin sou tè a. Ofisyè Etyopyen sa a se yon egzanp sou fason Bòn Nouvèl konsènan Jezi a ap gaye nan tout mond lan.
 - Ki kèk nan anpil diferans ki genyen ant Filip ak ofisyè Etyopyen sa a?
 - Poukisa ou panse ofisyè Etyopyen an t ap envite yon etranje nan cha li pou anseye l sou liv Ezayi a?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Bòn nouvèl sou Jezi a se pou tout moun. Bondye vle kretyen yo pataje Bòn Nouvèl sou Jezi a ak tout moun nan mezi yo kapab. Sepandan, pafwa moun kite diferans ki genyen ant yo ak lòt moun anpeche yo ede lòt yo. Pafwa diferans yo konn rasyal, ekonomik, relijye, oswa plizyè lòt ankò. Bondye pa vle anyen anpeche kretyen yo pataje bòn nouvèl la ak lòt moun. Bondye vle kretyen yo wè pi lwen pase ras, nasyonalite, richès, epi wè lòt yo sèlman kòm kreyati Bondye renmen ki bezwen Bòn Nouvèl la.
 - Ki diferans ki genyen ant moun yo nan kominote w la ki anpeche yo viv byen youn ak lòt?

- Kisa ou ta dwe fè si Bondye mennen yon moun nan lavi ou pou pataje Levanjil la epi ki diferan de ou?
- **Men yo: Kijan Nou ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Byenke Bib la di anpil bagay enpòtan sou Bondye, souvan moun bezwen yon kretyen pou esplike sa Bib la vle di. Non sèlman sa, men souvan moun yo bezwen kretyen yo pataje ak yo pèsonèlman diferans Jezi te fè nan lavi yo anvan yo konprann chanjman Jezi ka fè nan lavi yo. Li enpòtan anpil pou kretyen yo pare pou pataje Bòn Nouvèl konsènan Jezi ak lòt yo.
 - Kisa w t ap di yon moun si l ta poze w kesyon konsènan diferans Jezi fè nan lavi w?
 - Ki pasaj biblik ou kapab itilize pou pataje bòn nouvèl konsènan Jezi ak lòt yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 98

Tit Leson an: Konvèsyon Sòl la

Tèks Leson an: [Travay 9: 1-19](#)

Dezyèm Tèks: [Nonb 22:21-41](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konnen Bondye te rele Sòl pou chanje lavi li, soti nan pèsekité disip Jezi yo, pou li te vin yonn nan pi gwo predikatè ki t ap pale de Jezi ke mond lan te janm konnen.
- **Kè:** Selebre chanjman Bondye ka fè nan lavi yon moun, epi chanjman li te fè nan lavi ou. Si Bondye ka transfòme kè yon moun tankou Sòl, Bondye ka chanje kè nenpòt moun.
- **Men yo:** Ou dwe dakò pran risk pou Jezi lè Jezi rele ou pou fè yon bagay. Tou de Ananias ak Sòl te dwe kenbe lafwa nan Jezi lè yo te rele yo travèse etap lafwa ki danjere yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Men, Seyè a di li: Ale. Paske nonm sa a, mwen chwazi l pou sèvis mwen, pou l fè tout moun konnen non mwen, moun lòt nasyon yo ak tout wa yo ansanm ak pèp Izrayèl la. ([Travay 9:15](#))

Rezime Tèks la

Sòl se te yon jwif ki pa t renmen tandé Kretyen yo pale lòt moun de Jezi. Sòl te mande gran sakrifikatè a pèmision pou rasanble tout Kretyen yo nan lavil Damas. Li te vle mennen yo tounen nan lavil Jerizalèm epi fè mete yo nan prizon. Sòl ak kèk lòt moun te kòmanse vwayaje nan vil Damas. Menm lè a, yon limyè klere soti nan syèl la te desann, epi Sòl tonbe atè a. Lè sa a, Sòl tandé vwa Jezi mande li poukisa ou vle fè Kretyen yo mal. Lè ou fè Kretyen yo mal, ou fè Jezi mal. Lè Sòl leve atè a, li pa t kapab wè. Limyè a te fè li avèg. Lòt mesye yo te oblige mennen Sòl nan vil la. Bondye te di yon nonm yo te rele Ananias pou li ale jwenn Sòl epi priye avè l. Apre Ananias te priye, Jezi te geri Sòl pou li te ka wè ankò. Sentespri a te avèk Sòl epi li te vle batize. Sòl te vin yon Kretyen. Moun yo te bay Sòl tou yon lòt non -ki se Pòl.



Ansèyman ki soti nan Imaj la

1. **Sòl se te yon nonm ki t ap pèsekite Kretyen yo avan.** Se konsa li tèlman te vle pini disip Jezi yo, li te resevwa pèmisyon nan men Chèf Prèt la nan lavil Jerizalèm pou ale nan lavil Damas pou li mete disip Jezi yo nan prizon la a. Li te panse li t ap fè sa Bondye te vle li pa t rann li kont Jezi reyèlman se te Mesi a.
2. **Limyè soti nan Syèl la.** Anvan yo rive nan lavil Damas, yon limyè soti nan syèl la te klere tout kote Sòl ak konpayon li yo te ye a. Sòl tande yon vwa ki soti nan syèl la rele li, epi konsa Sòl mete ajenou nan respè pou vwa Bondye. Sòl te konfond lè vwa Bondye te di Sòl l ap pèsekite l. Vwa a te di ke li se Jezi, epi lè Sòl t ap pèsekite disip Jezi yo, se te Bondye menm li t ap pèsekite. Bondye te fè Sòl avèg, li bay lòd pou li ale nan lavil Damas epi tann yon dènye mo nan men Bondye. Bondye voye youn nan disip Jezi yo kote Sòl apre twa jou epi di Sòl li gen pou li vin yon gwo predikatè pou Jezi pou moun lòt nasyon yo.
3. **Konpayon Sòl yo** te wè gwo limyè a epi yo te tandé son an, men yo pa t konprann sak te pase a. Yo te mennen Sòl ki te avèg nan vil la pou tann Bondye pale avèk li ankò.

Sans Tèks la

Sa a se yonn nan istwa konvèsyon ki pi enpòtan nan Bib la. Byen lwen, disip Jezi yo te bay mesaj Jezi a nan anpil vil ann Izrayèl. Kidonk, avèk konvèsyon Sòl, ke yo pral rele pita Pòl, mesaj Jezi a pral gaye nan tout anpi Women an.

Konvèsyon Sòl la espesyalman enpòtan paske li montre Bondye ka fè yon chanjman radikal nan lavi yon moun. Sòl pa t jis yon pechè ki bezwen delivre, Sòl t ap pèsekite disip Jezi yo menm. Sòl pa t kwè Jezi te Mesi a, epi li te vle mete nan prizon nenpòt moun k ap ansenye ke Jezi se Mesi a. Kidonk, lè Jezi konbat li sou wout lavil Damas la, Sòl rann li kont ki jan li te nan erè.

Bondye te rele youn nan disip Jezi yo, Ananias, pou kòmanse pale Sòl de Jezi. Laperèz plen ananias, paske pawòl la te gaye kòman Sòl t ap fè disip Jezi yo mal. Kidonk, Bondye te bay

Ananias konfyans ke tout bagay dwe pase byen, paske Bondye gen kontròl, men se pa Sòl. Ananias te obeyi Bondye, epi li te lakòz Sòl wè ankò . Sòl te kwè nan Jezi epi li te batize.

Dezyèm tèks: (gade lesion # 25 pou plis enfòmasyon) Bondye te konbat Balaram nan yon fason ki etranj anpil, pandan Bondye fè bourik li a pale avèk li! Bondye te gen yon mesaj empòtan anpil pou Balaam, epi li te chwazi konbat Balaram nan yon fason ki di anpil pou fè Balaram tandem epi obeyi ak mesaj Bondye a. Menm jan Bondye te konbat Sòl sou wout lavil Damas la, Balaram pa t kapab gen dout sou mesaj Bondye a, li fè egzakteman sa Bondye te di l fè a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Fè lèkti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" ki anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik la ankò.
- Fè yon moun repete tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye te gen yon travay trè espesifik nan Lespri li pou Sòl. Paske levanjil Jezi Kris la te pou tout moun, pa sèlman jwif yo, Bondye te bezwen yon moun ki te kapab fè mesaj Jezi a renye nan lavi jwif yo ak moun ki pa jwif yo. Akòz levasyon Sol nan vil moun lòt nasyon yo, tou de edikasyon Women ak jwif epi sitwayènte li, ak kapasite li te genyen yo fè li trè konvenkan, Bondye te idantifye Sòl tankou yon moun ekselan pou pataje mesaj Bondye a bay moun ki pa jwif yo. Kidonk gen yon gwo pwoblèm, Sòl pa sèlman pa t kwè Jezi te Mesi a, Sòl t ap pèsekite disip Jezi yo. Se poutèt sa, Bondye konbat Sòl nan yon fason radikal pou ta chanje lavi li pou tout tan. Apre rankont sa a, Sòl te pase plizyè ane ap aprann de Jezi ak lavi Kretyen an anvan li te kòmanse travay misyonè li pou Jezi.
 - Ki jan Bondye te konbat ou pou wè nesesite pou vin yon Kretyen?
 - Ki kalite chanjman Bondye te fè nan lavi ou?
- **Kè: Ki moun Tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Sòl te panse li t ap viv yon bon lavi. Kidonk Bondye fè l rannkont, lavi l bezwen yon chanjman radikal. Chanjman an pa t vini yon sèl kou, li te pran anpil ane anvan Sòl te prè pou kòmanse ministè misyonè li. Tan sa li pran pou prepare ministè li a te empòtan anpil. Sòl t ap aji ak kòlè epi pasyon pou pèsekite disip Jezi yo, Bondye te bezwen dirije kòlè sa ak pasyon sa pou

li fè bon bagay, ki se Levanjil la. Se konsa, tou, Bondye pa chanje Kretyen yo yon sèl kou. Menm si Kretyen yo fè yon chanjman ki enpòtan pandan konvèsyon yo, Bondye kontinye chanje yo, epi fè yo plis sanble ak Jezi, pou tout rès lavi yo.

- Poukisa moun ka sezi wè ou vin yon Kretyen?
- Ki kalite chanjman ou panse Bondye vle fè nan lavi ou pandan senk ane k ap vini yo?
- **Men yo: Ki jan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Apre Jezi konbat Sòl, Sòl te pase twa jou nan lapriyè ak jèn ap tann pou Bondye revele li pwochen etap li ta dwe pran. Li enpòtan anpil pou kretyen yo toujou pase tan nan lapriyè ak jèn pou yo ka pi byen tandem epi konprann mesaj Bondye a. Lèw pase tan sa yo nan lapriyè ak jèn li pèmèt Kretyen yo vin pi fò epi plis angaje yo nan lafwa nan Jezi. Yo kapab tou prepare Kretyen yo pou yo pran gwo risk epi leve gwo defi pou Jezi, menm jan Sòl ak Ananias te fè.
 - Ki eksperyans ou te fè déjà nan pase tan nan lapriyè ak nan jèn?
 - Poukisa ou panse lapriyè ak jèn fè Kretyen yo pi fò?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, yonn ak lòt, epi viv lesон jodia nan sajès.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 99

Tit Leson an: Sòl Kòmanse Preche

Tèks Leson an: [Travay 9:19-31](#)

Dezyèm Tèks: [1 Wa 17:1-6](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Fè atansyon, gen anpil moun ki pa vle Kretyen yo pale de Jezi. Pandan Sòl t ap pale de Jezi avèk pwisans epi pale de pwòp konvèsyon l, moun yo te eseye touye Sòl pou anpeche l pataje Bòn Nouvèl Jezikri a.
- **Kè:** Konprann, pandan lavi Kretyen an ap pote anpil lajwa ak lapè, li pa pral yon lavi fasil. Paske Satan toujou ap travay, anpil moun pral eseye anpeche Kretyen yo pataje Bòn Nouvèl konsènan Jezi a.
- **Men yo:** Se pou w dispoze ofri èd pou Kretyen k ap soufri akòz lafwa yo. Sòl gen anpil kretyen ki vle ede l chape anba danje epi ki dispoze pale pou karaktè li lè lòt moun te gen dout sou vrè entansyon l yo.

Leson an Nan Yon Vèsè: Men, Sòl t ap vin pi fò li t ap fèmen bouch tout jwif ki t ap viv Damas yo lè li t ap montre yo Jezi se moun Bondye te chwazi pou l voye a menm. ([Travay 9:22](#))

Rezime Tèks la

Aprèsa Pòl te vin Kretyen, li te rete nan vil Damas. Li te pase kèk tan ak lòt Kretyen yo nan vil la epi li te aprann konnen Jezi. Pòl te tèlman kontan akoz li te vin yon Kretyen li te vle di tout moun ke Jezi se te Pitit Bondye. Moun Damas yo te sezi e yo te twouble lè yo te tande Pòl t ap pale de Jezi. Yo te konnen Pòl te vin nan vil yo pou arete tout Kretyen yo. Kounye a li te pretann ke li se yon Kretyen e li t ap pale de Jezi nan sinagòg yo. Lè jwif ki te rete Damas yo vin konnen sa Pòl t ap fè a, yo te vle touye l. Kijan li te kapab di ke Jezi se Pitit Bondye? Pòl te konnen Jwif yo te vle pran l pou l touye l. Nan lannwit sa a, kèk nan Kretyen Damas yo te mete Pòl nan yon pànye epi yo te desann li deyò miray lavil la. Yo te sove Pòl.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Sòl** te pale avèk kran nan Damas konsènan Jezi se te Mesi a. Jezi te bay Sòl anpil lapè ak lajwa, e Sòl te vle pataje lapè ak lajwa sa a ak lòt moun yo. Sepandan, anpil nan chèf reliye yo te opoze ak Sòl. Yo pa t renmen lefèt ke moun sa a ki te konn pèsekite disip Jezi yo kounye a t ap pale ak anpil fòs konsènan Jezi Mesi a. Kidonk, menm jan yo te touye Jezi, yo te pare pou yo touye Sòl konsa tou.
2. **Panye.** Sepandan, disip Jezi yo te aprann konplo pou touye Sòl e yo te deside pwoteje l. Yon lannwit, pandan pèsonn pa t ap gade, yo desann Sòl nan yon panye. Pandan tan sa a, Sòl te chape al Jerizalèm kote li te rejwenn disip Jezi yo e li te kontinye anseye epi pale de Jezi.

Sans Tèks la

Sa pa t pran tan pou Sòl, ki te konn pèsekite disip Jezi yo, te vin pèsekite tou akoz li t ap anseye konsènan Jezi. Akoz chanjman radikal la Bondye te travay nan lavi Sòl la, li pa t kapab anpeche tèt li eseye pataje Bòn Nouvèl Jezi a avèk lòt moun yo. Sepandan, menm jan otorite reliye yo te panse li te jis pou yo touye Jezi, se konsa yo panse tou li jis pou yo touye disip li yo.

Sepandan, volonte Bondye pou Sòl se pou l pa t ko mouri. Olye de sa, Bondye te vle Sòl vin yon gwo misyonè pou Jezi. Kidonk, kwayan Damas yo te pwoteje Sòl, e yo te planifye pou l chape pou l li pou l te ka kontinye pale lòt moun konsènan Jezi.

Aprè Sòl te fin chape pou l li, li te vwayaje Jerizalèm, kote li te rejwenn lòt disip Jezi yo. Men, disip yo te gen dout sou konvèsyon Sòl la, e yo te panse ke sa a ta ka yon riz pou l kenbe disip Jezi yo epi mete yo nan prizon. Men, youn nan disip yo, Banabas, te pale pou Sòl, e li te konfime tout bon konvèsyon Sòl ak predikasyon pwisan li yo pou Jezi. Disip yo, menmsi yo te doute, Sòl te fè Banabas konfyans, e yo te aksepte Sòl kòm youn nan yo. Sòl te pale de Jezi nan Jerizalèm menm jan li te fè nan Damas. Anplis de sa, menm jan nan Damas, otorite reliye yo te fè konplo pou yo touye Sòl. Men, kwayan yo te fè aranjman pou Sòl chape yon lòt fwa, epi Sòl te tounen nan vil Tas, vil kote li te fèt la.

Dezyèm Tèks: (Gade Leson # 39 pou plis enfòmasyon jeneral) Menm jan ak Sòl, Eli te fè fas ak lanmò tou paske li te bay verite konsènan Bondye. Apre li te fin bay verite sou wa Izrayèl la, Bondye te mennen Eli yon kote ki pwoteje kote li te pran swen Eli jiskaske Eli te an sekirite pou li kontinye ministè li.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime “Sans Tèks” anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik la ankò.
- Fè yon moun rankonte tèks Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Sòl te kòmanse montre yon lavi ki diferan touswit aprè konvèsyon li. Bondye te pran menm pasyon ak kondwit ki te mennen Sòl pèsekite disip Jezi yo e li chanje l pou l sèvi pou fòtifye disip Jezi yo e pou l ananse lòt moun Bòn Nouvel Jezi a. Sepandan, tout bagay pa t byen pase pou Sòl. Te gen anpil moun ki te vle pèsekite disip Jezi yo, e yo te considere nouvo moun Sòl vin ye a kòm yon danje sitou pou kòz yo. Sa te parèt etranj, otorite reliye yo te panse Bondye t ap kontan ak tout tantativ y ap fè pou yo touye moun. Nan tantativ yo pou defann Bondye, yo te kontinye kraze anpil nan 10 Kòmandman Bondye te ba yo. Men, Bondye te gen gwo plan pou Sòl, e li te sèvi ak disip Jezi yo pou pwoteje l kont moun ki te vle touye l yo.
 - Kisa ki lakòz kèk moun reliye panse ke touye lòt moun se yon bon bagay ke yo kapab fè?
 - Ki ekilib Kretyen an ta dwe fè ant pran risk pou pale de Jezi, ak pwoteje tèt yo kont pèsekisyon?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Li difisil pou nou kwè poukisa anpil moun pral fache anpil avèk Kretyen k ap preche lanmou, lajwa ak lapè. Sepandan, Satan toujou ap travay nan mond sa a, e li pa vle moun yo konnen lanmou, lajwa oswa lapè. Kidonk, yon Kretyen ap gen anpil lanmou, lajwa ak lapè nan kè yo, yo ka jwenn gwo pèsekisyon nan men lòt moun. Li enpòtan pou Kretyen yo rete nan relasyon sere ak Jezi pou yo konnen ki lè pou yo pale pou Jezi, ak ki lè pou yo pwoteje tèt yo kont bagay ki mal.

- Poukisa yo te menase kèk moun ki t ap pataje lanmou, lajwa, epi lapè Bondye pote nan lavi yo?
- Kijan ou panse Kretyen yo ka konnen ki lè pou yo pale pou Jezi, ak ki lè pou yo fè silans?
- **Men: Kijan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Sòl pa t ap kapab viv lontan san èd ak pwoteksyon anpil Kretyen. Bondye pa vle Kretyen yo viv lavi yo nan izolasyon, men li te kreye Legliz la kòm yon plas kote Kretyen yo ka resevwa fòs, konsèy, ak pwoteksyon yo bezwen. Li enpòtan pou Kretyen yo sipòte youn lòt.
 - Kiyès Bondye te voye nan lavi w pou ede w nan lavi Kretyen ou?
 - Kijan ou ka ede lòt Kretyen yo semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 100

Tit Leson an: Pyè nan prizon

Tèks Leson an: Travay 12:1-19

Dezyèm Tèks: Matye 14:1-14


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Selebre pwoteksyon Bondye bay Pyè kont konplo asasinay yon lidè politik mechan fè .
- **Kè:** pran kouraj, Bondye reponn priyè yo. Repons Bondye yo pa toujou nan fason nou te vle yo a, epi pafwa yo sanble twò bon pou yo ta laverite.
- **Men yo:** kontinye priye. Lapriyè kapab aksyon ki pi enpòtan pou yon Kretyen, paske li kenbe kretyen an an kontak sere ak Bondye, epi li kenbe kè kretyen an louvri pou mesaj Bondye a.

Leson an Nan yon Vèsè: Yon zanj Bondye rete konsa li parèt, yon limyè klere tout kacho a. Zanj lan manyen Pyè bò kòt, li souke l, li di li: Leve vit. Chenn ki te mare men l yo tonbe.
(Travay 12:7)

Rezime Tèks la

Wa Ewòd Agripa I te wa peyi Jide. Li tèlman pa t renmen Kretyen yo, li te vle fè yo arete yo epi fè touye yo. Wa Ewòd te arete Pyè jis paske li te wè sa t ap fè chèf jwif yo plezi. Pandan Pyè te nan prizon, yon gad te mete chenn nan chak ponyèt li yo. Te genyen tou de gad deyò kacho prizon li a. Wa Ewòd te vle asire ke Pyè pa t sove. Kretyen nan Jerizalèm yo te priye pou Pyè. Yo te konnen wa a te planifye pou touye li. Jou lannwit sa a anvan jijman Pyè a, Bondye te voye yon zanj nan prizon kote yo te kenbe Pyè a. Dòmi te pran tout moun nan prizon an. Zanj lan pwoche bò kote Pyè, li touche li bò kòt li, li di l pou l leve. Lè Pyè leve, chenn yo tonbe nan men li. Pyè mete rad sou li, li swiv zanj lan, li soti nan prizon an san li pa reveye pèsonn. Priyè Kretyen yo te reponn epi Pyè te sove.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Nan Chenn.** Wa Ewòd te renmen resevwa lwanj nan men moun. Li te rann li kont chèf reliye Jerizalèm yo pa t renmen disip Jezi yo. Se poutèt sa, li fè arete chèf yo a, Pyè, epi yo mete l nan chenn. Wa Ewòd ta pral touye Pyè pou l fè pèp la kontan.
2. **Yon Zanj.** Nan lannwit anvan jijman Pyè pou yo al touye li, Senyè a te voye yon zanj pou sove Pyè. Zanj lan leve Pyè, li libere li nan chenn lan. Li fè Pyè soti nan prizon an, li lage l.
3. **Pyè te kontan anpil lè li te lage.** Touswit li te ale nan yon kay kote Kretyen yo t ap priye pou l ka libere, epi li te fè kretyen yo wè li. Yo tout te kontan paske Bondye te reponn priyè yo.

Sans Tèks la

Pèsekisyon Kretyen yo pa soti sèlman nan men otorite reliye yo, men nan men otorite politik yo tou. Bondye vle pou tout moun renmen youn lòt epi pran swen youn lòt, epi sa valab pou chèf yo tou. kidonk, nan epòk la chèf ann Izrayèl la te gen plis sousi pou jan pèp la te renmen li pase li te enterese sèvi Bondye. Se poutèt sa, li touye Jak, youn nan disip Jezi yo. Lè li wè jan otorite reliye yo te dakò sa, li arete Pyè, li fè plan pou touye l tou.

Anvan jijman Pyè a, Bondye te fè yon mirak li lage l nan prizon. Byenke Bondye te pèmèt Pilat, chèf politik mechan an, livre Jezi pou l mouri, Bondye te gen plis ministè pou Pyè fè toujou, epi li pa t vle yo touye li. Se poutèt sa, Bondye te voye yon zanj pou l te sove Pyè nan prizon.

Lè Pyè te lage, li ale kote Kretyen yo ki t ap priye pou li yo, li di yo tout sa Bondye te fè. Yo tout te kontan epi yo te ankouraje anpil paske Bondye t ap fè mirak yo toujou.

Dezyèm Tèks: Ewòd ki te arete Pyè epi ki te planifye pou touye l, se te pitit Ewòd nan tèks sa a ki te touye Jan Batis la. Li te tou pitit pitit Ewòd ki t ap sèvi lè Jezi te fèt, menm Ewòd ki te touye ti gason Betleyèm yo lè mesye saj yo te soti nan Lès. Jan twa episòd yo montre sa, lidè politik sa

yo ak fanmi sa yo tout te move lidè ki pa t onore Bondye oubyen sèvi pèp yo byen. kidonk, yo pa t kapab antrave volonte Bondye, paske Bondye gen plis pouvwa pase nenpòt moun ki chèf.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a louvri kè ou ak lespri ou pou resewva ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik la .
- Fè rezime "Sans Tèks" ki anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal lan ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Tout bagay rive selon volonte Bondye epi nan lè Bondye a. Byenke te vin gen yon tan kote Pyè t ap mouri pou Jezikri, Bondye te deside ke lè a pa t ko rive nan pasaj sa a. Men pito, Bondye te gen plis planifikasyon pou lavi Pyè ak ministè li. Se poutèt sa, jis anvan jijman li ak egzekisyon li, Bondye te voye yon zanj delivre Pyè pou li soti nan prizon.Lè Bondye Sove Pyè a se te yon bagay fantastik men anvan Kretyen yo te difisil pou kwè sa. Bondye te vrèman reponn lapriyè yo!
 - Poukisa Bondye reponn kèk nan priyè nou yo jan nou vle yo reponn yo a, men li pa reponn lòt priyè yo jan nou vle yo reponn yo a?
 - Ki jan nou konnen Bondye reponn tout priyè nou yo ak yon lanmou ki pafè sa ede nou fè fas ak repons Bondye yo ki diferan de sa nou vle yo ye a?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Anpil fwa, Bondye reponn priyè Kretyen yo ak pi plis pouvwa epi favè ke yo te ka imajine. Menmsi Kretyen yo t ap priye pou Pyè te libere, lè Pyè te fèk parèt nan reyinyon lapriyè a, Kretyen yo te panse se te jis yon zanj. Pafwa Kretyen yo pa resewva benediksyon yo plis bezwen yo paske yo pa kwè nan gwo bagay Bondye vle fè pou yo.
 - Kilè benediksyon Bondye pou ou te sanble twò bon pou li se laverite?
 - Bondye toujou reponn ak lapriyè yo, men pafwa repons Bondye a se non, oubyen,pako. Ki jan yon Kretyen ta dwe reponn lè repons Bondye nan yon demann se, non?
- **Men yo: Ki jan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Menmsi Kretyen yo ki t ap priye pou Pyè yo te gen difikilte pou yo kwè se te reyèlman Pyè ki nan pòt la, yo te byen fè kèk bagay. Yo te rasanble pou lapriyè ak ankourajman. Yo te leve youn lòt nan lapriyè.

Kretyen yo ka pa toujou fè tout bagay byen, oubyen menm kwè anpil jan yo ta dwe, men si ak lafwa yo rasanble epi priye ansanm, Bondye ap fè gwo bagay.

- Èske ou gen yon tan regilye kote w reyini ak lòt kretyen pou lapriyè?
- Konbyen tan ou panse ou ta dwe konsantre pou lapriyè pou bezwen ou yo, konbyen tan ou ta dwe konsantre pou bezwen lòt moun, ak konbyen tan ou ta dwe konsantre pou fè lwanj Bondye?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi pou jwenn sajès viv leson jodia.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 101

Tit Leson an: Yo te voye Pòl & Banabas

Tèks Leson an: [Travay 13:1-5](#)

Dezyèm Tèks: [1 Samyèl 15–16](#)


Objektif Leson an:

- Tèt:** Fè kè nou kontan! Bondye dirije premye legliz la pou voye Pòl vin yon misyonè pou moun lòt nasyon yo.
- Kè:** Rekonèt Bondye wè potansyèl moun yo yon fason diferan ke jan yo wè pwòp potansyèl yo.
- Men yo:** Prepare w pou angaje moun nan travay Senyè a, menm si sa vle di Bondye voye yo vin nan kominate w la pou yo beni lòt moun.

Leson an Nan yon Vèsè: Yon jou, yo t ap fè sèvis pou Bondye, yo t ap fè jèn, lè Sentespri di yo: Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi pou yo fè a. ([Travay 13:2](#))

Rezime Tèks la

Pòl, Banabas ak twa mesye ki soti nan lòt peyi yo te nan yon legliz nan vil Antyòch. Pandan yo te la, yo te fè jèn epi yo te adore Bondye. Fè jèn vle di san manje. Pandan mesye yo t ap priye, Sentespri an di yo pou yo mete Pòl ak Banabas apa pou yon travay espesyal. Mete apa vle di yo chwazi w pou fè yon bagay espesyal. Sentespri an te vle Pòl ak Banabas ale plizyè kote diferan nan mond lan pou pale moun de Jezi. Lè Sentespri an fin pale, lòt mesye yo pwoche bò kote Pòl ak Banabas. Yo te enpoze men yo sou Pòl ak Banabas epi yo te priye pou Senyè a te ede yo epi pwoteje yo pandan yo te gen pou yo ale preche. Apre mesye yo te fin priye, Pòl ak Banabas te pran yon bato pou ale nan zile Chip. Sa se te premye kòmansman vwayaj misyonè Pòl.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Enpozisyon men sou Sòl ak Banabas.** Gen kèk kretyen nan Antyòch ki t ap priye epi fè jèn, yo t ap adore Bondye. Pandan yo t ap adore, Bondye te mande yo mete de nan yo apa, Sòl ak Banabas, pou yon misyon espesyal. Kretyen yo te obeyi epi yo te enpoze men sou Sòl ak Banabas, yo te beni yo epi yo te priye pou yo. Bondye te sèvi ak Sòl ak Banabas nan yon gwo fason, preche Levanjil la bay moun lòt nasyon yo ak mete anpil legliz atravè mond Mediterane a.

Sans Tèks la

Apre pèsekisyón disip Jezi yo nan Jerizalèm te eklate a, anpil nan dirijan disip Jezi yo te deplase ale Antyòch. Se nan Antyòch ke moun yo te kòmanse rele disip Jezi yo Kretyen.

Pandan youn nan sèvis adorasyon yo, Bondye te di Kretyen yo pou yo mete Sòl ak Banabas apa pou travay espesyal Bondye a. Kretyen yo pa t rann yo kont egzakteman sa sa vle di nan epòk la, men Sòl ak Banabas t ap vin de misyonè ki pi enpòtan legliz Kretyen an te janm konnen. An patikilye, Bondye te rele Sòl ak Banabas pou yo vin misyonè pou moun lòt nasyon yo. Sòl (ki pita vin rele Pòl) te ekri anpil nan liv Nouvo Testaman yo ki te ekri apre liv Travay la, pou anpil legliz li te enplante oubyen li t ap bay konsèy.

Dezyèm Tèks: (gade Leson #34 pou plis enfòmasyon) Bondye souvan rele moun ki plis pa kalifye yo pou yo fè gwo bagay. Lè Bondye te voye pwofèt Samyèl lakay Izayi nan Bètleyèm pou l te vide lwil sou tèt nouvo wa Izrayèl la, tout moun te panse Samyèl t ap vide lwil sou tèt premye pitit gason Izayi a. Kidonk, nonsèlman Bondye pa t chwazi premye pitit la, Bondye te rive chwazi kontré a, ki se dènye pitit Izayi a, David. Bondye te gade potansyèl ki nan kè David lè l t ap chèche yon moun ki t ap sèvi Bondye fidèlman. Konsa tou, lè Bondye te chwazi yon misyonè pou moun lòt nasyon yo, pèsonn pa t panse Bondye t ap chwazi Sòl. Sòl te yon nonm ki te opoze ak wayòm Bondye a, Sòl t ap pèsekite premye legliz Bondye a. Kidonk, Bondye te wè nan Sòl yon moun Bondye kapab fè gwo bagay avèk li.

Chapit sou prensip lafwa yo: XI. Legliz la. Nan tan Ansyen Testaman an, Bondye te fòme nasyon Izrayèl la pou resevwa benediksyon Bondye yo epi pataje benediksyon Bondye yo ak mond lan. Nan epòk Nouvo Testaman an, Bondye te fòme Legliz la pou rasanble Kretyen yo pou pataje benediksyon Bondye yo youn ak lòt answit pataje benediksyon Bondye yo ak mond lan tou. Legliz la se pa sèlman yon kote, Men se kote Pèp Bondye a pataje kado Bondye yo youn ak lòt, adore, viv ansam, epi ale nan mond lan pou mete kado ak talan Bondye yo an pratik.

- **Tèt:** Ki kèk aksyon kwayan yo te fè nan liv Travay 13 la ki te rann temwayaj yo se Legliz la?
- **Kè:** Ki kèk benefis Kretyen yo resevwa lè yo rasanble ansanm ak lòt Kretyen pou yo adore ansam epi pratike don espirityèl yo?
- **Men yo:** Poukisa li enpòtan pou legliz yo voye minis levanjil ak misyonè nan mond lan?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanjnou fè monte yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk nou jodi a.

Tande

- Fè lèkti tou de tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" ki anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye rele tout Kretyen yo vin temwen Levanjil Jezikri a. Kidonk, Bondye rele kèk Kretyen nan pozisyon ki plis nan piblik yo tankou pastè yo ak misyonè yo. Li enpòtan pou legliz la disène si yon moun santi apèl Bondye sou li pou kalite pozisyon sa, an reyalite yon apèl ki pou soti nan Bondye.
 - Poukisa Bondye te sèvi ak yon moun tankou Sòl, ki te pèsekite Kretyen yo, epi vin yon misyonè pou moun lòt nasyon yo?
 - Ki kado ak talan ou panse Bondye te bay Sòl pou pèmèt li pote Levanjil la bay moun lòt nasyon yo?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di nou ta Dwe Ye?** Fè kè nou kontan paske Bondye wè kretyen yo, pa dapre sa yo te fè nan tan lontan, men pou potansyèl yo genyen pou fè sèvis Bondye nan tan ki pou vini yo. Bondye mete anpil don ak talan nan lavi kretyen yo ki parèt sèlman lè Kretyen an kolabore ak apèl Bondye a sou lavi yo.
 - Poukisa kèk Kretyen gen dout ke Bondye ka fè gwo bagay atravè lavi yo?
 - Ki kalite ki pi enpòtan yon kretyen bezwen devlope pou li ka sèvi Bondye?
- **Men yo: Ki jan Nou ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Lè Bondye rele moun nan pozisyon espesyal nan ministè, tankou pastè oubyen misyonè, Bondye sèvi ak lòt Kretyen pou konfime apèl sa a. Nan fason sa a, tout Legliz la jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan ministè ki plis piblik yo nan Legliz la, pa sèlman nan dirije ministè sa yo, men tou nan konfime, sipòte, ak ankouraje moun yo rele pou dirije ministè sa yo.
 - Poukisa li ka difisil pou yon gwoup Kretyen voye youn nan manm li yo vin misyonè?
 - Poukisa travay yon misyonè enpòtan anpil pou Wayòm Bondye a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.

- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, yonn ak lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 102

Tit Leson an: Yo te lapide Pòl nan Vil Lis

Tèks Leson an: Travay 14:8-20

Dezyèm Tèks: Matye 10


Objektif lesон an:

- **Tèt:** Fè atansyon, se pa tout moun ki pral tande mesaj levanjil la byen. Nan lejand ak mit moun Lis yo te kwè anvan yo te tande Levanjil la te fè li difisil pou yo konprann Levanjil Pòl t ap preche a.
- **Kè:** Kwè tout sa Bondye mande w pou fè, l ap ba w pouvwa pou li epi l ap vin pi pre ou pandan w ap fè volonte Bondye.
- **Men yo:** Pare pou bay yon eksplikasyon klè sou Levanjil Jezikri a. Konnen ke gen lòt moun k ap bezwen ou pataje Levanjil la avèk yo plizyè fwa anvan yo konprann nesesite ki genyen pou yo sove.

Leson an Nan Yon Vèsè: Nou pa bezwen pè moun ki kapab touye kò nou, men ki pa kapab touye nanm nou. Se Bondye pou nou pè pito, paske li menm li kapab detwi nanm nou ansanm ak tout kò nou nan lanfè. ([Matye 10:28](#))

Rezime Tèks la

Apre Pòl ak Banabas te kite zile Chip, yo te pale nan plizyè vil anvan yo te ale Lis. Pandan yo te nan Lis, yo t ap preche moun yo konsènan Jezi. Yo menm geri yon nonm enfim. Moun lavil la te sezi epi yo te kòmanse adore Pòl ak Banabas tankou si yo te yon bondye. Pòl te fache anpil. Li pa t vle moun yo panse li menm ak Banabas se bondye. Pòl te di pèp la ke se moun yo ye. Jezi se te Bondye vivan an, kidonk yo ta dwe swiv li. Lè kèk Jwif nan Antyòch ak nan Ikonyòm tande Pòl ak Banabas t ap pale de Jezi, yo te vwayaje nan Lis. Jwif sa yo te rive fè moun yo kwè ke Pòl te bay manti epi Jezi pa t Ptit Bondye a. Moun yo te fache, yo te voye kout wòch sou Pòl jiskaske yo te panse li te mouri. Apre sa, yo trennen l deyò lavil la. Apre yo fin ale, disip yo rasanble bò kote Pòl. Lè yo fin fè sa, Pòl leve, li tounen nan vil la.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Pòl ak Banabas** te vwayaje toupatou nan peyi Tiki epòk nou an pou yo preche Levanjil Jezikri a.
2. **Opozisyon.** Nan pifò vil kote yo t ap preche, non sèlman kèk te aksepte Levanjil la gen lòt moun ki te rejte l tou, men tou, gen kèk ki te vin fache anpil kont predikasyon yo. Kèk mesye ki te opoze ak Pòl ki te vwayaje nan Lis te pouse moun nan vil la leve kont Pòl ak Banabas. Foul moun yo te tèlman fache, yo te trennen Pòl deyò vil la epi yo t ap eseye touye l, yo te bat li ak kout wòch. Yo kwè ke yo te touye l, yo kite l atè. Sepandan, zanmi Pòl yo te vin wè li epi yo te jwenn li toujou vivan. Pòl leve, li ale nan lòt vil la pou l preche levanjil Jezikri a.

Sans Tèks la

Byenke Levanjil Jezikri a se bòn nouvèl ke Bondye nan Jezi bay pou chemen sali pou tout gason ak fanm, gen kèk moun ki pa vle Levanjil la preche. Akoz peche, gen kèk ki tèlman jalou epi ankòlè kont mesaj Levanjil la yo pral fè tout sa yo kapab pou detwi mesaj kretyen an, ak kretyen yo tou.

Byenke Pòl te fè anpil siksè nan enplante legliz Kretyen nan plizyè vil, se pa t yon travay fasil. Pòl ak moun ki te bò kote l yo te fè fas ak anpil pèsekisyón, kèk fwa yo te menm kite Pòl kòm mò, paske moun ki te opoze ak Levanjil la t ap eseye anpeche l preche Bòn Nouvèl Jezikri a.

Dezyèm Tèks: Jezi te avèti disip li yo sou pèsekisyón yo t ap fè fas antanke mesaje li. Sepandan, li te raple yo tou ke pouvwa Bondye a pi gran pase nenpòt pèsekisyón yo ta fè fas. Jezi te ankouraje yo pou yo mete Bondye an premye nan lavi yo epi pou yo viv pou rekompans yo ki nan syèl la, pa pou sekirite nan lavi sa a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo.
- Fè rezime “Sans Tèks” anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo ankò.
- Mande yon moun rakonte tèks lesion Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa tèks la Vle Di?** Pòl te fè fas ak anpil defi nan preche Levanjil Jezikri a. Youn nan defi yo se te ènmi Levanjil la ki te pèsekite Pòl ak disip li yo. Yon lòt defi, moun yo mal konprann Levanjil la. Eksperyans Pòl te fè nan Lis montre se pa paske Pòl te byen preche Levanjil la ki fè moun yo te tande oswa konprann Levanjil la byen. Pòl ak Banabas te dwe korije move konpreyansyon yo lè sa te vin klè pou moun lavil kote Pòl ak Banabas te tankou bondye pou yo.
 - Ki kèk nan fason moun nan kominate w la ta ka mal konprann Levanjil Jezikri a?
 - Kisa ou kapab fè pou ede moun konprann kòrèkteman Levanjil Jezikri a?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Sa kapab bay anpil perèz pou pataje Levanjil la ak lòt moun yo. Kretyen yo fè fas non sèlman ak rejè, men tou pèsekisyon tou si yo pataje Bòn Nouvèl Jezikri a ak lòt moun. Anplis de sa, byenke Bondye pa rele kretyen yo pou yo fè fas ak pèsekisyon jis pou santi doulè, gen moman kote Bondye ap rele Kretyen yo soti nan lafwa yo pou pataje Levanjil la nan kèk sitiyasyon danje. Kidonk, li enpòtan anpil pou kretyen yo viv yon vi nan lapriyè ak disènman pou yo ka konnen ki lè Bondye ap rele yo pou yo pale ak aji, ak ki lè Bondye ap rele yo pou yo tann. Anplis de sa, li esansyèl pou kretyen yo fè tout sa yo nan pouvwa Jezi Kris la.
 - Ki mezi kretyen yo kapab pran pou yo disène volonte Bondye nan kèk sitiyasyon ki menasan?
 - Poukisa Bondye ta ka rele kretyen yo soufri pou Levanjil Jezikri a?
- **Men yo: Kijan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Preche Levanjil Jezikri vle di pale Levanjil la epi viv li an menm tan. Nan tou de fòm sa yopredikasyon Levanjil la genyen an, motivasyon ak pouvwa se viv lanmou Jezikri a. Lanmou pouse kretyen yo pataje Jezikri ak lòt yo, pafwa anpil fwa, pou yo kapab konprann byen klè Bòn Nouvèl Jezikri a.
 - Kijan yon vi lanmou kapab ede moun ki pa kretyen yo konprann pi byen Levanjil Jezikri a?

- Kisa ou kapab fè semèn sa a pou ede lòt moun yo wè lanmou Jezikri ap travay nan lavi ou?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 103

Tit Leson an: Prizyone Filipyen an te sove

Tèks Leson an: Travay 16:11-40

Dezyèm Tèks: Mak 5:1-20


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Kwè Bondye kapab sèvi ak tout sitiyasyon, pou mennen mounn nan Sali, menm sitiyasyon ki sanble kote pechè yo ap batay.
- **Kè:** Pran kouraj, Bondye kapab retire soufrans ak eprèv ou yo, epi sèvi ak yo pou pote espwa ak lajwa bay moun ki nan gwo bezwen.
- **Men yo:** Veye ak moun ki bò kote w ki nan gwo bezwen Levanjil la ak èd nan men ou. Pare pou pataje avèk yo kijan Jezi sove yo nèt anba peche, kilabilit ak lawont.

Leson an Nan Yon Vèsè: Chèf prizon an fè yo moute lakay li, li ba yo manje; Nonm lan te kontan anpil ansanm ak tout fanmi l paske koulye a yo te kwè nan Bondye. ([Travay 16:34](#))

Rezime Tèks la

Pòl ak Silas te vwayaje nan yon vil yo rele Filip pou pale de Jezi. Kèk mesye nan vil la te fache ak yo. Mesye yo te akize Pòl ak Silas paske yo t ap eseye fè eskandal nan vil la. Majistra a, osinon jij, nan vil la bay lòd pou yo bat Pòl ak Silas epi jete yo nan prizon. Pandan Pòl ak Silas te anchenen nan miray prizon an, yo pa t kriye epi yo pa t pran pitye pou tèt yo. Olye de sa, yo te priye epi yo te chante kantik pandan lòt prizonye yo t ap koute. Vè minwi konsa, pandan yo t ap priye, te gen yon gwo tranblemanntè. Mi prizon an te kòmanse tranble, chenn ki te nan men yo ak nan pye yo te kase. Gad chèf ki t ap veye prizonye yo te pè. Si nenpòt nan prizonye yo te sove, yo t ap touye l. Pòl te di chèf la li pa bezwen pè. Tout prizonye yo te la. Chèf prizon an te remèseye Pòl ak Silas paske yo te rete. Apre sa, li te mande kisa li te bezwen fè pou li kapab sove.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Pòl ak Silas** te fè sèvis nan vil Filip la. Yo chase yon move lespri sou yon esklav, men yo te pran prizon pou sa paske ti fi a te yon divinò epi mèt li yo te fache akoz yo te pèdi revni yo nan men ti fi a.
2. **Gadò prizon.** Vè minwi, pandan Pòl ak Silas t ap chante lwanj pou Bondye nan prizon an, Bondye te voye yon gwo tranblemantè ki te souke fondasyon prizon an epi ki te louvri pòt selil prizon an. Chèf prizon an pè pou tout prizonye yo p at sove, li gentan pare pou touye tèt li. Nan epòk sa a, si yon chèf prizon te kite nenpòt prizonye sove, se li ki t ap sibi pènn lan nan plas li. Anvan li te touye tèt li, Pòl rele chèf prizon an, li di li tout prizonye yo te toujou la. Chèf prizon an te tèlman soulaje, li te tonbe devan Pòl epi li te mande kisa li te dwe fè pou li sove. Pòl te di l, epi non sèlman chèf prizon an, men tou, tout fanmi l te kwè nan Levanjil la epi Pòl te batize yo.

Sans Tèks la

Pòl te kontinye vwayaje atravè mond Mediterane a, preche Levanjil la. Nan Filip, li te kontinye pèsekite akoz Levanjil Jezikri a. Fwa sa a, li te soti nan biznis moun ki te pè yo ki te pèdi lajan paske Pòl te libere yon tifí esklav ki te posede ak demon ke sila yo t ap fè lajan nan touman li.

Men, Bondye te sèvi ak pèsekisyon sa a pou l fè Wayòm Bondye a mache. Akoz Pòl te nan prizon, yon chèf prizon ak tout fanmi l te kwè nan Jezi Kris.

Dezyèm Tèks: (Gade Leson #63 pou plis enfòmasyon jeneral). Menm jan Jezi te libere moun anba posesyon demon, se konsa Apot Pòl kontinye ministè Jezi a. Objektif Levanjil la, se pa sèlman libere yon moun anba esklavaj, men tou pou antre yo nan Levanjil la. Kidonk, Jezi pa t sèlman geri moun ki posede ak demon an, men li te komisyone l pou l di lòt moun kijan Jezi te sove l. Konsa tou, delivrans Pòl te bay tifi esklav la pa t sèlman delivre l, men li te bay yon posibilite kote chèf prizon an ak tout fanmi l te kapab tandé Bòn Nouvel Jezikri a epi resevwa sali.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou deaman lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks" anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la ankò.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Li t ap fasil pou Pòl ak Silas denonse move tretman ak anprizonman yo. Pòl te libere yon esklav anba posesyon demonyak, men olye yo te remèsye l pou mirak sa a, otorite yo te bat Pòl e yo te mete l nan prizon. Sepandan, Bondye te transfòme konpòtman pechè otorite yo epi fè li vini yon bon bagay. Pa gen moun ki renmen soufrans, sepandan, kretyen yo ka gen espwa, paske yo konnen Bondye ka itilize nenpòt soufrans pou pote bagay ki bon.
 - Kijan ou wè sa Bondye fè yon bon bagay soti nan yon move sitiyasyon?
 - Èske Bondye ka toujou fè yon bon bagay soti nan yon move sitiyasyon si kretyen an refize kwè Bondye kapab transfòme soufrans la?
- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Nan mitan anprizonman yo, Pòl ak Silas ap priye epi chante lwanj Bondye. Li mande anpil lafwa nan Bondye pou chante kantik nan mitan kondisyon difisil. Sepandan, Pòl ak Silas te fè eksperyans kalite pèsekisyon sa a anvan, epi yo te konnen Bondye ki te fè yo soti byen nan pèsekisyon ki sot pase yo t ap fè yo soti byen nan pèsekisyon sa a tou. Paske Pòl ak Silas te fè Bondye konfyans, yo te kapab fè lwanj Bondye piblikman, epi pataje Levanjil la ak chèf prizon an nan moman kriz li a.
 - Kisa ki pèmèt kretyen yo gen rekonesans, menm lè lavi yo difisil?
 - Poukisa kretyen yo ka kontan lè y ap andire pèsekisyon pou Levanjil Jezikri a?
- **Men yo: Kijan nou ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Lapriyè ak adorasyon se pratik esansyèl pou kretyen. Yo bay kretyen fòs nan moman lavi a difisil, epi lè lavi a ap mache byen. Pafwa kretyen yo tante pou yo pa pase tan nan lapriyè ak nan adorasyon lè lavi ap byen mache, paske yo pa panse anpil sou Bondye lè yo gen kèk pwoblèm. Sepandan, kretyen yo dwe priye epi adore tout tan. Paske se souvan nan tan lapè ke Bondye prepare kretyen yo pou yo gen fòs ak lajwa yo bezwen pou yo andire tan pèsekisyon k ap vini yo.
 - Kisa w t ap di moun ki mande w kisa yo dwe fè pou yo ka sove?
 - Ki benefis ou jwenn nan adore ak priye ak frè ak sè ou nan Kris la?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 104

Tit Leson an: Yo Boule Woulo yo

Tèks Leson an: Travay 19:1-20

Dezyèm Tèks: Jan 11:1-54


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Konprann, aksepte Jezikri kòm Senyè epi Sovè w vle di rekonèt Bondye se sèl vrè Bondye a, epi konte sou imaj taye oubyen adore fo bondye se peche.
- **Kè:** Sonje, se sèlman Jezikri ki ka pote vrè lapè ak lajwa nan kè w. Nenpòt lòt bagay ou adore kòm yon Bondye pral sèlman kite ou vid epi fèb.
- **Men yo:** Retire nan lavi ou nenpòt pratik oubyen yon bagay ou genyen ki reprezante yon depandans pou fo bondye yo oubyen imaj taye yo.

Leson an Nan yon Vèsè: Tout moun laval Efèz, jwif kou moun lòt nasyon yo, te rive konn bagay sa a. Yo tout te pè, men yo te vin gen gwo respè pou non Seyè Jezi a. ([Travay 19:17](#))

Rezime Tèks la

Pòl te vwayaje laval Efèz epi li te preche moun de Jezi. Bondye t ap sèvi ak Pòl pou 1 geri moun epi pou 1 chase demon ki te nan moun yo. Gen kèk mesye ki pa t kretyen ki te eseye chase yon move lespri sou yon nonm. Sa pa t mache, nomm ki te gen demon an te atake mesye yo. Anpil moun ki te pratique sosèlri ak maji te tande pale de nonm ki te gen demon an. Moun sa yo te gen pawòl malefik espesyal ke yo t ap di. Pawòl malefik sa yo te ekri sou woulo. Yon woulo se yon moso papy eki long kidonk ou oblige dewoule l pou w ka li sa ki ekri sou li a. Lè pèp la tande sa ki te rive, yo te pè. Kounye a, anpil moun te kwè se sèl Jezi ki te gen pouvwa pou 1 chase demon yo. Moun ki te kwè yo te mande Jezi pou 1 padone yo pou peche yo. Apre sa, yo pran woulo yo ak move pawòl malefik yo a, yo fè yon pil, yo boule yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Efèz.** Pòl t ap preche konsènan Jezi nan vil Efèz pandan twazan. Pandan tan sa a, Pòl te fè anpil mirak, epi anpil moun te vin kwè. Te gen anpil moun nan Efèz ki pratike imaj taye. Yon jou, kèk moun ki pa t Kretyen t ap eseye pratike maji pou yo chase yon demon, yo te evoke non Jezi ak Pòl. Demon an reponn yo: Mwen konnen Jezi, mwen konnen Pòl, men, kiyès nou ye? Lè sa a, nonm ki te gen demon an atake moun yo ki t ap sèvi ak non Jezi epi non Pòl la, epi li bat yo.
2. **Boule Woulo yo.** Lè moun Efèz yo te tandé pale de sa, yo te respekte Jezi anpil. Yo te rekonèt li te danje pou yo eseye pratike maji, paske Bondye Pòl t ap preche a se te sèl vrè Bondye a. Se poutèt sa, yo te rasanble tout woulo ki te gen enfòmasyon sou imaj taye yo epi yo te boule tout. Te gen anpil woulo boule, sa ta pran plizyè santèn ane ap travay pou touche ase lajan pou ranplase yo tout.

Sans Tèks la

Pòl te pase anviwon twazan ap fè ministè nan vil Efèz. Souvan, li te kòmanse fè ministè li nan sinagòg, li t ap eseye konvenk Juif yo ke Jezi se Mesi a. Kidonk, Pòl te fè fas ak anpil opozisyon nan sinagòg la, epi li te rive fè pwòp ministè li chak semèn nan yon sal konferans.

Ministè Pòl la te montre gwo pouvwa Bondye gras ak mirak li yo ansanm ak ansèyman li yo epi predikasyon li yo. Anpil lòt moun te vle sèvi ak pouvwa Bondye sa k ap travay atravè Pòl la, men, jan tèks la montre sa ak pitit gason Seva yo, pouvwa Bondye a pa tankou maji, li tankou yon posesyon yon moun ka itilize toutotan yo gen non espesyal sa pou yo evoke. Pitit gason Seva yo, yon gran sakrifikatè, te eseye sèvi ak non Jezi epi non Pòl pou chase yon demon, nonm ki te gen demon an te rive bat yo pito.

Moun Efèz yo, lè yo tandé atak sa a, yo te kòmanse pran non Jezi pi serye. Yo te rekonèt Jezi te diferan ak tout fo bondye yo t ap adore yo, epi pouvwa Jezi te pi gran pase tout pawòl malefik yo te kapab chase. Te gen yon gwo revèy nan Efèz, omwen pa pou anpil tan, epi moun yo te boule woulo ki gen anpil valè yo ki te genyen fo pawòl malefik yo te rann yo kont ki pa vo anyen yo.

Dezyèm Tèks: (Gade lesion # 73 pou plis enfòmasyon) Bondye montre lanmou li atravè Jezikri. Jezi pa t jis anseye epi fè mirak, Jezi te renmen. Ak je li t ap koule dlo pou Laza epi pou moun ki te nan lapenn pou Laza yo, Jezi montre lefèt ke lanmou Bondye gen pou nou an se reyèl.

Chapit Prensip Sou Lafwa: III. Sentespri an. Sentespri an se twazyèm moun nan Trinite a. Pandan ke Kretyen yo souvan pale de Bondye, premye moun nan Trinite a, kòm Kreyatè a, Jezi, dezyèm moun nan Trinite a, kòm Redanmtè, kretyen yo souvan pale de Sentespri an kòm konsolatè. Paske atravè rezirèksyon Jezi a, Bondye te kraze pouvwa peche a, lè yon Kretyen envite Bondye nan kè yo, Bondye tankou Sentespri an ki rete nan kè Kretyen an. Avèk Sentespri an ki rete a, pouvwa Bondye a ap travay nan lavi Kretyen an. Pouwva Bondye sa a k ap travay nan Kretyen an bay kretyen an pouvwa pou l viv lavi Jezi a, yon lavi san peche, lanmou ak lajwa.

- **Tèt:** Ki jan pouvwa Bondye a ka travay nan lavi yon kretyen?
- **Kè:** Ki etap yon kretyen ka pran pou l ranpli ak Sentespri an?

- **Men yo:** ak kisa nou ta dwe atann yo wè nan lavi yon Kretyen ki di li ranpli ak Sentespri?
-

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk ou jodi a.

Tanke

- Fè lekti tou de Tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks la" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik la anko.
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Anpil moun rekonèt gen gwo pouvwa espirityèl k ap travay nan mond sa a. Kidonk, anpil nan yo pa rekonèt se sèl vrè Bondye a ki kontrole bon pouvwa yo k ap travay nan mond sa a. Men pito, yo sèvi ak fòs tenèb yo pou travay nan mond sa a, y ap eseye manipile pouvwa yo pou pwòp byen yo. Li danje anpil pou eseye manipile nenpòt nan pouvwa espirityèl yo nan monn sa a. Menm jan ak pitit gason Seva yo te rann yo kont, sèlman konnen bon ak vrè pouvwa k ap travay nan monn sa a pa vle di yo gen pouvwa sa a k ap travay nan lavi yo. Yo te eseye sèvi ak non Bondye nan pwòp objektif yo. Kidonk, demon an rekonèt yo pa t reyèlman gen pouvwa Bondye k ap travay nan lavi yo, yo te jis ap eseye manipile pouvwa Bondye a. Erè sa a pa t fini byen pou yo. Kidonk, paske pèp la te wè yo pa t kapab manipile pouvwa Bondye, te gen yon gwo revè nan Efèz, epi anpil moun te abandone imaj taye yo epi yo te kwè nan Jezikri kòm Senyè ak Sovè yo.
 - Ki kèk moun nan kominate w la k ap sèvi "fo dye"?
 - Poukisa li danje anpil pou w angaje w nan lagè espirityèl si w pa genyen vrè pouvwa Bondye a?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di nou ta Dwe ye?** Bondye rele tout moun nan yon relasyon pèsonèl. Sèl vrè Bondye a se pa yon èt enpèsonèl pou moun itilize, manipile, oubyen pou kontrend. Men pito, sèl vrè Bondye se èt pèsonèl, ki gen lanmou epi ki vle gen relasyon ak limanite. Pou pwouve sa, Bondye te vin sou tè a atravè Jezikri, pou l demonstre lanmou Bondye pou nou, yon lanmou ki te soufri pou moun ka jwenn vrè chemen delivrans lan. Bondye se lanmou, epi li mande tout kreyasyon l yo pou yo aksepte lanmou sa a epi reponn ak lanmou sa a. Paske Bondye renmen nou, nou ta

dwe renmen Bondye epi renmen lòt moun. Pa gen lòt pouvwa k ap travay nan mond sa a ki renmen nou. Tout lòt pouvwa yo, sof pouvwa Bondye a, yo fèb, egoyis, epi yo chèche detwi gason ak fanm, olye pou yo sove yo. Kidonk, li enpòtan pou moun pa sèlman konnen lanmou Bondye, men tou aksepte lanmou Bondye pou yo ka pataje lanmou Bondye.

- Poukisa Bondye se sèl èt espirityèl ki ka pote vrè lapè ak lajwa nan kè yon moun?
- Poukisa anpil moun ap chèche jwenn lapè ak lajwa lòt kote olye nan Kreyatè a ak nan Sovè a?
- **Men yo: Ki jan Nou ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Vin yon Kretyen pa vle di sèlman aksepte renmen Bondye a, men tou pèmèt Bondye retire nan lavi nou nenpòt bagay k ap mete nou nan konkiran ak fidelite nou anvè Bondye. Nan Efèz, sa te sanble ak boule woulo yo. Nan lavi nou, li ta ka sanble debarase lavi nou de dwòg ak alkòl. Oubyen, debarase lavi nou de relasyon ki tante nou pou fè peche. Oubyen, debarase lavi nou de byen nou te panse ki ta satisfè nou, men yo sèlman kite nou vid.
 - Ki kèk egzanp bagay ou genyen tankou relasyon ou yo, oubyen bagay nan kominote w la ki fè w nan konpetisyon ak Bondye pou Bondye kontwole lavi moun yo?
 - Ki kote yon Kretyen ka jwenn èd pou pirifye lavi yo anba peche, epi kenbe peche lwen lavi yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodia.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 105

Tit Leson an: Pòl fè Nofraj nan Malt

Tèks Leson an: [Travay 27](#)

Dezyèm Tèks: [Mak 4:35-41](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt ke Bondye te pwoteje Pòl ak maren yo pou yo pa nwaye yon fason pou Pòl kapab prezante Levanjil la nan livil Wòm.
- **Kè:** Chwazi kwè pawòl Bondye revele w la, menm nan moman kriz. Li fasil pou w pèdi vizyon pwomès Bondye fè w yo lè moman yo difisil, sepandan, si w kenbe lafwa nan Bondye, Bondye ap fè bon bagay soti nan moman kriz sa yo.
- **Men yo:** Fè prèv disèneman nan fason ou pataje pawòl Bondye a ak lòt yo. Disène si sitiyasyon an mande kèk mo ankourajman, koreksyon, oswa nenpòt lòt kalite repons Bondye vle ou pataje.

Leson Nan Yon Vèsè: li di mwen: Pa pè, Pòl. Fòk ou parèt devan Seza; Epi Bondye fè favè sa a pou ou li ba ou lavi tout moun k ap vwayaje ansanm avèk ou yo.’ ([Travay 27:24](#))

Rezime Tèks la

Pòl te yon prizonye nan Sezare. Li te yon sitwayen Women epi li te mande pou yo jije l nan livil Wòm. Pou Pòl te rive livil Wòm, li te oblige vwayaje nan bato. Wa Sezare a voye yon gad yo rele Jiliyis pou sipèvize Pòl. Pandan yo t ap vwayaje, Pòl te di Jiliyis yo ta dwe kanpe nan yon zile ki tou pre a paske bato a ta pral detwi. Gad la pa t koute Pòl. Olye de sa, mèt bato a te deside vwayaje nan yon vil ki pi lwen anvan yo kanpe. Yon van dou te kòmanse soufle ki te ede bato a deplase. Lè sa a, van an te kòmanse soufle epi syèl la te fè nwa. Van yo te fò tankou yon siklòn. Pandan kannòt la t ap kraze, Pòl di mesye yo yo pa bezwen pè. Bondye ap sove yo. Apre van an te fin kalme, yon moun te remake yon zile nan yon distans. Gen kèk nan manm ekip yo ki te naje nan zile a ak lòt ki te flote sou kèk moso bwa. Men, yo tout te sove.



Ansèyman apati Imaj la

- Pòl.** Otorite reliye nan Jerizalèm yo te fè konplo pou yo touye Pòl akoz predikasyon pwisan li yo konsènan Jezi Kris. Avan yo te egzekite plan yo a, sepan dan Women yo te arete Pòl pou yo te ka mete lapè. Menm si Pòl pa t vyole okenn lwa, otorite Women yo pa t ap lage l paske yo te pè pou konplo otorite reliye yo pa t reyisi. Finalman, antanke sitwayen women, Pòl te mande pou l prezante kòz li devan Seza lavil Wòm.
- Tanpèt la.** Nan vwayaj Wòm nan, yon gwo tanpèt pete, epi kannòt Pòl t ap vwayaje a te prêt pou koule. Bondye te revele Pòl li menm ak lòt ekipaj la t ap an sekirite, se konsa Pòl te di maren yo pawòl konsolasyon sa yo. Finalman, bato a te brize epi moun ki te abò yo te naje ale sou rivaj la. Menm jan Bondye te di a, tout moun te soti vivan. Bondye pa t kite yon tanpèt anpeche Pòl preche Levanjil la bay dirijan Anpi Women an.

Sans Tèks la

Otorite reliye yo te vle pou Pòl mouri. Ministè pwisan alantou Anpi Women an te lakòz anpil nouvo kongregasyon Kretyen. Sepandan, Bondye te vle Pòl ale Wòm epi pataje Levanjil la.

A travè yon seri evènman, Bondye te pwoteje Pòl kont asesen lè otorite Women yo arete l. Men, finalman, Pòl te sèvi ak arrestasyon li a pou byen l, lè l te mande, antanke sitwayen women, pou l prezante kòz li devan Seza. Sa te mande otorite women yo pou yo bay Pòl mwayen transpò ki sekirize soti Jerizalèm pou rive Wòm. Menm jan pasaj sa a revele, danje a pou Pòl pa t sèlman asesen yo, men lanati li menm tou. Finalman, Bondye te kenbe Pòl ak konpayon l yo an sekirite, yon fason pou volonte Bondye ka akonpli.

Dezyèm Tèks: (gade Leson # 62 pou plis enfòmasyon jeneral) Nan pasaj sa a Jezi montre pouvwa Bondye ap travay nan lavi l. Jezi te pwouve divinite li nan kontwole van ak vag yo. Menmsi disip yo te pè tanpèt la, Jezi te bay sekirite. Menm jan an tou, menmsi ekipaj bato a te pè tanpèt la, Pòl te rekonfòte yo pandan li t ap eksplike yo plan sekirite Bondye a.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay Bondye ap pataje avèk ou Jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik yo
- Fè rezime "Sans Tèks" anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik la ankò.
- Fè yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Bondye pa sèlman kreye tout bagay, men li kontwole tout bagay. Sepandan sa pa vle di Bondye dirije tout tanpèt ak tout evènman sou Latè, Bondye ka antre epi asire ke tanpèt yo ak evènman yo pa kontrarye volonte ak plan Bondye. Bondye sèvi ak evènman nan lavi nou yo pou fè Wayòm li avanse sou tè a. Menmsi evènman sa yo souvan bay laperèz epi difisil, Kretyen an ka kenbe fèm nan lafwa l ak nan lavi li, konnen ke anyen pa ka anpeche volonte Bondye.
 - Ki kèk evènman ki kapab teste lafwa ak konviksyon Kretyen yo konsènan Bondye sèl ki kontwole tout bagay?
 - Ki kote kretyen yo jwenn fòs pou soutni yo nan moman laperèz?
- **Kè: Kiyès tèks la di Nou Ta Dwe Ye?** Youn nan lesон difisil ke kretyen yo dwe aprann sè ke Bondye pral fè bon bagay soti nan sitiyasyon difisil yo si kretyen yo fè Bondye konfyans. Se yon lesон ki difisil pou aprann, Kretyen an ka aprann lesон sa sèlman lè yo andire difikilte. Kretyen an ka kwè anpil lesон tou senpleman lè 1 li Bib la, men se sèlman lè Kretyen an ap andire eprèv, epi li jwenn fidelite Bondye pèsiste, ke kwayans lan tounen yon konviksyon enteryè.
 - Kijan Bondye montre Li fidèl epi bon anvè w pandan moman batay la?
 - Kisa w t ap di yon kretyen ki ta gen dout sou bonte oswa pouvwa Bondye pandan gwo moman batay la?
- **Men yo: Kijan Nou Ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Bondye te pale ak Pòl plizyè fwa nan pasaj sa a. Byenke Pòl te toujou pataje pawòl Bondye a ak lòt moun, moun ki responsab yo pa t souvan koute enstriksyon Bondye yo. Se poutèt sa, kòm sitiyasyon an te chanje, mesaj ki soti nan Bondye Pòl te bay lòt moun dwe chanje. Konsa tou, kretyen yo dwe tande pawòl Bondye a, men tou yo dwe konnen kijan pou yo kominike pawòl sa a ak lòt moun yo. Bondye pa rele kretyen yo pou yo ofansif oswa imilyan nan mesaj yo, kidonk kretyen yo dwe travay di pou prezante mesaj Bondye a nan fason ki apwopriye.

- Ki fason ki apwopriye pou kominike mesaj koreksyon Bondye oswa ankourajman bay yon moun?
- Ki fason ki pa apwopriye pou kominike mesaj Bondye a pou koreksyon oswa ankourajman bay yon moun?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks lesон Biblik prensipal la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 106

Tit Leson an: Pòl nan chenn nan lavil Wòm

Tèks Leson an: Travay 28:17-31

Dezyèm Tèks: Danyèl 6


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt ke Pòl te sèvi ak sitiyasyon arestasyon lakay li nan lavil Wòm pou l pataje Levanjil Jezikri a nan kè kapital Anpi Women an.
- **Kè:** Selebre lajwa ak libète Pòl te genyen lè l te kapab pale anpil moun nan kapital Anpi Women an konsènan Mesi a, Jezikri.
- **Men yo:** Pran angajman pou pataje Levanjil Jezikri a avèk kran ak kèleswa moun Bondye mete nan lavi w semèn kap vini an.

Leson an Nan yon Vèsè: Li te pwoklame wayòm Bondye a epi li te anseye sou Senyè Jezikri a—ak tout kran epi san antrav! ([Travay 28:31](#))

Rezime Tèks la

Yo te arete Pòl Jerizalèm paske li t ap preche sou Jezi. Jwif yo nan vil la te arete Pòl, yo mete chenn nan men l ak nan pye l. Yo te voye Pòl lavil Wòm pou l te ka jije Seza, wa Anpi Women an. Gen kèk gad ki te mennen Pòl lavil Wòm ki te veye l byen. Pòl pa t fache kont Bondye paske li te yon prizonye. Olye de sa, li te bay gad yo temwayaj e li te di yo jan Jezi te renmen yo. Lè Pòl rive lavil Wòm, li kanpe devan yon foul moun ak chenn nan men l'. Li te kòmanse preche foul moun yo konsènan Jezi. Apre Pòl te fin pale ak foul moun yo, yo te kondane l pou l arete kay. Pandan dezan, yon gad te oblige asire w ke Pòl pa t eseye chape. Pòl pa t eseye chape. Olye de sa, lè moun t ap vin vizite yo, Pòl t ap di yo ke Jezi te renmen yo e li te mouri pou peche yo.



Ansèyman apati Imaj la

1. **Pòl.** Piske chèf reliye Jerizalèm yo pa t renmen Pòl t ap preche Jezi Kris, yo te fè konplo pou yo touye l. Okontrè, otorite women yo te tandem konplo a e yo te pwoteje Pòl lè yo te arete l. Pòl te deside sèvi ak prizon sa a kòm yon opòtinite pou pataje Levanjil la ak anpil lòt moun.
2. **Anba Pwoteksyon Women.** Sa te fè Pòl fè ka li devan chèf Anpi Women an, nan lavil Wòm. Pandan l te nan Wòm, Anpi Women an te pwoteje Pòl e li te pèmèt li libète pou l preche Levanjil la bay nenpòt moun ki te vin lakay li kote l te rete a. Pandan dezan, Pòl te pataje Levanjil la nan lavil Wòm.
3. **Roulos.** Li te pase tan tou ekri lèt bay legliz kretyen yo ak pastè yo, ankouraje yo epi anseye yo sou Levanjil Jezikri a.

Sans Tèks la

Apre yon batonofraj, grangou ak anpil lòt danje, Pòl te finalman rive lavil Wòm. Dènye chapit liv Travay la pa ban nou anpil detay sou tan Pòl te pase Wòm, menmsi li di nou li te kapab preche ak anseye sou Jezi avèk kran e libète pandan dezan.

(Gade Leson #49 pou plis enfòmasyon sou background) Antanke lidè reliye nan epòk Pòl la, te gen anpil moun nan epòk Danyèl la ki te jalouzi pou sikse Bondye te ba li a. Se poutèt sa, moun ki te fè jalouzi sa yo te fè konplo pou fè touye Danyèl. Sepandan, Bondye te gen lòt plan, e li te itilize konplo kont Danyèl pou l vin tounen yon opòtinite pou plis moun tandem pale sou Bondye Danyèl la.

Fwi nan tras Lespri Bondye a: 3. Lapè. Anpil moun kwè lapè se absans konfli, lè pèsonn pa goumen oswa fache. Sepandan, lapè kretyen yo pi pwofon pase jis yon absans konfli. Olye de sa, lapè kretyen se konfyans ak trankilate ki vini lè prezans Sentespri a ap beni chak pati nan lavi yon kretyen. Olye ke dezòd ki make lavi anpil moun ki pa viv anba Senyè Jezi a, kretyen ki ranpli ak Lespri a konnen yon lapè ki depase tout konpreyansyon. Nan pasaj lesan, Apot Pòl, byenke nan prizon nan lavil Wòm, eksprime gwo lapè ke malgre sikonstans li, Bondye ap travay nan li ak nan li pou beni lòt moun.

- **Tèt:** Ki kèk nan fason peche pote dezòd nan lavi yon moun?
- **Kè:** Ki chanjman Lespri Sen an pral bezwen pote nan kè ou pou ou ka fè eksperyans pwofondè lapè Bondye a?
- **Men:** Ki diferans lòt moun pral wè nan lavi w si lapè kapab dirije sou tout panse w ak aksyon w?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demann lapriyè yo.

- Mande sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de Tèks Leson yo.
- Fè rezime “Sans Tèks la” anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de teks lesion Biblik la anko
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Pandan liv Travay la ap ouvri, jis anvan li monte nan syèl la, Jezi te bay disip li yo misyon pou yo mennen Levanjil la jis nan dènye bout tè a. Kounye a, nan fen liv Travay la, nou tandé jis konbyen pwogrè disip yo te fè nan misyon sa a. Yon fason chokan, Pòl te soti nan vil izole Jerizalèm ki nan kwen an deyò lès Anpi Women an pou l pale di lidè Anpi Women an konsènan Jezi Kris. Menmsi nou pa gen enfòmasyon sou fason reyinyon sa a te pase, nou tandé Pòl te lib pou l preche Levanjil la nan lavil Wòm pandan dezan. Ala yon chanjman... Pòl te ale Damas pou l te mete kretyen yo nan prizon, apre sa Jezi te rankontre l. Kounye a, li te rive Jerizalèm, yon prizonye pou Kris la, li t ap anonse Bon Nouvèl Jezikri a nan vil ki pi enpòtan nan Anpi Women an.
 - Ki jan w panse dezan Pòl pase Wòm te ede Levanjil Jezikri a gaye nan tout Anpi Women an?
 - Ki kèk talan ak don Bondye te bay Pòl ki te fè l vin yon misyonè efikas konsa?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou ta Dwe ye?** Anpil kretyen te sipliye Pòl pou l pa ale Jerizalèm (gade Travay 20 ak Travay 21), paske yo te konnen danje li t ap rankontre. Pòl te konnen danje a tou, men li te konnen tou Bondye te gen yon gwo plan pou lavi l, e plan sa a te enkli tou sa ki t ap rive Jerizalèm. Piske Pòl te soufri anpil nan prizon ak bat pou l te yon misyonè, li pa t pè suiv direksyon Bondye pou l ale Jerizalèm. Byenke okenn kretyen jodi a pa jwi pèsekisyón, pafwa pèsekisyón se yon etap ki nesesè nan elaji Wayòm Bondye a. An royalite, Pòl te gen anpil lajwa ak lapè pandan l te nan prizon Wòm, paske prizon sa a te pèmèt li pataje Levanjil la ak anpil libète ak pwoteksyon.
 - Ki kèk nan pèsekisyón kretyen nan kominate w la fè fas a paske yo te pale lòt moun sou Jezi?
 - Ki sa w vle soufri pou w rete fidèl ak apèl Jezi a sou lavi w?
- **Men yo: Ki jan Nou ka Mete Pawòl la an Pratik?** Pòl te travay di pou pataje Levanjil Jezikri a nan mitan prizon women li a. Sa a se youn nan gwo atribi Pòl, li te itilize kèlkeswa sitiayson kote li te jwenn tèt li pou pataje Bon Nouvèl Jezi a.
 - Pase tan nan lapriyè, mande Jezi pou mennen moun nan lavi ou semèn sa a ak ki moun ou ka pataje Levanjil la.
 - Ki etap ou bezwen pran pou w pare pou pataje Levanjil la ak yon moun semèn sa a?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
 - Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон jodi a.
 - Pase tan nan lapriyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi pou jwenn sajès pou viv lesон jodia.
 - Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.
-

Leson Biblik # 107

Tit Leson an: Jezi ap Retounen tankou Wa

Tèks Leson an: Revelasyon 19:11-21, Revelasyon 20:1-6

Dezyèm Tèks: Lik 21:5-19


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Ankouraje, nan fen epòk sa a, Jezi Mesi a pral tounen pou l jije ènmi l yo, pou l rekonpanse pèp li a, epi renye kòm wa sou tout tè a.
- **Kè:** Pran kouraj, malgre ou ka soufri eprèv ak pèsekisyon nan lavi sa a, Jezi te pwomèt ou va antre nan lavi etènèl, si ou kenbe fèm.
- **Men yo:** Prepare pou bay epi reponn tout moun ki mande w pou bay rezon espwa w genyen an. Men fè sa avèk dousè epi avèk respè. ([1 Pyè 3:15](#))

Leson Nan Yon Vèsè: Prepare pou bay epi reponn tout moun ki mande w pou bay rezon espwa w genyen an. Men fè sa avèk dousè epi avèk respè. ([1 Pyè 3:15](#))

Rezime Tèks la

Nan pasaj sa a, yo sèvi ak imaj epi senbòl ki vivan, nou tande yon jou Jezikri pral retounen sou tè a epi malediksyon peche a pral brize lè moun ki enjis yo pèdi epi sa ki jis yo sove.



Ansèyman apati Imaj la

1. Jezi kòm Wa. Pasaj la prezante Jezi kòm yon moun k ap retounen sou tè a avèk yon lame pou sove kretyen yo epi defèt Bèt la.
2. Rad wouj la. Jezi pral kouvari ak yon rad ki te tranpe nan san, ki pwobableman vle di san mati yo. Kidonk, byenke mati yo te soufri enjisteman nan lavi sa a, san mati yo pral vanje nan fen tan yo.

3. Lame Syèl la. Malgré Satan ap fè ravaj nan mond lan jou sa yo, nan fen tan an li pral defèt pa pisans selèt yo.

Sans Tèks la

Nan liv Revelasyon an, Apot Jan pataje anpil nan vizyon Bondye te ba li sou evènman ki gen pou rive yo. Epi sèvi ak imaj vivan ak senbòl, Jan te kominike vizyon sa yo atravè ekriti li yo. Jan te wè vizyon sa yo gen rapò ak fen Anpi Women an nan epòk li a. Sepandan, kretyen yo kwè vizyon sa yo tou kominike verite sou rèy Kris la ki gen pou vini sou tè a. Gen anpil deba konsènan siyifikasyon anpil nan imaj ak senbòl Jan itilize yo. Li pi bon pou nou pa eseye konpare epòk nou an avèk chak imaj ak siy Jan itilize, men jwenn mesaj prensipal Jan t ap eseye kominike a, epi aplike mesaj sa a nan sitiyasyon nou ye kounye a.

Dezyèm Tèks: Jezi sèvi ak imaj ak senbòl ki vivan tou pou l eseye kominike verite ki nan syèl la ak disip yo konsènan sa ki gen pou vini. Fiti imeda Jezi t ap pale avèk disip yo sou chit Jerizalèm nan men Women yo nan lane 70 aprè jezikris. Kretyen yo konprann tou ke pasaj sa a pale sou fen tan an, lè Jezi pral retounen avèk pouvwa epi glwa.

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj pataje yo.
- Lapriyè pou demann lapriyè yo.
- Mande Sentespri a pou louvri kè nou ak lespri nou pou nou kapab resevwa avèk lajwa bagay ke Bondye ap pataje ak ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo.
- Fè rezime "Sans Tèks" anwo a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesion Biblik yo ankò.
- Mande yon moun pou rakonte tèks prensipal lesion Biblik la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la Vle Di?** Menmsi peche ak sa ki mal sanble gaye nan mond sa a, gen yon jou ki pral vini kote Bondye ap gen pou detwi pouvwa Satan nèt, epi sove moun ki kwè nan Jezi yo. Jan te resevwa vizyon sa a, epi li pataje l nan ekriti yo kòm yon sous espwa pou kretyen yo atravè syèk yo.
 - Ki kèk nan fason ou wè pouvwa peche ap travay nan mond lan bò kote w?
 - Kijan lavi a pral ye lè Jezi va retounen, epi pap gen peche sou tè a ankò?

- **Kè: Kiyès tèks la Di Nou Ta Dwe Ye?** Lè moman yo difisil, pafwa nou bezwen ankourajman. Vizyon Jan te jwenn nan te dwe bay premye kretyen yo ankourajman pandan y ap soufri anba pèsekisyon Anpi Women an. Konsa tou, pasaj la te yon sous espwa pou kretyen yo atravè syèk yo ki te soufri tou akoz yo te disip Jezi Kris la.
 - Kisa ki ankouraje w nan pasaj sa a?
 - Èske w santi w soufri paske w se kretyen?
- **Men yo: Kijan nou ka mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Lè nou jwenn ankourajman, epi gen yon konpreyansyon klè sou lanmou ak pouvwa Bondye a, Lè sa a, nou ka viv konfyans nan mond pèdi sa a. Menmsi nou ka soufri anpil eprèv ak pèsekisyon, sa pa fè nou espesyal. Olye de sa, li mete nou pami kretyen fidèl yo pandan plizyè syèk ki pa t konsidere soufrans pou Kris la kòm yon bagay ki ta dwe evite.
 - Kijan ou kapab sipòte epi ankouraje yon kretyen k ap sibi pèsekisyon akoz lafwa l?
 - Si w pa pèsekite kounye a, kisa w ka fè pou w prepare tèt ou, fòme tèt ou, epi ekipe w kounye a pou w pare nan tan k ap vini kont soufrans ak pèsekisyon sa yo?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal lesон Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak lesон Jodi a.
- Pase tan nan priyè pou kominote ou, youn ak lòt, epi pou sajès viv lesон jodi a.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.

Leson Biblik # 108

Tit Leson an: Nouvo Jerizalèm lan

Tèks Leson an: [Revelasyon 21](#)

Dezyèm Tèks: [Jan 14](#)


Objektif Leson an:

- **Tèt:** Rekonèt, lavi sou tè a n ap viv la se sèlman kòmansman egzistans nou. Apre lanmò, tout Kretyen prale nan syèl kote n ap adore Bondye epi jwi prezans Bondye san okenn doulè oubyen soufrans ankò.
- **Kè:** Pran kouraj lè w konnen Bondye ap prepare yon plas pou tout kretyen yo, yon kote ki gen lapè pafè, lajwa, ak lanmou.
- **Men yo:** Viv ak konfyans, konnen Bondye pral rekonpanse nenpòt sakrifis ou fè pou Jezi nan lavi sa a nan Syèl la. Anplis de sa, Bondye pral efase nenpòt soufrans ou fè fas nan lavi sa a nan lajwa ak lapè nan Syèl la.

Leson an Nan yon Vèsè: Li gen pou l cheche tout dlo nan je yo. P ap gen lanmò ankò, yo p ap nan lapenn ankò, yo p ap janm plenyen ankò, yo p ap janm soufri ankò. Tout vye bagay sa yo pral disparèt. ([Revelasyon 21:4](#))

Rezime Teks la

Yon swa, apot Jan te fè yon vizyon. Yon vizyon se tankou yon rèv. Bondye te vle montre Jan ki jan syèl la ta sanble ye. Bondye rele l nouvo Jerizalèm. Jan te wè pi bèl vil li te janm wè. Li wè yon vil ak miray ki fèt ak jasp, epi anndan vil la te fèt ak pi bon kalite lò. Te gen kat miray alantou lavil la, epi chak miray te gen twa pòtay. Pòtay yo te nonmen 12 tribi Izrayèl yo. Chak pòtay te bay fas sou yon pèl jeyan. Jan te gade anndan vil la, li wè pa t gen yon tanp pou adore Bondye. Lè sa a, zanj lan te di Jan pa t ap gen solèy nan syèl la paske Bondye ak Jezi t ap pi klere pase solèy la. Moun ki te ekri non yo nan Liv Lavi Ânyo a, piske Jezi te padonnen peche yo, yo t ap kapab antre nan bèl vil sa a.



Ansèyman apati Imaj la

- **Syèl la.** Bondye ap prepare yon kote pou nou viv pou tout letènité apre tan nou soutè a fini. Nan Syèl la, Kretyen yo pral viv an kominiyon pafè ak Bondye, epi yo pa gen okenn doulè oubyen soufrans ankò. Syèl la se yon bèle vil ki gen tout sa nou bezwen pou n jwi prezans Bondye ak glwa pou tout tan.

Sans Tèks la

Bondye te bay Apot Jan vizyon sou ki jan syèl la pral ye. Syèl la pral yon plas kote Kretyen yo pral pase tout letènité ak Jezi. P ap gen doulè, peche, oubyen soufrans ankò. Olye de sa, Kretyen yo pral renmen adore Jezi ak yon lanmou pafè ak lajwa.

Dezyèm Tèks: Jezi te pwomèt disip li yo, anvan lanmò li, ke lè li kite yo, li ta pral prepare yon plas nan syèl la pou yo. Disip yo te dwe viv nan konfyans ak lapè, menm lè Jezi te ale, Jezi t ap toujou pran swen yo gras ak mini Predikasyon stè Sentespri an.

Chapit sou Prensip Lafwa: XVI. Rezirèksyon, Jijman, ak Destine. Lè Kris la tounen, Li pral leve sen yo pamì mò yo pou yo ale jwenn Bondye nan syèl la. Chak moun pral kanpe tou devan fotèy jijman Bondye a. Akoz lanmò ak rezirèksyon Jezikri, Kretyen yo pral sove. Kidonk, moun ki rejte padon Kris la ap pèdi etènèlman nan lanfè.

- **Tèt:** Èske pwomès jijman nan fen tan an pote lajwa oubyen laperèz? Poukisa?
- **Kè:** Ki jan pèspektiv nan fen tan yo ta dwe afekte fason ou gade sou lavi ou chak jou?
- **Men yo:** Ki jan ou ka ede sove moun soti nan lanfè etènèl, epi mennen yo avèk ou nan laglwa etènèl?

Etid Biblik

Lapriyè

- Mande konkou lapriyè ak lwanj.
- Di Bondye mèsi pou lwanj nou fè monte yo.
- Priye pou demann lapriyè yo.
- Mande sentespri an louvri kè ou ak lespri ou pou resevwa ak kè kontan sa Bondye gen pou pataje avèk ou jodi a.

Tande

- Fè lekti tou de Tèks Leson Biblik la.
- Fè rezime "Sans Tèks la" anlè a pou klas la.
- Fè lekti tou de tèks lesон Biblik la anko
- Fè yon moun rakonte tèks Biblik prensipal la.

Pataje

- **Tèt: Kisa Tèks la vle Di?** Lavi sa a sou tè a se sèlman yon ti pati nan moun nou ye toutbon an antanke Pitit Bondye. Lè lavi sa a fini, tout Kretyen pral jwi yon letènité

nan syèl la ak Bondye. Se la tout kesyon nou yo pral reponn, tout soufrans nou yo pral efase, epi tout dlo nan je nou yo pral cheche. Se pral yon kote nou ka adore Bondye pafètman, paske p ap gen okenn doulè oubyen peche ankò.

- Kisa w ap tann plis nan Syèl la?
- Ki kesyon w ap poze Jezi lè w wè l fas a fas?
- **Kè: Kiyès Tèks la Di Nou ta Dwe Ye?** Viv lavi Kretyen an ka difisil anpil. Nan mitan tantasyon ak pèsekisyon, anpil kretyen tante pou yo kite lafwa. Anplis de sa, si se pa klèman mache lwen lafwa a, omwen tante konpwomi lafwa yo. Youn nan rezon ki fè Bondye bay kretyen espwa nan syèl la se pou fè nou sonje ke n ap viv pou yon bagay ki pi gran kounye a pase doulè ak eprèv pwovizwa sa yo.
 - Ki jan w konnen Syèl la pote rekondò pou ou kounye a?
 - Ki sa w panse sa pral ye pou w viv san okenn tantasyon pou w fè peche?
- **Men yo: Ki Jan Nou ka Mete Pawòl Bondye a an Pratik?** Viv an konfyans, pare pou pataje espwa ou nan syèl la ak yon moun semèn sa a. Sa ka vle di ou riske fè yo ri ou; Kidonk, tout moun bezwen konnen gen espwa pa sèlman pou lavi sa a, men tou pou lavi k ap vini an. Yo bezwen konnen tou gen konsekans pou fason yo viv lavi yo, konsekans pou tou de lavi sa a ak pou lavi k ap vini an.
 - Ki jan ou ka asire w ou pral nan syèl?
 - Kiyès ou plis vle wè (anplis Jezi) lè ou rive nan syèl la?

Aplikasyon

- Mande yon moun rakonte tèks prensipal leson Biblik la ankò.
- Mande gwoup la pataje fason yo panse Bondye vle yo reponn ak leson jodi a.
- Pase tan nan lapriyè pou kominate ou, youn ak lòt, epi pou jwenn sajès pou viv leson jodia.
- Tèmine pandan gwoup la ansanm ap fè lapriyè Senyè a.